Ongka 1 Kemis kaping 2 Januari 1873

BRA MARTANI

Sanyuka kabar ika kakintunaken ing griya pangecapan ing dinten Rebo enjing. Badhe kapadhak ing serat Bra Martani. Pangaosing pamacak wau salarikipun 25 sen. Kajawi regining serat sagel.

Serat Martani wedalipun saben Kemis, reginipun ing dalem satahun, 12 rupiah pethak.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung, regining serat sagel ing dalem tembung dumugi seket tembung, 36 raden ing dalem seket dumugi satus tembung, 60 sen. Pangaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

Para priyantun ing ngandhap punika, kula aturi bayar patumbasipun serat Bre Martani ing tahun punika.
Demang Nayadipura ing Krewang, mesthi bayar 4 rupiyah.
Mas Ngabehi Sastradipura ing Kedhiri mesthi bayar 4 rupiyah.
Wadana ing Rembang mesthi bayar 4 rupiyah.
Bei Surasudira ing Bayalali mesthi bayar 9 rupiyah.

Jonas portir en ko
Kula wisudan
Surakarta
[……] Dhesember 1872 Kanjeng Gupremen, sampun ngula ngula wisudha siswa ing pawi […….] wi ing Surakarta, kathahipun 3.
[…….] kakula wisudha dados mantri guru ing Sampang (Madura).
[…….] kakula wisudha dados mantri guru ing Distrik Caruban (Madiun).
[…….] kakula wisudha dados mantri guru ing Lamongan (Surabaya).
[…….] wau sami kapatedhan balonja nyeket rupiah. Ing sawulan wulanipun.

Ngayogyakarta
Kula wisudhan Mas Ngabehi Mangunrana, panewu parintah, sarta nglurah ipa seratan, ing Danurejan, sarehning sampun katingal sae, sarta majeng dhumateng pandamelanipun, ing mangke dipun paringi wewah tedhanipun, 2 jung bayar 3 rupiyah abrangta, 15 dhuwit sawulan, dados kalih lenggahipun lami, 5, jung bayar, 10 rupiyah, 50 dhuwit, ing dalem sawulan, dene kapatedhan dalem wewahan wau, boten sangking pancenipun lurah paseratan, ananging saking kasaenanipun Ngabehi Mangwunrana piyambak, dados kapetang mirunggan, awit anggenipun taberi sarta cekel ing budi, kados kenging minongka tuladaning abdi dalem.

Sak ajalipun Ngabehi patwa pengrawit, abdi dalem mantri keparak tengen, ingkang dipunker sakaken agentosi, anakipun ingkang nama Kandhiprawira, abdi dalem jajar prajurit prawiratama, nama netepi bapakipun.

Sak ajalipun Ngabehi Dremakseca, abdi dalem mantri ngampil ingkang dipun kersakaken agentosi anakipun ingkang nama Sarpan, magang abdi dalem punakawan ing kadhaton.

4. Sak lowongipun Ngabehi Mangunsentana, abdi dalem paseratan rehing kadanurejan, sabab anggentosi bapakipun, Ngabehi Kertawilaga, dados panewu miji, ing sapunika dipun

gentosaken abdi dalem miji, ing Kadanurejan, nama ingsan, sadaya kula wisudan wau karsa dalem, nama netepi ingkang dipun gentosi.

Korospondhen

Ing serat pakabaran walandi anyariosaken kula wisudan sapanunggilanipun kados ing ngandhap punika.

1. Raden Pramuwijaya, mantri bupati ing Surabaya, kaelih dados mantri aris ing Sala (Majakerta) dene ingkang kagentosaken dados mantri aris ing Surabaya wau Raden Purbapraja, mantri aris ing Bangsal.
2. Mas Ngabehi Prawiradiwirya, ubjak saking Surabaya sampun angsal pansiun, ing saben wulan, 65, 50, dene ingkang kagentosaken dados ubjak sasamamas ngabehi Prawiraatmaja.

Punapa dene sawatawis dinten wasta Ngabehi Purbakusuma mantri ageng ing Nyamplungan, badhe kaelih dados mantri padamelan water ledheng Jawi kitha kadamel lintu akaliyan padamelanipun Prawiradiwirya mantri water ledheng ing Jawi kitha.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Surabaya

Kala wingi wanci jam 8 sonten, ing alun-alun wonten tatingalan, winastan malemolen, inggih punika mainan kaubengaken saega jo jontra mawi palenggahan warni, kapal, karet, bendi, sinten ingkang dhateng lumebet ing tarub bayar, 25 sen, dene sinten ingkang tumut anumpak malemolen wau bayar 10 sen.

Nalika ing dinten Kemis wanci jam 1 dalu angrintenaken tagal kaping 26 wulan Sawal tahun walu punika, Kanjeng Pangeran Arya Jatikusuma, atilar donya, kondur dhateng jaman kalanggengan, jalaran gerah padharanipun, mung sawetawis dinten, sareng enjingipun ing dinten Jumungah jam 11 siyang kasarekaken dhumateng ngastana ardi krakitan, menggah renggan paurmatanipun ing margi anglangkungi semuwa, dene kanjeng pangeran wau yuswanipun saweg 60 tahun.

Lalampahan Kapanujon

Wirajaya tiyang alit, ing dhusun Karang (Bayalali) kala kaping 9 Oktober kapengker punika kapejahaken semahipun ingkang mentas rencang lare, bayinipun saweg umur 20 dinten mongka ing dhusun ngriku boten wonten tiyang estri ingkang gadhah anak alit taksih nesep, dados pun Wirajaya boten namung sedhih kapejahan semahipun ananging sedhih aningali anakipun bayi ingkang tansah cengak sengek anedha nesep, kajawi bayi punika, Wirajaya uinggih gadhah anak malih titiga saha taksih sami kemruwet, pambajengipun saweg umur 4 tahun, lare titiga punika sami animbrung kasusahaning bapakipun, anedha sekul sarwi mogat mogot pating salenggut, Wirajaya boten saged anyukani panedhaning anakipun wau amargi boten gadhah sekul tuwin uwos, yatra inggih boten gadhah, badhe kumbreng kang anyambut damel boten saged, jalaran dereng wonten tiyang ingkang purun angopeni sarta anesepi anakipun wau, saiba taji kegi manahipun Wirajaya angarosaken anakipun bayi tuwin nak anakipun ingkang taksih kemruwet, ciptanipun Wirajaya manawi ajeg makaten kemawon mangsaning awakipun ames dhibadhe kapejahan anakipun ingkang sampun jemagar awit sakit kaliren, dene anakipun bayi sampun kapestheaken pejah, jalaran tan saged dipun anesepaken ing tiyang sanes, kentheling budinipun Wirajaya anglekasaken katresnan tuwin kawelasanipun dhateng anakipun bayi wau. Bayi punika lajeng ka kabucal dhateng sadhasaripun jurang ingkang boten wonten toyanipun, jurang punika radi tebih saking dhusun Karang kaprenah sakidulipun dhusun Posong (Mangkunagaran). Wirajaya lajeng mantuk saged anyambut damel, ing salang salinge ngepahanipun ana nyambut damel wau kangge angingoni anak-anakipun.

Gentos angucapaken lalampahanipun bok Trunadongsa kados ing ngandhap punika:
Bok Trunadongsa ing dhusun Posong (Mangkunagaran) mentes kapejahan nakipun ingkang saweg umur 40 dinten, bok Trunadongsa ngangsu dhateng jurang Posong inggih ing dinten pambucaling bayi anakipun Wirajaya ing nginggil wau, bok Trunadongsa kaget sanget aningali bayi wonten gisikipun jurang punika, bayi lajeng kapendhet sarta lajeng kasusonan, tujunipun bok Trunadongsa boten katempelan manah gugon tuhon anyipta bayi punika pun gendruwo, wilwa sasaminipun bangsaning lelembut, sasampunipun bayi punika kabekta mantuk.enjingipun lajeng kalapuraken dhateng pulisi, pulisi lajeng pados katrangan sinten tiyangipun ingkang sampun bucal bayi punika, cekakipun lajeng angsal katrangan inggih punika pun Wirajaya, mila pun Wirajaya lajeng kaladosaken dhateng ing nagara Surakarta, pamerengkula pun Wirajaya kaparingan punten wegah ing kalepatanipun amargi saking prasajaning paturanipun anggelaraken kamlaratan sarta kasusahanipun ngantos angeres eressa manah, malah kaganjar yarta dhumateng Kanjeng tuwan residen. Kathahipun manawi boten selangkung rupiyah gangsal welas, dene bayi boten kaparingaken wangsul dhateng Wirajaya kalestantunaken dhateng bok Trunadongsa.

Jampi sakit dhingkel
Raden Panji Astranagara amratelakaken ing serat akabaran ingkang winantunan salompret walayu, banjampinipun sasakit dhingkil, kados ing ngandhap punika:
Bilih wonten tiyang sukunipun sakit kenging dhingkil, utawi ototipun marongkol, kados ingkang kalimrah ing mongsa punika. Kajampenan lisah wijen ingkang taksih tulen, kaeworan apu wawrat satangsul, kadekekaken toya ning jerami, jeg ijikacarun dados satunggal wonten pinggan pethak alit, pinggan punika lajeng kaangkringna ing mawaning areng kusambi, bilih sampun wanget lajeng lajeng kagosokna pundi kang sakit, rambah …. Kalih utawi kaping tiga adat lajeng sakeca.

Secaprawira ing Ngayogyakarta, amratelakaken ing serat pakabaran salo…t walayu kados ing ngandhap punika:
Kala ing dinten Rebo tanggal kaping 11 wulan Desember ingkang kapengker punika, wanci sonten antawis jam  satengah gangsal, wonten tiyang sina kakalih, sami langkung wrapinan ing Pakualaman, saking kilen mangetan anjekak ing alun-alun, lajeng kabujung ing prajurit, kalih, ingkang jagi wonten ing alun-alun, wau, prajurit punika lajeng amandheleng ngisarta awicanten ora, be cina, be cina, ora kena wong nganggo topi liwat ing alun-alun, cina kakalih wau lajeng bingung sarta lajeng ambikak topinipun, prajurit kakalih lajeng sami awiwa….n sora malih, saupama kowe ora gelem, bukak topimu, apesthi …. ka ing sirahmu. Cina ingkang satunggil wau saking ajrihipun lajeng andharodhog, …. Poyuh, saupami cina punika boten purun bikak topinipun amendhek…an pulasara ingkang ngantos andadosaken kalingsemanipun, ibatala…. Ta punika sanadyana anglampahi kawajibanipun. Cina wau…. kaaken lampahipun sarta boten angangge topi, sareng sampun kalangkung topinipun lajeng kaangge malih.
Lampahipun lajeng anjog ing alun-alun kasultanan, naging boten mawi, …. margi sampun dipun sanjangi ing tiyang bilih ing alun-alun wau boten larangan…. Lampahipun cina wau lastantun dumugi ing ngajeng dalem paresidenan. Ing ….pun larangi anggenipun ngangge topi, dados ngalun-alun ing pakualaman punika… keripunanguguli alun-alun kasultanan, mila lampahan punika kale….. rat kabar supados para titiyang cina utawi sanesipun ing nagari ngamon… tos anemahi kados cina punika. Saupami larangan punika mawi kapacak … kados boten wonten tiyang kagetak ngantos andharodhog sarta teka poyuha. Wasana mugi prajurit kakalih punika lulus sakenceng anggenipun anglampahi ….nipun, supados asageda narik indhak pangkatipun.

Sanajan ingkang wau pulisi bawah paperangan wage tan ketingka cacakindho, nanging sareng bawah kabupaten ngawiwonten tiyang kakecon. Para pulisi kenging katembung ake ngoten wonten tilemipun, awit Kanjeng Raden Mas Adipati anggenipun macuhi dhateng para priyantun tuwin para kapala dhusun akalayan sanget-sanget, supados sami praitna, tuwin angatos-atos anggenipun arumeksa padhusunan sasanggemnipun, saha ing sanget kalawan temen-temen angudiya pados katerangan tuwin nyepeng dhateng para durjana kecu ing ngawi wahu.
Kalampahan Kanjeng Raden Mas Adipati enjing utawi sonten tindak amriksani bale pagriyanipun para titiyang kampungan, angrigengnaken supados durjana sampun ngantos saged kudu mugen dennyanipun, kados kapager sasamenipun ingkang damel pakewedi durjana sami dipun kasantosani.

Ing salajengipun Kanjeng bupati amidhanget kabar bilih benggoleng durjana nami Kramadimeja (Magetan) ingakang sampun kabucal sarta miruda saking padamelan paksa, tumut anglampahi kabur jaran ngecu wau. Mila Kanjeng bupati sanget anggenipun angencengaken kapulisi, Kramadimeja katingal mantuk dhateng griyanipun sampun ngantos boten kacepenga, saha Kangjeng bupati ugi amata sepiyun piyambak ing bab kadurjanan wau.
Nalika tanggal kaping 8 wulan Dhesember 1872 awit saking aturing sapiyunang pun, Kanjeng bupati saged pirsa bilih wekdal punika pun Kramadimeja mantuk, ing sakal Kanjeng bupati sawatawis ribet, awit saupami lajeng animbali wadana utawi priyantun pulisi sanenging Krama sasipun saestu kaswara ing ngakathahan badhe dados jalaraning gagalipun panyepeng dimeja, awit pun Kramadimeja punika sampun kathah kadang pamitranipun, samangsanipun badhe kacepeng estu wonten karuhipun ingkang suka pirsa ing saderengipun pulisi dhateng, awit titiyang alit ngriku sami ajrih angawoni dhateng Kramadimeja, sabab sampun wisuwur Kramadimeja jaya tur aguna, Kanjeng bupati lajeng amatrapaken rariged samuda sampun ngantos ngatawis ing ngakathah, sarehning mantri guru ing wekdal punika pinuju libur, mila lajeng dipuntumbali, dikakaken andhawahi dhateng wadana anyepeng Kramadimeja wau, piwulangipun kanjeng bupati, dhateng mantri guru malih, sampuning lalampahan punika boten kakirangan, sampun saestu sanajan mantri guru gadhah pratingkah ingkang nyalawadi ewa denten para tiyang boten saged amethek pikajengipun.
Kalampahan kados piwulangipun ingkang bupati jam 5 enjing wadana Magetan kandhi mantri distrik satunggal, mantri guru tuwin juru srat sarta tiyang pulisi sawatawis sami dhateng ing griyanipun Kramadimeja, sadhatengipun ing ngriku mantri kaliyan juru srat anyegati kori butul lan ingkang wetan, wadana kaliyan mantri guru anyegati kori ageng ing sisih kidul, wadana lajeng aneda kori, kori lajeng kaengakaken, wadana sawek anglebetaken tiyang pulisi satunggal, Kramadimeja sampun anrajang sumedya lumajeng, ingkang katunjang wadana sarehning kasompok sanget mila mila wadana boten saget anyentil pistulipun, nanging lajeng angangcap sumedya anjambak rambutipun Kramadimeja, sanadyan wonten ngajengipun tiyang kathah sarta wadana wau boten lena, Kramadimeja boten kasupen tangge waten kadurjana inggih punika sumedya angrebat pistulipun wadana, mantri guru cikat lajeng anrajang sarta anjotos ingkang dipun angkah cengelipun nanging kenging cekokipun, sarta lajeng nyandhak cengel sirah katungkulaken kapidih ing dhengkul kapetelaken dhateng siti, saha lajeng kathah pulisi ingkang angebyuki mitulungi, salajengipun Kramadimeja kacepeng.
Nalika tanggal kaping 7 wulan punika, nami Surasemita sampun kagantung ngantos dumugi ing pejah, wonten ing alun-alun Magelang, awit sampun anglampahi kalepatan, amejahi tiyang adhusun, Bagasari (Magelang).

Ing nalika dinten Rebo dalu, wanci jam setengah 9 angrinakaken tanggal kaping 25 wulan tahun punika, Kyai Amat ropingi, kaum ing Purwadiningratan, sabakdanipun sembahyang lajeng gugujengan kalayan anak rayatipun, sareng sawatawis dangonipun, mireng swaranipun kalapa dhawah saking nguwit, lajeng dipun coloki saestu bilih kalapa lajeng kabekta lumebet

ing griya, sareng dipun pes paosaken wau kalapa labet dipununcir tiyang, boten dhawah awit sangking sepuh, kyai rupingi lajeng darbe panginten manawi tiyangipun teksih wonten nginggil, lajeng medal malih sarta bekta obor, tuwin celuk-celuk tongga tepalihipun, utawi alok bilih wonten tiyang mandung kalapa, sareng sampun kathah tiyang ingkang sami tandang, tuwin sami mirantos dedasel utawi obor, lajeng kakepang sarta dipun tangledi sangking ngandhap ngantos rambah boten nyauloni, sareng sampun sawatawis dangonipun kyai ropingiboten saronta lajeng nusul menek, sareng dumugi nginggil wau tiyang dursila, pinanggih ngempok wonten papah, lajeng dipun jambak purun kemawon, punika dusrila lajeng wicanteng ngaken bilih pun meya punika yanipun raden ngebehi Purwacundhaka, abdi dalem kaliwon gandhek tengen, dursila lajeng dipunkenmudhun rumiyin, sareng dumugi ngandhap lajeng kabekta, dene kalapa ingkang sampun sah sangking janjangan sawek, 5 iji. Ingkang andadosaken gawoking kathah, kawanteranipun kyai Ropingi, dene kok purun nusuli dursila wonten wiwitan, kalipunteksih unjar-unjaran, kawanteran sumanten wau kula inggih sampun mangalembana, anamung kuciwa kirang weweka, kapinujon dursilanipun wau lare, ingkang saupami angsal dursila ingkang yektos tuwin sampun kasupit ambeg pejah, ing saestu badhe anemahi poncaka rawonten ing gegan, upami Raden Gathutkaca, poncakara kalih raden Antareja, kumel wonten gegan ngantos dhumawah ing siti.

Rehning sami prawiranipun, boten andadosaken satunggal punapa, ingkang saupami ngantos makaten kyai kaum, utawi pundursila, antawis kalih pisan anemahi dados gunjaran.

Makaten malih eram kula dhateng pun dursila, sapisan kirang langkung saweg umur 18 tahun, kaping kalih saweg rumbu-rumbu mentas kaganjar sakit sanget, kok sampun darbe tekad ingkang sumanten. Ananging katranganipun wau lare kalakuanipun awon, ngabotohan ing saben dinten, tuwin sampun asring-asring ngresahi gadhahanipun bendaranipun piyambak. Mendhet kalapa ing wanci dalu, manawi klimpah inggihdhateng ing anesipun, mila ing mangke pun meya wau kula sukani jujuluk pun singa klapa.

Ing wasana pun dursila lajeng katur ing parentah nagari, dereng wonten katranganipun.

Nagari Kwarakarta kaping 26 Sawal wau ingkang sengkala lare maletik ngesthi dursila.

Katandhan pun sabad

Panjurung

Serat Bra Martani ongka 50 wulan Desember ingkang mentas kapengker punika, anyariosaken manawi Kanjeng parentah nagarikarsa andhawahaken awisan dhateng titiyang alit panewu mantri sapangandhap boten talilan angangge sinjang ingkang seratanipun mawi lar-laran, ingkang punika saking pamireng kula awisan wau taksih kirang kalih bab ingkang dereng kacariyosaken ing Bra Martani, anyawi sinjang, tiyang mawi kuluk breci, utawi rasukan ingkang mawi rangkepan kesting jene tuwin kesting cemeng boten kenging, anami punika taksih adamel kodhenging manah, margi samangka kuluk breci wau meh boten wonten ingkang remen ngangge, awit kawon sae kaliyan kuluk cemeng ingkang dipuncet gilap punika, tur boten nama breci, utawi rangkepan rasukan wau ingkang kalebet awisan, punapa namung ingkang tumrap ing rasukan sikepan ageng kemawon, punapa dalah rasukan sikepan alit utawi beskat takwa sapanunggalipun inggih boten kenging, sarehning dhawuh boten katerangaken wijangipun, dados tiyang alit ingkang kathah kajriyanipun kados pun kula punika tansah mangajeng-ngajeng katrangan ingkang adamel wilujenging lampah.

Katahndhan busuk

Panjurung wangsulan dhateng Puspataluki

Adhuh angger Kusuma taluki, ingkang muwuh aneng serat kabar, mene lagi kuncup bae, sudira reh pinunjul, ing kagunan kabeh wus enting, dhasar satriya dibya, tur bangkit

mamangun, nanging cacade samatra, dene teka kadukwani kurang titi, balela mring Gunawana. Apa baya nora kula kwarti, yen gunawan wus kapok ing jana, ing guna kasustrane, o, apa sira nglindur, tharuthukan angisin-isinan, malah ngacungi asta, lah, iku rak sarune ra lumrah, ing akathah, nadyan padunen uruta kang prayogi, mrih panjang nalarira. Aja teka kalimput ing ati, wungu nendra durung aso sotya, kurang gawe banjur ngame, tan weruh saru siku, den prayitna wong mamancahi, genahna kang winancah, aja banjur umuk, pikiren ingkang sanyata, duk ing nguni sira dumungung neg ngendi, lan apa karyanira. Yen wong pinter kang alus ing budi, ririh rereh ruruh ngarah-arah, ing tingkah mrih matitise, nora kaya sireku, ngawun bae nora pinikir samubarang den wancah, tur durung sumurup, kang dadi rosa ing prakara, ewa dene sumela neng Bra Martani, mangajap pinethika. Sapa silih kang sudiya methik, ora maedahi pisan, mung kinarya cundhuk kondhe, kiwatan pati mambu, mungguh dunungira sayekti, neng tepining balumbang lan tepining ranu, destun kangge kanggonira, gegebeping taman kang kirangan sari, beda lan silunawan. Marmane ta iku sun iloni, ujer bener lan bruh subasita, anglejarna mring wong akeh, mesthi kena tinurut, pathokane wong amarsudi, marsudi kasusastran, mulane tamasku, candu lan kasirnakaken, suwarane bisa unggul i ng ajurit, mungsuh lan sang hyang gunawana.
Titi ing Surakarta tanggal kaping 30 Desember 1872
Katandhan Jaswan, siswa ing Mangkunagaran
Cangkriman minongka panjurung, saking sumalothong kula nyenokanikenong barang, kula angaturi semben cangkriman, kawit tilaranipun tiyang sepuh kula, kasekaraken pucung, 4 pada, ing ngandhap punika.
Munggeng pucung, sipat ngani asmanipun, nur jatine musna, alam kadim dadi siji, wus ing pana mulih asalira pisah. Wonten kanghu, kekalih ing alamnipun, wontenu kang tuwa, wontenu misih taruni, anom tuwa jatine tunggal pinongka. Dumunung kula kabululah isalamu, loh alam punika, asma lakune kang kari, sipat tunggal dadi sajatinging rahsa. Wonten tembung, puji dunga dikir iku, datanpa paedah, yen durung jruh paraneki, kawaskitha dununge mung kares dunga.

Nun ingkang punika, kula sumongga para wigya guna, ing Bra Martani, cangkriman kawan pada ing nginggil wau, boten dening punapa esthining manah kula, amung sumedya anedhekaken wulangipun tiyang sepuh kula, nun saha sampun kagalih ingkang boten-boten.
Ulun Anggara kandhil dhukuh benawi ngalih

Punika cariyos babad Mataram
Baboyong nganti nengga mring wong akathah, para mantri lit alit, ancang kawarnaha, nulya nembang tengara, pan sampun bubar kang baris, kartan wehika, ambanjur marang Bali. Kawarnaha wus prapta ing lampahira, satapining jaladri, ing sagara rupak, sami kandheg sadaya, kewuhan tan olih margi, ing kartanira, apan karya wot wesi. Pan alami neng kono Ki Wiraguna, warnanen nagri Bali, wus wiarta warta pan arsa ingunggahan, prasami adandan baris, pinatah patah kang metu ing pasisir, pun Panji Arungan, kathahe kang bahita, satus sami isi baris, pan anengena, kocapa wong Matawis. Ki tumenggung wau ingkang tinanggenah, nanging wong ing pasisir kang jaga lautan, lami dennya angambang, wong Bali tan na miyosi, yata kapirsa, bahita kathah prapti. Ki tumenggung Mataram sampun uninga, wong Bali ametoni, sigra atengara nulya dandan sadaya, layare wus den rucati, adhedhayungan, sigra bedhil binedhil. Lan wong Bali pan sami sudiranira, karsane marepeki, wadyane ginelak, dhayung kalawan satang, kinarubut dening bedhil, kari dandanan, wong Bali akeh mati. Pambelahe kathah pejah ing sanjata, maksih sudira wani, Ki Panji Arungan, ngadeg tengahing palwa, pan maksih dipun bedhili, dupi wus celak, lan palwa ing Matawis. Salin dandhol arame kendhak binendhak, aneng tengah jaladri, suraknya lir gerah, yata wong Balambangan kinarubut dening behdil, Panji Arangan pambelahe wus mati. Dandanane pan sampun rempu

sadaya, palwa tan kena kosik, pan tatu ing ngombak, kinepung palwa kathah, arungan dipun bedhili, kena ing sela, endhas kena gumuling. Sareng pejah Arungan endhas tinigas, palwane den unggahi, wong Bali keh pejah, kamk dening wong jawa, samya ambyar ing jaladri pan ingkang gesang kawus tanana wani. Anengena wong Bali ingkang kocapa, ingkang sami abaris, neng pinggir samudra, Tumenggung Wiraguna, pan arsa gawe wot wesi lami neng kana, pinarak ing gagering. Ki Tumenggung Iwraguna nandhang gerah, sanget denira sakit, pra mantri sadaya, ararembugan, karsanira bubar mulih, sampun mupakat, nulya bubarken baris. Sigra bubar datan kawarna ing margi, ing Blambangan prapti, sakehe boyongan kinen andhinginan, gagaman kang munggeng wingking, Ki Wiraguna semana amameling. Lamun isun kang teka dingin wekasan saenggoning sun mati, ywa sira pendhema mulih marang Mataram, ing ngandhon ingsun mati, sira pendhema, apan tan pilih bumi. Sun tatedha ing Allah lan Rasulullah, aja mulih Matawis, raos atining wang sanadyana sun uripa, susunan ingsun Matawis, mangsi karsaha, ngawulaken ing mami. Lan sakehe anak pataning sarananya, paring …..keng pati, teka pira bara, yen den kawulakena, Sri bupati ing Matawis, kerana apa, padha ngasmara pati.

Sadaya sami anangis miharsa wawelingira, alara-lara sambate, Ki Tumenggung Wiraguna, pan sanget gerahira, manahe saya anglayung, sedyane age matiya. Datan kawarna ing margi, prapta ing Kadhiri sira, samana amundhut loloh, pan sampunira karasa, nulya wau pan seda, wau ta kyai tumenggung, tinangisan mring santana. Kunarpa wus den beciki, karsane ingkang santana, layone ginawa muleh, sadaya pan samya engah, dening wawekasira, pan sigra utusan mantuk, sampun ngaturi uninga. Yen Ki Wiraguna mati, Ki Tumenggung Danupaya kalangkung sanget getune, Blambangan sampun bedhah, sewu kang baboyongan, sigra aputusan sampun, lampahe asasanderan. Datan kawarna ing margi wus prapta nagri Mataram, atur uninga sang katong, saature kang utusan purwa tekeng wekasanm Sri Narendra langkung bendu, anulya sigra utusan. Lah ta wong ira nagari marta lulut lumakua, papagena mring lakune, si Tumenggung Wiraguna, jisime den pendhema, yen kapapag neng Dalanggu, sanak putune sadaya, ingkang sami maksih urip iku padha patenana, utusan wus minter kabeh, datan kawarna ing marga, lampahe sampun prapta, sadaya sampun kapethuk, anjujug ing pamondhokan. Anak putune kapanggih, sadaya wus sinudukan, pan kalih welas kathahe, sadaya wus pinejahan pinetak aneng kana, asmaradana winuwus, ambubaraken gagaman. Ki Danupaya mirseki, jisime Ki Wiraguna, pinendhem aneng enggone, anak putu pinejahan, sadaya manahira, Danupaya pan anglampus, sangsaya sanget kang gerah. Sigra amundhut jajampi, Ki Tumenggung Danupaya, gering kawit ing larane, awor tresna ing Pangeran, samana wus palastra, mila atemahan lampus, ki tumenggung nguntal upas. Ki tumenggung wus ngemasi, jisim pinetak ing marga, tan kawarna ing lampahe, Tumenggung Asmaradana, prapteng taji aramyan, pan sampun aweling atur, nanging datan tinimbalan. Wonten ing taji alami, boyongane Blambangan, samana sampun ngere, lami datan ingandikan, pan Kyahi Radana purwakanira dinangu, nulya pinejahan. Datan kawarna wus lami, sang nata madheg narendra, sampun angalih kadhaton, ing Palered puranira, nagri kartaraharja, Mataram mangunahipun, mirah kang sarwa tinumbas. Ana kang winuwus malih, punakawan alit mila, sampun jinunjung mungguhe, Ki ngabehi Wirapatra, langkung sihireng nata, kinarya papatihipun, amarentah wong Mataram. Nenggih kang winarna malih, amangsuli kang carita, pangran silarong kandhane, kala jenengira Sulwan, pangran kala samana, asahos kemit ing dalu, rimeksa jroning pura.

Para tuwan ingkang ngecapaken serat Bra Martani,badhe kajibahaken dening parentah bab pamacakipun sawarnining  pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken.
Kaecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan Jonas portir en ko.

Ongka 3 Kemis kaping 16 Januari 1873

BRA MARTANI

Punika Candhakipun serat pranatan
Bab rumeksaning kewan ana ing dalan gedhe
12. Wong kang anglakokake kewan kayata kebo, sapi, jaran tunggangan rakitan utawi momotan, kang lumaku ing dalan gedhe kang mongka lena enggone anggeregake kewane mau lan kurang pangreksane, yen nganti kewan iku malebu pomahan kang pinageran utawa dienggoni ing uwong.
Pulisi uga wenang parentah angandheg tuwin anyekela marang kewan mau, mungguh waragan miwah ingone iku kudu ingkang darbe kewang kang ambayar saitunge.

Bab wong angambah palemahaning wong liya
13. Sing sapa wani-wani malebu utawa ngambah palemahane wong liya, mongka palemahan mau ora ginadhuhake utawa ora dipajagilan maneh wong mau ora dadi kuwasane anglakokake prakara lan ora ana lare liyane kang dadi wenange angambah palemahan liya kang pinageran utawa tinanduran.
14. Wong kang anglakokake kewane kaya ta kebo, sapi, jaran tunggangan rakitan utawa momotan, angambah palemahane wong liya kang tinanduran sarta durung diundhuhi wetuning tatanduran mau, apa maneh kang durung oleh palilahe saka kang duwe palemahan.

Bab anganiaya kewan
15. Sapa wong kang duwe pratingkah anganiaya marang kewan utawa utawa raja kaya, jaran, asu, sapanunggalane ingkang kulina marang wong, mongka kawruhan ing akeh kanggone anganiaya mau.
Ing atasing prakara kang kasebut ing ongka 6, 7, 8, 9, lan 11 ing ngarep mau yen ana nalare liyane patrap ing dhendha iku, kena disalini paukuman kinunjara kawatesa dina lawase nganti nem dina.

BAB 2
Menawa wong kang anerak papacak ing ngisor iki bakal kadhendha dhuwit ora kurang saka nembelas rupiyah, lan ora kurang saka selawe rupiyah.
Kayata:
Bab wong mopo atandang tulung lan anglakoni kawajibane lamun nuju ana kasangsaran.
1. Sing sapa kajibah kang awit saka unining angger utawa kadhawuhan dening parentah amopo tandang tulung yen ana wong kang anjaluk tulung apa maneh yen ana sangsara rurusuh prau kapal kasangsaran, utawa bencana geni lan sangsara liya-liyane tuwin wong kakecon kajarah rayah yen ana dursila konangan ing sanalika, ana wong arame-rame anjaluk tulung, nalika parentah anindakake paukuman.
Partap iki ing atasing laku durjana kang konangan sanalika iku ora tumrap marang wong kang padha kasebut ing bab kaping 68, ing layang angger kang anamtokake kukuming wong jawa sapapadhane.

Bab wong kang ora angestokake parentah ing pulisi.
2. Yen nuju ana pasamuwan pangarakan utawa karameyan liyane, mongka ana wong kang angestokake parentah utawa pitudhuhing pulisi kang amurih aja ana wong kang kasangsaran tuwin papaning dalan gedhe aja nganti kapepetan.
Dene yen ana kang bongga ora miturut, pulisi wenang anindakake pratikel kalawan paksa amurih kalakone kang dadi parentahe mau.

Bab agawe mrecon sapanunggalane.
3. sapa gawe mrecon sapanunggalane kang tan oleh lilah saka ingkang nyekel pangwasa nagara kamot ing layang, dene wong kang wus kalilan agawe mrecon sapanunggalane mau anggone agawe ana sajabaning panggonan kang wus tinuduhake dening kang dening kang anyekel pangwasa nagara.
Mrecon sapanunggalane mau bakal karampas kabeh katur ing parentah.

Bab agawe sandawa (obat)
4. Manawa ana wong kang wani-wani agawe obat kang tan oleh lilah saka kang nyekel pangwasa nagara.

Bab raja darbe sabarang ingkang mutawatiri awit gampang pambaladose.
5. Manawa ana wong andarbeni sekit katun, nintrogi serilan pirite sapapadhane ingkang gampang ing pambaledhose, mongka ora lapur pulisi apamaneh ingkang darbe wau ora angestokake marang pratikel ing pulisi kang amurih aja nagnti ana sangsara ana ing panggonan mau.
Aliya saka paukuman kang wus katamtokake ing dhuwur mau, pulisi uga wenang ngrumati utawa anyingkirake kang parimpen, sabarang ingkang kaanggrak iku dene sakehing waragad kudu kabayar dening wong kang anerak papacak iki.

Bab wong anyalamur nganggo sandhangan liya.
6. Wong kang anyalamur anganggo sandhangan ingkang dudu agon-agone, wong lanang utawa wong wadon, kajaba yen ana karameyan pista tuwin tuwin ana ing pasamuwaning wong akeh anganggo topeng utawa sandhangan ingkang anyamur.

Bab karameyan pista sarta pasamuwan panunggalane.
7. Yen ana wong kang durung oleh lilahe saka ingkang nyekel pangwasa nagara, agawe pista utawa angadegake karameyan, kayata, angadu balapan palayon dharat tuwin anunggang jaran, apamaneh nayuban anananggap angklung lan barongan, toprng wayang sapanunggalane sarta angarak manganggo topeng utawa sandhangan kang nyalamur.
Aliya saka paukuman kang wus katamtokake ing dhuwur mau, pulisi uga wenang ambubarna marang wong kang agawe pratingkah mangkono iku.

Bab wong kang anyuwara seru gumeder utawa angunekake sabarang ingkang agawe kageting liya.
8. Sing sapa anyuwara seru lan gumeder utawa angunekake barang kang anggidhuhi ana ing dalan gedhe tuwin ana ing prenah kang cedhak ing greja (masjid) lan omah kang pancen kanggo angrebugi prakara, ing nalikane ana greja utawa ana prakara kang den pariksani.

Bab angabotohan

9. Manawa ana wong kang durung kalilan dening parentah, mongka wani-waniangadegake angabotohan utawa milu angabotohan ana ing ngatran utawa dalan gedhe, ing ngara-ara tuwin panggonan liya-liyane.

Sakehing dhuwit utawa barang-barang kang ginawe botohan ingkang tinemu ana ing kalangan, apa maneh piranti ing ngabotohan iku bakal karampas kabeh katur ing parentah.

Bab angadegake kalangan ngadu jago utawa ngadu jangkrik.

10. Mana ana wong kang durung kalilan saka ing parentah, mongka wani-wani ngadegake kalangan jago tuwin ngadu jangkrik ana ing ngaratan utawa ing dalan gedhe lan ing ngara-ara sapapadhane tuwin panggonan liyane.

Dene jago lan jangkrik mau padha karampas katur ing parentah sarta banjur dipateni.

Punika taksih wonten candhakipun.

Kula wisudhan

1. Tuwan we lihput asisten residhen ing Demak (Samarang), katetepaken dados asisten residhen pulisi ing Klaten.
2. Tuwan je a we pandhe ikasisten residhen ing Sampang (Madura) katetepaken dados asisten residhen ing Bayalali.
3. Tuwan ef a. a. Reiten bah …….. ing Cirebon kakula wisudhan dados asisten residhen pulisi ing sragen.
4. Tuwan Mister ye Dheket kontrolir irsteklas ing Surabaya kakula wisudhan dados asisten residhen ing Karang sandhan

Para asisten residhen sakawan ingkang kasebut ing ngajeng punika sami karereh ing kanjeng tuwan residhen ing Surabaya.

Tuwan dhe Meiyer tilas asisten residhen ing Temanggung (Kedhu) kakula wisudhan asisten residhen ing Demak, Samarang.

Tuwan A.ef. Fanter, tilas asisten residhen ing Lingga (Riyu) kakula wisudhan dados asisten residhen ing Samarang.

Balelen

Raden Prawiradipura mantri gudhang kopi Soka (Kebumen), kaundur saking pandamelanipun mantri gudhang kopi, mergi saking sakit.

Mas Puspawojaya mantri kabopaten Karanganyar ingkang apiji anggentosi dados mantri gudhang Soka.

Mas Jaya Sentana wakil mantri kabopaten ambal ingkang kapiji anggentosi mantri kabopaten Karanganyar.

Kebumen ping 13 Sawal 1801.

Katandhan Aktirawa.

Cariyos tuwin pawarti warni-warni.
Serat telekhram saking nagari Walandi anyariosaken manawo Napoleyon kaping III ingkang tilas jumeneng raja ing nagari pangriki samangke sampun atilar donya kundur dhateng kalanggengan.

Awit ingkang kasebut ing serat seblad katitimangsan kaping 6 Januari 1873, ongka 5 kanjeng raja ing nagari Walandi sampun amarengaken manawi ing Surakarta kataneman ing asisten residhen pulisikadosta: ing Klathen, ing Sragen, ing Bayalali, tuwin ing Karang pandhan, menggah satunggal-tunggaling asisten residhen wau kapatedhan balonja 600 rupiyah sawulan, pasewan griya 75 rupiyah sawulan, ing salamenipun dereng wonten griya kagunganipun kanjeng gupremenpiyambak, arta tatemahan wragad kangge kakesahan 75 rupiyah sawulan, punapi satunggal-tunggaling asisten residhen wau kawancenan arta.
Kadosta:
Balonja juru serat Walandi 1440 rupiyah satahun.
Balonja juru serat Jawi 600 rupiyah satahun.
Balonja upas sakawan 480 rupiyah satahun.

Nalika ing dinten Rebo manis tanggal kaping 1 Januari 1873, para kanjeng tuwan asisten residhen miwah kanjeng tumenggung bupati saking Apdha ingiwun pyambak, sami mara sowan atur wilujeng tahun baru dhateng kanjeng tuwan residhen Banyumas, sadaya para tamu sami kasedhiyan dhahar siyang wonten ing dalem residhen, ing waktu dhahar punika sami katingal guyub rahab, sedaya sumeh semu tarikipun suka seneng ing panggalih ngantos mikarsa krus kundhisi agentos-gentosan, tuwin arambah-rambah wekdal punika bendara kanjeng Cakra wadana bupati ing Cilacap katingal sumringaha panggah pancen gagah, boten kuciwa pra sobatipun dhateng para minir saged aluwes boten kirang satunggal punapa, rehning samangka pinujon suka ing panggalih, bibar saking residhenan sampun sawetawis elat, para tamu sami mundur sowang-sowangan dhateng pondhokipun pyambaknamung bendara kanjeng bupati Cilacap ingkang mondhok ing bikebo (romah tamu) ing residhenan, trus lajeng sare, anggenipun wungu sampun sonten, sareng wanci satengah sanga dinten malem Kemis, bendara kanjeng bupati wau wonten pondhokan saweg jumeneng saking kursi lajeng dhawah kalajeng seda, pancen nalika lenggah sampun angandika dhateng abdi ingkang ngadhep manawi sariranipun ragi karahos kirang utawi puyeng, awit sawatawis lami boten ngunjuk sanadyan pinupus sampun takdir rolah marga sewu pati siji, saestu para sobat sami sanget maneselipun, kathah ingkang marebes mili langkung malih putra santana sami dahat panangisipun, amargi sami boten anyana, layon lajeng kabekta dhateng masigid lajeng dipunsuceni para ulama, sareng ing dinten Jumungah enjing layon kabeta dhateng Cilacap, awit nalika sugengipun sampun yasa papan astana karengga sae, dene urmatanipun ing margi anglangkungi semuwa sarta ingkang ngrembat bandhusa para kaji ngulama sadaya, bendara kanjeng Banyumas ingkang anindhihi lampah, dalu siyang kawedanan dhistrik Adireja, raden behi wedana wau kaprenah ingkang rayi, ing dinten Akad kaping 5 Januari 1873 wanci jam 9 enjing angkatipun layon dhateng Karangsuci, menggah renggan paurmataning lampah kados ing ngandhap punika:
Sauruting margi mawi baris rontek anjawi jajaran pan urung upacara pethak, tuwin sakiwa tengening bandhosa mawi payon mori kawangun mori griya limasan, lan mawi kalambu pethak, padoning amben para putra 4 sami mangangge carakahos, kaliyan maos kuranngantos

dumugi ing ngastana, ngajeng bandhusa para ngulama, ing wingking para priyantun mangangge pameran, kasambetan para tiyang cina tumunten kanjeng tuwanresidhen saha kanjeng bupati utawi mayor sasaminipun, saking watawis kathahipun ingkang sami andherekaken kirang langkung 5000. Lebeting bandhusa dhateng ing kluwat jam 10 enjing. Kanjeng tuwan residhen ingkang angabulaken lalabetanipun ingkang tilar donya wau, dhateng kanjeng gupremen tuwin yasanipun nagari Cilacap awit tahun 1831 jumeneng wadana kolektur patih dumugi taun 39, jumeneng wonten ing Cilacap anjawi punika kadhawuhaken saening panggalih dhateng sadaya bongsa, sami anganggep sobat kados rumesepipun dhateng kanjeng tuwan residhen pyambak, dene bibaranipun saking pakuburan wanci jam 12 siyang.
Kedhung gudhang ping 9 Januari 1873.
Katandhan juru pangripta.

Panjurung wangsulan

Serat Bra Martani 2 ugi wulan taun punika, wonten saseratanipun mitra kula, ingkang sisilih nama Wartatama, suraosipun mangajeng-ngajeng panjurung kula tuwin panjurung pun dugi prayogi, ingkang punika mugi sampun andadosaken cuwaning panggalih, mila ngantos antawis lami boten angaturaken panjurung wau, jalaran saweg kathah damel kula ingkang parlu-parlu, samanten malih pun dugi prayogi punika tiyang mager santun kula, ugi pinuju kathah damelipun, wonden tensah kadarman sampeyan dhumateng kula estu sakalangkung pamundhi kula mugi lastantuna salaminipun apa wong mitra, wasana sarehning mangke dereng wonten ingkang kula aturaken kadamel lantaran gugujengan wonten ing Bra Martani, dados kula namung nyambeti cariyosipun rare ing gapyukan ingkang nama pun paya, ugi Bra Martani ongka 2 punika anyariyosaken yen pun Paya saweg umur 12 tahun sampun nyeret tadhah sawawratmakaten wau andadosaken gumuning manah kula, ananging pamireng kula dhasar makaten, angsaripun maslara dhemang punika dhasar anggigirisi, kula angaturaken cariyos kala rumiyin, ing kampung Suryadipuran Surakarta, wonten priyantun karsa anyoba cempe jaler, punika saben enjingsonten dipuncelakaken tiyang nyerat, kapurih angebuli kukus utawinipun ombenan gojagan bedudan, cempe wau sareng antawis sawulan sampun anggadhahi patagiyan, sabab manawi sampun wancinipun upami kasarehaken sapengudute mawon inggih klajeng andhekem utawi mawi saradan watuk sarta gebres-gebres kados tiyang waing mripatipun amelerek medal luhipun, kalampahan dipun eleti satengah jam lajeng boten saged abah, sirahipun sirahipun sumeleh ing siti, sareng sampun tetela mekaten, pun cempe tumunten kapragat, dene ingkang anggumunaken namung ususipun katingal biru amenis-menis, usus lajeng kabedhel, punika isining usus boten wonten sanesipun aliya kremi pating krengkab, mila saking udanagari kados tiyang petagiyan punika anggenipun boten kantenan raosing badan wau jalaran saking nepsuning kremi ingkang dereng dipun sukani tetedhan pakaremanipun ingkang sampun katamtokaken saben dinten, dados mas sagus kremi wau yen kadangon sami muring-muring kalampahan anedha daginging usus, amila tiyang nyeret ingkang sampun peng-pengan punika yen wawratan mawi erah tuwin kados cacahan daging warninig tinja, dados leres kemawon wulang reh punika ingkang nyebutaken apyan amangan janma, utawi tiyang nyerat wau wus panjang yuswanipun, watawis kados pun cempe wau nalaripun ingkang adamel wisaning badan, wasana mugi sampun andadosaken manahipun mitra kula pun Paya ing gapyukan sampun kagalih kula angajrih-ajrihi tuwin amahoni

pakareman ingkang sampun dipun lampahi, kula punika namung anglantaraken cariyos kemawon.
Katandhan witya radya

Manawi pareng karsanipun tuwan redhaktur, kula ngaturi panjurung kabar, kados ing ngandhap punika:
Bendara kula Raden Mas Arya Mangkuningrat kagungan teken kajengngingi, punika anglangkungi ampuhipun bateng bongsa upas utawi entup, kula sumerep dipun ungkulaken ing sawer sawa emprit lajeng boten saged obah, sawer wau saengga tanpa bayu, utawi malih kenging kadamel jampi sakit wawratan erah umbel tuwin sakit napas, ngingi punika dipun urutaken ing weteng lajeng saras, sampun rambah-rambah kadamel anjampeni makaten wau, nalika wulan Rejep tanggal kaping 15 ingkang sampun kapengker punika bendara riya tedhak dhateng pasanggrahan ing Bantar angin, kaliyan para abdi kalangenan, karsa ngundhuh semongka utawi nuba rumpon, sareng ing dinten Jumuwah tanggal kaping 18 bendara riya nuba rumpon dhateng ngrengel, ing ngriku wonten ulampe, kenging krakat, nalika samanten wonten tiyang tukang jala kenging buntuting ngepe wau, lajeng ngebruk ing ngengen, yen ta sampuna lajeng katututan dipunusadani tekenipun bendara riya wau, kados kalajeng pejah, punika sareng dipunjampeni enjing sontenipun saras. Dene wujudipun teken wau panggenan cepengan kados cocor bebek, ngandhap nginggil mawi kendhit cemeng kaliyan pethak, ugi kathah ingkang kagungan teken ngingi ananging boten kados punika warni tuwin angsaripun, saestu anggumunaken.
Katandhan Soetamboel.

Angajeng-ngajeng minongka panjurung
Inggih boten sangli punapa, kula ningali cangkriman kapireng sangking Bra Martani sampun antawis lami, sangking Kridha mardhawa, ingkang katandhukaken dhumateng Kartasudama, anami Kartasudama dereng wonten wangsulanipun, ingkang sampun kajawab radyan darma pangrekadaya, saking suraos mitra kula open Kridhamardhawa dereng amethuki, tansah memper kemawon.

Punika sangking pandugi kula para sarjana tuwin mas Kartasudama, kados badhe kalingan katurna ing kabar, o, kados eman sanget cangkriman wau menawi boten ruwat piyambak, sangking karsanipun mitra kula Kridhamardhawa minongka anyambeti saserepan tiyang bodho kados kula pinika, bok manawi lami-lami kapejahan damar, mila saking panyuwun kula dhateng ingkang kagungan cangkriman punika kababaran benjing Kemis ngajeng punika, ingkang supados aparing madhangi manah kula.
Kamis, 15 Januari 1873, katandhan Mintasih.

Punika Cariyos Babad Mataram.
Pra santana ageng alit, miwah punggawa sadaya, sami ngaturi sang katong, engeta ing puranira, sang nata tan gumiwang, manahira maksih liwung, oreg kang wong sanagara. Oreg ing wong sanagari, punika dados wawelak, panjenengane sang akatong, tan winarna laminira, sang nata tilar putra, tengga layon garwanipun, aneng gunung kelir ika. Pan karsa tan den

urugi, wau layone kang garwa, tansah winawang citrane, amana datan antara, owah sipat ing laywan, layon kaimpi ing dalu, wangsiting suksma tingal. Katingal garwanireki, tumut ing lakine lama, Ki Dalem ika wastane, sang nata kadi ginugah, kagyat ing tyas rendra, angandika esmu bendu, lah uwis gya urugana. Lah sira paseka ing glas,away ngarawi karas, sigra ingurugan age, sang nata gya sira bubar wus kondur angatyan, apan binabadan sapun, nata sare tata janma. Wus tentrem wadya Matawis, alami datan winarna, kocapa Pangran Silarong, adalem ing waladanan, kalangenane dara. Ngingu dara ules gambir, pinundhut dhateng pangran, tan pinaringan yatrane, amung pinaringan lisah, kang saking ing Mataram, lawase arsa linabuh, dereng marengi karsanya. Samana nuju marengi, pangran amundhut dara, mila gya pinaringake, adteng kang aduwe dara, apan sampun winekas, pakaryane lisahipun, bosok ingkang pinakanan. Yata wonten wadya malih, angingu dara memegan, anulya pinundhut maleh, pinaringan datan arsa, anedha pinaringan, kadya ki upas kang canglung, samiya pakaryanira. Nanging pangran tan marengi kang kadya ki anglung ika dening kang pinaringakepanawane anglung upas, lah iki ta empanana, paring ingsun mring sireku, panawane ingkang upas. Wus aja sumelang ati, pakoleha iku uga, pan ika alewih abot, teka ingsi anglung upas, iki lah tawakna, yen ana wong kena anglung, tawanen ora tumama. Dening namaning wadyaki, ki pinaringan panawa, Ki Citra ing Tegal ampel, dening ingki pinaringan, kawataraning lenga, ing kalung upas ranipun, kalih pan sami lumampah. Punika kandhane nguni, kala alame samana, yen ana wong rebut lileh, miwah wong rebut wicara, yen kongsi aterasa, akathah pejah den anglung, kyeh waras dening kicitra. Wus kontrak wong sanagari, ucaping wong duk samana, mring Ki Citra Tegal ampel, katawa ing panggawenya, aran Ki Citra tawa, kaloka kalamun ampuh, nawa wong anglung ika. Sok si kacandhaka ugi, mring punawane Ki Citra, meh kaya amesthekake, waluyane wong kang lenga, waras padha sakala, samana sampun misuwur, tansah pajang waladanan. Patine titiyang alit, kathah wong kang anglung lenga, tan kena rebut wiraosnya, datan antara laminya, undhak-undhakaning sloka, kareta gya naka teluh, patine ing wong punika. Sangking lepasing pawarti, wus koran wong saMataram, wus katur dhateng sang katong, yen wadya lit kathah pejah, ing pajang waladana, mangka nata pejahipun, langkung duka sri narendra. Apan wus kinen anitik, ajale ana mangkana, sapa ta baya uwite, iku titiken den nyata, pan katur yen kang paman, inggih wite karya lampus, miwah wite karya waras. Apan wus tan kena gingsir, pratigyanira ki ajar, anguni kala pinaten, mring Pangran Salarong ika, kala prang Balambangan, milane duka sang prabu, sangsaya-saya kagagas. Kengetan dosane nguni, kang paman duk neng Mataram, marmane winedalake, sangking nagari Mataram, wisma ing waladanan, kang punika dosanipun, mila dhateng duka nata. Samana wus den timbali, kang paman dhateng Mataram, sipeng sadalu lamine, enjing ingatag mantuka, wong gandhek ngiringena, pangandikane sang prabu, eh wong gandhek wekas ing wang. Yen wus prapta jaban taji, lah wong gandhek lakunira, metu akuwel den age, iku ta den kalampahan, iya pandhawuh ing wang, anulya gandhek wot santun wus mundur saking ngajengan. Wus prapta jawining taji, ing wong gandhek lakunira, medal ing kuwel lakune, sang nata dangu angantya, wus kinen amariksa, katur dhateng sang prabu, yen medal ing kuwel ika. Sanget dukane narpati, asru denira ngendika, mring abdi marta lulute, lawan wong singa nagara, age sira susula, man salarong mulihipun, iya sanggone kacandhak. Aja sira kongsi mulih nuli sira uwis sena marta lulut tur sembahe, kalawan singa nagara, lampahe gagancangap, kacandhak desa king biru, pangran sampun tinelasan. Pinetak ing gunung Wujil, datan alama samana, lagya nem sasi lamine, ing elih dhateng Mataram, pinetak ing bacingah, apan binabadan iku, wong sasonga prang

martala. Kawarnaha sri bupati, genira jumeneng nata, sampun akathah putrane, patutaning Surabaya, nenggih putra kang tuwa, ginadhang jumeneng ratu, prabu anom ing Mataram. Putra lyan malih kakasih, arine parngran dipatya, kang kalih tunggil ibune, Pangran Puger ingkang tuwa, ywa pangran Singasekar, punika warujunipun, nenggih wonten malih putra. Samya sanes ibu neggih, nama Pangran Martasana, wonten putra timur maleh, kakalih ingkang satunggal, anama Raden Tapa, gantya wau kang winuwus, Pangran Dipati Mataram. Ingkang eyang taksih urip, jeng pangran Surabaya, aneng Mataram daleme, punika kang cinarita, Pangran Surapringga, bakisan wadon den ingu, lama-lama dadi lanang. Sakalangkung den kasihi, bakisar dening pangeran, punika pangandikane, salawase aneng donya, apan durung tumingal, lan maninge durung ngrungu, ayam wadon dadi lanang.

Ongka 4 Kemis kaping 23 Januari 1873

BRA MARTANI

Punika candhakipun serat pranatan
Bab Omah suwung
11. Wong kang anduweni omah utawa anguwasani omah tuwin lumbung gedhogan, apamaneh prau kanggo dagangan ingkang padha suwung, mongka ora dijagani lan kurang pangreksane, yen nganti kalakon omah,,lumbung, gedhogan, prau iku dadi pandhelikane wong ngulandara tuwin kere, pekir meskin utawa wong ala sapapadhane.

Bab Wong adol minuman keras
12. Wong kang adol minuman keras luwih saka telungkang nederlan, kajaba ana ing losemen, ing kopiheis, ing panggonan pangedoling minuman mau kang wus kalilan dening kang anyekel pangwasaning nagara, apamaneh pangedole mau nerak kang dadi prajanjine ing atase enggone amajegi pangedoling minuman keras.
13. Sapa kang wani-wani adol utawa weweh minuman keras ana ing sajabaning kantin, maring para militer sor-sorane upsir kalebu wadya dharatan, utawa marang anak rayate miwah marang bature, iku kapatrapan paukuman dhendha kaya kang kasebut ing dhuwur mau, samono iku yen pangedole utawa pawewehe mau ora kena paukuman miturut prajanjeyan bab pamajege pangedoling minuman keras.
14. Sapa kang adol utawa weweh minuman marang wong ingkang tetela wus mendem.

Bab anguculake asu galak lan sato kewan kang mutawatiri
15. Sapa kang nguculake asu utawa sato kewan ingkang mutawatiri, asu lan sato kewan mau kena kapundhut sarta banjur dipateni.

Bab wong ngingu asu galak sarta sato kewan ing amutawatiri
16. Wong ingkang ngingu sato kewan kang amutawatiri, mongka ora lapur marang kang nyekel pangwasa nagara, lan ora angestokake dhawuhing parentah, kewan mau kena kapundhut sarta banjur dipateni.

Bab Pangedole pangan ingkang camboran utawa kang wus ora kena dipangan, lan minuman kang ora tulen ginawe palsu apamaneh kang wus ora kena diombe.
17. Wong kang andhasarake lan adol panganan ingkang camboran utawa kang wus ala, ora kena dipangan, apa maneh minuman kang ora tulen ginawe palsu sarta ora kena diombe.
Mungguh panganan lan minuman mau bakal dianggrakutawa banjur kabuwang.
Sanadyan wong kang adol mau ora kapatrapan dhendha, ananging parentah uga wenang andhawahake angrusak utawa ambuwang panganan lan minuman iku.

Bab angistiyarake utawa adol layang cap-capan kang saru-saru lan ora pantes unen-unenane.
18. Wong kang adol angistiyarake sarta anggelarake layang cap-capan gambaran sapapadhane ingkang kalebu saru.
Sakehing layang lan gambaran sapanunggalane mau bakal kaanggrak sarta banjur rinusak saanane kabeh.

Bab wong kang lena utawa sembrana enggone rumeksa marang bocah lan wong edan.
19. Sapa kang banget alenane rumeksa marang bocah-bocah lan wong edan utawa wong kang owah pikire, mongka enggone rumeksa mau wus dadi sasanggupane utawa kawajibane awit saka dhawuh ing parentah.

Bab wong kang angambahaning wong liya kang tinanduran pari, utawa wiwitan liyane.
20. Sapa kang wani-wani malebu utawa ngambah palemahane wong liya, mongka palemahan mau ora ginadhuhake utawa ora dipajegi lan maneh wong mau ora dadi kuwasane anglakokake prakara lan ora ana larre liyane kang dadi wenange angambah palemahan liya kang tinanduran pari utawa wiwitan liyane kang uwohe durung diundhuh.
21. Wong kang anglakokake kewane kayata, kebo, sapi, jaran tunggangan rakitan utawa momotan, angambah palemahane wong liya kang tinanduran sarta durung diundhuhi wetuning tatanduran mau, apamaneh kang durung oleh palilahe kang duwe palemahan.

Bab wong kang malebu ing omahe wong liya utawa panggonan sapapadhane.
22. Sapa kang wani-wani lumebu ing ngomahe wong liya, ing lumbung, ing gedhogan, lan ing prau dagangan, mongka ora aweh weruh utawa tanpa lilahe kang darbe sarta kang kinuwasakake, utawa kang angenggoni omah lan sapanunggalane mau, apa maneh lakune wong iku ora kawajib, kaya kang katamtokake ing layang angger.
Punika taksih wonten candhakipun

Kula wisudhan tuwin sanesipun, lehiyun ing Mangkunagaran.
Raden Mas Aryaputra, Kapitan inpantri kakula wisudhan dados mayor.

Banyumas
Mas Martareja, Mantri gudhang ing Pagendhan, distrik Batur (Banjarnagara), kaundur saking pandamelanipun amargi kenging prakawis bab arta ing kas gudhang ngriku.
Ingkang gumantos dados mantri gudhang kopi ing Pagendhan, Raden Arjapijaya, mantri gudhang kopi ing dhistrik Purwareja ( Banyumas) pikantuk balonja 50 ripiyah, pethak ing dalem sawulan.
Raden Wiryadimeja, tilas mantri pulisi ing dhistrik Karangkobar (Banjarnagara) kaangkat dados mantri gudhang kopi ing distrik Purwareja wau, pikantuk balonja ugi 50 rupiyah pethak sawulan.

Raden Rongga Sumantareja, wadana cikalang, Cianjur, mratelakaken wonten ing serat kabar ingkang winastanan salompret malayu patrapipun tiyang nanem pantun, kadosta ing ngandhap punika.

Panyoba nyebar wiji pantun, anurut patrapipun tuwan Ole, kados dene ingkang sampun kadhawahaken ing kanjeng tuwan residhen Priyangan ing tahun 1868, kula sampun anglampahaken sarta mangretosaken dhateng para tiyang kalayan temen-temen awit ing taun 68/69, ugi kula sampun nyobi panggenan sabinipun para lurah, ing taun 69/70 sabinipun sadaya tiyang kasebar nyeprapat-nyeprapat, ing taun 70/71 kasebar sapertigan amung wonten tiyang 8-10 kang kasebar sedaya, ing taun 71/72 kasebar sapalihipun, ing taun ing tahun wonten tiyang 19-20, kang nyepeng dhusun cinangsi ingkang anyebar sadaya, utawi wonten tiyang 6, nama reksa yuda kampung ngatahe 2, Subamanggala, kampung Cikalang 3, Martaguna kampung Dharundhung 4, Secanaya kampung ngantahe 5, pakamsi, kampung Lewibungur 6, Ajan, kampung Pasucen ingkang langkung trangsanget sarta ngetang sae-sae saking bab patrap nyebar wonten 5 prakawis kasenengan kauntunganipun tiyang tani.

1. Leres endheng panyebaripun boten mawi wragad margi cekap kasebaraken dening tiyang satunggil kemawon.
2. Dados kirang wiji jalaran awising gabah kenging kawestanan dados sadaya, utawi kaken sarta lema boten lemes boten kera kados kaurit.

3. Umuripun wiji dados kirang kulinanipun kaurit, ing ngajeng umuripun wiji 40-50 dinten sawek kenging katanem, sareng sapunika kasebar umuripun wiji 35-40 dinten sedhengan katanem sarta kadadosanipun sae.
4. Bab angsal-angsalanipun wiji kaurit ing ngajeng kados ta.
   Paksa yuda ing ngajeng saben taun 5, caheng (aset) kasebar angsal 6 caheng.
   Subamanggala ing ngajeng angsal 84 gedheng, kasebar angsal 100 gedheng.
   Martaguna ing ngajeng angsal 1 caheng kasebar angsal 1 caheng, 59 gedheng.
   Secanaya ing ngajeng angsal 2 ceheng kasebar angsal 2 caheng, 40 gedheng.
   Pakamsi ing ngajeng angsal 1 caheng 100 gedheng, kasebar angsal 1 caheng 112 gedheng.
   Ajan ing ngajeng angsal 80 gedheng kasebar angsal 100 gedheng.
5. Sasampunipun katanem pantun wau dadosipun wradin.
   Amila awit ing taun 72/73 salebetipun ing dhistrik kula, sadaya tiyang ingkang sami ngurit kasantunan nyebar kemawon sarta boten kaparo utawi kapertiga, dados ing taun punika boten wonten satunggil gedheng ingkang kaurit, kados ing ngajeng dadosa pun wiji wau sakalangkung sae sarta nalika umur 15-20-25 dinten sampun kapriksan dening kanjeng tuwan asisten residhen Cianjur, akaliyan tuwan kontrulir Ciputri punapa dene raden ariya patih, langkung saking 50 panggenan ingkang kapriksa.

Sasampunipun katanem ngantos sapunika pantun wau sampun umur 2-3 wulan, saha kula sampun mariksani, sadaya katingal sakalangkung sae sarta lema tuwin wradin.

Makaten ugi kula sampun mariksani kinten wonten tiyang 7-800, makaten malih para lurah amratelakaken pandamel ing taun ngajeng badhe netepi kasebar malih kemawon, margi sampun rumaos sataun ningali gangsal prakawis wau ingkang sampun kasebat ing nginggil, saha kula sampun ngetang salebetipun dhistrik kula, manawi kaetang waradin kasebar akaliyan kaurit ing taun 72/73 kirangipun wiji 82 caheng, 50 gedheng (8450 kati) anjawi panggenan wiji kadamel 1 gedheng sapunika amung salandheyan kangkung sakedhik kemawon, ananging ugi taksih sesak, benjing sanes taun mawi kaleresan kula ajeng-ajeng ngantos 2 tumbak wiyaripun ing dalem 1 gedheng, 5 kati.
Punapa malih kula asring anyukani mangretos dhateng para tiyang supados ananem palawija ingkang kathah awit andadosaken kauntunganipun ing taun 66-67-68-69 wonten 1000 bau sabin ngantos 700 bau kanjeng tuwan asisten residhen ngantos kaget mariksani taneman wau, kacang sarta wonten tiyang namapak, eram kampung waru dhoyong angsal 125 rupiyah awit saking pamadenipun kacang, pangrumatipun kacang wau amung 3 wulan.
Cikalang, kaping 28 Dhesember 1872

Cupeting nalar
Saestu andadosaken prayogi sanget, ing mangke serat pranatan cepenganipun pulisi kapacak ing Bra Martani, dene para tiyang lajeng enggal sumerep punapa ingkang dados papacakipun pranatan wau, karanten serat Bra Martani punika sumebar ing nagari pundi-pundi amaradini dhumateng para priyantun, utawi pun kula sanadyan tiyang dhusun inggih nun andherek bingah awit lajeng terang saserepanipun, bilih manawi saged ngatos-atos supados sampun ngantos nerak pamacak ing ngajeng wau, leres pranatan punika ing tanah kula piyambak ugi sawektu dhawahaken, ananging pandugi kula radi kurang terangipun, amargi ingkang wau wedalipun saking parentah ageng mawi serat sastrawalan ditembung malajeng, mial dhumawahipun dhateng pun kula utawi para tiyang dhusun sanesipun kados sakedhik wonten ingkang taksih seling serep, awit panyalining tembang jawi sampun gintung giling parentah distrik trekadhang boten canggil.
Wasana sareng kula maos pranatan ingkang kapacak ing Bra Martani punika lajeng terang kemawon menggah saserepan kula, ewa samanten bawinipun sanget cupet ing nalar kula, ugi

wonten tembung satunggil ingkang kula dereng mangertos tegesipun inggih punika ingkang kasebut ing bab 1 ongka 4 tiyang amepeti margi ageng sarana bondhot utwai jugrugan griya, punika tembung bondhot kados pundi artosipun panyuwun kula mugi panjenenganipun ep. Eg. Winter maringan katerangan tegesipun tembung wau kapacak ing Bra Martani.
Sinerat kaping 14 Januari 1873
Katandhan kula pun martatama

Tembung bondhot punika tegesipun sangkrah eri sapanunggalanipun ingkang rungku-rungkut, wondene tembung punika tumrapipun ing pranatan taksih kalisir, mila sampun kula leresaken ing pangecapipun munggel, bondha punika warni banon, wedhi, gamping utawi sanesipun ingkang kangge kadamel griya.
Ef. Eg. Winter.

Panjurung ing Bra Martani
Sarehning salaminipun ing nagari  Purwareja Bagelen, boten kados saka punika, kathah ing pandung ing saben dalu ing mawon tiyang sami kapandungan durjana wau boten pilih tiyang sugih, sanadyan tiyang mlarat inggih dipun pandungi, namung cekap kadamel bandhan tumbas tike dhateng ngepakani kimawon, teka dipun pandung yen entek iya mengko bengi golek, mila tiyang sadaya sami kekes prihatos ing manah anggenipun anjagi griyanipun piyambak, o, panyuwun kula dhateng bendara pulisi mugi amaringa usada karsa anyirnakaken durjana ingkang anggigilani wau tobil saiba mepregmana yen pama kecekel kadurjanan iku.
Purwareja kaping 12 Januari 1873
Kawula pun jangkung

Panjurung bab kawontenaipun tiyang ingkang sami nandhang sakit.
Ing kabopaten Purwadiningratan, nagari Surakarta, awit ing wulan siyam ingkang mentas kapengker  punika, wonten ambah-ambah sesakit, jalaran ngajeng panas, salajengipun ingkang wiluntik wawratan, wontena ingkang mawi watuk, ingkang kathah mawi lajeng lempoh, samongsa badhe ngangkat waluya, sadaya badan mawi medal saking gagabag, raosipun gatel, menggah ingkang kula cariyosaken waunaming sakwawengkon kabopaten kemawon, kados ta kapedhak, utawi tiyang pangindhung magersari, sanes bawahipun para panewu mantri, menggah kathaipun ingkang sami kaganjar sakit kirang langkung 155 tiyang sepuh kalebet lare, ing mangke dereng wonten mendhanipun, saking berkah dalem ing Gusti, utawi pangestonipun para ingkang ageng-ageng, sadaya ingkang sampun sami nandhang sakit kados ingkang sampun ingkang kula pratelakaken ing nginggil wau sami wilujeng, boten wonten ingkang dados tiwasipun.
Dene ingkang dados gumuning manah kula, dene sesakit wau saingga nular, awit sampun sakathah kemawon, saben wonten ingkang mentas martuwi sanak sadherek ingkang pinuju sakit, inggih lajeng sakit, sarta lajeng lempoh, wondene bab jampi wau, sapi ngangge kawruhipun piyambak-piyambak, kula piyambak sampun anglmpahi sadangonipun lalenggah andhengkul kula karaos kemeng, sareng kula angge ngadeg lajeng ambruk, lajeng kula ken damel ajampi apu, jahe, toya brama pecel, lajeng kagodhog saumobipun, sareng sampun umeb mawi kula lerepaken sawatawis, lajeng kula blonyohaken sawarnining ingkang karaosa sakit wau, sareng sampun antawis 4 jam dangonipun kula lajeng saged lumampah, waluya ngantos samangke.
Kaping 21 dulkangidah wawu 1801
Katandhan Wignyawasana

Panjurung Wangsulan

Kula sampun anguningani panjurungipunmitra kula ingkang asisilih nama Mintasih, suraosing serat amangajeng-ngajeng wedharing cangkrimanipun Kridhamardhawa, ingkang sampun kula ngrasehaken dhateng radyan Kusumawicitra dereng angsal wangsulan, lajeng dipunjarwani radyan Darma pangrekadaya, dene jarwanipun radyan Darma wau manawi pangraos kula inggih sampun kathah leresipun, mila kula lajeng anarimah, sareng mitra kula Mintasih amundhut wedharipun ingkang terang, kula apitaken malih dhateng Kridhamardhawa, wangsulanipun dhateng kula bab tiyang nedha punika ingkang dipuntedha raosipun ing tetedhan wau, dene ingkang anedha inggih raosing badan ingkang sampun jumbuh kaliyan karsa, namung punika anggenipun amedharaken dhateng kula, wasana sumongga karsanipun mitra kula, namung bab asmaning manungsa ingkang sajati, punika kula pitangledi wangsulanipun wados, lan boten wonten kadamel lantaran wiraos wonten ing kabar amila lajeng prasaja manawi getun geduwung sarta rumaos kalepatan dhateng para mitra dene sampun sumerep …. punika dipun wastani wados, kok dipunelaraken wonten ing kabar, saking emperipun ingkang sawau namung sedyanipun damel anyogok kawruhipun Kartasudama kemawon, ewadene kados manawi mitra kula Mintasih karsa papanggih piyambak dhateng Kridhamardhawa, watawis kula tamtu angsal leganing panggalih saking bab punika.

Katandhan open.

Manawi panjenenganipun saudara tuwan redhaktur anyondhongi, tuwin selahipan, serat kula panjurung punika, mugi kapacaka ing koran Bra Martani, kawedalna ingkang tumunten, supados tumandhuk dhumateng mitra kula, ingkang jujuluk Wongsamanggala, utawi para mitra kula ingkang sampun sebut sarjana ing Bra Martani.

Ing nalika satunggal dinten wanci dalu, sumedya badhe mertuwi dhateng pagriyanipun mitra kula ingkang nunggil sapakampungan, sareng dumugi wonten margi, kula kula mirengaken lare wicantenan ing latar sami amanjang wulan, wujudipun naming lare kekalih estri sedaya, ingkang satunggal nami pun Kenil, ingkang satunggil nami pun Riwuk, pun Kenil wicanten makaten.

Riwuk, tak cangkriman batangen, mengkene cangkrimanku.

1. Ana nagara kang aran sangisoring dhengkul, 2. Ing ngendi ana nagara kang aran budikadlajadan, 3. Kowe apa weruh desa kang aran samaning kadhaton, 4. Kowe apa wis sumurup utawa ngambah ing rasukan, cangkrimanku, 5. Prakara iki cupankang patitis, pun Riwuk amangsuli, aku sak iki durung bisa batang, naming aku aweh panebus iya batangen kang bener, yen kowe ora bisa batang, mengko tak batarne, nanging cangkrimanmu mengko babarna dhewe, pun Kenil sampun nyagahi.

Kowe apa wus sumurup iwak kali kang jeneng prajurit tajege carang, 2. Iwak kang aran pangrampase lemah mengter, 3. Iwak kang aran wanita megat priya, 4. Iwak kang aran sapu bale, pun Kenil dereng ngantos mangsuli, sumerep kale batang kula, wau lare kekalih lajeng sami lumebet griya, sadalu lajeng kula boten tilem, tansah anggagas cangkrimanipun lare estri kekalih wau, dene boten ngantos sumerep babaranipun, selak kawanguran pangijen kula.

Mila pannuwun kula dhumateng para mitra kula, mugi sami aparinga berkah babaraken cangkriman ingkang ngodhengaken manah kula, kang kasebut ing nginggil wau amargi badhe andadosaken suka bingah ing manah kula kang kalayan sanget.

Sinerat ing dhukuh Nglaraskondha kaping 18 Dulkangidah wawu 1801.

Katandhan pun Sedyana.

Punika Cariyos Babad Mataram

Pan warnane iya becika, ing Mataram datan ana, bakisar kaya mangkene, ingsun tan layak duweya, ingkang patut sang nata, bakisar ingkang angingu, pantes ana ing jroning pura. Pangeran Surabaya ngling, marang ingkang para garwa, bakisar iki ing mengko, sun aturne sri narendra, Pangran Surabaya, pan sigra busana sampun, asaos marang jro pura. Bakisar wus den ulesi, sutra pethak kang kinarya, Pangran Surabayane, mijil saking dalem ira, tan kawarna ing marga, praptane kadhaton sampun, kandheg wijil paregolan. Sampun katur sri narpati, pun paman ing Surabaya, umareg dhateng sang katong, nulya age tinimbalan, sapraptane ing ngarsan, cundhuk kalawan sang prabu, anenggih ayun-ayunan. Pangeran Surabaya ngling, matur dhateng sri narendra, inggih dhumateng sang katong, angaturaken bakisar, mila katur sang nata, dene endah warnanipun, purwanipun kang bakisar. Ingkang bakisar puniki, pawestri asale kuna, sampun sawulan lamine, lami-lami dados lanang, warnanipun apelagya, dhateng saged akaluruk, mangke kakonjuka sang nata. Sri narendra anampeni, bakisar sisiwi ngandika, anedha ing pracayane, paman ing sih jengandika, sri narendra asuka, naning duka jroning kalbu, osiking nala mangkana. Bisa nukmeng agal alit, ing weweka sampun nelas, grahita landhep pasemon, jeng ngeran Surabaya, sampun kinen mantuka, samana pan sampun mantuk, warnanen sri naranata. Enjing sang nata tinangkil, pinarek ing kamandhungan, maksih kagugu manahe, kang paman ing Surapringga, ngaturaken bakisar, pawestri ing purwanipun, lami-lami dadi lanang. Sang nata emut ing galih, wirayate ing Mataram, Susunan panjenengane, tan aliyan gumantya, lyan putra kang atuwa, patut ing Surabayeku, Sri narendra angandika. Maring sakeh para mantri, mantri ing lebet kewala, eh sakehe wadyaning ngong, si paman ing Surabaya, wingi aweh bekisar, pawestri ing purwanipun, lami-lami dadi lanang. Pangrasane ati mami, paman Surabaya kadya aweh sasemon maring ngong, idhep karepe si paman, anake pan wanudya, ing mengko wus asusunu, putune pan metu lanang. Anak ingsun ki dipati, mengko pan sampun diwasa, pantes jumenenga katong, iku semune si paman, ingsun kinen serena, bakisar katur maring sun, pantes ana jroning pura. Ingsun pan kinen kusir, putune kang jumenenga, mangkono iku semune, si paman ing Surabaya, dening anggege mongsa, wong atuwa nora patut, dening iya gege mongsa. Sakathahe para mantri, langkung sami ajrihira, mirsa sang nata dukane, nulya bubar sri narendra, malebeng kenya pura, tan winarna laminipun, wong jero kathah miyarsa. Wus misuwur sanagari, pangeran ing Surabaya, sampun miyarsa wartine, yen sang nata sanget duka, marga saking bakisar, kalangkung ing ajrihipun, tinarka matur semonan. Tan anyana tan angimpi, darbeya raos mangkana, sang nata salah tampane, dadya pangeran Surabaya, arsa mareg sang nata, atur pjah gesangipun, sarayatipun binakta. Miwah ingkang para rabi, santana jalu wanudya, punika binakta kabeh, pangeran ing Surabaya, sampun lumampah seba, pan anengna karuhun, warnanen sri naranata. Enjing sang nata tinangkil, dening mantri kulawarga, pra sami pepekan kabeh, pepak andher pagelaran, dening sri naranata, pinarek ing siti luhung, andhawuhken pangandika. Anjunjung namaning siwi, titilare ratu wetan, pangran Salarong namane, punika wawratan beksan, kang rayi sinung nama, kang patut saking sang prabu, nama pangrana ngrata. Kawarnaha adipati, Surabaya sigra mengsah, karsanira ayun pepe, anak putune binakta, miwah kang para garwa, wus prapteng waringin kurung, sami aseleh curiga. Watara kathaireki, anak putune sadaya, miwah lan para garwane, anenggih sawidak papat, Pangeran Surabaya, mangrep-arep tumungkul, pan sampun asrah ing Suksma. Mangkana sri narapati, pinarak aneng dhadhampar, kagyat nigali wong pepe, dening kathah tiningalan, wong ngendi iki baya, neng ngandhap waringin kurung, paran pinepeken nika. Lah pariksanen den aglis, spa kang apepe ika, pan iya sapa arane, lan apa ingkang sinedya, ing ngutus sigra nembah, mudhun saking siti luhur, lampahe amamendhapan, tan asuwe sigra prapti, ing ngrenahe jeng pangeran, sigra pan animbalake, pangandikane sang nata, Pangeran Surabaya, inggih pan apepe iku, punapa karsa paduka. pangeran ngandika aris, milane pepe manira, atur pejah gesang ing ngong lah wis matura sang nata, gandhek mundur sarya, gya prapta ngarsane sang prabu, wong gandhek matur anembah. Pukulun pakuning bumi, kawula sampun mariksa, inggih punika kang pepe, pun paman ning Surapringga, ngaturken pejah gesang, katura jeng sinuhun, kagyat manahe sri nata. Kagyat

sang nata miharsa, ing aturira kang abdi, sang nata sampun anduga, yen kang paman darbe kapti, wus cinakra ing galih, atur pjah gesangipun, eca denira lenggah, kewedan sajroning galih, pan karaos sang nata ing putranira. Amikir sajroning nala, pinupus manah sang aji, kang jumeneng ing Mataram, amung ingsun ingkang luwih, kang dadi senapati, tan liya mung raganingsun, upama sun segara, kang ala lawan kang becik, pan kamut sang nata alon ngendika. Lah wong gandhek lumakuwa, timbalana den agipih, si paman Surapringga, tumanduka marang mami, samawana si bibi, panggig lawan raganingsun, lurahe kapedhagya, miwah ingkang para cethi, ingkang tuwa si paman ingkang lumampah.

Ongka 5 Kemis kaping 30 Januari 1873

*BRA MARTANI*

Punika candhakipun serat pranatan
Bab angalang-ngalangi panggledhahing omah
23. Wong kang angalang-ngalangi parentah kang wus kawenangake papriksa lumebu ing sadhengahe toko, ing gudhang lan panggonan liyane, ing prau apamaneh ing ngomah langedhong panunggalane, kang padha kadarbe ing wong mau, samon iku isih nganggo patrapan paukuman kang wus katamtokake samasa enggone angalang-ngalangi marang parentah mau akanthi patrap siya.

Bab wong kang angandhegake prau sapapadhane ana ing sakiwa tengene pomahaning wong liya.
24. Sapa kang wani-wani awit ing wayah jam nem sore tumekane jam nem esuk, angandhegake utawa nancang prau gethek tembos, sappadhane ana sakiwa tengening pomahan utawa omah kang dienggoni wong, pager tuwin panggonan panancang praune wong liya apa maneh nganti anginep ana ing kono, mongka durung oleh palilahe saka ingkang nguwasani utawa kang anduweni ing panggonan iku.
Dene yen ana parlune iku pulisi wenang anindakake parentah kalawan paksa angalang-ngalangi marang pratingkah ing wong kang anerak papacak mau.

Bab angusungi barang ing wayah bengi
25. Sapa kang angusungi barange wong liya ing wayah bengi, ingkang tanpa anggawa layang sorogane kang angirimake barang mau utawa ora anggawa layang sorogan saka panggedhene panggonan ing kono, ingkang pinaringake tanpa waragad.
Iku sakehing barang bakal ingandheg dening pulisi kalayan anganti yen wus ana katerangane mungguh ing pangusunge barang mau.

Bab Wong masang barang kala sapanunggalane
26. Sapa kang durung kalilan dening pulisi, amasang borang lan luwengan utawa sakehing piranti kala, jiret sapanunggalane kang pancen kanggo nyekel utawa amateni satokewan (buburoning ngalas), ana ing panggonan kang dienggoni tuwin asring kaambah ing wong kang andadosake mutawatiri ing akeh.
Sakehing piranti mau bakal kaanggrak sarta karampas katur ing parentah.

Bab wong ngenger lan abuburuh pagaweyan
27. Wong angenger utawa buruh nyambut gawe kang nganggo wangenan lawase kaya kang wus kalumrahan utawa wawangene ora katamtokake nanging kaetung sasen, mongka ing sajroning wawangen kang wus kalumrahan mau utawa sadurunge patining sasi aninggal gawene utawa mopo anggarap gaweyane tanpa nalar kang kena dianggep lan tanpa lilahe kang dingengeri utawa kang amburuhi samono iku samono isih kabener anglakoni kuwajiban kang dadi karampunganing nagara, lan bakal kapatrapan paukuman, yen ana larring kaluputan liya-liyane.
Mungguh patraping dhendha ing atsing prakara kang kasebut ing ongka 1,3, 4, 5, 9, 10, 12, 13, 14, 17, 18, 22, 23, lan 27, kang iku manawa ana nalare uga kena sinalinan paukuman anyambut gawe wekasan olwh pangan ananging tanpa bayaran, lawase ora kurang saka pitung dina lan ora luwih saka rolasdina.
Punika taksih wonten candhakipun

Kula wisudhan tuwin sanesipun
Tuwan Jung ir Van dher Weik, sekretaris ing Batawi kakula wisudhan dados asisten residhen ing Surakarta.
Tuwan Olman asisten residhen ing Japara, kapatedhan pensiyun.
Tuwan Bosa unger, tilas asisten residhen ing Surakarta kapatedhan wahel.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Surakarta
Para tiyang ing kampung bawah kaparak tengen ingkang mentas kasangsaran kabesmen griyanipun sami angajeng-ngajeng pambaginipun arta kawelasan pamaringipun para priyantun. Amargi para tiyang wau sampun mireng pawartos bilih arta kawelasan punika sampun kaparingaken dhumateng kabupaten kaparak tengen, punapa ingkang dados sababipun arta wau katahan ngantos sapunika, punapa kagalih manawi boten prelu kabagi, awit para tiyang ingkang kasangsaran wau ing samangke sampun saged angadegaken griya welit-alit sarta sampun saged angupados pangupajiwa malih, ingkang punika mugi wontena priyantun ingkang karsa maringi katranganipun bab prakawis punika.

Awit ingkang kasebut ing serat-serat katiti mangsa kaping 20 wulan Januari ing taun punika ongka 28 Kanjeng raja ing nagari Walandi sampun amarengaken manawi ing kabupaten Brebeg bawah Kadhiri, kataneman ajung jaksa, kapatedhan balonja 75 rupiyah ing dalem sawulan.

BATAWI
Pakabaran saking Batawi anyariosaken manawi tuwan Ofman metelerkam, ing Pathi, ingkang sami dados guru pamulangan Walandi ing tembe badhe kapiji dados direktur ing pamulangan calon guru jawi ingkang mentas kaadegaken enggal.

Dereng antawis lami ing nagari Londhon wonten reta latu ingkang lumampah tumpukan kaliyan kareta sanesipun, ing nalika samanten wonten satunggaling tiyang neneman anemahi sangsara kataton ing bathuk utawi dhengkulipun, ing salajengipun tiyang estri wau boten tarimah anyuwun adil dhateng parentah ageng, menggah karampunganipun prakawis punika, para tuwan ingkang nguwasani kareta latu kaleresan bayar pituwas dhateng tiyang estri wau kathaipun 40000 prang, awit saking panimbanging parentah titiyang estri punika taksih ayu anem sarta pangupajiwanipun amain kumidhi, kang mongka punika anemahi cacad, tamtu badhe adamel karugiyan anggenipun angupados tedha.

Serat Bra Martani ongka 3 anyariosaken bab kaksiyating teken kajeng ngingi kagunganipun Raden Mas Riya Mangkuningrat, ingkang punika tuwan redhaktur ing pakabaran Salompret Malayu, sakalangkung pangunguning galih, dhateng teken kajeng ngingi wau dene sakalangkung kathah kaksiyatipun, mila lajeng katedhak ing serat pakabaran Malayu, punapa malih tuwan redhaktur adreng sanget anggenipun badhe sumerep menggah kateranganipun kaksiyating kajeng ngingi wau, punapa dhasaring kajeng, punapa awit saking kadamel teken, sarehning kula boten sumerep wujud utawi kayektosanipun kaksiyating teken wau, mila mas sutambul, kula aturi amratelakaken katranganipun ingkang dados pamintanipun tuwan redhaktur Salompret Malayu wau.

Griya Kabesmen

Nalika ing dinten Rebo paing tanggal kaping 22 wulan Januari punika, watawis wanci pukul sawelas siyang, griyanipun tiyang wasta Karyatirta ing dhusun perdikan Gumelem kilen, distrik Purwareja (Banyumas), sampun kabesmen telas, jalaran brama saking pawonipun piyambak ingkang mentas kadamel babethak sekul, sarehne ing wekdal punika wanci siyang tur griya-griya ing panggenan ngriku sakalangkung kerep utawi pipit, dumados lampahing brama sanget kerasipun trus merembet ing griya sanes-sanesipun, ing salebetipun tigang jam, telas 82 griya, gadhahanipun tiyang 28, sanadyan kala samanten kathah tiyang ingkang sami tandhang tulung ananging amung parlu amedalaken barangipun kemawon ingkang wonten salebeting griya, suprandenten taksih kathah barang-barang ingkang tumut kabesmen, saha griyanipun tiyang wasta Wongsadikrama juragan sinjang ingkang sawatawis kalebet gadhah ugi tumut kabesmensaingga telas, mongka ing wekdal punika piyambakipun Wongsadikrama tembe sawatawisdinten anggenipun mantuk saking nagari Surakarta tumbas dagangan sinjang-sinjang, dene karugiyanipun para tiyang ingkang sami kabesmen watawis wonten 3760 rupiyah kalebet kaliyan karugiyanipun Wongsadikrama ing ngajeng wau, pandugi kula karugiyanipun Wongsadikrama piyambak wonten 3440rupiyah.
Katandhan Prawira lalita

Panjurung saking Cirebon
Anyariyosaken menawi ing negari Cirebon ing sakpunika kadhatengan penyakit enggal sarta langkung saking keras, meh sawarnining tiyang sami nandhang sakit, wondening penyakit ingkang dhateng enggal waou wonten III warni, nomer I pedhaharan, nomer II panas, nomer III totosan, sahestu anggumunaken sanget, awit dhatengipun penyakit wau boten kedah mawi jalaran, mergi saking tatedhan utawi sanes-sanesipun, ing saupami para tiyang-tiyang sampun kenging sakit werni IIIkados dening ing nginggil wau, sak nalika lajeng boten saged punapa-punapa, ananging ing saupami badhe saras utawi kedah kenging dipunwetawisi ing saupami sampun angsal 3 utawi 4 dinten lamenipun boten saged saras temtu kepara tiwas, dene ingkang kula gumunaken wau, penyakit totosan punika menawi sampun kenging penyakitingkang warni mekaten, sabangga-bangganing tiyang utawi pinuju panyambut damel saknalika ngriku inggih nglemporok kimawon, saengga boten saged punapa-punapa. Cariyosipun tiyang sampun kenging sakit makaten wau, mila lajeng boten saged punapa-punapa, awit tangan sarta suku lajeng lemes kimawon, saking adilipun kanjeng Gupermen, kala tanggal kaping 15 wulan punika Januari 1873, ing Cirebon kaparingan tambah dhokter malih saking Batawi II, ingkang I Walandi, I Jawi, mongka ing Cirebon sampun wonten dhokter II ugi I Walandi, I Jawi, dados jangkep 4 dhokter ingkang badhe kalampahaken kumisi dhateng kampung-kampung, ewa semanten sakit dening kathahipun tiyang ingkang sami kenging sakit, kanjeng tuwan residhen maksih ing galih kirang cekap dhokter 4 wau saweg nyuwun tambah dhokter II malih, ingkang supados sageda mradini mlampah kumisi ing sadinten-dintenipun, dhokter ingkang 2 wau sakpunikanipun dereng dhateng, ananging sampun kenging katemtokaken ing salebetipun wulan punika dhatengipun ing Cirebon. Reraosanipun tiyang ingkang sami wilujeng bingah sanget ningali kawlasanipun kanjeng Gupermen ingkang makaten wau.
Titi sinerat ing kampung Jaksan kaping 25 Januari 1873.
Katandhan mitra paduka pun
TJIE

Langkung Kasmaran
Kumedah ngalirken kapti, sura brongta adrenging cipta, marang Bra Martani munggeng, winarna catur dasa sada, cinireng ring Gunawan, srat babad uluning kalbu, awit sanget kodheng manah. Den bucal pangrangkep saning, aksara na, kanang datan wonten prelune

samangke, jalaran mung katelah, limrahipun kewala, dadya wiwit sapuniku, kanggenipun pasang pan, na. Kadi dene pasanganing sastra sanesira, saderenge wonten wiyos, parama stra kang anyar, surate mitra amba, Gunawan ingkang sumawur, ring sakolah jawi kadya. Ulun nganama kutagi, tansah rimeng driyaning wang, wit dereng trang kawruh ing ngong, utawi polaning sastra, mugi pada gelarna, langkung kepengin den karuh, dening wija pamulangan. Margi ulun maksih pinggih, nging adreng gagulang sastra, myang tembung jawa sarehe, nguni amba darbe mitra, bongsa Eropah satuhu, ing samangke sampun kentar. Patik nguni den tilari, wyak rana jawatan, sasaged ngong lalar dhewe, ananging datan padmija, sayekti tuna dungkap, rehning kapugutan tanduk, dumadya amba minta. Ring panjarwa pada yekti, supados sunar ing driya, abucal pangrangkepane, aksara na, kadi paran katrangane wujudnya, sastra kang tumraping tembung, langkung sanget ngarsa-arsa. Menawi sisip tur mami, kang ageng asung aksama, dening kedah katon ngakeh, nanging sumedyaning manah, boya yen mengkatena, kre ring tyas mamitrantuhu, titi kasrat ing ngayuja
Tondha nama sampun dumunung wonten salebetipun
Pada wiwitan ing dalem sapada lingsa, aksara satunggil-tunggil

Urun papatang
Serat pun mitra kula pun sedadyan ingkang wonten ing Bra Martani ongka 4 amratelakaken cangkrimanipun rare estri kakalih pun kenil, kaliyan pun riwuk, sanadyan punika sampun katingal manawi boten kalebet edi, ewadene meksa andadosaken kodhenging manahipun mitra kula sedaya, ingkang punika manawi kepareng saderengipun kabatang ing para saged, kula angaturi batanganipun manawi rujuk ing panggalih kados ing ngandhap punika.

1. Nagara kang anan sangisoring dhengkul, punika ing Garesik.
2. Nagara kaharan budi kadlajadan, kula dereng mangretos.
3. Desa kang aran samaning kadhaton, punika dhusun ing sapa pura.
4. Tanah ing rasukan punika dhusun ing Salembi.

Dene cangkrimanipun pun riwuk, ingkang mungel iwak kali kang jeneng prajurikta, jege carang, punika kula dereng mangretos.
1. iwak kang aran pangrampasing lemah menggah punika ulampar.
2. iwak kang aran wanita megat priya punika ulampacal,
3. iwak kang aran sapu bale punika welut.

Namung punika pamanggih kula dadakan, menggah leres lepat kula sumongga, dene ingkang kalih bab wau kula amborongaken ing pata sarjana, atur kula ing nginggil punika namung kagaliya lowung kemawon, rumiyin katimbang dereng wonten ingkang aparing jarwa, sanadyana pambatang kula sadaya wau inggih dereng rumaos manawi leres, pangangkah kula namung angambahan warni-warnining cariyosipun serat Bra Martani, utawi kula gentos angatuarken cariyos bab cangkriman naming kalih bab, ugi andadosaken kodhenging manah kula, dene ingkang gadhahcangkriman punika konca pradikan ing kajoran, ingkang kapurih batang inggih sami kancanipun pradikan, kula namung mireng kemawon makaten cangkrimanipun. 1. Ana suwara saega ora kendhat salawase tanaming ora ana rupane. 2. Ana rupa kabon ing rina wengi ora ana suwarane ing salawase, sanadyan ing ngaru biru dening manungsa pinurih, metuwa suwarane iya ora bisa nyuwara, tegese kaya ta kayu watu sapanunggalane yen tinabuh ing piranti pasthi ana unine, nandyan lemah yen pinacul utawa banyu cinawuk tamtu ana suwarane, amung siji iku dikapakena meksa ora duwe suwara, mung iku cangkriman kumara batangen kang matitis, dene pradikan satunggalipun wau ngantos dangu anggenipun dheleg-dhelegboten saged ambatang, o, kula sampun tan ugi mila samangke kula nunutaken dhateng panyuwunipun mitra kula pun sedyana wau manawi

wonten sihipun para sarjana aparing barkah ingkang patitis, utawi mitra kula Sedyana mugi paring urun ing sasaged kados atur kula ing ngajeng wau ngiras kadamel ngasah panggalih ingkang sawatawis kethul.
Katandhan pun sedyayu

Panjurung cangkriman
Lir brem maraha marwasengsari, amamala dibyaning swarjana, lan jiwa mrih sinaruwe, tan nyiptan jan sisiku, sumapala ulun ngaturi, cangkriman tan patyendah, gunaning ngapunggung, tur remeh amung kinarya, ambibitarandaning wardaya lirip, lumarap sung la-ela. Duk ing nguni ulun anrangguli, sujalmadi wisayengku kila, nirwaywa keh pakancake, tur wetjohan duk kula, atanapi peksi gelathik, nulya amba tatanya, cacahe denyancak, mangsuli temah cangkriman, lah sumongga binatangan sadaya ning gunggunge kang kukila. Yanwikilis pitu-pitu yekti, langkung tiga saking pamilisnya, dekalamun pangetange, lima-lima puniku, sayekti langkung kekalih, dene lamun ing ngetang, saking telu-telu, yekti mung langkung sajuga, deniran tuk pinerang-perang kapeksi, pinrih mijang peksinya. De punika kang peksi gelathik, peranganing sapalih ing ngetang, peranganing peksi turcet, saprapate ing ngetung, dene peksi drekuku tuwin peksi johan etangnya, kathah kang drekuku, katimbang lan peksi johan, tri kahotnya, dene puniku kang peksi, tan wonten nawa dasa. Titi brastha cinitra ing nagri, Surakarta lagya lek sangalas, Dulkangidah ing warsane, wawu gilir lumaku, sinengkalan, condra tan keksi, kaesthi warnanira, nukar tyas ta ulun, sumela neng serat kabar, manca sabda siniskawula Mintasih, lir lingsing balilunya.

Girisa
1. Atur salam teklim kula, kaswaha ing ngabyantara, nireng mitra kang panengran, kyating ratdhyan Wartatama, wahyeng srat sajroning koran nomer dwi surasanira, paduka minta panjarwa nira cangkriman kawula 2 kang ulun wedhar ing koran Bra Martani Surakarta ongka catur dasanawa, mitra mba ring panjarwa tarlen muhung bongsa toya, samene atur kawula, sawastu tan pindho karya, ulun dahat ngayubagya, 3 inggih sumarmanya lama, amba tan atur pustaka, wit lagya amanggih rogga, samangkya sampun waluya, nirmala karywa yunira, o, mitra mba Kartatama, pudyaning wang mring Yang sukma, tan pegat sru marawaya, paduka lawan kawula, den ttulus apa wong mitra, kalawan wong nistha papa, praptaha satiti yuga, sampun kadya mitra ning wang, Puspataluki Gunawan, crah dening tembung samatra, sawastung yen kanirdeya, 5 rage sang yogya umalap, kotaman tyang pawong mitra, paran srawungan sabda, kang manis luwes waskitha, sanadyan salah sajuga, kasisipan yekti wenang, ngaksama marang sasama, rukun gung amaweh ringan, 6 titi wedharing pustaka, ing Barebes ari somaja nuwari ping triwelas, guna pandhi esthi tunggal, katandhan mitra paduka, kang lagya ngudi wasita, aninggih pun suma dinta, kang tansah nuwun aksama.
Sumadenta

Punika Cariyos Babad Mataram
Anak putune sadaya lanang wadon ageng alit, kariya neg pangurakan, si paman Surabayeki, kang kinen nembah mijil, mandhap nembah lumayu, tindhake sareng napak, wus mudhun saking sitinggil, sareng prapta lampahe tindhak jatmika. Gandhek kalih mendhak-mendhak, anulya atata linggih, umatur sarwi anembeh, tanduk ingsun nenimbali, ingutus dera sang prabu, sampeyan tinimbalan, apanggih lawan sang aji, samawana garwa tuwan tinimbalan. Inggih wayah putra tuwan, kang sepuh wonten ing wingking, pangeraning Surabaya, agupuh nedya lumaris, sareng lawan kang rayi, wau denira tumanduk, lampahe sigra-sigra, wus prapta wau sitinggil, sakathahe wau kang seba tumingal. Angres manahe sadaya, pra mantri kang

samya nangkil, dinulu langkung mamelas, pan samya dhingkul alinggih, prapta ngarsa narpati, sang nata sigra tumurun, saking dhadhampar emas, kang paman dipungelari, apan jajar sang nata lawan kang paman. Pangeran sampun pinarak, kalawan garwanireki, mingser-mingser lenggahira, kang garwa aneng ing wuri, kalangkung anoragi, sang nata ngandika arum, den kapara ing ngarsasamawana lan si bibi, ngangsud-angsut kang garwa gemeli konca. Angres manahe sang nata, andulu dhateng kang bibi, miwah dhumateng kang paman, langkung deinra wlas asih, muka konjem ing siti, angandika sang aprabu, punapa karsa dika, pepe sangandhap waringin, pan kawula tan darbe tyas ela-ela. Manira kalangkung kagyat, andika ngowah-owahi, pepe neng waringin jajar, pangeran Surabaya ngling, kawula gusti ajrih, ayun andarbeni atur, ngaturaken pjah gesang, saking cupete kang budi, pan kawula tiyang ceguk mudhadama. Ngaturaken pjah gesang, saking cupete kang abdi, tan liya amba liyaha, dhumateng sri narapati, balilu anglampahi, kawula kenging sakiku, kawula boten nedya, boten nyana boten ngimpi, angaturi sasemon dhateng sang nata. Mila kawula sang nata, atur bakisar rumiyin, tan pantes kula inguwa, dening warnanipun peni, aneh lawan sasami, boten nyana yen kasiku, yen nedya maringana, punapa dening nyemoni, demi Allah lawan demi Rasulullah. Kawula mengke punika, yen estuwa anyemoni, samawana balilaha, tan layak wonten Matawis, boten layak sinandhing yen cemera raganingsun, suka yen tinumpesa, dinamel parana urip, milanipun kang paman tur pejah gesang. Kang garwa matur karuna, sesambate melas asih, adhuh kawula sang nata, leheng pinejahan dhingin, yen pun paman ngawoni, tumpesen nak putunipun, inggih dhateng sumongga, yen darbe salah kapti, sri narendra miyarsa nenggaki waspa. Angres manahe sang nata, miyarsa aturing bibi, lan pangrepane kang paman, manjelut manah sang aji, menggah sri narapati, dene ewet manahipun, sadaya kang miharsa, sagung kang para bupati, ngrebeng-ngrebeng saweneh wus metu waspa. Sang nata aris ngandika, menggah-menggah denira ngling, ingkang boten-boten paman, anggega ujaring warti, pocapane kang sengit, angadon-adoni tutur, paman dados punapa, yen wong guguwa pawarti, pan kawula boten rumaos yen duka. Agoroh ingkang pawarti, wonten ujar ingkang kadyeki, yen darbeya balilaha, mring paman kula bendoni, edane kang awarti, kawula pan maksih maklum, nagari ing Mataram, ing ngenjing sapungkur mami, yen manira sampun pinundhut Hyang sukma. Wus parentah ing Hyang sukma, kang kinarya madeg aji, anggenteni ing manira, pinasthi tan kena gingsir, ing benjing akir mami, pasthi lamun putraning sun, ujar ingkang acetha, anging ta dede ing ngriki, Wanakarta kadhatone kaki putra. Inggih kadhaton Mataram, kawula kang ameksasi, datan kena singgahan, sampun jangjine rumiyin, Mataram salin kardi, puput panjenengan ratu, angalih Wanakarta, sapatiningsun ing wingking, sigra matur Pangeran ing Surabaya. Sun tatedha ing Hyang sukma, sampun salin-salin aji, lan sampun kongsi kaliya, tan apantes nagari, liyane ing Matawis, sun tedha maksih ya kukuh, tan nana kang prayoga, ing ngrat jagad tanah Jawi, mung Mataram kang pantes dadi kadhatyan. Sri narendra angandika, pan wus karsaning Yang widhi, rusake Mataram benjang, dening putraningsun iki, Ki prabu Anom nenggih, kawit kanagaran lebur, pangeran Surabaya, langkung gagetun ning ati, amiharsa panyethane sri narendra. Sri narendra angandika, lah paman ning surabanggi, andika mantuka enggal, sampun inggugu pawarti, ingkang dadosa pawarti, sakathahe dia emut, boten sedya mangkana, tan anyana tan angimpi, ingkang paman amit mantuk lan kang garwa. Sang nata jengkar sineba, malebet ing kenya puri, ginarebeg ing badaya, ninggih pitung dasa sisih tur sami ayu aluwih, warnanira para arum, dening wau pangeran, Surabaya sampunmijil, ing paseban kang mulat ing gula drawa. Adipati Surabaya mulih, pan samana mantuk para garwa, sampun prapta ing daleme, tan kawarna ing ngenu, kawuwusan sri narapati, animbali kang wadya, kartane ing ngutus, mantri jero ingkang wasta, wong satruna kalawan Ki Yudakarti, sareng prapta ing ngarsa. Angandika sang sri narapati, Yudakarti lan wong taruna, sira mentar raden age, ngulatan sireku, wong pawestri ingkang abecik, ingkang patut kagarwa, marang jenengingsun, pasisir monca nagara, ulatan dening kawawekas mami, yen ana banyu gondha.

Ongka 6 Kemis kaping 6 Pebruwari 1873

BRA MARTANI

Punika candhakipun serat pranatan

Bab 3
Manawa ana wong kang anerak pamacak ing ngisor iki bakal kadhendha dhuwit ora kurang saka nem likur rupiyah, lan ora luwih saka sawidak rupiyah.

Kayata:
Bab anyuruhi wong kang padha diajak rarembugan.
1. Sapa kang anyuruhi utawa anglumpukake wong ing atase sadhengah akakarepan ing sadurunge kaparingan layang palilah saka panggedhening panggonan.
Yen para priyayi kang anyuruhi paklumpukaning wong ing sajroning pagaweyan utawa para liyan ing sawijining pakumpulan kang wus kaidenan utawa pinarengake ing parentah, iku ora kalebu ing papacak iki.

Bab pakumpulan utawa ubyang-ubyungan angrembug prakara kang manggepokan solah bawaning nagara
2. Wong kang padha milu kakumpulan angrembug prakara kang manggepokan solah bawaninng nagara utawa nganti amutawatiri tentreming wong akeh.
Kang den arani kalebu prakara kang magepokan solah bawaning nagara iku rarembugan kang angowah-owahi kahananing paprentahan ing kadhistrikan utawa ing kabupaten lan ing ngatasing pagaweyane para prayayi kang kabubuhan nyekel paprentahan apamaneh ubyang-ubyung padha sowan marang para panggedhe kang nyekel panguwasa ing nagara, utawa kang amarentah ing panggonan, pasowane iku padha ngalirake kang dadi panuwune nganggo patrap kang anggigirisi.

Bab ambadali parentah
3. Wong kang padha milu kalumpukan rarembugan kaya kang kasebut ing dhuwur mau, apa maneh kakumpulan asidheman sawuse kadhawuhan ing parentah kang kapurih padha bubara utawa malih marang omahe dhewe-dhewe, mongka ora angestokake dhawuh mau.

Bab wong kang andaleya ora anglapurake laku pihala marang parentah
ing pati utawa barang darbeking liya
4. Sapa wong kang anekseni tuwin angrungu laku pihala bab pangarahing pati utawa barange wong liya, mongka ora tumuli lapuran marang pulisi ingkang dumunung ana ing panggonane kono,
Papacak iki ora tumrap marang sarupaning wong kang kasebut ing bab kaping 68 ing angger paukumane wong bongsa jawa sapapadhane.

Bab tabuhan kang ambarebegi kuping
5. Sapa wong kang ananabuh unen-unen ingkang ambarebegi marang tongga teparo ing wayah awan utawa bengi apamaneh anyuwara seru utawa agawe polah tingkah ingkang anggidhuhing tongga teparone.

Bab wong kang anginep ing ngomahe wong liya

6. Sapa kang awani-wani anginep ana ing ngomahe wong liya ing lumbung lan ing gedhogane wong liya mau, mongka ora aweh weruh tuwindurung oleh lilane ingkang andarbeni utawa ingkang nguwasani omah sapanunggalane mau.

Bab wong kang anemaha babalang sarana watu utawa ambuwang reged
7. Sapa kang wani-wani nemaha ambalang sarana watu utawa barang kang atos-atos apa maneh ambuwang rereged, mongka nganti angenani marang wong liya.

Bab angoyahake asu utawa kewan liyane
8. Sapa kang angoyahake asu utawa liyaningkewan marang ing wong tuwin jaran kang tinunggangan, utawa jaran kang pinasang ing kareta sapanunggalane, sanadyana ora nganti agawe sangsara apamaneh karugiyaning wong kang ingoyohake asu lan kewan liyane mau.

Bab angrusak barang darbeke wong liya
9. Sapa kang nemaha agawe rusak barange wong liya, samono iku kajaba prakara kang kasebut awit ing bab kaping 357, tumekane ing bab kaping 385 ing sajroning layang angger paukumane wong jawa sapapadhane.

Bab rusaking barang saka panggawene wong edan
10. Yen ana wong edan angrusakake barang darbeke wong liya ingkang awit saka lenane wong kang kabubuhan rumeksa marang wong edan mau.

Bab angrusakake barange wong liya awit saka kakurang pangati-atine
11. Sapa kang anggo gagaman mongka sembrana kurang pangati-atine nganti agawe rusak marang barang darbeke wong liya.

Bab agawe karusakan jalaran saka kainan andandani omah sapanunggalane
12. Manawa ana wong duwe omah sapanunggalane mongka wus kawak utawa rusak ora didandani utawa kabenerake nganti agawe rusak barang darbeke wong liya, apamaneh wong angalang-ngalangi dadalan agawe luwangan ing tengah ratan ing dalan gedhe, ing ngara-ara, utawa panggonan liyane kang kaambah ing akeh, mongka ora angestokake kang dadi papacak lan ora amasang tatenger kang katon ing akeh.
Mungguh patrap kang mangkono iku supaya aja nganti kaambalan, pulisi wenang andhawuhake pranatan dene yen ora tumuli dilakoni pulisi kang bakal anindakake dhewe, sapira waragade kudu kabayar dening wong kang kaluputan mau.

Bab amemeca utawa amedharake sabarang laku ingkang durung kalakon
13. Manawa ana wong kang angupajiwa ingkang sarana amemeca sabarang laku ingkang durung kalakon utawa banjur wani wahananing impen.
Kang iku yenana pirantine sabarang kang tinemu ingkang ginawe angupajiwa mau amasthi bakal karampas sarta banjur karusak kabeh.
Punika taksih wonten candhakipun

Kula wisudhan tuwin sanesipun
Banyumas
Mas Mertadiwongsa, mantri kabupaten ing Banyumas, kaundur saking pandamelanipun kalayan urmat amargi sampun sepuh.
Ingkang anggentosi dados mantri ing kabupaten, Raden Cakradiwirya, juru serat kabupaten, kapatedhan balonja 50 rupiyah pethak sawulan.

Dene ingkang gumantos dados juru serat kabupaten, Raden Ranusaputra magangan akantor kabupaten kapatedhan balonja 30 rupiyah pethak sawulan.
Mas Dipareja tilas mantri ukur ermetingen ing Banyumas ing mangke kinula wisudhan dados mantri ulu-ulu ing dhistrik Purwareja (Banyumas), kapatedhan balonja 30 rupiyah pethak sawulan.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Surakarta
Nalika ing dinten Salasa tanggal kaping 4 wulan punika, ing Surakarta wontenjawah sakalangkung deres, dangunipun sadinten sadalu, kalampahan lepen Pepe tuwin lepen Sangkrah sami banjir sarta lajeng baleber ing radinan ageng, ngantos ing dintenpunika toyanipun dereng surud, tansah mindhak kemawon.
Sakathaing griya ing kampung Sawahan namung katingal wuwungipun kemawon, punapa malih awit saking pakabaranipun ing peken Kaliwon wonten sawijining nyonyah ingkang kabalabag.

Kala wingi sonten wonten sawijining tiyang pasakitan medal saking kunjara, samedya badhe minggat, ananging konangan prajurit ingkang sami jagi, lajeng karampok kalayan sangkuh sanjata, kalampahan pejah ing panggenan.

Ing serat pakabaran malajeng winastan bintang johar ingkang kala rumiyin winastan biyang layah, mratelakaken bab jampinipun kapal ingkang nandhang sakit kados ing ngandhap punika.
Manawi wonten kapal watuk sanget dereng saged medalaken umbel, punika enggal kaomenan cokak 2 sendhok maduning tawon, 1 sendhok toyaning kalapa ijo tuwin kuninging tigan satunggil, punika kagodhog dados satunggil anggenipun angombekaken ing wanci sonten tuwin ing dinten enjingipun elet sadintenlajeng kaombenan pule pandhak kadamel angresikaken wetengipun.
Wonten malih jampi kados ing ngandhap punika.
Kecap ingkang tulen sagelas ageng, coka kaugi ingkang tulen kalih gelas ageng, laos kaparut sagegem, terkadhang dipuncekokaken, bilih sampun kacekokaken sampun ngantos enggal-enggal dipuntedhani kasrantosna ¼ jam.
Bab jampinipun gulu serak, amendheta bawang pethak sabungkul dipunonceki kapipis ingkang lembat kawadhah ana ing panci katoyana ing bening lajeng kagodhog,ingkang toyanipun ngantos kantun sepalih, lajeng kadekekan madu, saben dinten kaombekna sasendhok the ageng.
Bab jampinipun tiyang dipunentup tawon, sata eca dipun dekeki toya lajeng dipunperes ingkang apuh, toyaning sata wau lajeng dipun gosokaken pagenan ingkang sakit, dangunipun sadasa menit, manawi sampun garing lajeng dipunopyok-opyok malih, menawi entupipun sampun katingal lajeng kapendhet tumunten kajampenan malih, saestu lajeng saras.

Magetan
Sampun sawatawis taun lamenipun ing pamulangan jawi boten pikantuk kuli, ingkang jagi ing wektu dalu utawi angresiki ing saben enjing, amasthi kemawon griya pamulangan wau kira prayogi.
Ing samangke awit saking pitulunganipun kanjeng bupati ing pamulangan kaparingan kuli jagi ing kabupaten, supados angresiki ing salebeting griya pamulangan sarta ing sakiwa tengenipun, pamrihipun kanjeng bupati para lare sageda seneng sarta resep anggenipun sinau tuwin sampun ngantos kenging panyakit rareged wau.

Nalika tanggal kaping 30 wulan Januari 1873 ing kampung Kauman wonten griya kabesmen, para priyantun katingal sumahos anggenipun tandang tulung, namung dhokohipun para priyantun wau boten angeramaken, awit kanjeng bupati tansah anuding dhateng priyantun ingkang kirang sengkud.
Katandhan satya wajana.

Sanadyan sampun sawatawis dangu ananging boten wonten kasepipun, ing nalika mentas saking kabesmen, ing wande dheren kaparak tengen, Mas Ngabehi Surayuda griyanipun ugi tumut kabesmen ngantos telas-telasan, lajeng adamel griya alit manongka kadamel ngeyup, boten let lami griyanipun Ngabehi Surayuda wau kapandungan ing sawatawis barang salebeting griya wonten ingkang kabekta pandung, kapinujon rencangipun tilem wonten jawi, punika telas-telasan, bebet iket rasukan dhuwung sami kapendhet ing pandung, wau tiyang dhusun tansah samurang-muringipun sarta dipunonta-onta sanget, manawi dursila wangsul malih samedya badhe kacepeng purun kemawon, sarta tiyang lajeng prayitna wonten jawi, sareng antawis dinten malih, ing wanci dalu bok mas Surayuda medal saking griya, lajeng dhateng pakiwan, ananging nalika wedalipun tiyang dhusun wau boten sumerep, saking kintenipun pinuju tilem, sareng bok mas Surayuda mantuk saking pakiwan badhe lumebet ing griya, lajeng dipun tubruk akaliyan rencangipun dhusun wau, sarta mawi alok manawi nyepeng pandung, bok masipun inggih bengok-bengok nedha tulung, sarta canten yen dede pandung, tiyang dhusun wau sampun boten manah sambating lurahipun, tansah sampun ringuten, sarta bakah bekuh kanthi kerot sarta wicanten sakiki krasa dene tanganku, lajeng katungka tongga tepalih dhateng sami tandhang sarta bekta obor, sareng kasulak ing obor, sarehning sampun tetela ingkang dipun cepeng wau dede pandung temen yen bok mas Surayuda, dados lajeng karebat ing kathah, punika saged dipunuwal panyepengipun, naming pun tiyang dhusun wau katingal dereng lilih manahipun, labet mentas nepsu sanget, ananging dangu-dangu sareng sampun enget inggig saget gumujeng.
Mila saking pangajeng-ngajeng kula, manawi wontentiyang estri sumedya medal saking griya ing wanci dalu, mugi amerlokna mawi bekta tenger latu murup, supados sampun ngantos anemahi kados lelampahanipun bok mas Surayuda wau.
Sinerat tanggal kaping 5 wulan besar taun wa, ongka 1801
Katandhan Darpa carita.

Atur panjurung panarimah
Sewu beja kemayangan kula, dene mitra kula ingkang sisilih nama Open, sampun karsa aparing jarwa panyuwun kula bab cangkrimanipun mitra kula Kridha mardhawa, ing sarehning kula wau tiyang cupet ing panggalih menggah saking panampi kula, kados inggih sampun anyekapi sarta kula ugi sampun narimah, nanging bab asmanipun manungsa ingkang sajati, mitra kula boten karsa medharaken, awit badhe ngonceki kekeran, boten pantes kagelaraken wonten ing kabar, ewa dene menawi kula saged sapocapan piyambak kaliyan mitra kula Kridha mardhawa, pasuka andugi yen kula badhe angsal katrangan, namung Gusti kang sipat ngalimun dereng anembadosasi.
Mila ing samangke manawi kapareng prayogi guugjengan sanesipun bab punika, andadosna lantaran gambuh, mimitran tiyang bodho kados kula, ing wasana atur kula sadaya wau, mugi sampun andadosaken panggalih mitra kula sakaliyan.
Mitra paduka ingkang saweg nembe: Mintasih.

Wangsulan pamintanipun priyantun ingkang tanpa teken.
Serat Bra Martani ongka 5 Kemis kaping 30 Januari taun 1873 wonten panjurung saengga pratelan, ingkang tanpa tondha nama, ingkang suraos amitakekaken bab prakawis arta kawelasan saking paparingipun kanjeng tuwan residhen tuwin saking para tuwan ing

sanesipun, punapa dene saking paparingan nagari, tuwin saking para priyantun, punapa ingkang dados sababipun arta wau boten tumunten kabage para tiyang sami sumerep manawi arta katahan wonten ing kabopaten. Saking bab punika sanadyan punika serat boten wonten emperipun, yen ngancasa dhateng kula, ananging sarehning prakawis kalampahan punika sumerep purwa dumugening wasana, mila ing sasaged kula kedahmedharaken cariyos ingkang minongka wangsulan, tinimbang klayan boten wonteng ingkang anerangaken, ing ngandhap punika pratelanipun.

Ing nalika dhatengipun serat dhawah kula nyumerepi boten dangu lajeng kaparingaken dhateng para priyantun ingkang sami wajib anindakaken bab punika, ugi lajeng sami karembag, ugi lajeng sami titi pariksa, dhateng para tiyang ingkang sami darbe griya kabesmen, menggah titi prikasnipun kawujudanipun ing griya, sirap tuwin welit pagering griya, gebyog utawi gedheg, ukuring griya ageng panjangipun, punapa dene regenipun ing ngajeng, margi badhe kadamel waton ing pambage, sareng sampun trang papriksanipun tumunten badhe nginggahaken serat, kapinujon kaparak ing sakit ambah-ambah sapunika boten ngamungaken ingkang sakit wau badanipun piyambak, anak rayatipun ugi nandhang sakit gentos-gentos, ing dalem kalih wulan siyam dulkangidah boten wonten kendhatipun, mila dados wonten randhatipun, sareng inggal punika bendara raden tumenggung katimbalan dhateng parentah, ugi ingkang kagalihnginggalaken prakawis punika, sakunduripun saking ngarsanipun parentah, lajeng karsa nyruwe dhateng satunggil priyantun ingkang sampun boten kangge ing damel, ugi priyantun wau lajeng ambiyantoni saking bab punika, ing mangke sapengkeripun serat punika, inggih sampun katingal prejenganipun bilih badhe tumunten rampung, amung punika sasumerep kula, kilap anggenipun dados randhat wau bilih wonten sanesipun, kula somongga prayantun ingkang marsudi katrangan.
4/2 73 tondha tanpa.

Punika Cariyos Babad Mataram.
Mendhekna enggoning pawestri, ingkang layak kagarwa maring wang, ulatina den abresih, pasthi iku katemu, gedhe cilika ingkang nagari, iya sira pepeka, tekane wong dhusun, kang kinen tur sembah mentar, wong satruka kalawan Ki Yudakarti, ambanjur sing paseban. Tan kawarna lampahireng margi, sampun prapta pasisir sadaya, kinapitan saking kilen, tan wonten ingkang patut, sakehe estri dipuntingali, tan ana kang prayoga, lampahira banjur, wus prapta ing Surabaya, Yudakarti samana emut ing galih, pan manggih susumberan. Wus ginonda kang banyu awangi, sigra angling lawan Wongsatruna, baya ing kene prenahe, pawestri ingkang ayu, lah anedha marang nagari, mantri ing Surabaya, pinepek sadarum, sakathahe kang wanudya, ingkang weling sang nata lamun amanggih, ing toya kang anggonda. Apan sami pawestri kapanggih, sigra laju dhateng Surabaya, kang jinujug petengane, pangran Surabayeku, Mangunjaya wastaning mantri, utusan sampun prapta, pra sami alungguh, pan sampun tata alenggah, sigra angling Wongsatruna Yudakarti, manira pan dinuta. Jeng susunan narendra Mataram, apan kinen nguleti wanudya, ingkang abecik warnane, Mangunjaya andheku, kang utusan amuwus aris, Allah ki Mangunjaya, pepekna sadarum, pawestri ing Surabaya, gedhe cilik tekan anaking patinggi, ajana kaliwatan. Mangunjaya garjita ing ati, pan anyipta sajroning wardaya, emut kalamun putrane, warnanipun apunjul, angluwih wong sanagari, angucap jroning nala, baya anakingsun, pasthi wus karsaning Suksma, yen kapundhut mring narendra ing Matawis, baya ta wus katingal. Mangunjaya sigra denira ngling, ing sang duta kawula sandika, sang nata satimbalane, kinen pepak sadarum, Surabaya sagung pawestri, inggih pangraos kula, kadi boten antuk, kawula darbe atmaja, estri ayu ing ngriki tan wonten mirib, andika tingalana. Lamun boten kangge putra mami, estri ing Surabaya sadaya, pan dipun pepakna kabeh, utusan sigra muwus, sokur bage dika pribadi, darbe putra prayoga, kawula yun weruh, Mangunjaya sigra ngundang, mring putrane wayahe

rumaja putri, nanging dereng diwasa. Lagi jeben kakembening bayi, lagi sedhenge birahi sekar, angedani sapolahe, ni rara sigra rawuh, mring ngarsane utusan aji, cahyane kadi wulan, ing purnamanipun, aturut ingkangsarira, jarijinira arurusamucuk eri, sikil ira malira. Yudakarti jomplong aningali, Wongsatruna malongo kiwala, angucap sajro kalbune, iki ta estri ayu, sajeg ingsun urip puniki, pan durung sun tumingal, wanudya kadyeku, baya wus karsaning suksma, estri iki layak kagarwa narpati, utusan sigra miojar. Mangunjaya manira ta iki, aningali marang putra dika, luwih prayoga kature, inggih dhateng sang prabu, dening mangke ing karsa mami, putri dika katura, dhumateng sang prabu, ing pasisir datan ana, estri ingkang amemper kadya puniki, ing sapaningaling wang. Mangunjaya tungulnya sigra ngling, pan kawula kalangkung sumongga, tan rumaos pan adarbe, putra kawula niku, kaatura ing sang narpati, ing mangke kaparengan, katur ing sang prabu, nandyan pjah gesang amba, datan ngaros kawula adarbe urip, kagungan sri narendra. Kang utusan kalih sigra angling, lah aneda sami adandana, manira bubar ing mangke, wau tan dandan sampun, Mangunjaya sarayateki, anulya sigra bubar, ni rara tinandhu, tan kawarna lampahira, apan sampun prapta nagari Matawis, jujug ing Wirarejan. Ki Ngabehi Wirarejan nenggih, pan kinarya lulurah, ki yuda bongsa sisihe, Yudapati tumanduk, Wongsatruna pan sampun prapti, matur mring Wirareja, kawula pan antuk, pawestri endah kang warna, atmajane Ki Mangunjaya nenggih, mantri ing Surabaya. Kadi layak katur ing narpati, inggih punika kawula bekta, Mangunjaya sarayate, lanang wadon pan tumut, Wirareja sigra denya ngling, iya sira undanga, manira ayun wruh, Mangunjaya wus ing ngundang, sigra prapta mring daleme ki ngabehi, anak rabi binekta. Wirareja sigra aningali, mring ni rara langkung ayu nira, mung kapalang maksih lare, Ki Wirareja muwus, lah ing daweg kawula irid, marek dhateng sang nata, pawestri kang ayu, tan layak wonten ing jaba, sigra mangkat Wirareja aglis prapti, kandheg ing wijil pisan. Sampun katur dhateng sri bupati, kang utusan ngulari wanudya, angsal nanging maksih lare, estri sigra pinundhut, tiningalan mring sri bupati, sri narendra karenan, sakalire pethuk, cuwane sri naranata, pan wanudya kapalang durung birahi, sang nata angandika. Marang nyai Wireja aris, lah gawanen mulih wis manira, lare kulih aneng mangke, besuk yen mangsanipun ,estri iku sedheng birahi, besuk age lebokna, sigra awot santun, Wirareja sigra medal, sang dyah rara pan sampun binekta mulih, marang kawirarejan. Enengena ingkang sampun mulih, nyai Wirareja prapteng wisma, wonten kawinarna malih, anenggih garwanipun, jeng Pangeran asingasari, samana kacarita, ulah lambang santun, lawan jeng pangeran dipatya, malah asasecan dennya lambang sari, lan pangeran dipatya. Pan mangkana prasetyanireki, Pangran Dipati Mrisang kusuma, lah iya besuk ing tembe, yen ingsun madeg ratu, away sira sumelang ati, pasthi ing besuk sira, sun jenengken ratu, iku yayi estokna, nanging kang garwa Pangeran Singasari, samana lir wong ngujar.

Punika candhakipun serat pranatan

Bab jimat sapanunggalane
14. Sapa wong kang wani-wani angistiyarake jimat rajah sapapadhane apa maneh nganggo anuturake yen jimat sapanunggalane mau nganggo anduweni kaksiyat ingkang luwih kawasa.
Ing ngatasing prakara kang kasebut ing ongka 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 13, lan 14, iku patraping dhendha yen ana nalare liyane uga kena sinalinan nyambut gawe peksan, nganggo oleh pangan tanpa bayaran, lawase kawangenan telulas dina tumekane rongpuluh dina.

BAB 4
Yen ana wong kang anerak papacak ing dhuwur iki mongka ing dalem sataun kaambalan, iku paukumane kena kaundhakake.
Kayata:
Ing atasing papacak kang kasebut ing bab kaping 1 kadhendha dhuwit kehe ora kurang saka salawe rupiyah utawa kinunjara kawangenan lawase wolung dina.
Ing ngatasing papacak kang kasebut ing bab kaping 2, kadhendha dhuwit kehe sawidak rupiyah, utawa kapatrapan paukuman nyambut gawe paksan lawase wolulas dina.
Ing ngatasing papacak kang kasebut ing bab kaping 3, kadhendha dhuwit kehe ora kurang saka satus rupiyah utawa kapatrapan paukuman nyambut gawe paksan nganggo oleh pangan tanpa bayaran, lawase kawatasan telung dina.

BAB 5
Ing ngatasing petungane wawangening paukuman iku ing dalem sadina-dinane katamtokake patlikur jam.

BAB 6
Mungguh patrapan dhendha dhuwit iku ing salawase uga dadi kauntunganing nagara.

BAB 7
Sakehing dhuwit dhendha mau kudu kabayar ing sajroning wolung dina sawuse parentah andhawuhake ana ing pangadilan, dene manawa wong kapatrap dhendha iku ora seba marang ing pangadilan nalika karampungan prakarane, kang iku pambayaring dhendha sawuse katagih.
Yen ana wong ora bisa utawa mopo ambayar dhuwit dhendha mau ing sawuse tumeka ing wawangenane iku bakal sinalinan paukuman kinunjara utawa patrapan anyambut gawe paksan tanpa karante, mungguh lawase ora luwih saka kang wus ginantungake ing kaluputan bab paneraking papacak ing dhuwur mau.
Dene wawangenan paukuman kunjara utawa anyambut gawe paksan kang minongka lilirune patrapaning dhendha, iku bakal katamtokake ana ing pangadilan nalika rampunging prakara.

BAB 8

Surup ning barang ingkang kaanggrak ing ngatasing prakara kang kasebut ing layang pranatan iki kajaba barang kang masthi karusak, utawa ginawe aja nganti kena kaanggo maneh, iku dadi kauntungane nagara.

Bedaning pranatan

Kaluputaning linakonan ing sadurunge ana pranatan iki, dhawuh ing karampungan manut kang wis ginantungake alam kalakone kaluputan mau, ananging manawa paukuman kang katamtokake ing pranatan iki, luwih entheng iya iku kang kaetrapake.

Kapatrap ing layang undhang-undhange kanjeng tuwan ingkang wicaksana Gufrenur jendral ing Indiya nederlan, katitimangsan kaping 15 Juni taun 1872 setatseblad ongka 111.

Kula wisudhan tuwin sanesipun

Kedhiri

Tuwan we ka ep Malekpalem, asisten residhen ing Ledhok, Bagelen, sampun pikantun pamit dhateng nagari Walandi.

Tuwan we ef ka el Dhepogel, tilas asisten residhen ing Kendhal, kakula wisudhan dados asisten residhen ing Magetan, Madiyun.

Tuwan Dheklu, kakula wisudhan dados sekretaris ing Batawi.

Raden Ariya Rataja kusuma wadana ing Maja agung kaangkat dados bupati ing Kedhiri.

Tuwan Faes, kakula wisudhan dados asisten ing Japara

Tuwan Faes Permandhel kakula wisudhan dados asisten ing Siringin.

Tuwan Faes Nurdhen kakula wisudhan dados asisten ing Lumajang.

Surabaya

Mas Reksawijaya ajung jaksa ing Majakerta, ing samangke sampun kapatedhan pansiun.

Raden Purbadipura, juru serat jaksa ing Majakerta, kakula wisudhan dados ajung jaksa ing Majakerta, kapatedhan balonja 75 rupiyah sawulan.

Raden Panji Surya Adikusuma, juru serat landran ing Sidaarja, kakula wisudhan dados mantri water leidheng apdhel ing Baweyan, sarta kaparingan balonja 30 rupiyah sawulan.

Raden Kusumabrata, juru serat kantor paresidhenan ing Surabaya, kakula wisudhan dados juru serat wadana apdhel ing Baweyan.

Dene pandamelanjuru serat ing kantor landrad tuwin kantor residhenan ing Surabaya, ing sapunika taksiih lowong.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Surakarta

Pakabaran ingkang kapacak ing Bra Martani ongka 6 anyariosaken wonten nyonyah kabalabag, punika boten leres, sayektosipun nyonyah wau dhawah ing toya ananging boten ngantos anemahi pejah.

Awit saking dhawahipun kanjeng tuwan residhen ing samangke arta panjurung dhateng para tiyang kasangsaran kabesmen griyanipun ing kampung Warung Kamiri, sampun kabage waradin sadaya, ingkang punika saestu andadosaken bingahipun para tiyang alit wau.

Sambetaning cariyosipun pasakitan ingkang medal saking kunjara Surakarta kasebut ing Bra Martani ongka 6.
Pasakitan Wongsadimeja sarta Narawijaya ingkang sampun sami saged oncat saking gehdong panggenanipun kala wekdalipun ambikak pyan, panjang 2 ½ kaki, wiyar 2 kaki, saha lajeng ambikak sirap, sasampunipun pasakitan kakalih punika wonten sanginggiling payon, dilalah lampahipun pasakitan Wongsadimeja kapleset dhawah salebeting kunjara, dados sampun boten saged anglajengaken sedyanipun malih, dene lampahipun pasakitan Narawijaya lajeng manjik pager banon ingkang dumugi pakebonan sacelakipun kunjara punika, nanging lampahipun wau dereng ngantos dumugi selak konangan dening prajurit jagi saha lajeng dipunlokaken, Narawijaya enggal anjlog saking pager banon sumedya anarungi sarta lajeng angrangsang badhe angrebat dadameling prajurit, tujunipun prajurit punika cikat sarta parigel, Narawijaya kasosog ing dadamel, ananggung tatu ginggang 33 panggenan, lajeng pejah ing sanalika.
Dene wujuding pirantos ingkang kadamel ambikak payon namung paku ageng satunggil sarta tosan tilas wengku tong kalih blebekan alit, pirantos ingkang mangkaten wau rak angeramaken.
Narawijaya punika benggoling kecu Karanggedhe, malah kabaripun sampun karampungan badhe anampeni paukuman kabucal laminipun 20 taun.
Kala rumiyin pun Narawijaya sampun nate jebol saking kunjara Surakarta, sarengan kaliyan pasakitan kathah, kala Narawijaya kenging prakawis kadurjanan sanesipun punika.

Bajanagara
Awit saking pakabaranipun ing Bajanagara sakalangkung awis reginipun uwos, titiyang alit sami sanget anggenipun kakirangan, ing sadinten-dintenipun tiyang satunggal anedha jagung 1 iji, dene jagung punika 1 reginipun 2 ½ sen.

Kudus
Tuwan ingkang dados pangageng ing kantor telegram ing Samarang angaturi uninga manawi kantor telegram ing Kudus ing sapunika sampun kabikak sarta kangge ing akathah, menggah waragadipun serat pawartos ingkang isi 20 tembung saking Samarang utawi sanesipun panggenan ingkang kalebet namung saener punika namung bayar 50 sen.
Ing samangke kanjeng Gufremen sampun wiwit angestokaken dhawuhipun, inggih punika kantor pos ing tanah Jawi tuwin Madura, badhe kadadosaken satunggal kalayan kantor telegram.
Tuwan redhaktur
Sampun angsal 8 dinten punika kula mantuk saking nagari tegal, nuweni sanak kula ingkang sami dado priyantun, ngantos sawatawis dinten anggen kula wonten ing ngriku, saben sonten kula kesahan leladhang dhateng pacinan utawi dhateng kampung jawi, amartamu sanak sobat lami, kula tingali nagari Tegal sapunika sareng jumenengipun bendara Raden Mas Tumenggung Ariya Reksadiningrat dados bupati Tegal, kathah kakindhakanipun karaharjaning nagari, katimbang kalayan kala jumenengipun Raden Tumenggung Panji Sasra Kusuma dados wakil bupati Tegal, kula tingali bab tiyang lampah dugi mindhak ramenipun, utawi griya-griya gedhong ing kampung-kampung jawi sampun kathah, punapa dene para priyantun jawi katingal sami rukun utawi dhateng padamelan sami guyub, satunggal-

tunggaling priyantun sami sumerep pyambak dhateng padamelanipun boten mawi kahatak dhateng bendaranipun malih, kula menangi priyantun ingkang kula pondhoki katamuwan kancanipun priyantun sawatawis, sasampunipun guneman bab padamelannagari lajeng sami nyariosaken kabar kang wonten salebetipun serat kabar Bra Martani, Bintang Barat, Bintang Timur sarta Salompret Malayu, tuwin nyariosaken lampahipun tiyang agung Menak kala perang kalayan raja ing Mutadarawi, tingalipun sami suka seneng manahipun para priyantun wau, terkadhang sami anggunggung dhateng bendaranipun kanjeng Raden Mas Tumenggung bupati Tegal, anggenipun ngasta nagari tuwin panganggeipun dhateng abdi priyantun jawi, kakathahen yen kula cariyosaken salebetipun serat punika, cekakipun boten wonten satunggal ingkang kenging kacacad, ingkang amratandhani rukinipun para priyantun, wiwit kala taun wingking kula mireng para priyantun sami damel pakumpulan maos buku tiru-tiru adatipun para tuwan-tuwan Walandi, ingkang dipunnamani les eselsekap, wonten ingkang dados presidhen, sakrataris, komisaris, sarta tesorir, satunggal-tunggaling priyantun saben wulan sami bayar 50 sen dhateng priyantun ingkang dados tesorir wau, lajeng arta wau katumbasaken serat kabar basa jawi, tuwin basa mlayu, punapa dene buku basa jawi cariyos warni-warni, dhateng toko-toko buku, sami kawaosan gantos-gantos, 1 priyantun kawangenan pinten dinten pamaosipun buku tuwin serat kabar wau, sataun sapisan, buku tuwin serat kabar kang sampun rampung kawaos lajeng kasade ing lelang, arta papajenganipun katumbasaken buku malih, kula dherek seneng naningali pranatan makaten, sabab kula tingali priyantun Tegal sapunika sampun kathah ingkang sami remen waos serat, mongka tiyang ingkang sami remen maos serat utawi buku temtu amindhakaken kasagedaninpun bab sastra tuwin padamelan sanesipun .
Wasana tabe kula katur dhateng panjenenganipun tuwan redhaktur.
Kaserat ing Pakalongan tanggal kaping 7 Pebruwari 1873
Saking kula  Sontadipraja.

Serat Wangsulan minongka panjurung
Kula sampun maos serat Bra Martani ongka 4 ingkang medal Kemis kaping 23 Januari taun punika, wonten panjurungipun mitra kula ingkang jujuluk Sedyana, ing dhukuh Nglareskondha, sarta katiten kaping ka-8 Dulkangidah taun punika ugi, ingkang suraos nedha berkah dhateng kula, utawi dhateng para mitra kula ingkang sami sinebut sarjana ing Bra Martani saking bab cangkriman 8 prakawis, saking ginemipun lare estri kakalih, nami pun Kenil lan pun Riwuk, sarampungipun pamaos kula serat kabar wau saklangkung andadosakensuka pirenaning manah kula, akanthi ngungun ingkang klayan sanget, makaten liripun, ingkang dados bingahing manah kula, dene pikantuk mitra inggal, sumedya atepang wanuh alintuk wruh wonten samadyaning Bra Martani ingkang dados ngungun kula waudene wonten bebasan saingga cangkriman ingkang langkung angodhengaken ing panggalih, kok medal saking ginemipun lare tur estri, mila kula dherek kodheng sanget, sarta pakewet anggen kula badhe anglaksanani, badhe kula tangledaken dhateng larenipun ingkang sami darbe pitembungan wau, manah kula boten sakeca, awit bok manawi kenging paribasan tlaga ngangsu ing sendhang, kebo nusu gudel, ewa semanten sarehning ing samangke kula dereng pikantuk pamanggih, kula nyuwun sareh sawatawis dinten, kilap lepat leres kula ngaturaken katrangan.

Ing wasana manwai wonten kalepatan kula kemawon mugi kaparingan aksama ingkang agung.
Sinerat ing tanjung ngarsa tanggal kaping 29 Dulkangidah wawu ongka warsa 1801.
Wongsamanggala

Sanadyan sampun watawis lami, kula kamipurun angaturi dhumateng tuwan redhaktur, mugi karsa amacakserat kula ing ngandhap punika:
Tiyang bongsa Aprikan anama Paniana saradhadhu pansiun, agagriya ing kampung Wangen Purwareja, ingkang anyanjata kancanipun awasta Pulman, ngantos anemahi pejah, bab karampunagnipun prakara sapunika ingkang kadhawahaken ing dinten kaping 3 Pulman punika pun Paniana kaluwaran sareng tanggal kaping 7, pun paniana kesah dhateng peken atumbas tatedhan saantukipun dumugi ing radinan sakidulipun gudhang kopi, sanjatanipun Paniana ingkang kacangking lajeng mungel, wuluhipun ambaledhos, pun Paniana kataton tanganipun ingkang kiwa, ical jempolipun bathuk bunyak, sakinten kasamplok wuluh, sarehning ungeling sanjata wau kapara sora, abdi pulisi lajeng atandhang tulung, pun Paniana kabekta dhateng griya pasakitan.
Ing wasana ingkang kacariyos, pun Paniana wau ing salaminipun manawi kakesahanambekta sanjata tuwin barang-barang darbekipun sadaya, dalah piring boten kantun, mila badanipun Panianakatingal pating barenjul, kanthonganing rasukan kebak barang ingkang kabekta wau.
Kula pun Jangkung

Wangsulan dhumateng para mitra 2
2. Dhumateng Open
Saking pambatang kula cangkriman paduka, teksih nalisir, ananging mitra kula asung katrangan leresipun ing panjarwa, pandugi kula awit saking seneng sarta prasaja ing penggalih, punika sanget panrimah kula salajengipun mugi tulusa dados kadang karuh, mamitran ingkang tan pegat. Sru kasengsem sumyar jeng memanis, niscaya trus tumameng kyantaran, nira ring sasudigbyan non, kojat tyas tasik madu, ring mamitran dahat tresnasih, open ing Surakarta, mirma mudha punggung, rumos patik kabyatan, ing katresnan bangkit mangsuli ringsi, kang nama ngalemban.
2. Dhumateng Darmawisesa awiguna
Sangking pambatang kula cangkriman paduka 7 warni, sampun sampun kaanggep leres, mitra kula mestani yen condhong ing karsa, punika sanget panrimah kula, dene kepareng kula anglejaraken panggalih paduka, minggah kaseb wangsulan sampun boten kula manah pisan, sabab saking pangrembag kula punapa ngemungaken wenang dhateng wangsulan kimawon, menawi saweg pinuju wonten prelonipun sanes, anggeripun mitra kula sampun karsa mangsuli leres lepating pambatang inggih sampun cekap, awit dene urunipun para mitra ambatang nreripun ing cipt sumedya sae-sae. Lajeng riwet ing nalar artati, radyan Darmawisesa ginasah, makentar sastra tegese cangkrimanireng dangu, mrih dhanganing katambang liring, samuha pra swarjana Bra Martani patut, katutut ywa bela tompa ring panyipta bangun ambek utami, langkung mangar saharsa.
Kusuma wicitra

Punika Cariyos Babad Mataram

Apan adarbe raremen malih, raden ayu ingkang rinemenan, raden Dhobras kakasihe, dadi alambang santun, lawan raden Dhubras anenggih, raden Dhubras sapunika, apan arinipun , kang ibu pangran dipatya, dahat duka samana pangran dipati, dene setya ning ngoncatan. Apan malih pangran Singosari, apan ta sanget ing dukanira, dening ing wau garwane, pan olah ambang santun, lawan raden dhubras anenggih, nanging pangran dipatya, samana andarung, kuwanguran jroning nala, lambang saliran garwanira kang rayi, kapalang ing ngoncatan. Mila tan taha pangran dipati, denya ngling mring pangran Singasekar, mangaka pangandikane, adhi kaya pa iku, derabinya alambang sari, lawan si paman nika, kayapa sireku, sanadyan iku sipaman, yen alate kadi piyangkuh tan becik, lewih ing karsa nira. Nunten raden Dhubras dene pusasi, dhateng pangeraning Singasekar, mring kebon alas puruge, sapraptane ing ngriku, raden Dhubras dipun pajahi, gennya abuwang tilas, linebetaken sumur, nulya tinaneman pisang, pan sinamun marmane iku katitik, wong deres kang uninga. Wus premana genya angsal titik, anulya sigra pan ginrudukan, anulya dhinudhuk age, wadya keh kang andhudhuk, duk kapanggih kang ponang jisim, marengi ingkang arga, mara pinumludhuk, kang jisim sampun pinethak, kawarnaha kang ardi anggegirisi, swara kadi rubuha. Gumaludhuk tan pegat swareki, lajeng ladhu mudhun alorodan, saking arga nurut lepen, myang kang sela atarung, pjah ira pan kadya geni, ting pancorot katingal, anglir udan awu, amber nempuh adedesan, pan akathah desa katempuh agni, kathah wonge kang pjah. Pan samana geger wong Matawis, pan ngulama mukmin muji donga, sirna ladhu pandhongane, surud kang ponang ladhu, wong Mataram wus tentrem malih, samana binabadan, babadireng dangu, awarna muka pinanah, desang batu akathah datan winarna, wadya lit wur raharja. Lan winarna ing alami-lami, kawarnaha wau sri narendra, animbali ing putrane, timbalana nak ingsun, ki dipati Anom den aglis, ing ngutus sigra mentar, anulya cumundhuk, lan pangeran adipatya, sigra matur utusan animbali, jengandika ngandika. Jeng pangeran adipati gipih, wus busana anulya lumampah, miyos bebutulan age, datan suwe wus cundhuk, lan kang rama rajeng Matawis, jeng pangeran tur sembah, sumungkem ing suku, aning lebu dalamakan, sampun wungu anulya mundur wot sari, gennya lenggah mangrepa. Jeng pangeran kelangkung denya jrih, mring kang rama andheku angrepa, yen kinon kalairane, sakehe kang andulu, padha angresa kang ningali, pangrepane pangeran, kalangkung jrihipun, tan montra atraping putra, sri narendra kang putra tansah liniring, kadi mijil kawaspa. Angandika sang nata amanis, lah ta putraning ngong, sun tingali sira wus agedhe, pan wus pantes sikepan rabi, pun ing karsa mami, rabiya nak ingsun. Iya ingsun olih tingal becik, putri ing Carebon, aprayoga iya ing warnane, lan maninge putraning bupati, amengku nagari, padha trahing ratu. Lamun sira panuju ing ati, marang tudhuh ing ngong, tingalana sang putri warnane, lah mintarna mring wismeng dipati, ing Carebon kaki, mangkatlah kulup. Ingkang putra tumulya wot sari, denya mundur alon, jeng pangeran ambanjur lampahe, tan kawarnaha ing marga, wismane dipati, pan sampun atemu. Adipati Carebon wus uning, atampi pasemon, yen pangeran dipati praptane, mring Carebon anonton-nontoni, ing putranireki, dipati agupuh. Sampun marek sang raja dinutri, ayu nira kaot, lampahira pan rada ginawe, sang dyah ayu tuhu yen respati, wondane sawiji, radawani kakung. Jeng pangeran dipati ningali, manahira adoh, dening nalansa sang putri tingale, datan kena tinantang ing ngati, manggihi tetami, dahat dening purun. Wus waspada denira ningali, tanana karahos, yata tebih pangeran tingale, tan antara pangeran sigra mit, nulya sang dipati, ngaberaken sampun. Tan kawarna laminya ing mangkin, ganti winirahos, Wirareja kocap gadhuhane, wus alawas amepek birahi, ingkang saya adi, warnanira mancar. Mangun

kuswapan sang dyah birahi, kasmaran sang anom, arsa mampir ngabehi wismane, Wirareja pangeran wus prapti, malebet ing kori, aneng ngalatipun. Sang dyah rara kapanggih ambathik, mandhap wirangrong, kagyat mulat pangeran tingale, sang dyah rara anulya nglungani, bari nolih-nolih, angowahi gelung. Wus malebet ing wismanireki, kawarna sang Anom, jeng pangeran kadahun driyane, langkung ila-ila aningali, datan kena angling, kagugu kang gelung. Wirareja gupuh aningali, mring Dipati Anom, pinelayon rinangkul padane, Wiraja matur awot sari, baya wonten kardi, inggih ta pukulun. Jeng pangeran pinarak mariki, gustining ngong, tumanduk kapinarakna ka angger, pangeran maksih tan bisa angling, tanana kaesthi, mung wau gelung. Angandika pangeran aririh, mapan ingsun takon, estri wau sinten ingkang duwe, punapa putra dika pribadi, Ki Wirareja ngling, aris aturipun. Inggih gusti amba pan darmi, anggadhahi kimawon, pan kagungan rama paduka ger, asalipun pawestri puniki, saking Surabanggi, Mangunjaya sunu. Duk kapanggih estri dereng akir, katur ing sang katong, tinigalan mring nata gedhene, pramila ginadhuhaken mami, benjing yenbirahi, karsane pinundhut. Dhawuh dalem benjing yen birahi, katurna maring ngong, mange sang dyah sedeng birahine, benjing Kemis karsa turken inggih, sun saosken gusti, katura sang prabu. Jeng pangeran amiyarsa warti, sangsaya anglamong, sigra bubar tan amit mundure, wus anitih kuda cinameti, anyander kapati, ingkang ngiring kantun. Sampun prapta ing dalem ireki, lajeng mring paturon, pan kalangkung kasmaran galiye, sang dyah rara kacipta ing ngati, tan akena bukti. Emban inya garjita ing ati, mulat ing sang anom, dening ora kena dhahar sare, wus kaduga ingkang dai brangti, ni emban agipih, dhateng eyangipun. Tan asuwe emban wus prapti, Surabaya kang wong, nyai emban anangis ature, matur nembah emban mring dipati, wayah dalem gusti, tansah ngleng-ngleng mangu.

Ongka 8 Kemis kaping 20 Pebruwari 1873

BRA MARTANI

Cariyos tuwin pawarti warni-warni
Surakarta
Nalika tanggal kaping 19 pebruwari punika angleresi dinten wiyosan dalem Kanjeng raja ing nagari Nederlan, pabarisan sekiter, para militer tuwin para prajurit ing lehiyun Mangkunagaran, sami baris paradhe wonten ing sawingkingipun loji ageng, dene sanesipun paurmatan kados dene ingkang sampun kalampahan, ing sontenipun ing dalem residhensi wonten pista ageng, menggah bibaripun wanci jam 3 ½ dalu.

Awit saking pakabaranipun tuwanku Hiniyus residhen ing Surakarta, badhe kaelih dhateng ing Batawi.
Tuwan dhaket asisten residhen ing Karang pandhan, Surakarta kaelih dhateng Samarang.
Tuwan pan Sitapen asisten residhen ing Samarang, pikantuk pamit dhateng nagari Walandi.
Tuwan Sepan kakula wisudhan dados asisten residhen ing Karang Pandhan.
Tuwan Kalepseterman, kakula wisudhan dados asisten residhen ing Ledhok.

Nalika kaping 31 Januari kapengker punika, ing dhusun Ngrenak distrik Karangdhuren (Sragen), wonten tiyang kakerengan, anama Cakrasemita sarta Jayakarsa, jalaraning sulayanipun rebatan angilekaken toya ing sabin, Cakrasemita anemahi pejah, sarta anandhang tatu 18 panggonan, wah gulunipun pragad, Jayakarsa sakala punika lajeng miruda saking bale griyanipun, supradosipun boten ngantos gantalan wulan, Jayakarsa kenging kacepeng dneing pulisi Sragen, kula welas temen dhateng lalampahanipun tiyang kakalih punika, kados pundi ta anggen kula boten melas, ingkang satunggal sampun anemahi pejah, ingkang satunggil badhe anampeni paukuman, mongka anggenipun kakerengan punika boten saking kandhugalanipun ananging saking tumemening anggenipun tatanen.

Kala kaping 9 Pebruwari punika ing saben sacelakipun dhusun Semanggi wonten baturan wonten tiyang pejah kasamber ing gelap, anama Taryasemita, griya ing kampung Jayasuran, anandhang tatu ing sirah, ing kuping sarta ing pilinganipun sami maluwek, tuwin rambutipun jebol babar pisan Taryasemita punika panuju ngarit, tur kajawahan ngantos kalebus, suprandosipun boten purun kendel, bilih karaos awrat temen tiyang pados tedha punika.

Kala kaping 16 angrintenaken kaping 17 ugi Pebruwari punika, lampahing kareta latu ingkang kaping nem saking Samarang pancen kendel wonten Surakarta, sareng dumugi setasiyon Kaliyasa, boten saged anglajengaken lampahipun awit margi sacelakipun setasiton Kaliyasa wau antawis sapal tebihipun risak katrajang ing toya jawah, sitinipun urugan enggal ngantos saged kerut saking ipukan, malah wonten sawatawis panggenan kajeng-kajengipun lamberan ril sami gumantung inggih saking gerusing siti wau, dene satingkasing jawah margi risak punika lajeng dipundandosi, kendeling panyambutipun damel ngantos wanci dalu, supradosipun meksa boten saged rampung, kalampahan kapethuk kareta latu saking Surakarta, dados para tiyang dumugi kedah lumampah rumiyin anglangkungi margi ingkang risak wau, namung para nyonyah piyambak ingkang katumpakaken ing kareta surungan (lori), angkatipun saking setasiyon nalika sawanci pukul 9 dalu sarta mawi amasang diyan, nanging lampahipun karindhikaken sanget, amargi kareta latu lampahipun anyurung, bilih lampah nyurung punika masinis boten saged kaampadaken margi ing ngajeng, dene ingkang wonten ngajeng kondhektur, kondhektur-kondhektur punika sakedhap-sakedhap nguwelaken sempritanipun, tondha wonten pangkalan

sarta pakewedan sakedhik-sakedhik, masinis inggih angendelaken lampahipun kareta latu sarta lajeng anglampahaken malih ririndhikan manawi sampun angsal amangkat, dumugi ing Surakarta ngantos wanci pukul 10 dalu. Para tiyang numpak ing kareta mawi angsal yatra saking pangageng ing ngriku sumerep tatemah kapitunanipun, tiyang satunggil 30 sen.

Ngayogyakarta

Awit saking pakabaranipun tuwan militer komandhan ing Samarang, benjing tanggal kaping 17 wulan punika, karsa tindak dhateng ing Ngayogyakarta, badhe anampekaken bandera dhateng lehiyun ing Pakualaman, kaangkah benjing ing dinten angleresi wiyosan dalem kanjeng raja ing nagari Nederlan.

Batawi

Nalika tanggal kaping 10 ing wulan punika, kanjeng tuwan ingkang wicaksana Gufrenur jendral sampun karsa tindak dhateng ing Batawi, anitih kareta latu, dene enjingipun lajeng anampeni rawuhipun kanjeng pangeran Fardinan Pilif Marianus Rapael ertoh ing saksen, mayor ring wadya bala lan wiring onghar, tuwin kanjeng pangeran Luwi agus mariedhe, ertoh ing saksen, komandhanning wadya Brasilian semarine, pangeran kakalih wau sami alelana dhateng nagari Eropah, ing samangke karsa mampir dhateng nagari Batawi, sareng sontenipun ing hotel risweik, wonten pahurmatan pista ageng, dene enjingipun malih, tanggal kaping 12 anunggil wulan punika pangeran kakalih wau karsa tindak dhateng ing Bogor, salajengipun dhateng ing Priyangan, sasampunipun saking ing ngriku lajeng kondur dhateng Batawi.

Cariyos elok

Mula bukanipun sasakit dhengkel

Sanadyan badhe boten kapitados saugi, ananging meksa kacaroyosaken. Saking ujaripun titiyang ingkang aguguhon tuhon, mila ing mongsa punika wonten sasakit dhengkel, awit ing karsanipun prabu ning dyah, sang prabu Andaya ningrat ingkang angadhaton ing Angin-angin kaprenah samadyaning saganten indi, kagungan karsa kadya ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Manuju ing mongsa palguna, ri sang prabuning dyah karsa amiji satunggal…. Ingkang kapiandel.

Dhawuhing pangandika kinen angularana banyu pruwat kandhanu, kalintuning panampi rehning wadya ingkang kapiyandel wau suda pamireng, kinen angularan banyuning manusa kang wrat, pramila ing samangke para titiyang katemahan kenging sakit dhengkel, dados sapunika ingkang andadosaken jalaran wontening sasakit wau.

Sarta malih mosimipun samangke, ugel-ugeling tangan para titiyang ingkang gugon tuhon wau sami katangsulan lawe wenang sarana gelang, supados sampun ngantos kaambah ing sakit dhengkel kalis sabajang sawanipun.

Raden Arya Jayengwesthi.

Panjurung sambetan katrangan pambage arta ganjaran

Ing nalika Senen kaping 5 tuwin Slasa kaping 6 wulan besar punika ing kabopaten kaparak tengen sampun matrapaken pambage arta ganjaran kawelasan, dhumateng abdi dalem panewu mantri sapangandhap, ingkang mentas sami kasangsara kabesmen griyanipun, menggah katranganing pambage kados ing ngandhap punika.

Cacah tiyang ingkang sami darbe griya 136 iji, cacahing griya 247 iji, pangaos 13147 ½ rupiyah pethak, arta ganjaran kawelasan 132 rupiyah pethak, 24 dhuwit, arta samanten wau lajeng kabage kapara 13147 ½ ing dalem sarupiyahipun kaleres kabage 6 dhuwit, dene arta teksih wonten langkungipun, rehning arta langkungan boten kenging kabage nugil kados ing ngajeng wau, lajeng kasiramaken waradin, sah ing pambage para tiyang ingkang sampun anampeni arta, lajeng

anandhani dumuk wonten ing setat, ingkang saengga pethuk, sareng sampun sami anampeni arta, sadaya tiyang sami katingal asemu bingah, kacihna sami mesem gumujeng, sanadyan tampening arta ganjaran wau boten sami kathahipun, weweton saking kathah kedhikipun ing krugiyan, ewa dene bingahipun ing manah sami kemawon, boten namung sami kaanggep berkah, dados sawewinih anggenipun ngupados pangupajiwa, ingkang medal saking kasabing tangan, gangsara ingkang anglangkungikados ingkang sampun kalampahan, jalaran saking paparingipun berkah para ageng-ageng ingkang sami angasta pangwasa nagari, angsala pangestu wilujeng ing sapanginggilipun, makaten malih saking paningal kula dhateng prayantun ingkang kapiji nyantoni ing prakawis punika, inggih boten kena katingal kasagedanipun sami ingkang sampun kawistara, pedhes sanget pamerdenipun dhateng para ingkang sami wajib garap prakawis punika, malah mandar kersa mitulungi panggarap ing sangseratan, ingkang badhe adamel randhat amurih saged cancut, ingkang saupaami ing kabopaten ing tembe nawi wonten lelampahan ingkang sakinten ragi kathah pakewedipun lestantun karsa nyruwe dhateng prayantun wau, saking pandugi kula pinten banggi saged cancut, tamtu kathah kaotipun kalayan ingkang sampun-sampun.
Ing wasana katrangan sampun katur ing parentah, kala Kemis kaping 8 wulan besar punika kula sumongga prayantun ingkang mundhut katrangan titi.
Tondha tanpa.

Serat Bra Martani ongka 5 ingkang medal kemis kaping 30 Januari taun punika wonten panjurungipun mitra kula ingkang sisilih nama Sadyayu, ingkang suraos aparing berkah cangkriman prakawis anggitanipun lare estri nami pun Kenil kalih pun Riwuk, ingkang dahat angodhengaken ing manah, sasampuning trang anggen kula maos Bra Martani,kula lajeng ngupados lare estri ingkang sampun kulina dhateng lare kekalih wau, saged anandukaken pambatangipun mitra kula wau, katranganipun kula pikantuk lare estri nami pun Dhemes, ingkang kaprenah boten tebih kalih griyanipun lare kekalih wau, lajeng kula iseni sedaya ingkang dados karentege manah kula, wasana lajeng kalampahan pun Dhemes dhateng griyanipun pun Kenil pun Riwuk pinuju wonten, sadangonipun sami gagujengan lare tiga, lajeng amedharaken cangkriman 8 prakawis wau, pun Dhemes lajeng batang kados peparing sampeyan punika, saking wangsulanipun pun Kenil lan pun Riwuk ingkang 5 prakawis inggih sampun nrimah, wondene kasebut tanahing rasukan punika kamanah punika taksih kalisir, katranganipun makaten, ing rasukan wau tembungipun ngoko kelamben, basa kelamben kramanipun Kelathen, dados sapikantuk ing tanah kelathen.
Kang kasebut prajurit tanjege carang punika ulam mader wirasoca, dene kasebut nagari budikadlajadan punika nagari dayaluhur, sareng sampun kabayaraken sadaya, kula manahe kathah enyokipun, kula lajeng lenger-lenger, dene teka gumlethek, dados panggenanipun cublun, kodhengan punika namung kula piyambak, saking pangraos kula piyambak kula punika sampun kalebet unjok sagedan kulab anggitancangkriman, sumanten punika inggih namung sakanterenipun tongga tepalih kula, sumradosipun mlangkah 8 serap kimawon saged utawi kawon lantip kaliyan pamanggihipun lare estri kemawon, rak iba ngantos sakmlangkah radin kalih utawi tiga kados kalebet andhap piyambak sagedan kula wau, anaming makatenpunika sampun kula sedyakaken, anggen kula marsudi tetuladhan sae, supados dadosa pangasahing manah welu kados pun kula, ing wusana cangkriman sampeyan kalih prakawis, manawi rujuk kula ngati pembadhe kadi ing ngandhap punika, 1. Ana swara saengga ora kendhat salawase ananging ora ana rupane punika bilih condhong kula cupi bangsanipun samirana, 2. Ana rupa katon ing rina wengi, ananging ora ana suwarane ing salawase, punika kula cupi yen bangsanipun maga, menggah ingkang sampun kula aturaken ing nginggil wau sadaya kula sumongga ing sampeyan yen wonten lepatipun mugi paringa maklum dhumateng jasad kula, titi.

Pun Sedyana

Ing nalika dinten Jumuwah kliwon tanggal kaping 14 Pebruwari 1873 watawis jam 9 enjing, wonten satunggaling tiyang nami Setrabongsa, griyanipun Karangnongka dhistrik Purwakerta, kesah dhateng lepen Banjaran, kaprenah sawetaning dhusun Karangnongka wausumedya badhe angresiki gadhahanipun sosogan prasangan ulam, ing ngriku saklangkung kageting manahipun, dene sosogan wau wonten bangkenipun tiyang, ingsalajengipun Setrabongsa inggal rapor dhateng bekelipun, sarta bekel ugi lajeng ugi lajeng mariksani dhateng sosogan wau inggih saestu wonten bangke, lajeng adamel tengara titir, boten antawis dangu titiyang saking sanes dhusun sami dhateng nunten aniyasani amurih katerangananipun bangke wau, sareng toya sampun sumilak, nembe terang yen wau bangkening tiyang estri, badanipun sadaya wetah, kateksir umur kirang langkung boten kathah saking 30 taun, warnaning tiyang kados saking paresidhenan Banyumas, pakulitanipun cemeng, ing pagelangan suku kalihipun miwah ugel-ugelan tangan kiwa ngangge gelang tambang kante pethak saklindhen agengipun, ananging boten wonten ingkang sumerep nami miwah griyanipun, sarta dereng wonten ingkang ngaken sanak sadherek.

Menggah saking dora sembadanipun wau bangke kala gesangipun kadugi ing kathah inggih tiyang ewah, awit kacina saking panganggenipun, aming tapih kimawon sinjang bathik potokan sampun lusuh, tur pating krandhil, mawi gendhong inggih sinjang bathik suwekan isi kemukus tigang dhompok, wijining jarak gundhul, utawi lombok sakedhik-sakedhik, makaten malih kala dinten Kemis wage wonten tiyang nami Ki Sanya ing dhukuh Kalamentah tumut dhusun Kebumen, kaprenah sabrang wetan lepen Banjaran, sumerep yen tiyang ingkang pejah wau dhateng saking kidul nurut pecal, ugi Ki Sanya lajeng nganten kimawon, yen wau tiyang ewah awit tatondha saking pangangge utawi warnaning tiyang, lajeng lumebet dhateng dhusun Kalamentah pepriman dhateng tiyang estri nami ni Gumbeng, sadangunipun priman wonten ing lataring griyanipun ni Gumbeng kalayan nguntusi bekatul, lajeng kesah mangilennurut margi ingkang saking dhukuh Kalamentah dhateng Karangnongka, mawi nyabrang ing lepen Banjaran.
Mila kadugi pejahipun tiyang wau kabalabag ing nalika nyabrang ing lepen Banjaran, lajeng keli kesangsang wonten ing sosogan wau.
Wondening sapunika jisimipun wau sampun kapetak wonten tanah pakuburan Karangnongka kalayan sae-sae.
15-2-73 Kawula pun wartasejati.

Jasman dhuh sumitraning wang, karenan Puspataluki, nanggapi srat jengandika, nadyan rahsaning sastradi, dighung peksa ngalangi, nyanyampah gen ulun manut, mancah dhateng Gunawan, Jasman sira anetepi kuwajibanira winisudha siswa. Nanging ta keking punapa, jengandika tanpa krami mangsuli srat dhateng kula, neng samowan tan prayogi, manawi den parsani dhateng ingkang para agung, dene ta serat kula ingkang saru sawatawis, namung tumrap dhateng kang ngong sinung serat. Pratondha sura kaconggah rebut rok silih pamanngih, panggodha mongka panantang, nadyan neng ngarsane aji, samimbuhi sari, suka ingkang mengku siku, suka punika dadya jalaran tuwuhing asih, sih punika ngecalaken suba sita. Nanging rarasing wasana, kedah taklim arumati, dhateng ingkang samya mirsa tetep caraning utami, mamet trusthaning galih, mintonken pamanggihipun samangke jengandika, kapethek sing solah sidi, dereng dhamang dhateng tumramping tapsila. Kusuma wijiling desa, sasengkan saking ing ardi, nadyan banter pintering tyas, tanpa kusur ing pakardi, kasar maksih tan kari, patrap ira susar-susar, marmanira anasar Gunawan dika iloni, awit Jasman nyamleng sanget lan Gunawan. Lah punika jengandika, den eliken amundelik, gareget badhe punapa, rasukna winingkis-wingkis, awit Pupataluki, sayaktine tan wiguh, ngepel kasunanira, pangawikan kang tan luwih, dene ukura pasthi kirang sing sasengkang. Jasman milanipun kula, mring Gunawan mejanani, mring ngong wawas-wuwus ira, ngaku wasis musus budi, gesah lawan watawis, kawistarane kacundhuk, surasa tan kacandhak, yen Gunawan lebdeng pikir, sarta umuk ngaken mangus prama sastra. Jamake lamun anyata, wawaton ginelar dhingin, panguwati gagrak lawas, pakantuk jinarwa titi, andhe sanepa

samiginelar sartane rujuk, kalawan sasastra nira, kabeh pangucaping kawis, sepen samya mung guma ipa ingkang ana. Dene jengandika nabda Puspataluki tanpa kardi, kirang warna lawan gonda, nging mratah sanungsa jawi, tamanan pundi-pundi jekini pamanan agung, kanengrane jeng tuwan, besar tan sepen Taluki, awit Tlukikalebet arum gandanya. Nadyan boten ngangkungana lawan samining sari, nanging ta boten kuciwa dene Jasman boten apti, inggih langkung prayogi, mameta puspalenipun, kang dadya senengira, puspita plasa prayogi, kapethikna kusuma wijiling desa. Nanging sampun ananacad gandane Puspataluki, menawi wonten sujalma, mastani Jasman tan apti, dhateng gondha wawangi, awit sanget suka wanuh, dhateng gandhaning Puspa, sira pengawan dhik-udhik, sukanira manawi ambukti. Titi esthining tyas kula, senengat aneng nagari, Magetan kampung kemasan, anuju Raditya ari, ping tigawlas sasi Dulkangidah wukunipun, pahang wawu taunnya, sekalanira kandhaning, Puspataluki datan ngesthi dhateng Jasman.

Wangsulan

Taklim ulun tumintuk dya mas Kentir, mugya tumanduka, ring mitra mba kang tuhwasih, asisilih Sumadenta. Yeka ingkang nama Kretabrata nguni, ing Brebes prajanya, wahyeng ulun sampun tampi, wangsulan paduka tumrap. Bra Martani ongka gangsal ri Respati, tanggal ping tri dasa, Januari kang kawuri, surasanya sung pariksa. Cangkriman ta ing nguni kang ulun cupi, samene paduka, sampun cumondhong ing kapti, saking pambatang kawula. Inggih sokur bagya sewu atur mami, lan malih paduka, angresakaken lestari, mimitran kaliyan kula. Lah sumongga pun kula dhateng umiring, sakarsa paduka srusukeng tyas amba dening paduka karsa nyarweya. Ring salira ulun kang sru mudha pingging, ingkang uningana, bilih ing tembe tan bangkit, nyembadani sakarsanta. Muhung lowung ing ngajak guguywan munggwing, srawungan sabda kinardi, lantaran rukuning mitra. Titining srat tumutur atur pamuji, kang mugi ing paduka, sinung kamulyan Hyang widi, basuki salajengira. Sinerat sing ditya ping dwi Februwari warsa sinengkalan, tri resi sarira tunggil, katandhan pun Wartatama.

Kinanthi darpaning tembung, tarbe pakurmatan mugi, katur ing tuwan redhaktya, ep. el.Winter kang ngregani, salire kang serat kabar, kang mungguh ing Bra Martani. Ing Surakarta prajagung, yen suka pireninng galih, jinurung sela ing papan, panjurung amba kang muji, tumunten dipun pacaka, pasamohan Bra Martani. Dahat gyan ulun mangayun, supadya tumanduk maring mitra amba kang serju ing tyas, kanag kang sisilih nami, nenggih rahadyan Sedyana, kang wus kasusra praja di. Kasudibyaning pangapus, cangkriman utawi lyaning, kang dadya senenging driya, supadya dadya wiwinih, tepang wanuh amemitran, lumayeng ing Bra Martani. Marang pra sarjana sagung, kang samya wus guna wasis, mandaya dipun sruweya, darepon anunggal kapti, dadya siswa tinemah, saking dahat tyas marsudi. Wahyuning amba nunuwun, ing barkah panduka yekti, ulun darbe pawong mitra, ingkang inggal mentas kalih, semahipun atetiga, apan dereng asesiwi. Tilar pantun sangang lumbung, sadaya isining pari, lumbung satunggal winarna, saha met isening reki, nomer kalih isenira, kalih amet datan luwih. Nomer katri ingkang lumbung, tigang ngamet ingkang ngiring, makaten salajengira, prapteng ongka nawa nenggih, isenira datan sewah, sangang amet wus pinesthi. Semah tiga rebat dhuwung, gya nira sedya umilih, rebat milih ingkang kathah, lumbung isine kang pari, anemahi dados derbah, badhe katur ing pulisi. Punika paminta ulun, kadi paran gennya mahil, ywa kongsi dhudhah ingsinya, meksih wetah den abehimurih salasihing pamerang, kewran agyanira amilih. Adhuh raden sampun rengu, dene ulun kumawani, nanduken sukering driya, ring paduka ywa dinalih, nyenyoba ngubal kawigyan, behten pisan andarbeni. Sedya kang kadya puniku, tebihena nempa bedhil, mung darpa angalap berkah, yen sidigyanya ngecupi, sumongga karsa paduka, aksama nta kang kapundhi. Saking dahating balilu, tur ulunkenya sajati, saking kedah amimitran, neng sajroning Bra Martani, mangrugti sapikantuknya, tinimbang nganggur lan dhidhis. Titihing panuratipun, ri Jumuwah

nuju kaping nembelas ing wulan besar sewu wolungatus nenggih, satunggal ingkangpratondha. Abdi paduka pun Kenil.

Punika Cariyos Babad Mataram

Pan kasmaran wingit aningali, sang dyah ayu kaot, Wirarejan pawestri enggene, sasengeranira sri bupati, asaling pawestri, ing Surabayeku. Atmajane pun Mangunjayeki, pinundhut sang katong, kang punika pan dados brangtine, wayah tuwan tan kena aguling, datan arsa bukti, mangke taksih mujung, jeng pangran kagyat amiyarsi, aturing pamomong, pan kewuhan sajroning nalane, saking jrihe marang sri bupati, wau ratu pekik, manahe anglampusya. Kang wayah dene oneng brangti, satemah anglamong, yadi menehingsun lampahane, nadyan duka sri narapati, tumeka ing jangji, pan ingsun wus sepuh. Putuningsun aja kongsi brangti, atemah wirangrong, ingkang garwa ing ngandikan age, sampun prapta sadaya kang rayi, sang dipati angling, payo padha labuh. Apan iya mas putu dipati, kedanan wong wadon, pan sang nata yasa sengkerane, mengko payo padha labuh pati, kang garwa nuruti kinanthi kang putu. Sang adipati amuwus, sahosa tandhu lan joli, kang kinen sigra lumampah, tandhu joli wus cumawis, asng adipati lumampah, kang para garwa angiring. Para garwa nitih tandhu, pawongan lumampah sami, tan kawarna lampahira, ing Wirarejan wus prapti, kang tunggu lawang tumingal, yen ratu pekik kang prapti. Pan sampun katur punika, Ki Wirareja agipih, amethuk neng paregolan, mendhak sarwi atur bekti, Ki Wirareja tur ririh, paduka pinarak mriki. Sang dipati amuwus, Ki Wirareja nak mami, prapta ningsun ingkang uga, arsa tutur mring sireki, inggih putra pakenira, kae putu mas dipati. Kang ing mangke anggung wuyung, sadhatenge saking ngriki, ing mangke karsa manira, yen sambada mring sireki, gagadhuhan pakenira, rara kenya ingkang adi. Pan ing mangke ta puniku, sun jaluk tambaning agring, yen ana dukaning nata, katemuwa awak mami, sanadyan temaha pjah, manira angelabuhi. Ki Wirareja amuwus, punika panedha mami, sampeyan adarbe karsa, amundhut dhateng pawestri, kawula dahat lenggana, ajrih dhateng sri bupati. Punika pan sampun katur, mila ginadhuhken mami, rumiyin dereng diwasa, ing mangke sampun birahi, pan anganti kala mongsa, benjing katur ring narpati. Paduka pan arsa mundhut, dhumateng estri puniki, dados punapa kawula, katura dhateng sang aji, mendahane ingkang duka, kawula dipun pejahi. Ratu pekik pan anjetung, kewedan sajroning galih, pan miyarsa aturira, wirareja ambeneri, sang adipati kewedan, anulya ngandika aris. Ki Wirareja nak ingsun, bener saking sira iki, yen dadi dukaning nata, manira ingkang nagguhi, ingsun sih marang ing sira, manawa duka sang aji. Inten kalih rega sewu, kalawan dhuwung kakalih, pan ingsun lila mring dika, aja walang ati malih, kewuhan ing manah ira, ki ratu pekik sira ngling. Wirareja anak ingsun, ing benjing wruha nireki, ajrih dukane sang nata, manira ingkang neguhi, ya ta sira datan salah, anjaluk marang pawestri. Pan sabener-beneripun, puniku wawengkon mami, wong teka ing Surabaya, pantes putu kang darbeni, para garwa sigra ngucap, mring rabine ki ngabehi. Ni mbok mantu aweh ingsun, kancanaka lawan picis, iya kalawan busana, lah tampanana nak mami, rabine ki Wirajaya, suka tyasira ningali. Sesotyta tinampan sampun, pan sarwi mojar mring laki, iya ta ajrih narendra, jeng pangeran kang naguhi. Lawan bener ujaringsun, inggih ingkang andarbeni, pan angsala Surabaya, wawengkone kanjeng gusti, layak lamun kagarwaha, marang pangeran dipati. Mongsa duka sang aprabu, yen pangeran ingkang ngambil, ing wingi ingsun miyarsa, pangeran tinari krami, ing mengko kapasang yoga, ana kang dipun karsani. Sanadyan dadosa bendu, pan ana ingkang naguhi, punika karsa manira, ni rara katura mangkin, pangeran brongta mangarang, malah dadiya jajampi. Ki Wirareja wus kanut, kagunturan mring kang rabi, ni rara sigra ingundang, wus prapta ngarsanireki, sigra ingkang para garwa, ni rara sampun kinanthhi. Sang adipati amuwus, Wirareja putra mami, iki silih wruhaningra, gawe oreging nagari, dadi sukaning sang nata, yen sisip ambebayani. Ingsun jarak yen alabuh, nanging sedyaningsun iki, putuningsun waluyaha, tulusa wibawa mukti, ingsun ingkang nglakonana, lara tumeka ing pati. Masthi sang nata yen bendu, Wirareja putra mami, sira benjing kasarakat, kaduka sri narapati, nanging karsanning Hyang Suksma, mapan tan kena gumingsir. Lah anak pamitan ingsun, Ki Wirareja tur bekti, sang dyah

rara wus binekta, tinitihaken ing joli, pangeran ing Surabaya, wus bubar lampahe aglis. Lampahira pan ambanjur, prapta kadipaten aglis, malebet sang adipatya, pan ingiring para rabi, sang dyah oyi namanira, binekta sampun panggih. Kalawan kang rara sunu, pangeran ngandika aris, mas putu ja sira brongta, manira angsal jajampi, ingkang dai brangtanira, rara kenya ingkang adi. Lah ta bapa putuningsun, pangeran suka ing galih, sang raja putra kasmaran, tumingal sang kadi ratih, manahe tanpa rereyan, kang eyang sampun udani. Iya sira putuningsun, aja sira malang ati, yen ana dukaning nata, manira ingkang naguhi, tumeka ing lara pejah, manira ingkang nglabuhi. Ingkang wayah matur nuhun, sarwi sira awot sari, pangeran ing Surabaya, angling putu ingsun mulih, pan kariya temantenan, sigra kondur sang dipati. Sampun rawuh dalemipun, kawarnaha ingkang kari, raja putra ing Mataram, anulya nambut sang dewi, binekta marang papreman, sang dyah ayu pongah-pangih.

Ongka 9 Kemis kaping 27 Pebruwari 1873

BRA MARTANI

Panuwun
Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Kauningana para tuwan sadaya, manawi ing sapunika kula sampun anampeni sastra enggal, mila sadaya panggarapan ing pangecapan badhe inggal rampungipun, sarta sae ing pangecapanipun, punapa malih kula ugi anampeni piranti adamel buk sakalangkung sae, sarta prayogi panyamakipun.
Jonas Portir en ko.

Kula wisudhan tuwin sanesipun
Kanjeng tuwan Harenkersepel, sekretari jendral kaangkat jumeneng linding rad Indiya Nederlan.

Kedhiri
Tuwan foswirkel dhorselen, asisten residhen ing Blitar apikantuk pamit dhateng nagari Walandi.

Samarang
Mas Artadireja, wadana ing ngunarang, kaellih dado wadana ing Samarang.
Raden Ngabehi Sumaamijaya, asisten wadana ing Kaliwungu kakula wisudhan dados wadana ing ngunarang.
Mas Mertadipura, kliwon ing Kendhal, kakula wisudhan dados asisten wadana ing Kaliwungu.
Mas Secaatmaja, mantri pulisi ing Kaliwungu kakula wisudhan dados kaliwon ing Kendhal.
Mas Sumadirja, mantri tebu ing Kendhal kakula wisudhan dados mantri pulisi ing Kaliwungu.
Mas Astradimeja juru serat kawedanan ing Singen kidul, kakula wisudhan dados mantri tebu ing Kendhal.
Mas Arjaamijaya kakula wisudhan dados juru serat kawadanan ing Singen kidul.
Kanjeng tuwan Bos residhen ing Ngayogyakarta ing samangke kapatedhan pansiun.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Surakarta
Nalika tanggal kaping 23 wulan punika ing dalem Mangkunagaran wonten pista ageng, inggih punika angleresi dinten panjenengannipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara ingkang jumeneng sapunika, dene paurmatan utawi sagatanipun anglangkungi semuwa punapa dene kathah titingalanipun ingkang minongka lalangen, ing pasamuwan ngriku ugi sami andadosaken suka pirenaning panggalihipun para tamu sadaya.

Kanjeng parentah ageng sampun karsa amaringi ganjaran dhateng para prayantun ingkang kasebut ing ngandhap punika, awit saking taberi tuwin pamarsudinipun para prayantun waudhateng tatanemankopi kagunganipun kanjeng Gupremen, kadosta:
Wadana ing Bahrawa kaparingan pedhang sae sanget pangaos 320 rupiyah.
Mantri tataneman kopi ing Bahrawa tuwin ing Kendhal, sami kaganjaran warni bekel (Pangunjukan) anyatunggal regi 193 rupiyah.
Lurah titiga ing dhusun bawah Bahrawa
Lurah sakawan ing dhusun Kendhal.
Lurah sakawan ing dhusun Salatiga
Satunggil-tunggilipun kaparingan orlosi regi *f.*45.
Sakathahing orlosi wau mawi ungel-ungelan amretelakaken anggenipun katrimah ing pandamelanipun sadaya.

Japara
Awit saking pakabaranipun ing Japara ing sakinten badhe kathah titiyang ngalit ingkang kakirangan tedha awit kataneman pantun saantawis boten kathah pamedalanipun.

Rembang
Serat pakabaran Walandi winastan Lokomotif, anyariosaken manawi bupati ing Rembang ing samangke sampun tilar donya, dene jalaranipun bupati wau ing wanci jam 4 enjing karsa siram dhateng ing sapinggiring saganten, boten antawis dangu bupati wau icalsilm ing toya, ing salajengipun kaupadosan, sareng jam 9 kapanggih sampun ajal, menggah layonipun ing wanci sonten kapethak kalayan paurmatan sakalangkung samuwa.

Samarang
Wonten tiyang kakalih sami bongsa cina, 1. anama oici sing ingkang satunggal anama oimoh sing, sami gagriya ing Samarang, cina kakalih wau sami kamipurun akur dhumateng kanjeng parentah ageng manawi piyambakipun sagah asuka panjurung uwos, dhateng titiyang alit ing Demak, ingkang sami kikirangan tedha, oici sing wau anggenipun badhe angunjukaken uwos kathahipun 1000 dhacin, oimoh sing 200 dhacin, senggah tiyang cina kakalih punika sami kenging winastan berbudi sarta welasan dhateng sasamining manungsa.

Akabaran ingkang kapacak ing serat Lokomotif katitimangsan 25 wulan punika anyariyosaken manawi andadosaken pareng ing parentah ageng tiyang cina kakalih ingkang kasebut ing ngajeng wauanggenipun sami kadugi anyaosi panjurung uwos dhateng titiyang alit ing Demak, wondene babah behbeyo wowan tilas mayor ing Samarang, kenging ugi kaalembana awit daganganipun uwos kasade ing Demak, sadacinipun namung kareginan 7 rupiyah 50 sen.

Surabaya
Wonten satunggaling tiyang jawi awasta Pakamidah, agegriya wonten ing kampung Agel, tiyang wau pangupajiwanipun asring anyewakaken asongsong kangge panganten jawi, dene songsong punika cetipun pethak ing pinggir jene, makaten wau kalebet awisaning nagari, mila dereng antawis lami kalampahan wonten pangantenan angangge songsong sewan wau saweg kadamel ngarak wonten ing margi lajeng dipun awisi karebat ing pulisi salajengipun kaaturaken dhateng ing kantor kapulisen.

Priyangan
Nalika tanggal kaping 11 wulan Januari ingkang mentas kapengker punika, ing Cilacap apdeling Tasikmalaya, wonten lindhu ngantos sanget ebahing siti, ing Tasikmalaya ugi karaos wonten lindhu anaming boten sanget kados ing Cilacap wau, dene ebahing siti boten wonten ingkang sumerep saking pundi wiwitanipun.

Nagari Walandi

Tuwan ge ep Sarle ing dhordroh, ing samangke sampunmangkat dhateng Neyoporek (Amerika) anumpak baita kapal latu winastan Roterdham, denen anggenipun kakesahan dhateng nagari Amerikah, tuwan Sarle wau badhe asumerep bab pratikelipun bongsa Amerikah anggenipun angebur sumur ingkang medal lisah petroliyum, utawi pratikelipun angresiki lisah wau.

Ing tanah Irlan, bawah ing nagari Inggris, wonten sawijining nyonyah sampun sepuh tuwin rencangipun satunggal sami kaaniaya dipunpejahi, ing samangke pulisi sampun anyepeng nyonyah kakalih ingkang kadakwa anglampahi raja pejah wau.

Panjurung saking Banyumas

Ing nalika dinten Jumungah kaliwon tanggal kaping 16 wulan Dulkijah punika, kadugi wanci pukul nem sonten ing dhusun Tambaksari kidul dhistri Sukarajam wonten lare jaka satunggilwasta Nasim anakipun tiyang estri rondha wasta ni Kadim, punika Nasim sampun suduk sarira mawi dhuwungipun piyambak ngantos tatu sapanggenaning tungtung manah ingkang iring kiwa, panjang sarya wiyaring tatu kadugi wonten satengah dim, ananging wau Nasim wilujeng boten ngantos anemahi pejah awit ing wekdal punika lajeng katahan dhateng biyangipun, dene jalaranipun anglalu makaten wau boten wonten tiyang ingkang sumerep sababipun, ing mangke wau Nasim sampun kapasrahaken dhateng tuwan dhokter ing Banyumas.

Katandhan pun Prawiralalita.

Magetan

Nalika tanggal kaping 9 wulan punika, wonten tuwan tukang ukur minggah dhateng pucaking redi labet, sarta ambekta tiyang kuli, tuwan tukang ukur waubadhe adamel anjir, sareng inggahipun dumugi ing ngarga dalem ( namanipun redi labet ingkang sampun inggal) lajeng katempuh ampuhan ingkang sakalangkung sanget, kalampahan wonten tiyang 11 ingkang anemahi pejah awit kasrepetan, dene sakantunipun ingkang taksih gesang sami anandang sakit, namung tuwan tukang ukur kaliyan mantri ingkang ngateraken tiyang wau boten kirang punapa-punapa sami wilujeng.

Sareng kanjeng bupati midhanget pakabaran punika saklajeng bidhal kaliyan tuwan kuntrolir, dhateng panggenan kasangsaran wau, badhe titi pariksa, angkatipun saking Magetan jam 1 dalu ananging sareng inggahipun dhateng redi labet dereng patos inggil, tindakipun boten saged lajeng awit kajawahan ingkang langkung deres, ampak-ampak anglimputimargi, ngantos peteng dhedhet, kados ing wanci dalu nuju panglong.

Mila kula amarlokaken amradinaken kabar wau, supados para priyantun utawi tittiyang sami pirsa yen ing wektu punika redi Labet jawahipun ageng, mongka punika ngajengaken wulan Sura, adatipun manawi wulan sura kathah titiyang utawi priyantun ingkang marlokaken tirakat minggah dhateng pucaking redi Labet, ingkang punika kula ngaturi pamrayogi manawi karsa, ing wulan Sura punika sampun ngantos minggah dhateng redi Labet awit mangsanipun jawah taksih kathah, prayogi kasarehaken karsanipun rumiyin, anyarantosaken benjing wulan Sura manawi kaleresan katiga, dene adrenging galih kula sumongga, namung ingkang ngatos-atos, sanguwa unjak-unjakan konyak ingkang kathah, slimut ingkang kandel, awit kula pirsa piyambak yen ampuhan boten kenging dipunsanak, sanajan dhateng tiyang ingkang sampun wanuh inggih dipunamuk kemawon.

Ing wasana manawi kapareng para priyantun wau sampun anglajengaken anggenipun gugon tuhon awit tiyang tirakat punika boten wonten pakantukipun.

Katandhan Endrayaksa ing sumber, Magetan.

Dahat kangen

Sampun sawatawis lami kula boten sasrawungan sabda akaliyan mitra kula ingkang tuhu asih, Radyan Kusumawicitra ing Ngayuja, mila ciptaning manah kula sakelangkung kangen, ing mangke kula nyuwun sumerepmenggah cangkrimanipun ingkang sisilih nama pun baru, kala rumiyin ingkang sampeyan batang kalayan kula, ananging pun Baru taksih dereng anarimah awit pambatang sampeyan tuwin pambatang kula kapendhet ki rata, punika sarehning kula sampun suka wangsulan tumrap ing Bra Martani anglairaken yen kula sampun boten kadugi batang malih, boten liya amung kula borongaken dhateng sampeyan bilih manawi saged.

Wasana ngantos samangke mitra kula dereng maringi katrangan kados pundi ingkang dados pamanggih sampeyan, manawi sampun pinanggih pambatang sanesipun saking kirat, mugi tumunten kapacaka ing Bra Martani.

Katandhan mitra paduka ingkang asih tresna salamenipun.

Wartatama.

Panjurung wangsulan

Kula sampun anguningani panjurungipun mitra kula sedyan, ingkang suraos aparing katrangan bab cangkriman ingkang sampun kula batang, namung ingkang tigang bab taksih kalintu, wasana mitra kula aparing katranganipun.

Ing ngrasukan tegesipun ing Klathen.

Prajurit tancege jarang tegesipun wader wirasoca.

Nagari budi kadlajad  tegesipun nagari dayaluhur ingkang punika sarehning kula tiyang bodho dados wewah kodheng manah kula manawi makaten anggenipun damel cangkriman pangraos kula kirang cumeplesipun sanes kaliyan ingkang gangsal prakawis punika sampun pakangsal sadaya.

Utawi pambatang sampeyan dhateng cangkriman kula kalih bab punika ugi dereng kaleresan kados ta ingkang kasebut ana swara saengga ora kendhat rina wengi, nanging ora ana wujude, pambatang sampeyan punika barat, dene barat punika kayaktosanipun meh kenging dipuntembungaken boten gadhah swara manawi manawi boten wonten ingkang dipuntrajang, ingkang anggadhahi swara wau barang ingkang wujud, kados manawi nempuh godhong ing kakajengan utawi sanesipun punika saestu wonten swaranipun kumrasak, denten ingkang kasebut ana rupa katon rina wengi naming ora ana swarane, sanadyan ing ngaru biru kayata tinabuhing piranti meksa ora duwe swara, punika pambatang sampeyan mega, punapa inggih manungsa saged angaru biru murih medaling swaranipun dhateng mega, tiyang inggilipun sanget, wasana manawi pareng mugi kagaliya malih sapisan engkas, awon tanggur kadamel cagak lenggah, manawi dereng leres malih kula angaturi katranganipun.

Katandhan sedyayu.

Sampun kapara lami anggen kula ngembat-embat badhe sumela ing Bra Martani, bab wontenipun cangkriman ingkang saben tumrap ing madyaning Bra Martani, nanging kula ragi sumelang kados alamipun  seep pe anerangaken tapsilah ing sastranipun Ranuwijaya lajeng katembalang dhateng Gunawan saengga cengap-cengap, nangi salajenging udur wau boten anyepenaken raosing kang kenging karaosaken, boten nyenyep anjembatna kados wutahing cangkriman.

Mila sareng kula  mirsani Bra Martani tanggal 30 Januari 1873 ongka 5 ing ngriku wonten tondha asmanipun Sumadenta mumuji tulusing mamitra lan Wartatama, jalaran kasub sengseming genipun batang binatang cangkrimananyenyel dhateng Puspataluki kaliyan Gunawan crah dening tembung samatra bab uduring pasangan na, samanten anggen kula kagege ing manah saengga boten awrat pangripta kula serat kula punika, kalayan boten sae

nuwun lepata saking eruning panggaliyanipun para sarjana ingkang sami sotah maosi seratan kula punika, yen gumelaring cangkriman wausaking pamanggih kula sabiyantu kaliyan konca kula sami amestani tuhu kothong sajatining kondha malah mandarpa karyaning lare, eman-eman tembungipun yen katumrapaken dhateng para parameng budi, wangsul ingkang dados uduripun Puspataluki, Gunawan sanajan kapireng sumelet, naming karaosing dangu lajeng amanis, sebab ing atasing pangulah sastra, utawi pranatan nelari tuwin lampahing pangadilan, sasaminipun ancen perlu sanget, kapabena wonten ngabyataraning serat kabar, amrih kasumerepanana dhateng tiyang kathah.
Ing sakpanyigeg kula anyerat punika punapa ingkang kasebut ing nginggil, anyarah kados pundi ingkang dados mufakating kathah, kalayan sampun kacupetan ing pangaksama.
Katandhan Secapura.

Katrangan
Ing serat pranatan pulisi bab prakawis jimat rajah sapanunggalanipun kasebut ing bab kaping 3 ongka 14 punika sakathahing jimat sapanunggilanipun menawi kacihnan kedah karampas sarta lajeng karisak sadaya.
F.L.W.

Punika Caroyos Babad Mataram
Raja pinutra angungrum, mas mirah ta ingsun gusti, kawula tur uninga, lami kawula ningali, wong ayu maranhg ing sira, tan kena dhahar lan guling. Andina-dina gung wuyung, amung sira kang kaesthi, ir mengko rumongsa gesang, apanggih lan sira gusti, pan kadi katiban wulan, sedhenge purnama sidhi, sang dyah ayu aris matur, manawi boten sayekti, sampun wataking wong priya, yen darbe karsa mring estri, lamun dereng kalampahan, basanipun sanggup asih. Yen katutuga ning kayun, aglis mungkure tan sipi, punika kawula mirsa, lumrah ujaring pawestri, wataking priya mangkana, pilih katung kang sayekti. Angandika raja sunu, adhuh ariningsun gusti, bener kaya ujar ira, katemu ujaring jalmi, yen mungguh ingsun mas mirah, teka andelen mas yayi. Mugi timbila sagenuk, yen ingsun cindra mas kwari, kithinga tanganku kiwa, tumulya angling sang dewi, pinggalih atur kawula, reraga kawula gusti. Miyin pan sampun katur, dhateng rama paduka ji, dene ing mangke paduka, akarsa dhateng ing kami, manawi duka sang nata, kawula dipun pejahi. Raja putra alon ngrangkul, tur sarwi angaras pipi, arum ingkang pangandika, dhuh mas mirah ingsun yayi, manawa duka sang nata, pan ora ingsun gingsiri. Nadyan tumeka ing lampus, wong kakalih kang nglampahi, raja putra angrarepa, arsa dhatengaken kapti, angukih padoning wastra, sang dyah tangkis sarya angling. Dhuh pangeran lahe sampun, andika karsa punapi, astane aguragapan, kang raka ngaras sarywa ngling, dhuh mas mirah kang sun tedha, kang dadi usada agring. Yekti ingsun mati wuyung, yen sira tan anjampeni, yekti sun pejah angarang, yen sira tan tulus asih, sang katung sira ngrarepa, sang dyah ayu wus kagingsir. Kagunturan ing pangungrum, sang dyah sampun angladosi, sang kakung nekung nekaken karsa, atutug kang karon resmi, sareng wayah byar rahina, sampun bedhah kitha mesir. Tan kawarna laminipun, raja putra langkung asih, kaliye sami katresnan, risampuning lami-lami, sang nata andangu sang dyah, katur yen sampun apanggih. Kalawan sang raja sunu, mila kalampahan panggih, pangeran ning Surabaya, punika kang anangguhi, sang nata kalangkung duka, mirsa sanglir gendhis panggih. Sri narendra kalangkung arutik, mring sang paman pangran Surabaya, kumejot padoning lathi, sri naredra Matarum, pan smya kagugu rumiyin, duk Pangran Surabaya, kala tur-atur, sarta bakisar mring nata, sri naredra dukanira anekani, mring pangeran Surabaya. Malah sampun pangran den telasi, apan lawan anak putunira, wong patang puluh kathahe, kang tinelasan wau, dening sira nateng Matawis, sadaya ngemu waspa, sakeh kang andulu, dening datan padosa, kawarnaha kyai Wirareja, dinukan mring sang nata. Kinesahaken anak lan rabi, pan dinekekna griya

naraga, lami-lami temahane, Wirareja puniku, pinejahan dening sang aji, wau kanjeng pangeran, dipati cinatur, dinukan dhateng kang rama, sri narendra pan sanget denira runtik, timbalannya mangkana. Timbalna pangeran dipati, si hoyi iku den patenana, yudan tanganan dhewe, yen tan kalakon iku, sayaktine pangran dipati, pan dudu anak ing wang, sapamirsanipun, pangran timalan ning rama, sakalangkung sakit sajroning galih, ni rara gya pinatyan. Aneng pakonci anumbles pribadi, pejahira sang rara punika, ki Mangunjaya anake, ri sampun ta puniku, jeng pangeran adipati agllis, tinundhung mring lipura, saking dalemipun, ing kadipaten samana, jinarahan estrinipun den boyongi, linebetaken ing pura. Miwah rajabrana apan enting, jinarahan tan wonten kantuna, punapa dening daleme, sakadipaten lebur, apan telas dipun obongi, tan winarna laminya, dhawuh ing babendu, pangeran wus ingapura, de sang nata wus tinetep saken malih, ing dalem kadipaten. Pan sama sang prabu Matawis, apan owah ingkang kana-kina, lamine tan kadi mangke, anggelaraken wau, wesi asat ira nglangkungi, kathah ngalap-alapsan, mantri myang tumenggung, bupati miwah santana, sami risak manahe wong samatawis, delajat praja lengka. Panakathah wau kang winarni, pan grahana surya lawan wulan, alimut obar-abire, dalu lintang kumukus, udan salah mongsa kang prapti, jalajating nagara, reng kakeh kadulu, yata ingkang kawarnaha, jeng pangeran Adipati Anom Matawis, karudatin ing nala. Ingkang dados brangtining wiyadi, sasedanira wau kang eyang, kang dados woding galihe, pangran Surabayeku, dening kedhik dosanireki, kongsi tumekeng pejah, sanak putunipun, miwah kang para santana, ing Mataram tan ana eca ing galih, mring bupati satriya. Nanging para bupati Matawis, amung kang tansah ing ngarsa-arsa, kang prayoga jumenenge, naledra neng Matarum, pra santana miwah bupati, sadaya sami rembagya, pangran jenengipun, nanging pangeran dipatya, duk semana tansah kewran jroning galih, dening taksih kang rama. Yen jumenenga aneng Matawis, kaya priye enggene ngendwihe, ing rama prabu jengenge, mandahta ucapipun, nagra lyaning kang ngraosi, iya kocap ing jana, katuju apurun, bapa amengsah atmaja, dadya pangran dipati tansah ngulari, kang kinarya warana. Angulari kang prawira sekti, watara kang kuwawi angrata, nagara Mataram kabeh, nanging ta dereng antuk, kang karaos dados sakandhi, ingkang amiwitan, ing karsa puniku, aneluk ana kang wadya, yata pangran dipati micareng ati, mangkana ciptanira. Datan ana prayogane malih, ya liyane si eyang kajoran, sun karya ing ngaling mangke, dening prakoswa iku, lan asekti sanget ta peki, si eyang ing Kajoran, ing atara ningsun, kawawabdah mataram, adipati anom wus kinen nimbali, lulurahe titiga.

Ongka 10 Kemis kaping 6 Maret 1873

# BRA MARTANI

Panuwun
Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Kauningana para tuwan sadaya, manawi ing sapunika kula sampun anampeni sastra enggal, mila sadaya panggarapan ing pangecapan badhe inggal rampungipun, sarta sae ing pangecapanipun, punapa malih kula ugi anampeni piranti adamel buk sakalangkung sae, sarta prayogi panyamakipun.
Jonas Portir en ko.

Kula wisudhan tuwin sanesipun
Teleghram saking nagari Walandi
Kanjeng tuwan toiyas, tilas residhen ing Surakarta ing samangke sampun kapatedhan pansiun.

Pasuruwan
Raden Ariya Suryanagara, patih ing Bangil, kaelih dados patih ing Pasuruwan.
Raden Ngabehi Mangundirja, wadana ing Keboncandhikaangkat dados patih ing Bangil.

Kadhiri
Tuwan Krusen kakulawisudhan dados asisten residhen ing Blitar.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Surakarta
Ing sapunika kantor pos sampun kaelih katunggilaken kaliyan kantor telegrap, punapa malih ing mesen sangajengipun kestalan kagunganipun kanjeng gupremen, tuwin ing setasiyon kareta latu ing peken legi, sami kadekekan kothak, wadhah serat ingkang ngadhek kakampen ing ngepos, lajeng kakintunaken dhateng sanesing panggenan, lah punika anggampilaken para tiyang ingkang sami gagriya ing Mesen tuwin para tiyang ingkang manggen wonten sacelaking setasiyon kareta latu.
Tuwan pos Komis ing Surakarta sampun kaelih dhateng ing Kendhal, amargi damelaning kantor pos wau sampun kadadosaken satunggal kalayan kantor telegrap, ingkang punika eman sanget, awit tuwan Komis pos wau taberi sanget, tuwin putus ing ngatasing pandamelanipun.
Para tuwan ingkang sampun maosi siti dhusun bawah ing redi Lawu sami anglempakaken arta panjurung, kathaipun 10.000 rupiyah, badhe kangge andandosi kareteg ing lepen Grompol, dene manawi arta samanten wau dereng cekap, ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan ingkang karsa amaringi kakiranganipun.
Radinan ageng ing batangan, ing balong saurutipun dhateng ing Purwadinigratan mangetan sadaya, ing kabalen tuwin margi ingkang anjok dhateng baron ing samangke kathah ingkang risak, ananging paprentahan boten karsa andhadhawah andadosi, ingkang punika prayogi sanget kalestantunaken makaten kemawon, awit ing sapunika awis tatedhan, bilih kakirangan sabin, saurutipun margi wau lajeng kenging kataneman pantun, boten susah kaluku malih.

Pakabaran salebetipun wulan Februwari kapengker punika:
Wanadikrama tiyang alit ingdhusun Brengosan (Kartasura), kesah anumpak kapal mawi belo, sareng lampahipun dumugi ing Malangjiwan (Mangkunagaran), kasamber ing gelap, Wanadikrama ngantos malesat saking kapal, dene kapal punika sarta belonipun sami pejah ing ngenggen, supradosipun Wanadikrama boten anemahi pejah, namung klenger kemawon, wentala temen sampeyan punika mas Wanadikrama, raosipun kados punapa kemawon kala jeblesipun.
Salikin anakipun Sawijaya ing dhusun Ngarum (Sragen) pejah kabalabak wonten ing lepen Kebon rama (Sragen).
Takrama rencangipun tuwan Ingsen, ing loji wetan, Surakarta, pejah ngendhat nyebur sumur.
Sasemita bekel ing dhusun Ngrendeng (Kartasura), pejah dhawah anggenipun deres kalapa.
Bok Trunadrana ing dhusun Gilang, pejah kabalabak wonten ing Banawisala.
Anakipun Wongsakarya ing dhusun Pandheyan (Kartasura), jaler saweg umur 4 taun pejah kacegur ing sumur, punapa sumur punikadereng dipunpageri.
Mangun, rencangipun tuwan Fan Ralten ing Manang ( Kartasura), ningali ringgit wayang dhateng ing dhusun Kramat, dipun suduk tiyang, tatu kalih, dene tiyang ingkang nyuduk punika sampun genah namanipun, sapunika saweg kaupadosaken dening pulisi.
Ing dhusun turus (Bayalali), wonten kaki-kaki pejah boten kantenan amarginipun. Kintening pulisi, pejahipun kaki-kaki punika kenging sasakit dhengkel, awit sepen tondha saking panganiayaning tiyang.
Sadrana kang nguni karan pak Rebo ing dhusun Pengkol (Klathen), pejah kapalethes ing kareta latu wonten ing karetegipun kareta latu ing Ngrebung, sampun layak kemawon pejahipun pak Rebo punika, tiyang dede ambah-ambahaning tiyang dipun ambah.

Rembang
Amangsuli kabaran nalika sedanipun kanjeng raden Adipati Condra Adinigrat bupati ing Rembang.
Serat pakabaran Bintang Timur anyariyosaken kanjeng raden adipati wau anggenipun karsa siram dhateng sapinggiring saganten punika sampun dados adatipun ing aben dinten, anaming ing saganten pinuju wontenalun ageng, ewa dene kanjeng raden adipati boten anggalih ing pakewedipun, kalampahan lajeng kasempyok ing alun ingkang andadosaken tiwasipun wau.
Kanjeng Raden Adipati Suryakusuma ing Samarang, sareng amidhanget kabar lajeng tindak anglayad dhateng ing Rembang, ngantos andherekaken pametaking layon dhateng ing astana.

Surakarta
Salebeting mongsa benter, lebu kumelud yayah anglimputi saisining praja, amun-amun angambak-ambakuruting margi kados aluning oseyan, salir tanem tuwuh anglayung warnanipun, jalaran koncatan ing jawah, ngantos sawatawis lami, esthanipun kados pawestri tinilar ing kakung ingkang saweg sasiyan, matemah mawelu ing ngulat, madya gantang resik angalela tanpa isi mega samendhung, adamel irising para tani, kakajengan, tataneman miwah cucukulan kathah lesah miwah garing saweneh tanpa rondhon, langkung malih sekar gacang, punika sami pating bentayang ngungsi ing nunung kang sami asrep, inggih punika dhateng dhusun Magetan kaprenah celak ing sukuning Meru Lawu, ananging wonten marti kaselak keparag ing benter, matemah sami jethot, o..o.., gaceng-gaceng, amung kantun satunggal ingkang teksih gesang, satak lebet ragi sekti, punika thuyuk dhuyuk ngantos saged dumugi ing dunung ingkang sinedya wau, ananing raganipun sampun risak, kenging kabasakaken kantun lunglit thokthok, saupami sekar gaceng ingkang satunggil punika katut pejah, ha rak sampun temtu badhe cures ingkang nama sekar gaceng, mongka gandanipun yayah anyoplokna grana.

Bya tita Yyang jagad nata ngeres ing panggalih mireng pasambating tanem tuwuh, cumlering swaranipun ngantos terus ing ngakasa, saksana gara-gara alamengan, tumuruning riris rainten dalu, siyang jawah sonten jawah dalu jawah, enjing umun-umun sampun gremis, kalen banjir, lepen banjir, susukan banjir, langkung malih Bangawan sala, pancen nagari Sala punika dhasar ragi karem banjir.
Lah ing ngriku tanem tuwuh rumaos gesang malih, bili katurunan riris sinerang ing samirana, swaranipun kumrasak gumuruh kados surakipun bala kuswa amboyong bayangan, utawi kados swaraning tiyang sewu sarengan adan wonten ing manara, angluhuraken asmaning Yyang ingkang maha agung, kocapa ingkang kasurang-surung, sekar gaceng sasampuning meh pegatan kaliyan nyawanipun lajeng manggen wonten ing pojok kebon andhepepel, wasana lajeng katurunan ing jawah, sapunika sampun modod radi inggil, adegipun methentheng, sarta ngupuh-upuh dhateng sekar sanesipun, bilih piyambakipun punika Puspataluki, mila kathah sekar ingkang gugon tuhon sami singak saha kekep mireng nama adi mekaten, ambetipun ngantos lumrang ing Bra Martani, dene ingkang sampun kaparag ing gonda banger wau, inggih punika pun gunawan kaliyan Jasman.
Sinekalan Yyang jagad nata tanpa ngesthi ing dunung.
Gunawan.

Sumitra kula Puspataluken, mugi amangsulana sarta amidhangetna atur miwah panjawab kula kados ing ngandhap punika.
Panjurung sampeyan ing larikan 4, mungel: kuwajibanira winisudha siswa ingkang punika mugi kawuninganan yen kuwajiban kula punika boten amamancahi sarta punapa sampun temen tuwin mantep anggen sampeyan muruni dhateng Gunawan, yen dhasar purun saestu, punapa apitakenipun Gunawan teka boten jengandika wangsuli, sarta pitakenan kula boten dika wangsuli, jengandika punika amastani kula tiyang boten sumerep tapsila, nanging dika pyambak teka numpuk-numpuk, mila ingkang enget lo, mas gaceng, mas gaceng yen kabentus ing parang curi, o.., rekaos sanget badhe dados gonda arum utawi badhe misuwur sanungsa jawi, rak inggih leres ta mas gaceng.
Jasman.

Panjurung kabar Bra Martani
Ing dinten Salasa tanggal kaping 25 wulan Pebruwari taun punika tuwan Lihput asisten residhen pulisi dhusun ing Klathen, bawah nagari Surakarta, dhateng dhusun Masaran tanah Sukawati kidul, ingkang methuk rawuhipun Raden Ngabehi Sutasudira, kaliwon pulisi ingkang bawahaken, jujug ingkang pulisenipun Mas Rongga Jayadimeja, sareng tuwan asisten residhen sampun mirsani pun para tiyang ingkang sami kakirangan tedha, lajeng karsa papriksa dhateng siti dhusun Gulangan kalang, ing Kalideres tuwin ing dhusun Gebang, ingkang kaleres dados pamaosipun Raden Mas Panji Kusumawardaya, ing saderengipun tuwan asisten residhen rawuh, sampun paring dhawuh anglempakaken sadaya tiyang salebetipun siti Ejung, ing sarawuhipun tuwan asisten kadherekaken Raden ngabehi Sutasudira, punapa dene Mas Rongga Jayadimeja, sarta para demang panatus pulisi sawatawis, sarenng sampun kaaturan pakurmatan ngunjuk wedang, tuwan asisten dangu piyambak dhateng Raden Mas Panji kusumawardaya, punapa sababipun tiyang alit ngantos kirang tedha, aturipun sabab sampun kalih masa leberipun panen rendhengan boten saged garap sabin walitan, margi anggenipun sami bendung lepen wodran, toyanipun boten saged wiwah dhateng sabin.
Punapa kirang santosa anggarapipun bendungan, santosa botenipun kula boten sumerep, ingkang garap sinten bendungan kalih masa punika kala ing taun be ongka 1800, tiyang dhusun Modran wasta Madyaniman, sareng taun wawu punika ingkang ngepalani bendungan

1 Mas demang Surareja ing dhusun Sendhen, 2. Mas demang Ngabdul salam dhusun ing Kauman, denten ingkang gadhah titika andamel lambung bendungan punika, tuwan Kareldhelken, sarehning tuwan Kareldhelken boten prelu ngangge toyanipun namung narimah kabayar arta, 62 rupiyah sataun, sumerep panibasipun lambung.
Saderenge madyaniman utawi demang Surareja lan demang Ngabdul salam, kang ngepalani panggarape bendungan niku sinten?, kala rumiyin inggih kula trekadhang Mas Rongga Jayadimeja, nalika siti dereng dipunpaosi dhateng para tuwan, rukunipun kaliyan bekel ingkang gadhah siti kadamel lambung bendungan bayar arta 24 rupiyah sataun.
Saniki napa boten wani dika nebas kaya demang Surareja, 62 rupiyah sataun, sampuna kalajeng saestu lahajeng, amargi yen saged lestantun minggah toyanipun, ingkang sapisan sabin kula akathah ingkang kenging kagarap, ingkang kaping kalih ingkang dados ngadat pundi ingkang sabinipun kaigahan toya inggih mawi bayar pasulu toya 1 bahu nem wang, utawi panggarapipun inggih kagarap sadaya tiyang ingkang sami gadhah sabin kaigahan toya.
Sareng sawontenipun tiyang alit dhusun Guyangan kalang ing Kalideres tuwin Gebang, sampun sami dhateng yen kang jaler kesah, inggih bojonipun ingkang sami sowan, lajeng kadhawahan ngumpul sadhusun-dhusun sampun ngantos carut, tuwin kang somahan ngumpula sami somahan, rondha kumpula sami rondha, tuwan asisten andangu piyambak dhateng tiyang alit, ingkang rumiyin dangu nama tuwin anggenipun tatanen, kaping kalih dangu pandamelan, kaping tiga dangu anak bojonipun, utawi dangu ingon-ingonipun pungkasan andangu taksih gadhah pantun punapa boten, sarta ingkang badhe katedha sadinten-dintenipun nadyan warni uwos utawi arta punapa sampun gadhah, aturipun sami boten gadhah sareng sampun dangu angsal tiyang 3 lajeng raden Ngabehi Sutasudira ingkang dumugegaken andangu, sareng sampun terang pandangonipun, tuwan asisten residhen dhawuh dhateng Raden Ngabehi Sutasudira, dikak aken nimbang wrat pundi, titiyang ing Guyangan kalang ing Kalideres tuwin Gebang katimbang kalih titiyang ing dhusun Kidulan tuwin tiyang dhusun ing Tawang, aturipun Raden Ngabehi Sutasudira, katimbang awrat tiyang dhusun Kidulan utawi tiyang ing dhusun Tawang, tuwin Mas Rongga Jayadimeja kadangu kawontenanipun dhusun Kidulan rehning boten bawahaken tuwin tebih, aturipun boten sumerep, tuwan asisten lajeng dhawuh mical arta, sarta kendel sawatawis tiyang tiga kang mical arta daweg angsal 17 rupiyah dhawah sarupane rondha kalangan majuwa, jukuka dhuwit iku rong rupiyah, Raden Ngabehi Sutasudira anyelani dhawah mekaten, iku dumen sakancamu rondha kang rata, tuwan asisiten dhawuh malih, iku ora susah kodup, wong siji rong rupiyah, yen sakancane rong rupiyah keduman pira, salajengipun rondha 6 kaparingan arta 12 rupiyah tiyang ingkang semahan, 12 tiyang satunggilipun paringi sarupiyah, tiyang ing Kalideres randhanipun 1 kaparingan arta 2 rupiyah, tiyangipun somahan 9 kaparingan arta 9 rupiyah, tiyang ing Gebang 3 kaparingan arta 3 rupiyah, gugung tiyang somahan24 rondha, 7 gugungipun arta kang kaparingaken 38 rupiyah.
Ingkang andadosaken ngungunipun manah kula kawicaksananipun tuwan asisten ingkang kalayan kayektosan ing akathah, wonten tiyang dhusun ing Guyangan kalang wasta Nayasemita sareng dhawah ngedumi arta Nayasemita wau kadhawahan boten kaparingan arta, dhawahipun makaten iku rupane wong kuwat mangan, ora bandumi kaya kancane, panggalih makaten wau cecek sanget, sanadyan pun Nayasemita saestu sampun boten gadhah pantun tuwin arta, nanging katimbang kancanipun taksih kuwat piyambak.
Punika taksih wonten candhakipun.

Panjurung ing Bra Martani, kang awit saking kodhenging manah. Ing nalika dinten malem Jemuwah angrinakaken tanggal kaping 23 Besar taun punika, kula kliyek-kliyek mubeng ing pacinan, saking sedya kula badhe lajeng badhe dhateng alun-alun, sareng dumugi peken ageng, kula kapethuk lare 3 iji, nanging wau lare mawicanten samargi-margi, ingkang kaginem bongsa kawi, rehning kula ragi melik dhateng gineming lare, kula lajeng wangsul

perlu ngondhol lare 3 iji wau sareng sampun langkah ing wande pelem lampahipun meksih mangaler, lajeng ura-ura ingkang …ga, sapengga cangkriman naming 2 pada sekaripun sinom, pratelanipun ing ngandhap punika.

Keh solahe lumaksana, ana nganan ana ngering, sarya busana mawarna, sasukane kang mantesi, ana kang salah kapti, amrawasa rowangipun, ana nganggo walang driya, witana ukum adil, mila kathah lina tanpa karana. Yen garwane asususta, laju denya pinisakit, pinajara tan weh …, aneng sajroning mamrik, mung boga den kintuni, linungken sinja pipintu, busana kongsi rusak, dahan denya kawlas asih, sinung luwar yen wekane wus diwasa. Sareng sampun rampung anggenipun ura-ura lajeng kula pitangledi, saking tuwin sedyanipun dhateng pundi, menggah wangsulanipun saking kampung Nyasadipuran bawah kados paten, bade nusul bendaranipun ing pondhokan margi lurahipungadhah damel mantu, mula lajeng dipunjakwangani pisan, kula lajeng inggih tumut, sareng sampun dumugi ing panggenan, kula dipunkekendel wonten sangandaping mandere cepaka pethak, ingkang boten tebih kaliyan pandhapi, sagahipunnaming sakedhapbadhe wangsul dhateng pagenan kula wau, sarengsampun antawis dangu lare boten wangsul, kula lajeng nyaket dhateng panggenan gongsa, sumedya badhe namataken para tamu, sareng kula sampun pespaos sanget ngungune manah kula, dene kabaripun ingkang kagungan damel punika naming pangkat panewu tuwin nglurahing abdi dalem panakawan pintul, tamonipun para ageng kathah, kadosta pangeran gusti ariya mayor kaliwon panji panewu, namung brayan tun panewu mantri ingkang tunggil sagolongan tingal malah kok sepen.

Wasana boten antawis dangu wonten tamu rawuh  sampun muru, wah sanget manah kula lajeng boten sakeca, kula lamun mantuk, sareng sampun dumugi ing radinan ingkang karaos-raos nami cangkrimanipun ing lare kados ingkang sampun kula pratelakaken ing nginggil wau, rehning dumugi ing samangke anggen kula nepangaken maksa dereng saged tepang, kula sumanggakaken dhumatengpara mitra kula ingkang sampun kasebut sarjana ing Bra Martani ingkang mugi wonten ingkang paring pitulung anjarwani babaripun ing cangkriman wau, awit badhe andadosaken suka pirenaning manah kula, sakalangkung-langkung panuwun kula saha atur kaurmatan kula kalayan taklim.

Sinerat ing Tanjur ngarsa kaping 25 Besar wawu ongka 1801.
Mitra kula pun Wongsamanggala.
Serat telegram amratelakaken manawi
Tuwan A. Piterpluh kaangkat dados direktur binen lan sebestir.
Tuwan Jeling aos, kaangkat dados residhen ing Batawi.
Tuwan Watendorp kaangkat dados residhen ing Ngayogya.
Tuwan A.ha. Swasing kaangkat dados residhen ing Tegal.

Ri sampuning katur tabe kula ingkang kathah katur ing panjenenganipun saudara tuwan ep. el. Winter redhaktur ing Bra Martani, manawi kagalih pantes atur panjurung kula punika mugi kapacak ing koran Bra Martani.

Nagari Pasuruhan awit ing santun sela ingkang mentas kapengker punika wonten ambah-ambah penyakit, jalaran panas ngelu sarta sawarnining rorosan sami linu, manawi salebetipun tigang dinten tigang dalu sami boten doyan nedha utawi boten saged ebah saking sangeting linu, yen sampun sakawan dinten punika awit saged tangi, tuwin awit doyan nedha, sakitipun pan angelu linu awit suda, anaming mawi wonten pegelipun, sanadyan makatena titiyang ingkang sami ginanjar sakit wau sami wilujeng sadaya boten wonten ingkang tiwas, ugi wonten ingkang tiwas anaming satunggal kalih kemawon, punika jalaran dipun pijeti utawi dipun urut, andadosaken sangeting sakit wau salajengipun dhatengi tiwas, mila ingkang sami

kenging panyakit punika lajeng dipun kendelaken kemawon boten wonten ingkang purun andhukunaken, dene sasakit wau ngantos samangke inggih taksih kemawon, kula boten saged anyariyosaken kathah kedhiking tiyang, etangipun ugi sadaya bongsa tuwin prayantun ageng alit dalah bayi umur kalih dinten inggih sami kenging sasakit punika, anaming samangke salong sampun saras utawi saweg sakeca punapa malih ingkang saweg wiwit ugi wonten, sabab wonten ingkang ngantos rambah kaping kalih malah sanget ingkang kantun, ugi namung tiga sakawan dinten lajeng sakeca, menggah jampinipun inggih namung samanggihipun piyambak kemawon, utawi kathah-kathah ing tiyang wonten ingkang boten purun jajampi, titiyang ingkang sami makaten wau yen sampun kalih dasa tuwin salangkung dinten lajeng lestantun sarasipun.
Katandhan Cariyos estu.

Manawi pareng karsanipun tuwan redhaktur sarta wonten selaning papan, panjurung kula punika mugi kapacaka ing Bra Martani.
Nagari Pasuruhan ing mangke sawatawis radi awis  tedha anaming titiyang alit etangipun boten wonten ingkang kirang tedha, dene regining uwos ing sapunika uwos pethak nomer 1 sampun kalebet dhaharipun para ageng sadhacin regi 11 rupiyahwos pethak ingkang nomer 2 kalebet dhaharipun para amtener sapanunggalanipun, sadhacin regi 10 rupiyah, uwos ingkang wuluh dhateng tedhanipun tiyang alit sadhacin regi 9 rupiyahsamanten ugi kathah titiyang ingkang sade uwos.
Sarta malih saking kencenging paprentahan saking kanjeng tuwan residhen utawi kanjeng raden adipati Pasuruhan, tuwin parigelipun para antener jawi, wadana saurutipun, medaling tataneman palawija kados ta, jagung, tela, kacang, bentul, sapanunggalanipun ingkang sami kenging katedha inggih kalebet kathah, dene sabin-sabin ing dinten punika ingkang genjah sampun kumempi kuning utawi ijem, pan tan ingkang lebet, saweg sami mrecuti mrekatak kumemping ijem utawi meteng sepuh, makaten ing tanah Pasuruhan, kalebet kathah padamelan, tiyang alit sami gampil anggenipun pados kauntungan, ingkang cekap katedha sadintenipun, mila boten wonten ingkang kurang tedha.
Katandhan Cariyos saleresipun.

Punika Cariyos Babad Mataram
Kang aran Pranata kalan sendhi, katiga aran Ki Andakara, wus samya prapteng ngarsane, pangran dipati muwus, eh den padha karaseng galih, iya sira den bisa, ngong duka sireku, alah iki aturena, serat ingsun mring eyang Kajoran aglis, poma wawekasing wang. Lah den kondang si eyang mariki, matura yen ingsun duwe rembag, mring eyang kajoran mangke, apranata wonten santun, andakaranampening tulis, kalih wus atur sembah, lumeser ing ngayun, lampahira gagancangan, datan dhemit lampahira tan winarni, wus prapta ing Kaojran. Pranantaka wus akintun weling, dhateng sira panembahan rama, kalamun wonten dukane, dipatya nom Matarum, lampahira amawi tulis, pangran Kajoran sigra, tedhak denya lungguh, arsa manggihi utusan, apan sampun tinimbalanduk kakalih, ing ngawe tur ing ngarsa. Ri sampunnya samya tata linggih, andakara aris angera, lampah kawula kinengken, de wayah tuwan niku, jeng pangeran dipati nenggih, kinen amba oamaka, ing tuwan pukulun, kinen ngaturaken serat, ya pangeran Kajoran gya tampi tulis, serat sigra binuka. Gya winaca sinuksmeng ing ngati, penget bubukaning ingkang serat, jeng pangran dipatya nem, kaatura puniku, mring pun kaki Kajoran nenggih, ingkang adi utama, ing sasampunipun, ingkang kadya sapunika, wiyosipun, andika kula aturi, pinaraka Mataram. Saking emeng kang manah ta mangkin, pramila ngengaturi paduka, pan tan wonten prayogane, kang madhangken ing kalbu, liyan saking pun kaki ugi, kang junjung awak ing wang, tan nyana lyanipun, mung pun eyang ing Kajoran, ingkang yogya ing mangke kula tangisi, sampuna maca surat. Panembahan

mengeng jroning galih kaya ngapa baya ingkang karsa, jeng pangeran iki mangke, datan anduga ingsun, pasemone surat puniki, dening ngong tinimbalan, tan kawarna wau, kerid pangeran Kajoran, mring Mataram datan kawarna ing margi, ing kadipaten prapta. Ki Pranantaka wus atur uning, mring gustine pangeran dipatya, yen pangeran prapta mangke, pangeran Kajoran neggih, angandika pangran dipati, lah mara aturana, si eyang malebu, yata sampun tinimbalan, ya pangeran Kajoran pangran dipati, pan wus tata alenggah. Pasemone pinanggih pribadi, panembahan lan pangran dipatya, kang abdi tinundhung kabeh, andakara kang kantun, lawan sira kiyahi sendhi, katiga pranataka, aris denya muwus, wau pangran dipatya, mring pangeran Kajoran eyang pan nenggih, eyang inggih andika. Mila inggih kawula aturi, kula arsa gunem papikiran, yen arembag eyang mangke, dening nagri matarum, salamine pan kadi mangkin, eyang mangke punika, tiyang samatarum, sami risak manahira, pra santana tan wonten eca kang galih, miwah para dipatya. Dening mangke sang prabu Matawis, apan badelan kang saban-saban, pramila eyang ing mangke, inggih kawula tantun, lamun rembug andika kani, karsane wong Mataram, bupati tumenggung, miwah kang para santana, pan manira jinunjung dados narpati, anggneteni jeng rama. Jumeneng aprabu ing Matawis, nanging manira eyang kemengan, dening ta punika taksih, jnenge rama prabu, mendah silih ucaping jalmi, lamunkongsi manira, mungsuh rama prabu, kaya papolah manira, dening bapa lawan anak rebut puri, iku merang manira. Mila kaki mangke ngong tari, arsa ngong karya wara neg yuda, yen rembaga ing karsane, ngebata ing Matarum, kang manira ingkang beyani, ingkang warni gagaman, myang raja brana gung, sakarsa dhateng sumongga, sampun dika eyang ngantos malang galih, ing pangraos kawula. Yen andika saestu ambalik, para mantri Mantawis sadaya, kadi yen ambalik kabeh, sakedhik kang akantun, pan kawula ingkang mangsiti, nanging dika kenginga, eyang karsaningsun, andika sun karya gelar, ya pangeran Kajoran turira aris, gusti lamun kenginga. Dipun sumene gusti ing galih, pan nagari mataram punika, kagungan paduka angger, lamun seda sang prabu, sinten yogya ingkang gumanti, tan lyan pangran dipatya, tan na yogyanipun, pan dipun sabar ing karsa, mongsa wande ing tembe gusti dhatengi, sampun anggege mongsa. Pan ngandika pangeran dipati, inggih leres ing pemut andika, eyang tan wonten dedene, nanging dene puniku, ing manira karsaken mangkin, lah kadi pundi eyang, dhateng dika turut, karsa manira punika, pan andika arsa nganggo aling-aling, junjung lenggah manira. Pangran Kajoran ameng ing galih, dening kanejng pangeran dipatya, asanget ing panggubele, pangran Kajoran wau, yata emut sajroning galih, yen darbe mantu ika, prawira ing kewuh, anama dyan Trunajaya, tur prajurit ingkang puputra ing nguni, nenggih demang Malaya. Ingkang pejah pan kala rumiyin, perang lawan pangran Danumaya, ing sasedane ramane, Trunajaya sih timur, ingkang paman ingkang genteni, kang aneng ing Madura, nenggih namanipun, adipati Cakraningrat, nanging tiyang ing Madura ageng alit, tan ana benceng manah. Apan namung Trunajaya nenggih, ingkang tansah pan ingngarsa-arsa, yen ing wong Madura kabeh, Ki Trunajaya iku, kalanira duk misih alit, angenger ingkang paman, lami-lami iku, Trunajaya pan diwasa, winastanan wau saya angranuhi, mring putrane dipatya. Milanipun arsa den pejahi, Trunajaya nanging wong Madura, akathah wlas asih kabeh, mila gesang puniku, pan angungsi pangran dipati, Trunajaya punika, nanging sakehipun, wong kadipaten sadaya, sinorogan marang sira sang dipati, Cakraningrat ing Sampang. Pinrih aja katur denya ngabdi, milanipun kaki Trunajaya, semana pangawulane, tan antuk marginipun, ambela yang saparaneki, apan kalunta-lunta, lami-lami iku, pinendhet mantu pangeran, ing Kajoran sakalangkung denira sih, wantune wong atapa.

Ongka 11 Kemis kaping 13 Maret 1873

BRA MARTANI

Panuwun
Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Kauningana para tuwan sadaya, manawi ing sapunika kula sampun anampeni sastra enggal, mila sadaya panggarapan ing pangecapan badhe inggal rampungipun, sarta sae ing pangecapanipun, punapa malih kula ugi anampeni piranti adamel buk sakalangkung sae, sarta prayogi panyamakipun.
Jonas Portir en ko.

Kula wisudhan tuwin sanesipun
Cirebon
Tuwan Rembaldo, kakula wisudhan dados asisten residhen ing Majalengka.

Surabaya
Raden Natakusuma, mantri aris ing distrik kulon nagari, kapatah ing ngrangkepan damelan dados linding landran ing Baweyan.

Pasuruwan
Raden tumenggung Cakrakusuma, bupati ing Bangil, kapatah angrangkep damelan jumeneng landing lan drad ing Bangil.

Bali
Kanjeng Gusti Ngurah Ketut Jalanthik, sampun lereh anggenipun jumeneng bupati ing Bulelelng.

Kedhu
Mas Wiradilaga demang ing Bulu, kakula wisudhan dados wadana ing Ngasinan.

Bagelen
Mas Ngabehi Kartawijaya, onder kolektur ing Ledhok, kaundur saking pandamelanipun kalayan urmat, sarta kaparingan onder setan ( inggih punika sasaminipun pansiyun).

Cirebon
Mas Demang Wiraguna linding landran, awit saking panuwunipun kaundur saking padamelanipun kalayan urmat.
Mas Jiwasasmita, mantri gudhang kopi ing Ciwaru, kakula wisudhan dados wadana ing dhistrik Kadhu gedheh.
Mas Demang Sastradiwirya, wadana ing Sindhang laut, kapatah angrangkep padamelan dados linding lan drad.

Mas Demang Prayawiguna, onder kolekutr ing Plumbon kapatah ngrangkep padamelan dados linding lan drad.

Banten

Raden Tumenggung Ariya Suryanagara, awit saking pamintanipun piyambah kalereh anggenipun jumeneng bupati ing Ciringin, kalayan paurmatan, sarta ing samangke kapatedhan nama kanjeng Raden Adipati Suryanagara.

Raden Jayanagara, patih ing Pandheglang, kaangkat jumeneng bupati ing Ciringin.

Pakalongan

Katedhan saseking serat pakabaran Selompret Malayu.

1. Mas Jaya Siputra, mantri kopi ing Paninggaran, Pakalongan, kakula wisudhan dados wadana ing Kebumen, Batang.
2. Raden Prawirengkusuma, asisten wadana ing Dara, kakula wisudhan dados wadana ing Pakalongan, dene pangkat mantri tuwin asisten wadana ing samangke taksih lowong.
3. Raden Ngabehi Suryaamijaya, mantri gudhang kopi ing Limpung, kakula wisudhan dados asisten wadana ing Wanabadra, dhistrik ing Sidayu, Batang.
4. Raden Atmawerdaya, juru serat ing kabupaten Batang, kakula wisudhan dados mantri gudhang kopi ing Limpung.
5. Raden Ngabehi Natawijaya, juru serat no.2 ing kantor asisten residhensi ing Batang, kakula wisudhan dados juru serat ing kabupaten Batang.
6. Raden Suryakusuma, magangan ing kabupaten Batang, kakula wisudhan dados juru serat no.2 ing kantor asisten residhen

Raden Arya Suryaadinagara, putra dalem kanjeng raden adipati ing Pasuruwan, papalih ing nagari Bangil, samangke kaelih dados papatih ing Pasuruwan.

Mas Ngabehi Mangundirja, wedana ing dhistrik Kebon Candhi, Pasuruhan, kaangkat dados patih ing nagari Bangil, paresidhenan Pasuruhan.

Cariyos tuwin Pawartos warni-warni

Awit saking pakabaranipun para tiyang ing pakampungan, ing samangke sampun kadhawahaken ing wulan Sura punika, titiyang jawi ingkang sami suran sarta weweh wineweh dhateng kadang karuh sapanunggalanipun ugi punika sampun dados adatipun tiyang jawi, ananging ing sapunika, manawi ingkang pancen boten gadhah arta sami kalilan boten susah mawi suran sarta wewehan, sarehning ing wekdal punika masa awis tetedhan saking palimarmaning parentah ingkang makaten wau sakalangkung prayogi.

Anuju satunggal dinten kanjeng tuwan residhen karsa tindak dhateng stasiyun sareng dumigi ing margi bawah Mangkunagaran, titiyanipun kareta boten saged lumampah, jalaran saking risaking margi, ingkang punika kanjeng tuwan residhen, lajeng andhawahaken dhateng kanjeng raden adipati Sasranagara, kadhawahaken dadosi margi ingkang risak wau, kang mongka radinan punika dede bawahing kasunanan, mila andadosaken kodhenging manah, dene radinan wau taksih kaambah ing tiyang kathah sarta boten kalebet kiwa panggenanipun, ewadene ngantos boten wonten ingkang ngakeni gadhah kawaijban.

Serat pakabaran Walandi winsatan Dhe poresten landhen, anyariyosaken manawi paprentahan ageng sampun anyudhiyani arta kathahipun 10000 rupiyah, arta samanten wau badhe kaganjaraken dhateng para tiyang ingkang sami kikirangan tedha, ing salebetipun wulan punika arta ganjaran wau sampun wiwit kawradinaken dhateng para tiyang ing padhusunan.

Ing dhusun Plupon bawah masaran, titiyang bongsa Cina ingkang sade apyan griyanipun kalebetan durjana kecu, sarta barang gadhahanipun sami telas sadaya, utawi ingkang warni arta kathahipun 2000 rupiyah, saking pakabaranipun ingkang dados benggoling kecu wau

parentah pulisi ugi boten kakilapan, ewadene ngantos sapriki dereng wonten kabaripun angsal titik utawi katerangan, lah punika saestu anggumunaken dene parentah pulisi teka anggadhahi kawelasan dhateng durjana wau.

Serat kakintunan ingkang kapacak ing serat pakabaran Walandi Dhe Poresten landhen wau, anyariosaken manawi bupati ing Ngampel sampun ananem rongga pulisi ing dhusun Nglawang, inggih punika tiyang neneman ingkang dereng kulina dhateng pandamelan pulisi, mila para tiyang ing ngriku sami ngungun ing manah dene ingkang kadadosaken rongga pulisi wau anjawi saking taksih rare sanget kaliyan dereng paja-paja anyekapi ing kawajibanipun, wah malih ing mangke boten agegriya ing Nglawang, pandamelanipun kasanggi wonten ing dhusun Dhayong tanah ing Kaliyasa ugi kabawah dhateng bapakipun piyambak, tuwan kaji ing ngriku utawi raden mas rongga pulisi wau, sarehning kabingahen manahipun dados rongga pulisi, lajeng karsa anganggit pranatan enggal inggih punika, serat pas panyadenipun kewan, ingkang wau namung kaparingaken mawi bayaran 15 sen ing samangke sarehning awis tetedhan kaindhakaken dados 50 sen punapa malih para bekel ingkang kabawah wawengkonipun sadaya, sami kadhawahan sowan dhateng ing dalemipun saben dinten Rebo, ingkang makaten wau saestu andadosaken rekaosipun titiyang alit.

Ngayogyakarta

Siti dhusun pamaosanipun tuwan Klaring ing Ngayogya wonten satunggaling wit dhuku, saweg sawatawis ageng witipun, ananging saben kala masa awoh anglangkungi kathahipun, manawa kaundhuh ngantos angsal sakawan utawi gangsal rembak, sareng anuju masanipun malih, dhuku wau boten awoh, namung wonten satunggal iji, anaming kalebet aneh who dhuku wau boten wonten ing ngepang, medal saking uwit ing tengah, yen tumrap padherekan pidak, katembungaken pacel, sareng ingkang rumaksa wau angaturi uninga dhateng tuwan Klaring, lajeng kadhawahan anjagi ingkang sae, wasana dumugini sepuh dhuku wau lajeng ing ngundhuh, kaaturaken dhumateng tuwan Klaring, sareng dipunpecah isi mesthika satunggal sarta anglangkungi sae warnanipun, wau mesthika salajengipun kadamel supe, anjawi saking pantes warnanipun misthika wau kalebet aneh awit ingkang sampun kalimrah ingkang asring wonten masthikanipun wau pijetan, manawi dhuku sawek punika.

Banyumas

Ing nalika dinten Jumungah paing tanggal kaping 23 wulan Besar punika ing dhusun Kaliencit (Sukaraja), wonten satunggal tiyang wasta Suradrana, ing wanci enjing piyambakipun pinuju mandung kalapa wonten wonten ing uwit, gadhahanipun tiyang wasta Sokabongsa, ugi ing dhusun ngriku, pikantuk kalih iji wasana sareng mudhun wau Suradrana lajeng kenging borang talapakanipun kiwa tengen, wau borang ingkang dipunpasang wonten ing tataripun uwit kalapa punika, ingkang masangi ugi Sokabongsa ingkang gadhah kalapa waum panuju wonten tiyang langkung satunggil ing celakipun panggenan uwit kalapa punika, tumunten Suradrana nedha tulung kapurih mendhetaken borangipun ingkang wonten ing talapakan wau, ananging tiyang ingkang dipuntedhani tulung sampun sumerep yen Suradrana mentas mandung kalapa, dumados boten purun mendhetaken amung lajeng nerus kemawon lapur dhumateng pulisi, salajengipun kaladosaken ing parentah nagari saha kajampenan dhateng tuwan dhokter ing Banyumas.

Katandhan Prawiralalita.

Tebok dhula ingkang akathah-kathah saha rinengga ing paurmatan ingkang amawantu-wantu, katur ing panjenenganipun saudara tuwan ep. el. Winter, redhaktur ing Bra Martani, ing nagari Surakarta manawi pareng saha wonten selanipun atur panjurung kula punika pugi kapacaka .

Malika ing dinten malem Akad tanggal kaping 3 wulan Sura ing taun jinem akir 1802, wonten satunggaling tiyang cina anama Kwik sik po ing kapmung pacinan kitha Pasuruhan punika griyanipun kalebetan durjana pandung medal menek pager banon ing sakilen griya, lajeng ambikak jendhela kamar, dene barangipun ingkang kabekta ing durjana pratelanipun ing ngandhap punika:
1 pasang supe inten barliyan, kateksir regi 4000 rupiyah.
1 pasang gelang mawi inten, kateksir regi 2400 rupiyah.
1 susuk kondhe mawi inten, kateksir regi 1700 rupiyah.
1 bethokan pending mawi inten, kateksir regi 2200 rupiyah.
1 gambar mas mawi inten, kateksir regi 800 ripuyah.
1 kembangan inten, kateksir regi 500 rupiyah.
1 pending ceklean, kateksir regi 500 rupiyah.
1 orloji 2 rante mas, kateksir regi 300 rupiyah.
1 iji pedhang blongsong perak, kateksir regi 300 rupiyah.
Ingkang warni arta 140 rupiyah.
Sadaya kateksir gungung 14.540 rupiyah.
Ing dinten punika para pulisi Pasuruhan saweg sami angupados katrangan ing wingking bilih sampun pakantuk kateranganipun, kula angaturi kabar malih.

Punika candhakipun cariyos tanah Mekenan.
Sasampunipun tuwan asisten residhen pulisi maringaken arta dhateng tiyang ing dhusun Guyangan kalang sapanugilanipun, sadaya tiyang wau dipunngendikani, kalayan tembang jawi, kadhawahan sami baberah pandamelan, punapa dene kang saged bebakulan, sami dikakaken kulak sadhean punapa sasagedipun, ingkang andadosaken pangungun kula, tembungipun lemes sarta sareh kados tiyang dipun julang dhateng sadherekipun sepuh kang asih.

Ingkang mongka andat jawi punika boten makaten, langkung malih ingkang bangsa dhusun, antawis wanci jam 3 tuwan asisten residhen wangsul dhateng kapulisenipun mas Rongga Jayadimeja, ingkang sapunika kaparingan pangkat panewu dhistrik, asantun nama Mas Ngabehi Sutandaya, kendel sakedhap lajeng kondur dhateng Klathen, sadaya tiyang ingkang dereng kapriksa kapitadosaken dhateng Raden Ngabehi Sutasudira, salajengipun maringana pitulungan arta, kantosa sawatawis dinten laminipun Raden Ngabehi Sutasudira sipeng wonten ing dhusun Nasutan, kang kapirang pakhabaranipun ucaping titiyang kathah warni-warni, sami ngalembana dhateng ingkang paring pitulungawit ing salami-laminipun dereng nate kaparingan pitulung makaten, sanadyan nalika awit tedha, nuju masa rendhengan taun Jimakir ongka 1778 punika tanah mekenan kidul, katembungaken bebonggol, inggih paceklih titiyang sami nanedha sapanggih-panggihipun, ingkang maksih radi kuwawi nedha jagung tuwin who gayam, kang malarat nedha bonggol pisang utawi godhong kremah, dipungodhok katedha kalawan sarem, ewa dene sasumerep kula, boten dipunparingi pitulungan kados kang sampun kula cariyosaken kajawi tanah jaga raga bawahipun kanjeng gupremen, yen boten lepat pamireng kula, nalika nuju awit tedha, para tiyang alit saben dinten dipun cadhong uwos.

Ingkang dados pangajeng-ngajeng wonten akarsanipun kanjeng parentah paring pitulung anyantosani pandamelipun bendungan ing mondran, benjing katika lebar panas sageda kaangge sabin wangsulan kados ingkang sampun kula pratelakaken, yen saged minggah toyanipun bok manawi andadosaken pitulungan, margi saking panimbang kula saupami katiga punika boten saged garap sabin bok manawi langkung rekaos katimbang kalayan sapunika, sabab kawontenanipun sabin tanah mekenan ing masa rendheng punika kirang prayogi sabab

rumput kawonaken nanem, saking lamining bethatan nalika ngangkat tanem gesang, sareng wonten toya tanem sampun kantep.

Kaserat ing dinten Saptu tanggal kaping 8 wulan Maret ing taun 1873.
Katandhan kawula pan Teguh.

Undhang-undhang
Tuwan Siper inten dhening kantor lelang ing Surakartaaparing weruh maring sarupaning wong yen kehe utang marang kantor lelang ing Surakarta awit anggone tuku barang kang kena usung utawa kang ora kena usung, kudu kabayar ing sajrone telung sasi kaetung wiwit dinten nalikane tuku barang mau, sapa-sapa kang ora anyaur utange ing sajroning wawangen kang kasebutaken ing dhuwur wau, bakal kaetrapake unine bab ping 28 ing layang pranatane kantor lelang ing …, kapacak ing layang setat seblad 1819 ongka 81.
13 Katandhan tuwan Siper inten dhening kantor lelang ing Surakarta. Se. ha. A. fan Der Weik.

Tuwan Siper inten dhening kantor lelang ing Surakartaawelingake marang sarupane wong kang duwe utang marang kantor lelang ing Surakarta ing sasi Nopember tuwin Dhesember 1872 ambayar utang mau sadurunge utang masa pungkasan sasi Maret iki, sapa kang ora bayar utange mau ing wangen kang kasebut ing dhuwur iki, bakal tinagih ing pangadilan.
Surakarta, 1 Maret 1873
Katandhan tuwan Siperinten dhening kantor lelang ing Surakarta.
14 Se. ha. A. Fan Der Weik.

Para priyantun ing Ngayogyakarta ingkang sami ngemima serat Bra Martani kula aturi ambayar tumbasipun serat Bra Martani ing taun punika, dhateng Mas Atmajawirya kados dene ingkang sampun kalampahan.
15 Jonas portir en ko.

Punika Cariyos Babad Mataram
Pangran Kajoran pan wruh wadi, wus uninga yen Ki Trunajaya, dadi prajurit ing tembe, ingkang sayogya iku, bisa ngobahaken ing benjing, nagara ing Mataram, mulane ing ngugung, dene mongsa polahira, mring Kajoran pangeran puniku nenggih, wontening ngarsa-arsa. Pangeran Kajoran ngandika aris, yen makaten gusti ingkang karsa, kawula pitudhuh bae, kawula darbe mantu, Trunajaya ingkang wawangi, putranipun ki demang, Malaya kang lampus, lan Pangeran Danupaya, pan punika miwiti apan prayogi, kinarya awerana. Angadeg aneng Madura benjing, dening gusti wirayat kawula, meh tumeka ing jangjine, nagri Mataram sepuh, apan sampun karsaning widhi, nagri Mataram rengga, sirna jenengipun, inggih nagri ing Mataram, datan kena gingsira apan wus pesthi, yen rusak kang nagara. nanging kantun ingkang amiwiti, benjing gusti pasthi lamuna, ingkang miwiti ing gawe, wikana sangkanipun, wus pinasthi karsaning wishi, kang ngrusak ing Mataram, tekeng jangjinipun, nanging ta gusti kawula, apan lumuh kapi awon ing rama ji, amiwitana karya. Mila kula akarya wakil, Trunajaya wus awak kawula, pangeran dipati linge, kawula ayun wruh, alah eyang dika timbali, kang aran Trunajaya, ri saksana wau, Trunajaya tinimbalan, sampun prapta samana ngarsaning gusti, pangran resep kang manah. Pangeran Kajoran ngandika aris, mila sira iki tinimbalan, ing gustimu nah angger, tinari sireng kewuh, lamun sira katitan becik, ya kinarya warana, tumeka ing lampus, sira pan kinarya wayang, awak ira iya kaki karya ringgit, alah iya sira den bisa. Yen paringgit ira datan bangkit, ing ngawayangana raja kekeran, genira angringgit raedn, pan karubuhan panggung, pasthi sira tumekeng pati, Trunajaya anduga, semune sang wiku, yen kinarya lampahan, aturipun sandika datan gumingsir, nadyan tumekeng pjah. Anglampahi ayahaning gusti, nadyan lebura kadi pratala, ingkang abdi

upamine, tan garantes sarambut, suka lila tumekeng pati, pangeran adipatya, asuka tyasipun, dening wau amiharsa, ing sanggupe Trunajaya tan gumingsir, amengsah ing Mataram. Angandika pangeran adipati, alah iya pan Ki Trunajaya, ing Sampang sun tedhak age, nanging ta wekasaningsun, Trunajaya sira den bangkit, ingsun karya warana, den samun ing laku, lah uwis sira muliya, marang Sampang sira irupa pribadi, wong Sampang tampanana. Alah sira bebega tumuli, aja ana seba mring Mataram, wong ing Sampang sarupane, dimen dipatinipun neng Mataram kari pribadi, dening parabot ira, kang belani ingsun, ngadega aneng Madura, nelukena pasisir monca nagari, sira awiwitana. Trunajaya anembah nuhun sih, tan kawarna ing sasolahira, pangran Kajoran wus muleh, kaliyan putranipun, Trunajaya ingkang wewangi, arsa mulih ing Sampang, apan kawus rembug, lawan panembahan rama, ingkang putra kinen miwiti rumiyin, ngadega Surabaya. Dene besuk yen kuwur Matawis, ingsun usul iya marang sira, iki ta uwis usume, ing Mataram nusa sepuh, wus pinasthi dening Yang widhi, sirna jeneng Mataram, ya wirayatipun, milane sira ngong duta, miwitana pasthi bedhah ing Matawis, dening wadya Madura. Sampun telas denira meling, Trunajaya wus mulih mring Sampang, lawan saanak renane, tan kawarna ing ngenu, ing Madura pan sampun prapti, pangeraning Madura, neng nagri Matarum, wong Madura keh amapag, Trunajaya samana pan sampun prapti, ing daleme kang paman. Datan ana awani malangi, ya punika gustinipun lama, kang den ajeng slawase, ingkang rama karuhun, ing Madura ingkang duweni, milanipun wong Sampang, sadayane suyud, kang datan eca kang manah, wong Madura apan ta ing ngantep wani, mring Raden Trunajaya. Iya pira lamine ing mangkin, wong Madura tan seba Mataram, binebeg atur wanine, wong Madura sumuyud, marang Trunajaya wus rakit, sedya mungsuh Mataram, tan kawarna wau, pan agenti cinarita, nenggih wonten palayon sedya angungsi, saking nagri Makasar. Apan kawon arebat nagari, sakadange milane ngajawa, lawan saanak renane, ambekta wong rongewu, krenggeleng song ingkang wawangi, lawan prajuritira aran busung pernung, aran panji karunuban, dheng makinjing, lawan dhaeng wirani, iku prajuritira. Wonten pun wong kawon ajurit, sangu telas semana ngrerayah, lir singa lodra solahe, wong pamit gir misusur, wong Makasar ingkang nginggahi, pra sami angrerayah, wong paminggir mawut, nagari ing Pajarakan, kang rinayah ing jro kitha apan enting, pan tepis wiring telas. Pajarakan pan sami angili, pan saanak rayate puyengan, sadaya giris manahe, lan dede bangsanipun, wong Makasar anggilani, dene panggedhenira, amondhok ing demung wong Tepis wiring kawetan, kang kacakan apan samya den jarahi, angili papuyengan.

Ongka 12 Kemis kaping 20 Maret 1873

# BRA MARTANI

## Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para priyantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Kauningana para tuwan sadaya, manawi ing sapunika kula sampun anampeni sastra enggal, mila sadaya panggarapan ing pangecapan badhe inggal rampungipun, sarta sae ing pangecapanipun, punapa malih kula ugi anampeni piranti adamel buk sakalangkung sae, sarta prayogi panyamakipun.
Jonas Portir en ko.

## Kula wisudhan tuwin sanesipun

Tuwan He. Ya. Fan Der ik asisten residhen ing Majakerta, kaangkat jumeneng residhen ing Bagelen.
Tuwan E. A. fan Dloten, kontrolir irsteklas, ing Rejang-kepahyang, kakula wisudhan dados asisten residhen ing Batawi.
Tuwan A.Dhe. Senabilye, irste kumis ing Alhemen retenkamer, kakula wisudhan dados sekretaris ing Basuki.

## Cariyos tuwin pawartos warni-warni

### Surakarta

Serat pakabaran Walandi winastan Dheporesten landhen, anyariyosaken bab luwengan sima ingkang kaprenah wonten ing margi celak kaliyan gredhu ing Jebres, menggah luwengan wau lebetipun kirang langkung saelo, dene ingkang andadosaken eraming akathah ing samangsa rendhengan punika, dereng wonten pakabaranipun manawi angsal sima, menggah ingkang kerep kalebet luwengan punika ing saben dinten namung kareta bendi tuwin grobak, ing ngatasing parakawis punika namung paprentahan pulisi ingkang wenang andhawahaken dhateng ingkang gadhahbebahan angurugana luwengan ingkang sami dipunwastani pasangan sima wau, awit manawi taksih lastantun makaten saestu andadosaken susahipun para tiyang ingkang sami kekesahan.

Bab sarat kenging latu tuwin sabarang kang panas ingkang andadosaken gosong utawi malendhung.
Menggah ingkang dados saratipun ing sanalika pundi ingkang gosong tuwin malendhung lajeng kacelupna ing wedang tawa satahanin, ingkang punika andadosaken kamayaranipun raosing sakit utawi panas, dene wedang tawa wau manawi sampun radi asrep, kedah kasantunan kados ingkang sampun kaangge ing ngajeng wau, manawi gosongipun mung sawatawis, kacelupaken ing wedang wau sajam dangunipun lajeng saras, dene yen ngantos malendhung punika kacelupna sajam dangunipun sarta lajeng kasudheta, manawi sampun kasudhet tumunten kacelupna wedang malih, dangunipun satengah jam, punika saestu lajeng saras kadosa ingkang wau, dene manawi sanget ngantos mlonyoh katingal dagingipun, punika

lajeng kacelupna ing wedang tawa dangunipun kalih tengah jam, ing sanalika wau wedalipun erah mindhak kathah, yen sampun tuntas erahipun, dagingipun katingal pethak, salajengipun katemplekana benang mentah ingkang alus, sarta kabuntela ing sinjang, boten antawis lami lajeng saged saras, ingkang saupami boten lajeng saras utawi medal nanahipun punika ing saben dinten kacelupna wedang tawa malih, sarta benang mentah tuwin buntelipun wau kasantuna ingkang enggal, menggah sirikanipun prenah ing tatu wau boten kenging kambetan toya asrep.

Batawi

Saking pakabaranipun tuwan Tomas wilan ingkang kala rumiyin angerehaken komidhi maintali, ing samangke sampun wangsul dumugi ing Batawi malih, sarta ambekta para tiyang amain komidhi kapal, ingkang saestunipun tuwan wilan wau ugi dhateng ing Surakarta tuwin sanesing panggenan, kadosa ingkang sampun kalampahan.

Manawi pareng karsanipun tuwan redhaktur, panjurung kula punika mugi kapacaka ing serat Bra Martani wedalipun Kemis ngajeng punika.

Awit ing lebetipun wulan Sura taun Jimakir ongka 1802, gusti kula ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan, karsa aparing ganjaran dhateng abdi dalem jaler estri sadaya, awarni pantun utawi uwos tuwin sarem, karsa dalem aparing kawelasan dhateng kawulanipun sadaya wau sarehning ing wekdal punika awis tedha, abdi dalem ingkang pangkat alit utawi ingkang boten gadhah lenggah siti, punika sampun ngantos rekaos anggenipun angingoni anak bojonipun, dene abdi dalem prajurit ingkang kaparingan ganjaran awit kopral sapangandhap dumugi saradhadhu, menggah sanesipun abdi dalem prajurit, ugi makaten patrapipun, kathahing paring dalem wau saben tiyang satunggil warni pantun 2 gedheng, uwos 1 bethakan, sarem 2 katos. Ing saben dinten kula eram aningali kathahing tiyang ingkang sami nyadhong pantun dhateng ing lumbung tuwin tuwin anyadhong uwos, sarem dhateng keniten, saben dinten wau ajeg saben enjing dumugi surup surya, ingkang punika andadosaken suka bingahing manahipun para abdi dalem sadaya, sarta asanget-sanget pamundhinipun dhateng sih kawelasan Dalem wau.

Utawi malih sareng kula bingali almenak damelaning Surakarta wedalipun taun punika, anjawi saking peni pasanipun ing mangke kathah indhaking kacariyosipun ingkang amaedahi dhateng ing ngatasipun tiyang bodho kados kula, kadosta perangipun ukuran timbang takeran sapanunggalanipun, sarta peranging sabin tuwin pantun, takeran llisah utawi wos, dalah etang cacahing kretas sarta regining dalancang segel, punapa malih lampahing kareta latu saha bayaranipun, utawi wragadipun, rapintunaken serat telegrap, lan etanging arta dhuwitan kadadosaken arta sen, ingkang punika anambahi suka pirenaning manahipun ingkang sami tumbas, anaming sareng kula mireng wiraosanipun titiyang alit ingkang anampeni arta sen igaran, punika sadaya sami susah sanget awit tamtu andadosaken pitunanipun, kadosta tiyang ingkang kaleres tampi balonja 5 rupiyah punika tamtu pitunanipun 10 wang, dene sarupiyahipun tuna kalih uwang, sabab manawi kadamel jajan utawi tumbas barang ugi namung pajeng kados igaran lami kemawon, mila yen angsal tiyang ingkang malarat anampeni arta sen igaran wau, radi brangbangi, awit wedalipun saking nginggil etangipun inggih katetepaken gangsal tigang dhuwit, witwe yen katanggor ingkang gadhah balonja mongka sampun katebasaken menawi medal inggih anambahi saetangipun sabab ingkang nebas boten ajeng nampani kados etangipun saking nginggil wau, amila saking pamuji kula wontena sih kawelasanipun para ageng ingkang sami angasta pangwasa, arta sen igaran wau sampun ngantos goseh reginipun saking nginggil dumugining tiyang alit sadaya, sabab

manawi taksih lastantun makaten tansah andadosaken susahing manahipun para tiyang ingkang sami kikirangan kados pun kula punika.
Katandhan Open.

Manawi arta sen igaran ingkang inggal kareginan sami kados dene arta igaran lami, punika badhe dados sulayaning etang, bilih wonten tiyang anggadhahi etang kados ing nginggil punika utawi anampik arta sen igaran wau, punika saestu ketrapan paukuman, bilih wonten panggugatipun ingkang bayar.
F.L.W.

Paparab kula pun Gagah, sangka kula dados juru anggagahi, lalabuhan kula inggih remen anggagahi, dene samukawis ingkang kula gagahi wau punika boten wijil saking roda paripaksa kulaananging mijil saking kabaudan kula aniniteni sumebaring pitembunganipun satunggal-tunggaling para winsis ingkang asmanipun gorohan kadhawahaken ing Bra Martani.

Kula amastani medal ing Bra Martani kalih rambahan ingkang kapengker, mandahwen amacakaken anggenipun ingkang ngantos saged ambingungaken manahipun tiyang alit, jalaran dipunoyak-oyak dening pulisi kadhawahan anggarap radinan bageyanipun ingkang anjemblong, sarta amacakaken malih anggitanipun ingkang adamel binglenging panggalihipun raden rongga pulisi dhistrik ing Nglawang.

Mas dahwen radinan ing ngrika-ngriki, prasasat sampun waluya sadaya, sande dados gagadhanganing taneman pantundene Raden Rongga ing Nglawang dereng kinanten waluyanipun, e.., Mas dahwen kula angengetaken sampun malih sampeyan purun amastani awon dhumateng sariranipun raden rongga ing Nglawang, punika ra kapeng-penganing pipiluyanipun ingkang bupati Ngampel, utusan saking priyantun rongga sanesipun, lah inggih punika putranipun panjenenganipun tuwan Ankhajiyah kyahi lepen siyam, ingkang remen prakawisan punika, dene kasagedanipun raden rongga inggih kula gelaraken kados ing ngandhap punika, Mas dahwen kajengipun kekel gujengipun, 1. Sastra Walandi tembung walandi sampun gayemanipun, dene sastra walandi tembung malajeng dereng nate thuk sungut, dalah martosaken kemawon boten, 2. Nyerat Jawi dereng saged, nyerat malih sageda tiyang anggenipun jajal-jajal maca sawek sapunika, 3. Saged amundhut prabeyaning kewan satunggil 50 sen kados cariyosipun Mas dahwen.

Serat telegram saking Acin, tanah Sumatra.
Kanjeng tuwan Niwene haisen, ingkang kapiji dados komisaris sarta kapatah angrembag prakawis ing nagari Acin, ing samangke sampun rawuh ing Acin, ananging Sultan ing Acin boten karsa amanggihi tuwan komisaris wau, mila ing sapunika sampun katetepaken manawi sultan ing Acin mamengsahan kaliyan kanjeng gupremen, dene wadya balanipun kanjeng gupremen ingkang sampun kaangsahaken dhateng ing Acin wau kathahipun 166 opisir, 3197 aradhawu, 450 prajurit marine, 34 mariyem, 197 kapal, 1000 tiyang pasakitan ingkang nyanggi damel mamikul sapanung-galanipun, ingkang dados titindhih ing wadya bala wau kanjeng tuwan Jendral Mayor Kohler, twe dhe komandhan, tuwan kolonel Ehterpan Wisikerke, ingkang ngaras dados pangagenging setaf, ingkang sami dados bataliyon komandhan, 1. Mayor kapalye, 2. Mayor Kenut, tuwin Litnan Kolonel Pantil, komandhan arteleri, Litnan Kolonel Baumister, ingkang dados pangagenging administrasi Mayor Opsetedhe, komandhan sapir, Kapiten Leres, ingkang dados pangagenging dhokter, Litnan Kolonel Beking, komandhaning kapaleri, rid mister periye, komandhaning barisan ing Madura, Litnan Kolonel Dherosemon ingkang dados pang-agenging pandamelan ukur (opname), kapitan Ponbalusen.

Menggah baita kapal latu ingkang kapatah anjagenin ing lautan, 1. Anama Sitadhel van Anworpen, ingsi mariyem 13 iji, 2. Jadbi, isi 16 mariyem, 3. Marnik isi 6 mariyem, 4. Surabaya, isi 2 mariyem, 5. Sumatra, isi 4 mariyem, 6. Kuhoren, Siyak, bronbek, baita kapal latu tiga punika sami isi mariyem enen iji, punapa malih baita ageng kathahipun 9 ingkang anunggel baita kapal wau.
Nagari Acin punika kaprenah ing tanah Sumatra ingkang sisih ler sarta kathahing titiyang 2000.000 ingkang gagriya ing nagari Ngacin wau.

Panjurung minongka angosikaken
Serat saha tabe urmat akathah-kathah mugi katur ingkang saudara tuwan ep. el. Winter, redhaktur ing Bra Martani nagari Surakarta, manawi saudara anyondhongi tuwin wonten lungkanging papan, serat kula punika mugi kapacaka ing Bra Martani, kawedalna ingkang tumunten, supados tumanduka ing ngabyantaranipun ing kanjeng parentah ageng, ingkang ngasta pangadilan luhung.
Sarehning sampun 9 taun lamenipun anggen kula serat aturan katur ing kanjeng parentah ageng nagari, saking prakawis anggen kula ngejogi taker tedhak, nalika Kanjeng Sampeyan Dalem ingkang Sinuhun, krama amarengaken salebeting taun jimakir ongka 1794, tumonja dhateng kabupaten kaparak tengen, kathahing ngarta jog kirang langkung 275 rupiyah pethak, punika sampun kula totol kaping rambah-rambah ngantos dumugi samangke meksa dereng wonten katranganipun, wondene sadaya serat ingkang dados praboting prakawis inggih sampun katur ing nagari, mila wau prakawis kula gebyaraken ing Bra Martani, boten murih satunggal punapa, namung sarehning prakawis sampun lami tuwin samangke sampun langkung anggen kula ginanjar kamlaratan, wau prakawis sampun ngantos kalajeng jugar, makaten ugi manawi ingkang jeng parentah ageng nagari boten tumunten angganjar sih kawelasan, aparing karampungan ingkang tumunten ing ngatasipun, kula saanak rayat sadaya badhe wonten ingkang nemahi kaliren, awit boten wonten ingkang kula jagekaken liya saking punika, mila sakalangkung-langkunging panuwun kula inggalipun karampungan wausupados dadosa jalaran panggesangan kula saha nak rayat sadaya.
Ing nagari Surakarta tanggal kaping 15 wulan Mukaram warsa Jimakir ongka 1802.
Katandhan Raden Ngabehi Sasra andaga.

Manawi kawontenanipun prakawis punika boten nalisir, saestu paprentahan ingkang kethar ing kawajibanipun ing wasana kauningana Raden Ngabehi Sasra andaga, manawi ing kala rumiyin saderengipun jumeneng kanjeng raden adipati ingkang sapunika ugi kathah prakawis ingkang gumantung ngantos lami sanget, awit saking kirang katranganipun, wondene ingkang dados pangajeng-ngajeng kula ing sapunika, mugi paprentahan karsaha andhawahaken karampunganipun prakawis ingkang kasebut ing nginggil punika.
F.L.W.

Punika Cariyos Babad Mataram
Apan isih aneng Matawis, sira ngabehi ing pajarakan, mila suwung nagarane, yata ingkang winuwus, Sri Narendra neng Matawis, pan lagya siniwaka, wau jeng sinuhun, pepak ingkang para putra, myang santana satriya prajurit, andhe aneng paglaran. Ingkang mugying ngarsaning narpati, pangran dipati anom Mataram, ajajar lawan arine, pangeran Singasantun, lawan pangeran Puger anenggih, Pangeran Martasana, ingkang mugying ngayun, anuli para santana, jeng Pangeran Purbaya samya anangkil, jeng Pangran Pringgalaya. Lawan raden tumenggung Matawis, lawan sira jeng Pangeran Balitar, Wiramenggala jajare, Wiratmaja neng pungkur, dyan Prawira ksru anangkil, lawan Panji Karsula, Wirakarta ngiyun, Tumenggung Mangun nagara, samya pepak para bupati Matawis, andher ing pagelaran. Wadanane wong

manca nagari, Darmayuda sira Pasuruhan, apan ta wau apepe, aneng waringin kurung, sakancane para bupati, ngabehi Praba-lingga, lawan jajaripun, Naladika ing Caruban, Wirasaba ki ngabehi Wiraganti, ngabehi pajarakan. Ki ngabehi gembong wongsa ganti, tiyang monca nagara sadaya, neng waringin kurung pepe, kapirsa mring sang prabu, angandika nateng Matawis, sapa kang pepe ika, neng waringin kurung, umatur pangran Purbaya, inggih abdi paduka sri narapati, ngabehi Darmayuda. Sakancane ing monca nagari, sami pepe ning waringin kembar, sri nara nata welinge, marang gandhek pangayun, timbalana mring ngarsa mami, tiyang gandhek agepah, lampahe lumayu, nimbali Ki Darmayuda, sakancane agupuh kang den timbali, lumayuh amendhapan. Prapta ngajengana sri narapati, mukanira konjem ing pratala, kang sowan sumuyut kabeh, angandika sang prabu, apa sira pepe ken kami, Darmayuda tur sembah, kawula anuhun, ngaturaken pejah gesang, Darmayuda tiwas pan tengga nagari, ing tampingan brang wetan. Wonten mengsah Makasar nginggahi, watawise wonten kalih nambang, pun galongsong pangajenge, langkung dening arusuh, angrarayah ing tepis wiring, nagari pajarakan, kang rinayah gempur abdi dalem apuyengan, kang abongga apan sami den pjahi, ingkang nuturi nagah. Risak abdi dalem tepis wiring, nenggih tiyang Makasar punika, wonten demung panggedhene, kawula nuhun bendu, kados pundi karsa narpati, sang nata ing Mataram, angandika arum, yen mengkono Darmayuda, lah sakehe iya wong moncanagari, nuli padha muliya. Alah sira mapaga tumuli, ingkang musuh Makasar punika, brang wetan kirigen kabeh, angluruga mring demung, lah sun wehi sira tetindhih, si karsula meyanga, nindhihana laku, prange wong monca nagara, anggawaha lah sira santri panumping, wong sewu numbak anyar. Wonten lurah apan saragning, sira angawehi Wongsadipa, yata ingandikan age, sampun jinunjung lungguh, pinatedhan sira nagari, ing Japara punika, nuli kinen mantuk, anakmu sira gawaha, lawan sira si ngabehi Jagapati, lawan Jaga manggala. Iya ta lawan si Wiragati, padha miluwa marang Japara, dening lelurahmu dhewe, sira wehna anakmu, ya si Tanumenggala iki, tugura ing Japara, saragni ning sun, si Guntur geni miluwa, lan si Guru bedhil serenden tumuli, iya marang Japara. Iya lawan lurah wong pasisir, ya si mangunonengya miluwa, marang Japara sakehe, pan dimene atugur, neng Jepara den ngati-ati, wau sri nara nata, samana wus kondur, dhumateng ingdalem pura, ingkang sowan bubar saking ponca niti, nembah yuda kenaka. Oreg wadya ing Mataram, aneng taji denya amepek baris, wong manca nagara kumpul, Darmayuda suruhan, ambela bargagaman wus aneng ngayun, watakipun wong Mataram, wau kang dados titindhih. Para bupati brang wetan, sadayane samya wismeng Matawis, aneng ing taji akumpul, warung lan garobogan, ing sesala baloro wus akumpul, ing Jipang lan Jagaraga, kaduwang lan pra nagari. Madiyun ing pamagetan, ing kalang bret kumpul lawan wong rawi, ing Kadhiri wus kumpul, sarengan lan Balitar, Wirasaba Pasuruhan wus akumpul, pra sami anata bala, ing rampel lawan ing tangi. Gagaman wus amalatar, yen dinulu kadi prawata sri, lelayu lan umbul-umbul, katumbing sami rana, kadya ombaking samodra yen dinulu, gagaman awarna-warna, pan kadya prawata sari. Gebyaring sanjata lanang, kadya kilat, yen tinon angajrihi, ngendhet tinembang angungkkung, angrok swaraning bala, kadi gerah kriciking watang atarung, asring gadebeging bala, kadi udan sinemeni. Waos binang winegigan, laring banyak tiningal tulan lyarsi, waos bung ngampel lan wargu, cemeng kumbala badhak, kang jininggring waos cemeng ing ngayun, lelayu pan tinon amyang, wong satus kinumbak putih.

Ongka 13 Kemis kaping 27 Maret 1873

BRA MARTANI

Panuwun
Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Acin
Para prajurit wadya balaninpun kanjeng gupremen ingkang sami kaangsahaken perang dhateng Ngacin, dene pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Wadya bala dharatan

para opsir prajurit karerehanipun gunggung ageng

| Para opsir tuwin karerehanipun | Walandi | Jawi | Walandi | Jawi | Opsir | Karerehanipun |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Titindhih tuwin opsir stap | 6 | - | 6 | - | 6 | 6 |
| Inpantri tuwin opsir stap | 88 | 28 | 731 | 1906 | 116 | 2637 |
| Kapaleri tuwin opsir stap | 3 | - | 60 | - | 3 | 60 |
| Arteleri tuwin opsir stap | 9 | - | 131 | 99 | 9 | 235 |
| Seni tuwin opsir stap | 8 | - | 73 | 56 | 8 | 129 |
| Administrasi tuwin opsir stap | 10 | - | 29 | - | 10 | 29 |
| Dhokter tuwin opsir stap | 14 | - | 62 | 39 | 14 | 101 |
| Gungggung | 138 | 28 | 1097 | 2100 | 366 | 3197 |

Para prajurit barisan ing Madura, ingkang sami tumut kaangsahaken prang dhateng ing Ngacin, punika saking satengah bataliyun ing Bangkalan, ingkang dados pangageng Mayor komandhan Raden Mayangkara, dene prajurit Sumenep tuwin ing Pamekasan ugi saking satenga bataliyun, punika pangagengipun Raden Arya Suryaningrat, menggah ingkang dados titindhihipun Litnan Kolonel Dherusemon.

Ing samangke wadya bala sadaya wau sampun sami umangkat numpak baita kapal latu, kasebut ing ngandhap punika:

1. Anama Piliyamakinon, katumpakan para opsir setap satunggal kompeni walandi tuwin para tiyang pasakitan 800.
2. Anama Guprenur jendral Meiyer, katumpakan prajurit inpantri bongsa walandi tuwin jawi saking bataliyun 9.
3. Anama KonengWilem III katumpakan prajurit inpantri walandi tuwin bongsa Ambon saking bataliyun 3.
4. Anama Baron Selut pan dhebele, katumpakan prajurit inpantri bongsa Walandi tuwin Jawi ing bataliyun 12.
5. Anama Baron benting, katumpakan satunggal bataliyun barisan inpantri ing Sumenep tuwin Bangkalan.
6. Anama Johan Elisabet katumpakan prajurit kapaleri tuwin arteleri sarta tumpakanipun kapal tuwin prabotaning prang sadaya.

7. Anama Susana Johan, katumpakan prajurit arteleri ugi dalah tumpakanipun kapal utawi prabotaning prang sadaya, punapa malih satunggal kumpeni sapir tuwin minir saprabotipun.
8. Anama Josepine, punika kamomotan tetedhan sapanunggilanipun.
9. Anama Marten pan Rosen, ugi kamomotan tetedhan sapanung-galanipun.
10. Anama Kosmopolit III baita punika kangge amulasara para prajurit manawi wonten ingkang anandang sakit.

Serat telegram saking Batawi, anyariyosaken manawi wadya bala ingkang umangsah dhateng ing Acin sampun anumpak baita sadaya, punapa malih Kolonelpan Dholen karsa tumut umangsah perang dados titindhihipun para prajurit inpantri, dene ing padhang badhe dados pondhokanipun para militer ingkang ingkang sami boten saged anglajengaken tumut perang, sarta sakathahing serat badhe kakintunaken dhateng ing ngriku.

Nalika tanggal kaping 20 wulan punika kanjeng tuwan ingkang wicaksana komandhaning wadya bala dharatan sampun karsa tindhak dhateng ing laut amariksani sakathahing prajurit ingkang sampun wonten ing bahita kapal, kanjeng tuwan ingkang wicaksana wau sareng sareng lumebet dhateng ing bahita kapal latu anama Baron benting, ing sasampunipun mariksa barisan Bangkalan tuwin Sumenep, lajeng animbali mayor kakalih, Raden Mayangkara kaliyan Raden Arya Suryaningrat, kanjeng tuwan ingkang wicaksana lajeng ngendika makaten.

Wus antara rong taun tumekaning saiki, nalika kula mariksani pabarisan Bangkalan tuwin Sumenep, sarta aku wus anyaguhi marang para prajurit iku samongsa ana perang bakal dak lurugake, mulane ing mengko bareng ana perang ing Ngacin, aku anglaksanani kang wus dadi kasaguhanku, utawa maneh aku ora anduweni sumelang marang prajurit ing Bangkalan tuwin Sumenep wau, aku anamlokake yen ….. ing perang utawa ing sauliye masthi kalawan paurmatan, ……. Punapa malih bupati ing Bangkalan ugi angandika dhateng pabarisan, ….. cekakipun para prajurit sadaya wau sami kapurih antuk ……. ambektaha banderanipun kalayan paurmatan, manawi boten saged makaten aluwung sami pejaha wonten ing paprangan, sarta sampun ngantos panggih pinanggih malih, utawi malih kulnel Wigres karsa angandika ing tembung walandi dhateng pabarisan, dene ingkang anjarwakaken ing tembung Madura tuwan asisten residhen Krayen nuret, menggah suraosipun awit pabarisan Bangkalan kalayan ing Sumenep punika salamenipun sami congkrah boten rukun ing manahipun, sarehning ing samangke sasarengan sami kalurugaken perang anunggil sabandera, mugi sami atepanga rukun kados sadherek tuwin pawong mitra, sampun ngantos sulaya kados ingkang wau-wau sarta sami anglabuhana dumugi ing pejah, sasampunipun makaten Raden Mayor Mayangkara, badhe amurugi dhateng panggenanipun Raden Arya Surya ning prang lajeng kapethukaken sami sasalaman wonten sangajengipun pabarisan.

Pethikan Serat saking Bintang Johar.
Satunggaling walandi asilih nama X.Y., amacak serat wonten ing pakabaran malayu winsatan Bintang Johar, menggah suraosipun amratelakaken kawelasanipun dhateng para tiyang ing Demak tuwin ing Grobogan, ingkang sami kikirangan tedha, kados dene ingkang sampun kalampahan antawis kawanlikur taun dumugenipun ing sapunika, dene siti ing Demak tuwin Grobogan wau ing kala rumiyin ngantos sami garing, anela sarta sakathahing tataneman boten medal wohipun kalampahan kathah tiyang kikirangan tedha tuwin kaliren ngantos anemahi pejah, punapa malih kathah titiyang ingkang sami sade anak saking sangeting kikiranganipun, mila ingkang dados pangajeng-ngajeng sakathahing para priyantun tuwin sadengah abongsa ingkang sami cekap boten kikirangan satunggal punapa mugi-mugi wontena karsanipun aparing panjurung sih kawelasan dhateng para tiyang ing Demak tuwin Grobogan wau,

sanadyan para priyantun ingkang karsa aparing pitulungan punika boten uninga ingkang dipunparingi, ananging ing tembe manawi midhanget pakabaran para tiyang ingkang sami sanget kikirangan wau amanggih wilujeng boten anemahi pejah kaliren, saestu andadosaken suka pirenanning galih.

Dene tuwan X.ij. wau anggenipun angintunaken serat panjurung dhateng tuwan redhaktur ing Bintang Johar akanthi arta kathahipun 100 rupiyah, ingkang pancen kangge amitulungi dhateng para tiyang ing Demak tuwin Grobogan ingkang sami kikirangan tedha, ingkang punika andadosaken pratondha kautamen, sanadyan bongsa walandi, dhateng sadaya bongsa ugi sami anggadhahi kawelasan dhumateng titiyang jawi, dene para priyantun sadaya ingkang sami karsa paring sih kawelasan arta dhateng titiyang ing Demak tuwin ing Grobogan wau saestu kenging lajeng angaturna dhateng para ageng ing nagari, utawi kakintuna dhateng para tuwan redhaktur ing serat pakabaran sadhengaha.

Ngayogyakarta

Nalika pamasrahipun pangwasa residhen kala ing dinten Kemis tanggal kaping 4 wulan Maret punika, wanci pukul 10, Kanjeng Tuwan Bos amasrahaken pangwasanipun residhen ing Ngayogyakarta awit sampun kaparingan pensiyun, dene ingkang kapasrahan pangwasa wau kanjeng tuwan asisten residhen Yekel, sadangonipun kanjeng tuwan Bos dereng rawuh dene pamasrahipun wonten paresidhenan pondhok, sasampuning papasrahan pangwasa wau para priyantun ingkang sami rawuh kaetang sanagari sadaya, kadosta kanjeng gusti Pangeran Adipati Anom amengku nagara, sarta para pangeran santana, tuwin Pangeran Adipati Surya Sasraningrat saha para santananipun pangeran, utawi para upsiripun, Kanjeng Raden Adipati Danureja sarta para bupati nayaka tuwin santananipun sadaya, para bupati anem, tuwan komandhan ing loji ageng, saha para upsir, para amtenar utawi tuwan-tuwan mardika, sami mangangge roki cemeng, dene para priyantun jawi ingkang boten angsal mangangge cara walandi, sami bebedan arasukan sikep kuluk cemeng, sareng pangwasa sampun katampen dhateng tuwan asisten residhen, kanjeng tuwan Bos katingal badhe medal pansiyun, mila para priyantun katingal rumaosipun sami ngungun ing manah, awit sampun lami anggenipun amimitran, wonten ing nagari Ngayogyakarta, dados para priyantun sadaya wau sampun sami dhumawah katresnanipun, mila andadosaken terkejut ing manah saingga meh anglunturaken waspa, o..., mugi-mugi pamitra samiya enget ing atasingpun para bongsa yen taksih gumantung kabekjanipun, utawi gumantung ing cilakanipun, namung samanten wau ingkang murba anguningani inggih ingkang maha kuwasa.

Bab awising tetedhan ing samangke sanadyan tatedhan wau kapetang awis kanimbang kalitan taun ingkang kapengker punika tiyang alit boten patosa orek manahipun utawi boten wonten reresah awit saking kaberenipun para pulisi, anggenipun rumeksa dhateng tiyang alit, malah sampun angatingalaken anggenipun miturut wuwulanging nagari ingkang sampun kaengetaken wonten cepenganipun, lah punika andadosaken suka pirenaning nagari.
Kondhestu.

Urun panjawab

Ing Bra Martani ongka 8 wonten panjurungipun sajuganing wanudya anama pun Kenil, ingkang tinandukaken dhumateng Radyan Sedana, suraosipun anyuwun berkah saserepan bab tiyang pejah ingkang gadhah titilaran pantun kathahipun sangang lumbung, badhe kabagi dhateng semahipun titiga.

Sarehning saengga samangke radyan Sedyana dereng karsa mangsuli panjawab saking panyuwun punika, mila kula purun anyela-nyela badhe urun panjawab, manawi kaleresan saking pangetang kula lumbung sasanga wau isinipun sadaya gugung 45 amet, dumados satunggil-tunggiling semahipun leres tampi bagiyan 15 amet, dene pamendhetipun bageyan amurih sampun ngantos ngudhal pantun salebeting lumbung, punika makaten, bok sepuh kapendhetaken lumbung ongka 1, 2, 3, 4, lan 5, bok panengah mendhet lumbung ongka 6 lan 9 dene bok wuragil mendhet lumbung ongka 7 lan 8, punika saestu sampun sami waradin pikantuk 15 amet sowang.

Ingkang punika panedha kula, manawi urun panjawab kula ing ngajeng wau taksih nalisir mugi pun agung pangaksamanipun mitra kula pun Kenil, awit saserepan kula amung samanten, boten pisan yen kula saweg angungasaken kasagedan kula.
Katandhan Wartatama.
Kula ingkang ngaturi panjurung, walgang tatumraping serat kabar nama Bra Martani saking …. sungkawaning manah dene ngantos dangu pamireng kula manawi kanjeng tuwan residhen A.ye dhe. Bos, ingkang ngasta pangwasa ing nagari Ngayogyakarta Hadiningrat, saking karsanipun kanjeng gupermen, kanjeng tuwan wau kaund saking kalenggahanipun, sarehning nembe punika griya kula tebih karesidhenan, mila pamireng kula ngantos lami, kaping kalih kula ngundher kimawon, sabab ingkang kula rembag ugi namung tata tentremingipun kampung kula piyambak.
Sareng kula mireng kabar, kula lajeng manggihi dhateng lurah kula, Raden Panji Jayawilaya, kula nyuwun priksa dhateng lurah kula wau, wangsunaipun yektos manawi kanjeng tuwan kaundur kalenggahanipun, punika kula utawi lurah kula wau lajeng sami sidhakep sanget angogo-ogo, amargi saking saenipun panggalihipun kanjeng tuwan nalika ngetrapaken pulisi wonten nagari Ngayogya ing saklebetipun 8 taun boten kirang satunggal punapa, ingkang punika pamuji kula dhateng kanjeng tuwan mugi dipuntebihna sagunging dringga baya, mugi kaselakna dhateng sagunging kabejan.
Sinrat ing purnama Sura warsa Jimakir sinengkalan laku ilang esthati.
Kula ketanggel Jayapengirit.

Panjurung saking Bojanagara
Wonten satunggaling tiyang cina wasta Tan yoku, gigriya ing dhusun Kapas dhistrik Kemayang kabupaten Bojanagara (Rembang), gadhah anak jaler kalebat aneh sanget, sabab sirahe lare wau agengipun wonten sakrambil ingkang ageng dalah tabonipun, ing nginggilipun irung mawi cula atos agengipun sakepel, ing mangke lare sampun umur 2 taun saha wilujeng.
Katandhan Pratikta dirja.

Ing nalika dinten Setu dalu angrinakaken tanggal kaping 10 wulan taun punika, griyanipun bok Mangun ingkang manggen ing kampung Kanoman bawah kabopaten kaparak tengen, punika kalebetan durjana pandung, lebetipun babah kaleres sawetaning kori ingkang ngajeng, ngantos mendhet barang katimang mas mawi inten, tuwin dhuwung punapa dene barang sanesipun, lajeng kadekek panggenan ingkang boten tebih kaliyan babahan wau, durjana saking antawis malebet griya malih ngupados panunggilanipun, bok Mangun wau kawicak tiyang cekap, sareng boten dangu griyanipun bok Mangun wau mubal ugi kasulet ing pandung, kaleres pojok ingkang kidulipun, ingkang gadhah griya kaget lajeng jelo nedha tulung, rehning nuju mongsa rendheng, ubaling latu boten patos cikat, katukep pingkathah para ingkang sami tandang latu lajeng sirep, wasana ingkang gadhah griya sumedya ngupados toya badhe kadamel wisuh, sumerep bilih wonten bawahan, punika lajeng celak-celuk dhateng tongga tepalihipun, sareng dipunobori sadaya barang ingkang kapendhet ing durjana taksih wetah wonten panggenan ingkang caket kaliyan babahan wau, ingkang dados gumuning

manah kula wau sakedhik, dene kok sampun pikantuk barang kathah tur sampun sakingga kacepeng wonten tanganipun dereng narimah kedah ngupadosi ingkang boten-boten, mindhak kenging paribasan “buru uceng kelangan deleg”, makaten ugi tangganipun ingkang boten tebih kalih griyanipun bok Mangun wau ugi kababah ing pandung ngantos tigang panggenan anggenipun babah, sami wilujeng boten wonten lumebet, punika inggih sareng sadalu.
Kaping 13 Sura Jimakir 1802, katandhan pun Daya Kuswala.

Ingkang nama Raden Ngabehi Sasra andaga punika, manawi dene Sasra andaga enggal, rak Sasra andaga ingkang sampun kapocot rumiyin punika, emperipun inggih bilih sampeyan punika Sasra andaga lami, sasebutan sampeyan raden ngabehi kedah sampeyan selehaken tumunten sampun manggung sampeyan unggul-unggulaken ing Bra Martani kemawon, mindhak damel ajrihing para lare dolan, karana tiyang alit ingkang sampun gadhah sasebutan raden ngabehi punika sariranipun aji sanget, mongka sampeyan purun angangge sasebutan punika, amesthi titiyang ingkang dereng sumerep badhe kablorongan, ah, sampeyan punika lajeng boten sumerep ing tata, mocot sampeyan rumiyin, saking pamireng kula amargi anggen sampeyan binyubak-binyubuk purun nanggel prakawis ingkang dede kawajiban sampeyan, sapunika sampeyan purun ngangge sasebutan raden ngabehi.

Kula pitaken dhumateng sapeyan Sasra andaga, bilih prakawis sampeyan ingkang sampeyan ucapaken wonten ing Bra Martani meksa boten saged karampungan tumunten, punika lajeng sampeyan umukaken ing kabar pundi malih, sarta anggen sampeyan purun anggelaraken prakawis wonten ing kabar wau punapa sampeyan dados leresipun.

Pulisi ingkang dhawahaken Sasra andaga punapa boten anglapuraken bilih sasra andaga kamlaratan sanget sarta badhe kaliren saanak bojonipun, karana pamireng kula kanjeng gupremen taksih anyadhiyani yatra ganjaran dhumateng titiyang ingkang sami kaluwen.
Sasra andaga kajugulan sampeyan dhateng tembung tuwin balempohan sampeyan dhateng sastra jawi, punika pancen boten kula paelu, ananging sarehning kula punika tiyang cugetan aten dados saben-saben kula maos serat dadamelan sampeyan asring kaken manahkula, jalaran jegrag-jegreg kakathahen lungsi, punapa sampeyan sumerep ingkang nama lungsi wau sarta kanggenipun pasangan, pethek kula boten, lungsi makaten pada lingsa ingkang kajejer wujudipun punika, inggih punika ingkang sampeyan anggep pada lingsa sarta ingkang tansah sampeyan suwiyah-wiyah kanggenipun, lalabuhan busuk ingkang kados sampeyan punika amesthi gadhah daya sumeged, sumongga niyat sampeyan badhe makaten, gagaweyan kula yang iki cetha banget awit angger saengkregan mindak dekoki pada lingsa wah loro, punika klintu den, dadamelan sampeyan serat wau boten padha, malah bundet abubet.
Katandhan Jaka Mayang.

Tuwan Bliyem amtenar ….., ing Magetan samangke sampun dados kuntrulir ongka 2 wonten ing Sumarata (Madiyun), nalika angkatipun kanjeng bupati tuwan para priyantun kathah sanget ingkang anguntapaken bedhilipun, titiyang ingkang numpak kapal saking watawis kula langkung 100, pantes para priyantun ing Magetan sami tresna dhateng tuwan Bliyem wau, awit kalakuwanipun prayogi sanget, panggaliyanipun jejel, boten mawi ilon-ilonen, mila kula purun sanjang yen priyantun Sumarata bagja, pikantuk kuntrulir tuwan Bliyem.
Raden Mas Ariya Prawiradirja, kliwon ing Magetan, samangke kapocot awit saking kalepatanipun punapa boten genah riya, punika boten maedahi sarta taberi kawedal, ingkang dipunaji-aji ing kathah.
Ing sapunika sabin-sabin ing bawah Magetan katingal boten kakirangan ing toyawarnanipun ijem alema-lema, punika ingkang dados panglipuring susahipun para tiyang tani, langkung malih jagung sampun miwit angundhuh, regining uwos sakati 7 sen, titiyang sadaya katingal

ayem, tiyang kriya tani sengkud nyambut damel, kanjeng bupati katingal taberi rumeksa ing kasenenganipun tiyang alit, sampun ngantos tambah ing susah.
Katandhan Gambir malathi

Lampahing kareta latu ing Indiya Nederlan
Saking Semarang dhateng ing Surakarta tuwin ing Ngayogyakarta utawi kosok wangsul.
Para tuwan ingkang sami angwasani lampahing kareta latu angaturi uninga manawi awit tanggal kaping 1 wulan April ing ngajeng punika, para tiyang ingkang sami anumpang kareta latu klas 3 ingkang lumampah ing antaraning nagari Surakarta tuwin ing Ngayogyakarta, boten langkung tebihipun satunggal setasiyon utawi panggenan akendelaning panggenan kareta latu wau punika sami kenging tumbas karcis klas 3 wau, sakalangkung mirah reginipun dene regining karcis utawi namaning setasiyon tuwin panggenan pakendelaning kareta latuwau sami kapratelakaken ing ngandhap punika.
Para tiyang ingkang tumbas karcis klas 3 ingkang kasuda reginipun sami kalilan ambekta barang namung sacekapipun panggenaning kalenggahanipun, dene para tiyang ingkang sami tumbas karcis klas 3 kados ing ngadat punika kalilan alumebet rumiyin, punapa malih manawi kareta latu sampun dumugi ing satunggaling stasiyon utawi panggenan pakendelanipun, boten kalilan titiyang tumbas karcis ingkang kasuda reginipun wau kangge anumpak kareta wau dhateng sanesing setasiyon utawi panggenan pakendelan sanesipun, utawi malih bilih kareta klas 3 kirang ing papan palenggahanipun karcis kang suda reginipun wau badhe katedha wangsul, dene arta panumbasipun ugi lajeng kawangsulaken dhateng para titiyang ingkang sampun tumbas wau.
Katandhan Para tuwan ingkang angwasani lampahing kareta latu.

Punika cariyos Babad Mataram
Yata wau kawarnaha, Panji Sula kang dadi senapati, tiyang ing japan akumpul, iku santananira, kiya panji saking japan angsalipun, milu nagara ing japan, sinungaken ing sang aji. lAn dadi padananira, wong panumping punika kang sapalih, yata asiyaga sampun, sadandaning yuda, titihane apan kinapanan sampun, kang bala umyang gumuruh, ana sami saos ing jawi. Lagya apamit ing garwa, para putra nangis samya bondhoti, apan sami kedah tumut, ing rama mangun yuda, ingkang rama datan suka taksih timur, mring putra myang para garwa, panji karsula mangka ngling. Lah uwis padha kariya, den abecik iya sapungkur mami, kala ingsun ora mantuk, yayi pangrasaning wang, lamun ingsun yayi tumeka ing lampus, ingsun titip putranira, dening iku maksih alit. Kang garwa matur karuna, mila dika kiyahi andarbeni, pangandika kang kadyaku, dening sedya kawula, mugi dika tulusa ngong awu-awu, nora bisa angawula, liyane saking kiyahi. Panji Karsula ngandika, apan uwis karaseng jroning ati, inggih mungsuh ingkang rawuh, kalangkung dening awrat, apan ingsun pinitaya ning sang prabu, ingsun kinen nindhihana, prange wong monca nagari. Yen tan ngentasana karya, pasthi ingsun yayi pan wirang mulih, tan kawarnaha solahipun, samana sampun bubar, kang tinilar sami karuna geng wuyung, sira Ki Panji Karsula, bubar kang bala angiring. Pan wong sewu numbak anya, wong bumi jaka lawan wong panumping, kadi prawata sekar, tan kawarna ing taji sampun arawuh, tempuh gagaman Mataram, kalawan monca nagari. Pepakan para niyaka, sakeh monca nagara rembug pikir, Panji Karsula amuwus, nedha sami arembak, sampun wonten apradudon ing laku, lah nedha pinatah-patah, pangawat kiwalan kenaring. Ing mangke rembag kawula, Onggajaya dadi pangawak kering, anindhihana ing laku, wong Jipang lan Balora, ing Kaduwang Magetan lan Madiyun, ing warung lan Garobogan, dadiya pangawat kering. Dene kakang Darmayuda aneng kanan kang dadiya tetindhih, den sami prayitneng kewuh, kang dipun tindhihana, wong Garesik punika sawarnenipun, sarengat lawan Balitar, Prabalingga lan ing Tangil. Kang dadi cucuking tingal, wong Kadhiri lawan wong Pranaragi,

wirasaba kanthinipun, kalawan wong karsasa, benjing temaha ajana mundhur ing kewuh, yen ana mundhur ing rana, sun sosog teka  ing wuri. Manira kang dadi dhadha, sun akanthi iya wong Matawis, sadaya saha rembug, sakeh para dapatya, enjang bubar kang bala umyang gumuruh, asrang lan kriciking watang, kadi udan sinemeni. Untabing ponang gagaman, yen sinawang kadi prawata sari, curane bala gumuruh, ing rowang kadi gerah, kang gagaman awarnawarna dinulu, kadya kirka welagar, tanpa wilangan kang baris.

Ongka 14 Kemis kaping 3 April 1873

# BRA MARTANI

Panuwun
Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Kula wisudhan tuwin sanesipun
Tuwan ep. Beyering, asisten residhen ing Brebes kaelih dhateng ing Majakerta, Surabaya.
Tuwan ye Milemeinter, kakula wisudhan dados asisten residhen ing Brebes, Tegal.
Tuwan Stirling Kuneman, asisten residhen ing Indramayu ing samangke sampun pikantuk pamit dhateng nagari walandi.

Mas Singadiwirya, wadana ing gantungan, kaelih dados wadana ing Tegal.
Raden Ngabehi Kramajaya Adimeja, asisten wadana ing dhistrik Tegal, kakula wisudhan dados wadana ing gantungan.

Kendhal.
Mas Sastraatmaja, mantri gudhang kopi ing Curuk, kaelih dados mantri gudhang kopi ing Sukareja.
Mas Sasrakusuma, mantri gudhang kopi ing Boja, kaelih dados mantri gudhang kopi ing Curuk.
Raden Mitataruna, mantri pulisi ing Boja, kakula wisudhan dados mantri gudhang kopi ing Boja.

Kedhiri
Mas Prawirasudira, mantri kopi ing Jambeyan, kakula wisudhan dados jaksa landrad ing Blitar.
Raden Ngabehi Daya atmaja, magang kantor Kedhiri awit saking sae saha tumemen dhateng kawajibanipun kala ing tanggal kaping 13 ugi wulan Maret 1873 punika, kinula wisudha dados mantri gudhang kopi wonten ing dhusun Jati dhistrik Ngasinan, apdeling Tranggalek (Kedhiri), saha kapatedhan balonja 65 rupiyah sawulanipun.

Samarang
Mas Yudakusuma, wadana dhistrik ing Grogol tuwin Mas Reksasemita, wadana ing Singon kulon, sami kapatah dados lingding landrad ing Samarang.

Priyangan
Mas Suryawijaya, wadana ing Cimahi kapatah dados linding landrad ing Sukabumi.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Surakarta

Serat pakabaran walandi winastan Dheporesten landhen anyariyosaken manawi satunggaling tiyang jawi anama Sastradipura dados bos wahter (inggih punika tukang jagi wana), ing Nglawang, dene anggenipun gagriya wonten ing dhusun Senalan. Sastradipura wau purun-purun anerak awisaning nagari, angangge songsong kados dene panganggenipun mantri, mongka ing dhusun Senalan wau boten tebih kaliyan griyanipun pulisi ingkang ambawahaken, lalampahan ingkang makaten punika punapa sababipun pulisi boten amarduli dhateng tiyang ingkang purun-purun angangge pratingkah makaten wau, punapa malih ing dhusun Senalan ngriku sami kakinten manawi kathah tiyang ingkang sade apyan peteng, utawi bab songsongipun Sastradipura wau, ugi kaembet nunggil prakawis punika, sanadyan boten makaten Sastradipura wau sampun kalepatan sarta sampun kenging kapatrapan paukuman, ingkang punika saking pangajeng-ajeng mugi wontena karsanipun paprentahan nagari amatrapaken ing saleresipun.

Mangkunagaran
Nalika tanggal kaping 5 wulan Maret ingkang mentas kepengker punika, abdenipun Raden Mas Aryana Atmaja 1 anama pun Rejep, 2 anama pun Becik, sami amiruda ambekta barang warni-warni pangaos 2435 rupiyah langkung 40 sen, dene anggenipun miruda tiyang kakalih wau badhe dhateng ing dhusun Munggur, anaming dereng ngantos dumugi ing ngriku lajeng kinaniaya ing durjana dipunpejahi sarta barang babektanipun kapendhet sadaya.

Kanjeng parentah agung sampun karsa anamtokaken manawi abdenipun mayor kakalih, Raden Mayangkara tuwin Raden Arya Suryadiningprang ingkang sami andherek dhateng Acin sadaya kaparingan tedha awarni uwos kaliyan sarem, dene para tiyang pasakitan ingkang sami anyanggi pandamelan kuli kaparingan balonja satunggal tiyang 5 rupiyah, mandhoripun 10 rupiyah ing dalem sawulan tuwin ing saben dinten sami kaparingan arta patumbasing rokok, satunggil tiyang ½ sen, punapa malih ing saderengipun mangkat sami kaparingan pursekot balonjanipun sawulan.

Awit saking pakabaranipun kanjeng gupremen badhe karsa mundhut bantu prajurit ing Mangkunagaran tuwin prajurit ing Pakualaman, kalurugaken ing Acin, ingkang makaten punika manawi saestu ing babingahipun manawi kalampahan tempuk ing prang, awit para prajurit wau saderengipun dereng nate nglampahi amethukaken mengsah.

Saking cariyosipun tuwan Winter, bandera ing nagari Acin adhapur dhuwung tumumpang ing garisan prapatan warni abrit, nanging ing serat tuturutaning lampah ingkang kabektakaken dhateng para upsir ingkang sami kalurugaken ing prang, mawi kanthi gambaripun pasiten ing nagari Acin, pandamelanipun sarana soroting srengenge, terang sarta kadhasaran sinjang mori, wonten gambaripun bandera kalih iji, ingkang satunggal kagunganipun kanjeng sultan adhapur lading wiyar tumumpang ing dhasar warni abrit, sarta landhepipun ajeng-ajengan, ingkang satunggalipun malih kangge para abdi, adhapur tanggalan tuwin garisan pasagi pethak tumumpang ing dhasar warni abrit.

Serat kikintunan saking Sukaraja, katandhan Sastrapartama, anyariyosaken manawi kala tanggal kaping 27 wulan Pebruwari ing taun punika, ing dhusun Kalisogra wetan wonten maesa ngamuk, sawatawis radi amegahaken awit dipunsanjata ngantos rambah kaping tiga boten kadamel raos, anaming titiyang ing ngriku dereng wontena ingkang miris manahipun utawi dipunjenengi para pulisi ing Sukaraja, mila kathah tiyang ingkang sami tandang tulung ambekta dadamel warni-warni, dene maesa wau kados karanjingan tansah merem kemawon mripatipun, dangu-dangu kajegur ing lepen Kliwing, anaming wujuding maesa pancen anglangkungi ageng inggilipun sarta kabincih panjang sungu 2 kaki 3 dim, menggah maesa wau yen ta sampuna lajeng kajegur ing lepen saking watawis radi dangu ing pejahipun.

Serat pakabaran winastan Slompret Malayu anyariyosaken manawi Raden Ngabehi Martadilaga, papatih ing Salatiga sampun atilar donya mantuk dhateng kalanggengan, jalaran sakit panastis, dene satilaripun Raden Ngabehi Martadilaga wau, para wadana kathah ingkang sami andarbeni atur panyuwun kawrat ing serat supados kaganjara pangkat papatih wau.

Prabalingga
Raden Natawijaya kumetir taneman tebu ing Tongas, punika purun-purun angewahi angkaning arta sasambutanipun, kasebut ing serat rekening lelang kathahipun 100 rupiyah, kakerik kadadosaken 10 rupiyah, menggah prakawis punika sareng kauningan ing parentah, Raden Natawijaya wau sakalangkung anggenipun kalingseman, kalampahan lajeng anglampus raga kalayan sanjata pejah ing ngenggen.

Banyumas
Kala ing malem dinten Kemis angrintenaken tanggal kaping 20 wulan Maret punika, watawis wanci pukul sadasa dalu wonten satunggaling tiyang wasta Jayadipa, griya ing dhusun Sumagedhe dhistrik Banyumas, pinuju mendhet ulam mawi anco wonten ing sawanganiun lepen Sumagedhe kaliyan lepen Sirayu, ing wekdal punika piyambakipun mancrub ing toya sumedya angleresaken plangkahipun anco wau, wasana dipun cakot ing buaya saengga tatu kalih panggenan, 1 sangadhaping dhengkul iring kiwa, satunggalipun ing kempol kiwa celak gares, ananging wau tatu amung cecel kulit kemawon sarta medal rahipun sakedhik, boten andadosaken mutawatos dhumawah ing tiwasipun, tuwin saking wicantenipun Jayadipa piyambak ugi boten patos sakaraos sakit. Dene wau buayan ingkang nyakot samangke saweg kangupadosan dening pundhuh buaya ing dhusun ngriku dereng pinanggih.
Katandhan Prawiralalita.

Undhang dalem awisan manawi titiyang alit angangge sinjang kemben tuwin udheng lar-laran, punika sampun dipunestokakenn, ananging juru angawisi ingkang tumemplek wonten kagungan dalem kori gapit kidul anama pak Rubi, inggih punika papethinganing mitranipun Sasra andaka, mawi angwontenaken akal sanes nyimpang saking suraosipun undhang dalem wau, dados namung mijil saking karsanipun pak Rubi piyambak kadosta manawi tiyang estri angangge sinjang kemben lurik sami lurik puluh watu, tuwin angangge kemben bathik parang rusak, udan riris, rujak senthe, sasanesipun, punika dipun awisi, ananging barang ingkang dipunawisi boten lajeng dipunrisak, kados pundi kajengipun juru awisi, punika namung anedha suweking kanthongipun awisi kemawon, dene manawi tiyang punika panuju boten sangu yatra, barang wau inggih siyos dipun risak, ananging pangrisakipun mawi kaarah-arah sageda angsal sausap tangan panjangipun, malah usap tanganipun ingkang kacangking kalewer-kalewer punika suwekan kemben anggenipun ngawisi.

Pak Rubi, kula anyerepaken dhateng sampeyan. Sinjang kemben lurik puluh watu punika rak anggenipun tiyang malarat, malah pantes-pantesipun ingkang sami nangge kados anak bojonipun Sasra andaga, jer punika tiyang malarat sanget, suprihipun awet mongka sampeyan galih sawitan, punika kalintu awit limrahipun ing kathah ingkang nama sawitan bangik, dene lurik dene kengingipun para estri alit angangge kemben tuwin salendhang parang rusak sasaminipun punika sampun lami sanget, dumugi sapunika pamireng kula dereng wonten undhang awisan.
Ing atasipun prakawis punika namung Sasra andaga piyambak ingkang kajibah angengetaken dhateng Pak Rubi, amantunana anggenipun nindakaken padamelan kemit bumi boten saleresipun bilih boten mituhokaken amesthi badhe kapocot malih sakingkalenggahanipun sanadyana sampun boten gadhah kalenggahan pisan-pisan.

Katandhan Jaka mayang.

Wangsulan.
Bra Martani ingkang medal Kemis kaping 27 Februwari taun punika ongka 9, kula sampun maos saseratanipun ingkang sisilih nama Secapura, suraosipun radi kurang seneng tuwin boten angrujuki dhateng anggen kula rurukunan pawong mitra sarana batang binatang cangkriman kaliyan Sumadenta, awit cangkriman punika kaanggep sepen saking raos ingkang maedahi, malah mandar anggening lare, ing mangke mitra kula Secapura paring pirembag supados kula sami anyuraos leresing panenipun Gunawan kaliyan Puspataluki anggenipun sami sulaya ing pamanggih. Ingkang punika panyuwun kula mugi sampun andadosaken rentenging pang-galihipun mitra kula Secapura, amargi saking dening rumaos balilu kula dhumados pamanggih kula piyambak, saupami kula ta nyela-nyela dhumateng sulayanipun priyantun kakalih wau, bilih manawi botenn andadosaken rujuking panggalihipun salah satunggal mindhak anukulaken eryning panggalih, satemah kula dipuntembalang ing basa saru tamtu lajeng cangap-cengap, mila ing mangke kula amung remen mirengaken kemawon wonten samadyaning Bra Martani, sinambi gugujengan kaliyan para mitra ingkang ngrujuki dhumateng kula sarana cangkrimaning lare.

Ingkang punika panyuwun kula menawi atur kula ing ngajeng wau boten ingkang saru tuwin kirang alusing krama, mugi mitra kula Secapura karsa aparingi pangaksama ingkang agung, sampun pisan kagalih kula amamancahi dhumateng karsa sampeyan, mila boten anuruti awit taksih kathah kakirangan kula bab sastra tuwin tembung, mekaten malih dhateng bongsa pangadilan saestu tuna sanget. Titi.
Katandhan Wartatama.

Panjurung minongka wangsulan tumanduk ing mitra kula ingkang jujuluk Sedyayu.
Ri sampuning atur pamuji kula akathah-kathah, mamrih basuki lan karaharjan sagarwa putra sadaya wiyosipun, kula sampun nupiksani serat sampeyan ingkang tumrab ing Bra Martani ongka 9 Kemis kaping 27 Pebruwari ingkang mentas kapengker punika ingkang suraos sampeyan paring katrangan saking prakawis anggen kula ngaturi pambatang paring sampeyan cangkriman 2 prakawis manawi taksih nalisir saking karsa kula kapurih batang sapisan malih, manawi meksa taksih nalisir pambatang kula wau, sampeyan badhe karsa aparing babaran ingkang sawastu, lah punika saklangkung lega sarta bingahing manah kula, tuwin jumurung sanget saking karsa ingkang makaten wau, awit badhe anambahi kasenengan rumesep ing pawong mitra, wonten samadyaning pasamowan Bra Martani, awasana kula inggih angladosi batangan malih kadi kang kasebut ngandhap punika.

1. Ana rarupan saingga katon ing rina kalawan wengi, nanging ora ana suwarane punika kula cupi langit, awit saking pangetang kula langit wau rinten dangu katingal, ananging saengga boten darbe swara.
2. Ana swara ora ana wujude punika kula cupi bangsanipun kemandhang kadosta, 1. Gludhug, 2. Rijal, 3. Kaum kyai ngatdul sarit, sesamenipun, punika naming swara kemawon, kawujudanipun sepen, naming punika pambatang kula, ewa dene manawi teksih nalisir, caranipun lare alit anjawi ngundang kaum namung kantun ngajeng-ngajeng paring sampeyan babaran kimawon, awasana manawi wonten sikonipun ing tembung, lepating panyerat kirang langkungipun ing sastra sabusananipun ingkang mugi paringa aksama ingkang agung.

Titi, katandhan mitra kang dahat balilu Sedyana.
Wangsulanipun Puspataluki dhateng Gunawan sarta Jasman
Wuwusipun Gunawan punika yen boten patos dipunawasaken saestu boten tiwas ing alus luwes tur kewesipun, anaming manawi pineres pinaras sak ginagas sadaya tanpa pituwas,

binudi pinuseng kinupwa ing kayun, suraosipun boten wonten gegelipun, angrembak jejek kados ing nalika Surakarta dipunpondhoki banjir, boten wonten prelunipun pisan-pisan, mandhak adamel kawatos dhateng manahing titiyang, awit ubaling toya buthek ingkang langkung ageng sok angrisakaken kambengan, wasana Gunawan katingal benter manahipun dhateng Puspataluki ingkang boten kabanjiran, dhateng sumuking manahipun kabondha saking panasing suraosipun pitembungan, prasasat ing Surakarta trang ing jawah, kumebuling umbak saking hawa benter adamel boten remenipun para titiyang, samanten punika kajawi Gunawan kaliyan Jasman.
Lo: punika Jasman, pringis-pringis kanthil dhumateng Gunawan, gumun kula dene tiyang kakalih wangun pasmonipun nyamleng.
Gunawan ngandika kawistara ing pangucap bilih sengit ing manah jalaran kula pitakeni wawatonipun agen jandika, kuminter mamun prama sastra.
Sugaling wangsulan sampeyan kinekahan wangsulan wau tanpa katrangan ing bab andhe sinepa, pamanggih sampeyan kawruh icali, na, punika kados dados saseratanipun badan andika ingkang mungel (Gunawan sayekti cupet budi, ngaku lepas ing budi cotho prama sastra ngaku wirama ing sastra), langkung malih, warni, jandika suka katrangan malih, punapa warnanipun tiyang saged sastra punika makaten wangunipun.

Ingkang kaping kalih sampeyan angerang-ngerang bab Puspataluki sampeyan anggep gaceng, wawenang punika medal saking pangawasanipun sinten, wawatonipun angger utawi wet punapa, punapa namung medal saking parawasanipun tiyang gembrang, asendhen utawi wewaton benter ing manah, menika kula ngajeng-ngajeng wangsulan sarta kula sampeyan jarwani anggen sampeyan obrol prakawis sastra, wewatonipun sampeyan wuningakaken ing akathah, manawi boten tumunten jengandika jawab panyerat kula (Gunawan copet budi), aksaranipun badhe kula agengaken.
Lo: januredi, Jasman mawi krami dhateng kula punika rak saru, rumiyin ngoko samangke krama dipunwastanana clap-clup mongsa dhangana.
Kula jengandika tantun purun kaliyan Gunawan punapa boten, punika sampun anantun dhateng Puspataluki, Gunawan jengandika tantun purun punapa boten, sarta jengandika taken anggenipun nyengkalani seratipun punapa leres.
Dene mila kula boten wangsuli dhumateng pitakenan Gunawan punika punapa sampeyan boten dhamang yen pitakenan tiyang gembrang satunggal adamel kodhengipun jong lasadenya, bok manawi saking remehipun.
Sampeyan boten angakeni inggih kawajibanipun sisipwa, punika dede para campahan punika inggih leres, nanging pikajeng kula boten angleresaken panyampah sampeyan, nanging kula dugi awit sampeyan marsudi kawruh, katondha dene saged amudhoni tiyang rarembagan bab sastra.
Sinerat ing Magetan tanggal kaping 14 wulan Sura taun jimakir, sinengkalan kalih pisan (Gunawan lan Jasman) tan pangrasa angkanira.

Puspataluki
Ingkang manawi pareng ing panggalihipun tuwan redhaktur saha wonten selanipun papan, panjurung kula punika mugi wontena karsa paduka macak ing Bra Martani dinten Kemis ngajeng punika.
Raras ingkang lagu macapat mas kentir, denira kumedah mastuti ing Bra Martani panjurung amba punika. Jinejer ing cangkriman ta mami, kusung-kusung marang sumitra Open kang angring mamardi…., Martatama ngayun-ayub kang medhar mrih, daruna ning karya, yayah ayu ning sami, samatra katur pra mitra. Kang pinuju saka kapareng ing kapti, lingsen gugujengan, cangkriman jati sasiki, pencar jroning sawlas pada. Sakalangkung ngungun amba udani, trape wong suwita, ing kanjeng sri narapati, nadyan kathah angkatira. Gagolongan

mung sawiji kang kinasih, samya sinung lenggah, tan amajang amasisir, yen rahina nora jaga. Malah langkung ugungan yen ngangkat kardi, jinurung kewala, tur kathah ingkang piranti, asalira warna-warna. Muging ngayun atapsila kirang taklim, parentah sawenang, wenang kancanira sami turut tan wani malang. Nadyan risang pamasa yen amarengi, sisilih ing karya, miri dwadya kang kinasih, punika jalma kang begja. Ing kawignya niruwa pasthi tan batin, kabegjaning janma, ingkang antuk sihing gusti, ginugus aturira. Nata datan samar yen doraling daling, prayogining kata, ing patembungan kawalik, kawila mise saraja. Pratandhane sakayune den tutugi, datan pacinegah, suka rena sri bupati, kancane ing wuri gersah. Labet sayah keh-akeh parentah neki, awake pribadya, mamrih mayar katon becik, sangsaya adahan dadra. Kang wus tata lir adan den orak-arik, gledhah ambalengkrah, anata sambi mimilih, ngupaya senenging driya. Lamun adhahana kang becik den ambil, sangkep parowangnya, yen gethang pirantineki, sajuga mopo ing karya. Titi alpaning kata cinitreng ngari, soma ping sawelas, Mukarang wangsa Jimakir, naya nir kang esthi tunggal.
Katandhan kula pun Kumadaya ing Ngayogya.

Punika Cariyos Babad Mataram

Lah sakehe wong ingsun teka Mekasar, padha sun ajak mati, ywa tanggung ing lampah, angur payo lajuwa, parandene sira mulih, tan olih karya, angur matiyeng ngriki. Wong Mataram prapta yen nganteping yuda, lah papagen tumuli, yen kakeyan lawan, iya padha mundura, ya padha ngamuk ing wengi, dimene uga, kuwur kang keping jurit. Sampun rembag sakehe para santana, dyan kawarnaha malih, wadya ing Mataram saha bala sumahab, sumedya angantep jurit, pinaju tiga, amapag ing ajurit. Kang ametu kilen wadya ing Mataram, ingkang medal ing kering, sira ongga jaya, lawan sakancanira, ingkang medal kanan singgih, ki Darmayuda, sakancanya ngebyuki. Kadi gerah surake wadya Mataram, sami prayitneng westhi, babiting Makasar, apan sampun anglela, ing nguluk-ulukan bedhil, suraking lir udan awor angin. Wong Makasar sampun miranti sadaya, aneng sajroning biting, arsa metonana, yudane wong Mataram, Raja Galengsong nindhihi, pan sampun menga, wau lawanging biting. Kadya gerah surake wadya Mataram, miwah monca nagari, binendrong sanjata, wong Makasar tan obah, titiyang monca nagari, sareng amara, kanan kelawan kering. Prit anemba perange bala Makasar, sampun tempuh ing jurit, nanging wong Makasar, pan kakathahen lawan, bingung tangkebing ajurit, pinaju tiga, lir karubuhan wukir. Kadir pira kathahe tiyang Makasar, menggah monca nagari, ya ta wadya Makasar, perang ira pan kalindhih, mundur sadaya, nedya asor kariyin. Gennya perang apan dereng angsal papan, milane pan kalindhih, ing palayu nira, sami angungsi wana, ngalumpuk dadi sawiji, wadya Mataram, surake wanti-wanti. Apa dene mungsuh ira kapalajar, wong Makasar agusis, wau ngungsi wana, pan sami ngungsi guwa, panyanane tan ngudhili, anggondra pira, mungsuh ira akedhik. Biting ira apan arsa dipunbedhah, karsane den jarahi, kang sami tinilar, darbeke wong Makasar, nanging kasaput ing wengi, Panji Karsula, ngandika angundhingi. Alah mengko aja ana wong ngerayah, dene kasaput wengi, sira antek ena, iya ing benjing enjing, sira ambedhaha biting, jejarahana, dene kang duwe gusis. Sampun mundur wadya bala ing Mataram, miwah monca nagari, samya masanggrahan, aneng ing ngara-ara, dening kasaput ing wengi, andher akapang, wadya bala Matawis. Sawarnine sami eca manahira, nora duwe kuwatir, dening mungsuh ira, sirna sami lumajar, milane eca kang galih, cucul busana, kuda wus den uculi. Pinaluwangaken sakehing gagaman, mawur titiyang alit, sami pamondhokan, saweneh guyang kuda, asuka-suka ing wengi, neng pondhokan nira, tan nganggo den ropohi. Kang saweneh eca denira anendra, dyan kawarnaha malih, titiyang Makasar, ingkang angusngsi wana, asedya asoka riyin, nora apisah, sabaturnya arakit. Wong Makasar sadaya ingkang lumaywa, sedyane ambaleni, sarowang wus rembag, ing wau sedyanira, arsa angamuk ing wengi, sedhenge mangsah, wong Mataram wus guling.

Ongka 15 Kemis kaping 10 April 1873

BRA MARTANI

Panuwun
Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Surakarta
Nalika dinten Akad tanggal kaping 6 wulan April ing taun punika, ing dalem Mangkunagaran wonten pasamuwan ageng, inggih punika angleresi wiyosan dalem Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, tumbuking warsa kaping kalih, tetep yuswa 64 taun jimakir punika, menggah rengganing paurmatan utawi sugatanipun anglangkungi semuwa, akadipun enjing kanjeng tuwan residhen saha para tuwan utawi para priyantun ageng jawi sami rawuh amartamu dhateng ing Mangkunagaran, bibaripun jam 12 siyang, dalunipun wanci jam 8, Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan saha para putra santana utawi kanjeng tuwan residhen sarta para tuwan para nyonyah sami tindhak dhateng ing dalem Mangkunagaran, mawi pista ageng tuwin dangsah, bibaranipun wanci jam 4 enjing.

Nalika tanggal 5 wulan April taun punika, wonten satunggaling tiyang estri anama Mretawijaya, anaming karan biyang groyok, sabab yen wicanten sanget groyokipun, dene pangupajiwanipun oder sade grabadan, wanci jam sadasa enjing biyang groyok wau kendel ing radinan salebeting beteng celak regol ing jati kusuman, wonten ing ngriku anedha sekul kaliyan tengga sadeyanipun, satengahing nedha karaos gumeter badanipunlajeng nedha ngombe meh telas sa siwur, tumunten wangsul dhateng panggenanipun malih, ngantuk asendhen banon kalajeng pejah ing ngenggen, tiyang pakampungan kang celak ing ngriku sami dhateng atandang tulung sarta angaturi priyantun pulisi prembe kadipaten ingkang ambawahaken, pulisi kakalih sami dhateng atiti pariksa sasampuning terang lajeng utusan nimbali warisipun ingkang tilar wau, boten dangu anak bojonipun biyang groyok sami dhateng ing ngriku, pulisi lajeng amratelakaken jalaraning pejahipun biyang groyokan wau, sasampuning terang jisim lajeng kabekta mantuk dhateng griyanipun ing Gemblekan.

Pepethikan saking serat pakabaran Walandi
Acin
Nalika tanggal kaping 22 wulan Maret ingkang sampun kapengker, sawatawi bahita kapal prang kagunganipun kanjeng gupremen sampun dumugi ing lautan sangajengipun kadhatonan ing Ngacin, ing saderengipun kalampahan perang sarta karisakanipun kadhaton ing Ngacin wau awit saking pali marmanipun kanjeng gupremen, sultan ing Ngacin kapurih engeta dhateng sakathahing prajanjeyan tuwin kawajibanipun, mila kanjeng tuwan komisaris Niwen hisen, ngantos rambah kaping kalih anggenipun nedha katerangan punapa ingkang dados sababipun anggenipun balila dhateng kanjeng gupremen sarta sampun kasrantosaken ing dalem 6 dinten ewa dene sultan ing Ngacin meksa boten amangsuli bab prakawis punika, mila ing samangke sampu tatela manawi sultan ing Ngacin wau amemengsahan kaliyan kanjeng gupremen, sarta sampun antawis lami sultan ing Ngacin anggenipun sudhiya pirantosing

perang, ingkang punika sarehning sampun kalampahan paprangan, mila badhe kathah titiyang ingkang nemahi pejah, ewa dene wadyanipun kanjeng gupremen boten wonten ingkang ajrih ing pejah, dene para prajurit ingkang taksih kantun wonten ing tanah Jawi angajeng-ngajeng dhawuhipun kanjeng gupremen anggenipun kaangkataken dhateng ing Ngacin supados anambahana paurmatan ungguling ngayuda kados ingkang sampun kalampahan arambah-rambah, ing samaknge para prajuritipun kanjeng gupremen bataliyun 14 ing Surabaya utawi satunggal bataliyunprajurit ing Samarang sampun sami amirantos dadameling aprang, samanten punika saking watawis para prajurit ing Batawi ugi sampun sami kapirantosan, anaming kateksir boten ngantos kalampahan para prajurit ingkang kantun wau kasusulna dhateng ing Ngacin, awit ing salaminipun prang para prajurit wau dadamelipun dereng wonten ingkang nyameni kados ingkang kabekta dhateng ing Ngacin punika, mila saking pangajeng-ngajeng mugi tumuntena wonten kabaripun ungguling ngayuda sarta banderanipun pun kanjeng gupremen sampun kapanjer wonten ing kadhaton Ngacin wau dene sultan ing Ngacin anggenipun purun-purun anglawan prang dhateng kanjeng gupremen, manawi kalampahan kasor ing yuda saestu badhe ical kaprajanipun utawi anemahi pejah ing aprang.

Serat telegram saking Penang titi masan kaping 1 wulan April punika anyariyosaken manawi sawatawis bahita kapal prang ingkang kalurugagen ing Ngacin sampun dumugi ing ngrika, dene enjingipun tanggal kaping 2 wulan April wau badhe kasarengaken angkatipun dhateng ing Ngacin utawi para wadyabalanipun kanjeng gupremen sadaya sami wilujeng, dene prajurit ing Ngacin sakalangkung kathah sarta sami amirantos dadamelanipun punapa malih para prajurit marine ing sapunika sampun wiwit ambendrong mariyem saking ing laut.

Serat telegram saking Batawi katiti mangsan kaping 5 wulan April punika amratelakaken manawi kanjeng tuwan ingkang wicaksana Litnan Jendral Witon, sampun karsa anampeni papren-tahaning para prajurit dharatan ing Indiya Nederlan sarta nalika anampeni paprentahan wau mawi kaurmatan ungeling mariyem.

Na: gandhul

Ki mas Taluki, kala kula saweg nembe jengandika cendhulani ngantos dumig ing mangke, kula tansah pitaken pundi ingkang dados kalepatan kula, ananging wangsulan jengandika tansah slewengan kemawon kados anggening sawung kapiling.

Kula jengandika dak wawali-wali amangun parama sastra, punika sinten nehing cariyos (panglindure dawa anglawer).

Kula nedha jawabanipun (koran Bra Martani), jengandika lantas dhiyem sajah kaya dhayoh mandang meteni banjur meneni bocah, brohak-brahok kados tiyang wuru genje.

Panyerat kula pasangan, na, gandhul ing Bra Martani ngkang sampun sami kapengker teksih wonten ingkang lepat, kadosta dene Gunawan, leresipun dene Gunawan awit pasangan, na, ing tembung ngriku tanpa damel jengandika ewa dene boten dhenger, liya saking punika teksih wonten lepat malih.

Pratela kula rumiyin rak makaten *ing mangke kanggenipun pasangan na, kados dene pasangan sanes-sanesipun*, punapa punika kirang terang kaya dayoh neh.

Bilih kula jengandika purih amratelakaken kathah-kathah kula suthik awit panjang kados panglindur jengandika, sarta kathah uba rampenipun pating talenang, kajawi punika manggenipun rak wonten ing pamulangan boten ing Bra Martani, saha kula boten prelu katrajang grobag ambandhang langkah saking tanggul ewa dene kula karenan anyawang kreta asep ambandhang ingkang urut ril, sanajan namprung kados kilat, pisan boten adamel kuwatos kula, malah ing pangajap sageda katumusan ing banter lepas boten pating grobyag kadosa arah jengandika makaten.

Ananging Ki Mas Taluki, sarehning jengandika katawis pathenthengan anggujeri na, *gandhul* ngantos jengandika bandhani akakalung oncok-oncon sekar gaceng angrembyang supados

dipunajrihana ing tik-tik iyik, lah punika lo jengandika kula segah na *gandhul* kathahipun sadhosin ……. kaliweta, kakuluba utawi kagacanga mentahan kula sampun srahbilih kirang lah punika malih ….. pating grandhul, punika rak anggen kula anglendhek aseratan kula ing Bra Martani ingkang sampun kapengker, panuwun kula Mas Taluki, bilih jengandika kikirangan na, mugi paringa serat dhateng kula, ing enggen kula taksih angumbruk gogrogan saking sekolahan, awit para murid sampun limrah ambacal na kang tanpa damel malah kang kirang dumunung dalah na, ingkang prelu inggih katut kabucal kadosta *katonne*, kaserat *katone*.

e.. pating brengkel ana ing kanthong klambi kiye apaneh, o.., jebulane na gandhul, kadekekna ya olehku nulis isih sok katutan ing na gandhul, lah sumongga mas punika na geyong tiga engkas.
Paben sampeyan punika bok ingkang jothokneh, sampun teka leyek kemawon, yen mamancahi dipunpatitis, yen dipuntakeni amangsulana kang genah, sampun kados tiyang jombrit makaten.
Rak inggih Mas Secapura, sampun celak-celak Mas Taluki lo, lageyanipun mas sekar anu punika bilih sampun kacocog ing pen, jalaran anggenipun ithik-ithik badhe anylekuthak, lajeng kemawon ambrabak mukanipun, jaja kados mak bel medal lalatu makantar-kantar, nebra abrit sumamburat (embuh belek embuh mayo) kecohipun pating talethek kaworan na geyong kula ajrih nuwun kaparenga madal pasilan.
Wasana pamuji kula terus ing manah boten lalamisan, mugi panjenenganipun tuwan redhaktur anyretu wahewaning panggalih, malah seratan kula ingkang kathah-kathah punika lumampah kasaruweya kados anggening gugubahan sekar ingkang amawi gonda arum, awit kula boten miwiti paben angwadalaken basa saru.
Boten mawi kula sengkalani, awit sengkalan punika bruwet tegesipun sapurun-purun kemawon wondene bilih mas Taluki badhe anjembrungaken griyanipun sarana sengkalan thengleng punika kula saestu sumongga.
Titi, Gunawan.

Sarehning samedalan punika boten sela papaning serat Bra Martani, mila benjing ing Kemis ngajeng punika kula badhe angaturi katrangan bab prakawis punika, supados sampun ngantos kalajeng kang boten prayogi.
Redhaksi.

Serat saha ingkang tabe pakurmatan ingkang kathah sayogi katur panjenenganipun mitra kula tuwan ep. el. Winter, redhaktur Bra Martani ing nagari Surakarta.

Sasampuning kadya punika wiyosipun manawi wonten selaning papan mugi wontena karsanipun tuwan amacak omong kula punika wonten ing serat Bra Martani, nalika ing salebeting wulan Maret kapengker punika, kula ningali anggenipun sami sabin tiyang tani ing sakilenipun siti dhusun Manjung, sapangilen sabin wau saweg sami gemundha telas sadaya, katedha ing nglodhoh utawi sakiwa tengenipun ing dhusun ngriku, kados dene sakilenipun dhusun Kuwel, wonten ingkang salong kaambahi hama tikus, kula ngraosaken radi gumun, anggenipun adadosaken susahipun tiyang tani, saking antawis kula liya tanah pangrina boten sanes, kang mongka garapipun sabin wau sadaya boten kirangan toya, kajawinipun sabin tadhahan utawi pategilan, kajawining siti bawah ngriku, amung tanah pabrik saeleripun dhusun Ponggok sakmireng kula boten patos andadosaken susah, dene tiyangipun alit sakmireng kula sami seger sarta boten ngantos kakirangan tedha saantawis, amargi bab panggarapipun sabin wau dipun-temeni, sarta pundi siti ingkang tandhahan utawi pategilan

dipunwragati kadamelaken wangan toya saged dipunminggah dhateng ing pategilan utawi pasabinan ingkang tandhahan, ngantos telas wragat pinten-pinten ewu rupiyah, punapa malih kasukanan talang tosan ingkang pancen toya pakewed anggenipun minggah, betekipun ngangkah siti pategilan utawi sabin tadhahan kenging kaoncori toya supados ing mongsa katiga sampun ngantos bera, dene tiyang alit sadaya wau kaperdi sanget dhateng pandamelan, boten kenging yen katingal nganggur, utaiw tiyang ingkang kagungan siti anggenipun saged ngemong dhateng tiyang alit langkung sae, kados tiyang meh saktanah ngriku wau sadaya ngaken kados bapakipun piyambak, mila pamireng kula boten wonten tiyang ingkang kesed, margi tiyang ingkang kagungan siti wau ngatingalaken badanipun piyambak saben dinten mider dhateng ing pandamelan, ngraosaken anggenipun badhe nyekapi sadaya pandamelan sarta sampun ngantos kakirangan ingkang badhe dipunseja, dene pamulangipun dhateng tiyang alit ing tanah ngriku wau boten suka kesed, madati utawi ngabotohan sapanunggalanipun, ingkang pandamelan awon dipuncegah kenceng sadaya, mila sami sae kayektosanipun, manawi sawenehipun bongsa kula, priyantun jawi dhusun malah dipunwarahi ngabotohan kados dene kula mireng wartos kemawon ing dhusun Cabeyan bawah kajawen, lurahipun ingkang wasta mas Ngabehi Kartadimeja sok asring purun marahi kasukan mawi bratu dhateng rencangipun ing padhusunan, mila kula radi gumun ngantos wonten lare wasta pun Jahiman antawis saweg umur kirang langkung 9 taun sampun saged kasukan salikuran sarta purun ngantos kawon 6 utawi 7 rupiyah dene yen kalampahan ngantos manasi lajeng purun nyalong tapih utawi kembenipun ingkang sepuhipun, nika lare badhe dados gadhangan punapa, pancenipun kula manah malih boten tanah ngriku kemawon, kados dene tanah ing Kupel sak eleripun ing dhusun Polon, pundi wonten lare saweg antawis umur 15 agengipun 16 taun sampun sami purun nyeret, sareng sampun boten gadhah lajeng boten wonten ingkang kadamel cemengan salajengipun gadhahi manah awon, dalu purun mandung ngarit pantunipun tongga sami ing dhusun ngriku, punika kados sampun dipunnawa pulisi ingkang sami boten kersa madati boten galih ngemutaken dhateng ingkang sami gadhah bawah ing padhusunan ngriku, punapa malih wektu sapunika awis tedha ngantos ewosing dalem sadhacin minggah regi 12 ½ rupiyah pethak, saestu andadosaken pakewdipun ing pulisi anggenipun manah margi saweg sapunika ingkang sugih ing dhusun saged kempuran malah mindhak sugihipun, ingkang boten gadhah wah anakipun kathah boten purun anglampahi dursila ngarit utawi sanesipun pandamelan awon ingkang saestu luwe, dene tiyang ingkang awon damelipun ngabotohan utawi nyeret purun anglampahi ing durjana, saestu santolanipun manawi kacandhak kaladosaken ing nagari, mila kula purun mandung margi boten nedha, ing wasana samireng kula andadosaken kamulyanipun anggenipun awon.

Dene omong kula samanten wau sadaya, sampun andadosaken panggalih utawi seling serepipun para priyantun sadaya ingkang sami kersa madati, amargi kula ningali eman dhateng lare nem-neman ing dhusun wau.

Ing Pajang Surakarta kaping 2 Sapar Jimakir 1802.

Kalilan katandhan dening rong kang muluh angur.

Sapa kang bakal dadi

Dereng lami kula sumerep sawatawis lare sami kukumpulan sumedya badhe dolanan, ingkang satunggil anudingi kancanipun ingkang sami wonten ing pakumpulan ing ngriku, agentos-gentos saha mawi wicanten, sapa kang bakal dadi, sinten ingkang kadhawahan ing penggung tembung ingkang wekasan piyambak lajeng mundur, makaten salajengipun ngantos kantun lare satunggil inggih punika ingkang badhe dados.

Dolananipun para lare wau ngengetaken ing kula ing bab pamulangan calon guru jawi ing Surakarta, lurah guru ing pamulangan ngriku ing mangke kapeksa anampeni pensiyun saking kanjeng gupremen, menggah patrap kang makaten punika ing ngatasing ngelmi falak, boten

kenging kadamel garis ingkang kenceng dados kalenggahaning lurah guru ing samangke lowong, sarta sampun kathah para priyantun walandi ingkang anyuwun kalenggahan ageng wau, para lurah guru ing pamulangan walandi, para juru ukur ingkang anggenipun iksamen kala jamanipun Nabi Nuh, guru banton ingkang apangkat lurah guru sarta remanipun anjegrig wonten ing mastaka kapujanggan ingkang adamel kajen, saemper rema wau tansah sumeng kasengkaha, tilas ondir upsir ingkang rumiyin nate dados guru ing pamulangan Gombong, malah pawartosipun dalah tuwan Khaji Yahya lurah kaji ing kaliya sainggih tumut anyuwun kalenggahan wau, nanging kabar kang wekasan punika boten tamtu.

Wondene ingkang pinaben boten langkung sapa kang bakal dadi, punapa kedah kapilihaken para priyantun ingkang sami darbe panuwun wau punapa kedah ngupados tiyang jamhur (dhokter) ingkang gadhah punuk satengah dosin, ananging boten saged basa jawi, punapa badhe kaupadosaken kakasih ing paprentahan lah punapa badhe angangkahi saleresipun.
Inggih punika pitakenan ingkang babaripun anggung kaajeng-ajeng dening pamulangan calon guru akanthi ngengleng ing manah, dene pitaken kaping kalihipun boten kirang prelunipun ananging ucupanipun gampil, ungelipun makaten, manawa manut ing sabenere, lah sapa kang bakal dadi.
Guru ongka kalih ing pamulangan calon guru jawi wausampun kacih nalimpad, saha sampun putus ing tembung jawi tuwin dipuntisnani ing para murid, awit saged ing pangemongipun punapa dene sampun lami dados guru ongka kalih ing ngriku, mila manawi angangkahi saleresipun kedah panjenenganipun tuwan punika ingkang ginalih gumantos ing lurah guru.
Kula inggih mireng ing pakabaranipun manawi ingkang dados pangajeng-ngajeng pangagenging pamulangan calon guru jawi kapijiya priyantun walandi ingkang sampun sepuh, ananging saking panginten kula ingkang makaten wau kalebet prakawis ingkang boten kenging katimbang, amung anelakake cupeting budinipun ingkang suka kabar kemawon, punapa boten wonten tatalanipun para nem-neman saged anglampahi padamelan awrat, punapa tuwan guru ongka kalih boten pantes dados lurah guru awit jalaran dereng uwanen, ingkang punika mugi-mugi kanjeng parentah ageng anyirnakna pamanggih ingkang kangge ing jamanipun Nabi Ibrahim, Ismail tuwin Yakub, sarta ing jaman mangke amung adamel ruwet tuwin awon lampahing paprentahan.
Saking saserep kula tuwan guru ongka kalih wau boten tumut adarbe panuwun dhumateng kanjeng gufremen, supados kaganjara pangkating lurah guru, amung kumandel ing leres tuwin adilipun kanjeng parentah ageng, wasana kula amujekaken terus ing batin, sageda tumunten tetes ingkang dados pangajeng-ngajeng kula.
Katandhan tuwan L.

Mas Taluki, kula sampun jengandika celkuthak, lo, anggen kula anjarwakaken basa walandi ing basa jawi punika amung kadamel sinau, kula emir-emir bilih jengandika pancah, sanajan jengandika boten dhenger poncotipun basa Walandi.
Gunawan.

Serat saha ingkang tabe kalayan urmat kaatur ing njenenganipun saudara tuwan ridhaktur Bra Martani ing nagari Surakarta.
Manawi katur dhangan ing penggalih, kula ngaturi panjurung mugi kersa amacak ing koran Bra Martani, bab kawontenanipun ing negari Cilacap, sasurudipun Kanjeng Raden Adipati Cakrawedana, para prayantun ageng alit sanget wayang-wuyung, lir upami kados sawung kaecalan babon, mekaten malih para sobat, bongsa wlandi cina kathah ingkang kayungyun, saking dahat katresnan dhateng kanjeng raden adipati.
Naming ingkang dipunajeng-ajeng mugi angsala ingkang gumantos jumeneng bupati, lulusa mengagepipun dhateng para priyantun utawi para sobat miwah dhateng para abdi tiyang alit

kados kados kanjeng raden adipati ingkang sampun surud, saha malih kala jumenengipun Kanjeng Raden Adipati Cakrawadana waugenipun yasa krajan ing Cilacap, wiwit ungsum 1840 kala samanten taksih wana samangke sampun dados nagari arja, tur mirah sarwa tinumbas ngungkuli dhateng sasamenipun apdheling, salebetipun paresidhenan Banyumas, kalebet gampil piyambak, tiyang upados tatedha, sarta caket dhateng pelabuhan ageng, inggih punika ingkang dipun nameni negari kerta tur raharja.
Katiti mangsa kaping Maret 1873, katandhan pun Kermasetya.

Nalika wanci dalu angrinakaken tanggal kaping 4 wulan Maret ingkang mentas kapengker, wonten tiyang kalih kaandheg dening pulisi, wonten sacelakipun dhusun ing Bejinggan, menggah barang bektanipun tiyang kakalih wau kasebut ing ngandhap punika kados ta:

1. satunggal gmbaraning tiyang estri, kapulas kalayan pulas toya, kawadhahan ing plangkan cemeng.
2. Satunggil gambaran ugi kapulas monca warni angimba tiyang estri ambubujeng paksi pulek, kawadhahan ing plangkanpradon byur.
3. Satunggal gambaring kapal dhawuk, kawadhahan ing plangkan cemeng apalisir pradan ing nglebet.

Sinten ingkang andarbeni barang kang kasebat ing nginggil punika kapurih sowan dhateng tuwan asisten residhen mawi angaturana katrangan bab prakawis punika ing sasaged-saged.
Katandhan tuwan asisten residhen.
Se.ha.a. Fan Der Weik.

Punika Cariyos Babad Mataram
Sampun sami apradandanan neng wana, watara tengah bengi, Galengsong ngandika, payo sedhenge mara, amuken ing wong Matawis, ajana pisah, barenga ing ngajurit. Yen anempuh payo poma babar pisan, aja sira egopi, angamuk karampak, lah kawusena pisan, pamondhokane ing mangkin, sira obonga, dimen kuwur wong cilik. Lah tunjangen ingkang parek kumbakan, sampun arembag pikir, anulya umangsah, lan sagagaman ira, sedya ngamuk ing wengi, pan piniliyan, titiyang ingkang becik. Tan akathah wong Makasar kang umangsah, wetara kawan biting, apan ta sadaya, sami ing penet ira, Galongsong anindhihi, pan sampun prapta, pondhokane wong Matawis. Wong Mataram sami eca ingkang manah, tan adarbe kuwatir, kawikan amojar, lah apa batu rapa, swarane pating barekit, lah oborana, samine anauri. Ika buron wana maring pamondhokan, yata nora aganti, nrajang pasanggrahan, wong Makasar asurak, kalah amuk wong Matawis, sarta anunjang, pondhokanipun obongi. Apuyengan wadya bala ing Mataram, dene ingamuk wengi, santunjang tinunjang, tambuh mungsuh lan rowang, apati-pati gagapi, mawur puyengan, akathah ingkang mati. Tinumbakan dening titiyang Makasar, nora angsal ngudhili, kang sami sudira, pan ora olih papan, katunjang lawan kapipit, mila keh pejah, wadya monca nagari. Apuyengan pondhokanira ingobongan, katrajang dening api, tan kober amapan, keh pjah padha rowang, keneng gagaman pribadi, weneh lumajar, padha arebut urip. Wong Makasar pangamuke diyaksa, kadya bantheng akanin, kadi saradula, galak among sasarpa, singa katrajang awiwirin, akathah pjah, wong ing monca nagari. Palayune sami atilar gagaman, darbeke tan katolih, lumayu wuwuda, ingkang mentas anendra, nanging ta arebat urip, bingung puyengan, bingung padha sawengi. Pra dipati sadaya sami lumajar, tan tolih anak rabi, tinilar ing bala, lir gabah ingiteran, tan wruh kang wula lan gusti, larud bala Matawis. Sirna gempang wausaking pamondhokan, sadarbeke kang keri, wus telas rinayah, dening bala Makasar, Panji Karsula agiris, pan kagegeran tinilar kang wadya lit. pan kalulun lumayu angungsi wana, sampun raina nenggih, mijil sang hyang surya, datan keneng tinata, wadya sampun sirna gusis, sowang-sowangan, kawula lawan gusti. Panji Karsula laju marang ing japan, dene monca nagari, tan

kena tinata, mila lajeng mring japan, lan sawadyanya awingrin, tiyang brang wetan, nora kena apulih. Wong Makasar ngungsed sinedya ing manah, tiyang monca nagari, wani ngesuk pisan, marang nagari nira, tiyang brang wetan awingrin, mengsah Mekasar, kawus manahe miris.

Ongka 16 Kemis kaping 17 April 1873

BRA MARTANI

Panuwun
Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Kula wisudhan tuwin sanesipun
Tuwan Kulman, asisten residhen ing Kuningan ing samangke sampun kapatedhan pensiyun.
Tuwan Lodhon, kakula wisudhan dados asisten residhen ing Indramayu.

Kanjeng Raden Adipati Cakradiningrat, bupati ing Blitong, awit saking pamintanipun ing samangke sampun kalereh saking kalenggahanipun kalayan paurmatan.
Mas Ngabehi Wiradikrama wadana ing Soka, Bagelen, kaundur saking palenggahanipun mawi kapatedhan ondersetan.
Raden Mas Daheng Buntara wadana ing Srengat, Kadhiri, kaundur saking padamelanipun kalayan paurmatan.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Surakarta
Kanjeng Raden Adipati Sasranagara papatih dalem ingkang ngasta pangwasa paprentahan ageng nagari, saha sampun mupakat akaliyan kanjeng tuwan residhen, terang ing sahandhap Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan anamtokaken kados ing ngandhap punika.

Bab 1
Ing kabupaten Kartasura, 2, nglarangan, dherek apdheling Klathen, kabupaten Ngampel dherek apdheling Bayalali, kabupaten Wanagiri dherek apdheling Karang pandhan, apdheling Sragen amung sakabupaten Sragen.

Bab 2
Kanjeng Raden Adipati Sasranagara, anamtokaken kawrat ing serat kakancingan, katitimangsan 28 Pebruwari 1873 ongka 29, bupati tuwin ondergen pulisi ing kitha sajawining nagari kaparingan wawenang angrampungi prakawis kadurjanan alit, utawi ingkang pancen kaleres luwar winastanan pulisi rol, ingkang klayan terang dados nyondhongipun tuwan asisiten residhen kadosta pasakitan ingkang kenging kapatrapan kajiyat nyambut damel tigang wulan mangandhap utawi ingkang kaluwaran punika kenging kaetrapaken wonten kitha kabopaten kemawon, boten susah kaladosaken dhateng nagari Surakarta, wondene prakawis ageng kadosta mandung babah begal ngecu raja pejah sapanunggalanipun punika taksih kedah kainggahaken sarta karampungan dening pangadilan pradata dalem.

Bab 3
Kanjeng Raden Adipati Sasranagara anamtokaken kawrat ing serat kakancingan bilih ing satunggalipun kabupaten kaperang-perang kadamel karajan dhistrik, pangagenging dhistrik satunggal kanthi mantri kalih utawi satunggal, naip satunggal, langsir tuwin kajineman

sakawan utawi tiga, menggah pratelanipun satunggil-tunggiling dhistrik tuwin namanipun kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.
Kabupaten Surakarta kaparingan dhistrik 1 iji ing Grogol, panewu wadana dhistrik mas ngabehi Darma pradata, mantri Mas Rengga Agya pranata.
Kitha Klathen kaperang dados 6 dhistrik

1. Ing kitha Klathen
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi Mangundisastra, mantri Mas Rongga Mangunpracaya.
2. Ing Gesikan
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi MangunSuharta, mantri Raden Rongga Mangundirsana.
3. Ing Sepuyuh
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi Mangunpratignya, mantri Mas Rongga Mangunmanggala.
4. Ing Prambanan
   Panewu wadana dhistrik Mas Ngabehi Mangundikara, mantri Mas Rongga Mangunmarta.
5. Ing Gedhongan
   Panewu wadana dhistrik Mas Ngabehi Mangunreksaka, mantri Mas Rongga Mangunsudira.
6. Ing Kalisoga
   Panewu wadana dhistrik Mas Ngabehi Mangundirya, mantri Mas Rongga Mangunsewaka.

Kitha Sukaharja kaperang dados 4 dhistrik

1. Ing kitha Sukaharja
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi Sutahardaya, mantri Mas Rongga Sukadipraya.
2. Ing Nguter
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi Sutapraja, mantri Mas Rongga Sutasukarta.
3. Ing Masaran
   Panewu wadana dhistrik Mas Ngabehi Sutadigdaya, mantri taksih lowong.
4. Ing Tawangsari
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi Sutadiprana, mantri Mas Rongga Sutasawaja.

Kitha Bayalali kaperang dados 5 dhistrik

1. Ing kitha Bayalali
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi Suradirana, mantri Raden Rongga Surasumerta.
2. Ing Banyudana
   Panewu wadana dhistrik Mas Ngabehi Suraharja, mantri Raden Rongga Suraparwata.
3. Ing Jatinom
   Panewu wadana dhistrik taksih lowong katindhakaken dening Mas Ngabehi Suradikara, mantri Mas Rongga Surawardaya.
4. Ing Tlawong
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi Surapruwiba, mantri Mas Rongga Suratanu.
5. Ing Sukabumi
   Panewu wadana dhistrik Mas Ngabehi Suradimeja, mantri Raden Rongga Surawirya.

Kitha Ngampel kaperang dados 5 dhistrik

1. Kitha Ngampel
   Panewu wadana dhistrik sawek lowong, mantri Raden Ngabehi Cakraprawira.
2. Ing Karanggedhe

Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi Jayawicitra, mantri taksih loowng.

3. Sima
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi Jayasurongga, mantri taksih lowong.
4. Kaliyasa
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi Jayaprawira.
5. Nglawang
   Raden Ngabehi Jayamartana, mantri taksih lowong.

Kitha Sragen kaperang dados 5 dhistrik

1. Kitha Sragen
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi CitraSuma, mantri Raden Ngabehi Jayadipura, 2. Mas Ngabehi Sasrareja.
2. Grompol
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi Citrawirya, mantri Raden Rongga Citramarwata.
3. Karangduren
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi Citrasari, mantri Mas Rongga Citraprawira.
4. Sambung macan
   Panewu wadana dhistrik Mas Ngabehi Citrasintika, mantri Raden Rongga Citrareksa.
5. Majenang
   Panewu wadana dhistrik Raden Ngabehi Citrasubrata, mantri Mas Rongga Dimeja.

Kitha Kartasura kaperang dados 5 dhistrik

Amung panggenan Karajan dhistrik tuwin pangagengipun dereng katamtokaken saweg taksih ing nginggil bilih sampun tamtu, kula pacak ing Bra Martani.

Menggah pangkat wawenangipun dhistrik ingkang kasebut ing nginggil sami ugi kados dhistrik bawah ing gupremen, mila para wadana dhistrik bawah gupremen bilih nindakaken prakawis alalawanan tiyang bawahipun dhistrik kasebut nginggil, kenging lajeng atepang rembag akaliyan para panewu dhistrik ingkang kaleres bawahan punapa ingkang dados leresipun wawenanging dhistrik.

Pangadilan

Presidhen saking pangadilan pradata dalem Kanjeng Raden Adipati Sasranagara, pise presidhen Raden Mas Tumenggung Arya Jayadiningrat, bupati nayaka parak kiwatuwin para bupati linding pangadilan angrampungi prakawisipun tiyang pasakitan ingkang kadakwa ngecu ing griyanipun cina tukang sade tike ing dhusun tuwin dhistrik Karang gedhe (Ngampel), kawontenanipun pasakitan ingkang karampungan kaleres kapatrapan paukuman kados ing ngandhap punika.

Ongka 1 Jagaperwita (Martareja) kinten umur 34 taun demang dhusun Kaporan dhistrik Tengaran, Salatiga (Samarang).

Ongka 2 Mertawijaya ( Pak sareh) kinten umur 30 taun kuli dhusun Kaporan.

Ongka 3 Mulyawijaya kinten umur 30 taun bekel dhusun Bawar.

Ongka 4 Dipawikrama kinten umur 36 taun kuli Lojajar sami bawah kabupaten Sleman.

Ongka 5 Wongsareja kinten umur 30 taun griya kampung Wirawilagan (Ngayugyakarta), pasakitan gangsal iji kasbeut ing nginggil sami karampungan angsal ukum kabucal sajaiwning tanah Jawi tuwin Madura mawi karante laminipun sami ngalih dasa taun, margi terang waktu dalu sampun angecu kantos wonten tiyang tandang tatu saking dadamelanipun kecu.

Ongka 6 Cawijaya kinten umur 38 taun.

Ongka 7 Singadrana kinten umur 39 taun griya dhusun Ngaliyan.
Ongka 8 Kasantabri kinten umur 42 taun griya dhusun Teter.
Ongka 9 Karyadrana kinten umur 38 taun griya dhusun Ngaliyan bawah kabupaten Ngampel (Surakarta), karampungan angsal ukum kabucal sajawining tanah Jawi tuwin Madura mawi karante laminipun sami nyadasa taun margi trang ambiyantoni durjana kecu, punika sanga iji pasakitan kajawi Jagaperwita (Martareja) dereng kantos kaangkataken kabucal nalika tanggal kaping 23 Maret taun punika waktu dalu sampun jebol saking kunjara Surakarta, sarana ababah tembok, sarengan pasakitan kathah sadaya dados 32 tiyang, dene nalika pajebolipun boten saged kacepeng utawi boten konangan, dados prajurit ingkang sami jagi boten wonten sumerep, Kanjeng Raden Adipati Sasranagara andhawuhaken parentah sadengah tiyang ingkang saged nyepeng tiyang pasakitan ingkang kasebut ing nginggil kaparingan ganjaran arta ing dalem pasakitan satunggil 50 rupiyah.

Acin
Pakabaran Partikulir
Serat telegram katiti mangsan kaping 11 wulan punika anyariyosaken nalika para prajurit wadyabalanipun kanjeng gupremen udhunipun saking laut dhateng ing dharatan lajeng prang sakalangkung rame, ing nalika wau prajurit ing Ngacin kathahipun 200 ingkang sami anemahi pejah, dene prajuritipun kanjeng gupremen ingkang pejah namung 9 ingkang anandhang tatu kathahipun 46, para tiyang Ngacin sami lumajeng atilar beteng tuwin kampung, menggah prajuritipun kanjeng gupremen samangke sampun dumunung wonten sacelaking karaton Ngacin ingkang punika kaungguling yudanipun kanjeng gupremen sampun kenging katamtokaken.

Serat telegram ingkang kaping kalih amartelakaken manawi para prajuritipun kanjeng gupremen sampun angejegi betengipun titiyang Ngacin kathahipun 7, salajengipun anggepuk kadhaton kalampahan kenging karebat, ing nalika wau upsir Marines tunggal ingkang anemahi pejah.

Serat telegram sanesipun anyariyosaken malih nalika tanggal kaping 12 ugi wulan April punika manawi betenging mengsah kang kaprenah celak lautan kathahipun kakalih ugi kenging karebat, ing wekdal punika prajuritipun kanjeng guprmen ingkang anemahi pejah tuwin nandhang tatu kathahipun 43 sakathahing bahita kapal ingkang sampun kalurugaken sadaya taksih lastantun sami kapatah ajagi wonten ing lautan Ngacin, menggah para upsir ingkang sami kataton kapratelakaken ing ngandhap punika.

1. Litnan Kulnel Pantil.
2. Kaptin Lemes.
3. Kaptin Nik.
4. Litnan Igholes.
5. Litnan Wilken.

Sarehning prajuritipun kanjeng gupremen ingkang wonten ing Ngacin samangke kathah ingkang sami kenging sasakit, mila bahita kapal Amerikan anama Kromwel, kasewa dening kanjeng gupremen kakintunaken dhateng ing Ngacin kaangge amulasara para prajurit ingkang sami nandhang tatu.

Nalika ing dinten malem Setu tanggal kaping 7 wulan Sapar ing taun jimakir ongka 1802 lepen ing deleran wonten banjir ladhu akanthi sela ageng alit, wiwit ing dhusun Burikan mili mangidul ngalen sadaya anggerus dados jurang, lebet wiyaripun sami 20 kaki anjog dhusun Padhasan kaliyan ing Berengan, ing Nangsi tuwin ing Susukan, dumugi ing lepen buthak urutipun lepen Kongklingan, dene dhusun ingkang karisakan 7 dhusun ing kotesan, Nrini, Nelak, Karang, ing Guwa, Sendhon, ing Wangkah, titiyang ingkang kasangsaran 6 iji sami

tiyang dhusun Padhasan pun Dipamanggala, Nyai Semita, nyai Resadongsa, rare jaler pun Sarimin ical boten kantenan, nyai Sajaya pejah kapendhem ing ladhu, pun Sakrama ugi kurugan ladhu naming boten anemahi pejah, tiyang jaler ingkang sami keli 3 sami wilujeng, dene rajakaya ingkang pejah lembu 2 iji, kapal 1 iji, naming kapal wau boten kalajeng pejah.

Bagelen

Wonten satunggaling kaji wasta H.M. kai wau nuju angiringaken panganten anumpak kapal jaler wonten ing margi anunjang tiyang estri sepuh ngantos anemahi pejah.

Tiyang estri ing dhusun Tanggung, badhe kesah derep kaliyan anakipun rare jaler anyabrang lepen Pagawonta, tiyang kakalih wau sami kabalabag, ing sanalika rare jaler kacandhak wilujeng dene tiyangipun estri anggenipun kapanggih sampun let tigang dinten wonten ing conggok saking Pagawonta tebihipun kalih pos, ugi sampun pinanggih pejah.

Utawi ing kampung Brengkelan wonten tiyang cina awasta Tiyang ke gadhah babi manak, anakipun aneh, awak babi sirah rai kethek, anaming sareng lair sareng pejah, saupami tulus agesang saestu anggumunaken sanget.

Manawi pareng karsanipun saudara tuwan redhaksi saha kagalih pantes atur panjurung kula punika mugi kapacaka ing ing Bra Martani wedalipun Kemis ngajeng punika.

Nalikaha dinten Senen tanggal kaping 2 wulan Sapar ing taun Jimakir ongka 1802, ing Pasuruhan kadhatengan tiyang bongsa Indhustan anama She Banahesa mastan, watawis umur 40 taun saking Surabaya akanthi sabat kakalih 1. Bongsa arab awasta Sayid Abdullah, 2. Bongsa surati anama She Yusup, sadhatengipun ing ngriku lajeng manggen ing griyanipun tiyang bongsa arab anama Muhamali ing kampung Kauman, sareng wonten ing ngriku sadinten sadalu lajeng kathah tiyang ingkang sami sujarah tiyang bongsa arab, jawi tuwin cina sami nyuwun barkah kawilujengan, utawi tiyang sakit sami nyuwun jampi dene sarananipun namung toya kemawon ingkang dipunparingaken sawarnining tiyang sakit wau, anaming she punika boten saged wicanten cara mlajeng tuwin cara jawi, namung cara indhustan kemawon, mila awis wicantenan tuwin kenging winastan boten nate nedha utawi tilem, rinten dalu namung dhikir kemawon sarta boten ajeng dipunsukani arta tuwin barang namung warni tetedhan ingkang dipunajengi, ananging tetedhan wau lajeng dipunparing-paringaken ing tiyang kathah ingkang wonten ing panggenanipun ing ngriku sadaya, denten titiyang ingkang sami nyuwun barkah tuwin jampi watawis wonten tiyang 500 sareng makaten sabatipun lajeng matur manawi tiyang ingkang nyuwun jampi wau sakitipun awarni-warni, tumunten aken mendhet toya sumur 11 sumur dumugi 3 sami kawadhahan kendhi tuwin sanesipun sasampunipun toya wau lajeng kadadosaken satunggal, pundi tiyang ingkang nyuwun jampi kaparingan toya punika kathah kedhikipun mawi sasakitipun.

Sareng ing dinten Rebo tanggal kaping 4 wulan Sapar punika Seh Banahesa mastan wau lajeng mantuk dhateng Surabaya malih.

Pasuruhan tanggal kaping 5 wulan Sapar taun Jimakir 1802.

Katandhan Cariyos saestu.

Serat Bra Martani ongka 13 Kemis kaping 27 Maret ingkang mentas kapengker punika wonten sasratanipun prayantun ingkang asisilih nama Jakamayeng, ingkang suraos andhawahaken duduka dhumateng kula ingkang langkung saking ngekad, ngantos boten pantes kamireng ing kathah.

Ingkang punika mugi andadosna kaunanganipun saudara tuwan redhaktur rehning kula wau boten sedya atur karpaben wonten salebeting koran Bra Martani ing ngataispun kula badhe mangusli, awit kula raos boten wonten paedahipun ewa dene prayantun wau teksih anggalih cuwa ingkang mugi karsa amacak asmanipun ingkang temen wonten ing koran Bra Martani, awit ing sasaged-saged kula badhe ngaturi wangsulan ingkang mijil saking manah raharja.

Kaping 2 April 1873

Katandhan Sasraandaga.

Gunawan utawi Puspataluki ing samangke kula aturi sampun ngantos kalajengaken anggenipun sami udur bab prama sastra awit saking panimbang  kula badhe boten wonten kawekasanipun sabab prama sastra lami punika dereng kenging kawastanan lepat, utawi prama sastra enggal ugi dereng kenging kaanggep leres, amila priyantun kakalih wau prayogi ngangge prama sastra ing sasenengipun piyambak.
Utawi seratipun Mas Ngabdul kapilu mulki, andadosaken wuninganipun manawi bab sasebutanipun pangeran adipati Arya Suryasasraningrat punika pancen kirang anggenipun angecap.
Redhaksi.

Banyumas
Kala ing dinten Salasa tanggal kaping 25 Maret 1873 watawis wanci pukul gangsal sonten wonten satunggaling tiyang wasta Onggaleksana ing dhusun Karang turi (Sukaraja), gadhahanipun made tikelan rebah kenging angin sarta jawah, ing wekdal sapunika made wau wonten satunggal tiyang estri awasta bok Nyami, kateksir umur 28 taun semahipun tiyang wasta Praya leksana griya ing dhusun Siladho anunggil dhistrik Sukaraja, anggenipun ing ngriku panuju tutuwi dhateng Onggaleksana ingkang gadhah made rebah sarta piyambakipun bok Nyami angemban anakipun jaler maksih suson, punika sami karebahan made wau, anaming bok Nyami sarta anakipun sami wilujeng boten mawi kataton satunggal punapa, amung bok Nyami sukunipun kiwa tengen karaos sakit, saingga lumadosipun ing nagari boten saged lumampah piyambak.
Kala ing dinten Jumungah tanggal kaping 28 anunggil wulan Maret ing dhusun Banjar Anyar ugi dhistrik Sukaraja wonten satunggal tiyang wasta Citrajaya, kadugi umur 42 taun sampun pejah kendhat (gantung) mawi sinjang lurik gadhahanipun piyambak, wonten ing kajeng wringin satengahing pecalipun dhusun ngriku, menggah jalaranipun sampun sawatawis lami wau Citrajaya kenging sakit napas lajeng kawewahan salkit panas , punika salajengipun katingal kados dening tiyang ewah datipun.
Katandhan P.L.
Bojanagara tanggal kaping 6 April 1873
Wonten satunggaling tiyang jawi wasta Sawijaya griya ing kampung Ledhok wetan dhistrik kitha Bojanagara, gadhah anak estri wasta Sabinah umur 8 taun kalebet aneh sanget saha anggumunaken ingkang awit sampun 5 taun punika lamenipun Sabinah ginanjar sakit res-resen, wasana ing nalika tanggal ping 25 wulan Maret ingkang kapengker punika Sabinah ngedalaken undhuk tiyang saking waestrenanipun warni sela pethak mawi sirah tangan suku wujudipun kados reca tiyang, agengipun satikus rawa kang sedheng, ing nalika Sabinah medalaken sela wau pratikelipun sami kalayan tiyang badhe rencang lare, salajengipun Sabinah ginanjar saras awilujeng ing mangke sela taksih kasimpen dhateng Sawijaya.
Katandhan pun pradongga.

Sakathahing paurmatan ingkang amawantu-wantu katur mitra kula ingkang asisilih nama Sedyana kula sampun anguningani saseratan sampeyan ingkang tumrap ing Bra Martani ongka 11 wulan taun punika menggah suraosipun sampeyan aparing pambatang malih dhateng cangkriman kula kalih bab ingkang sampun ingkang sampun kula aturaken ing sampeyan, dene pambatang sampeyan punika ugi sampun radi celak nanging kirang manggenipun kemawon, ing mangke kula angaturaken babaripun utawi wetahing cangkriman kula kados ing ngandhap punika.

1. Ana rupa engga katon ing rinten wengi ananging ora ana swarane sanadyan ing ngarubiru utawa thinuthuk ing piranti uga ora metu ing swarane, punika bangsanipun kukus, utawi kebul pambatang sampeyan langit tuwin mega punika kirang nyamleng, kalih dene langit

punika inggil sangengga boten katingal, jalaran kaalingan mega tuwin mendhung sapanunggilanipun mila boten kenging dipunaru biru ing piranti,

2. Tabya ana swara saengga ora kendhat ing rinten wengi ananging ora ana wujude, punika leres pambatang sampeyan rijal, pambatang sampeyan kumandhang gludhug tuwin ngabdul sarip, punika kirang manggen, awit tigang bab wau boten langgeng swaranipun namung punika babaripun cangkriman kula.

Katandhan Sedyayu.

Tuwan Muser ingkang dados pitayanipun tuwan panerken ing Batawi, angaturi uninga dhumateng para priyantun jawi utawi bongsa sanesipun, manawi ing salebetipun wulan April punika badhe dhateng ing Surakarta, mila para priyantun wau ingkang taksih kagungan sambutan lami sami kaaturan karsa abayar dhumateng tuwan Muser wau, supados sampun ngantos katagih medal pangawasaning paprentahan.

Punika Cariyos Babad Mataram

Samya giris manahe tiyang brang wetan, parakan ambalik, yata kawarnaha, sira Panji Karsula, aneng japan sedhih kingkin, dene amiharsa, wong brang wetan ambalik. Pajarakan Prabalingga Pasuruwan, ing gembong samya balik, miwah Lumajang, sarengan lan Balitar, ing Kartasana ambalik, tiyang brang wetan, sami giris awingwrin. Ya Panji Karsula emeng ing manah, arsa banjeling jurit, apan datan ana, wau kang ing ngaduwa, monca nagara ambalik, tiyang Mataram, sampun magut awingwrin. Langkung merang yen mantuka mring Mataram, mongsa nedyaha urip, duka sri narendra, ya ta Panji Karsula, aneng ing japan pan agring, pan datan arsa, wau den usadani. Tan kawarnaha Panji Karsula wus pejah, aneng japan anenggih, sampun ing astana, wonten mantri Mataram, lumayu atur apeksi, dhateng sang nata, sri bupati Matawis. Yen Panji Karsula lampahe tiwas, serengipun kalindhih, wong monca nagara, sampun balik sadaya, tiyang brang wetan awingwrin, mring wong Makasar, sadaya sami balik. Wus apejah Panji Karsula aneng japan, inggih pejahe sakit, sang prabu Mataram, langkung denya bramantya, kumejot padoning lathi, dene miyarsa, monca nagara balik. Angandika sri narendra, ing Mataram, sakehing wong pasisir, lah padha kariya, adandana sadaya, iya wong ing demung mangkin, lah lurugana, sakehe wong pasisir. Si Prawira taruna sira menyanga, pan dadiya tetindhih, iya perang ira, wong pasisir sadaya, para mantri ing Matawis, ingkang miluwa, nglurug asmara kingkin. Si Wirabumi ing mangkin, iya ta ingkang miluwa, ingkang dadiya kanthine, adhi Prawira taruna, lawan si Pulang jiwa, miluwa marang ing Demung, kalawan si Wirawongsa. Lan si Panji Wirabumi, tuwin si Wiramenggala, poma lah tumpesen kabeh, wong Makasar ingkang prapta, kalawan wong Madura, pariksanen mulanipun, tan seba Mataram. Kang ing ngatag atur bekti, ya ta ngandika sang nata, lawan walonda sakehe, kang tungguk aneng Jepara, iku sira ajaka, anglurug marang ing Demung, yen tan gelem sirnakena. Away ngrungu bendi pikir, Prawira truna tur sembah, saksana kondur sang katong, malebet ing dalem pura, kang sowan bubar samya, tan kawarna solahipun, tiyang pasisir sadaya. Apansumados apanggih, iya nagari Japara, apan sampun mantuk kabeh, samya adandan sanjata, miwah ingkang bahita, mangkana ingkang winuwus, Raden Prawira Taruna. Pan sampun pepak kang baris, Raden Prawira Taruna, lir grah kapitu swarane, gagaman sampun malatar, lir ombaking samudra, awarna-warna dinulu, pan kadi prawata sekar.

Ongka 18  Kemis kaping 1 Mei 1873

# BRA MARTANI

Kula angaturi uninga dhumateng para priyantun sadaya ingkang sami tumbas serat kabar Bra Martani, manawi ing sapunika kula sampun kendel anggen kula dados redhaktur ing Bra Martani, boten kenging saking jalaran punapa-punapa, naming ing wekdal punika saweg kathah pandamelan ingkang parlu, ingkang punika kula angaturi panarimah dhumateng para priyantun ingkang sami tumbas serat kabar Bra Martani wau punapa malih ingkang sami karsa akintun serat panjurung ingkang andadosaken regenging pakabaran Bra Martani, boten langkung ingkang dados pangajeng-ngajeng kula para priyantun sadaya wau mugi sampun ngantos andadosaken cuwa ing panggalihipun, ing wasana panuwun kula mugi karsa anglastantunaken anggenipun sami kintun serat panjurung ing Bra Martani, dhumateng tuwan Jonas portir en ko ing Surakarta.

Ep.El. Winter

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Surakarta

Nalika ing dinten Senen tanggal kaping 1 ing wulan Mulud punika, ing kampung Dorapaten wonten satunggaling tiyang anama Kretareja, ing wanci enjing tiyang wau ngleresaken kerekan paksi brekutut wonten ing uwit kalapa, sareng sampun sae kerekanipunlajeng aningali balarak garing ingkang tumiyung celak panggenan paksi, punika dipun manah amakewedi, wasana balarak wau dipunsendhal, anaming tanganipun ingkang kiwa (mucuk anggenipun gondhelan galugu) sareng blarakipun dhawah tiyang wau anututi dhawah ing siti mangkurep, anak rayatipun tuwin tongga tepalih ingkang sumerep sami dhateng atandhang tulung kabekta dhateng ing griya, ewadene namung antawis kalih jam lajeng pejah.

Nalika kaping 20 April punika, kadugi wanci pukul 7 enjing ing sabin Padan kajawen dhistrik Tlawong (Bayalali) wonten satunggalipun tiyang wasta pun Ngadiman kadugi umur 22 taun, saking dhusun Ngaliyan pejah wonten sabin ing padan wau, pernah wonten sangandhapipun ing galengan, dene jalaranipun pejah pun Ngadiman punika nalika kaping 19 ugi April piyambakipun lumampah dhateng ing pandamelan sareng kadugi wanci pukul 12 siyang piyambakipun mantuk saking ing pandamelan wusana sareng dumugi ing sabin padan wau pun Ngadiman lajeng kendel memet ulam, ingkang sarehning pun Ngadiman wau anggadhahi sakit ayan, nalika wektu mendhet ulam angot ing sakitipun ayan, saha anggenipun dhawah mangkurep, ingkang mongka ing waktu punika angleresi jawah deres, dene sabin sawek dados leleran, dados pun Ngadiman wau boten saged ambekan, kalampahan dados lan pejahipun.

Acin

Nalika sedanipun kanjeng tuwan Jendral Kohler, pakabaran walandi anyariyosaken ing nalika perang wonten ing masjid, tiyang ing Ngacin sami anggregut tandangipun, medal saking masjid lajeng angangseg dhateng barisipun para prajurit bataliyon 9. Kanjeng tuwan Jendral Kohler sareng sumerep pangesuking mengsah makaten wau enggal lajeng anyelaki banderanipun kanjeng gupremen, menggah ramening aprang boten kacariyosaken, inggih ing wekdal punika anggenipun kasambuti yuda kanjeng tuwan Jendral Kohler dene sedanipun taksih asandhi kaliyan bandera wau.
Punapa malih ingkang kacariyos saking pakabaran partikulir nalika titiyang Acin sami angesuk dhateng prajuritipun kanjeng gupremen wau kalampahan ngantos ruket aprang tandhing, mila dadamel sanjata mariyem sapanunggalanipun asring boten kenging katamakaken, meggah dadamelanipun para tiyang ing Ngacin wau kathah ingkang warni kalewang, dene ingkang kawartos tuwan Litnan Wilken pejahipun inggih tatu kenging kalewang ing sirahipun.
Nalika paperangan wau para prajurit ingkang katatan utawi ingkang kalajeng pejah kathahipun 40 tuwin Kaptin Leimen katatan celak mripatipun ingkang tengen, dene tuwan Litnan Wilken punika sanget anggenipun anandang tatu, tuwan Owres Tepantil tuwin Kapitan Nik ugi sami katatan sawatawis, ing wekdal punika para upsir boten wonten ingkang anemahi pejah, dene sabibaring perang wau bangkening mengsah dipunkumpulaken kapanggih 80 iji salajengipun sami kapendhem kadadosaken kalih luwangan, menggah bangke wolung dasa punika ingkang kathah para kaji, punapa malih pejahipun tetela yen kenging pambaledhosing misis mriyem, ingkang winastan granat, dene jisim tunggal ngantos katatan 4 utawi 5 panggenan, ing sadinten punika para prajurit kerep tempuk ing ngaprang, ngantos dumugi ing tengah dalu taksih dipun aru biru dening mengsah, anaming boten ngantos kalampahan perang.

Serat pakabaran Walandi amratelakaken manawi sampun andadosaken parengipun kanjeng parentah ageng bab paprangan ing Ngacin wau ing sapunika kaandhegaken rumiyin awit ing nagari Ngacin sapunika wiwit kathah jawah, mila kagalih sakalangkung pakewed para prajurit wau anggenipun mudhun dhateng ratan, dene benjing yen sampun masa terang jawah peperangan wau inggih badhe kalajengaken, wondene sakathahing bahita kapal prang tuwin para prajurit marine ing samangke smi kadhawahan anjageni lautan ing Ngacin.

Serat kakintunan ingkang kapacak ing pakabaran walandi anyariyosaken manawi ing Ngacin wau sakalangkung kathah prajuritipun sarta sae-sae dadamelanipun anaming sanadyan makatena ing tembe menggah ungguling yudanipun kanjeng gupremen ugi sampun kenging katemtokaken, inggih saestunipun makaten punika kathah para prajurit ingkang anglabuhi pejah wonten ing paprangan, awit para tiyang ing Ngacin punika sami katingal purun dhateng ing pejah sarta sampun sami parigel anggenipun angungelaken sanjata, utwai sami wasis anggenipun angempakaken dadamel kalewang, punapa malih tiyang ing Ngacin wau sampun radi sumerep pratikelipun adamel baluwarti, awit sakathahing beteng ingkang sami kenging karebat dhateng para prajuritipun kanjeng gupremen sadaya wau sami santosa sarta prayogi ing pandamelipun.
Awi saking pakabaranipun papatih ing Ngacin nalika kasor ing yudanipun papatih wau lajeng lolos dhateng ing tanah brit Indiya, mawi ambeta arta kathahipun 325.000 dholar tuwin sakathahing serat lalampahing nagari.

Ingkang kawartos kanjeng tuwan Jendral dhe Broban ingkang sampun pansiyun ing samangke andarbeni atur dhateng kanjeng gupremen manawi kanjeng tuwan jendral waukadugi ambiyantoni perang dhateng ing Ngacin, menggah ingkang dados dhawuh wangsulanipun kanjeng gupremen saking aturipun kanjeng tuwan jendral ingkang makaten

wau sakalangkung andadoskaen parenging panggalih, sarta ing samasa-masa ugi badhe kadhawahan anglurug dhateng ing Ngacin.

Pakabaran lalampahaning perang

Ingkang sampun kacariyosaken angkatipun para prajurit wadya balanipun kanjeng gupremen saking Batawi dhateng nagari Acin, nalika tanggal kaping 22 wulan Maret ingkang mentas kapengker sareng tanggal kaping 29 para prajurit wau dugi ing Singgapura, lajeng sami kendel wonten ing lautan ngriku, dangunipun 36 jam awit lampahing bahita kapal latu wau kedah amendhet areng ingkang winastan sekin kulen, anaming boten ngantos pakantuk, mila sareng enjingipun lajeng mangkat dhateng ing Pinang dene dumuginipun ing ngrika kala tanggal kaping 31 ugi ing wulan Maret wau, inggih punika panggenan pakumpulan sakathahing bahita kapal latu ingkang sami badhe umangsah perang.

Nalika tanggal kaping 1 ing wulan April, sakathahing bahita kapal latu wau sami mangkat saking Pinang, sareng tanggal kaping 4 dumugi ing pulu Wai, namung lerep sadalu enjingipun anglajengaken lampahipun malih, antawis jam 12 siyang dumugi ing plabuhan nagari Acin, sareng wanci jam 4 sonten bahita kapal perang anama Pilip fan Mernik ingkang dumunung wonten sunagapaning lepen Ngacin ingkang sisih wetan, para prajuritipun kanjeng gupremen lajeng wiwit angungelaken mariyem sarta kaelesaken betenging mengsah ingkang wonten pinggir sakiwaning lepen wau, ing wekdal punika para tiyang saged aningali saking bahita kapal, yen pengelesing beteng wau pakantuk sanget namung pangelesing karaton Ngacin kalayan mariyem ageng, punika para tiyang boten saged aningali kaleresan utawi botenipun, awit prenahing karaton wau saking lautan tebihipun 3600 elo, sarta papan leresipun ing ngriku kathah wiwitan ageng alit, punapa malih ing wekdal punika titiyang Ngacin sami katingal ayem kemawon, malah wonten ingkang adus ing lepen saweneh sami lumampah awira-wiri dhateng sangajenging beteng tuwin wonten sanginggiling baluwarti, boten preduli dhateng ungeling mariyem ingkang kaelesaken wau, dene ingkang saged katingal saking palabuhan nalika betenging mengsahkakalih kenging karebat dhateng prajuritipun kanjeng gupremen, menggah beteng watu inggiling tembokipun 10 kaki, kadamel saking sela padhas dene kandelipun namung 2 tuwin 3 kaki utawi sawingkingipun tembok wau mawi kadekekan aling-aling siti kados gumuk, menggah tembok punika tingal saking jawi sampun sepuh sanget, anaming salebetipun ing beteng kados dadamelan enggal, sarta katawis yen bongsa walandi ingkang mratikelaken.

Nalika tanggal kaping 6 ing wulan April, kanjeng tuwan jendral karsa utusan anitik papan panggenan ingkang prayogi kadamel perang, sareng wanci jam 9 enjing para prajurit 2 kumpeni bataliyon 12 sami mudhun dhateng ing dharatan dene sadangunipun lumampah prajurit wau sakalangkung rame anggenipun sami perangan kaliyan mengsah, menggah lampahing para prajurit ingkang aninitik panggenan punika ingkang anindhihi kanjeng tuwan jendral piyambak, kadherekaken sawatawis para upsir lan stap, sarta para prajurit wau sami kadhawahan lumampah setorempan saweneh lumampah tirelur, ing nalika semanten ingkang kamireng namung ungeling sanjata, sareng wanci jam 4 sonten para prajurit sami wangsul sadaya, ewa dene wonten beteng kakalih ingkang tansah kaeles ing mariyem, ing nalika wauugi wonten sawatawis prajurit ingkang kataton utawi ingkang anemahi pejah,

Nalika tanggal kaping 7 wulan mulud April punika, anggenipun ngeles beteng kakalih wau kadugekaken malih sareng enjingipun para prajurit sami kadhawahan mudhun dhateng ing dharatan sadaya ing wanci jam 6 enjing minggahna ingkang mudhun dhateng dharatan rumiyin para prajurit bataliyon 12, sareng wanci jam 9 bataliyon 3, jam 12 siyang prajurit barisan Madura, sareng jam 5 sonten ingkang mudhun pungkasan para prajurit bataliyon 9,

dene para prajurit kolone ingkang kapisan katindhihan Kolonel pan Dholen, sami umangsah lumebet ing nagari, antawis kalih jam dangunipun medal sapinggiring saganten lajeng anempuh betenging mengsah kadeder saking ngajengan kemawon, boten ngantos dangu beteng wau kenging karebat, salajengipun anempuh beteng sanesipun malih, anaming saweg dumugi ngajenging beteng para prajurit wau lajeng kapethukaken mariyem utawi sanjata, saking salebeting beteng, mila para prajurit punika anggenipun badhe anempuh beteng wau botensaged tumunten lampahipun, saweneh wonten titiyang Ngacin ingkang medal saking beteng lajeng angesuk kalayan ambekta pedhang liligan, utawi wonten ingkang nempuh lajeng pejah ing margi, saweneh wonten ingkang ngantos dumugi ing pabarisanipun para prajurit, dene para prajurit bataliyon 3 utawi pabarisan Madura ugi asring sami tempuk perang kaliyan mengsah, sareng wanci jam 5 sonten sakathahing para prajurit lajeng sami wangsul dhateng ing pondhok, ing wekdal punika dereng ngantos kenging anggenipun badhe angrebat beteng wau.

Nalika tanggal kaping 8 ugi taksih nunggil wulan April ing wanci enjing prajurit pabarisan sami kaangsahaken dhateng ing betenging mengsah ingkang dereng kenging karebat, anaming beteng ingkang sampun kenging karebat rumiyin punika dipunenggeni ing mengsah, ewadene boten ngantos lami lajeng kenging dipunejegi dhateng para prajurit malih sarta lajeng amurugi beteng ing sanesipun, ing salebeting beteng wau boten wonten banenipun tiyang tuwin boten wonten ingkang nenggalangi, sareng dumugi sangajenging beteng ing watawis 40 jam tebihipun para prajurit irelur linila lajeng majeng lumampah rikat, sarta boten ngantos dangu para prajurit wau katingal ngadeg ing baluwarti, punapa malih salah satunggaling prajurit ingkang numpak kapal, lajeng wangsul ambekta kabar yen beteng punika sampun pinanggih suwung, ingkang andadosaken tondha para mengsah wau nalika kasoran ing perangipun lajeng sami atilar beteng boten purun anglawan malih wonten ing panggenan ngriku, ing salajengipun para prajurit ingkang satengah bataliyun kadhawahan manggen wonten ing beteng punika, dene prajurit sanesipun andikakaken wangsul dhateng ing pondhok malih.

Kala tanggal kaping 9 wulan April sakatahhing para prajurit sami kadhawahan ngaso, ing dinten wau prajurit arteleri andikakaken anglajengaken anggenipun adhudhunaken kapal, mariyem tuwin sanesipun bakakas pirantosing perang.

Sareng tanggal kaping 10 lajeng tuwan jendral karsa anindhihi prajurit bataliyun 3 tuwin bataliyun 9 punapa malih satengah bataliyun barisan Madura, kanjeng tuwan jendral wau umangsah dhateng salebeting nagari, sareng enjingipun malih wonten pakabaranipun malih manawi masjid ingkang prenah celak ing karaton Ngacin punika kabendrong ing mariyem atemahan kabesmen, sarta lajeng kenging dipunjegi dhateng para prajurit wau, ing nalika perang para prajurit ingkang anandhang tatu kathahipun 60 tuwin satunggal kapitan seni anama, Ki Lastra, kataton sukunipun, utawi satunggal litnan inpantri awasta Seturler punika kataton ing dhadhanipun, dene kendeling perang wau sakathahing para prajurit sami manggen wonten ing ngara-ara sacelaking kadhaton.

Ingkang kacariyos masjid ingkang kabesmen wau mawi tembok rangkep, dene ingkang lumebet rumiyin angejegi masjid punika tuwin Mayor Kenut, ingkang anindhihi prajurit bawahipun 2 kumpeni tuwin bataliyun 8 ugi kalih kumpeni kathahipun, masjid wau samangke sampun risak babar pisan.
Cariyos punika taksih wonten candhakipun.

Panjurung saking Pasuruwan

Wonten tiyang kakalih, 1. Anama Onggawijaya aliyas Sajiman, 2. Anama Atmawijaya aliyas Wait, punika dede amtener, ingkang ongka 1 sampun nyerat sarta nganggen nama raden, ingkang ongka 2 mas angabehi, mongka sadaya tiyang sami sumerep terang yen punika dede asal, purun-purun nama raden utawi ngabehi makaten ugi manawi dipunangkat kalayan idinipun kanjeng gupremen inggih sampun leresipun, dados satunggal tondha punika, kalih tiyang angangge nama palsu sarehning para tiyang kedah purunangurmati tuwin anyebutaken ing serat, punika sedhenganipun anamaha mas kemawon, inggih leres sapunika tiyang nama raden utawi ngabehi yen katimbang kaliyan arta boten maedahi, ananging para bongsa jawi kedah angluluri punapa malih ratu ugi anggalih ing parlu.
Katandhan pun Secawacana

Manawi pareng karsa tuwan redhaktur kula angaturi panjurung kabar mugi kapacaka ing Bra Martani.
Nalika malem Akad Legi tanggal kaping 8 wulan Sapar ing taun Jimakir punika ing wanci jam 8 sonten wonten kareta ambandhang sareng dumugi ing lepen Winanga, rakitanipun mogok amargi toyanipun banjir, kreta wau lajeng dhawah gumlimpang, dene ingkang numpak kareta wau tuwan Parde ing pabrik patukan, kaliyan nyonyah kalih putranipun tiga, sami ambyur ing toya, lajeng katampenan dhateng kenek kusiripun, salajengipun saged mentas dhateng dharatan, nanging karetanipun risak kapal rakitan sami keli, tumunten titiyang ing kampung Jayawilayansami dhateng atandhang tulung tiyang sakawan ambekta obor ingkang wonten ing pakampungan anamung gendhong tiyang anama Kretawijaya lajeng anjegur ing toya awit mireng manawi badhe dipunganjar arta 25 rupiyah mila sadaya sami bikut anata sasisetreng, kapal rakitan sampun pisah klaiyan kreta dumugi sakilen dhaengan kasangsang pathok bandungan, sami pejah namung satunggal ingkang gesang lajeng kabekta ing kenekipun tuwan Parde sagarwa putra sami kondur kaderekaken kusir, dene kreta ingkang risak wau kapasrahaken priyantun pulisipangreksanipun sadalu punika.
Katandhan Mantunglegawa.

Kala ing malem dinten Senen Kliwon angrintenaken tanggal kaping 13 wulan Maret ingkang kapengker punika, para murid ing pamulangan jawi Banyumas sami kapistakaken minongka karameyan, pas bikakipun griya pamulangan enggal ingkang saweg dados, yasanipun tuwan insinyur sawatawis prayogi sarta ageng, wanci pukul wolu sonten para murid wau sampun sami ngalempak ing griya pamulangan lajeng sami kaparingan dhahar, ing wekdal punika kanjeng tuwan residhen tuwin raden tumenggung saha para linding pamulangan ugi sami anjenengi, ing satengahing dhahar tuwan sekretaris ing pamulangan tuwin kanjeng bupati miwah para langda sami kundhisi agentos-gentos, ingkang suraos saha paring piwulang kathah-kathah dhumateng para murid amurih taberi majeng anggenipun amarsudi dhateng kasagedan sarta anggenipun kundhisi wau manawi sampun lajeng sami kasauran ing para murid, inggih, tumunten winantu ing surak ambal-ambalan kalayan anginum anggur, sasampuning telas para lid anggenipun kundhisi tumunten murid saking klas I, II, III, dumugi IV kapendhet satunggil-satunggilingkang dumunung wonten ing ngajeng piyambak utawi ongka 1 sami kadhawahan mangsuli atur agentos-gentosan, para murid sanesipunsami anauri surak ambal-ambalan kadi ing ngajeng wau, wanci pukul sanga bibar nedha para murid sadaya lajeng sami ka… lumebet ing pandhapi kabupatosan andikakaken ningali ringgit purwa muput sadalu pisan menggah wragading pista wau saking kanjeng tuwan residhen, ingkang bupati tuwin tuwin para linding pamulangan ingkang sami manjurung saminatipun.
Katandhan P.L.

Langkung anggen kula angungun tembung sampeyan ingkang kapacak ing serat Bra Martani kedah kadreng ing manah dados samitra satuhu, nanging dahat cupeting budi badhenipun wedaling dhusun ardi sundha apdeling Cilacap, aming lumangyan kangge guugjengan, kula anjurung cangkriman, mugi kamurahna dhateng mitra kula ingkang karsa amanjurung pakabaran kapacak ing Bra Martani.

1. rehning kula paningali sun tetiga, mripat sekawan, untu sajawining lambe, punika jinis punapa, najan ing nagari sanes ugi wonten ananging langkung kapingit.
2. Ing dhistrik Majenang wonten tetedhan langkung edi aming sadaya tiyang kang tumut angraosi nedha punika dados sasemu prihatos, pandugi kula najan sanes negari kados wonten, ananging dereng kabikan.
3. Wonten srana tetabuh gendhing, yen kapidek langkung malati, yen tanah sundha pentil kacang.
4. Gesang tanpa nyawa pejah tanpa jisim, ingkang purun amrepekitansah angaru biru.
5. Wonten jinis tampi tedha anginum gesangipun nedha kaku tur pejahipun langkung samar.

Yen tuwan ingkang amarsudi pangecaping sastra Jawi ing nagari Surakarta kersa tampi pakabaran, kula nuwun wangsulan kapacaka ing Bra Martani ingkang dhateng Majenang.
Katiti mangsa ing Majenang 9 April 1873, katandhan pun kula Jahilan mas sahilah.

Wangsulan
Manawi Jahilan anggadhahi panggalih karsa anglajengaken ing kintun serat panjurung pakabaran ingkang maedahi, punika katampen kalayan kasenengan sarta badhe kapacak ing Bra Martani.
Redhaksi.

Punika Cariyos Babad Mataram
Sami anembang tangara, pra dipati lir udan sinemeni, gong ageng pating carengkung, gumeder kaya piyarsa, asrang lawan, ombake sagara nempuh, kang bahita wus lumarap, ing toya awarni-warni. Pra sami ambabar layar, pra dipati dene awarni-warni, saking mondrawa maledug, asri pan tiningalan, tan antara dhateng kang angin laut, bahita sareng alayar, ambeneraken kamudhi. Lir paksi krendha reratyan, kang bahita layar aneng jaladri, sareng lembara maledug, sakeh para dipatya, kang bade rapin nongka tengeripun, warna-warna kang bandera, lir sekar satam asri. Kang miharsa kapi gerah, tatedhuhan srang ombaking jaladri, asanget angin arawuh, bahita ing salebar, saking jembaring samudra yen dinulu, bahita arebat paran, asanget katubing angin. Tan kawarna lampahira, pulo mondholik sampun kawuri, angsal angin lampahipun, samudra tan kawarna, katingalan Surabaya, udhungipun, saking rikating bahita, ing muara wus angranjing. Para bupati sadaya, wus pepakan prapta ing Surabanggi, bahita nira asukub, aneng ing palabuhan, pra bupati andher pamondhokanipun, Raden Prawirataruna, pan kinepung wong pasisir. Titiyang ing Surapringga, sami suka manahira tan sipi, ngara tetep manahipun, langkung susugu nira, marang Raden Prawiratruna sumuyud, tiyang pasisir sadaya, pra dandanan Surabanggi. Raden Prawiratruna, tansah dadar mring bala langkung asih, adana busana agung, miwah para santana, pan kinula wisudha sadayanipun, tiyang prawira karunan, suyude ing lair batin. Pan tambuh winalesena, pan kawratan wau dananing gusti, kang wadya sadayanipun, ngajak tempuh ing yuda, pan ing kono benjang goningsun nanahur, ing dananing gustining wang, sun saurane ing pati. Pepakan para niyaka, wong pasisir samana gunem pikir, Prawiratruna amuwus, marang para niyaka, kadi pundi ing karsa padha ngong tantun, aprakawis ing dumara, lah kadi pundi ing mangkin. Datan sowan mring Mataram, meh sawarsa malah punjul ing mangkin, manira iki ingutus, ana ing Surabaya, wong Madura sawiji tana munjul,

pangandikane sang nata, kinen marak sakariyin. Mangke nedha ing ngutusan, karuhane yen alalawan becik, para dipati arembug, kawula amiharsa, Trunajaya ambebeg sawarnenipun, milane tiyang Madura, tan sowan dhateng Mataram. Prayogine ing ngutusan, tan kenane sampun ngribedi pikir, yata rahaden angutus, marang pitayanira, apan sarwi binektanan suratipun, dhumateng Ki Trunajaya, ing Sampang kang anunggoni. Utusan sampun lumampah, nengena kang aneng Surabanggi, kocapa ingkang winuwus, sira Ki Trunajaya, apan lagi punika saking ing Demung, pan sampun eca kang rembag, lan Raja Galongsong mangkin.

Ongka 19 Kemis kaping 8 Mei 1873

BRA MARTANI

Panuwun
Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Kula wisudhan tuwin sanesipun
Tuwan Ye. Er. Abeh, sekretaris ing Pasuruwan kapatedhan pansiyun.
Tuwan Pilip guru ongka 2 ing pamulangan jawi ing Surakarta awit saking sakit pikantuk pamit dhateng nagari Walandi.

Raden Tumenggung Ariya Tejakusuma, bupati ing Kedhiri, kapatah angrangkep dados linding landrad ing Kedhiri.
Mas Darmareja wadana ing Patambakan, kaelih dados wadana ing Maja agung (Surabaya).
Mas Astradiwirya jaksa ing Majakerta, kakula wisudhan dados wadana ing Patambakan (Surabaya).
Raden Martakusuma bekel ing jata kakula wisudhan dados wadana ing Bengawan jero.
Mas Prawirana juru seratipun jaksa ageng ing Kedhiri kakula wisudhan dados ajung jaksa ing Brebes.
Raden Rongga Kartadipura tilas jaksa ing Limbangan (Priyangan) kaparingan onderstan.

Awit asma dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan
Penget iki layang manira parentah Kanjeng Raden Adipati Sasranagara, papatih dalem kang angwasa paprentahan gedhe nagara, kang wis mupakat kalawan kanjeng tuwan residhen ing nagara Surakarta Hadiningrat dhawuha marang bupati pulisi Surakarta Hadiningrat lan bupati utawa onderegen pulisi ing kutha-kutha sajabaning nagara kabeh.

Lir ing parentah awit kanjeng gupremen wus anemtokake kamot ing layang kakancingan, katiti mangsan kaping 6 Januari 1873 setatseblad ongka 8 ing paresidhenan Surakarta, kawuwuhan prayayi papat padha pangkat asisten residhen kabawah kanjeng tuwan residhen, kaprenahake ana ing kutha Kalathen, ing Bayalali, ing Sragen, sarta ing Karangpandhan, ing mengko manira anemtokake dhawuhing kawajibane para bupati pulisi ing kutha-kutha kabeh, amarga saka uninganing layang prajangjiyan dalem karo kanjeng gupremen nalika taun 1847 kapacak ing layang setatseblad ing Indiya Nederlan ongka 30 anamtokake sarupaning prakara amasthi kaunggahake sarta karampungan dening pangadilan pranata, tumuli kasusulan pranatan maneh kadosta ing layang katiti mangsa kaping 18 April 1834 setetseblad ongka 1 ing Surakarta kawuwuhan pangadilan kaprenahake ana ing kutha Kalathen, ing Kartasura, ing Ngampel, ing Bayalali, ing Sragen, kawenangake angrampungi sarupaning prakara para padu kaaranan rad kabupaten, ananging kenane kadhawuhake yen wus kaiden pradata dalem, mulane manira anemtokake kaya kang kasebut ing ngisor iki.

Bab 1
Wus lawas genira anggalih kehing lalaran kang ana sajroning kunjara Surakarta, sanadyan panggarape wus rikat rampunge, saprandene isih durung bisa kurang saka cacah 400 iji, kang

dadi jalaraning akeh isining kunjara iku sabab saka prakarane wong kang kadakwa anglakoni bab kadurjanan, sanadyan kena kaaranan prakara cilik lan pancen kaluwaran suprandene iya kaladekake marang nagara Surakarta, tekane nagara ora bisa rampung tumuli, amarga ngenteni saksi, bareng wus terang papriksane lalaran amung kaluwaran, kang mangkono iku andadekake sangsarane kang kadakwa utawa saksi, awit saka dohe omahe tur lalarane ora katrap.

Bab 2
Sawuse salaminira anggalih kaya kang kasebut ing dhuwur iki, supayane suda isining kunjara Surakarta, bupati pulisi sajabaning nagara kang ana ing kutha-kutha manira maringi wawenang angrampungi prakara kadurjanan manut unine bab 13 ing layang setruksine para bupati pulisi, utawa kang pancen kaluwaran nganggo terang kalawan dadi condhonge tuwan asisten residhen .

Bab 3
Mungguh patrape angrampungi prakara mau, bupati agaweya buk pengetan kaaranan pulisi rol cacah 2 iji, yen prakara lumadi saka dhistrik amasthi uwis anganggo layang papriksan, jaksa kang anyekel buk ing kunjaran lan anocokake apa katrangane katulisa maneh dadi wujud layang papriksaning jaksa, sarta kapacak kararingkesan tumrap ing buk rol, kaladekna marang bupati dalah lalarane lan saksine sawuse saka pariksa terang, apa kang dadi panimbange kauningana marang tuwan asisten residhen, yen tuwan asisten residhen wus anyondhongi kalawan anandhani ing buk, bupati uga andhanana, kang pancen katimbang munggah marang pangadilan gedhe pradata dalem, bupati angladekna lalarane dalah saksine apa dene buk rol marang nagara bareng lan layang papriksane dhistrik sarta papriksan ing kabupaten katampakna marang bupati pulisi Surakarta, bupati pulisi Surakarta banjur anguningakake ing manira lan marang kanjeng tuwan residhen, yen uwis manira pariksani, bupati pulisi Surakarta banjur amasrahna lalarane saprabote sarta turunane buk rol marang bupati jaksa supaya tumuli karampungan munggah ing pangadilan gedhe pradata dalem.
Bab 4
Ana dene lalaran kang timbang mung kabener kapatrapan paukuman kasebut ing bab kaping 13 ing layang setruksine para bupati pulisi, apa dene kang kaluwaran, iku ora susah kaladekake marang nagara Surakarta, kang lumadi amung buk rol saben sasi sapisan, mulane buk kagaweya loro iji supaya aja leren panindaking prakara, jalaran angenteni baline buk dadi yen buk kang siji kaladekake ing manira, kang siji kaanggo anindakake prakara ana ing kabupaten.

Bab 5
Ana dene panggonan pangrembuging prakara iku ana ing kabupaten wujuding buk kagaweya sastra walonda tembung malayu.

Bab 6
Sarupaning lalaran kang kaandheg ana ing kunjara kabupaten awit lagi anerangake papriksan, utawa kang kapatrapan paukuman kang wus terang ing manira, pangane kasanggakna marang sawijining wong kang prayoga, sarta kang kaduga nyongga sathithik dewe wetayarane, dhuwit bayaran ingoning lalaran iku bakal kabayar dening bupati, metu saka dhuwit kang wus kacawisake minongka ingoning lalaran mau.

Bab 7
Mungguh lalaran kang wus kajiyad anyabut gawe ana ing kabupaten, kapatrapna anggarap iyasan dalem utawa iyasaning nagara, apa dene kang garap lurung sajeronig kutha kabupaten ing saprelune sakira abot bisa angapokake marang wong kang wus anglakoni piala.

Bab 8
Panewu wadananing dhistrik wenang anindakake papriksaning prakara bab kadurjanan lumadine marang kabupaten, uwis sakanthi layang papriksan kang terang, miturut pola ring manira, mulane pulisi dhistrik kena angandheg lalaran suwene nora kena luwih saka pat likur jam, yen sawise pat likur jam papriksane durung rampung, lalarane aladekna dhisit marang kabupaten kanthi pratelan cekakan, layang papriksan sarta prakara kena kasusulake.

Bab 9
Saben sasi sapisan bupati pulisi akalumpukana lan panewu wadananing dhistrik sapanunggalane, anglapurna apa ananing bawahe ing dalem sasasi tuwin anampani parentahing bupati ingaranan kumrengsi, ing wektu pakumpulan iku, manawa tuwan asisten residhen teka ing kabupaten arep anguningani palapuran sarta parentahing bupati kang kena linggih ing kursi amung bupati ana sakiwane tuwan asisten residhen onderegen utawa kaliwon ingkang minongka patih linggih kursi sawatara adoh, jaksa sapangisor padha linggih nglampit.

Bab 10
Sarupaning prakara padu magepokan tuwan-tuwan utawa cina apa dene bongsa sabrang liyane, kang ing ngarep katindakake dening bupati pulisi, saiki sadurunge katindakake bupati atepunga rembug karo tuwan asisten residhen dhisikpanindike yen uwis sarembug.

Bab 11
Para bupati sakarerehane ing sabisa-bisa padha rumeksaha kaslametane tuwan asisten residhen kang manggen ing kutha kabupatene dhewe-dhewe, sarta bupati anganana wong kuli 6 iji ing dalem sadina sawengi ana ing asistenan minongka kemit utawa gerdhu, mangkono maneh bupati pulisi sakarerehane padha anganggepa kalawan urmat sapantere marang tuwan asisten residhen.

Bab 12
Sauwise layang parentah iki kalumrahake, sapa kang ora netepi bakal kapatrapan samurwating kaluputane.

Dhawahing parentah Surakarta Hadiningrat kaping 28 Pebruwari 1873.
Katandhan kang angasta pangwasa gedhe nagara.
Kanjeng Raden Adipati Sasranagara.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Surakarta
Nalika ing dinten Jumuwah sonten tanggal kaping 6 wulan Mulud taun punika ing wanci sonten awit ungelipun kagungan dalem gongsa Sekati ngantos dumugi sadalu tuwin enjingipun, titiyang ningali anglangkungi kathah para ageng jawi tuwin para tuwan-tuwan saha para nyonyah, punapa malih sakathahing bongsa dalah para priyantun ing Ngayogyakarta ugi kathah ingkang sami dhateng aningali, samanten malih tiyang sasadeyan barang awarni-warni ngantos angebeki sapalih ing ngalun-alun ingkang sisih kilen, para Cinten Walandi encik koja jawi sami adamel bango saengga griya, awit barangipun toko sami kabekta sadaya sarta ingkang sisih ler wonten titingalan wasta malem molen inggih punika mainan mubeng kados jontra awarni kapal kareta bendi, sinten ingkang ningali malebet ing tarub mawi bayar 25 sen, dene manawi tumut numpak bayaripun wewah 10 sen, malah saking

pakabaranipun para pulisi sami kadhawahan niti pariksa kathahhipun tiyang sasadeyan utawi papajenganipun ing dalem sadinten sadalu, saking lapuranipun para pulisi, awit Saptu enjing dumugi Akad enjing papajenganipun sadaya gunggung 3591 rupiyah salajengipun ugi boten kirang saking tigang ewu rupiyah, malah nalika Salasa enjing dumugi Rebo enjing angsal 4135 rupiyah utawi para priyantun ing Surakarta ugi kathah ingkang ningali dhateng ing Ngayogyakarta, saking pakabaran kathahipun tiyang ninngali kaot sawatawis wonten kathahipun ing Surakarta, makaten ugi tiyang sasadeyanbongsa tetedhan, manawi bongsa barang toko kathah sanget kaotipun awit ing Surakarta wau ingkang sami dhasar awit mungel sapisan dumugi bakda boten mawi kukud, sanadya jawah deres inggih dipuntekadi kemawon, ewa dene nalika malem Rebo wanci jam 3 dalu pulisi prembe anyepeng pandung wonten ing sakatenan, amendhet ulam bagedel sapiring gadhahanipun cinten dhasar, durjana wau salajengipun kalabetaken sepir.

Serat telegram ingkang sami katampenan anyariyosaken kados ing ngandhap punika.
Awit saking pakabaranipun badhe wonten kapal latu 10 tuwin para prajurit marine 300 satitindhihipun para upsir saking nagara Nederlan kakintunaken dhateng ing tanah jawi.
Bahita kapal latu anama Singgapura sampun mangkat saking Singgapura, ambekta prajurit 70 ingkang sami anandhang tatu.
Para prajurit ingkang kaangsahaken dhateng ing Ngacin nalika tanggal kaping 1 Mei sampun mangkat wangsul dhateng nagari Jawi.
Sakathahing beteng ing Ngacin ingkang sampun kenging karebat dening wadya balanipun kanjeng gupremen ing samangke sampun karisak sadaya.
Nalika tanggal kaping 28 April, para prajurit wau sami minggah dhateng kapal, dene kapal perang sanesipun taksih kantun anjageni lautan ing Ngacin.
Ingkang kawartos Sultan ing Ngacin sampun karsa utusan dhateng ing Konstatinupel tanah Turkeye, aminta sraya dhumateng sultan ing ngriku, supados ambedhamekaken bab prakawis perang lalawan kanjeng gupremen ing Indiya Nederlan.

Salatiga
Nalika ing dinten Jumungah tanggal kaping 2 wulan punika ing griyanipun nyonyah randhanipun swargi tuwan Op ing Salatiga kalebetan durjana kecu, menggah barang ingkang kabekta dening durjana wau warni arta 20.000 rupiyah, ingkang warni barang sosotya sapanunggalanipun pangaos 100.000 rupiyah.

Tuwan Plut fan Oldreitenbureh tuwin Tuwan Reis sami anggadhahi panuwun dhumateng kanjeng gupremen mugi kalilana adamel margining kareta latu saking Surakarta dhateng Madiyun anjok ing Kedhiri, ing salajengipun dhateng ing Pasuruwan, menggah waragadipun katapsir 44 yuta, manawi kanjeng gupremen amarengaken panuwunipun tuwan kakalih saiba kathah ing paedahipun sarta anggampilakendhateng para titiyang ingkang sami kekesahan dhateng paresidhenan wau.

Awit ingkang kawartos tuwan ..idah ugi anggadhahi panuwunipun para tuwan dhumateng kanjeng gupremen badhe andamel kareteg saking tanah Jawi angambah lautan ingkang anjog dhateng Sumatra.
Serat pakabaran walandi anyariyosaken manawi kanjeng raja ing Siyam anyagahi dhumateng kanjeng gupremen manawi ing tembe paperangan malih Ngacin badhe karsa abiyantoni prajurit, awit kanjeng raja ing Siyam wau ugi lalawanan sultan ing Ngacin.

Semarang

Tuwan Wilan ingkang angerehaken kumidhi kapal tuwin main tali, ing sapunika sampun dumugi ing Samarang sarta badhe tumunten wiwit main, dene sarampungipun main wonten ing Samarang ingkang saestu dhateng ing Surakarta.

Lalampahanipun Kanjeng Tuwan Jendral Kohler

Tuwan Kohler punika anakipun militer apangkat alit kemawon, dene lairipun kala ing taun 1818.

Ing taun 1838 nalika Tuwan Kohler dhateng ing tanah Jawi saweg dados sersan polonter, sareng ing taun 1840 kakula wisudhan dados twedhe litenan sarta kapatah dados ajudanipun tuwan tuwan Kolonel Malson wonten ing Sumatra, boten antawis lami twan Kohler kaelih dhateng ing kadhistrikan tanah Lampung dados militer rekomandhan sarta angrangkep nyepeng padamelan sipil, ing waktu wau tuwan Kolonel Malson ugi dhateng ing tanah Lampung anindhihi para prajurit ingkang sami kaangsahaken perang wonten ing ngriku, ewa dene tuwan Kohler wau taksih lestantun kapatah anglampahi padamelan sipil, ananging samanten punika tuwan Kohler ugi ambiyantoni lampahing perang, mila katarimah sarta lajeng kaganjar warni bintang Wilem Ordhe.

Tuwan Kohler wau sampun nate dados mayor ing Bangkah lajeng dados litenan kolonel ing Surakarta, ing wasana kaelih dhateng ing Sumatra tanah wetan dados pangagenging para militer ing ngriku, sarehning tuwan Kohler wau sampun kulina wonten ing tanah ngriku mila dipunpitajeng dados tatindhihing wadya bala ingkang kaangsahaken perang dhateng ing Ngacin, kalampahan tuwan Kohler kasambut ing perang seda wonten ing payudan, menggah sedanipun tuwan Kohler wau punika boten namung anadadosaken prihatosipun para kulawarganipun ingkang sami taksih anandhang pangayomanipun tuwan Kohler punika, dalasan ing tanah Indiya Nederlan inggih ugi nama tumut kaecalan prayagung ingkang wanter ing budi sarta setya tuhu ing kawajiban, mila saking pangajeng-ngajeng mugi kanjeng parentah ageng anglipura dhateng para warganipun tuwan Kohler ingkang anandhang prihatos wau, supados boten wonten panyipta bilis sedanipun tuwan Kohler wau boten akanthi panarimahipun kanjeng parentah ageng.

Pakurmatan nalika panguburing layonipun kanjeng tuwan Jendral Kohler wonten ing Batawi.

Kanjeng tuwan ingkang wicaksana Gupernur Jendral Lodhon sampun karsa angateraken panguburing layonipun kanjeng tuwan Jendral Kohler ing waktu wau kanjeng tuwan ingkang wicaksana gupernur jendral angandika suraosipun ing ngandhap punika.

Tuwan Kohler nalika arep mangkat menyang Ngacin enggone pamitan nganggo amratelakake yen sarirane lan para militer kabeh bakal anglakoni kang dadi kawajibane, awit saka iku sarehning temahane tuwan Kohler kasambut ing payudan, marmane ing mengko manira lan sakehing para tuwan kang ana ing kene padha asung pakurmatan marang sarirane lan para militer kang padha alabuh pati ana ing Ngacin sarta lalakon iki mesthi bakal kalebu ing layang-layang lalakoning para militer ing tanah Indiya Nederlan apa dene sakehing wong lanang wajib ora kadunungan ati uwas marang lalakon mangkono mau, awit para militer iku kudu anglakonikawajibane kaya kang wus linakokna dening tuwan Kohler supaya aja nganti andadekake nisthaning wadya bala ing Indiya Nederlan.

Kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral sasampunipun angandika makaten wau lajeng angaras pipining putranipun swargi kanjeng tuwan Kohler ingkang taksih timur, wasana Kanjeng Tuwan Jendral Witon ugi angandika makaten: Kanjeng Tuwan Kohler kang watek banter lan anglabuhi wajibe nganti tumeka ing pati iku asmane amesthi dadi pangenget-enget ing salawase, sarta aku lan para militer iki padha asung oncen-oncen kembang minongka

pakurmat kula lan para militerkabeh, dhuh kanthi kukowehan dhisiki tumekaning janji, kang iku padha andum raharja.

Manawi pareng karsanipun tuwan redhaktur, kula ngaturi panjurung mugi kapacaka ing Bra Martani wekdalipun kemis ngajeng punika.
Nalika ing dinten Kemis tanggal kaping 4 wulan Mulud ing taun punika abdi dalem bekel ing pasanggrahan Langen harja nama pun Setramanggala, ing wanci sonten amisaya ulam dhateng benawi kalayan anjer, boten antawis dangu angsal ulam pacal 1 iji, anaming ulam wau sakalangkung agengipun, salami kula gesang sayaktos dereng nate sumerep ulam pacal smanten agengipun, amila nalika ulam wau malebet ing saya osiking manahipun Setramanggala dipun dugi yen bajul, anaming sarehning tukang mendhet ulam punika sampun angyektosi dhateng solahing ulam kaliyan bajul saestu sanes, sareng sampun tetela manawi ulam lajeng dipungelut kemawon ngantos dangu anggenipun ngaben karosan, sawetawis Setramanggala radi kuwalahan, yen ta sampuna lajeng dipuntulungi tiyang kakalih kados kalampahan ucul malih, sareng sampun kenging lajeng surak-surak bekta dhateng ratan, sakathahing tiyang smai eram ningali agengipun, dene panjangipun badan kaukur saking sirah dumugi pethit 7 kaki, agenging sirah 2 kaki, menggah salajengipun ulam wau kasaosaken konjuk sangandhaping sampeyan dalem ingkang sinuhun medal saking Purbanagaran. Ing ngatasing ulam lepen ingkang nama pacal dereng kados punika ageng panjangipun.
Katandhan pun anggumun.

Punika Cariyos Babad Mataram
Milane Ki Trunajaya, tan anunggal ngadhepi kang nagari, manawi ta wong Mataram, angrusak ing Madura, lan maninge manawa kengser ing Demung, sedyane Ki Trunajaya, arsa bokong saking wuri. Kawarnaha kang utusan, sampun ptapta Madura kintun weling, samana pan sampun katur, mring Raden Trunajaya, lamun wontening wau utusanipun, Raden Prawirataruna, anulya dipuntimbali. Nanging ta Ki Trunajaya, masang wadi api-api asakit, utusan wus prapta sampun, panggih lan Trunajaya, punang duta gya amaringken suratipun, tinampen sigra winaca, penget babukaning tulis. Kang serat sira rahadyan, ya prawira nagri Matawis, saha salam donganipun, dhumateng kang wayah, Trunajaya ing Madura wiyosipun, timbalane sri narendra, marang pakenira kaki. Malane wong ing Madura, ora seba iya marang Matawis, katur marang sang prabu, kalamud pakenira, kang apenging aseba amring Matarum, apa nyata mangkonoha, iya ujare pawarti. Lan maning wong Madura, kinen ngerid dening sri narapati, anglurug marang ing Demung, anggecok wong Makasar, sampun tamat kang serat wiraosipun, angling Raden Trunajaya, marang utusan amanis. Alah ta sira matura, marang eyang ora anedya angimpi, kalamun ta awak ingsun, ngukuhana Madura, apenging aseba marang Matarum, saking edane wong Sampang, tan kena den parentahi. Ing mangke wonten parentah, angerig tiyang Madura iki, anglurug marang Demung, ingsun dhateng sumongga, sampun siyang sanadyan inggih adalu, manira dhateng sumongga, kang abdi saosi kardi. Nanging ta awak manira, nora miyang inggih lagi asakit, nanging kang abdi sadarum, manira ken lumampah, rumiyina dening mengko sapungkurmu, wong Madura lagi dandan, nusul marang Surabanggi. Yata sampun sinembrama, kang utusan lawan pinisalin, yata anuli tinundhung, duta amit nembah, sampun mangkat datan kawarna ing ngenu, wus prapta ing Surabaya, apanggih kalawan gusti. Raden prawira taruna, kang utusan matur sarwi angabekti, wus katur sasolihipun, yata sarira adyan, pan anguna dikara den sapun weruh, lamun sinongga ing krama, nanging ta dipunecani. Sok kondura wong Makasar, wong Madura gampang kapanggih wingking, rahaden sampun arembug, arsa ali bubar, agya nuli anumpak bahitanipun, ing pasisir kadya gerah, swarane kang wadya alit.Bahita awarna-warna, apa dene baitaning kumpni, ing laut umyang gumuruh, sami nembang tengara, apan sareng denya babar

layaripun, sami masang tunggulira, saksana katub ing angin. Lwir paksi krendha raratyan, apan sareng angembara ing langit, yen tiningalan maledug, sagara kaebekan, sareng layar saking jembar sagara gung, bahita pating salebar, dening bahita kumpni. Winastan bahita kapal, pan alayar aneng wuri atebih, datan kawarna ing ngenu, denye layar wus prapta, Panarukan aminggir bahitanipun, tiyang pasisir sadaya, wus sami prayitneng westhi.

Ongka 20 Kemis kaping 15 Mei 1873

# BRA MARTANI

## Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

## Kula wisudhan tuwin sanesipun

Raden Purakusuma, tilas wadana ing Cikembulan (Priyangan), ing samangke sampun kaundur saking kalenggahanipun kalayan urmat.
Raden Ngabehi Sumadipura, awit pindhah saking Salatiga kamantunan anggenipun dados linding landrad ing ngriku kalayan urmat.
Raden Citradimeja, onder kolektur kapatah anggentosi dados linding landrad ing Salatiga.
Raden Citradipraja, wadana ing Adireja (Banyumas) awit saking panuwunipun kaundur saking kalenggahanipun kalayan urmat.
Bagus Jayapraja, gesang ing Serang kakula wisudhan dados patih ing Pandhegelang (Banten).
Raden Sumawijaya, wadana ing Ngampit kaelih dados wadana ing Kebon Candhi (Pasuruwan).
Raden Ariya Sasrawinata, wadana ing Winangun kaelih dados wadana ing Ngampit (Pasuruwan).
Raden Atmadiwirya, wadana ing Jati kaelih dados wadana ing Winangun.
Raden Purwadipura, bekel ing Winangun kakula wisudhan dados wadana ing Jati (Pasuruwan).
Raden Behi Natadirja, mantri gudhang kopi ing Surakarta kaundur saking pandamelanipun kalayan urmat.

## Cariyos tuwin pawartos warni-warni

### Surakarta

Kala tanggal kaping 6 wulan punika wontensatunggaling kuli pinanggih pejah ing sangajengipun kamar bolah dhe harmuni, ingkang kacariyos pejahipun kuli wau awit saking kaliren.
Anunggal sadinten wau ugi wonten rare alit kasangsaran kagiles ing kareta pasewan, kalampahan pejah ing ngenggen, mila ingkang dados pajeng-ngajeng benjing manawi wonten sekaten malih paprentahan ageng dhawahna wawaler sakathahing kareta ingkang ngambah ing alun-alun sami lalampahan rindhik kemawon.

Sanadyan paprentahan nagari sampun karsa angundhangaken wawrat ing serat sarta katemplekaken ing alun-alun ingkang suraos andhadhawah parentah yen para tiyang ingkang aningali sekaten boten kalilan anyalamur panganggenipun, ewondene taksih kathah para nem-neman ingkang mahaha mangangge ingkang boten-boten, andadosaken gugujenganipun tiyang kathah, ingkang punika punapa paedahing dhawah wau, manawi boten linampahan ing sayaktosipun, mila pakabaran punika mugi sageda angemutaken dhateng para nem-neman

wau, supados ing benjing sampun ngantos anemahi prakewed anggenipun anglanggar parentah nagari.

Nalika malem Kemis tanggal kaping 5 wulan Mulud ing taun Jimakir punika tiyang cina ing Klathen ingkang gagriya sakiduling ngepos prenah sawetan margi ageng, ing wanci dalu griyanipun kalebetan durjana kecu, ananing cinten wau nuju kesahan, namung kantun nyonyahipun kemawon, sanadyan griyanipun cinten punika celak sanget kalih asistenan, ewadene sarehning boten gadhah rencang jaler dados barangioun sami telas kabekta ing durjana, saking pakabaran gugungipun namung pangaosan 300 rupiyah, awit cinten wau kalebet melarat, ing nalika samanten ingkang gadhah griya tuwin durjananipun sami wilujeng, dene para pulisi ing ngriku ugi sami angupadosi titik katerangan, anaming ing samangke dereng wonten kabar katranganipun.

Samarang
Nalika ing dinten Jumungah tanggal kaping 9 wulan punika, Tuwan Wilon sampun wiwit main komidhi kapal tuwin sagawon, menggah pratikelipun sakalangkung sae tuwin angeram-eramaken, awit saking kathahipun tiyang ingkang sami anonton ing tarub ngantos jejel kirang ing panggenanipun.

Kanjeng gupremen ing Indiya Nederlan sampun ambyawarakaken serat ingkang suraos bab jalaranipun kanjeng gufermen amamengsahan perang kalayan sultan ing nagari Acin, inggih punika awit saking awoning pratikelipun prayantun ing ngriku, ingkang sami kinuwasakaken nyepeng paprentahan dening sultan ing Ngacin, menggah para raja-raja ing ngamonca sareng amidhanget suraosing serat wau sami anyondhongi ing karsanipun kanjeng gupremen anggenipun mamengsahan kaliyan nagari Ngacin wau, punapa malih badhe karsa ambiyantoni ing saprelunipun.
Awit saking pakabaranipun paprentahan militer badhe karsa angewahi cacahing prajurit tunggal-tunggaling bataliyun ing samangke katamtokaken 1000 iji, punapa malih ing Batawi, Samarang, tuwin ing Surabaya, para prajurit sampun wiwit sami kahajar pratikelipun angiseni sanjata ahterlad, punapa malih sanjata enggal winastan bumon gewir sampun kakintunaken saking nagari Walandi dhateng ing tanah Jawi anyekapi kangge para prajurit 13 bataliyun.

Batawi
Nalika ing dinten Kemis tanggal kaping 8 ing wulan Mei punika, Kanjeng Tuwan Mister Raperet, lindingrad Indiya Nederlan sampun karsa umangkat kondur dhateng nagari walandi, mawi kaurmatan ungeling mariyem kaping 36 saking palabuhan Batawi kanjeng tuwan Raperet anitih bahita kapal latu winastan Cicarum, sareng dumugi ing lautan lajeng asantun bahita kapal anama Nefa.
Ing dinten wau nyonyah randhanipunswargi Kanjeng Tuwan Jendral Kohler saha putranipun ugi mangkat dhateng nagari Walandi anitih bahita kapal latu, dene angkatipun saking Batawi dhateng ing plabuhan anitih kareta setasi titiyanipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral, mawi kadherekaken satunggaling upsir ajudanipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana.
Para prajurit ingkang sami wangsul saking Ngacin ing sadhatengipun ing Batawi sami kandhek sawatawis wonten ing ngriku jalaran awit wonten pakabaranipun saking para kapitan, kapal dagangan setumparet matsekepei ing Indiya Nederlan ing samangke kaleresan mangsanipun para prajurit  wau sami umangsah dhateng Ngacin, sanadyana ing mongsa punika kathah jawah, ananging ing palabuhan boten amutawatosi, kados benjing ing wulan Agustus, September, tuwin ing wulan Oktober, amargi ing ngriku badhe kathah anging ageng ingkang amrakewed lampahing bahita, sareng kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur

jendral amidhanget pakabaran punika, lajeng karsa anggalah para prajurit wau badhe tumunten kawangsulaken dhateng ing Ngacin malih.

Banyumas

Ing nalika dinten Saptu tanggal kaping 26 wulan April ingkang mentas kapengker punika, wonten satunggaling tiyang estri awasta bok Bongsa condhra kadugi umur 45 taun griya ing kampung Sukaraja wetan (Sukaraja), sampun ppinanggih pejah kumambang wonten ing lepen Klawing ingkang pinggir kilen celakipun dhusun Kedhung Ngenge ugi dhistrik Sukaraja, menggah saking pangintening tiyang pejahipun bok Bongsa condhra punika kadugi panuju nyabrang wanci dalu lajeng kendhang boten kasumerepan ing tiyang, punapa malih piyambakipun pancen kenging sakit ewah datipun.

Ing nalika dinten Jumungah tanggal kaping 25 anunggil wulan April ing dhusun Pakuran dhistrik Purwareja, wonten satunggal tiyang jaler wasta Arsadimongsa kadugi umur 27 taun sampun pejah ngendhat (gantung) mawi sabukipun lurik tuwa watu wonten ing uwit nongka salebeting pekawisaning tiyang sepuhipun piyambak, dene jalaranipun ugi katawin kados dening tiyang badhe kenging sakit ewah datipun.

Panjurung wangsulan

Ing Bra Martani ongka 10 wonten panjurung cangkriman saking mitra kula Wongsamanggala mawi sekar sinom kalih pada, ingkang sarehning saengga samangke dereng wonten para mitra ingkang karsa ambatang, mila kula kamipurun angaturi batanganipun cangkriman ingkang kawrat ing pada kaping kalih, manawi boten lepat pamanggih kula peksi rangkok.

Ingkang punika manawi atur pambatang kula ing ngajeng wau taksih nalisir, boten langkung amung nyuwun pangaksama ingkang agung, sarta manawi wonten saruning tembung miwah lepating panyerat kula mugi mitra kula Wongsamanggala karsaha anebihna saking duduka, amung tekad lumangyan katimbang kaliyan dereng wonten ingkang karsa anjarwani, dene cangkriman ing pada kapisan kula dereng manggih saserepan menggah batanganipun, wasana leres lepat kula anyumonggakaken ing karsanipun para sarjana.

Katandhan mitra paduka pun Wartatama.

Banyumas

Kala ing dinten Saptu tanggal kaping 19 wulan April punika watawis pukul sawelas siyang wonten satunggal tiyang estri rondha wasta bok Jeminah kadugi umur 25 taun mondhok sarta dados rayatipun tiyang wasta Suradiwongsa, griya ing dhusun Kaliori dhistrik Sukaraja, piyambakipun bok Jeminah panuju mendhet toya ing sumuripun Suradiwongsa wau wasana lajeng kacemplung sarta kalajeng pejah.

Kala ing dinten Kemis tanggal kaping 24 anunggil wulan April punika watawis wanci pukul sanga siyang wonten satunggal lare jaler wasta Usman kadugi umur 4 taun anakipun tiyang wasta Kertamenggala, griya ing dhusun Mandiraja dhistrik Purwareja, wau lare panuju saweg nyabrang ing wangan salebetipun dhusun ngriku sarta mawi dipungendhong dhumateng sadherekipun estri, wasana kanyut ing toya lajeng pejah kabalabag, ananging sadherekipun estri ingkang gendhong wilujeng gesang awit tumunten katulungan.

Anunggil dinten Kemis ing ngajeng wau, watawis wanci pukul sakawan sonten wonten satunggal lare jaler wasta Saliman, kateksir umur 3 taun anakipun tiyang wasta Prayadipa, griya ing dhusun Sumampir dhistrik Kalireja, lare punika panuju dolan-dolan wonten ing latar lajeng kacemplung ing balumbangan ingkang kangge ambucali rapen sarta raregedan ing waktu wau wonten toyanipun jawah, ing temahan lare pinanggih pejah.

Katandhan P.L.

Panjurung minongka wangsulan
Serat Bra Martani ongka 13 Kemis kaping 27 Maret 1873 wonten panjurungipun mitra kula ingkang peparab Wartatama, ingkang suraos karsa unbetanganipun cangksriam kula, ingkang tumanduk Raden Sedyana, punika sakalangkung panuwun kula akanthi bingah sanget, amargi panjenenganipun mitra kula kesdu ing manggalih karsa lelantaran rembag kalayan kula wonten ing Bra Martani, ananging mugi andadosaken uningan bab paparing sampeyan batangan wau inggih sampun kathah tempelipun ananging kirang plengipun ingkang awit pambagenipun ing lumbung ingkang kirang mathis sageda tapi, 1 tiyang pikantuk lumbung 2 iji, wondene kathahing pantun utawi paperangan pantunipun ugi sampun leres sadaya, kula sumongga panjenenganipun mitra kula anggenipun karsa galih, namung bilih wonten kalepatan kula mugi paring amaklum ingkang agung, wasana atur kaurmatan kula.
Katandhan pun Kenil.

Manawi pareng karsanipun tuwan redhaktur sarta wonten selanipun papan, kula angaturi panjurung kabar kados ing ngandhap punika.
Ing nalika malem Rebo angrintenaken tanggal kaping 16 wulan April ing taun punika, ing kawedanan dhistrik gespeng, apdeling Bangil, wonten titingalanwinastan gambuh, dene gambuh wau katranganipun kados ing ngandhap punika, wedana ing gespeng sampun andamel prajanjeyan kalayan 14 tiyang ingkang sami dipunajar beksa gambuh, busana saha bekakasipun gambuh punika medal saking wedana, kadosta pedhang, tameng, dhuwung, jemparing, iket, utawi kampuh sapanunggalanipun, dene yen wonten tiyang nanggap sapintena angsalipun epahan dados gadhahanipun gambuh piyambak, dene yen wedana gespeng gadhahi kajengan wonten ing kawedanan, ing sagebyagan tiyang satunggil kabayar ½ rupiyah, ing wektu kula dhateng gespeng, angleresi dinten ingkang kasebut wau, ingkang sami rawuh ningali kathah para tuwan-tuwan kadosta tuwan antener trebes kikeng sapangandhap, menggah pakurmatanipun wedana boten kirang, awit beksanipun gambuh awit jam 8 sonten 1 beksan gambuh bali sikep dhuwung tameng, 2 beksa tameng pedhang, 3 beksa jemparing, 4 beksa punta sikep dhuwung dhadhap, 5 beksa jebeng, 6 beksa pestul. Pukul 11 gambuh bibar, lajeng teledhek beksa tigang rambahan bibar, wontenmalih barang gumunaken, sajeg umur kula ngantos saumur 67 taun dereng sumerep lembu makaten ing dhusun Pasanggrahan dhistrik gespeng apdeling Bangil, Kriyaleksana patinggi Pasanggrahan lembanipun manak estri wau pedhet boten gadhah silit, dene yen mawratan pawestrinipun malembu lajeng tetes medal tinja, wau pedhet saweg umur 5 wulan, wonten malih petinggi ing Rembangan ugi nunggil dhistri ing ngriku, wasta wak Arja gadhah lembu manak wau pedhet medal bukung, menggah ayam boten gadhah brutu saweg umur 6 utawi 7 wulan.
Kaserat ing Bangil ping 18 wulan April taun 1873.
Katandhan Raden Muhamad Jenal abidin.

Panjurung Bra Martani
Ing salami kula ningali ungelipun kagungan dalem gongsa sekaten dhateng nagari Surakarta, dereng amrangguli kados sapunika, ingkang sapisan kagungan dalem gongsa sekaten, 2 rancak katabuh gentos-gentos panggenanipunkados ngadat, kaping kalih pepakipuntiyang sasadeyan anjawi para tuwan walandi dalah encik cina jawi sami bikak toko wewah wonten walandi adamel mainan kareta tuwin kapal kajeng sami dipun tumpaki tiyang lajeng kaubengaken, ugi kathah tiyang jaler estri sami tumut numpak, punapa malih pamireng kula kalebet boten wonten reresah bab durjana katimbang kathahing tiyang sarta gumelaring barang, watawis saking kencengipun para pulisi ingkang jagi.

Sareng dinten Senen wanci jam 5 sonten kula ningali medaling batangan lajeng kendel sawetan waringin rakit, tumunten wonten para bendara nitih titiyan anjujug ngandhap wringin

rakit, rehning kula dereng terang para putra dalem ingkang sinuhun kula badhe andhodhok dipunengetaken ing mitra kula, (si adhi boten susah dhodhok awit dika empun sila, kajaba yen para putra dalem masthi wajib urmat andhodhok), kula tangled ingkang nitih titiyan punika sinten, dipunsanjangi manawi punika darane wu K…., kula lajeng kalebet dhateng ing gapura, eram aningali kathahing tiyang boten kantenan, sareng wanci jam 8 kula badhe dhateng pondhok, dumugi tengahing gapura sumerep priyantun paben garejegan, kabaripun dara K…. wau kaliyan raden mas panji P…., naming lajeng sami lestantun boten wonten punapa-punapa, kula lajeng nyimpang mangidul kalih mitra kula, sareng dumugi ngajeng toko jawi saweg ningali tudhung lajeng wonten rame-rame, celak panggenan kula dipunrubung kados kalangan ngaben sawung, dalah para pulisi tuwin klangsir inggih sami ningali inggih punika bandara K…. sampun narik dhuwung dipunjojohaken ngantos ping tiga dhateng raden mas P…., ananging boten kenging, naming raden mas P…. boten narik dadamel, saking watawis radi ajrih kayektosanipun sareng wonten priyantun putri ngaprak sarta murugi raden mas panji P… wau lumajeng tumunten sadaya sami bibar, kula lajeng mantuk, wonten margi kula pitaken dhateng mitra kula namanipun wanodya ingkang murugi wau dipunsanjangi yen punika garwanipun dara K…. nama raden ayu Dj…. , kula raosaken kados cariyos jaman purwa putri …. ambanjengla prang nalika tinandhing lan resi bisma, dhasar banter tur ngentasi karya, naming pangungun kula inggih kalah katuju sami wilujengipun dene wonten lalampahan makaten pulisi sakancanipun teka boten purun nyepeng, punapa ajrih dumeh angliga dhuwung sarta rencangipun paben sami bendara, punapa radi kanji ing nalika mulut dala punika wonten kabar langsir manikipun pecah ingkang dipundhojoh ing tiyang boten angsal katerangan, yen yektos akanji langkung sae sampun mawi jagi wontena ing griya kemawon, sakeca sarelan tanpa makewed, sanadya makatena yen jengandika teksih nyepeng pandamelan pulisi inggih boten saged sumingkir, upami wontena ing griya yen wonten tongga tepalih kalebetan durjana ugi jengandika boten saged selak saking kawajibansampeyan, pulisi wau mandar angajeng-ngajeng pandamelan sampun anggalih lumuh mindhak bilih ingkang sami karem mara dalu, kula amumuji sanget menggah tata tentreming nagari tuwin dhusun-dhusun mila para pulisi sami animbangana, sadhawuhing nagari anggenipun amurih sirnaning dursila supados eca amanah ing tiyang alit.
Kaserat ing kanigara kaping 10 wulan Mei 1873
Poerwodika

Panjurung minongka panglipuring galih, katur ing mitra kula Raden Mas Sasra andaga, wiyosipun manawi pareng mugi mugi sampun kalajeng-lajengaken anggen sampeyan nyuwun wedharing nama ingkang sajata dhateng jaka mayang, awit saking panimbang kula, kados kenging katemtokaken manawi jaka mayang wau boten karsa waleh asmanipun ingkang satuhu, sabab sanadyana kula piyambak inggih boten kadugi yen nganggeya nama ingkang sayaktos wonten ing Bra Martani, anjawi sampun kalimrah sadaya priyantun ingkang sami manjurung punika kathah ingkang santun nama, kaliyan pakewed manawi ketanggor kados sampeyan makaten wau babasanipun manungsa mengsah dewa ingkang boten katingal, liripun saupami ingkang nama jaka mayang punika para ageng utawi para ingkang nyepeng pangwasa parentah, kados pundi anggen sampeyan boten pakewed, ewadene yen sayektosipun inggih gampil saka byen sampeyan puruna amangsuli inggih leres, tiyang ingkang sampeyan puruni punika jaka mayeng, sinten ingkang sumerep manawi punika para ageng, tegesipun sami jaragan, mila prayosi sami gugujengan kemawon kaliyan kula ingkang boten mawi sabab, kula ngaturi cangkriman namung sapada sekar pocung ing ngandhap punika mugi kabatanga.
Wonten wujud tanpa canthelan gumantung, yekti ungyanira, tan tebih kalayan dhiri, titi tamat, katandhan pun Manohara.

Punika Cariyos Babad Mataram

Wus minggir ingkang bahita, enengena para mantri pasisir, wau kang aneng ing Demung Galongsong amiharsa, lamun tiyang ing Matawis sampun rawuh, kalawan para dipatya, kerigan tiyang Matawis. Raja Galongsong ngandika, pan pineksa sakathahing prajurit, miwah ta santananipun, apan samya arembag, wong Makasar sumedya arsa anggempur, pan tigan sapatarangan, raja Galongsong mangkya ngling. Lah kakang Dhaeng Ngrewa, adandana sakapraboning jurit, manira arsa amethuk, jurite wong Mataram, den prayitna aja na mundur pakewuh, sawartane wong Mataram, bahitane sampun minggir. Dening ta karsa manira, ing ngayuda sun panggih ing pasisir, lawan mepeka perahu, sasampat lelanangan, pilihana bahita kang kukuh-kukuh, manawa prang ing sagara, saosa bahita alit. Lah dhadhungana kewala, ya marmane sun nganggo bahita lit, akebat ing watakipun, lembing sira pepeka, lah manawi sira mapag perang nglaut, lah sisi wonten kewala, ingsun dhewe kang ngawaki. Sakehe wong tatelukan, wong ing monca nagara buri tebih, manawa tan lomba kayun, waktune dudu bongsa, Dhaeng Ngrewa yata wau awot santun, kondur angundangi bala, tengara tinembang muni. Tiyang Makasar sadaya, wus siyaga sakapraboning jurit, angajrihi tandangipun, wantune wong Makasar, ngangah-angah yen angarepaken mungsuh, dening ta kaya ageya, atempuha ing ngajurit. Raja Galongsong siyaga, wus rinakit kapraboning ngajurit, jimate sampun rinasuk, sedya ngantepi yuda, wus siyaga raja Galongsong dyan metu, ingiring para santana, sakapraboning ajurit. Anulya nitih turongga, busananya yen tinon tuhu asri, tan kawarna solahipun, wong Makasar lir saksana, Raden Wirataruna balanipun, aminggiraken kang palwa, miwah wadya ing pasisir. Akathah kang dereng prapta, wong pasisir angambang ing jaladri, miwah ing bahitanipun, kumpni neng samudra, nanging Rongga Sadayu wau kang rawuh, lan Ngabehi Singawongsa, para prajurit Matawis. Wus sami prapta sadaya, sami mentas aneng pinggir gigisik, pan sampun siyaga wau, sadandaning yuda, pan andhendheng wong Mataram barisipun, gagamane warna-warna, aneng pinggiring pasisir. Ki Ngabehi Pulangjiwa, lan maliye Ki Panji Wirabumi, Ki Warawongsa anggregut, lawan Suramanggala, iya iku para prajurit Matarum, polahe lwir wardu ongga, angajab tempuh ajurit. Datanadangu samana, wong Makasar ametoni ing jurit, sarta lawan gamanipun, bendenira tinembang, angajrihi wong Makasar tandhangipun, anglir pendah saradula, pra samya pan unclang lembing. Tiyang Mataram tumingal, lamun wong Makasar ametoni, anembang tangaranipun, kumra bala Mataram, wong pasisir akathah kang dereng rawuh, kaselak mengsah kang prapta, tan ana sedya ngunduri. Sigra mangsah prajurite wong Makasar, Galongsong kang nindhihi, kadi saradula, galak tan olih mongsa, kadya baju angejawi, mara ing ngarsa, apan sarwi unclang lembing. Pan umangsang kang wadya bala Mataram, sedya ngantepi jurit, yata binedhilan, anempuh wong Makasar, swarane sanjata muni, lir langit rebah, mimis kadya garimis. Nora kondur wong Makasar ingkang mara, pra samya berkuwanin, sedyaning ngayudya, soroh amuking wala, wong Mataram anadhahi, tempuhing yuda, lir ngobahena bumi. Wong Makasar tan kandheg denya nyanjata, angamuk karo lembing, sawenen curiga, ingkang pinurug bubar, panakathah kang ngemasi, tiyang Makasar, angamuk karo cundrik. Rencangipun wong Mataram keh kabranan, ingkang tinempuh ngisis, akathah kang pjah, datan mongga pulaya, rusak sikep wong Matawis, tanggep ing yuda, lir gabah den interi. Pan Ki Suramenggala lan Surawongsa, ki Panji Wirabumi, lan Ki Pulangjiwa, sareng mangsah ing yuda, ingkang santana ngawaki, akathah pjah, rame tempuhing jurit. Peteng dhedhet dening kukusing sandhawa, satengahing ngajurit, mimis kadi udan, nanging ta wong Makasar, pangamuke tana nolih, tiyang Mataram, ingkang tinrajang ngisis. Prajurite wong Mataram kathah pjah, Ki Panji Wirabumi, wus anandhang brana, miwah Suramenggala, kondure atawan kanin, sampun binayang, sru rusak wong Matawis. Dyan Prawirataruna nulya miharsa, pan rusak konca mami, dyan mundhut turongga, ngrasuk akaprajuritan, pan sumedya angawaki, sahabra muncar, busana kang turanggi. Arya Raden Prawira angagem watang, angling sajroning galih, ingsun wus atuwa, sedheng mati ing rana, nglampahi ayahan gusti, yen wong Makasar, tan mundur dening mami. Angur aja menangi rusak Mataram, tan bisa aningali,

lengbaya matiya, ingsun tengahi rana, kudane dipuncamethi, sirah adyan, sumadya lebu agni. Lulurahe awasta Ki Sewajaya, Sewatruna sawiji, lawan Sewabongsa, lawan Ki Sewataka, Trunawijaya sawiji, iku santana, kalawan Wirakarti. Dyan umangsah rahadyan Wirataruna, ingkang bala angiring, dyan pangarsanira, sampun tempuh ing yuda, arame ingkang ajurit, tiyang Makasar, angamuk mobat-mabit. Arsa mundur emut sihe pan rahadyan, milane temah mati, atatu kang jaja, Manguntruna akena, kudane dipuncamethi, para santana, pra sami angampingi. Alah payo kabeh santana manira, padha sunajak mati, Kyahi Sewajaya, matur dhateng rahadyan, sampun ta age ajurit, lamun kawula, pan gusti taksih urip.

Ongka 21 Kemis kaping 22 Mei 1873

# BRA MARTANI

## Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

## Kula wisudhan tuwin sanesipun

Kanjeng tuwan Em.Ha.We. Niweneis, residhen ing Palembang kaelih jumeneng residhen ing Banyumas.
Kanjeng tuwan A. Preis pan dher Hupen, residhen ing Lampong kaelih jumeneng residhen ing Palembang.
Tuwan Ye.E. pan Dhenbor asisten ing Malang, Pasuruwan kaangkat jumeneng residhen ing Lampong.
Raden Sastrakusuma, wadana ing Cisondari (Priyangan) awit saking sakit, kaundur saking palenggahanipun kalayan paurmatan sarta mawi kapatedhan onderesten.
Mas Wongsareja, mantri cacar ing butuh (Bagelen) awit saking panuwunipun kaundur saking pandamelanipun.
Mas Sastrawijaya, awit saking panuwunipun kendel anggenipun dados linding landrad ing Demak.
Mas Secadikrama, tilas juru serat wadana ing dhistrik Wiradesa (Pakalongan) ing samangke sampun kaundur pisan.
Raden Ngabehi Sumadipura onder kolektur ing Demak kapatah dados linding landrad ing ngriku.
Mas Ngabehi Cakrasenjaya, patih ing Kendhal kapatah dados linding kumisi pamulangan ing ngriku.
Mas Nitiwijaya, up mantri ulu-ulu ing Panarukan, Besuki, kaundur saking pandamelanipun kalayan paurmatan.
(S.M.)

## Serat dhawuh saking Kanjeng Tuwan Ingkang Wicaksana Guprenur Jendral dhateng wadya bala dharatan tuwin lautan Ingkang sami mentas dhateng saking ing Ngacin Menggah suraosipun serat kados ing ngandhap punika.

Ing nalika manira mariksani marang angkatira anglurug menyang nagara Ngacin, kang iku rasaning ati manira layakpadha uga karo rasaning ati pakenira, yen ulih ira saka ing Ngacin wus anamtokake ungguling aprang, ing wasana manira angrungu kabar yen titindhihira Jendral Kohler kasambut ing yuda, apa maneh prajurit kang ana ing Ngacin kehe ora nyukupi, mulane manira amiji Jendral Pesepig dadi titindhih ira, sarta manira dhawuhi anggawa babantu prajurit ing sacukupe, ananging durung antara lawas manira anampani ature Komasaris Tuwan Niwen heisen, yen para prajurit mau prayoga padha didhawuhana bali marang ing tanah jawa, awit saka panimbange tuwan komandhan Utan lan panggedhening setaf kang padha wus golong ing rembag, mungguh paprangan iku amrayogagake yen

kaandheg dhisik, amarga ing wektu iki tanah ing Ngacin wiwit masa rendheng sarta akeh pakewuhe angambah ing palabuhan kono, marmane manira banjur anuruti saka ature komasaris mau, ing mangke para prajurit kabeh padha manira dhawuhi mulih marang ing tanah jawa maneh, lan saupamane ora bisa kalakon kang dadi rasaning ati manira utawa kang dadi pangarep-arep ira, apa kang mangkono iku wus tinektir marang kang maha kuwasa, ewadene saulihira saka ing Ngacin kalayan paurmatan sarta enggonira paprangan ana ing Ngacin ing sawatara dina iku uga wus andadosake mirising atine mungsuh ira, kang awit salawasira ana ing pondhok sadurunge munggah ing prahu kapal mungsuh ira ora ana kang angaru biru, dene sira kabeh iku wus padha anglakoni marang kawajibanira, kang iku andadosake suka pirenaning ati manira, sira padha bisa akumpul marang panjenenganingsun maneh, dene ing saiki sakehing prahu kapal prang misih padha anjagani ana ing lautan Ngacin, ing tembe manira bakal andhawuhake angkatira anglurug marang ing Ngacin maneh, supaya sira anutugna ing kawajiban nira kalawan paurmatan ungguling jurit.
Bogor, Mei 1873.
Pratondha kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral ing Indiya Nederlan ingkang ngasta pangwasaning wadya bala dharatan tuwin lautan. Londho.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Dheli
Serat telegram saking ing Pinang anyariyosaken manawi ing mangke wonten titiyang Dhayak kathahipun 10.000 sami akukumpulan sumedya adamel reresah, mila sawatawis para militer kedah kalurugaken malih dhateng ing Dhelisupados anyirnakna tiyang Dhayak ingkang badhe adamel awon wau.

Banyuwangi
Pakabaran saking Banyuwangi amratelakaken manawi titiyang ing ngriku kathahipun 5000 ingkang sami mondhok boten purun bayar arta paos sabin, mila para militer bataliyun 11 ing Surabaya sami kaangkataken dhateng ing Banyuwangi supados anelukna tiyang ingkang sami mondhok wau, anaming ing samangke titiyang punika kawartos manawi sampun tentrem malih.
Ingkang kacariyos nalika perang ing Ngacin, wonten satunggaling militer bongsa beleh anama Oper Meyeren punika dipunkaniaya dening mengsah, tanganipun ingkang kiwa kakethok sarta sarta darijinipun ingkang tengen dipuniris sakawan iji, dene ing sirah tuwin gegeripun ugi kataton sanget, ing sanalika wau lajeng ambruk kalayan ambengok mumuji wilujenging nagari, namung ingkang anggumunaken militer wau sawawratipun anandhang tatu makaten boten anemahi pejah sarte saged uwal saking mengsahipun wau, dene ing sapunika taksih kapulasara wonten ing Batawi, menggah tatunipun katingal badhe saras.
Wonten satunggaling sresan arteleri anama Seber, nalika prang wonten ing Ngacin punika katrimah anggenipun anglabuhi pambesmeningmasjid ing Ngacin, mila kanjeng tuwan Jendral Kohler angganjar arta kathahipun 70 rupiyah, utawi tuwan Kolonel Pandhalen ugi amaringi arta 30 rupiyah anjawi saking punika sresan wau saestu badhe anampeni serat pangalembana saking kanjeng parentah ageng.
Awit saking pakabaran Kanjeng Gusti Raden Adipati Arya Mangkunagara sampunacanthel atur dhumateng kanjeng tuwan residhen ing salajengipun kaatur ing kanjeng gupremen, bab prakawis paprangan ing Ngacin, manawi kagalih parlu para prajurit ing lehiyun Mangkunagaran punika dipunsumanggakaken ing sakarsanipun kanjeng gupremen.

Batawi

Serat telegram Walandi anyariyosaken manawi para upsir sami atepang rembag angadegaken tondha pangenget-enget minongka urmatipun swargi kanjeng tuwan Jendral Kohler.

Surakarta
Tuwan Jonas Portir en.ko. tuwin redhaktur ing pakabaran walandi winastan Dheporesten Landhen, sami kadugi nampeni arta sih kawelasan dhateng para prajurit ingkang sami kasangsaran anandhang tatu utawi dhateng ahli warisipun para prajurit ingkang nemahi pejah nalika prang wonten ing nagari Ngacin, menggah arta kawelasan wau salajengipun badhe kaaturaken kanjeng tuwan Lamres pan Turenbureh residhen ing Samarang supados dipunpranataha ing saleresipun. Kala tanggal kaping 21 Mei taun punika wanci sonten jam sakawan, wonten tiyang estri nami bok Wongsapawira gagriya ing kampung Saragen bawah Surakarta, pinuju derep wonten ing sabin bawah dhusun ing Palur amanggih sangsara kasamber gelap andadosaken pejahipun.

Paurmatan dhatengipun para prajurit ingkang wangsul saking Ngacin
Batawi
Nalika tanggal kaping 11 ing wulan punika wanci jam ½ 7 enjing, para tiyang mireng ungeling mriyem rambah kaping tiga, inggih punika tengara dhatengipun bahita kapal ingkang dipuntumpaki para prajurit saking nagari Ngacin. Sareng jam 7 sampun kathah para tiyang ingkang sami methukaken tuwin aningali dhatengipun para prajurit wau, para amtener ageng utawi alit punapa malih tiyang bongsa walandi jawi tuwin sanesipun sakalangkung kathah sami angalempak wonten sapinggiring lepen biru, bilih punika celak panggenan udhunipun para prajurit wau, dene sarampungipun para prajurit ingkangmudhun saking bahita kapal lajeng sami ander tata wonten ing tengah, kaapit-apit ing barisan bataliyun 7 wontening sisih kiwa para barisan sekiter ingkang anisihi ing tengenipun, ing salajengipun para upsir ingkang mentas dhateng saking paprangan wau sami kadhawahan majeng dhateng ing ngarsanipun tuwan kolonel, sareng sampun celak tuwan kolonel lajeng ngandika dhateng para upsir akathah-kathah menggah suraosing cekakipun kados ing ngandhap punika.

Sanadyan ulih ira iku ora akanthi paurmatan ungguling aprang, ananging sakehing wong kang ana ing kene uga padha aweh slamet marang kancanira kabeh, dene enggenira padha tinimbalan bali mulih iku jalaran ana pakewuhe, utawa salawase sira ana ing paprangan kang iku sakehing wong kang ana ing kene kabeh tuwin aku dhewe uga padha ora ana kalalen marang sakancanira kabeh, iku mulane padha amarlokake banget tumeka ing kene amethuk ulih ira, lah iku delengena para tuwan-tuwan mardika tuwin para sekiter lan para prajurit bataliyun 7 padha angalumpuk kabeh, ing saiki padha banjur muliya marang beteng angleremna badanira, anaming iya aja kendhat enggonmu amiranti, awit ora nganti lawas bakal kalurugake maneh, utawa padha anelakna yen balung ototmu durung jompo, apa maneh gagamanmu misih pitaya kabeh lan ora sumelang dienggo anglawan perang karo wong Ngacin.

Sareng sampun rampung pangandikanipun tuwan kolonel ingkang makaten wau, sadaya para prajurit lajeng sami surak ambal kaping tiga, sakendelipun ingkang sami surak, tuwan kolonel lajeng amaringitabe dhateng para upsir sadaya wau, salajengipun sami bidhalan mantuk dhateng ing beteng sadaya.

Serat kikintunan saking Bangkalan ingkang kapacak ing serat pakabaran walandi anyariyosaken paurmataning wangsulipun para prajurit ing Madura dhateng ing Sembilangan.
Ing amnci enjing bahita kapal latu ingkang dipuntumpaki para prajurit wau sampun katingal wangsul, ing sanalika para pangageng ing ngriku utawi sawatawis para tuwan sarta para

nyonyah punapa malih para musikan sampun angalempak wonten ing tarub ingkang pancen sudhiyan dhatengipun para prajurit wau, dene para tiyang ingkang sami dhateng badhe amethuk anak rayatipun ugi anglangkungi kathah, sareng wanci jam 7 enjang, para prajurit wiwitt sami mudhun dhateng dharatan, sareng jam 10 lajeng sami bidhal dhateng ing Bangkalan, ing wedal punika sakalangkung rame swaraning tatiyang ingkang kapanggih anak bojonipun utawi sadherek ingkang dhateng saking paprangan wau, ingkang pinanggih wilujeng sami suka bingah, dene ingkang kaleres anak rayatipun pejah tuwin anandhang tatu punika lajeng sami anangis pating jalerit, utawi wonten ingkang anangisi sanak sadherekipun ingkang anemahi pejah, yen kacariyosna sadaya lampahaning para tiyang wau saestu sakalangkung panjang.
Anaming ing wekdal punika kanjeng panembahan ing Bangkalan saweg pinujukapambengan gerah sariranipun, mila boten saged amariksani dhatengipun para prajurit wau, anaming para upsir sadaya sami dipuntimbali malebet dhateng ngarsanipun kanjeng panembahan sarta binagekaken ing kawilujenganipun sadaya, samanten malih tuwan asisten ugi karsa angandika kalayan cekak sanget, anaming suraosipun anerus ing manah, mila ingkang wonten ing ngarsa katingal sami angemu waspa, kanjeng panembahan badhe karsa amilujengaken sarta adhawuh dhateng Mayor Demang Mangunsuka angabektiya ing sampeyan dalem kanjeng sultan.
Wondene nalika dhatengipun para prajurit wau ugi sami dipun sudhiyani dhaharan, anaming boten kantos katedha awit saking sami sanget sayahipun, saunduripun saking Ngacin lajeng sami ngaso mantuk sadaya.

Batawi
Wonten satunggal tiyang cina anama pun Sehang ing sapunika sampun dhateng wonten ing nagari Batawi, tiyang cina wau andadosaken eramipun tiyang kathah amargi inggilipun 8 kaki ukurane anggris, mila sadhengah tiyang ingkang limrah inggilipun manawi jejer kalayan cina wau tamtu dumugi ing cethik, awit tanggal kaping 13 wulan Maret punika pun Sehang wau wonten salebeting kamar kumidhi, para tiyang sami kenging aningali kawit jam 5 sonten dumugi jam 11 dalu, satunggaling tiyang ingkang aningali bayaripun 2 rupiyah, rare alit 1 rupiyah, dene punSehang wau sampun nate sowan dhateng para raja ing nagari eropah utawi dhateng para agenging nagari Amerikah tanah ler.

Ingkang kawartos saking serat pakabaran Tuwan Wilan ingkang angerehaken kumidhi kapal tuwin sagawon, benjing sarampunging pamainipun wonten Samarang badhe tumunten dhateng Surakarta, dene kasagedanipun para tuwan ingkang main kumidhi wau sadaya anggumunaken sarta angungkuli ingkang sampun main wonten ing Surakarta kala rumiyin.

Panjurung Bra Martani
Kanjeng tuwan Se.Dhewal, residhen ing Banyumas badhe kondur ing nagari Walandi awit saking panyuwunipun piyambak.
Tuwan El.Ye. Seleher kintrolir steklas ing nagari Banyumas kapindhah dados kontrolir steklas ing apdheling Majalengka (Cirebon), wondening ingkang kapatahanggentosi dados kontrolir ing negari Banyumas tuwan We.Ha Dheyong antener terbesikeng ing apdheling Cilacap.
Banyumas, kaping 9 Maret 1873.
Titi, katandhan mitra paduka kang setuhu pun Darma pitutur.

Serat saha ingkang tabe kairing ing kaurmatan katur ing saudara tuwan redhaktur ing Bra Martani, ingkang pilenggah ing Surakarta Adiningrat.

Wiyosipun saking dening kumedah kula anjurung pikabaran serat Bra Martani, menawi ugi wonten selanipun papan sarta dhangan ing karsanipun para niyakaning serat Bra Martani awit sastra awon tur kirang luwes ing tembung jawinipun lare wedalan saking dhusun sundha.
Nalika dinten malem Senen Pon tanggal kaping 28 wulan April 1873 wanci jam 9 sonten wonten satunggal tiyang jaler nami Saradipa kakesahan sareng semahipun dhateng ing lepen Cilopadhang kaprenah wetan caket saking kawedanan Majenang, sareng sakinten 1 pal tebihipun Saradipa saduginipun ing lepen lajeng mantuk, ingkang estri kantun ing pinggir lepen, boten antawis dangu lajeng katubruk bajul saking wingking, ingkang estri sumerep ingkang jaler katubruk ing bajul lajeng ambengok anedha tulung, ugi kathah tiyang ingkang dhateng sumeja badhe tandang tulung, anaming Saradipa sampun mentas wonten pinggiring lepen sarta wuda kemawon, lajeng dipuntakeni kalitan tiyang ingkang tandang critanipun mila saged ucul, sarungipun ingkang dadosaken lepat anggenipun katedha ing bajul, sareng mentas kacokot wetengipun sanginggiling bebathuk wau bajul lajeng kacepeng sirahipun saha dipunsukani sarung, bajul wau lajeng banting-banting sarung, kula kinten wau sinjang kamanah Saradipa. Wasana Saradipa kapriksa ing Mas Yudadikrama penatus kampung Majenang, ususipun medal saking tatu ingkang wonten weteng sanginggiling bebathuk, sasampuning kapriksa lajeng kabekta mantuk ing griyanipun piyambak.
Para priyantun pulisi ing sapunika anindakaken parentah angupadosi bajul wau.
Katandhan kula pun Kalenthang.

Punika Cariyos Babad Mataram
Inggih kula gusti yen sampun pralaya, karsa tuwan ing wingking, kawula tan wikan, angling wau rahadyan, iya sun tari mengati, pracaya nira, nanging sun milu mati. Dyan umangsah Rahaden Prawiratruna, kudane den camethi, ingkang kulawarga, apan datan atebah, surake karengen langit, tiyang Makasar, sami umangsah ing jurit. Pan arame denya prang long linongan, wong Makasar angungkih, tangkeping ngayuda, soreh amuk kewala, wong Mataram akeh mati, balane radyan, kang wuri maksih wani. Raden Prawirataruna teteg ing tyas, panggah prawireng jurit, kang santana telas, mila ngamuk priyongga, apan sampun ambek pati, sira rahadyan, angamuk mobat-mabit. Sewajaya kalawan Ki Sewabongsa, pan sampun ambek pati, angamuk manengah, wong Makasar keh pejah, raja Galongsong aruntik, ngatak santana, pan ngamuka pribadi. Raden Wirataruna pangamukira, pan sampun nandhang kanin, kang para santana, tumpes sami palastra, aneng tengahing ngajurit, Ki Sewajaya, pan sampun nandhang kanin. Aningali kang santana sampun telas, mila saya mangukih, titiyang Makasar, akathah ingkang pjah, karepotaning ngajurit, sira rahadyan, kang ngampingi wus enting. Sewajaya mendhak anungkemi pada, matur sarwi anangis, pan wus nandhang brana, dhuh gustiku rahadyan, pan inggih sampun suwawi, arebat papan, ngantosi wong pasisir. Lah suwawi gusti numpak bahita, angungsi mring jaladri, pan tiyang Mataram, sampun mawur sadaya, datan keni pinapulih, inggih sumongga, kalih sami ngantosi. Pan tinurut ature ki Sewajaya, kondur dhateng pasisir, titiyang Mataram, sami rebat bahita, saweneh ana kang nglangi. Pating kurambang, tan antuk bahiteki. Wong Mataram anglir gabah inginteran, angrebat bahita lit, pan kathahen rencang, kerem pating kurambang, kang ngrebat palwa tan polih, gebyur kiwala, anglangi jro jaladri. Wong pasisir ingkanganeng ing samodra, awas denya ningali, yen tiyang Mataram, perangipun kasoran, yata titiyang pasisir, bahita nira, pra sami den dhayuni. Pan kawratan palwane sira rahadyan, apan kathahen jalmi, gonjing kang bahita, yata kerem semana, sampun karsaning yang widhi, lamun rahadyan, pan tinagih ing pati. Ting karambang sami anggebyur kewala, ingkang kaislem mati, solahing sujalma, apan pating kurambang, bahita Makasar prapti, adhadhayungan, bahitanipun alit. Gagamane saligilawan bengkolang, bahita ing Matawis, sami cinegatan, pan tiyang ing Mataram, sadaya manahe giris, mengsah bahita, alit tan ngoberi. Wong Mataram kathah pjah dening toya, saweneh sinuligi, bahita keh remak, wau sira rahadyan, Prawirataruna maksih, aneng muara,

wadyanira angisis. Raden Prawiratrunsa sampun angrasa, yen tinagih ing pati, apan ta sumongga, ing karsaning pangeran, amicara ing jro ngati, alah kantuna, gustiku ing Matawis. Pan kawula sri narendra mit palastra, mangsuli sih narpati, kawula wus tuwa, leheng ingsun pjaha, aneng tengahing ngajurit, karsaning suksma, rusak nagri Matawis. Sewajaya anangis nungkemi pada, branane angraduhi, dhuh gusti kawula, ing dunya ing ngakerat, kawula dadosa abdi, pan kapanggiya, kawula lawan gusti. Angandika Rahaden Prawiratruna, ingsun tarima ugi, iya padha-padha, galap gampil manira, sira apuraha ugi, singa palastri, aja malang tumolih. Sewajaya sampun nemahi palastra, aneng ngarsaneng gusti, angling sira radyan, ingsun belani sira, awirang ingsunaurip, angur matiya, santana ningsun enting. Apan tiyang Makasar kathah kang prapta, rahadyan den kembuli, wus atawan brana, raden niba alenggah, wus nyana tumekeng pati, ingkang karasa, para putri ing wuri. Apan arsa tinigas mustakanira, kumpni anulungi, mentas saking palwa, tiyang ambon amara, tiyang Ternete ngrowangi, sarta nyanjata, gagamaning kumpni. Yata mundur wau titiyang Makasar, tan kawawa nadhahi, mimis kadi udan, yata tiyang Makasar, lumayu angungsi biting, atangkep lawang, wong Makasar atintrim. Wus karebut layone sira rahadyan, dyan binakta tumuli, minggah ing baihta, pan sampun binandhusa, ing ngantukaken rumiyin, sigra alayar, sadaya pan mrihatin. Sakarine wau kang para santana, angiringken rumiyin, yata kawarnaha, wadya bala Mataram, kalawan wong ing pasisir, labuh sadaya, wau aneng jaladri. Datan ana mentas marang ing dharatan, apan sira alami, aneng ing samudra, yata apaguneman, Suramenggala lan malih, Ki Surawongsa, Rongga Sidayu singgih. Lawan malih Ki Ngabehi Singawongsa, Suramenggala angling, kadi pundi kakang, punapa rembag dika, aneng tengahing jaladri, tanpa wekasan, prandene tan aminggir. Tan kuwawa manira katrajang ombak, kadi binanting-banting, lan maliye kathah, ingkang dadi sumelang, inggih kumpni punika, raosi manah, tan tuhu angrencangi. Lan malihe wong Sampang dadi sumelang, tan wurung anampeki, yen suwawi karsa, daweg minggir punika, ing paiton lehing ngungsi, deken bahita, sami mondhok ing kali. Sami rembak wau kang para niyaka, Ki Sangawongsa angling, nanging ta manira, inggih sakarsa dika, aminggir mondhok ing kali, leheng manira, labuh ing jaladri. Tiyang pasisir ingkang sami arembag, yata layar tumuli, kang para bahita, ing paiton sinedya, tan kawarna sampun prapti, sakeh bahita, apan sami angranjing. Ing lepen paiton denya tatan-tatan, titiyang ing pasisir, lan tiyang Mataram, bahitane anglempak, padha alabuh ing kali, sami prayitna, titiyanging Matawis.

Ongka 22 Kemis kaping 29 Mei 1873

BRA MARTANI

Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Panjurung

Kula wisudhan tuwin sanesipun

Raden Sumawijaya, wadana ing dhistrik Ngempit kaelih dados wadana ing dhistrik Kebon Candhi.

Raden Arya Sasrawinata, wadana ing dhistrik Winongan kaelih dados wadana ing dhistrik Ngempit.

Mas Atmadiwirya, wadana ing dhistrik Jati kaelih dados wadana ing dhistrik Winongan.

Mas Purwadipura, bekel ing dhistrik Winongan kaangkat dados wadana ing dhistrik Jati.

Raden Arjakusuma, bekel ing dhistrik Tengger kaelih dados bekel ing dhistrik Winongan.

Raden Martawijaya, mantri kopi ing dhistrik Tengger kaangkat dados bekel ing dhistrik Tengger.

Mas Hangabehi Martasetra, mantri ulu-ulu ing dhistrik Wangkal kaangkat dados mantri kopi ing dhistrik Tengger.

Mas Kertasari, mantri ulu-ulu ing dhistrik Winongan kaangkat dados mantri tebu ing dhistrik Winongan.

Mas Hangabehi Prawiradirja, mantri kabopaten Pasuruhan kaundur padamelanipun kalayan urmat sabab sampun sepuh, kapatedhan pansiyun 25 rupiyahpethak sawulan.

Mas Kartasetra, mantri tebu ing dhistrik Winongan kaangkat dados mantri kabupaten Pasuruhan.

Mas Reksawijaya, bekel ing dhistrik kitha Pasuruhan kaelih dados bekel ingdhistrik Kebon Candhi.

Raden Panji Endrakusuma, bekel ing dhistrik kebon Candhi kaelih dados bekel ing kitha Pasuruhan.

Mas Tirtasastra, juru serat kontrolir ing dhistrik Winongan kaangkat dados mantri ulu-ulu ing dhistrik winongan.

Raden Kertakusuma, magangan kontrolir ing dhistrik Winongan kaangkat dados juru serat kontrolir ing dhistrik winongan.

Mas Hangabehi Mertasetra, kepala suratan kaangkat dados mantri ulu-ulu ing dhistrik Wangkal.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Samarang

Nalika tanggal kaping 23 wulan Mei punika, ing kampung Karang Bidhara meh wonten griya kabesmen ingkang jalaran saking lisah petroliyum, wonten satunggaling tiyang jawi anyumet

dilah setrali wonten ing lebet griya, dereng antawis dangu dilah wau dhawah lajeng pecah, lisahipun ambalabar ing jrambah sarta murub, dene I ngkang gadhah griya sareng sumerep urubing latu gugup manahipun lajeng dipunsiram ing toya, anaming latu boten pejah malah sangsaya dados sarta nyaladi barang ingkang celak ing ngriku, tumunten wonten tangga tepalih atandang tulung ingkang sampun mangretos dhateng urubing lisah petroliyum, latu lajeng dipun urugi wedhi tuwin siti, boten dangu lajeng pejah, yen ta saupami sampuna enggal dipunurugi wedhi wau saestu yen badhe kathah griya ingkang sami tumut kabesmen.

Ingkang kacariyos saking pakabaran walandi, margi ageng celak ing dhusun Karangsana kadhistrikan ing Grogol, punika risak sanget, andadosaken rekaosipun tiyang lumampah dene kapal utawi kareta boten saged pisan angambah ing ngriku, mila ingkang dados pangajeng-ngajeng mugi wonten karsanipun bupati ing ngriku andandosi risaking margi wau.

Wonten satunggaling upsir marine ingkang tumut anglurug perang dhateng Ngacin, wonten ing Pinang apikantuk gambar warninipun tiyang Ngacin, gambar wau wujudipun tiyang nenem, ingkang kalih pangagenging Ngacin wasta Nister, dene warninipun tiyang nenem wau kathah emperipun kaliyan tiyang bongsa Sipanye utawi Itali, utawi bongsa nagari Aprikan tanah ler, namung satunggal ingkang angeblegi tiyang Malayu.

Dereng antawis lami kanjeng raja ing nagari Dhitslan, sampun karsa anguningani panyobanipun sanjata gagrak enggal, sanjata wau ing dalem samenit saged mungel ping 28, ing wekdal wau wonten upsir kakalih sami bongsa Pangkrik ingkang pinuju aningali, punika sakalangkung eramipun dhateng rikating ungelipun sanjata wau.

Dheli

Ing sapunika para tiyang ing Dheli sampun tentrem malih, dene pangagenging sunggal anama Dhatu Sri Dhiraja sampun dhatenging Sulibelilong badhe apanggiyan kaliyan pangagenging para tiyang Batak ing pareden, awit para tiyang Batak wau taksih amutawatiri ing ngatasing patikahipun. Nalika paperangan ing taun 1872 ingkang sampun kapengker punapa malih paprentahan sampun atepung pirembag kaliyan pangeran ing Langkat, bab anggenipun anindakaken pratikeling saperlunipun ing samasa kalurugan para tiyang ing Ngacin.

Samarang

Redhaktur ing pakabaran walandi winastan Dhe Lokomotip, angaturi uninga manawi satunggaling walandi ing Samarang sampun amasrahaken arta dhateng pyambakipun 500 rupiyah ingkang badhe kaganjaraken dhateng para prajurit sakumpeni saplotun utawi saseksi ingkang badhe amanjer rumiyin bandaranipun kanjenggupremen wonten ing kadhaton, benjing manawi kaangsahaken perang dhateng ing Ngacin malih.

Dene walandi ingkang angganjar wau sanes bongsa ing tanah Nederlan, utawi boten kalebet sugih, menggah pambekan ingkang makaten wau kenging winastanan utami sarta pantes kadamel tuladha, dhateng para walandi bongsa Nederlan tuwin sanesipun.

Tuwan Minter Er.E.En. Dhabu ing Surakarta, utawi para tuwan Minter Ye. Dhekek, 2. Pan Kestren, 3. En Klusmeyer, 4. Senortir, tuwin tuwan Slut pan Agendhorep, sadaya agagriya ing Samarang, sami kadugi anampeni arta sih kawelasannipun para priyantun utawi sanesipun ingkang badhe kabage dhateng para prajurit ingkang kasangsaran ing nalika perang wonten ing Ngacin, menggah pambagening arta punika dhekapinta-pinta manut pangkatipun para militer wau, punapa malih namanipun para priyantun ingkang sami kasdu amanjurung badhe kapratelakaken wonten ing serat pakabaran Lokomotip wau.

Raden Bagus Suwarna putranipun Kanjeng Raden Adipati Citrasoma, bupati ing Tuban, sampun angunjukaken serat panuwun dhumateng kanjeng gufremen, mugi Raden Bagus Suwarna wau kalilana tumut anglabuhi benjing manawi paprangan dhateng ing Ngacin malih. Lah punika tiyang watek banter.

Pakabaran salebetipun wulan Mei 1873

Nyai Amad Ngarpah ing dhusun Sobrah (Klathen), mantuk saking derep dumugi ing margi sacelakipun sacelakipun dhusun Sobrah wau kasamber ing gelap pejah sakal, dhadhasar talengenipun sami gosong tuwin rambutipun gosong ngantos barindhil, punapa punika ingkang kawastan pejah kadadak.

Kinem anakipun Singajaya ing dhusun Garas (Ngampel), langkung wonten ing ngara-ara saleripun dhusun Garas wau kasamber ing gelap pejah sakal, badanipun sakojor katingal gosong, punapa gelap punika jatu kramanipun Kinem.

Biyang Kawiyah ing dhusun Mranggen (Klathen) mentas kakesahan badhe mantuk, lampahipun dumugi sakidulipun dhusun Pager, kasamber ing gelap dhawah kaplesat kongsep ing siti sarta lajeng kejet-kejet badhe koncatan nyawanipun, suprandosipun peret boten siyos kentas, lah punika jago sanadyana temenipun babon.

Bok Resa ing dhusun Ngenthak (Ngampel), mentas kesah rena saking bawah Demak, pejah kabalabag wonten ing lepen Beran (Ngampel) jalaran kala panyabrangipun mawi anggendhong uwos yuwin nuntun putunipun ingkang saweg ngumur sangang taun, sareng bok Resa keli lajeng kegulung kaliyan uwosipun, dene kelining putunipun bok Resa punika lajeng saged minggir, dados boten anemahi pejah, cilaka temen tiyang ingkang kados bok Resa.

Ing dhusun Gesikan bawah Klathen wonten tiyang ngamuk anama Kramapuspa, dadamelipun tumbak, ingkang kenging kaamuk anama Sukareja ngantos anemahi pejah, sarta bok Cakradimeja anandhang tatu, tujunipun pulisi enggal lajeng saged anyepeng dhateng Kramapuspa wau.

Ing Klathen wonten tiyang doyan keyong tuwin yuyu mentah, ananging tiyang punika edan sarta sampun pejah jalaran saking wetengipun, sakitipun tiyang edan wau boten manawi inggih anggenipun rakus punika.

Bok Kertajaya ing dhusun Demalang (Kartasura), momong anakipun ingkang saweg umur sataun wonten sawingkinging griyanipun celak sumur, wasana bok Kertajaya wau anilar anakipun mulung pantun, sareng wangsul anakipun wau sampun kapanggih pejah kumampul wonten ing sumur saiba anggenipun anjepluk bok Kertajaya.

Katandhan Sutija.

Benjing ing dinten Jumungah tanggal kaping 30 wulan Mei 1873 wanci pukul wolu sonten para tuwan sawatawis badhe kasukan komedhi angsal-angsalanipun sasampunipun kacengklongan wragad ing anggenipun kasukan komedhi wau badhe kapatedhakaken dhateng randhanipun sarta anakipun prajurit balanipun kanjeng gupremen ingkang sami pejah wonten ing perang nagari Acin.

Menggah lampahanipun komedhi punika ingkang kanamakaken sih prit fan owenwar kados ing ngandhap punika.

Sihfrit pangeran ing openwar bidhal dhateng perang kaliyan balanipun wonten ing tanah Italiyen, salah satunggaling priyantunipun anama Gaffro kapitadosan ing rumeksaning karatonipun sarta garwanipun tuwin putranipun kakung satunggal taksih lare, salebetipun Sihfrit wonten ing perang, Gaffro badhe remenan kaliyan garwanipun Sihfrit anama Hirminggar, anaming Hirminggar boten purun, satunggal dinten kapenakanipun Sihfrit anama Werner, pangeran ing Rudheshim anuweni Hirmigar, anggenipun raraosan wonten ing kamaripun Hirminggar, Gaffro nunten malebet amejahi dhateng Werner wausengadika

remenan kalayan garwanipun Sihfrit, Hirminggar saputranipun kalebetaken kunjara, boten antawis lami Sihfrit kondur saking perang, eram dene ingkang amanggihi rumiyin ingkadhatonipun dede ingkang garwa nanging pun Gaffro. Gaffro kadangu ingkang dados nalaripun lajeng acariyos manawi Hirminggar bedhangan kaliyan Werner, konangan dening Gaffro, Werner dipun pejahi wonten ing ngenggen sarta Hirminggar kalebetaken ing kunjara, Sihfrit ing sakawit amokalaken ingkang garwa purun remenan kaliyan sanes, ananging sareng Gaffro matur kadugi nyanggi suraosipun, Sihfrit lajeng andhawahaken mejahi Hirminggar, Gaffro sasampunipun anampeni dhawah wau lajeng nuweni garwanipun Sihfrit wonten ing kunjara, Hirminggar dipunrimuk supados amales tisnanipun, sareng kenceng boten purun dipunsanjangi manawi Sihfrit sampun dhawahaken pangandika amejahi dhateng piyambakipun wangsulanipun Hirminggar aluwung kapejahan kaliyan amiturut pikajenganipun Gaffro. Gaffro nunten andhawahaken dhateng abdinipun anama Litpran, kabekta dhateng panggenan sepi sarta lajeng amejahi Hirminggar saputranipun, ananging sarehning gadhah sumelang bok manawi Litpran ingkang badhe amedhar sadaya lampahipun awon pun Gaffro wau mila dipun lebeti upas, supados Litpran pejaha piyambak sasampunipun amejahi Hirminggar sarta putranipun, Litparn lajeng angirid garwanipun sarta putranipun Sihfrit dhateng ing wana, sareng sampun dumugi ing panggenan sepi, Hirminggar dipunsanjangi andongaha dhateng Gusti Allah sabab sampun mangsanipun dhateng akerat, Hirminggar ingkang sakawit boten sumerep kapurugaken dhateng pundi sarta sababipun ugi sendika pejah, ananging gadhahi panuwun dhateng Litpran mugi welasa dhateng putranipun, sarta putranipun kawangsulna dhateng ingkang rama, Litpran sengadi badhe amiturut panuwun wau, ananging sareng Hirminggar sampun asasrahaken dhateng piyambakipun, putra wau badhe dipunsuduk, konangan Hirminggar nunten tanganipun ingkang nyekel dadamel kacandhak dhateng Hirminggar ngantos dados sarebatan, salebetipun rebatan, Litpran raos sakit padharanipun, punika lajeng sumerep manawi dipunlebeti wisa dhateng Gaffro. Hirminggar kaliyan putranipun boten saestu kapejahan katilar wonten ing wana, Litpran badhe mantuk, ananging sareng dumugi satunggaling gareja sampun boten kuwawi malampah saking sakitipun, mila malebet ing gajera ngriku sarta sambat tulung, kadhatengan ngulami ingkang anjagi gareja wauLitpran nunten amblakakaken sadaya lampah-lampahipun Gaffro, ananging dereng dumugi cariyosipun, dereng saged amratelakaken manawi Hirminggar sarta putranipun boten saestu kapejahan lajeng ajal.

Hirminggar bingung manahipun sabab dene katilar wonten satengahing wana boten sumerep margi sarta boten saged angupadosaken tedha anakipun, punika lajeng kadhatengan sang tapa ingkang manggen ing wana ngriku, Hirminggar dipunsukani pondhokan sarta kapulasara dhateng sang tapa wau, salebetipun mondhok wonten ing griyanipun sang tapa punika, Hirminggar cariyosna nalar-nalaripun piyambakipun wonten ing wana ngriku, sarta apitaken dhateng sang tapa anggenipun manggen wonten ing wana ngriku punapa sampun lami, sang tapa lajeng amangsuli kala ngajeng piyambakipun ugi dados pangeran sarta gadhah siti kathah, ananging lajeng katempuh dening pangeran tanggenipun, putranipun kakalih ngantos pejah wonten ing perang, kadhatonipun kabesmi sarta garwanipun kadhawahan jugrugan pager banon andadosaken pejahipun, kantun putranipun estri satunggal taksih bayi, piyambakipun lajeng kengser kaliyan anakipun manggen wonten ing padhusunan ngolah siti, putranipun katitipaken satunggaling tiyang estri, sareng sampun angsal sataunan piyambakipun sampun kraos dados tiyang tani sarta anakipun sampun ageng, asring dipuntuweni putranipun, pangeran ingkang kagungan siti kang dipunolah wau anakipun dipunwastani ayu, lami-lami ngantos kadadosan sami remenan, piyambakipun sakawit dereng sumerep anggenipun remenan, ananging satunggaling dinten piyambakipun dipuncariyosi dhateng abdining pangeran ingkang sitinipun kaolah wau manawi putranipun pangeran punika sampun imah-imah, anakipun estri ingkang amirengaken cariyosipun abdi wau kaget sanget ngantos kalenger, sareng sampun kemutan lajeng ngaken manawi dipunremeni dhateng putranipun

pangeran wau sarta sampun mawrat, saking sedhihing manahipun piyambakipun kesah manggen wonten ing wana sabab sampun boten betah aningali sasaminipun manungsa, namung anakipun estri kabekta wonten ing wana ngriku anak wau arencang lare sarta boten let lami atilar donya, dados namung kantun wayahipun. Hirminggar apitaken dhateng sang tapa sinten namanipun priyantun ingkang angremeni anakipun, wangsulanipun Sihfrit fan Owenwar, Hirminggar sareng mireng wangsulanipun kakaget sanget lajeng anyuwun dhateng sang tapa mugi kalilana angleresaken lepating bojonipun sarta mendhet anak dhateng wayahipun sang tapa, sang tapa inggih suka.

Kocapa sasampunipun Sihfrit andhawahaken pangandika amejahi garwanipun kaemetanipun lajeng ewah, nunggil sadinten kang luwih anggenipun andhawahaken pangandika Sihfrit, kadhatengan ngulami ingkang jagi gareja panggenanipun Lipran ngajal, sareng dipuncariyosi kapanggihipun ngulami wau kaliyan Litpran sarta punapa ingkang kawedharaken dening Litpran, Sihfrit duka sanget, lajeng andhawahaken amendhet cumplungipun Warner ingkang kapejahan dhateng Gaffro, awit kawastanan bedhangan kaliyan Hirminggar, sarta andhawahaken animbali Gaffro, sareng Gaffro sampun sowan kadhawahan anglebetaken darijinipun tangan tengen kakalih wonten ing bolongan maripating cumplungipun Werner sarta asupaos temenipun anggenipun amejahi Werner awit bedhangan kaliyan Hirminggar, Gaffro boten purun lajeng ngaken manawi Hirminggar sarta Werner sami boten dosa, malah Warner amambengi anggenipun badhe ameksa Hirminggar bedhangan kaliyan piyambakipun, mila Werner kapejahan, dukanipun Sihfrit sampun boten kantenan. Gaffro kadhawahaken aklebetaken kunjara sarta amisakit ngantos dangu-dangu andadosaken pejahipun, Gaffro badhe badhe anyuduk sarira, ananing dadamelipun karebat dening Sihfrit sarta piyambakipun lajeng kalebetaken ing kunjara.

Let sawatawis dinten Sihfrit lajeng ameng-ameng boten sumerep purugipun dangu-dangu dugi ing wana panggenan ingkang dipungriyani sang tapa wau, ing ngriku kapanggih kaliyan garwanipun, ananging boten sumerep manawi garwanipun, sabab Hirminggar nyalamur dados sang tapa, sareng sampun antawis dangu anggenipun raraosan sarta Hirminggar sumerep ingkang garwa wasana langkung suka ing manahipun dene piyambakipun kakinten sampun pejah nunten ambucal panylamuripun sarta andhatengaken putranipun, satata bingahipun Sihfrit sareng saged angrangkul malih garwanipun sarta putranipun, ing wusana dipuncariyosaken dhateng Hirminggar manawi saweg manggih sadherek ing putranipun wayahipun estri sang tapa lajeng kasuwunaken ing ngarsanipun Sihfrit, Sihfrit apitaken tiyang sepuhipun lare punika punapa taksih sami gesang, wangsulanipun Hingminggar ingkang ibu sampun seda sarta ingkang rama dananipun Sihfrit fan Owenwar, Sihfrit getun sanget dene ingkang garwa sampun sumerep manawi piyambakipun sasampunipun imah-imah angsal Hirminggar ngantos purun remenan kaliyan tiyang estri sanesipun, mila anedha pangapunten dhateng Hirminggar, Hirminggar inggih angapunten malah amratelakaken manawi lare estri punika sampun kapendhet anak, boten dangu sang tapa dhateng lajeng dipuncariyosidhateng Hirminggar manawi ingkang garwa sampun kapanggih malih sarta sakaliyan badhe amendhet anak dhateng wayahipun sang tapa, Sihfrit anyuwun pangapunten dhateng sang tapa dene dados jalaraning wirangipun sarta bilahinipun putrinipun, sang tapa amanggalih wayahipun sampun wonten tiyang sepuhipun malih, mongka piyambakipun sampun celak kaliyan janjinipun, mila aparing aparing pangapunten dhateng Sihfrit.

Panjurung Wangsulan

Kula sampun maos panjurung wangsulanipun mitra kula pun kenil, kapacak ing Bra Martani medal dinetn Kemis kaping 15 Mei 1873 ongka 20, ingkang suraos suka katerangan bab pambatang kula panduman pantun sangang lumbung taksih kirang nyamlengipun, awit panedha sampeyan kedah satunggil-satunggilipun tiyang tampi tigang lumbung.

Ing mangke kula ngaturi panjurung malih, manawi boten lepat bok sepuh kaleres tampi bagiyan pantun ing lumbung ongka 1, 5, tuwin 9, bok panengah kapanduman ongka 2, 6, tuwin 7 dene bok wuragil kaleres tampi pantun ing lumbung ongka 3 tuwin 8.
Ingkang punika panedha kula menggah panjawab kula ing ngajeng wau leres utawi lepat mugi mitra kula pun kenil suka wangsulan katerangan malih kasrat ing Bra Martani, punapa malih saking kalepatan kula mitra kula karsa asuka pangaksama ingkang agung.
Titi, katandhan mitranta Wartatama.

Ingkang tabe paurmatan kula kathah kula katur panjenenganipun saudara tuwan Jonas portir en ko redhaktur serat Bra Martani ing nagari Surakarta, manawi pareng sarta wonten selaning papan panjurung kula mugi kapacaka ing serat Bra Martani.
Wonten satunggaling bekel ing dusun Jrongkah punika solah pratingkahipun anggumunaken, dene bekel wau mawi purun angangge sasebutan raden rongga (S.P.R.) manawi wanci jam 5 sonten jaler estri sami lenggah kursi males ngadhep kenap bunder isi pateyan tuwin minuman kaseba sakathahipun para bekel ing ngriku, dene nalikanipun rongga Dj.S.K. taksih anguwasani kapulisen ing dhusun Pete punika wonten aringipun sakedhik, sareng samangke rongga Dj.S.K. wau karsa ning nagari kapundhut pangwasanipun, lajeng purun angangge patrap ingkang makaten, sampun saengga pangeran, bilih dhateng sabin utawi yen bobotan mawi dipunsongsongi, dene songsongipun anyami pulisi, tuwin manawi dinten Anggara kasih mawi nayubna utawi ringgitan wucal, arak bran tuwin sapanunggalanipun punika dipun cara toya kemawon, dene ingkang asring dhateng raden demang K.Dj.R. demang sepir Bayalali, margi ing Jrangkah wau kabawah ing demang sepir Bayalali, ingkang sami dipungumuni namung tiyang tiga iji, 1.S.P.R., 2. K.Dj.R., 3. Anakipun S.P.R. nami raden bagus S.M., tiyang tiga wau yen sampun sami mendem lajeng sami seretan pating galimpang wonten ing tempating dhur, yen sampuna wonten ing tempating dhur inggih kados bajang kang wonten patiken punika, dene bojonipun S.P.R. tuwin anakipun wulanjar punika solah tingkahipun kados putri, mila ing dhusun Jrangkah wau sami kerisak sanget, bekel utawi tiyang alit kathah ingkang minggat sabab ajrih dhateng pratingkahipun S.P.R. punika, pundi bekel ingkang boten purun sowan manawi nayub tuwin boten purun keplok, lajeng katundhung kamawon, mila manawi parentah nagari yen boten tumuntena niti pariksa dhateng tiyang tiga ingkang gadhah pratingkah makaten wau saestu andadosaken kasusahanipun tiyang alit.
Sinerat Mulud kaping 5 taun Jimakir ongka 1802.
Katandhan Raden Jaya praceka.

Punika Cariyos Babad Mataram
Sadaya sami mentas ing dharatan, baris pinggiring kali, nangisi ngawongsa, maksih aneng samudra, tan tumut labuh ing kali, aneng ing kana, lami lir dhandhang gendhis. Baya sampun karsaning yang widhi, wadya Matawis kirang wiweka, bahita labuh kaline, yata surud kang banyu, kang bahita pan kandhas sami, bahita lepen asat, sakeh palwa wau, kantena milir samana, kawarna atitiyang Makasar prapti, apan ora akathah. Wong Mataram apan tan udani, kagyat sapraptane waong Makasar, wong Mataram dahat geger, bahita pan tinunu, mila sanget gegere sami, karsaning yang agung, wong Mataram apuyengan, gagamane neng palwa telas kabesmi, sangune tan karebat. Mila sadaya tan angundhili, wong pasisir angisis samana, bahitane lebur kabeh, pan tambuh polahipun, karsa dipun rebati jurit, gagamane wus telas, kabakar sadarum, sami lumayu lorodan, wong Mataram samana apan anangis, Ngabehi Surawongsa. Mila Suramanggala tan keri, apan kalulun wadya lit ira, Suramanggala yune, giilani dinulu, wong Makasar polahireki, denira angrerayah, palwane tinunu, yata wau kawarnaha, wong Mataram sadaya lumayu sami, denya angungsi tebah. Lakune nira sami prihatin, wadya lit sami jetung kewala, dening sangu telas kabeh, myang raja brana iku, neng

jro palwa telas kabesmi, tiyang alit lorodan, singg tan betahipun, denira nora na mangan, mila kathah minggat tinutuh gering, saya sedhih manahnya. Dening telas sangunira sami, sadaya sami apaguneman, pra mantri Mataram kabeh, Ki Surawongsa wau, lan Ki Suramenggala nenggih, lingnya kadi punapa, reh tiyang cilik lorodan, sinten kelar nora bukti sangu enting, kabakar neng bahita. Pan emeng tyas ira puniki, karsa banjel amangsah ngayuda, tanana ingandelake, mila peteng ing tyas ingsun, yen suwawi ngunduran dhingin, dhateng ing Surapringga, apan dening besuk, inggih sami arembaga, mring Japara yata wus arembag sami, pra bupati sadaya. Ri sampuning sadaya ngrembagi, wong pasisir myang wadya Mataram, saksana bubar sira ge, nengna karuhun, kang kocap prabu Matawis, dukanira kalintang, ing sapraptanipun, layone sira rahadyan, Prawira taruna kapupu ing jurit, mantuke binandhusa. Yata sakathahing para rabi, alara-lara panangisira, myang putra kang kantun kabeh, kapang-kapang lumayu, langkung dening kawelas asih, para garwa sadaya, pan sami amethuk, bandhusa nira kang naka, kadya guntur swarane punang tangis, wong kaprawira trunan. Ingkang samya darbe laki mati, aniba-niba panangis ira, apan para santanane, tan ana ingkang mantuk, tumpes pejah ing ngrana sami, mila tangis lir gerah, myang sasambutipun, sarira angurmatiya, kang taruna sasambat katuwon mami, dadya rondha nonoman. Durung tuwuk ingsun amoresmi, angsal ing ngong panggih lagya pira, ing mengko iya lamine, nuli tinilar lampus, mengko apuwara ngemasi, kaniaya kang ninggal, sapa baya besuk, ingkang ingsun sambat-sambat, apan saya karasa jronig aguling, dhuh kiyahi wangsula. Datan betah ingsun iki kari, weneh sambate para wanodya, nangis karya lami bae, kewala lagi ngrungu, yen lakine kawarta mati, mider ngulati ika, ilen-ilenipun, sokur si kreti matiya, bosen ingsun kurang kaya leh si kreti, angur baya bedhanga. Kawarna prabu ing Matawis, enjing miyos wau siniwaka, pan semu duka wiyose, katawis singeripun, wadya andher ing ponca niti, pangran dipati seba, lawan arinipun, ya Pangeran Singasekar, myang Pangeran Martasana datan kari, Pangeran Puger seba. Miwah para santana anangkil, anambungi lenggah para putra, santana pinisepuhe, pangeran Purbayeku, apan jajar ira alinggih, pangran ing pringgalaya, miwah pra tumenggung, ya tumenggung ing Mataram, lawan Raden Wiratmeja sami nangkil, Wiramenggala seba. Lawan Tumenggung Mangun nagari, lawan Hangabehi Wirapatya, suyud seba sakehe, mila sanget sumuyud, dene nata amawi runtik, sugal denya ngandika, narendra Matarum, mring pangeran adipatya, iya kulup ing mengko sira dipati, tumindaka priyongga. Lan arinta kaki Singasari, sira mapaga mungsuh Makasar, dene ing mengko lakune, sakehe kang sun utus, datan ana ingkang ngudhili, tiwase wong Mataram, kang nglurug mring Demung, alah uwa Purubaya, apan inggih dika tuwani pribadi, tumuta wayah dika. Inggih adhimas Blitar kinanthi, pan si pamot amiluwa, pan si Rajamenggalane, lan si Wirapatreku, iya padha miluwa mangkin, lawan si Wirajaya, miluwa mring Demung, lan sakehe wong Mataram, pratelunen saduman tinggalen kaki, gawanen kang rong duman. Iya poma ing wawek sami, ki dipati iya marang sira, ing Mandura iku age, lah ampirana iku, iya sira gempura benjing, iya si Trunajaya, wisna umuripun, iku kang gawe pihala, ya mulane wong Sampang balike mangkin, teka si Trunajaya. Nak ingsun Cakraningrat sireki, sira miluwa mring ki dipatya, bok maksih ana elinge, wong Sampang mring sireku, yata sampun ira wineling, pangran dipati sigra, nembah mring sang prabu, kang putra wus ingidenan, dyan pangeran Singasari atur bekti, anembah ing sang nata. Sri narendra jengkar mring jro puri, ingkang sowan luwaran sadaya, wadya ing Mataram kabeh, sami adandan wau, tan kawarna solahireki, enjang nembang tengara, bendhe munya ngungkung, pangran dipati samana, kadi gerah swaraning bala Matawis, pra mantri pinir tiga.

Ongka 23 Kemis kaping 5 Juni 1873

# BRA MARTANI

## Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

## Kula wisudhan tuwin sanesipun

Tuwan Lokerbrin, kaangkat jumeneng residhen ing Sumatra timur.
Tuwan He. Bulaower, kakula wisudhan dados sakretaris ing Madura.
Tuwan Pokin kakula wisudhan dados asisten ing Tasikmalaya.
Tuwan Wassel, kakula wisudhan dados asisten residhen ing Sukapura.
Kaangkat jumeneng bupati ing Cilacap Raden Tumenggung Cakradibrata.
Mas Demang Martamenggala onder kontrulir ing Indramayu awit saking panuwunipun kaundur saking pandamelanipun kalayan paurmatan sarta mawi kapatedhan onderesten.
Sutan negri tilas lurah kuria ing Sidnihuta (Tapanuli) kaundur saking pandamelanipun.
Abdullatipgalar raja gandham, jaksa landran ing Priyaman (Sumatra) awit saking panuwunipun kaundur saking palenggahanipun kalayan paurmatan.
Mas Wongsakusuma tuwin Raden Yudaprawira, para linding landrad ing Purwadadi (Samarang) awit saking panuwunipun sami kasantunan anggenipun dados linding landrad wau.
Raden Ngabehi Puspa Atmaja, wadana ing Wanarata kakula wisudhan dados onder kontrulir ing Ledhok, Bagelen.
Mas Pana duniya layar pamoncok, juru serat kantor ing Priyangan kakula wisudhan dados jaksa landran ing ngriku.
Raden Tumenggung Jayanagara, bupati ing Ciringin, Banten, kapatah jumeneng linding landrad ing Ciringin.
Mas Paksawijaya, onder kontrulir ing Grobogan tuwin Mas Yuda prawira wadana ing Purwadadi sami kapatah dados linding landrad ing Purwadadi (Samarang).
Raden Cakrakusuma, wadana ing lohano kapatah dados linding landrad ing Purwareja (Bagelen).

## Cariyos tuwin pawartos warni-warni

### Surakarta

Ingkang kawartos ing dhusun Sumyang satengenipun bawah ing Kalathen, ing dalem tigang wulan punka titiyang ing ngriku kathah ingkang sami kenging sasakit panas tuwin dhengkel, saben griya meh boten wonten ingkang kalangkungan, malah wonten ingkang rambah kaping kalih tuwin kaping tiga, andadosaken kekesing manahipun tiyang padhusunan, ananging priyantun pradikan pangagenging Sumyang ngriku amratelakaken garap pasabinanipun kalayan angangge pratikel wuwulang among tani, sampun kalih masa punika kalebet kathah bejanipun, mangko nalika dereng nganggo pratikel wuwulang serat among tani wau saben anyebar wiji kalih utawi tiga amet ing mangke namung kalih dasa gedheng angsalanipun angungkuli wiji tigang amet wau, sarta pantunipun katingal lema-lema mila sakalangkung

bingahing manah utawi badhe lastantun dipunangge salaminipun, punapa malih kaleresan sanget titiyang ing ngriku sami sugih pantun awit ingkang rumbu-rumbu mentas sakit dhengkel punika sadaya sami ngemaruki, yen ta sampuna mituhu ing wuwulang panggaraping sabin punika saking watawis anambahi kasusahanipun ingkang sami ngemaruki tedha wau.
Awit saking serat kakancinganipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral katiti mangsan kaping 23 Mei taun punika sampun katamtokaken manawi ing Pulu apdheling ing Pacitan, kataneman pakhis mister gudhang panumbasipun kopi, mawi kapatedhan balonja 600 rupiyah sataun.

Bogor
Benjing tanggal kaping 12 tuwin 14 wulan Juni sarta tanggal kaping 8 tuwin tanggal 9 Agustus ing ngajeng punika, ing Bogor badhe wonten balapan anumpak kapal, dene ingkang unggul badhe kaparingan ganjaran warni-warni.

Serat telegram saking Batawi anyariyosaken manawi kanjeng raja ing Nederlan sampun karsa aparing pangandika minongka tondha pangunguning panggalih dalem dhumateng tuwan Kohler sepuh, bab sedanipun ingkang putra kanjeng tuwan Jendral Kohler ingkang kasambut ing payudan.

Demak
Pakabaran saking Demak amratelakaken manawi ing ngriku titiyang ingkang sakit ambah-ambahan sapunika tansah mindhak kathahipun ingkang andadosaken jalaranipun para tiyangboten saged anggarap sabinipun ingkang pancen kenging kataneman pantun gaga utawi sanesipun krowodan, ingkang mongka ing Demak wau boten wonten dhokter namung mantri cacar kemawon ingkang dumunung ing ngriku.

Bab isarat kapal ingkang awrat lambenipun
Serat panjurungipun tuwan dhokter Muldher ingkang ingkang kapacak ing serat pakabaran Among Tanen ingkang suraos amratelakaken bab isarat kapal ingkang awrat lambenipun, inggih punika pakabaranipun tuwan D, kendhansulipun kabuntela ing cucal kamus alus utawi isarat wau ingkang sakalangkung gampil, kedangsul punika dipunblebed ing tangsul anaming ingkang sasisih kemawon, sarta balebedipun wau kerep dipunsantunana, punapa malih wacucal ing sarungan ingkang pancen kadekekaken kendhangsul punika dipunkendhokna ingkang sisih menggah pratikel ingkang makaten punika sampun kathah ing kayaktosanipun, sarta tuwan D piyambak ugi sampun nyobi ing sarat wau dhateng kapal estri ingkang awrat lambenipun lajeng dados entheng utawi piturut.

Bab pratikel amasang payoning griya welit
Sadhengaha tiyang ugi sampun sumerep manawi payon welit punika saupami ngantos lami boten kajawahan mongka katempu ing barat ageng ingkang saestu lajeng modhal-madhil, andadosaken pitunan icaling welit, manawi wonten jawah kanthi angin saestu sanget trocohipun adamel risaking barang ingkang wonten salebeting griya, saweneh wonten tiyang ingkang gadhah griya makaten wau lajeng anggadhahi reka anambal sulam payoning griyanipun, kasusulan welit malih anaming inggih boten lami destun kangge sataun kemawon lajeng gripis utawi trocoh malih, menggah prayogining pasang welit wau kapratelakaken kados ing ngandhap punika.
Ingkang sampun kalimrah tiyang pasang payon griya welit punika saking ngandhap lumampah manginggil, dene ingkang prayogi pamasanging welit waukawiwitan ugi saking ngandhap angsal reng ongka 2 rumiyin, kagapitna asal reng ongka 1, tumunten amasanga welit ingkang ongka 4 lajeng kagapitna angsal reng ongka 3, menggah pamasangipun makaten wau dipunlestantuna dumugi sarampungipun, dene pakantukipun pratikel punika anjawi kekah

santosa kalayan anambahi awetipun, sanadyan welit wau gripis pucukipun, anaming boten saged bodhol utawi enggal trocoh.

Manawi pareng karsanipun tuwan redhaktur sarta wonten selaning papan panjurung kula punika mugi kapacaka ing Bra Martani wedalipun Kemis ngajeng punika.
Nalika ing dinten Jumuwah kaping 30 Mei ingkang kapengker punika, titiyang bongsa cinten ing Ngayogyakarta jaler estri nem sepuh sami besiyar numpak kapal utawi kreta dalah ingkang dharat ugi kathah sami suka-suka urut margi, kula lumampah saking kilen kapethuk sobat kula cinten anama pun Tangkuwa saking wetan kula pitangledi, elo babah mau pigimana kok banyak sekali kawannya, wangsulanipun cintenwau makaten, saya mau mandhi sebab ini hari baik bilang cina hari gaguwik pekcun, salajengipun kula dipunpurih tumut anggen kula lumampah wonten ing margi remen aningali tiyang padhusunan ingkang sami panen ing sabin kathah wedalipun, anaming wedal punika ing Ngayogya uwos taksih awis sareginipun, uwos ingkang radi wuluh regi 8 utawi 9 ½ rupiyah tembagi, ingkang pethak taksih regi 10 ½ rupiyah tembagi, mila pangungun kula yen boten wonten pitulunganipun tiyang sasadeyan saking sanes nagari tiyang sadeyan samukawis mila boten patos pajeng, punika andadosaken rekaosipun tiyang alit, sasampunipun kula lajeng ningali pasir rambanipun kanjeng sultan, ingkang gadhah tuwan sekeng Ngambar winangunpunika dhasar anggumunaken sanget yen kula cariyosna sadaya, utawi saking saening manahipun tuwan Wisekeng, dene aparing premisi dhateng bongsa cinten kathah tuwin babah litnan saha santananipun sami adus ing ngriku, anaming saking teksirian kula anggenipun maringi premisi kados namung sadinten punika, sareng antawis jam ½ 10 wonten satunggaling cinten anama Tan tik li antawis umur 21 taun, anakipun kapala cinten Takasa punika sadhatengipun lajeng bikak rasukan tuwin calana lajeng ambyur ing balumbang boten dangu lajeng pejah, andadosaken guugpipun ingkang sami siram ing ngriku utawi sadherekipun, wah malih bingungira lajeng sami nangisi sarta rinompa ing tyang kathah sampun boten kenging katututan, lereh sakedhap lajeng katumpakaken kreta, kabekta mantuk, elet tigang dinten lajeng kakubur, mila badhe suka-suka wus ana amanggih susah ing bapak biyangipun, kok pinuju sanget jalaranipun makaten saking siram, mila kula ngungun sanget, saderenging tinatah dados jalmi sampun dipunpasthi maring gusti ingkang murbeng jagat ajalira.
Sinerat ping 3 Juni 1873, katandhan *Tang koea manis.*

Panjurung Bra Martani
Sampun antawis lami anggen kula karaos kangen dhateng panjurung mitra kula Open utawi Trustha sastra, sanadyan kula dereng nate kapanggih namung saweg srawungan basa wonten ing koran kemawon, ewa dene reseping manah kula saengga sampun dados kadang tunggil sayayah rena, angraosaken tetembanganipun wonten ing Bra Martani, mila ing mangke manawi pareng mugi karsaha amangun panjurung malih supados anambahana regenging Bra Martani, wondenten manawi dereng panuju wenganing panggalih ing sapunika, kula kemawon ingkang amiwiti nyuwun barkah mugi kaparingan pitedah kodhenging manah kula, ugi boten elok utawi boten kathah, anaming sarehning kula tiyang dhusun tulen dados awis sanget amrangguli tembung kawi punika, sanes kaliyan priyantun nagari saestu sampun kulina tuwin boten kadamel angel, dene ingkang kula suwunaken barkah wau kula gadhah cuwilan serat surti namung sapada, anaming kula dereng pisan-pisan sumerep pawardinipun, kados dene ing ngandhap punika mugi kaparingan teges ingkang terang supados dados sapangahing manah ingkang busuk kados kula.
Purwaning wasita niti sruti pindha pandhita wreksa candhana, dinina dinanda dumeh pamangsulnya mringkam, dening tundhi wahya wiyati, kesisan wraningima, nirmala sumunu, sanita satya sarung santa, ninglar sagelah satata suci, byak tyas pasthi kamaya.
Ing Langen tanggal kaping 7 wulan Rabingulakir taun Jimakir ongka 1802.

Katandhan pun mudha.

Panjurung
Kaswarak tur tabe mami katur ingkang saudara tuwan Jonas Portir en ko, redhaktur ing serat kabar Bra Martani ing praja Surakarta wiyosipun lamun pinareng ing karsa. Ulun sumela angaturi panjurung isining koran, yen wonten kikirangane pakabaran sining papan, kang mugi winacak kawedale respati ngayun, kadya ing ngandhap punika. Nalika ulun udani, Bra Martani wedalira, ongka dwi dasa Meine, wonten saseratanira, katandhan Manohara, suraosipun tumanduk, mring radyan Sasra andaga. Angsung panglipuring galih, mrih sirepa serenging driya, denya aminta wedhare, jaka mayeng asmanira, ingkang satuhu arsa, winasulan tembang alus, ananing pun Manohara. Saking panimbangi reki, wus tamtu tan antuk wedhar, ingkang dadya pangajabe, asmanira kasanyata jaka mayeng marmanya, Manohara sung pangimur, angaturi cacangkriman. Samatra supaya dadi, lejaring driya kang arda, anaming kongsi samangke, rahadyan sasra andaga, dereng karsa ambatang, mring cangkriman kang winangun, ing sekar pucung sapada. Lamun pinareng ing galih, mitramba pun Manohara, rehning samangke pen dereng, wonten ingkang ambatanga, mring cangkriman paduka, ulun calak kumacelu, nyilani para sarjana. Atur panjawabireki, cangkrimanta wujud ingkang, gumantung tanpa canthelan, tan tebih lawan sarira, yen rujuk ing pamanggya, punika pambatang ulun, pan isining wuluh wung wang. Liyan punika panaming, mirid caritaning palak, jagad punika wujude, bunder lan mubeng lampahe, kadya tanpa canthelan , datan sumeleh gumantung, semuning jagad mangkana. Namung kalih bab punika, atur kawula puniku, inggih namung den anggepa. Butuhan supaya dadi, tambah regengireng koran, mrih warna-warna kandhane, lothung kinarya pangasah, punggunging driya arda, mamalanding budi ayu, widadanireng kadarman. Titi palestheng panganggit, enjing nuju ari buda, ping dwi dasa stha Meine, sewu wolungatus lawan pitung dasa titiga, tondha Kridha mardhaweku, carik crunggana Langen arja.

Panjurung
Nalika tanggal 6 wulan Mei taun punika, Mas Wiradiwirya mantri cacar wunut Kuthaarja, Bagelen, ing wanci dalu kaecalan kapal jaler wulu prumpung, suku pancal sakawan pisan, sirah dalir nyabrang, wau kapal mrabot bakakasipun damelan Singapura, utawi songsong abrit mawi seret kalih ubed panganggenipun mantri cacar, enjingipun para pulisi angupadosi sarta ing margi-margi sami dipunjagi, wekdal punika wonten tiyang numpak kapal sarta manggu songsong, sareng dipunanggrak ngaken manawi rencangipun mantri cacar badhe methuk bendaranipun dhateng Purwareja, sarehning sadaya tiyang wau sampun sumerep sarta kulina dhateng durjana punika anama Sumasemita, tiyang ing Karang talun, iren dhinesipun janggoldhateng mas mantri cacar, tur punika Sumasemita nalika tanggal kaping 19 April nyuwun premisi kesah dhateng Surakarta badhe netakaken anakipun ingkang wonten ing peken kaliwon, dhatengipun kala tanggal kaping 4 Mei punika, mekaten ugi wektu dalu punika nalika nginggataken kapal, sareng dumugi ing margi ingkang risak karetegipun kalampahan kapal katuntunaken ingkang jagi ing ngriku, sareng sampun langkung ing kareteg wau sumedya numpak malih ulur-uluripun pedhot, mila lajeng dipunpitulungi dhateng tiyang jagi malih, awit nalika dipunanggrakaken abdenipun mantri cacar, ingkang awit makaten punika punapa boten prayogi para priyantun wau manawi gadhah rencang ingkang kakesahan makaten punika aprasabena dhateng pulisi ingkang ambawahaken ing ngriku, sampun ngantos kados Sumasemita wau damel kodhengipun pulisi ingkang angreksa.
Kiriman.

Ing ngatasing prakawis punika, panimbang kula tiyang ingkang ambekta kapal yen lumampah ing dalu tanpa seratipun ingkang gadhah, pulisi lajeng kawenang angandheg tiyang wau, samanten punika miturut pranatan pulisi, ongka 25 kasebut ing bab kaping 2. Redhaksi.

Serat saha ingkang tabe kairing ing paurmatan katur ing saudara tuwan redhakturing Bra Martani ingkang pilenggah ing Surakarta Hadiningrat.
Kula sampun anyumerepi panjurungipun mitra kula ingkang sasilih nama Prawira lalita, ingkang kapacak Bra Martani ongka 14, kula andherek sanget manawi ing lepen Srayu punika kathah buwayanipun, awit paningal kula lepen wiyar tur lebet, mila andadosaken kodhenging manah kula, pun pundhuh wau kok saged angupados dhateng buwaya, punapa pun pundhuh punika saged silem saengga 12 jam, ingkang saestu pun pundhuh wau inggih naming memasangi utawa gendam, kula ugi boten amancahi dhateng awigyaning manungsa, naming eram kimawon sarehning kula tiyang dhusun.
Katandhan kula pun Bisiksrana.

Punika Cariyos Babad Mataram
Pan samun sami den busanani, yen sinawang lir kadya sasongka, punang gagaman asrine, para mantri saos mring gusti, busana warna-warna, mantri ing Matarum, yata pangetan dipatya, apan lagya ngrasuk busana adi, dhasar bagus utama. Pan karengga dening busana di, apan sarwi ngrakit prajuritan, saya nelahi citrane, lir hyang asmara nurun, saking ngendra buwana nenggih, tuhu punjuling jagad, cahyane sumunu, anglir wulan sasadhara, para garwa tanapi selir kakasih, kang binakta wus dandan. Teka sira amuktiya yayi, aneng dalem amung yayi ing wang, ingsun sangonana bae, sekar lorodan gelung, lawan gantenira awangi, sun karya namung brongta, usana laras kung, lah uwis padha kariya, poma-poma yayi ing sapungkur mami, aywana agung brongta. Nulya budhal wau kang wadya lit, dyan pangeran dipati saksana, anitih turongga age, busana abra murub, pinayungan kertas kuning, ginarebeg ing bala, wau kang pangayun, Tumenggung Rajamenggala, wau ingkang dadi cucuking ngajurit, kang lumampah ing ngarsa. Saha balanya ingkang angiring, gagamannya pan awarna-warna, pan tengeran dhewe-dhewe, kang tengran Tunggul wulung, pan aciri wanara putih, lungsir ijo plisirnya, lir kilat dinulu, gebyare sanjata lanang, nuli arya pamot lan Ki Wirapati, sarta bala malatar. Wong panumping kalawan wong bumi, ingkang dadi cucuking ngayuda, aneng ing ngarsa lampahe, numbak anyar wong sewu, pan wong gedhe dadi pamburi, lampahira sinawang, lwir rob sagara gung, nuli pangeran Balitar, anambungi respati anitih turanggi, asri pan song-song pethak. Payung agung iki apa marat, ingkang bala angiring lampahnya, pan urung waos sulame, ingkang tabuhan umyung, nuli kang wong anumbak patih, pan tunggulipun pethak, cirine kang tunggul, ingaranan limanmeta, nuli pangran Purbaya sigra anitih, turongga busana bra. Kang saesap sinelanan jinggring, munggwing ngarsa pan sanjata lanang, gumebyur ika sorote, sangkelat klambinipun, ingkang bekta sami winarni, tunggul pangirid ira, ingkang munggwing ngayun, nuli pangeraning Samarang, tan nambungi respati nitih turanggi, kartas wilis songsongnya. Pangran Mandura wismang Matawis, pan katilar dneing wong Madura, respati nitih jolang, prajurit kang ngepung, amarapit lampahira, busanane warna-warna tul ya sri, wong mamas pitung dasa. Ingkang bakta pan kulambi kuning, sinambungan waos sulam, apan abrit kulambine, udhenge kuning wau, waos biru ingkang nambungi, sami kulambi seta, jinggring kang sumambung, sami kulambi sengkelat, ingkang bekta sinambungan waos patih, wong satus kathah ira. Waos cemeng cecebolan sami, ingkang bekta pan sami prawira, respati saha tengrane, pare anom maledug, pan akathah lamun winarni, pangeran adipatya, gagamane agung, ana dene ingkang wuntat, kang lumaku ya pangeran Singasari, saha gagaman ira. Saha balanya samya marapit, pan respati anitih turongga, marapit payung agunge, kudane pan kinarung, sinongsongan karetas kuning, Tumenggung Wirajaya, wau lampahipun, dados pawingking lampah, sabalane wau ta ingkang

lumiring, sami prayitneng baya. Ingkang saweneh pawestri angling, muga tulusa pan ingkang lunga, panedhaku aja muleh, aku nutugen kayun, ana omah amemelangi, gong ingsun pan abedhang, sanadyan ing besuk, yen teka aku awawrat, sun runtuhne mongsa katarawa benjing, duweku misih wetah. Enengena wau kang lumaris, kawarnaha wau Trunajaya, ing Sampang kalerehane, trahing madu raratu, kaponakanira dipati, ing Sampang Cakraningrat, balela ing ratu, anake demang malaya, kambil mantu pangeran Kajoran balik, angadeg Surabaya. Apan sampunsisilih kakasih, nenggih panembahan Maduretna, panagama ing ngarane, wong Surabaya suyud, datan ana wani malangi, titiyang Surabaya, sanget risakipun, kancikan wong ing Madura, watakipun, wong Sampang panambek wani, noraha etung tata. Trunajaya pan anunggal kapti, lan Galongsong titiyang Makasar, ing Demung pamondhokane, asanggup sareng gempur, ing ngayuda sampun aganti, endhog sapatarangan, ika jangjinipun, kalawan Ki Maduretna, malah arsa ingambil mantu pribadi, sira raja Makasar. Ingkang arsa jinunjung narpati, Maduretna kang ingangkas-angkas, pan sampun nunggil manahe, Trunajaya winuwus, ingkang ngadeg Surabayeki, jumneng Maduretna, pan sampun misuwur, tiyang pasisir brang wetan, samya wingwrin tan ana wani nyabili, mring Raden Maduretna. Pamrihipun tiyang pasisir, samya seba maring Trunajaya, Maduretna narpatine, wong Madura anggregut, ing Garesik wus den anciki, suyud tan wani malang, tanapi sadayu, apan ta sampun kabahak, wus kancikan tiyang Sadayu awingwrin, seba mring Surabaya. Atanapi nagari ing tubin, wus kancikan dening wong Mataram, lan wong Makasar rewange, ing Tuban wus anungkul, nulya ngrembang kang den anciki, ing Lasem malorodan, sadaya sumuyud, kang bongga pinatenan, wong pasisir sadaya sami awingwrin, ingkang nutut katawan. Samya binakta mring Surabanggi, wong Makasar sadaya Madura, kadya ernawa polahe, wong pasisir sumuyud, samya sowan mring Surabanggi, sira raja Makasar, apan ta wus kembul, lawan Raden Maduretna, kawarnaha sira pangeran dipati, anom ingkang lumampah. Ing Japara samana wus prapti, samya mondhok neng sajroning kitha, lwir grah kapitu swarane, pangran dipati wau, masanggrahan griyanireki, ngabehi Wongsaprana, pangran Singasantun, mondhok sakiduling pura, dyan Pangeran Purbaya pondhokan neki, wonten ing kasantosan.

Ongka 24 Kemis kaping 12 Juni 1873

BRA MARTANI

Panuwun
Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Kula wisudhan tuwin sanesipun
Tuwan Setrikwerdha, kakula wisudhan dados asisten residhen ing kuningan, ing pamulangan calon guru.
Tuwan Kumer, kakula wisudhan dados guru ongka 1 ing Surakarta.
Tuwan Brein, kakula wisudhan dados guru ongka 3.
Tuwan pan Lewen, kakula wisudhan dados guru ongka 1 ing Bandhung.
Tuwan Metelerkam, kakula wisudhan dados guru ongka 2 ing Bandhung.
Tuwan Kiwenol, kakula wisudhan dados guru ongka 3 ing Bandung.
Tuwan Dhupino ing Surakarta 2. Tuwan Fondhul mentripelman ing Bandhung, sakaliyan guru agambar ing pamulangan calon guru jawi kaundur saking apndamelanipun kalayan urmat.

Mas Demang Kertadireja, patih ing Indramayu awit saking panuwunipun kaudur saking palenggahanipun kalayan paurmatan sarta mawi kapatedhan onderstan.
Suryabrata, onder kontrulir ing Kuningan tuwin mas Trunasastra, tilas juru serat ing Cirebon, sakaliyan ing kala rumiyin kasarehaken, ing samangke kaundur babar pisan.
Raden Cakradibrata, tilas mantri pulisi ing Purwakerta kaangkat dados bupati ing Cilacap.

Karesidhenan Banyumas
Raden Wiryaatmaja, wedana ing dhistrik Batur (Banjarnagara) kaelih dados wadana ing dhistrik Adireja (Cilacap).
Raden Dipasudirja, mantri pulisi ing Kuthawis, dhistrik Cahyana (Purbalingga) kaangkat dados wadana ing dhistrik Batur (Banjarnagara).
Mas Jayadikrama, mantri pulisi ing dhistrik Adireja (Cilacap) kaundur saking pandamelanipun kalayan urmat.
Raden Mas Cakradirja, mantri gudhang kopi ing kitha Banyumas kaangkat anggentosi dados mantri pulisi ing dhistrik Adiraja.
Mas Sumawijaya, juru serat kontrolir ing Banjarnagara, kaangkat dados mantri gudhang kopi ing kitha Banyumas.
Raden Purwasaputra, juru serat kantos asisten residhen ing Purbalingga kaelih dados juru serat kontrolir ing Banjarnagara.

Raden Tirtareja, magangan ing kantor residhenan Banyumas kaangkat dados juru serat kantor asisten residhen ing Purbalingga.
Dene pandamelan mantri pulisi ing kuthawis ngajeng wau samangke taksih lowong.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Surakarta
Dereng antawis lami ing kampung Baturana wonten tiyang gadhah anak jaler anaming Sukun boten gadhah balung otot namung sirah sawetawis radi atos, bayi wau ngantos umur 17 taun dereng saged obah saking patileman, gesangipun naming kaliyan toya susu amargi dipundulang sekul boten saged mamah utawi angeled, manawi dipun emban biyangipun punika pating kedhangklah, tangan tuwin suku boten saged lawan, manawi badanipun kalebet sae tur lema, namung ketegipun boten wonten antawisipun, sareng rare umur 20 taun tiyang estri wau dipunwayuh kaliyan ingkang jaler, adat watekipun tiyang estri yen dipunwayuh ugi lajeng bingung sarta badanipun saengga dados latu, kalintu ning manah anakipun ingkang genjuran wau dipunpasrahaken dhateng bapakipun ing kaluraman, inggih biyung kuwalon dipun ken momong rare aneh makaten boten antawis sawulan rare lajeng pejah.

Serat telegram saking nagari walandi anyariyosaken manawi kanjeng tuwan Trir ing samangke sampun mantuk jumeneng presidhen ing nagari Pangkrik, dene ingkang anggentosi kanjeng tuwan jendral Makmahon.

Panjurung
Majenang
Ing tanah Majenang wonten satunggaling tiyang anama Saradipa, ing wanci jam 9 sonten Saradipa wau badhe wawratan dhateng lepen, anaming sarehning petengan rumaos radi ajrih, lajeng nedha eter dhateng bojonipun, sareng dumugi lepenandhodhok ing bantaran, anaming lebeting toya namung kaih kaki, boten dangu Saradipa wau kasarab ing buwaya, ingkang estri sumerep lajeng anulungi anubruk ingkang jaler sarta anyolok maripating bajul kaget dados uwal panyakotipun, tumunten sinjangipun ingkang jaler dipunsendhal kabucal dhateng tengah lepen, tujonipun kaleresan buwayanipun bodho, sinjang ingkang dipunbucal wau dipunbujeng sarta dipunsarab, dene Saradipa lajeng kabekta dhateng dharatan, anaming nandhang tatu ing weteng ngantos medal usuipun, 12 jam Saradipa lajeng pejah, bok Saradipa kapriksa pangageng ing dhistrik, sami kagulung sawawratipun tiyang estri kalebet kendel, sarta kadangu aturipun makaten, inggih punika awratipun tiyang bobojowan, nadyan dhateng ing pejah tamtu kula labuhi kaliyan enget welingipun baba kula Kyahi Citra, yen bajul punika apesipun wonten ing mripat, mila kathah priyantun ingkang sami angalembana dhateng nyai Saradipa wau kaantepanipun dhateng ing laki, kados cariyosipun Dewi Madrim, nalika angrebat Pandu Dewanata sinendhal mayang dening Batara Yamadipati.

Majenang
Wonten pangageng ing dhistrik ngriku amanggung prihatos awit lepen salebeting Krajan punika wonten buwaya ageng ingkang andamel girisipun tiyang padhusunan utawi bahita

ingkang mudhun minggir, sarehning pangagenging dhistrik wau kalebet taberi sarta asih ing sasami, wekdal punika lenggah ing ngadhep penatus dhusun Majenang ugi anggalih sirnaning buwaya ing lepen wau makaten pangandikanipun, o. penatus aku ora enak gonku mangan utawa turu, yen durung ilang kalilipku kang ana ing kali iku, sira angguleka uwong kang aguna supaya angilangna kasusahane wong akeh, panatus aturipun sandika, lajeng medal ing jawi abiwara dhateng karereyanipun, pun Suramenggala pinuju kadhatengan sobatipun, tiyang anama Ranajangga, ing dhusun Cikanjetah Priyanger, panatus wau lajeng anedha tulung dhateng Ranajangga icaling buwaya ing lepen ngriku, Ranajangga anyagahi kalayan tembung manis cara sundha, nun juragan panatus mangga bae, eta buwaya juhang ala the aya idhen juragan sakabeh kahula nun.
Sareng dangu pun Ranajangga lajeng apidekur saengga boten tilem, enjingipun acariyos manawi supena kapanggih putri sakelangkung endah, anaming putri wau merang rumaos cacad, margi buntung astanipun tengen, sareng badhe dipunsemahi anggadhahi panedha benjing yen panggih mawi kaaraka ing gamelan, sareng Kemis ping 23 Mei punika wau buwaya kenging saestu buntung tangan tengen, nalika mentasipun sami dipuntingali ing tiyang kathah, saweneh wonten ingkang moyoki baya buntung, punika lajeng budi kedah murugi ingkang moyoki wau, sareng dipunrungrum dhateng Ranajangga, lajeng piturut malih, mila dados pangeram-eram pratingkahipun Ranajangga anggenipun misaya buwaya wau mawi sarana pancing tangsulipun rambut mawi benang kawuntu agengipun sami kalayan kastelpen, mentas dhateng dharatan katuntun kados lembu mongkana mung dipunbracok cangkemipun kemawon, kabekta dhateng ngalun-alun kawedanan ingiring kados panganten sarta tabuhan kalaganjur, dene baya wau agengipun 2 kaki, panjang 6 kaki, para priyantun kathah ingkang angalembana dhateng pun Ranajangga margi amitulungi sanget dhateng kasusahanipun tiyang ing ngriku, mila saupami Ranajangga wau kaganjara pangkat samurwatipun ugi langkung prayogi, sabab etangipun tumut rumeksa dhateng sasamining manungsa.

Ing tanah Majenang Dayaluhur tiyang alit saweg sami rame anggenipun panen pantun, anaming kawartos yen suda angsalanipun boten saged anerangaken ing sababipun dumados regining pantun sakalangkung awis, 1 dhacin ngantos 13 rupiyah, ing taun kang sampun kapengker namung regi nem, pitu, wolung wang, ingkang makaten sabab mirah, ingkang kawartos tanah Kuningan titiyang tani sami kathah ingkang sami katiwasan tanemanipun ing sabin risak katedha ing tikus, mila tiyang anguyang pantun dhateng ing tanah Dayaluhur Majenang, panduginipun ing kathah pangajengipun badhe pailan gen boten nginggil andhawuhaken kenceng ananem palawija manawi andadosaken gaganjeling uwos pantun.

Dipun leksana Cisagu (Pagadhingan) pundhuh anyenjata bantheng, anaming kasenjata dereng ngantos pejah, sareng dumugi ing gigiring ardi wilis, aningali warak saweg anjerum wonten dherik, warak wau sareng sumerep tiyang lajeng amurugi dipunleksana senjatanipun sampun isi, sareng warak anerajang lajeng dipunsenjata kenging gulu iringipunsaengga rebah kalenger, boten dangu warak tangi dipunleksana lajeng anyandhak senjata malih kenging pathakipun sanalika babar pisan, anaming mawi nubruk dhateng Dipaleksana ngantos ngantos dipuncengkah watawis punika ambanyaki, Dipaleksana wau kalebet tiyang banter teteging manah, yen ta angsala tiyang ingkang jirih saestu bilahi.
Kaserat ing Majenang kaping 23 Mei 1873.
Tandha jailan masahilah.

Serat saha tabe kaurmatan akatah-kathah mugi katur ingkang saudara tuwan Jonas Purtir, redhaktur ing Bra Martani ing nagari Surakarta, manawi pareng serat kula punika mugi kapacaka ing koran Bra Martani.
Wonten abdi dalem kaliwon kemasan raden ngabehi S punika sakalangkung boten prayogi patrapipun dhateng karerehanipun sadaya, manawi wonten kancanipun panewu mantri nyuwun tatanggelan awit nebasaken utwai nyambut, wangsulanipun yen saangger 1 ½ rupiyah boten karsa nanggel, manawi langkung saangger inggih karsa, mila kala rumiyin wonten konca mranggi anama N badhe nebasaken gadhuhanipun siti 1 jung, kathahing arta 400 ruppiyah kalampahan sande ugi saking nakalipun raden ngabehi S wau, mongka taksih kuwaledan paring dalem arta pananggalan kathahipun 25 wulan, saben dipunsuwun dhateng kancanipun taksih dipunsumadosi kemawon, mila kalampahan rehiipunmranggi sami sumangka atur nyuwun sampun ngantos dipunereh raden ngabehi S, dene paring dalem arta wulanan ugi taksih kandheg wonten ing ngriku yen dipunsuwun ngantos 9 utawi 10 wulan saweg kaparingaken, punika dereng kenging katemtokaken nampeni, malah wonten ingkang ngantos 25 wulan dereng kaparingaken awit saking remen ambaliwur etang, ingkang punika saupami boten wonten titi pariksanipun ing parentah saestu tansah damel kasusahan dhateng reh bawahipun sadaya.
Rabingulakir 10 taun Jimakir ongka 1802.
Katandhan Mangunkusuma.

Nalika ing Ngayogyakarta wonten pista ageng minongka paurmatanipun Kanjeng Raden Adipati Danureja anampeni bintang ordhe nederlan seleyo, ing waktu dhahar kanjeng raden adipati sampun karsa angandika kundhisi kados ing ngandhap punika.
Dahat andadosaken suka panarima kasih kula dhumateng para pawong mitra tuwan-tuwan ing Ngayogyakarta ingkang sampun anganggep sawantah sabiyantu, inggih punika sampun amratelakaken yen para pawong mitra kula wau kula sami mangayu bagya dhumateng ing ngatasipun darajat kula, ingkang sampun angantarani katondha wonten ing riderdhe ordhe pan dhe nederlan seleyo, saking sih pamulenipun kanjeng sri maharaja ing Nederlan winugrahaken sumeleh ing dhadha kula, ingkang mijil saking kanjeng tuwan ingkang wicaksana gufrenur jendral ingkang jumeneng sapunika saha sampun biyantu sakaliyan ratu kula Ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan ingkang jumeneng sapunika.

Amari saking kanjeng tuwan Bos punapa dene para kanjeng tuwan risidhen ing Ngayogyakarta I ngkang sampun amitulungi dhumateng kawajiban kula papatih dalem kadi ing nguni-uni.
Kula badhe boten kasupen ing salami-laminipun dhumateng para pawong mitra ageng alit ingkang sampun ambiyantoni, sarta angatingalaken ing supeketipun, wah amemantu sihsiyan ingkang kalawan temen-temen, sarupa amumurih karta harjanipun nagari dalem ing Ngayugyakarta, saha malih kaluhuranipun ratu kula, pamuji kula sapawingkingipun samya sah anggene ababanton, atulung-tinulungan amemaes samoaning karaton dalem, amarsudi ropadaning kadadiyan.
Karana ingkang badhe andadosaken kuwat punika boten liyan saking atut runtutarurukunan, ingkang karana budi temen wekel burus.

Inggih senadyan para ahli sami turutipun, badhe ugi kula purihi ing sasaged-saged ambiyantonana, dhumateng para pawong mitra kula ingkang sampun sami nganggep satuhu, mamalara ing reh kawilujengan, reksa rumeksa ingkang sampun sami dados kawajibanipun sasami-sami anem ulura anggene mersudi pangupa jiwa, sarta angagungaken kamulyaning ingkang sinuhun.
Ing bab kawontenan punika, boten saking amargi kasaenan kula piyambak, sadaya wau kula anggep kaleresan saking barkah birawanipun ratu kula ingkang sinuhun kanjeng sultan.
Ing wusana wilujengipun para pawong mitra kula ageng alit sadaya.

Panjurung wangsulan dhateng mitra kula
Kridha Mardhawa ing Langenarja
Kula sampun anguningani panjawab sampeyan dhateng cangkriman kula ingkang rinengga ing sekar asmaradana, sanadyana dede ingkang kula tuju ing manah, ewadene pambatang sampeyan boten wonten ingkang nalisir sakedhik, sampun nyamleng kaliyan pamanggih kula, sarta andadosaken suka pirenaning manah kalayan pamuji kula mugi tulusa pamong mitra wonten ing Bra Martani alantaran saserepan ingkang andadosaken pangasahing manahkethul kados pun kula punika, wasana kula anyunyuwun barkah malih mugi mugi boten kalebet edi, anaming sarehning sampun sawatawis lami anggen kula mireng sarta sampun wonten ingkang paring pitedah meksa dereng condhong kaliyan raosing manah kula, mila mugi wonten karsa sampeyan utawi karsanipun para mitra aparing jarwanipun kados ing ngandhap punika.

1. budi santri
2. budi tani
3. budi sudagar
4. budi botoh
5. budi durjana

namung punika ingkang kula suwunaken artosipun kados pundi katranganipun budi satunggal-tunggalipun.
Juni kaping 7 taun 1873, Manohara.

Banyumas
Nalika ing dinten tanggal kaping 25 wulan Mei ingkang tembe kapengker punika, wonten satunggaling tiyang wasta Dipadi wongsagriya ing dhukuh Matelu, dherek dhusun Karangrau dhistrik kitha Banyumas, sampun amejahi semahipun piyambak wasta Masih, kateranganipun kados ing ngandhap punika.
Sampun sawatawis dinten piyambakipun Dipadiwongsa kaliyan semahipun kenging sakit weteng, sareng ing dinten Ngahad ngajeng wau, wanci enjing jaler estri sami kesah sumeja tirah dhateng dhusun Alas malang, dhumateng ing dhukuh tempuran dherek dhusun Pageralang sami ugi dhistrik Kalireja, sami kendel ing griyanipun tiyang wasta Citradipa inggih inggih punika adinipun Dipadiwongsa, ingkang gadhah griya Citradipa jaler boten wonten panuju wonten sabin saweg nyambat ngater pantun, ingkang wonten griya semahipun Citradipa saweg babengak sekul, Dipadiwongsa wicanten dhateng semahipun kaajak lajeng dhateng dhusun Alas malang, ananging ingkang estri boten purun, badhe tirah ing ngriku kemawon, boten dangu ingkang gadhah griya Citradipa jaler mantuk saking sabin, Dipadiwongsa lajeng anjawat yen badhe tirah ing griyanipun, Citradipa ugi anglenani, ing

wekdal punika Dipawongsa dhuwungipun taksih kantun wonten griya ing dhukuh Mertelu, tumunten Citradipa kakengken mendhetaken ugilajeng lumampah, sareng Citradipa sampun kesah, Dipadiwongsa kaliyan semahipun sumeja adus dhateng lepen ingkang kaprenah wetan celak saking griya ngriku, semahipun lumampah ing ngajeng Dipadiwongsa wonten ing wingking, sareng tembe dumugi ing lesung ugi salebetipunpakawisan ngriku, Dipadiwongsa lajeng mendhet alu ruyung ingkang wonten ing lesung punika, tumunten kapen-thungaken dhateng ingkang estri saengga kaping tiga kenging sirahipun pejah medal utekipun, kalampahan ingkang estri dhawah ing siti sarta boten dangu lajeng anemahi pejah, bok Citradipa ingkang saweg babethak sareng sumerep pratingkah makaten lajeng medal saking griya anjelih sarta angungelaken byantara titir, ugi kathah tiyang ingkang sami dhateng sumeja tandang tulung, ananging Dipadiwongsa sasampunipun menthungi semahipun lajeng lumajarmangaler urut margi ageng, dumugi ing dhukuh Mertelu celak griyanipun piyambak, kepanggih kalih Citradipa ingkang kakengken mendhet dhuwung dereng ngantos dumugi, lajeng tiyang kakalih sarengan malebet ing griya amung mendhet rasukan kemawon, Dipadiwongsa sanjang dhateng Citradipa yen badhe sowan ing kawedanan Banyumas awit karaos bingung ing manah, ananging boten cariyos yen mentas mejahi semahipun, sasampunipun mendhet rasukan tumunten terus lumampah mangaler tiyang kakalih dumugi ing kitha Banyumas, Dipadiwongsa lajeng kacepeng dhateng pulisi ing dhusun Karang ratu ingkang sami bujeng, ing mangke sampun kalebetaken ing kunjara.
P.L.

Nalika dinten Akad tanggal kaping 18 wulan April ingkang sampun kapengker punika ing kampung Kedhunguter toyamas, wonten satunggaling jaka nami raden bagus M kinten umur 19 usum, malem Akad wanci pukul 7 sonten punika reden Mandhelik wonten ing pinggir konten Brobosan caket kalih griyanipun satunggiling rondha nami bok K, ugi griya ing ngriku, raden M wau sumeja badhe angremeni bok K wau, sadangunipun dhelik raden M anggitik sagawon, utawi singsot kaliyan keplok-keplok, ananging bok K boten wonten ing griya, pinuju kesah dhateng peken ing tegong sumeja badhe tumbas lisah kangge damaran, ambekta wadhah 1 pinggan kangge wadhah, bok K badhe mantuk, raden M wau ugi taksih wonten ing ngriku, sareng sumerep dhateng bok K wau lajeng kacepeng tanganipun, sarta dipun gandhuli rasukanipun saingga ngantos bedhah, bok K wau ugi nyumerepi yen raden M badhe angremeni dhateng piyambakipun, raden M wau saking nepsunipun badhe angremeni boten dipunperduli, tumunten cepeng tapihipun, boten ngantos dangu lisah anggenipun wau tumunten kasiramaken dhateng rainipun raden M sarta pinggan ingkang kangge wadhah lisah wau kathuthukaken dhateng tanganipun raden M ngantos tatu 3 panggenan, nalika samantenbok K wau tumunten agugat dhateng lurah Kedhunguter, Toyamas, yen piyambakipun dipuntaboki ing tiyang tanpa jalaran, sareng enjing kaladosaken ing kawedanan, kapriksa ugi ngakeni mawon tumunten lajeng lumados ing nagari katutup wonten pandhapi kabupatosan, kadhendha 3 rupiyah.
Kang punika para mitra kula sadaya mugi sampun pisan-pisan ngantos kagepok ing prakawis makaten nalaripun.
Toyamas, 31 Mei 1873, katandhan pun Sudira gana.

Punika Cariyos Babad Mataram

Dening Pangeran Balitar nenggih, sami mondhok neng banyu larangan, pangran ning Sampang pondhoke, jawining kitha iku, wong pasisir brang kilen prapti, kapanggih ing Japara, Kendhal Kaliwungu, ing Batang lan Pakalongan, ing Barebes Pamalang lawan ing Tegil, tanapi ing Samarang. Lan ing Demak sareng ira prapti, tiyang Kudhus Pathi lan Juwana, pepak Japara ing gone, sampun ing tigang dalu, kawarnaha pangran dipati, prasamya rerembagan, lan kang eyang wau, pangeraning Purubaya, apepakan para santana Matawis, miwah para dipatya. Miwah pangeran ing Singasari, pangran Balitar Pangran ing Sampang, pangran dipati delinge, marang kang eyang wau, kadi pundi eyang kang warti, inggih tiyang Madura, lan Makasar wau, matur pangran Purubaya, wartinipun ing Sampang anunggil baris, kalawan wong Makasar. Wong pasisir ing brang wetan nenggih, sami sowan dhateng Surapringga, mring Trunajaya suyude, ing Sadayu kakelun, ing Garesik miwah ing tubin, ing Rembang pajangkungan, Lasem wus anungkul, monca nagari brang wetan, wus kakelun sadaya sami awingwrin, dhumateng trunajaya. Jeng pangeran anggraiteng galih, Trunajaya ngentasana karya, kaya priye wekasane, awak ingsun kalamun, ngundurana angelingsemi, pasthi ingsun amerang, marang sang aprabu, yen mundura aneng karya, yen ta durung ana kahanan jurit, manah ucaping jana. Ing ngayuda arsa sun temeni, wong Madura ya si trunajaya, polahe aku kang ngaken, emenge manah ingsun, wantune wong apulang jurit, yen wus tempuh ing watang, merang lamun mundur, yaktine along kang pejah, wong Mataram akarsa ingsun wangsiti, pasthine ingsun merang. Awekasan pangeran dipati, angandika dhumateng kang eyang, yen makaten pakartine, lah suwawi ing besuk, binubarna bala Matawis, samya dharat kiwala, den rempeg ing laku, dening sakehing bahita, winawratan sangunira wong Matawis, kawota ing bahita. Sakathahe bupati pasisir, adharata ngiringa maring wang, kalawan sagagamane, yata sami arembug, kang santana miwah prajurit, ngandika jeng pangeran, Salarong sadayu, aja pisah lan manira, mesakake aku tinilar prajurit, lan adhimas ing Sampang. Ana ing ngarsa manawa eling, wong Madura marang yayi emas, padha undangana kabeh, sakeh wadya Matarum, budhalena lah dipunenjing, lawan si Wongsadipa, iya aja milu, tungguwa ana Japara, lan anake kalawan bala kumpni, tugura ing Japara. Yata datan kawarna ing ratri, enjangipun nembang tangaranya, gong beri umyang swarane, bendhe munya angungkung, tengarane bubar kang baris, sakeh sanguning wadya, winrat ing parahu, wus pepak bala Mataram, yen sinawang gagaman kagiri-giri, kadi prawata sekar. Tiyang pasisir monca nagari, ingkang dadi cucuking ngayuda, aneng ing ngarsa lakune, dening bala Matarum, wong bumi jalawan panumping, wong sewu numbakannya, tiyang ageng wau, sami marapit rahadyan, lan pangeran Purubaya tana tebih, kalawan ingkang wayah. Yata ing nglurug lampahing baris, enengenak kang lagi lumampah, yata kawarnaha maleh, sanga prawireng kewuh, ingkang ngadeg inng Surabanggi, Rahaden Trunajaya, ingkang ajujulluk, Panembahan Maduretna, sampun angron sineba tiyang pasisir, ing bang wetan sadaya. Atanapi kang monca nagari, ing brang wetan anungkul sadaya, dyan Maduretna barise, apan sampun akumpul, lawan raja Galongsong nenggih, wong Makasar malatar, sami purunipun, polahe lir singa ludra, dhasar mangke wong Sampang pan angsal galih, akanthi wong Makasar. Sira Raden Maduretna nenggih, sedyanira umadeg nenggih, sarta lawan pajunjunge, raja Galongsong iku, ingkang nanggung bdhah Matawis, mila Ki Maduretna, langkung tresnanipun, dhumateng raja Makasar, Trunajaya pan datan kemutan singgih, yen kinarya malampahan. Trunajaya akarsa pribadi, wantu wong ngemut legining gula, kemanisen arsa dhewe, apan ta datan emut, lamun wonten ingkang ngajani, prabu Anom Mataram, tan kemutan wau, angrasa sampun kawawa, Trunjaya dening sampun angsal kanthi, iya raja

Makasar. Apan sampun amiyarsa warti, yen adipati Anom Mataram, ingkang anindaki dhewe, kalawan kamisepuh, sira pangran Purubayeki, lawan pangran Balitar, pangran Singasantun, angerig bala Mataram, atanapi pasisir moncanagari, ngalumpuk neng Japara. Apan ta sampun bubar kang baris, saking Japara kang wadya bala, pangeran dipati anem, ingkang nindhihi laku, Trunajaya samun acawis, lawan tiyang Makasar, sumedya amethuk, wong Sampang samya siyaga, mepek baris solahe anggigilani, miwah ta wong Makasar. aPan sedya angantep ing jurit, pan yudane wau wong Mataram, lir singa lodra polahe, warnanen kang lumaku, adipati anom Matawis, kang dadi senapatya, samana wus rawuh, ing Makasar tatan-tatan, ingkang baris saksana ngangseg jurit, ing gogodog sinedya. Tiyang Madura amapak jurit, lan wong Makasar kadi ernawa, apan ta sami purune, sami arebut dhucung, kaya age panggiya jurit, ing gogodog wus prapta, pan dulu dinulu, wong Sampang lan wong Mataram, pan sadaya tanana anguc apajrih, surak ing wingkingan. Mangsah sikep ing Madura, yen sinawang kadi bantheng akanin, angajrihi tandangipun, pan kadi singa lodra, rebat mongsa sadaya pan sami purun, pan samya onclang kang watang, Makasar pan onclang lembing. Prajurite wong Madure, mangkuyuda teguh prakuswa wani, dening wau sisihipun, aran dhandhang wacana, ing kanane ing wau asisihipun, kang tengen Ki Wongsadrana, sami prakuswa ing jurit.

Ongka 25 Kemis kaping 19 Juni 1873

BRA MARTANI

Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Serat pakabaran saking Samarang anyariosaken manawi saantaranipun tanggal kaping 15 Nopember utawi tanggal kaping 16 Dhesember ing ngajeng punika, para prajuritipun kanjeng gupremen badhe kaangsahaken malih dhateng ing Ngacin. Menggah gungungipun sadaya 10.000 prajurit ingkang kalebet prajurit inpantri kathahipun 8000 kabage ing wolung kumpeni, ingkang 4 kumpeni bongsa walandi, ingkang 4 kumpeni prajurit bongsa jawi, sakumpeni etang 125 prajurit, dene satunggal-tunggaling bataliyon katindhihan up opisir kalih supados saged amratikel lampahing bataliyon kanan utawi kering, ing sakaparengipun up opisir wau, anjawi prajurit marine ladheng dhifisi, para prajurit inpanteri wau ugi kabiyantonan prajurit marine, samanten punika prajurit marine wau ingkang 300 badhe kadunungaken ing beteng winastan Dhekok ing Padhang, menggah kathahing kuli 3000 ingkang badhe tumut kakintunaken dhateng ing Ngacin.

Batawi

Ingkang kawartos kanjeng tuwan Jendral Witon ingkang kapiji anindhihi prajurit ingkang badhe umangsah dhateng ing Ngacin.
Awit saking cariyosipuntitiyang ing Penang ingkang anampeni pakabaran saking Ngacin nalika paprangan titiyang Ngacin kathahipun 1700 ingkang kasangsaran pejah, dene ingkang nandang tatu ugi kathah ingkang kalajeng pejah, menggah kawontenanipun sangsara ingkang makaten punika adamel nepsuning para tiyang ing Ngacin, dene ingkang kalepataken papatihipun sultan ing Ngacin, punapa sababipun boten saged anulak paprangan punika ingkang kalayan rurukunan, titiyang wau lajeng dhateng dalem kapatiyan sarta lajeng anganiaya dhateng papatih wau karajang-rajang kalayan dadamelan kalampahan dumugi ing pejahipun.

Ing ngandhap punika pratelanipun bahita kapal perang ingkang kapatah anjageni lautan ing Ngacin.

1. anama Metalenkris, isi 16 mariyem katindhiyan kapitan A.be. Kip, angerehaken prajurit 235.
2. Anama Sita Dhe lafan Anwerpen isi 13 mariyem mawi titindhih kapitan Ye.we. Bingkes, angerehaken prajurit 190.
3. Anama Sumatra isi 4 mariyem katindhihan irste litnan Ha.Dhe.Giyot, angerehaken prajurit 90.
4. Anama Dhenbril isi 6 mariyem mawi titindhih irste litnan Ha.Ye.fan Brukisen, angerehaken prajurit 75.
5. Anama Timur isi 4 mariyem katindhihan irste litnan Se.ha.Bogaret, angerehaken prajurit 90.

6. Anama Kuhuren isi 6 mariyem katindhihan irste litnan Se.Dhekloper, angerehaken prajurit 75.
7. Anama Admiral fan Linberhen isi 1 mariyem katindhihan irste litnan Apekunih, angerehaken prajurit 40.
8. Anama Surabaya punika bahita punika momot praboting prajurit utawi barang sanesipun katindhihan irste litnan Ha.we.Walter angerehaken prajurit 65.
9. Anama Telegraf isi 6 mariyem katindhihan tuwan Beren tuwin irste litnan Ye.em.ha. Berput, ingkang angerehaken prajurit 43.
10. Anama Siyak isi 8 mariyem titindhih tuwan He.a.Meyer tuwin irste litnan He.se.Tiren angerehaken prajurit 90.

Serat telegram anyariyosaken kados ing ngandhap punika.
Bahita kapal winastan Selan saking nagari Walandi ing samangke sampun dhateng wonten ing lautan ing ngajengipun nagari ing Ngacin.
ingkang kawartos awit saking karsa dalem kanjeng raja ing nagari nederlan kanjeng tuwan Jendral fan Switen ingkang sampun pansiyun kapisi jumeneng kosisaris dalem ingkang umadeg pribadi ing ngatasing prakawis ing nagari Ngacin.
Kanjeng raja sampun karsa tindak dhateng kitha ing Ngasen, dene pakurmatan rawuhipun ing ngriku sakalangkung samuwa, sarta andadosaken kabingahanipun para tiyang ing ngriku.
Kanjeng parentah ageng sampun angideni yen pangupadosipun prajurit enggal ingkang badhe kaangsahaken dhateng Ngacin, ing sawau sampun katamtokaken kathahipun ing samangke katambahan 2000 malih, menggah pakantukipun tiyang ingkang lumebet dados prajurit wau sakalangkung tumunten, para upsir subalter 50 ingkang anglampahi pandamelan ing dalem kalih taun, dene tuwan Baron sirtem ingkang dados upsir ordenas dalem kanjeng raja ing nagari nederlan sarta badhe ajenengi paprangan ing Ngacin.
Menggah wragad ingkang badhe kangge perangan ing sapunika sampun kaidenan kathahipun 27 yuta.

Cariyos sawer cumbu
Ing nagari Londhon wonten satunggaling walandi anama tuwan Man, menggah ingkang dados kabingahanipun remen anyunyumbu sawer, sanadyan saweri ngkang sampun misuwur mandi utawi galak, tuwan Man wau ugi saged adamel cumbu, dene sawer ingkang dipuningah wonten ing griyanipun ageng alit 14 iji, sarta sami kulina dhateng anakipun tuwan Man, punapa malih sawer punika sami dipunnamakaken pyambak-pyambak. Mila pundi ingkang dipunundang ugi lajeng amurugi dhateng panggenanipun ingkang ngundang wau, utawi malih wonten satunggaling sawer sabin panjangipun 7 kaki punika sakalangkung angeram-eramaken pratingkahipun, sawer wau katingal tresna sanget dhateng tuwan Man, antawisipun manawi dangu boten kapanggih utawi dipuntilar kekesahan dhateng tuwanipun radi dangu, sawer wau lajeng boten purun nedhasarta tingal sanget ing susahipun, manawi tuwanipundhateng ing sanalika katingal bingahipun enggal lajeng anggulung tuwan Man sahanak rayatipun, dene titiyang tongga tepalih utawi sanesipun sadaya ugi sami ajrih dhateng sawer wau, mila pulisi ing ngriku andhawahaken dhateng tuwan Man kapurih angreksa dhateng saweripun ingkang prayogi sampun ngantos asesaba griya tuwin pemahanipun tiyang sanes.

Kanjeng gupremen sampun karsa andhawahaken serat undhang-undhang para pangageng utawi titiyang alit ing kitha-kitha kang kabawah nagari Ngacin, menggah suraosing serat undhang-undhang wau cekakipun. Kanjeng gupremen aparing uninga manawi anggenipun mamengsahan perang namung namung kaliyan sultan ing Ngacin, tuwin sakathahing pangageng ingkang sami anjurungi sarta ambiyantoni dhateng sultan ing Ngacin wau, dene

pangageng utawi tiyang sanesipun ingkang boten angrojongi dhateng paprangan punika, saestu badhe kaayoman sarta kanjeng gupremen badhe karsa angudi saha anggalih supados tentrem sarta karaharjanipun.

Kabar lare ingkang mamelas sanget

Manawi saudhara tuwan redhaktur anyondhongi utawi nuju sela ing papan, serat kula punika mugi kapacaka ing koran Bra Martani kawedalna ingkang tumunten sanget pangajeng-ngajeng kula.

Ing kampung kaparak tengen nagari Surakarta wonten tiyang nami Sawidrana, karan anak pak tritis, pangaosanipun sade rumput, ingkang estri damelipun berah nyogah babar sinjang, punika sampun rambah-rambah gadhah anak naming medal estri, punika sakalangkung pengin darbe anak jaler, ngantos dipunrencangi prihatos sanget, nunten wonten parmaning pangeran ingkang maha kinawasa, darbe anak medal jaler punika sakalangkung bingahipun, wau lare lajeng dipun sukani nama pun Pokrol, bapa biyung saderekipun sakalangkung anggenipunnguthun-uthun dhateng ing lare jaler wau, boten kenging pisah saking ngembanan tuwin sakingpangkon, sareng lami-lami lare wau saengga tuman, manawi kaselehaken lajeng nangis, dados lare wau kengingbilih kawestanan kirang kulina pangambahipun dhateng siti, kadadosanipun ing mangke lare wau badanipun lemes sarta dereng saged punapa-punapa, ageng ingkang saged lumampah, linggih kemawon dereng saged, kasagedanipun saweg malumah utawi miring, dene yen kakurebaken punika waget ngalir, manawi ngundang-ngundang utawi nanedha inggih naming ak-ak kemawon, manawi dipunemban sirah punika pengleh, saingga sumeleh ing pundhakipun piyambak, dene tangan utawi suku pating gerandhel sami lambeyan piyambak-piyambak, mila ing mangke namenipun Pokrok sampunkabucal kasantunan nami pun Lemur akalipun mangke sampun umur 6 taun, wasana ing dinten punika lare temahi wilujeng.

Surakarta kaping …. Rabingulakir, Jimakir ongka 1802.

Katandhan Turida.

Wonten tiyang estri kathahipun 5 mentas sami rena saking dhusun bawah Sokawati badhe mantuk sarta anggendhong uwosipun, sareng dumugi sabrangan Banawisala celak dhusun daping onder dhistrik ngamban apdeling Sragen, tiyang estri ingkang 4 lajeng sami numpak bahita lembo, dene tiyang estri ingkang 1 dipunpurih kendel rumiyin dhateng pamelahipun sarta dipunken anyepengi dharat saking dharatan, dene pangangkahipun supados sageda gentosan anggenipun numpak, sabab toya saweg pinuju umrik, wasana sareng tiyang estri sakawan wau sampun numpak bahitanipun manengah lajeng anggoling, anaming tiyang estri wau lajeng sami malumpat ingkang kakalih radi tebih lumpatipun dumugi ing prenah ingkang cethek saged jajag sarta lajeng mentas, dene estri ingkang kakalih punika cupet lumpatipun lajeng kasilep ing toya, tiyang pamelah enggal anggebyuri nututi pawestri ingkang keli wau, naming ingkang satunggal saged kacandhak lajeng dipunentasaken, dene satunggalipunanama pun Sadinah ing dhusun Sumengka punika ingkang kalajeng ical, dipunlulupi sarta dipunjalani dening para juru silem, meksa boten saged kapanggih.

Ing dhusun Canthelan dhistrik sarta apdeling Klathen wonten tiyang anama Iramanggala, punika paben kaliyan ingkang estri, dangu-dangu ingkang estri dipunbujungi dhuwung ligan, wasana dipunadhangi ing lurahipunanama bok Tongsa ingkang panuju ngemban anakipun, anaming Iramenggala sampun waringuten, bok Tongsa wau anakipun lajeng dipunsuduki dhateng Iramenggala ngantos anandang tatu kathah, anaming boten anemahi pejah awit tatonipun boten wonten ingkang premana, dene Iramenggala salajengipunkacepeng ing kathah kaladosaken ing parentah.

Katandhan Sutija.

Panjurung minongka wangsulan

Saking sih palimarmanipun mitra kula ingkang sisilih nama Manuhara tumrap ing Bra Martani ongka 20 Kemis kaping 15 Mei 1873, ingkang suraos mratelakaken gampil anggenipun ing lelampahan anggen kula ngudi wedharipun asmanipun jaka mayeng ingkang sajati, punika sakalangkung ing panuwun kula, awit saking pamanah kula rumiyin dumugisamangke boten pisan-pisan manawi sumedya cacangkrahan tuwin paben wonten salabeting koran Bra Martani, cipta kula boten langkung naming nunuwun lumunturing kawelasan, ing kanjeng parentah ingkang ngasta pangwasa, ewadene kedah wonten prayantun ingkang kaduk ing panggalih abela cipta angawon-awon dhateng kula, boten pisan yen dados sagrantesing manah, tansah sumendhe dhateng papesthen ing ngatasing agesang, lepat leres cumaoswonten ngarsaning pangadilan, pejah gesang gumantung wonten karsaning pangeran ingkang maha kinawasa.

Awusana mugi sampuna andadosaken rengating panggalih bab cangkriman kula dereng waget ngaturi katrangan, jalaran saking riweng ing manah, namung nyuwun aksama kang agung.

Sastraandaga.

Panjurung Bra Martani

Ing kitha Cilacap paresidhenan Toyajene, sawawratipun nagari enggal kenging winastanan nagari loh jinawi kerta tur raharja mirah sarwa tinumbas gampil tiyang ngupados pangupajiwa tur angajengaken saganten, pelabetan bahita kapal langkung prayogi katingalan saking ngalun-alun kabupaten, bahita kapal kados katingal wonten ing dharatan saking caketipun utawi dhumepel dhateng ardi brangbang, mila boten paja-paja yen tumumpang wonten sanginggiling samudra, naming cacadipun margi ingkang dhateng tanah Priyangan utawi Pasundhan dereng dados margi sae, mila kala jumenengipun kanjeng Raden Adipati Cakrawadana, kagalih sanget margi wau badhe kaparlokaken, nanging kanjeng parentah ageng dereng nembadani malah saking nagari Cilacap mangilen dados wana malih boten kenging kaambah ing tiyang awit saking boten kopen, denten panjangipun margi ingkang sampun pepet dados wana malih kirang langkung 5 pal, ingkang dipun wastani rawa keling tur kabawah dhateng dhistrik kitha Cilacap, dereng tulus ramenipun, saiba margi punika kenginga dipunambah, tamtu para tiyang ingkang gegramen utawi tiyang alit ingkang kabawah dhateng kitha Cilacap tigang dhistrik wau sami anglangkungi bingahipun, sabab sapunika tiyang alit utawi lurah dhusun ingkang sami bayar paos dhateng kitha Cilacap lampahipundharat mubeng margi dhateng apdheling Purwakerta, saupami kaetang tebihipun saking padhusunan dhistrik Dhayaluhur dumugining kitha Cilacap kirang langkung 75 pal, manawi para priyantun tigang dhistrik wau sowan dhateng kitha Cilacap saben abis bulan sami numpak bahita kundhing, lampahipun dhateng samudra anakan lampahan 24 utawi 26 jam, samanten wau yen pinuju angsal angin sae, dene yen wonten angin ribut, sanadyan priyantun jirihipun anglangkungi tiyang alit, pangraos nyawanipun alayang-layangan, sawangsulipun kula welas sanget dhateng tiyang alit ingkang lumampah ngantos 75 jam tut wingking lurahipun badhe bayar paosan tur sami angrembat sangu ngantos meyek-meyek, mila sanget pangajeng-ngajeng kula mugi kanjeng parentah karsaha angleksanani dadosipun margi Rawakeling wau.

Sinerat kaping 5 Juni 1873, katandhan mitra paduka pun Kramasetya.

Panjurung minongka wangsulan

Kula sampun mariksani seratipun mitra kula ingkang sisilih nama Wartatama, ingkang wonten ing Bra Martani ongka 20 Kemis kaping 15 Mei 1873, ingkang suraos paring batangan bab cangkriman kula 2 prakawis, ingkang satunggal kabatang peksi rangkok, punika ugi leres,

cecek kaliyan neripun cipta kula, dene ingkang satunggal mitra kula dereng kapinujon ing panggalih aparing batanganipun.
Ingkang punika atur panuwun kula manawi kapareng mugi kaparingan batangan sakawontenanipun, manawi taksih nalisir ing pambatang wau, ingkang pesthi kula tumunten ngaturi wedharipun ingkang temen, supados andadosaken leganing panggalih, aralipun sami gagujengan wonten ing Bra Martani, pamurih kula sami anglanggengaken ing patrap.
Awasana manawi wonten lepating samudayanipun ingkang mugi panjenenganipun mitra kula maringa maklum ingkang agung.
Titi katandhan mitra paduka pun Wongsamanggala.

Panjurung wangsulan
Kula sampun maos panjurungipun ingkang sisilih nama Bisikrana, kapacak ing Bra Martani ongka 23 ingkang suraos sampeyan taksih kodheng ing penggalih bab panjurung kula pawartos pundhuh angupadosi buaya ing lepen Sirayu, pancenipun inggih kula ingkang rumahos kirang patitis ing panyerat, awit pamanggih kula piyambak para tiyang boten badhe kakirangan pambudi amurih gampiling anggenipun anglampahi kuwajibanipun kados pundhuh punika anggenipun angupadosi buaya wau saestu boten kewran ing nalar sarana dipunpasangi utawi kagendam, anaming sarehning buaya punika sareng mentas nyakot tiyang lajeng katingal malih, mila kula mastani saweg dipunupadosi, ingkang punika inggih sakalangkung panarimah kula anggen sampeyan paring enget lepating panjurung kula, boten langkung kula nyuwun pangaksama ingkang agung, karanten tiyang punika asring boten sumerep dhumateng kalepatanipun piyambak.
Titi katandhan Prawiralalita.

Panjurung minongka wangsulan katur mitra kula ingkang jujuluk Wartatama
Sasampuning atur kaurmatan kula akathah-kathah wiyosipun kula sampun nupiksani serat sampeyan ingkang tumrap ing Bra Martani ongka 22 ingkang medal kemis kaping 29 Mei taun 1873, ingkang suraos paring batangan malih saking bab cangkriman pambage pantun 9 lumbung.
Saking atur wangsulan kula ing mangke sampeyan wau sampun cumeples, boten wonten ingkang nalisir, cocok kaliyan karentege manah kula, saha andadosaken suka pirenaning manah kula, dene anggitan kula sampun pikantuk idin menggah leresipun.
Mila saking pangajeng-ngajeng kula ing siyang pantara latri, mugi mitra kula wartatama, pinanjangna ingkang yuswa kasembadana ing sakarsa, winantuwa ing kanugrahan, dene ingkang maha kinawasa anglangkungana pangkat ingkang sampun kalampahan lestantuna dados pandam pangaubanipun para warga sadaya.
Wasana bilih wonten kalepatan kula ingkang mugi panjenenganipun mitra kula aparinga pangaksama ingkang agung.
Titi katandhan mitra paduka pun Kenil.

Kawula pun dremi lare ing dhusun Lempeng inggilsari, tebah saking negari celak kaliyan wukir tuwin jurang ringin, dening kadrenging manah anyaru-nyaru ambatang panjurung cangkriman mitra kawula, jailan masahilah, ingkang kapacak ing Bra Martani medal dinten Kemis kaping 1 Mei 1873 ongka 18 kasebut ing ngandhap punika.

1. suku tiitga mripat sekawan untu sajawining lambe, punika kaki-kaki malampah ngibe teken mawi tasmak, yen ganten karojoh, awit sampun boten kuwawi ngenyoh.

2. Wonten tatedhan kangkung edi, anaming sadaya tiyang ingkang tumut angraosi nedha dados semu prihatos, punika lombok cengis (cimpling), sedaya tiyang ingkang nedha sami mrebes mili, kawis saking pedhesipun.
3. Wonten srana tetabuh gendhing, yen kapidak langkung malati, yen tanah sundha pentil kacang, punika suling, penabuhipun sarana cikem, tamtu boten kenging kapidak.
4. Gesang tanpa nyawa, pejah tanpa jisim, ingkang purun aprepeki tansah angarubiru, punika pejah ing radinan (radinan ingkang sampun botenkapiyara).
5. Wonten jinipta tanpa tedha anginum, gesangipun nedha kakubur pejahipun langkung samar, punika kelanangan.

Saking pambatang kawula cangkriman ing nginggil punika, punapa andadosaken pareng tuwin botenipun mitra kula jailan masahilah, mugi amaringana wewangsulankapacak ing Bra Martani, ingkang badhe medal punika.
Lempeng inggilsari 11 Juni 1873, kawula pun Dremi.

Punika Cariyos Babad Mataram

Iku tetindhih ing rana, dyan umangsah kadi banteng akanin, tiyang Makasar akembul, kadya ta singa lodra, ing ayuda puniki titindhihipun, awasta Dhaeng Mangrewa, kalawan Dhaeng Makincing. Misih sikep ing ngayuda, muni bedhil dadi cucuking jurit, swarane lir gunung rubuh, mimis tiba lir udan, peteng dhedhet ing ayuda kadi dalu, dening kukusing sundhawa, awor surake kang jalmi. Pan ora kuwatir pjah, wadya Sampang mirsa swaraning bedhil, sumadya sumoroh amuk, binendrong ing sanjata, wadya Sampang pinuntir babrangosipun, pedhange nulya ingikal, sari ngabekta tameng bali. Saweneh onclang watangnya, dyan umangsah sarwi anaut rawis, wong Madura sami purun, rame tempuh ing yuda, lir andaka wong Sampangpangamukipun, arame prang long linongan, tanana angucap ajrih. Wong Makasar denya aprang, ngagem lembing ing yuda tan ngoberi, pra samya asoroh amuk, pan kadya singa lodra, baya silih takdire karsa yang agung, wadya bala ing Mataram, wingwrin tan darbe kuwanin. Para mantri lan satriya, kang prajurit manahe lir pawestri, kekes tan darbe purun, ing ngamuking wong Sampang, wong Mataram panewon kang mawut-mawut, pan kathah ingkang palastra, apan datan na ngudhili. Surak wadya ing Mataram, prajurite prasamya angawaki, kang dados andiling kewuh, pangeran Purubaya, anyamethi ing kuda samana magut, ingiring kang wadyanira, sareng mangsah ing ngajurit. Ki Ngabehi Wirajaya, dyan umangsah lan panji Wirabumi, miwah kang Rongga Sadayu, angamuk ambek pejah, para mantri Mataram samya umagut, angandeli yuda nira, pangran Purbaya ngawaki. Tumenggung Rajamenggala, arya Pamot sareng mangsah ing jurit, pangran Balitar tan kantun, sareng ngantep ing yuda, wong Makasar sadaya sareng umagut, raja Galongsong priyongga, pan nindhihi ing ngajurit. Wau Raden Trunajaya, tiyang Sampang wau kang den tindhihi, mila ing ngayuda kukuh, wus karsaning pangeran, wong Madura pasthi lanang juritipun, pilih boboting ngayuda, tanana angucap ajrih. Wadya bala ing Mataram, kathah pejah manahipun awingwrin, ingkang tinarajang maut, nora mongga puliya, prajurite apan kathah kasambut, Ki Ngabehi Wirajaya, apan sampun nandang kanin. Pra santana kathah pejah, ki ngabehi kabranan angranuhi, samana tiba alungguh, ludiranya dres amuncar, pan aniba Wirajaya datan emut, pan rinebut kang santana, saundure angemasi. Prajurite awuyungan, Wirabumi sampun anandang kanin, aneng rana pan kasambut, kondur wus binandhusa, Kyahi Rongga Sadayu apan kasambut, ing rana sampun palastra, wingwrin wadya ing Matawis. Kang dados lajeng ing yuda, jeng pangeran tinilar wadya alit, prajurite kyeh kasambut, nora mungga puliya, jeng Pangeran Purbaya ngling jroning kalbu, baya karsaning pangeran, apes wadya ing Matawis. Sabala ningsun ayuda, apan iya nora kaya saiki, prajurit Mataram gempur, ing amaju kabranan, wong Mataram samya kekes manahipun, dhingin kang padha prawira, saiki lir wadya estri. Kapriye sun undurana, wong Mataram tanana kaya mami, sinenbah sinepuh-sepuh, mring putra lan santana, ana wrate ingsun mundura ing kewuh, tan baya angur matiya,

aneng tengahing ajurit. Yen nyata rusak Mataram, panedhaku ingsun aja menangi, wong Mataram sirna larut, wong Sampang lan Makasar, ya Pangeran Purbaya ingkang tinempuh, sawadyane aneng rana, tan gumingsir anadhahi. Sira Pangeran Purbaya, pangamuke lir bantheng tawan kanin, apan wus kapanggih sepuh, mandah kala taruna, wong Madura sing katrajang mawut-mawut, angamuk karo curiga, dhuwunge aran ki panji. Wantune kathahen lawan, jeng pangeran kudane sampun mati, anumper pangamukipun, apan maksih adharat, wong Makasar lan wong Sampang angrerubut, jeng pangeran kinathahan, winatang lawan linembing. Nadyan siotot ta kawat, akulita tambaga balung wesi, tiyang satunggil aremuk, kinarubut ing kathah, ya pangeran sakalangkung timbulipun, datan pasah dening braja, kinarubut dening jurit. Ing jro salira wus remak, ya Pangeran Purbaya tiba linggih, watak wong agung wus sepuh, dyan pangeran Balitar, pan uninga lamun kang raka kasambut, ing rana gepuh rinebat, wong Sampang ingamuk wani. Sira pangeran Purbaya, wus karebat binakta mundur aglis, nanging pangeran tan emut, ingkang sarira remak, wong Mataram aneng payudan wus remuk, wau pangeran Purbaya, wus kasambut ingajurit. Lir pendah dhawuhan bedhah, pedhot lajuripun kariha ngisis, dening lajere wus rubuh, milane asasaran, dyan pangeran dipati kalulun kondur, lan pangeran singa sekar, de wadya tan kena pulih. Sira pangeran dipatya, manahira alit dhateng awingwrin, dening kang eyang kasambut, yata apamondhokan, arang rangkah sami prayitneng ing kewuh, pangran Purbaya wus seda, lir gerah swaraning tangis. Apan sampun binandhusa, jeng pangran binakta mantuk Matawis, duk seda sinengkalan trus, mamuk pinrang janma, sinusulan sangkala kala ing Demung, naga sanga prang ing jagat, ri sampuning mangka neki. Wus sing mantuk kang bandhusa, kawarnaha wau ta ingkang kari, sakehe wadya Matarum, akekes manahira, dening ngandili kewuh sampun kasambut, para prajurit satriya, manahe kadya pawestri. Miwah kang para santana, para putra manahira awingwrin, sampun karsaning hyang agung, apes wadya Mataram, yen wus takdir tan kena owah sarambut, duk sidanira pangeran, ing taun dal lawan nenggih.

BRA MARTANI

Panuwun
Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Panjurung bab griya kabesmen
Ing kampung Kaparak tengen kabopaten Purwadiningratan nagari Surakarta, ing nalika dinten Kemis dalu angrinakaken tanggal kaping 24 wulan Rabingulakir taun punika, ing wanci ngajengaken satengah satunggal wontengriya kabesmen, ingkang wiwit rumiyin griyanipun rondha nami bok Dremaguna, latu pandung sareng wanci jam 2 latu sirep, saking papriksa griya sirap utawi welit, cacah wuwung telas 37 iji, dene para ageng ingkang sami ngasta panguwasa ugi sami rawuh mariksani, sarta boten kendhat anggenipun karsa amantoni parentah, kalampahanipun saged tumunten sirep, mila para ingkang sami tandang katingal sami sengkut sarta tumemen, boten kesah sayah lan panas, ingkang kaesthi namung dhawahipun para ageng ingkang mawantu-wantu.
Sareng sawatawis latu boten amutawatosi, jalaran sampun boten saged mraman malih, para ageng lajeng sami kondur, namung prayantunbupati ingkang kawajiban ambawahaken, sawatawis kaliyan panekaripuntaksih sami anenggani ngantos sirepipun.
Sareng wanci enjing antawis jam setengah 6 Raden angabehi Purwadipura priyantun kaliwon ingkang ambawahaken, karsa wangsul amariksani sarta mawi garwa putra, tuwin mawi sangutatedhan sekul ulam, kawrat ing jodhang tuwin cething tenong, sareng sampun dumugi ing papan, sekul ulam lajeng kabage wradin dhateng para tiyang ingkang sami kasangsaran wau, wradin boten wonten kalangkungan.
Ingkang andadosaken pangungun kula wau sakedhik, punapa ngriku latu mubal lajeng dhawah ngraratengi sekul utawi ulam, punapa sampun mirantos ingkang wau-wau, kali pun kula sumereppiyambak anggenipun kundur saking tandang sampun kendel pukul 3, satengah 6 sampun karsa wangsul mawi bekta uba rampe sekul ulam tur kathah, mila saking pangajeng-ngajeng kula, prayantun ingkang dahat marsudidhateng kautamen wau pikantuka wiwales saking ingkang murba ing ngagesang, ginanjara kautamen ingkang anglangkungi utami kados ingkang sampun kalampahan katambahan basuki lan karaharjan.
Kaserat kaping 25 Rabingulakir, Jimakir 1802.
Katandhan para nyai seren, pun Maryati.
Sareh ing mangsa punika sawek wiwit mangsa katiga, mongka nalika tanggal kaping 24 wulan Rabingulakir taun punika wonten griya kabesmen ngantos griya cacah wuwung 37 punika sampun kalebet kathah, saiba ta kathahing griya kabesmen, benjing tengah-tengahing katiga bilih paprentah boten angencengaken dhawah bab lampahing rondha awit titiyang ingkang kaleres patrol, sami boten anglampahi ing kawajibanipun piyambak, ananging kaberahaken dhateng satiyanga ingkang purun, mila lampahing rondha boten ajek sarta nalisir kaliyan dhawahing parentah.
R

Ingkang kawartos ing serat pakabaran walandi kanjeng tuwan Niwen haisen ugi badhe karsa kendel anggenipun jumeneng fise presidhen ing ran Indiya.

Surabaya
Pakabaran saking Surabaya anyariyosaken manawi sawatawis opsir walandi ingkang anidhihi pabarisan Madura ing samangke badhe mangkat malih dhateng ing Madura, punapa malih pabarisan wau ugi badhe kapirantosan dadamel sanjata ingsi saking wingking kalayan patruman.

Pakabaran saking Walandi anyariyosaken  manawi kanjeng tuwan Jendral pan Switen ing mangke sampun kapiji jumeneng komisaris ing ngatasing prakawis nagari Acin sarta anindhihi para wadya balanipun kanjeng gupremen ingkang badhe aangsahaken dhateng ing Ngacin malih, dene kanjeng tuwan Jendral pan Switen wau angkatipun saking nagari walandi bejing tanggal kaping 10 wulan Juli ing ngajeng punika.

Ingkang kawartos kanjeng tuwan Jendral Persepig badhe karsa kendel anggenipunjumeneng jendral mayor.
Bahita kapal anama Prines Hendrek ing mangke sampun umangkat kalayan bekta para prajurit kathahipun 400.
Kanjeng raja ing nagari Nederlan sampun karsa aparing arta panjurung kathahipun 500 rupiyah ingkang badhe waragat adamel tondha pangenget-enget dhateng swargi kanjeng tuwan Jendral Kohler tuwin para militer ingkang sami kasambut ing ngayuda nalika perang wonten ing Ngacin.

Manawi tuwan ingkang gubah kabar anggalih pantes sarta amrayogekaken serat kula panjurung ing ngandhap punika mugi kapacaka ing kabar Bra Martani.

Watawis wonten sawulan Mas Ngabehi Jagapawira abdi dalem mantri galadhak pakabaran kerengan kaliyan gendruwo, ngantos pedhang-pinedhang, gendruwo kapedhang kenging tanganipun tugel, ananging manawa tiyang ingkang anganggep temen punika kenging katembungaken tiyang gugon tuhon margi nyengkleng sanget.

Kula mentsa saking nagari Ngayogyakarta, sarehning angajeng-ngajeng wulan sae, Ngayogyakarta badhe kathah tiyang gadhah damel mantu, ewadene kula panuju kaliyek-kaliyek sanglemesaken suku, ing kampung Ngadikusuman wonten tiyang anama Jasuwirya gadhah anak estri nami Kamisah, nalika angrintenaken tanggal kaping 10 Rabingulakir punika, badhe kadhaupaken kaliyan pundiya griya bawah Sindusonan, sareng panganten jaler sampun mangkat nyantri, dumugi griyaning rare estri wau, ing ngriku sampun wonten panganten kalih nyantri, 1 saking priyabadan, kang 1 saking tamtaman, sarehning kula lajeng ningali kapanggih kaliyan mitra kula nami pun W, kula pitaken dhateng mitra kula pun W wau, punapa pangantenipun estri badhenipun tiga, wangsulanipun mitra kula, inggih punika badhe bojonipun Kamisah wau.
e..e..e..e..ko gumun sanget kula, dene wong siji bakal bojone telu, kula kinten ingkang estri bingung anggenipun nyawang kang jaler, sarehning jaler tiga estri satunggal sami nedha ningkah sareng, dados kaumipun boten kadugi ningkahaken lajeng kasumanggakaken dhateng mas pangulu tapsir anem, Kamisah lajeng kapurih anglairaken pamilih kang dados cundhuking budi, kateranganipun kang kappilih diya, o.., saiba ta kang boten saestu dados bojonipun anggening anjomblong, awit naming anhrabekaken mripat kemawon, ewadene kula kinten kang kapilih lajeng kelejem-kelejem.

Sampun sawatawis dinten tiyang wasta mas Pus, griya ing kampung Kautaman ing wanci pukul 2 dalu tiyang wau panuju tilem wonten ing ngamben griya, ketharan toya saking nginggil, saking kaget gumeter ing manah, anarka bilih toya jawah lajeng tangi, sareng dhadha kamek-mekan toya kagonda, dene gondaning toya sawantahipun, inggih punika toya ingkang mawut angoncori wonten dhadha wau uyuh, saiba ta anggenipun gundam-gundam, margi wasana lajeng menek dhateng loteng, sareng kaupadosan wonten tiyang durjana pandung saengga trenggiling amunten wonten ing tombong, salajengipun tiyang kacepeng kaladosaken dhateng nagari.
Kaping 17 Juni 1873.
Katandhan Sastra Premadi.

Manawi pareng karsanipun tuwan redhaktur sarta wonten selaning papan, panjurung kula punika mugi kapacaka.
Awit anggen kula maos serat Bra Martani ongka 14 tuwin ongka 25 ing ngriku sami wonten pakabaran rare bayi aneh, ingkang punika manah kula kados dipunengetaken, anaming cacadipun ingkang badhe kula cariyosaken wau sampun antawis radi lami, kados salebetipun kalih taun punika. Ing kampung Klurahan ugi wonten tiyang gadhah anak aneh sanget, awit nalika biyungipun anyakiti ngantos kalih dinten tigang dalu, saking pakabaran sareng bayi wau badhe lair saweg medal sirahipun mawi anggereng swaranipun ageng utawi siti ingkang dipunenggeni punika ebah kados wonten lindhu, sareng kabikak bayi wau sakalangkung aneh wujudipun, mripatipun 4, ingkang 2 wonten sangandhaping maripat ingkang angger, sarta mripat sarta mripat sakawan wau sami mantheleng sadaya, utawi tanganipun ugi 4, ingkang kalih sangandhaping kelek, dene irung boten mawi, namung untu sampun medal saincip saengga siyung denawa, punapa malih tanganipun ingkang tengen mawi anggegem siti lempung bunder sapentil jeram pecel, anaming cacadipun bayi wau namung antawis satengah jam lajeng pejah, yen ta saupami lastantuna saged gesang saking watawis dereng wonten rare aneh kados punika saestu anggumunaken.
Katandhan pun Sunggu.

Panjurung saking kapatiyan
Kula raden bagus Muhyi sampun anguningani panjurungipun mitra kula ingkang sasilih nama Sudiragina ing nagari Toyamas, kapacak ing Bra Martani ongka 24 wulan Juni ing taun punika, ing ngriku mitra kula Sudiragina angabaraken bab lalampahan kula, o inggih ta saestu kaniaya sanget, anaming sayektosipunlalampahan kula punika boten makaten, dene kula kasebutaken anenampilingi tiyang inggih saestu, anaming yen kula dipuncariyosaken rai kula kasiram ing lisah punika dora, manawi anyuwek rasukan inggih sayektos utawi kadhendha 3 rupiyah pethak ugi temen, punika ingkang angabaraken ing serat Bra Martani kula suwun asmanipun piyambak ingkang sayaktos, utawi serat wangsulan kula punika ugi kapacaka.
Toyamas ping 20 Juni 1873.
Kula Raden Bagus Muhyi Martasupana.

Tabe urmat wanti-wanti katur ingkang saudara tuwan Jonas Portir en ko, redhaktur ring serat kabar Bra Martani Surakarta, yen pareng sarta pinuju wonten selane papan, panjurung amba kang mugi pinacaka mungging koran Bra Martani ing wedale, ing ngari Respati ngarsa supadya tumanduka marang open kang jujuluk lawan mitra amba mudha, kang samya asih ing dasih, rumaket ing pawong mitra, legya mengtyas trus batine, ambeg darma paramarta, mumpuni kadigbyannya, tebih mring para sisiku, madhep marang kaotaman, riwusi kang kadi mangkin, ulun ngaturi cangkriman, samatra tur bongsa remeh, lewung kinarya gujengan,

wonten lebeting koran, tinimbang athenguk-thenguk, mindhak angraosi tiyang, yekti budi tanpa angsil, lamun nalar kabrabeyan, antuk sisiku ing batos, luwung sami lintu rembag, mamrih regenging koran, tuwin ngasah manah welu, murih lampir pamucungnya, wonten dhustha karyane nyidra yen dalu, arda amemongsa, dahat sura nir ing westhi, yen kapergok tinepak rusak angganya, wonten jalma solahe kadi wong bingung, amale binekta, ginendhong miwah den sunggi, cinelukan saparane boya kendhat, wonten suku kawan welas yen ginunggung, lamun lumaksana tumindakna mung kakalih, yen aleren suku tumupak sadaya, surup surya wedale saking dudunung, nglaya ngupaboga, mantuk wanci bangun enjing, esmu merang yen anon sunaring ngarka, wonten wujud kekalih nunggil jejuluk, kang satunggil nglaya, kakeceh ngulaya bukti, kang setunggil karem neng satengahing marga, wangsul asmaraning titi, kaping tri likur kang tanggal, Rabingul akir wulane, Jimakir kang lumaksana, sewu wolungatusnya, kekalih angkaning taun, katandhan pun Trusthasastra.

Kula maos serat Bra Martani ongka 25 Kemis kaping 5 Juni taun punika, wonten panjurungipun mitra kula ingkang jujuluk Mudha, ingkang suraos mrasajakaken bilih kangen dhateng panjurungipun mitra kula open, punapa dene panjurung kulasinadya mitra kula Mudha dereng nate pinanggih namung saweg srawungan basa wonten Bra Martani kemawon, ewadene resep ing panggalih, saengga sampun dados kadang tunggil sayayah rena.
Menggah pangandika ingkang sumanten wau katampen ing tangan kalih kaweteg ing pranaja, tus lumyeng salebeting garba, winarnah telenge manah budi dadossa jimat pangenget-enget, saha nambahana ing kayunan, ingkang mugi sageda angladosi gagujengan wonten salebeting koran Bra Martani.
Mekaten malih mitra kula paring empingan ingcip-icip satunggil pada, mawi rinengga sekar dhandhang gendhis, papethikan saking serat surti, kula kakarsakaken anjarwani, kula ngaturaken prasaja, sampun ingkang maos tuwin amirengaken sumerep wujudipun serat surti kemawon dereng, saka kula boten badhe angijadi ing kabodhohankula, ewa dene supados sampun ngantos kula kagalih nambuh karsaning mitra ingkang rumaket sanget, kula ngaturakendhorongan ingkang mijil saking uda nagari, larapipun kados angalembanadhateng prayantun ingkang ambek santosa, boten keguh ing godha rencana, boten kewrad dipunawon-awon ing sesami, tansah nami angugemi pandamel ing kautamennamung punika atur wangsul kula, ing wasana bilih wonten kalepatan kula utawi sigug sikuning bebasan kaoning tembung, lepat ing panyerat, kirang langkung ing sastra, ingkang mugi mitra kula paringa pangaksama ingkang agung, saha atur kaurmatan kula akanthi taklimsaijab-ijab.
Titi, katandhan mitra paduka pun Trusthasastra.

Panjurungipun mitra kula ingkang saslilih nama Manohara, kapacak ing Bra Martani ongka 24ugi wulan Juni taun punika, amratelakaken suka pirenaning manahipun jalaran pambatang kula cangkrimanipun ingkang gumantung tanpa canthel, awit sampun kagalih rujuk kaliyan pamanggihipun, wasana mitra kula angrasehakensaha anuwun katrangan dhateng para sarjana babasan gangsal bab kados ing ngandhap punika.
1. budi santri, 2. Budi tani, 3. Budi sudagar, 4. Budi botoh, 5. Budi durjana.
Ingkang punika sarehning para sarjana ing mangke dereng wonten ingkang aparing barkah katranganipun manawi andadosaken parenging panggalih, kula angaturi jarwa ing sasaged-saged kula tiyang bodho ugi namung tiru-tiru wuwulangipun priyantun sepuh, samireng kula budi gangsal wau tumrap dhateng wulangipun tiyang ngawula ing ratu, anaming kapendhet suraosipun ingkang utami kemawon, kados ing ngandhap punika ingkang supados terang kula damelaken tembung ngoko saengga bapa amuruk dhateng putra.

1. mungguh katerangane budi santri iku, tumrape marang wong ngawula ing ratu amung piriden utawane bahe tegese upama kowepinitaya ing ratu kawenangake asaba sajroning kadhaton, kang iku anganggowa budi santri, lire ingkang suci ing ngati aja pisan

anduwenana osik marang wong wadon kang dudu wajibe utawa kabeh wanodya sajroning kadhaton iku uga kagugunganing gusti, mulane aja pegat rumeksamu ing sarina sawengine kalawan temen-temen ing lahir batin, lan aja saenggonmu anglakoni limang wektu, utawa pamesing budi badan nira anggespen kebiren prasetyamu marang ing gusti.

2. Dene kang diarani budi tani iku katerangane uga mung pirenden temene lan mekeling ati enggone anglaonikawajibane dikaya wong tani tumemene anggarap tegal sawah kumawulaning solahan sajroning kadhaton, apa maneh menawa pinuju ana warsaning gusti angatokna bodho nira aja pisan wani andhingini karsaning ratu, anjaba yensira piniji tinuju ing karsa, kang iku arahen patitising ngatur ira, anaming uga sumarah sakarsaning gusti.
3. Dene budi sudagar iku uga tela dinasti ing petung sarta temening ati, tegese saupama kowe pinitaya ing ratu anyenyekel sarta busana sapanunggalane kang iku kudu, sanadya rupa sigi sapethet tuwin arta sigar, uga aja ngant iilang itungmu ingkang kalawan temen-temen ing lair batin aja niyat ambobodhoh marang gusti sapapadhane.
4. Ana dene kang diarani budi botoh iku kaya amung liriden utamane bae, lire saupama sira ginanjar kaluhuran sarta hira kakurangan sawiji apakang iku anelan budining botoh ingkang pinuju menang ngabotohan mungguh berbudine marang sapapadha mangkono maneh kang oleh kaluhuran mau kudu belaba marang karerehane, aja anduweni cipta owel angganjar arta busana, supaya amuwuhana setya tuhu ning ati batine kulawarga nira kabeh, iya iku kang anambahi kaluhuran ing ngatasing manungsa iku yen … luhur ora kurang sawiji apa iya amung ambudi kautaman bae, seje lan abdi dalem wadana pamajegan, iku kudu ambudi kasugiyan, awit manawa ora sugihamasthi bakal agawe kaluputane enggone angabdi amarga kether laladene pajeg, iya endi ana manungsa ora amikira cukup, anaming kang wus luhur mau kudu ora kena ninggal kautaman, tegese kayata upamane ingkang ginanjar menang mau kudu murka agawe sawenang-wenang supikir marang budi kautaman, kang iku ora wurung yen bakal andadekake sudaning darajad, ora pisan dikawruhana yen kabeh iku jumenenge kalawan loro-loroning tunggal, luwih maneh ing ngatase wong ngawula manawa lagi ginawe asor aja pisan awaniya marang ingkang lagi oleh kaluhuran, malah-malah amiminta asih supaya kasrempilan ing bejane sawatara, mangkono uga wong ngabotohan, upama kang lagi kujujur badane mongka anuruti panasing ati kudu angarah dhuwite kang lagi mujur, kang iku ora wurung babasane uyah kacemplung sagara, utawa sulung alebu geni, mungguh utamane amurbayaha  gempila marang ingkang mujur mau trakadhang ana pulihe kalahe tek sathithik, pirang bara bisa andadekake sirnaning kasusahane.
5. Mungguh katerangane budi durjana iku, amung sathithik kang sinirid kanggoning wong ngawula ing ratu, kaya ta upamane sira tinempuhake ing pakewuh utawa marang mungsuh ingkang sumengka tandhing kang iku ing kawanen ira dikaya durjana kecu nalika amandung lawange wong sugih, ika aja migih utawa sumelang tekaning patipisan, iya iku pamales ira marang sihing gusti enggon ira ginanjar kamukten utawa kaluhuran, yen ta upamane sira anguci rahana ing paprangan ora wurung yenciniren ing saturun-turun ira, kasebut kurang utamane ing pangawula.

Namung punika pamireng kula wuwulangipun priyantun sepuh anggenipun makangsalaken suraosing budi gangsal bab wau, ewa dene mitra kula Manohara, saupami taksih leleh dereng ing panggalihboten langkung kula anyumanggakaken para asli budi menggah patitisipun ingkang kasbeut ing ngajeng wau, dene atur kula punika namung akaanggepa bebekah tan rumiyin tinimbangdereng wonteningkang paring katrangan pinten bagihanbahan regenging Bra Martani.

Katandhan Carik Langenarja, pun Kridha mardhawa.

Panjurung

Ing nalika dinten Senen kaliwon tanggalkaping 9 wulan Juni punika, raden tumenggung bupati ing Banyumas, sampun karsa anyelamaken ingkang putra kakung satunggil tuwin ingkang rayi estri satunggil, kala dalu malem Senen angrintenaken selaman, para tuwan-tuwan salebeting kitha sami pakempelan ing pandhapi kabupatosan, dinten Senen enjing pukul satengah pitu selaman, siyangipun pukulkalih pangijabiing panganten, dalu malem Selasa pista dangsah, para tuwan tuwin nyonyah salebeting kitha miwah para tuwan-tuwan tamu saking sanes apdeling utawi saking Gombong ugi sami rawuh, enjingipun dinten Selasa dumugi malem Ngahad manis pista nayuban, sarta salebetipun pista wau ugi wilujeng boten kirang satunggal punapa, ing pandhapi kabupatosan rinengga ing ssasekaran sakalangkung semuwa.
P.L.

Manawi pareng karsanipun tuwan redhaktur ingkang ngarang walgita Bra Martani ing nagari Surakarta, kula angaturi panjurung manawi kagalih pantes mugi kapacaka ing dalem koran.
Duk Raden Panji Jayasantosa abdi dalem lurah prajurit Ketangggung ing nagari Ngayogyakarta, saking pamireng kula kapiji nyepeng kapulisen ing kampung Ketanggelan, Suragaman utawi Mancasan, punika andadosaken tata tentremipun ing pakampungan, ambiratahipun titiyang durjana, awit raden panji wau anetepi ririgenipun pulisi ageng Raden TumenggunG mangunyuda, punapa malih saking karsanipun kanjeng tuwan Watendorep residhen ing nagari Ngayogyakarta, karsaha saseratan lampahipun tiyang patrol, ingkang katiti mangsan tanggal kaping 25 wulan Mulud ing taun Jimakir ongka 1802 utawi kaping 22 Mei taun 1873, kapacak tumrap sangajenging petrolan, ing Jayasantosan, punika saking reseping manah kula yen wonten tiyang langkung mawi kendel angubelaken, sabab sadangonipun ing kampung Katanggelan punika dereng wonten serat undhang masi kapacak makaten, saking pandugi kula sanggung kramatipun kanjeng tuwan residhen anggenipun angasta pangadilan ugi wonten ing nagari dalem ing Ngayogyakarta, punika dalasan tiyang ingkang boten mangertos sastra kimawon ugi mawi aningali dangu, punika andadosaken panggujengipun tiyang ingkang sami aningali, saiba-iba manawi sampun dangu kanjeng tuwan residhen wau anggenipun ngasta panguwasa wpnten nagari Ngayogyakarta, saiba wewah gemah raharjanipun.
Sinerat ing Ngayogyakarta tanggal kaping 25 Rabingulakir warsa Jimakir ongka 1802.
Kula ingkang mertandhani Ngabehi Jayapengarit.

Punika Cariyos Babad Mataram
Wong Mataram sami susah, datan betah saben ari tan bukti, pinarak ing nageri agung, sanget bageblugira, pan sadaya wong Mataram risakipun, pra samya apalorodan, apan sami minggat mulih. Pangran dipati Mataram, pan kalulun sampun kondur tumuli, lan pangeran Singasantun, miwah pangran Balitar, lampahira samana apan alaju, sedya mantuk mring Mataram, kendel Japara sawengi. Lajeng mantuk mring Mataram, kawarnaha duta Sampang nututi, ingkang dados tunggulipun, tumenggung Mangkuyuda, wong Makasar Dhaeng Ngrewa tunggulipun, ingkang kinen atut wuntat, lampahe wadya Matawis. Tingkah elir singa galak, dhasar baring mangke menang ajurit, marmane sadaya lacut, wong Madura sumahab, saparane anjejarahanyaruwun, ingkang lanang pinatenan, pawestri pan dipunambil. Apan ta dadi babasan, bajag sampang tuhu kalamun baring, ingkang kamargan anungkul, datan wani malanga, ing Juwana sampun kedekan anungkul, darbeke pan jinarahan, wong Juwana sami ngili. Ing Pathi wus kaidhekan, dening Mangkuyuda prawireng jurit, pan tiyang pathi kakelun, dening Mangkuyuda prawireng jurit, pan tiyang Pathi kakelun, akathah ingkang pejah, denya mapag tiyang Sampang perangipun, titiyang Pathi sasaran, sami lumayu anglili. Ing Kudus sami kabedhah, jinarahan tiyang alit awingwrin, kalangkung dening arusuh, solahe wong Madura, pan ing warung garobogan wus kalulun, binoyong pan jinarahan, puyengan samya

anglili. Nanging nagari ing Demak, maksih bongga angawaliing jurit, arame denya acampuh, tan ana kang kasoran, ing ayuda arame buru binuru, surak lir pendah ampuhan, tanana mundur ing jurit. Surakipun wong Demak kadya ampuhan, tangkepireng ngajurit, gelar prit aneba, tiyang Sampang sudira, milane ramya kang jurit, tiyang ing Demak, pra sami ambedhili. Peteng dhedhet dening kukusing sundawa, satengahing ajurit, mimis kadi udan, langkung rame ning yuda, tiyang ing Sampang kalindhih, kathahen lawan, akathah ingkang mati. Sampun keser yudane wadya Madura, yata mangetan malih, mring nagri Jepara, wau ingkang sinedya, arsa binedhah tumuli, apan ta ana, wau bebanton malih. Trunajaya utusan mring wong Madura, bantoni kang kalindhih, wong mancanagara, ingkang wetan sadaya, wau ingkang ambantoni, wadya ing Sampang, ingkang dadi titindhih. Ing Jepara ing wau sampun kakepang, wadya alit atintrim, pan angungsi kitha, miwah angungsi wana, yata dinesek tumuli, kutha Jepara, arsa genecak wani. Wong Jepara muwer sajroning ing kitha, akanthi wong kumpni, katungguk Jepara, watawis rong bragada, sedya raremponing wuri, Ki Wongsadipa, sampun angati-ati. Para putra tansah pinepek ing ngarsa, Kiyahi Jagapati, Ki Wongsamanggala, kalawan Wongsaprana, kalawan Ki Wiragati, Ki Himareksa, lawan Ki Wiramantri. Tan atebih wau kang kula santana, sumedya ambek pati, rarempon kewala, aneng sajroning kitha, ananging datan metoni, tiyang Jepara, mawut tiyang kang alit. Amung kari wong sampang kang aneng jro kitha, akanthi wong kumpni, wus rakit sadaya, neng alun-alun sigra, tambure tinembang muni, mayor tindhihnya, pun nebro kang sawiji. Kapitannya tuwan Belem namanira, iku panggedhe neki, saradhadhu nira, apan sampun malatar, sanjatane wus arakit, masang bandera, sadandananing jurit. Aneng alun-alun kumpni amapag, tangkepe ing ajurit, apan lelumbungan, atambur muni brang-brangan, mayore ingkang nindhihi, sampun priyatna, sakathahing kumpni. Kawarnaha wong Sampang angangsek kitha, lawan monca nagari, pasisir sadaya, samya ngepung Japara, sadaya sami ambalik, moncanagara, miwah tiyang pasisir. Wong Madura sampun lumebet ing kitha, polahe gigilani, nanging wong Makasar, polahira lir yaksa, kadya bantheng tawan kenin, lwir singa lodra, rebut mongsa ngajrihi. Wus malebet ing kitha sagegamannya, kumpni anadhahi, mariyem kang munya, kalawan kalataka, nanging adatan angudili, wadya ing Sampang, ing alun-alun prapti. Pra walonda tangkepira lulumbungan, sarta tambure muni, sanjata senapan, sareng muni sadaya, kadya rubuh ingkang langit, mimis lir udan, sarta swaraning jalmi. Peteng dhedhet dening kukusing sundawa, sanjataning kumpni, tanana kendelnya, Ngabehi Wongsadipa, apan ta sampun umijil, lan para putra, ametoni ing jurit. Tan atebah para mantri ing Japara, wong Sampang kathah mati, misih sudiranya, ngalun-alun Japara, rakiting bala kumpni, alelumbungan, nora kena ingngungkih. Wong Sampang ing alun-alun keh pejah, pan sami kenging mimis, kang ngamuk tinumbak, tiyang Sampang sudira, kang mati akerewesi, agegenderan, kere kuningan dening. Pan saweneh wong Sampang kulambi lulang, yata sampun kalindhih, yudane wong Sampang, medal jawining kitha, bature akathah mati, wong kawandasa, apan pating gulinting. Wong Madura undure apamondhokan, neng jagatmu singgih, balane malatar, wong ing monca nagara, atanapi wong pasisir, sami rarangkah, sami prayitneng westhi. Kawarnaha Wongsadipa paguneman, kalawan para mantri, tuwin pra santana, tiyang ing Wongsadipa, lah inggih ta kadi pundi, mengsah kang prapta, angepung kang nagari. Ing jagatmu enggene bebarisan, kadya paran denya mrih, undure kang mengsah, ora wande yen rusak, Japara kalamun mati, wadya Madura, wong Japara ngebeki. Yata matur ki ngabehi Wongsaprana, punika yen suwawi, inggih kang sanjata, wontena danaraja, kang ageng lah den pilihi, ing ngarah-arah, tibanipun kang mimis.

Ongka 27 Kemis kaping 3 Juli 1873

BRA MARTANI

Panuwun
Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Ngabari
Kula angaturi uninga yen ing mangke kula kasedhahan kula dados redhaktur ing Bra Martani. Sanajana kalebet ewoning anglengkara, bilih kula saged amangun sedhep ing Bra Martani kados ingkang wau-wau, ewadene kula arda cumipta badhe andhanganaken dhateng para ingkang sami maos, sarana amandukaken daya miwah wewenang kula ing sadungkap-dungkapipun, supados Bra Martani wau salebetipun dados gege-bengan kula lulusa kasambadan ing saih sageda mubal sawabipun lumrang amradina, wiwah dados pasewakanipun para moncar ing budi ingkang angastapen landhep, gegamanipun anjembaraken jajahaning etan, saupami tetes ingkang dados pangajeng-ngajeng saestu saijab-ijab bingahipun redhaktur inggal pun Surana.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Ingkang kacariyos awit saking karsa dalem kanjeng raja ing nagari Nederlan tuwan Ef.A. fan Bram, kapitan marine kapatah anindhihi para prajurit marine saking nagari walandi ingkang badhe umangsah dhateng Ngacin, menggah angkatipun para prajurit wau ing salebeting wulan Juni anumpak bahita kapal anama Prines Endrik.

Wonten nonah anama Em.E. Fan Dhen Feken agagriya ing Bonbrik, adarbe aturan manawi piyambakipun kadugi angetutaken wadya balanipun kanjeng gufremen ingkang anglurug dhateng ing Ngacin, menggah damelipun nonah wau badhe mulasara para prajurit ingkang sami anemahi sangsara wonten ing paprangan.

Awit saking serat kakancingan dalem kanjeng raja ing nagari Nederlan, tuwan A.Ye.We, pan Dheldhen pangagenging pakumpulan among dagang tuwin kataberen ing Batawi, sampun kalilan angangge bintang makutha dherdheklas, saking priseordhe, papring dalem kanjeng raja ing nagari Dhitslan.

Ing Batawi, Samarang, Surakarta, malah bok manawi ing sanesing nagari ing mangke wonten kabar yen kanjeng sultan ing Aceh nyuwun rurukunan kaliyan kanjeng gufremen saha kanjeng parentah ageng sakinten badhe anayogyani, menggah saking kandhaning kathah, kanjeng

gufremen mundhut tatempah dhumateng kanjeng raja Aceh awarni yatra kathahipun kalih yuta tuwin karajan Aceh sadaya, kajawi punika boten mundhut punapa-punapa.

Telegram saking Batawi ingkang kapacak ing serat Lokomotif ing wulan Juni tanggal kaping 30, anyariyosaken kados ing ngandhap punika.
Kanjeng raja ing Turki ngaturi babantu ing kanjeng sri maharaja ing Nederlan, minongka anangguli karajan Aceh.
Kanjeng Sri Maharaja sampun karsa tedhak dhateng ing Thagronengen atutuwin tuwan Kohler sepuh angledharaken anggenipun bela sungkawa.
Ingkang ningali titingalan ingkang ginelaraken ing kitha Wenen amung sakedhik.
Ing Dhitslan samangke wonten ambah-ambahan kolera.
Ingkang kawartos ing serat telegram saking Batawi ingkang kapacak ing serat pakabaran walandi, kanjeng tuwan jendral Trusen sampun atilar donya kundur dhateng kalanggengan, menggah sababipun gerah berurte.

Undhang-undhang ingkang kadhawahaken dhateng para pangageng tuwin titiyang ing tanah ingkang kabawah ing karajan Aceh.
Wus ambal-ambalan kanjeng gupremen gone karsa anyoba sarana palimarma, amurni sirnane gone padha sulaya tuwin mumungsuhan karajan Aceh karo tanah-tanah bawahane, lan gone sulaya tuwin mumungsuhan bawahan padha bawahan supaya andadosna karaharjaning dadagangan tuwin lalayaran.
Anaming panyoba mau ora ngemungake katulak dening pandalurunge tanah Aceh, malah anyar kiye tinanggulang dening panggedhening karajan ing kono sarana tindak kang ora patut, dadi pangangkahe kanjeng gufremen kang kamurih antuk katrangan sabab pandalurung tuwin liya-liyane mau apadene pangangkahe mimitran karo raja Aceh iku kabeh tanpa wasana, mulane kanjeng gufremen amangun ana ing perang mungsuh raja Aceh.
Ananging jalaran saka mongsa ala, perang wau kalerehake dhisik sarta ing tembe manawa wus becik mangsane bakal kawiwitan maneh sarta disantosani, dene perang mau bakal mung kapandukake marang wong kang ambaliperake raja Aceh ing bab karsane kanjeng gufremen kang becik tuwin marang kang ambiyantoni perang apadene marang kang anulungi, ananging ora kapandukake marang tanah bawahan Aceh kang ora ambaluh ing perang utawa kang ora ilon-ilonen, dene manawa ana kang aweh pitulung marang Aceh, iku kaanggep dadi mungsuh sarta kang tanggulang uga, balik kang padha supeket karo kanjeng gufremen ing Nederlan indi, iku bakal antuk sih tuwin mimitran karo kanjeng gufremen, apa dene dikalisake saka ing bilahi tuwin karusakan kang jalaran perang mau, sarta kena anamtokake yen kanjeng gufremen bakal ambudidaya sakena-kenane amurih tentrem begja lan tulus raharjane wong mau, dene saneh ing pawarta kang metu saka ing ngambek ala aja kapaelu, sok mong aku sumerep kanjeng parentah gedhe ing Nederlan Indiya ora memengsahan karo agama Islam, sarta anama Islam mau ana sajroning paprentahan indi Nederlan isih kalulusake, manira ambaleni pangandika, sing sapa angiloni raja Aceh bakal kudu angrasakake asta wasesane kanjeng gufremen, dene lara kang kasandhang dening dheweke tuwin tanahe iku awit saka polahe dhewe.

Komandhaning kapal perang kang anggawa undhang-undhang ingkang marang jeneng para tuwin prayayi angiringake lakuning prau kapal mau, iku padha manira paringi kawasa ngrembug ing prakara iki karo jeneng para sarta anindakake ing sabener-benere.
Bogor kaping 7 Juni 1873.
Kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral ing indiya Nederlan, Lodhon.

Kakula wisudhan tuwin sanesipun
Raden Stirtadiwirya, mantri ukur ing Cilacap kaundur saking palenggahanipun.
Raden Sasra Kusuma, wadana dhistriking Salatiga ingkang wau amung saweg kakendelan kemawon, ing mangke sampun kaundur saking kalenggahanipun.
Raden Mangundiputra, wadana ing dhistrik Bandar, Sidayu ingkang wau amung saweg kakendelaken kemawon ing samangke sampun kaundur saking kalengghanipun, kagentosaken dening Raden Surya Amijaya, asisten wadana ing Wanabadra.
Mas Onggadikusuma wadana dhistrik ing Krawang kaundur saking kalenggahanipun kalayan urmat.
Mas Sumasentika, wadana dhistrik ing Lengkong (Kadhiri)kaundur saking kalenggahanipun.
Mas Sutareja, mantri pulisi dhistrik Wanayasa kabupaten Serang (Banten) kinula wisudhan dados demang ing Ciroas.
Mas Panadirja kinula wisudhan dados ajung ing up jaksa ing kabupaten Serang.
Raden Mangkudipura juru serat jaksa ing Sampang kinula wisudhan dados ajung ing up jaksa ing Pamekasan (Madura).
Babah Licon Iboe, litnan tituler litnan cina ing Ambon awit saking panuwunipun piyambak jalaran sakit-sakit, ing mangke kaundur saking kalenggahanipun kalayan urmat sarta taksih kapareng angangge pangkat.
Babah Biyo Supit sudagar kinula wisudhan dados litnan cina ing Ambon, Babah Owi Ibangkiyat, kinula wisudhan dados litnan cina ing Krimun (Riyo).
Raden Yudadirja, juru serat kontrolir ing Selakaton (Kendhal) awit saking panuwunipun piyambak jalaran sakit-sakit, ing mangke kaundur saking kalenggahanipun kaliyan urmat, kagentosan dening Raden Purwa Atmaja ingkang wau juru serat karesidhenan ing Samarang tanpa balonja.
Raden Mangkudipura, mantri kabupaten ing Samarang kala tanggal kaping 21 Juni atilar donya, kagentos dening Raden Mas Panji Suryadipraja, mantri pulisi ing Weleri dhistrik Truka (Kendhal), dene kang anggentosi mantri pulisi ing Weleri Raden Mangundipura mantri tebu ing Perbuwan (Kendhal), dene ingkang anggentosi mantri tebu ing Perbuwan Mas Sastradipura mantri tebu ing truka.
Raden Wongsa Atmaja, juru serat ing asisten ing Kendhal kinula wisudha anggentosi mantri tebu ing Truka, dene ingkang anggentosi dados juru serat asisten wau Raden Prawira Merjaya.

Panjurung kabar
Ing kampung Mangkudiningratan, Surakarta, wonten satunggaling rare estri anama pun Cadhong, punikagadhah remenan tiyang jaler, ing nalika malem Jumuwah tanggal kaping 17 wulan Rabingulakir ingkang kapengker punika, rare estri wau kapanggih kaliyan remenanipun wonten sakilen pandhapi, sarehning saweg wanci jam 8 sonten, dereng antawis dangu

konangan ing tiyang kathah, pun Cadhong kaliyan remenanipun sami lumajeng ical boten kantenan ngantos dipunobori sarta dipunubres salebeting pakampungan ing ngriku meksa boten kapanggih, wasana sareng wanci tengah dalu pun Cadhong wau kapanggih wonten ing nguwit pelem ageng kaliyananangis, titiyang ing ngriku sareng mireng swaranipun tiyang nangis lajeng sami dipun obori malih, sareng katingal inggih saestu punika pun Cadhong ingkang nangis anggiyeng wonten pragak wit pelem ingkang inggil, kapurih mudhun ppiyambak boten saged, dados udunipun dipuntulungi ing tiyang kathah, sareng dumugi ing ngandhap kados rare gendheng dipunpitangledi boten saged sumaur tansah nangis kemawon, dados saremenanipun rare jaler wau ngantos samangke dereng wonten katranganipun ingkang angakeni, mila wonten ingkang mestani yen rare estri punika dipunremeni gendruwo.
Pun Kemis.

Ing salebetipun wulan Mei ingkang kapengker punika, kula mireng dhawuh saking wadana dhestrik M.G.T. amradinaken undhang saking nagari, sinten tiyang ingkang purun dados soldhat sarta salajengipun badhe kalurugaken prang dhateng ing Ngacin, sanajan dhawuhing ngundhang-undhang wau ing kabupaten katingal anyantosani supados tumuntena pikantuk tiyang ingkang purun dados soldhot, ewadene ngantos sapriki dereng wonten tiyang ingkang anyagahi dhawuh ing ngajeng wau, makaten ugi ing kabupatosan inggih dereng kendel anggenipun amradinaken undhang-undhangipun kanjeng gupremen sarta mawi anggelaraken pangawikan amurih nukulna kaengetanipun para tiyang jaler kasumerepaken dhateng lalabetan ingkang utami, dene ingkang nama kautamen ingkang linuhung wau inggih punika sinten tiyang ingkang gesangipun kaayoman ing kanjeng gupremen Nederlan, ingkang gadhah pambekan sarta setya tuhu asih dhateng nagari tuwin sumungkem ing panjenenganipun nata ing Nederlan kengetan yen tinitah jaler sarta sumerepa yen kagunan ingkang langkung adi punika priyayi ingkang jaya ing aprang tumemen kaabdekaken ing nata asih ing nagari sanajan dumugi ing pejah badhe misuwur ing sajagat, lah punika lalabetan ingkang utami ingkang gandanipun sakalangkung arum angebeki ing kadhaton Nederlan, sumarambah dhateng taker turut tedhak, awit tuwuh ing kawiryan jalaran saking berbudi ingkang kathah lepiyanipun, purun labet pejah angukih kautaman, lah punapa tiyang jaler boten kapengin, gesang pirya sanajan dumugi pejah inggih mulya, yitmanipun badhe kapanjurung puji dhateng utami ing sabawah Nederlan, pejahing manungsa sampun saestu badhe kalampahan, naning jalaranipun dereng tamtu, sapunika para tiyang rak inggih sumerep bilih perang punika dede margenipun dhateng kalanggengan, sanajan wulangipun bupatos wau langkung sae, ewadenten tumrapipun dhateng tiyang ingkang boten terang budinipun (bodho) boten saged amikantuki, awit tiyang alit boten angendahaken utami naming angendahaken raja brana, namung dumunung tiyang ingkang lepas kawruhipun ingkang mastani (aji utami kalayan mas picis) mila saking pamanggih kula panggelar kautamen ingkang lalampahanipun loh nyawa wau, kasantunana pangebang-ngebang kasugiyan, sarta kanthi lalampahan ingkang ngrakaos kemawon, wijangipun pamanggih kula makaten, para prajuritipun kanjeng gupremen ingkang wonten sadaya paresidhenan punika kalurugna prang, dene sepenipun prajurit wau mundhuta prajurit enggal, yen kados makaten pandugi kula, kathah titiyang alit ingkang purun dados prajurit, yennamung anggentosi jagi-jagi wonten ing salebeting paresidhenan tur kathah pikantukipun, awit para prajurit ingkang sampun dados tamtu langkung parigel tinimbang kaliyan prajurit enggal wau, sanajan wonten sawatawis tiyang padhusunan ingkang purun dados soldhot sarta

lajeng kalurugaken perang, tandangipun wonten ing payudan inggih badhe anguciwani awit taksih sanget kidhung trekadhang kathah para tiyang dereng wirama sanjata.
Dene sabibaripun perang yen prajurit ingkang kalurugaken mantuk, prajurit enggal wau kalajengaken utawi kaundur badhe boten wonten pakewedanipun, langkung malih manawi kanjeng gupremen karsa amundhut sinten priyantun jawi ingkang purun anglurug perang mawi kapatedhan pangkat upsir utawi litnan, sabibaripun priyantun wau taksih kalilan manganggeni pun litnan, minongka ganjaranipun sarta katetepaken ing pandamelanipun lami utawi kaindhakaken pangkat, kados kathah priyantun ingkang nyuwun pangkat litnan wau, sanadyan priyantun wau dereng saged dhateng kawajiban lampahanipun upsir utawi litnan, ananing kakendelanipun kados badhe boten kenging kacacad, sarta pangincihipun dhateng pejahing mengsah boten benten kaliyan upsir sanesipun.
Katandhan Endrayaksa.

Panjurung batang Cangkriman
Sinom. Atur tabe kaurmatan, ingkang kathah-kathah mugi, katur ingkang saudara, en ko tuwan jonas Portir, redhaktur ing kinteki, Bra Martani yen sareju, ing tyas panjurung amba, pambatang cangkriman mugi, pinacaka benjing ri respati ngarsa. Kawula minta aksama, ring mitra mba open tuwin, Trustha sastra kaliyan, dene cumantha jeng kapti, kami purun nyelani, batang cangkriman kang mungguh, ing bra martani ongka, nem likur tumbuk tanggaling, ping nem likur Juni ing taun punika. Bubuka lagu asmara, dana muji lusing budi, mring mitra open sawusnya, purna rengganing sakapti, santun lagunireki, cangkriman tinembang pucung, jroning pada sajuga, wonten dhustha karyaneki, lamun dalu nyidra tur arda mamongsa. Nir westhi kalangkung sura, yen kapergok temah neki, tinepak rusak angganya, lemun gen kula nguncupi, de jroning pan akalih, janma solahe lir bingung, abekta amalira, ginendho miwah sinunggi, cinelukan ing sapurug datan kendhat. Punika kawula batang, tiyang ider gendhong senik, terkadhang anyunggi tampah, demenggah jroning pada tri, wonten suku wilis, kawan welas yen ginunggung, mung kalih yen tumindak, lamun leren suku neki, kawan welas niku napak sadaya. Punika pambatang kula, jalma sade caolan bing, wolu sukune wawadhah, sekawan sukuning dhingklik, kalih sukuning jalmi, mung punika kang lumaku, jroning pada sakawan, saben surup sang hyang rawi, medal saking panggenan ngupaya tedha. Mantuk wanci bangun enjang, merang non sunaring rawi, punika pambatang kula, lawa yen boten nalisir, dene ingkang tumrap ring, pada gangsal kalih wujud, tunggil jujuluk ira, kang satunggal karenaning, non jajemek keceh angupaya tedha. Kang satunggil suka nira, manggung neng tepining margi, punika pambatang amba, bango griya bango paksi, jangkep cangkriman neki, Trustha sastra mitra ulun, lan malih kang cangkriman, mitra mba yen kang sisilih, nama Wongsa manggala ye kang lumarap. Mring mitra dyan Martatama, kang satu wus den uncupi, paksi rangkok kang satunggal dereng wonten kang nguncupi, amba tur batanganing, titiyang kang sami kesdu, ngaben sawung tajenan, dene leres lepat mugi, sampun kirang pangaksama mring kawula. Wangsul ulun ngarsa-arsa, gen ulun minta wedharing, cangkriman sawelas pada, rinengga lagu mas kentir, nguni kang amba purih, sung pambatang mitra ulun, open lan Wartatama, prapteng mangke dereng paring, ing pambatang kilap ingkang dadya sabab. Mila tansah ngarsa-arsa, ing mangke panuwun mami, mitra mba ye kang paparab, Trustha sastra yen marengi, uruna batanganing cangkriman amba rumuhun, yen kesdu pigujengan, pinten banggi prabinakit, karsa nyarwe mung ayya kongsi kaewan. Titi

serating kintunan, ri Akad tanggal kaping sakawan Jumadilawal, maksih ing warsa jimakir, esthi tunggil tondha ulun, pun kumadaya ingkang, dudunung kampung ing Gadhing, sakiduling kadhaton Ngayugyakarta.

Wangsulan tumanduk ing mitra kula pun Kenil

Kula sampun maos serat wangsulan sampeyan kawrat ing Bra Martani ongka 25 ingkang medal Kemis kaping 19 Juni 1873, suraosipun asung pariksa manawi pambatang kula ingkang ping lih bab cangkriman sampeyan pambagenipun pantun 9 lumbung punika sampun cumeples boten wonten ingkang nalisir, inggih sukur tabe sewu, wasana sampeyan asung pamuji akathah-kathah dhumateng salira kula, o.. inggih sakalangkung suka panarimah kula sarta andadosaken bingahing manah kula, makaten ugi pamuji kula mugi sampeyan pinaringana wilujeng seger kasarasan, sampun ngantos kakirangan satunggal punapa ing salajengipun, tulusa dados pawong mitra rurukunan wonten Bra Martani, pinten banggi ing pangajengipun kula saged nyembadani anjawab punapa ingkang ingkang dados pitakenan sampeyan, boten langkung muhu tekad minongka gugujengan.
Katandhan mitranta Wartatama.

Panjurung kalawan mangayubagya

Serat Bra Martani ongka 26 ingkang medal Kemis kaping 26 wulan Juni ingkang mentas kapengker punika, wonten panjurungipun para nyai awasta pun Maryati, suraos mangalembana dhateng barbudining panggalihipun raden Ngabehi Purwadipura, jalaran aganjar tetedhan dhateng titiyang ing kampung Purwadiningratan ingkang sami kabesmen griyanipun kala malem Jumuwah tanggal kaping 24 wulan Rabingulakir kang saweg kapengker, menggah pangalembananipun pun Maryati wau inggih dhasar kathah temenipun awit pamireng kula raden ngabehi punika pancen rumiyin mila pradhah ing panggalih sarta welasan dhateng ing sasami, sampun ingkang mirsa tiyang awakipun kasangsaran makaten manawi boten welasa, ingkang kula gumuni dalah dhateng para botoh ingkang sami lurug ing dalemipun yen nuju kambengan sawung tuwin kecik punika boten silih tiyang sadaya ingkang dhateng ageng alit inggih dipunsugata waradin, amargi Raden Ngabehi Purwadipura wau kalebet radi karem sabarang botohan, mila para botoh sami ngalem dhateng pyambakipun awit saben anglurug dhateng dalemipun boten kapiran tedha sadaya wau tuwuk, saking watawis sekul ulam sapanunggilanipun ingkang dipunganjaraken para tiyang ingkang kasangsaran punika kados pancen cawisan ingonipun botoh, anaging dereng ngantos kawedalaken lajeng katungka wonten griya kabesmen, dados bejanipun tiyang ingkang ksangsaran adamel kapiranipun para botoh, makaten saking uda nagari sabab tembungipun mokal sanget, upami tiyang wau pancen boten wonten ingkang dipunsudhiyani kok gadhah simpenan sekul ulam panganan samanten kathahipun kang mongka wancinipunsampun tengah dalu, yen ta punika angleresana siyang inggih boten maibenanggenipun saged ngujudaken mau, anaming pambekan makaten punika inggih sampun kalebet bebudi utawi kenging kawastanan cakep panggalihipun, kang mongka raden ngabehi wau kawajibanipun anggarap prakawis kabupaten Purwadinigratan, sawawratipun kasambi kaliyan kesukan makaten boten kether padamelanipun ingkang parlu, anaming tamtunipun inggih asring wonten prakawis ingkang ngantos kalingga warsa, sanadyan makatena ugi sampun kenging katembungaken cakep ing galih sarta saged amot amengku sabarang.
Katandhan pun Sudira.

Punika Cariyos Babad Mataram

Jagad mupuni kakang kawuwunga, lah ingulukan mimis, ingkang pinrih bubar, mimis ageng kinarya, sami binalangan mimis, wadya Madura, inggih saking ing ardi. Sampun rembag sadaya Ki Wongsadipa, minggah dhateng ing ardi, gunung Danaraja, sakehe kang sanjata, geng ageng wonten ing wukir, mantri Mataram, sarageni nunggoni. Kadya guluk lawan ki singalodra, lawan Ki Guntur geni, sapraptaning arga, yata Ki Wongsadipa, sanjata dipunpilihi, ing ngarah-arah, mimise anibani. Jagadmu wau ingkang dipunarah, pan sampun deniseni, ing ngantep isinya, mimise wus pinasang, yata sinulet tumuli, swareng sanjata, lir obah kang pratiwi. Wus sumesat mimis tiba pasanggrahan, jagatmu beneri, gegere puyengan, kayu katrajang sempal, wau katibanan mimis, saking ing ngarga, kalangkung geng ing mimis. Kang kasrempet wong Sampang akathah pejah, wong pasisir awingwrin, lan monca nagara, dening ta kaungkulan, kawuwung saking ing ngardi, ing pamondhokan, pan ing ngulukan mimis. Pan kalulun wong Madura bodholira, ing jagatmu gusis, pan tiyang Mataram, lawan tiyang Makasar, ing Kudus kang dipunungsi, banjur mangetan, kuwur kang wadya alit. Kawarnaha Ki Ngabehi Wongsadipa, apaguneman sami, lawan para putra, karsa atur uninga, marang prabu ing Matawis, yen ing Japara, wau dipun inggahi. Wong Madura kawandasa ingkang pejah, kupinge denira sasi, akarsa binakta, katura ing sang nata, saksana lumampah aglis, pan putranira, ingutus mring Matawis. Tan kawarnaha lampahe ingkang dinuta, apan datan alami, yata duta Sampang, minggah dhateng Mataram, prajurit anglalanangi, dhandhang wasana, wau ingkang kakasih. Medal Jipang apan anjog jagaraga, lan wong monca nagari, brang wetan sumahab, saha gagamanira, dhandhang wasana den iring, lan wong Madura, polahe gegilani. Nagri Pajang maksih bongga linawanan, anglawani ajurit, nanging tan kawawa, nagari Pajang rusak, titiyang alit awingwrin, marang wong Sampang, lir bantheng tawan kennin. Kyahi dhandhang wacana ngancik kajoran, pratingkah lelanangi, nagari ing Pajang, anungkul kaidegan, tiyang jro kitha atintrim, titiyang Sampang, tansah anjajarahi. Nulya laju angancik aneng kajoran, saha bala ngajrihi, panembahan rama, pan sampun kumpul sigra, angadegaken kang baris, aneng Kajoran, wong Madura kinanthi. Pradedesan rinayah kathah binahak, ingkang tumut Matawis, wong desa puyengan, padha abilulungan, ingkang miharsa pan ajrih, dening wong Sampang, nginggahi wong Matawis. Wong ing Pajang sampun anungkul sadaya, miwah monca nagari, warung garobogan, Balora lan ing Japan, ing Jipang lan Jagaragi, ing Pamagetan, ing Madiyun pranaragi. Ing gaduwang pan sampun nungkul sadaya, miwah monca nagari, brang wetan sadaya, miwah pasisir ika, sadaya sami ambalik, bala Mataram, padedesan atintrim. Sampun katur mring susunan ing Mataram, yen wong Sampang nginggahi, ran dhandhang wacana, anganciki Kajoran, ing Pajang sampun ambalik, apan kedekan, wadya Pajang atintrim. Panembahan rama akembul wong Sampang, apan sampun ambalik, ngadegken gagaman, wau aneng kajoran, aban tansah bebahaki, sagung padesan, ingkang tumut Matawis. Sri narendra sakalangkung dukanira, sigra miyos tinangkil, pepak para putra, miwah para santana, pangran dipati matawis, munggeng ing ngarsa, lan pangran singasari. Atanapi pangeraning Martasana, Pangeran Puger nangkil, Pangeran Balitar, Pangeran Pringgalaya, lawan Raden Singasari, lan Wiratmeja, Wiramanggala nangkil. Angandika sri narendra ing Mataram, mring pangeran dipati, sira tumindaka, iya marang Kajoran, lah dadiya awak mami, sira keriga, sakehing wong Matawis. Yen wis kalah wong Kajoran boyongana, mring pangeran dipati, sakeh putraning wang, miluwa kakang ira, angantepa ing ajurit,

marang Kajoran, wong Sampang kang ngunggahi. Putraningsun Ki Puger sira miluwa, lawan Ki Singasari, adhi Pringgalaya, kalawan Ki Balitar, lan si tumenggung Matawis, Mangun nagara, miluwa putra mami. Mara payo sira nembanga tengara, mangkata ing Sampang kin, kang kinen manembah, sigra nembang tengara, oreg wadya ing Matawis, mepeg gagaman, lir udan sinemeni. Tingaleber wau titiyang Mataram, sami amepak baris, ngalun-alun aglar, ing pasar kaebekan, gagaman awarni-warni, tanpa wilangan kadi prawata sari. Amberanang kang tunggul gula kalapa, pangirid sara geni, anglir kadi kilat, gebyar sanjata lanang, gagaman dalem marapit, wakil sang nata, pangeran adipati. Lelayu amyang katub ing samirana, lir ombaking jaladri, lan triciking watang, sru gadebeging lampah, kadi ngobahaken bumi, pangriking kuda, angrok gamelan muni. Pangran dipati lagi amit ing rama, lan pangran singasari, pangran Puger sira, ing rama wineling-weling, den aprayitna, sun srahaken ing widhi. Para putra wus atur bekti sadaya, yata kondur sang aji, lumebeng ing pura, ing jawi awurahan, punggala lan para mantri, mepak gagaman, kadi prawata sari. Wusnya kondur pangran dipati Mataram, Pangeran Singasari, Pangeran Martasana, Pangran Puger ika, wus kondur saking anangkil, sigra adandan, sakapraboning jurit. Wus sumaos wahana turongga aglar, kadi prawata sari, baris ing kaputran, gagaman warna-warna, wus pepak kang ponang baris, dyan kawarnaha, pangeran adipati.

Ongka 28 Kemis kaping 10 Juli 1873

# BRA MARTANI

## Panuwun

Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

## Cariyos tuwin pawartos warni-warni

### Surakarta

Pamulangan calon guru-guru jawi ing Surakarta badhe amulangaken ngelmi kodrat, mawi katerangaken kaliyan pirantos wedalan Eropah. Menggah pirantos wau sadaya sami apik-apik pandamelipun saha aneh-aneh anggumunaken sadaya.

Saupami urut radinan ageng ing kampung kajawen salebeting nagari ing mongsa petengan sami kadelehan lentera kados ing kampung walanden, saking panginten kula badhe boten amewahi petenging margi, malah bok menawi adamel isinipun para lampah culika sapratigan piyambak.

Kala dinten Jumuwah ingkang kapengker punika kacariyos wanci jam 4 sonten ing peken Kaliwon wonten tiyang kakalih lumajeng ngajeng wingking pating prembeh urut radinan ageng saking ler mangidul, boten mawi anywara punapa-punapa, amung sabawanipun kemawon pating gadebug amratandhani bilih sami anglampahi pakaryan awrat, ngantos dangu dados cangkrimaning titiyang ingkang sami sumerep, iki wong apa, wasana wonten alok, wong nayab, wong nayab, sanalika kathah titiyang pating bleber medal dhateng radinan, ananging saking panginten boten badhe tandang tulung, kajawi amung badhe ningali kemawon, tandhanipun dede sasampuning dumugi ing radinan, lajeng sami mesem pating kacemut, saha tiyangipun nayab lastantun anggenjrot lumajeng.

Ingkang gadhah bujengan anggenipun boten purun alok wau inggih dados cangkriman, punapa saking lumuh adamel gedering ngakathah, punapa kasekedhiken ingkang kasayab punapa gadhah cipta makaten, heh anjaluka tulung mongsa entuka.

Dene titiyang ingkang sami sumerep teka boten cengkok bahu atutulung, punika inggih dados cangkriman, punapa ajrih bilih kasonja ing babaya, punapa tinitah kadunungan ambek kirang asih ing nagari, punapa amung saking cipta, ah suthik.
Bilih suthik atutulung inggih kedah suthik dipuntulungi, bilih kirang asih ing nagari, inggih boten kedah angajeng-ngajeng katumusan sih saking nagari.

Saking pawartosipun ing pamulangan calon guru-guru jawi ing Surakarta ing salebetipun wulan Agustus ing ngajeng punika badhe wonten eksamen, boten manawi bilih sampun celak mangsaning eksamen kathah siswa ingkang kekepan kaliyan buk.

Ing wanci enjing mongsa trenceng sedhengipun kakajengan ijem angrembaka, ing tawang sumilak anelahi, pun Jalidin wicanten semu kagawokan, dhuh Gusti Allah kawasa angluwihi, aku ora pisan-pisan bisa angucapake asrining mongsa iki, kancanipun dolan amangsuli sumengah, eh, ha rak isih kawasa kakange.

Sampun sawatawis lami wonten pawartos yen para priyantun jawi ing Pakalongan sami amangun pakempalan mawi kasadhiyanan serat-serat waosan kawastanan bibliyotik anelad caraning priyantun walandi.
Saking ing panginten saben tanah inggih kapengin anelad cara sae makaten, ananging semunipun para priyantun sami awang-awangen anggenipun angejum rujuking panggalih kados para priyantun ing Pakalongan wau, sanajan wohing pakempalan tuwin sawabing amaos serat warni-warni wau badhe urup kaliyan rakaosing pangejum.

Kala rumiyin ing Panaraga (Madiyun) bilih wonten khaji dhateng saking Mekah punika mawi kapethuk ing kareta kairing para jamhur tuwin priyantun sawatawis sarta kasuba-suba linangkung, ananging saking pawartos sampun sawatawis lami lalampahan makaten wau asalin salaga, ing mangke bilih wonten khaji dhateng saking Mekah punika lajeng katiti priksa dening mantri ing bab lafal makna, lajeng katiti priksa dening ingkang bupati kaliyan patih ing bab agami, salajengipun katiti priksa wonten ing asistenan ing bab prenah-prenahipun Madinah tuwin Mekah punapa dene saganten miwah teluk ingkang kaambah, mawi anedahaken wonten ing kar (gambar tanah), awit saking punika ing Panaraga kathah tegesan khaji ingkang mlothok nalikanipun tiniti priksa.

Pulo Jawi
Ing mongsa salebering rendheng tabuh satengah nem ing wanci sonten dirgantara katingal anglelentrih, lintang-lintang sami kumedhap, lalayung sumirat wungu, thathit tuwin oter rabir aliweran anginipun sumribit adamel origing kakajengan ingkang nedheng ijem muyek, sak isining dirgantara miwah dharatan ing wektu punika kadosa sami ginggang saking pasilan angurmati jengkaripun angadhaton bathara surya ingkang mentas siniwaka sadinten muput, sadaya sami kacuwan dening koncatan ing padhanging surya, jalaran dereng katek anggenipun andon suka ing wanci siyang beka kaselak sinapih ing dalu. Sakathahing sekar predapa tuwin roning tanem tuwuh ingkang dereng tuwuk angatingalaken ing sumringah miwah segeripun saliring bubujengan wana tuwin emahan ingkang dereng dumugi anggenipun asasaba, langkung malih para bagus para ayu miwah para balater ingkang saweg alalangen basiyar amameraken lungiding wadana tuwin gumebyuring busana, punika sadaya semunipun sami dereng mantun oneng ing senening siyang.
Seraping surya ginantosan ing peteng sakedhap ing sisih wetan wiwit trontong-trontong lawan sumunar ing tawang, inggih punika unjwal saking bathari condra badhe anglipur dhateng ingkang sami nandhang sedhih. Pucuking redi miwah pucuking kakajengan anggenipun adreng sageda enggal anembrama dhateng ingkang saweg rawuh kados jinjit-jinjita, peksi

tunjangan akekejer wonten ing madya gantang angungak ingkang saweg andhatari, cuplering swaranipun kados terusa ing ngabyantaraning ingkang maha kawasa, anyaosaken sembah miwah pupuji, palengkunging langit anglangeni kados tumunjema ing siti, sangsaya dalu wewaha ngraras, lintang alih pating calorot, mega alit-alit lamat-lamat lumampah alon-alon sinerang ing angin sumilir, gandaning sekar-sekar kongas arum, kombang pating brengengeng anesep mabenig sari kados swaranipun tiyang amumuja, saliring tumitah saemper sami angeningaken angen-angenipun angesthi sampurnaning dumadi angajab kamulyaning swarga.
Ungeling bedug dalu saemper atengara luwar saking pamujan, sakathahing sabawa presasat kendel rep-sirep, amung gumlegering alun sangsaya amelingi, kados swaraning malaekat anguwuh swarga, e..e.. saliring tumitah padha anyebuta marang kang sipat esa, ngakonana dosa nira sarta anyuwuna pangapura kang agung. Mega malang wiwit katingal angalela, rijal mungel gumerah kabarung kaluruking sawung, amratandhani bilih sampun anggagat enjing, babang wetan sabawa umyang sauran, byar rahinten para pujongga nyat angliling anggitan ingkang badhe kadamel anggurenda engetaning bangsanipun, para wanter wungu sare lajeng anggapi dadamel, para priya sayang bakul tuwin para dhethel sami trengginas sadhiya mangkat anyambut damel, amung para birahi jog saking papreman lajeng ngajengaken kaca anyawang lekering wadana.
Punika anggitan kadamel sinau anglemesaken ukara tuwin sugihing tembung.
Pethikan saking serat puspita monca warna, ingkang ing mangke saweg kagarap.

Ing greja enggal ing kitha seghrapen age dereng lami wonten pasamuwan kajenengan dening para lid, sinepuhan dening tuwan, fan Dhen Bruk, ing pasamuwan ngriku wonten estri bongsa Islam awasta Kamsinah umur 22 taun, bapakipun awasta pun Kramasampurna, atilar donya kala ing taun 1858, embokipun awasta Ragil, saking panginten kemawon taksih gesang. Kamsinah punika sampun kalih taun sok angwedharaken cipta kapengin manjing agami Ngisa, kala samanten leresan wonten pandhita anama tuwan Krit ingkang waunipun sampun nate angajawi saha angradinaken agami Ngisa, punika sanalika lajeng dhangan amulang ing bab agami dhateng Kamsinah wau. Sasampuning sanega, pun Kamsinah lajeng angacupaken sahadat agami Ngisa ing basa jawi wonten ing ngarsanipun para walandi ingkang sami parama ing basa jawi tuwin para pangageng ingkang angasta pangwasa ing bab agami ing kitha Rotterdham, lajeng kasual ing bab agami dening tuwan Krit inggih ugi cara jawi, wasana lajeng jengkeng wonten ing tengahing pasamuwan sarta katetesan toya kristen dening tuwan fan Dhen Bruk.
Sajegipun ing tanah walandi dereng wonten tiyang wonten manjing agami Ngisa cara jawi, kajawi saweg punika.

Wonten bendara sanjang dhateng rencangipun jendhul amurih ora kakeyen rewel, aku duwe tetenger mangkene: yen drijiku panuduh dak jenthirake iku tegese: jendhul nyambuta gawe.
Rencang amangsuli: punika pasang yogi sanget, bilih kula gedheg punika tegesipun: kula sampun theyol.

Frakrik

Kanjeng tuwan presidhen Makmaon angaturi pralilah dhumateng kanjeng Pangeran Napoleyon kondur skaing tanah Inggris dhateng Frakrik, ananging dados panggrundeling akathah.

Ing Paris saking panginten inggih teksih wonten gugon tuhon, kathah tiyang ingkang boten purun kekesan ing dinten Jumuwah, awit kamanah kathah sambekalanipun.

Cangkriman
Bilih tanah Eropah taksih kalepetan gugon tuhon, lah punapa jawi kados punika.
Pambatang
Bilih ing tanah Eropah taksih wonten gugon tuhon kados makaten, dados ing pulo Jawi teksih ewon tiyang ingkang anguncupaken tanganipun dhateng reca tuwinkakajengan sasaminipun, kamanah bilih kamanusan punika wonten sangandhaping barang ingkang tanpa budi wau.

Turki
Ing Konstatinopel inggih punika nagari ingkang kadaleman ing kanjeng sultan, ing mangke wonten sudagar bongsa Islam sami ayon angadegaken sepur weh saking kitha Jedah dumugi Mekah, sarta ing tembe badhe kalajengaken dumugi ing Madinah.

Batawi
Titiyang ing Batawi sami angajeng-ngajeng dhatengipun komidhi saking ing Japan, kabaripun ingkang main komidhi wonten ingkang rosa satunggil, kwawi anggendhong tiyang 13 sami linggih wonten ing bale.

Dereng lami ing Malajengka paresidhenan Cirebon wonten tiyang aneh, titiyanging ngriku boten wonten ingkang sumerep punapa tiyang aneh wau kalebet bangsaning manungsa punapa bangsaning kewan (bok manawi bangsaning thethekan) boten saged awicantenan sarta boten mangertos bangsaning tiyang, amung swaranipun kemawon kumruwuk boten cetha, rambutipun gimbal panjang anglawer kados buntut, dene awakipun anglegena boten kasasaban ing sandhangan sasuwir, bilih sawang jengereng, lampah tuwin kulitipun kathah empering manungsa, ananing balih manungsa, kados pundi teka kapiran makaten, wondene ing mangke sampun kabekta dhateng Cirebon dados tontonaning akathah, wonten ing ngriku lajeng punbebedi awit saking karsaning parentah.
Rahayu tanah ingkang amuputi yang papa ingkang boten jalaran saking kablinger ing tindak.

Prabu Napoleyon ingkang kaping tiga anuju mongsa sae karsa tedhak ambebedhag, kala samanten wonten peksi jaka tuwa ingon ucul miber akalangan, lajeng mencok ing wit-witan, anunten kasanjata dening sang prabu kenging lajeng dhawah pejah, nalika dipundhawah mawi anyebut caraning prasman, mugi ingkang sinuhun kanjeng raja pinanjangna ing yuswa.

Serat panjurungipun jaga upaya kaliyan Asmad sami boten kula pacak, kang mawi seratanipun boten cetha, ukaranipun wadheh saha suraosipun boten prelu waradin ing ngakathah.
Redhaktur.

Sekar pocung. Atur kaurmatan sagung, mitranta pun Wongsa, manggala ing Tanjungarsi, tumanduka, mitra mba kanang peparab. Kumadaya, Ngayogyakarta praja gung, sakidul kadatyan, dudunung ing kampung Gadhing, wiyosipun amba pan sampun upigsa. Bra Martani, medal ongka pitulikur, kaping tri Respatya, Juli ing taun puniki, pan ing ngriku wonten panjurung panduka. Nering karsa, tumanduk mring mitra ulun, ri sang Trustha sastra, bubukane amangsuli, cecangkriman, rinengga pucung lagunya. Wusnya rampung, pambatang ingkang pengayun, karsa anyarweya, ambatang cangkriman mami, kang lumarab, mring mitra mba Wartatama. Maksih nunggil wonten ing sri nata lagu, de cangkriman amba, sajuga dereng den cupa, marang mitra ulun radyan Wartatama. Saking reseb, ing pawong mitra satuhu, aparing batangan, awit tanpa kang ngecupi, saking karsa, binatangaken ta jenan. Pan puniku, ywa dadya rengating kalbu, amung aksama nta, saijab kang ulun pundhi, awit saking, pambatang maksih sumimpang. Dereng gathuk, lawan nere kapti ulun, amba tur prasaja, punika pan tiyang nulis, sastra arab, panurate lampah ngiwa. Lamun jawi, nengen ing panuratipun, de sami busana, sandhangan awarni-warni, kang kasebut, tan wonten kang pangadilan. Lamun arab, lampahe gebug-ginebug, pejah-pinejahan, caranipun sastra jawi, kang merjaya, tan wonten manggih sangsara. Pan sumongga ing karsane mitra ulun, nadyan leres lepat, cangkriman ulun ngrunti, mung sasemben karya lelantaran rembag. Titi rampung, kaping dwi welas sitangsu, Jumadilawalnya, jimakir den sengkalani, delya, muca, dadya murtining, bawan. Mitra paduka pun Wongsamanggala.

Sakathahing panjurung boten mawi kaewahan ungel-ungelan tuwin panyeratipun, mila bilih wonten pangrundel ing bab kirang patitisipun raos miwah tembung punpapa dene ing bab peloning panyerat punika pados betahanipun ingkang suka panjurung.
Redhaktur.

Kula sampun anguningani panjurungipun mitra kula Trusthasastra, ingkang kapacak ing Bra Martani ongka 26 wulan Juni ingkang kapengker punika, menggah suraosipun mitra kula Trustha sastra aparing sasamben cangkriman 5 bab sami rinengga ing sekar pocung, ingkang punika mugi-mugi sampun andadosaken rengating panggalih boten langkung kula namung anyaosaken bodho balilu kula, sayektosipun bab cangkriman punika kula boten patos mudheng sakedhik-kedhika, sarehning griya kula ing dhusun tebih kaliyan priyantun, dados boten nate mireng raraosan ingkang sawatawis radi peni, amila kula panggih cuwilan serat sruti sapada, punika enggal kula saosaken ing sampeyan supados kaparingan tegesipun ingkang terang, wasana panjenengan sampeyan namung amaringi borongan ingkang mijil saking udanagara kemawon, dados manah kula dereng padhang, ewadene inggih sakalangkung panuwun kula manawi punka andadosaken panuntuning manah saking sakedhik paring sampeyan jarwa boborongan wau, ananging bab paparing sampeyan cangkriman punika mugi sampun andadosaken cuwaning panggalih jalaran anggen kula boten saged anyaosi batanganipun menggah ingkang punika ugi sampun kula rembag kaliyan sadherek kula pun punggung, sanget anggenipun kepengin sumerep wedharipun cangkriman gangsal bab wau, amargi dipundugi yen peni sadaya, saking ajrihipun manawi kagalih boten ananduki, dados angaturi panebus cangkriman namung satunggal bab, supados tumuntena wonten karsa

sampeyan amedharaken ingkang gangsal bab wau, ing ngandhap punika atur panebusipun sadherek kula pun punggung.
Wonten tiyang ingkang anggadhahi busana kang langkung endah, ananging manawi taksih enggal utawi taksih peni warninipun busananipun wau rinten dalu tansah dipunkeker kemawon botenkenging kajambar wonten ing ngakathah, mongka ingkang limrah tiyang gadhah pangganggge peni wau bingahipun sawanga ing tiyang kathah, punika malah manawi sampun lungsed awon warninipun kerep-kerep dipunpameraken ing sadengah tiyang, namung punika anggenipun ngaturi panebus rayi kula pun punggung, kula sumongga.
Katandhan pun Mudha.

Panjurung
Ing Bra Martani ongka ….. Juni Punika, wonten panyuwunipun mitra kawula ingkang asisilih nama Manohara, supadosa kajarwanana dhateng mitra kawula ingkang sisilih nama Kridhamardhawa, menggah bebuden 5 prakawis, 1. budi santri, 2. budi tani, 3. budi sudagar, 4. budi botoh, 5. budi durjana, sarta mitra kula Kridhamardhawa ugi sampun ngaturi jarwanipun kasebat ing Bra Martani ongka 26 ugi wulan Juni punika, manawi anggenipun anjarwani mitra kawula Kridhamardhawa wau sampun andadosaken condhonging panggalihipun mitra kawula Manohara inggih sukur sanget, dados kawula saged dherek angsal pamanggih sarta kawula anggep piwulang, ananging manawi mitra kawula Manohara dereng anyondhongi, manawi pareng kawula andherek urun pamanggih anjarwani bebuden 5 prakawis wau.
Wondening pamanggih kawula reringkesanipun kok makaten.
1. budi santri inggih punika bebuden ingkang andruni (saen).
2. Budi tani inggih punika bebuden ingkang gemi.
3. Budi sudagar inggih punika bebuden ingkang malikan kanthi gedebus.
4. Budi botoh inggih punika bebuden ingkang kirang panjagi ing ngatasing pagesangan.
5. Budi durjana inggih punika bebuden ingkang kirang panarimah.

Saking pamanggih kawula ing nginggil punika, leres lepatipun kula sumanggakaken ing panjenenganipun mitra kawula Manohara.
Mekaten malih kawula nyuwun mugi panjenenganipun mitra kawula Manohara utawi Kridhamardhawa aparinga pangaksama ingkang ageng, awit saking anggen kawula kamipurun anyelak-nyelak atur pamanggih, boten lancang aming kabekta saking adreng akadereng ing manah, amergi kepengin sanget pikantuk sawab berkahipun para saged ingkang kenging kangge panggrindaning manah kethul kados kawula.
Mekaten malih ingkang mugi sampun pisan andadosaken renguning panggaliyanipun para mitra-mitra sadaya ingkang kagungan bebuden 5 prakawis ing nginggil wau, dene kawula sampun purun-purun anjarwani bebuden punika, kados ingkang sampun kawula sebataken ing nginggil.
Sinerat ing Karang jener kaping 1 Juli 1873.
Kawula pun Wartasejati.

Panjurungipun Mas Sastrapremadi ingkang kapacak ing Bra Martani ongka 26 anyariyosaken manawi Mas Ngabehi Jagapawira, mantri galadak kerengan kaliyan gendruwo ngantos pedhang pinedhang, gendruwo wau tugel tanganipun, wasana mawi anyebutaken manawi tiyang ingkang anggega cariyos punika katembungaken tiyang gugon tuhon, sarehning kula dereng terang manggenipun ingkang winastan gugon tuhon wau manawi pareng mugi mas Sastrapremadi aparing katrangan wijangipun gugon tuhon punika tiyang ingkang anggega dhateng bab punapa, supados kenginga kula lampahi ing sanginggilipun.
Katandhan Sastradanajaya.

Punika Cariyos Babad Mataram

Wus siyaga sadandaning ngayuda, waos agem wus mijil, miwah kang sanjata, dhahar wus tinampanan, kang wadya andeling westhi, para lulurah, samya saos ing jawi. Ya pangeran dipati ngrasuk busana, sadandaning jurit, dhuwung anyuriga, rasukan lapis tiga, kadi hyang asmara resmi, wusnya siyaga, pangran dipati mijil. Ginarebeg dening kang para lulurah, miwah andeling westhi, lir gerah kasapta, wau swaraning bala, kerigan bala Matawis, lir wedu ongga, dhendheng baris ing wingking. Budhal barising Mataram, yen sinawang kadi prawata sari, lalayulan umbul-umbul, katumbing samirana, aprang umung bala kang sami anguwuh, ing rowang kadi gerah, kriciking astra agathik. Pangran dipati Mataram, nitih kuda respati songsong kuning, waos sulam munggwing pungkur, samas kang mungwing ngarsa, amarapit payung agung munggwing ngayun, ingkang mungwing wuri pisan, wong satus anumbak putih. Gagamane warna-warna, amarapit kanan lawan kering, ingkang lumampah ing kering, bupati ing Mataram, para aryya ngabehilawan tumenggung, pangeraning Pringgalaya, kang dadi cucuking jurit. Kalawan Pangran Balitar, atanapi tumenggung ing Matawis, sawadyanira gumrudug, wau ing lampah ira, Kyahi Mangun nagara kang munggwing ngayun, lawan Raden Wiratmeja, Wiranagara prajurit. Marga ageng kaebekan, ambalabar wadya bala Matawis, prasamya prayitneng kewuh, kerig wadya Mataram, sampun medal saking pan anglurug, ing Kajoran kang sinedya, kuwur manahe wong cilik. Yata wau kawarnaha, ing Kajoran samana ngadeg baris, semana sampun akembul, lan barising Madura, bala Sampang dening tatitindhihipun, awasta dhandhang wacana, ageng ainggil tur wani. Ing Pajang apan kabahak, samya nungkul mring Dhandhang wacaneki, monca nagara wus teluk, kaduwang pamagetan, wong Madura angajrihi tandangipun, yata wau kawarnaha, barise wong Matawis. Ing Kajoran sampun prapta, wong Mataram sampun prayitneng westhi, Kajoran sampun kakepung, surak kadi ampuhan, panembahan rama wus prayitneng kewuh, apan sampuna siyaga, sadandananing ngajurit. Miwah ingkang para sabat, wus sadandan samya tumut ing gusti, tiyang Madura kumrudug, sira Dhandhang wacana, ametoni ing ngayuda karsanipun, wadya bala ing Mataram, surake awanti-wanti. Atanapi wong Kajoran, wus akumpul sedya metoni jurit, wong ing Madura anggregut, tanapi wong Mataram, sami purun Kadipira mungsuhipun, wong ing Mataram akathah, yata acampuh kang jurit. Sanjata muni lir bentar, kang pratala anglir udan kang mimis, peteng lir pendah papedhut, satengahing ngayuda, dening kukusing sandawa kadi jawuh, mimis satengahing rana, arame kang punang jurit. Arame kang sami yuda, wong Madura kalawan wong Matawis, swaraning surak lir guntur, sasambating kabranan, ing ngundurken ingkang wingking maksih purun, wau tatiyang Madura, yudanira pan kalindhih. Prajurite kathah pejah, wong Kajoran sigra nulungi, saha gagaman anggregut, naninging si kinathahan, wong Kajoran ing wau kathah kasambut, wantuk kathahen lawan,

prasasat katiban wukir. Kondur titiyang Madura, wong Kajoran kondurira awingwrin, yata kasaput ing dalu, sami apamondhokan, araringkah prasami prayitneng kewuh, wau titiyang Madura, manahe tan kena pulih. Tanapi tiyang Kajoran, manahira sadaya sami miris, dening ta karoban mungsuh, prasami arembagan, panembahan rama lan santananipun, prayoga yen angembula, mangetan tunggala baris. Kalawan Ki Trunajaya, nora nana ingkang keroning pikir, pasthi ing ngayuda kukuh, benjing nadyan wangsula, mring Mataram bekta gagaman agung, aja atanggel ing lampah, Dhandhang wacana methuki. Yata wus sami arembag, ing Kajoran sigra dandan tumuli, sumedya lolos ing dalu, kulawarga sadaya, sedyanira mangetan barise angumpul, kalawan Ki Trunajaya, apan sami den wangsiti. Saksana anuli bubar, wong Madura kang lumakweng ing wuri, apan kasusu ing laku, akeh ingkang tinilar, panembahan rama lampahe andarung, sumedya angembul lampah, lan kang aneng Surabanggi. Wong Mataram pan uninga, lamun panembahan lolos ing wengi, wus rahina gya ginepuk, Kajoran jinarahan, pan binoyong tiyang Kajoran kang kantun, wismanira ingobongan, dening titiyang Matawis. Sasampune jinarahan, wong Kajoran binakta mring Matawis, pangeran dipati kondur, lawan para santana, lajeng marang Surabanggi. Amanggih lawan kang putra, Trunajaya langkung marmaning galih, tan kawarna lamenipun, yata pan gantya warsa, panembahan Maduretna wus arembug, sumedya angalih praja, akukutha ing Kadhiri. Sadaya wus sami rembag, pan wong manca nagara ing pasisir, ingkang wus samya atulung, ing parentah sadaya sami asuyud, samana datan winarna, ing marga prapteng Kadhiri. Tan winarna solahira, karya kutha pan samekta wus dadi, sakalangkung dening kukuh, adan atata gelar, ing ngayuda saha sanjata wus dinum, kang mungguh ing ngarsa wuntat, kanan kering wus arakit. Dene ingkang tinanggenah, anetepi kantun neng Surabanggi, ingkang ajaga pakewuh, santana ing Madura, lan anganthi pan wong Surabayanipun, tansah mawi gagaman, tanana sumelang galih. Yata wau kawarnaha, kang umadeg nagari ing Kadhiri, tansah guguneman catur, amrih arjaning lampah, panembahan Maduretna wus arembag, lan raja Galongsong sari, minggah dhateng ing Matawis.

Ongka 29 Kemis kaping 17 Juli 1873

BRA MARTANI

Panuwun
Manawi andadosaken parengipun para prayantun ingkang sami angemin serat Bra Martani kula aturi ambayar arta patumbasipun ing dalem taun punika, dene para prayantun ingkang taksih kawaledan pambayaripun ing taun 1872 punika manawi boten karsa bayar tumunten badhe kula pacak namanipun wonten ing Bra Martani, ingkang punika pangajeng-ngajeng kula sampun ngantos kalampahan nindhak adamela kalingseman kalimrah ing akathah.
Jonas Portir en ko.

Kula wisudhan tuwin sanesipun
Telegram saking Batawi
Tuwan Keis kaparingan pamit dhateng nagari Walandi jalaran saking gerah.
Kanjeng tuwan Taoni residhen ing Banyuwangi tuwin kanjeng tuwan Fan Uk asisten residhen ing Ngawi, sami kapatedhan pensiyun.
Kanjeng tuwan Sekhemaker asister residhen ing Buleleng (Bali) kaundur saking kalenggahanipun kalayan urmat.
Tuwan Bah, kinulawisudha dados gripfir ing Salatiga.
Tuwan Fandepluh, kinulawisudha dados amtener beskhekeng.
Tuwan Resing, kinulawisudha dados komandhaning sekiter ing Ngayogya.
Kanjeng tuwan Sutelifa, up insepektur ing tataneman kapatah angrangkep ngasta paprentahan ing Banyuwangi.
Tuwan Bos, sinengkakaken dados irste litnaning kafaleri.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Surakarta
Dereng lami ing Surakarta wonten tiyang estri numpak kreta sewan ing wanci dalu angangge sengkang, pun kusir anyawang sengkang wau lajeng kagimir ing manah, saha pijer nolah-nolih dhateng wingking, wasana gadhah panedha supados estri wau mudhuna, sasampuning kaleganan, kusir lajeng angrebat sengkangipun kalih pisan, enggal naracag ing kareta saha anderesipun mecutipun dhateng kapal.
Dados regining kusir wau amung regi sengkang sapasang, saweneh wonten aji kalintokaken kirang saking kalih kethip, eman-eman.

Batawi
Kabar bab wonten utusan saking Aceh dhateng ing Batawi anyuwun kendeling perang punka lepat, dene ingkang dhateng ing Batawi wau utusanipun raja ing Sumatra sisih kilen, ambabar wiraosing salebeting mongsa perang boten badhe angiloni lonen saha boten darbe krenteg pisan-pisan badhe ambaluhi raja Aceh, punapa dene boten nyuwun sanjata pitulung ing kanjeng gupremen, awit rumaos kacanggah ing sabudinipun karajan Aceh.

Gegebenganing kaprajuritan (Militer)

Lokomotif anyariyosaken manawi prajurit ing Mangkunagaran tuwin ing Pakualaman badhe kaangsahaken dhateng Aceh sami kaparingan dadamel dening kanjeng gupremen awarni sanjata isen saking wingking dhateng ing kamangkunagaran 120 dhateng ing Pakualaman 73.
Mugi-mugi para prajurit wau sampun ngantos kalepetan ing ambek jirih, angombulna bongsa tuwin tanah wutah rahipun, sarana amintonaken pamangsul sih dhumateng kanjeng gupremen ingkang amengku miwah angayomi nuswa jawi, Amin.
Ing mangke sampun mongsa katiga, uwuh gedheg atep sampun sami garing, griya kabesmen sampun wiwit wonten, dhuh, pangajeng-ngajeng kula angemungna ingkang sampun kemawon, sageda katulak dening pangatos-atos, lulusa tentrem ing saidengipun, nagari sageda lumastantun angangkah raharja, sampun ngantos kasisiwo dening panggegeting untu patebah dhadha miwah rentah ing eluhipun saradasih ingkang dhumadhah ing bilahi jalaran saking sembrana.

Wonten sima kakalih sami kerahan, tubruk-tinubruk caplok-cinaplok ngantos namung kantun buntut kakalih thokthok.
Bilih wonten ingkang anggega ungel-ungelan ing nginggil punika, lah kawastanan ambek punapa.

Kala tanggal kaping 12 punika wiwit enjing lebar jam gangsal, titiyang ing dhusun Krokot tuwin ing Pasayuran sami kekes manahipunjalaran mentas sumerep gebyar ing tawang saking kilen mangetan lajeng lap sirna, dene gebyar wau padhang sanget, tiyang ingkang wonten salebeting griya ngantos gadhah panginten bilih padhanging obor, lajeng kemawon sami alok: teluh braja, teluh braja.
Ujaring gugon tuhon punika ngalamatipun badhe kathah griya kabesmen.
Sinten ingkang teksih lumengket ing gugon tuhon layak kemawon tumutura bela nyes-nyesan ing manah.

Serat kabar Samarang anyariyosaken anggenipun amara tamukanjeng raja ing Persi dhateng ing kanjeng raja Ruslan, gancaring cariyos kanjeng raja ing Persi kalangkung sinungga-sungga saha kinurmatan, ewon tiyang ingkang kapiluyuha ningali, pinten-pinten bandera Persi tuwin Ruslan sami kumelab, ungeling mariyem magenturan kabarung ungeling musikan, tindakipun lumebet ing kitha Moskao nitih kareta asep dhedhencengan kalihwelas, lajeng kapethuk ing rata adi apengiring nem sami pethak sadaya, kinurmatan ing baris miwit saking stasiyon ngantos dumugi ing kadhaton.
Kabaripun kanjeng raja ing Persi badhe anyaosi pisungsung dhateng kanjeng raja ing Ruslan, awarni kapal arab kakalih, apusipun sami tinretes ing sosotya, sakinten amung regi tigang yuta ruupiyah.

Limrahipun tiyang jawi, bilih kadakwa gadhah setan punika biyas semu merang, ewadene enggal punika kula mireng tiyang jawi wicanten: mbok iya duwe setan teka lima iba sukaku, kancanipun linggiyan sami malengok.

Estri kakalih ing dhusun Logedhe dhistrik sapuluh (Klathen), ngangsu dhateng belik sacelakipun dhusun Logedhe wau, wasana kebrukan padha ngantos gepeng badhanipun, suwawi kapethekan pejah punapa boten.
Prawan anama Celek ing dhusun Palar daleman dhistrik gedhongan (Klathen), pejah kacegur sumur, sanadyana sumur punika kakiwa tengenipun sampun dipunalingi, ewadene pun Celek kedah anyegur piyambak, jalaran angot skaitipun ayan, ah, sak makaten punika ingkang nama julung kacegur sumur.

Lare anama Jeboh ing dhusun Pundhuh dhistrik nguter (Nglarangan), pejah kabalabag wonten ing lepen banawi, lah punika ingkang nama julung kabalabag sayektos.
Demang Wongsa Jumena ing dhusun Wanasari dhistrik Lawang (Ngampel), wanci sonten kadhatengan tiyang nama Jadikrama ing dhusun Sraya (Sragen), nedha pitulungan katedahna marginipun dhateng ing dhusun Belencan. Demang punika lajeng dhangan amitulungi, rencangipun kakalih ingkang dipunken ngeteraken, sareng wonten margi, Jadikrama wau lajeng kranjingan setan, kapanjingan setan (anyuduk tiyang kakalih ingkang angeteraken wau, rahajengipun sami boten anemahi pejah), wayah saiba gujengipun ingkang nama Sastra Premadi ingkang boten gadhah watak gugon tuhon. Bok Kertayuda ing dhusun Pondhok dhistrik Bendha (Kartasura), mentas saking sasadeyan dumugi patrolan dhistrik Grogol, gadhah lare pulisi ing ngriku saderengipun bayi lair lajeng ngundang widadari kamanungsan, punika ingkang mitulungi dhateng bok Kertayuda wau, Sastra Premadi inggih gumun malih dene wonten widadari tutulung.
Katandhan gugon tuhon.

Adil palamarta
Sakathahing upsir ingkang sami kaangsahaken dhateng Aceh punika sami kapatedhan lilantuning sewan griya dening kanjeng gupremen.

Japan
Kala tanggal kaping 5 Mei, kadhaton ingsi kadho kabesmen, skaing pawartosipun kathah wanodya sami katunu, wondene kadhaton wau teksih enggal sarta winangun cara Eropah.
Griya-griya pamulangan ing tanah  Japan samangke nedhengipun rame, saha sadaya sami sinau basa Inggris.

Lokomotif angengetaken yen kanjeng gupremen sampun andhawahaken parentah kasebut ing serat kakancingan tanggal kaping 6 Juli 1759, sinten-sintena ingkang minggah kaji dhateng Mekah, bilih boten mawi serat panglulus (pas) kadhendha 25 dumugi 100 rupiyah, saha serat panglulus dereng kenging kaparingaken, bilih nagari dereng saged anggalih bab ceping sangunipun tiyang ingkang minggah kaji wau punapa dene cekaping tedhanipun anak rayat ingkang katilar.

Ing dhistrik Maospati (Madiyun), katemtokaken kaadegan pamulangan jawi, lidipun titiga.

Tuwan Lerok kawartos nyuwun arta panjer kathahipun 60 ewu rupiyah, sagah angateraken saha angrayat wadya bala ingkang kalurug dhateng ingAceh.

Puspita monca warna
Pracekaning sawung tangled.
Sampun saking katebiyan sami kebet-kebet sarta kaluruk, esthanipun kados angencengaken otot sarwi sumbar-sinumbar kalih pisan sami kahenas kadunungan ambek wanter, etraping jangkah, ebah ing sirah andiking ulatipun punika sadaya amratandhani bilih sami badhe boten mundur saderenging telas karosanipun, saemper kados bingah apulang reh wonten ing papan enggenipun badhe tatangledan, anggenipun sami milih papan sakeca, gentos majeng gentos mundur, saliringan mangiwa miwah manengen, bilih kapareng tunggil pangener lajeng sreg sami ajeng-ajengan saha pating palekrok gulunipun, saupami sampuna celak, sampun saestu wonten ing ngriku tempuhing bonda yuda, ananging sarehning teksih katebiyen ing pambalap temahan lajeng salewengan angupados papan sanes, bilih ragi pisah tebih saha salah satunggal amanggih papan ingkang dipunsenengi, lajeng aceceker ambabar swiwi saha kaluruk malih, saemper kados anguwuh mengsahipun, lah mreneya ing kene papan prayoga.

Sadangunipun erek-erekan boten wonten ingkang kirang prayitna sanajan para babon pating pretok kados esthanipun anedha sandening bonda wala, ewadenten sawung kakalih boten keguh, jalaran jujul dening pangangen-angen tumuntena sumerep tumanduking jalu ing sirahing mengsah, kuthuk-kuthuk mungel pating kriyek, amarga saking emaring manah ing bab dadosipun perang, bok manawi ciptanipun makaten, o.. bapak tolihen si embok lan aku kabeh, ananging manahipun sawung kakalih sangsaya kados ingobar, sami boten kuwawi angampah sumuking kawanteran saha angajap kondhang ing jagad, sumarapat lajeng kabrukan, bleduging awu ingkang kaserang ing elar, jumrebeting swiwi tempuh sami swiwi miwah kumebuling wulu ingkang bodhol dening kasabet punika mimbuhi ramening petokipun babon, ayam kuthuk mantun pating kriyek sami pepelas andhepepel sangandhaping tanem tuwuh utawi larahan, mantun nangis ananging wewah bencah manahipun ungelipun ririh apegat-pegat.
Kocapa malih ingkang ponca kara, sampuning abar-abaran gentos krungkeb gentos katitih, aben dhadha ujung suku, mobat-mabit pulang jongga mungser uleng-ulengan sami amapanaken dadamel, amurih enggala tumanduk, sangsaya danu sangsaya ruket, rai sampun kuthah rah dening kadrasan ing cucuk miwah kataman ing jambet, sumringah ing cengger tuwin godhoh dados biru angrumumuh, buntut asri amalengkung ing mangke ngrepepeh kangsah ing siti, wulu adi dados anjalebut, kabagusanipun sampun sirna, karosan miwah sukatipun sampun suda, ewadenten ciptanipun sang ambek wanter, yen kalah angur matiya.
Suku keyer, adegipun sampun sempoyongan, baya panonipun sampun sumingeb, katondha saking tuna dungkaping panucuk, sangsaya dangu sangsaya celak mangsaning karampungan sinten ingkang menang, pundi ingkang kasonggah anggondheli ajinipun dumugisakit saingga pejah, inggih punika ingkang tampi pangalembananing para babon miwah kuthuk ingkang sami aningali, dene menggaha manusa pantes pinilaya ing praja saha namanipun sinerat ing sastra braos gumebyar amimbuhi kuncaraning karajan.

Kabupaten Banyumas
Salebetipun wulan Juni ingkang kapengker pangaosing wos ing dalem sadhacin kados ing ngandhap punika.
Dhistrik Banyumas, pethak 6 perak, abrit 5,50 perak
Dhistrik Sukaraja, pethak 5.50 perak, abrit 5 perak
Dhistrik Purwareja, pethak 4.60 perak, abrit 4,25 perak
Dhistrik Kalireja, pethak 4 perak, abrit 3,50 perak
Pangaos samanten punika kalebet sedheng kemawon.

Panjurung
Nalika dinten Salasa tanggal kaping 1 wulan Juli punika wonten satunggaling tiyang jaler wasta Sastradipa, griya ing dhukuh Plemahan dherek dhusun Bawang dhistrik Karang bolong, kabupaten Karanganyar (Bagelen), pinuju gagramen grabah siti dhateng bawah paresidhenan Banyumas, sampun pinanggih pejah wonten satengahing margi ageng dhusun Lebeng dhistrik Kalireja (Banyumas), saking pangintening pulisi pejahipun Sastradipa awit kacendhak ing sakit jorong lajeng ambruk aniaya ing tiyang, wasana jisimipun katedhakaken aliwarisipun saha kakubur wonten ing dhusun Kebokura dhistrik Kalireja ugi.
P.L.

Tembung kacendhak tegesipun kacandhak, ananging sampun kalimrah ing Banyumas.
Redhaksi.

Panjurung wangsulan

Kula sampun upiksani panjurungipun mitra kula ingkang saslilih Mudha, kapacak ing Bra Martani ongka 28 Juli taun punika, ingkang suraos mrasajakaken yen boten saget batang cangkriman kula 5 pada ingkang rinengga sekar pocung, jalaran saking kodhenging panggalih, tuwin dereng pisan manawi anggepokaana rembag bab cangkriman, ngantos aminta sraya dhateng rayi mitra kula Punggung, ugi meksa boten karsa paring pambatang, ananging sarehning mumurih supados sampun ngantos kaputungan rembag, mitra kula sakaliyan karsa paring panebus, kadi ingkang kasebut ing ngandhap punika.
Wonten tiyang ingkanganggadhahi busana sakalangkung endah, ananging manawi teksih inggal utawi manawi teksih peni warnanipun busananipun wau rinten dalu tansah dipunkeker kemawon, boten kenging kajamber ing akathah, mongka ingkang limrah tiyang gadhah pangangge peni punika wau bingah dipunsawang ing tiyang kathah, punika malah manawi sampun lungsed awon warnanipun kerep dipunpameraken ing dengah tiyang.
Menggah punika rehning saking kaderenging manah, saking kumedah kula angladosi karsaning pawong mitra, ingkang saweg inggal sarawungan ing Bra Martani, sasaged-saged kula inggih ngaturi pambatang ingkang klayan manah dadakan, manawi taksih nalisir, mugi sampun dados celaning panggalih, saha paringa pangalsama ingkang agung, pambatang kula kalih prakawis 1. arga pranaja, 2. tetya.
Kula sumongga mitra kula
Katandhan mitra paduka, pun Trusthasastra.
Cangkriman makaten punika kajawi saking Jember teksih gampil ginempal dening jawab.
Redhaktur.

Panjurungipun Jaka mayeng boten kula pacak, amung jalaran angemu raos pangunggung ingkang leregipun dhateng kula, saha kula boten pantes amradinaken panggunggung, awit badhe tetep mrojol saking parentahing tata krami, makaten ugi panjurungipun mas gugon tuhon ingkang pitung larik saking ngajeng.
Ananging pangajeng-ngajeng kula, serat kula punika sampun ngantos andamel kambaning panggalihipun ingkang anedya sih.
Redhaktur.

Sanadyan larikan wekasan ing Bra Martani anyebutaken *para tuwan ingkang ngecapaken serat Bra Martani badhe kajibahaken dening parentah bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi tondha astanipun ingkang ngintunaken* ewadene kula gadhah atur pamrayogi saha panuwun dhateng ingkang badhe karsa paring panjurung, mugi amratelakna angantheni serat mawi tondha namanipun ingkang sayektos, supados pamacak kula panjurung wau boten mawi wagugen ing manah, awit saupami saben pawartos ingkang medal saking ing ambek awon isi pangere-ngere, tanpa pamurih sae amung kagendeng ing gething, utawi ingkang sampun katawur-tawur sami kula pacak ing Bra Martani, saestu kathah tiyang sae dhumawah ing wirang utawi cilaka amemelas tuwin kathah nagari padhang dados ambaleret, saha kula badhe kajibah anarutus ing pundi etukipun pawartos nomondaka wau.
Redhaktur.

Punika Cariyos Babad Mataram
Miwah panembahan rama, angrembugi satuhu lawan pasthi, ing Mataram sampun sepuh, mangsane wus arengka, pan wus mapak gagaman sajuru-juru, pasisir monca nagara, wau kang sami ambalik. Sami amepak gagaman, wus arakit minggah dhateng Matawis, wus prapta samayanipun, sigra anuli bubar, apan pinaju kalih ing lampahipun, dene ingkang medal wetan,

wau ingkang anindhihi. Papatihe panembahan, Maduretna nenggih wastanireki, amangku yuda tumenggung, gya medal garobogan, anjog pajang ing Kajoran kang jinujug, kang medal kilen winarna, wong Madura kang nindhihi. Awasta Ki Wongsaprana, lampahira amedal ing Matawis, mijil pingit lampahipun, ing trayem kang sinedya, wonten malih Mangku yuda kanthinipun, awasta Dhandhang wacana, sami prakosa ing jurit. Tanapi bala Makasar, ingkang nunggil Ki Mangkuyuda sami, dening ta pangajengipun, wasta Dhaeng Mangrewa, wonten malih awasta pun Dhusung marnung, solahe lir wadu ongga, pan sareng bubar kang baris. Titiyang monca nagara, ing brang wetan sadaya sami ngiring, lawan sagagamanipun, kehing gaman sumahab, tan kawarnaha lampahe baris anglurug, sakathahing wong brang wetan, suyud manahe awingwrin. Tan kawarna lampahira, ing garo,pol wau  pan sampun prapti, pondhokanira pan kumpul, denya atata-tata, angenteni rowang ira ingkang kantun, wau kang aneng brang wetan, kalangkung ageng ing baris. Wong sabrang wetan puyengan, kagegeran sadaya sami ngili, lumayu arebut dhucung, lawan saanak rena, tiyang Sampang kadya bajag polahipun, anglir pendah saradula, kang abongga den pateni. Tiyang estrine tinawan, pan rinayah raja kayane enting, wong Pajang samya misuwur, yen wadya Sampang minggah, sampun prapta sabrang bangawan genipun, ing garompol binarisan , risak wong pinggir benawi. Tiyang Pajang apuyengan, samya ngili manahira awingwrin, dene ing warta misuwur, akarsa ingunggahan, dening tiyang Madura neng sabrang banyu, para punggawa ing Pajang, pan sami amepak baris. Kawarnaha wong Madura, Mangkuyuda sampun nabrang benawi, ing kali samanggi umung, saha bala sumahab, tiyang monca nagara sawarninipun, sami kerigan sadaya, anglurug dhateng Matawis. Tanapi tiyang Makasar, solahira kadi bantheng akanin, wus nabrang sawarninipun, wadya bala brang wetan, aneng kali samanggi swaranya umung, kang para umbuling Pajang, sedyane amapag jurit. Sinerang datan kuwawa, pan kalulun wadya Pajang awingwrin, saanak rabi lumayu, angungsi mring Mataram, apuyengan tiyang ing Pajang amawut, ing padesan kagegeran, sadaya sami angili. Angungsi dhateng Mataram, kang saweneh angungsi dhateng wukir, wong padesan wus akebut, angungsi apuyengan, wong Madura gigilani tandangipun, ing Pajang wus kaancikan, durmane ingkang ngakoni. Wong ing Pajang kang kari mirut sadaya, apan samya ambalik, tanana akawal, ing Pajang wus kedekan, sangsaya ageng kang baris, monca nagara, brang eler sami prapti. Ki Tumenggung Mangkuyuda arsa minggah, dhumateng ing Matawis, sampun ingundhangan, sakathahe kang wadya, pan sampun pepak kang baris, Dhandhang wacana, dadya cucuking jurit. Dene ingkang dadi ing panengenira, ingkang pangawat kering, arya Mondhalika, miwah tiyang Makasar, kang dadi cucuking jurit, Dhaeng Mangrewa, lawan Dhaeng Makincing. Busung mernung kalawan Dhaeng Malebah, gagamannya suligi, towok lawan pedhang, wong Makasar melatar, tanapi monca nagari, apan belabar, kadya prawata sari. Yata bubar bala brang wetan sadaya, untabe angajrihi, sira Mangkuyuda, kang dadya gugunungan, arusuh lampahing baris, tansah bebahak, wong Madura lir belis. Padedesan saler Mataram puyengan, sedya sami angili, angungsi jro kitha, weneh angungsi ngarga, wong Sampang ambebahaki, tiyang Mataram, kang lanang den pateni. Ingkang estri tinawan tur dhinedhelan, kang kumbi den gantungi, weneh kinukusan, amrih sami medala, darbeke kang den pendhemi, pan anggigila, wong Madura lir belis. Tan kawarna lakune wadya brang wetan, ing kajoran wus prapti, lajeng lampahira, ing taji pamondhokan, sigegen kang aneng taji, kang kawarnaha, ingkang medal Matawis. Sabubare kang saking ing pingit ika, ing terayem wus prapti, yata pamondhokan, sira Ki Wongsaprana, sigegen datan winarni, dyan cinarita, sri narendra Matawis. Pan pinepak wadya bala ing Mataram, arsa mapag ing jurit, ingkang para putra, miwah para santana, pepak aneng ponca niti, pan asiyaga, sakaprabоning jurit. Putra sepuh pangran dipati Mataram, sumedya angawaki, lawan arinira, Pangeran Puger sira, lan Pangeran Singasari, lan Martasana, wus siyaga ing jurit. Sampun pepak para dipati Mataram, sakaprabon arakit, Pangran Pringgalaya, tumenggung ing Mataram, para putra ing Matawis, wus apamitan, mring rama atur bekti. Wus linilan bubar gagaman Mataram, kang dadi senapati, pangran adipatya, respati nitih kuda, prajurite amaripit, awarna-warna, gagaman ing Matawis. Mungwing ngaryara

mantri numbak anyar, dadya cucuking jurit, lawan wong bumija, gagamane beranang, priyayi ageng nambungi, sagegamannya, kalawan wong panumping. Tanpa wilang gagamane wong Mataram, kadya prawata sari, marga kaebekan, balabar padedesan, anglarug lampah ing baris, pan kawarnaha, ingkang baris ing taji. Wus angangseg gegamane wong Madura, ingkang saking ing taji, myang ki Eongsaprana, saking terayem bubar, wus kumpul lampahing baris, neng Pajarakan, sampuna nunggil kapti.

Ongka 30 Kemis kaping 24 Juli 1873

BRA MARTANI

Kula wisudhan
Raden Kartawirya, wadana ing dhistrik Ciheya (Priyangan), kinulawisudha dados wadana ing Cisondari.
Raden Prawiradireja, camat utawi mantri dhistrik ing Cingcin, dados wadana ing dhistrik Ciheya.
Raden Danupurwa, jaksa ing kabupaten dados wadana ing dhistrik Wanarata (Bagelen).
Mas Reksakusuma, wadana ing dhistrik Selakaton (Samarang), dados upsiring yustisi ing Magelang (Kedhu), apangkat lurah jeksa.
Raden Tumenggung Mangunnagara, bupati ing Gunung Kidul kaelih dados bupati ing nagari Ngayogya., kagentosan dening Raden Tumenggung Padmanagara, bupati ing Kalasan. Raden Tumenggung Yudadiningrat, bupati ing Kalibawang agentosi wonten ing Kalasan, dene ingkang kinula wisudha dados bupati ing Kalibawang Raden Ariya Danuatmaja.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Surakarta
Dereng lami ing sumuripun nyai Amad gaos ing peken Kaliwon wonten sabawa: mak cegok, sanalika titiyang ing ngriku sami jontrek ing pinggir sumur sami atebah dhadha saweneh anguwuh: ngger, enggal mentasa, enya dak ulungi timba, kepriye teka kejegur: gendhuk, lare estri lajeng nyandhak dhadhung pratingkahipun ayem, sadangunipun geyong-geyong kadudut manginggil, esemipun oglengaken.

Tawanan saking Aceh
Telegram ingkang kapacak ing serat kabar ing Samarang anyariyosaken bilih prajurit ing Aceh kathahipun 41 ingkang sami katawan dening bahita ingkang angepang tanah Aceh samangke sampun kaangkataken saking Riyo dhateng ing pulo Jawi, makaten ugi dhatuk ing tanah Dheli kecil awasta Jali akaliyan Seitang berat.

Belgi
Ing alun-alun kitha Brussel badhe kadamel agelaraken panyobaning pirantos miber, paprentahan ing kitha ngriku radi wagugen ing panggalih amaringi lilah dhateng ing bab panyoba ingkang amutawatosi wau, ananging ingkang angwasani panyoba sami ananggel ing bab badhe boten wontenipun babaya.

Wondene ingkang angreka pirantos wau  anama tuwan Grufang, menggah pirantosipun mawi kasukanan swiwi kakalih, buntut satunggil, kajawi saking punika wonten isaratipun panulak dhawah.
Ing sepur wehsa antawisipun kitha gen kaliyan anwerpen enggal punika wonten lalampahan amelas asih. Wonten estri anumpak kareta latu mawi angemban anak, dumadakan lare wau saking jandhela dhawah ing margi, sanadyana lampahing kareta ing sarosanipun, ewadenten estri wau jalaran kaparibawa dening baliwuring angen-angen boten saronta mancolot anututi anak, sadhawah ing siti sanalika pecat yitmanipun, dene pun lare amung nandhang gosong sawatawis.

Tanah Cina

Ing kitha Hongkong kala tanggal kaping 22 Maret, wonten griya kebesmen, katahing tiyang ingkang katut ketunu 5000. Tanggal kaping 12 teksih nunggil Maret, ing kitha Osakah, Japan wonten lindhu, saha tanggal kaping 29 teksih nunggil wulan punika ugi ing kitha Osakah wonten griya kebesmen saha kathah tiyang apulang latu.

Pethikan saking koran Samarang

Anyariyosaken anggenipun maratamu kanjeng raja ing Persi dhateng ing kitha Berlin (Prislan)
Titiyang ing salebeting kitha sami atap wonten ing statsiyon angantosi ingkang badhe rawuh, sepuh, anom, sugi, malarat, sami dhesek-dhinesek badhe sumerep ing sang raja monca nagari saupacaranipun, sareng sampun mangsanipun rawuh, kanjeng raja ing Prislan lumebet ing statsiyon abusana cara jendral angagem bintang kinontha garuda cemeng tinangsulan pita oranye, tuwin gambaripun kanjeng raja ing Persi gumantung ing jaja kumanthil ing pita biru langit.
Boten dangu wonten ajudan dalem ingkang amarek anguncuki wuninga yen kareta latu meh dhateng, sanalika para upsir sumahab angabani prajurit, musikan angungelaken gendhing mares cara Persi, saupami titiyang ing ngriku dereng mireng pawartos rumiyin saestu boten wonten ingkang anginten bilih ingkang kaungelaken wau gendhing Persi, awit lagunipun angeblegi lagu Eropah, ananging ing ngatasipun para tamu ingkang saweg rawuh, gendhing punika kaanggep panembramaning paurmatan saha pinetekaken ing prenaja.
Kreta latu sampun dhateng, ingkang tedhak saking rata rumiyin jendral ing Prislan ajujuluk akanjeng tuwan Boyen, inggih punika ingkang pinatah amethuki kanjeng raja ingkang andon amara tamu wau, lajeng priyantun bongsa ageng ing Persi, agemipun rasukan ing ngajeng wingking kebak dening bludir emas, inggih punika khaji Mirahusin khan, papatih dalem kanjeng raja ing Persi, pramugarining wadya bala tuwin marsekaleking karajan, papatih ing Persi wau lajeng andherekaken kanjeng raja ing Prislan amareki rata ingkang katitiyang ing sang raja tamu. Sareng sang raja tamu sumerep bilih kanjeng raja ing Prislan anyaketi lajeng enggal tumedhak saking rata angacungaken asta, tinampenan pinetek-petek dening kanjeng raja ing Prislan, pratondha kacaryan ing galih.

Jujulukipun kanjeng raja ing Persi: Nasir Endin panjenenganipun ageng ing sarira sedheng, wadana asemu brit, ragi mrayang bagus angakungi, rema gumambala miwah godhegipun cemeng meles, tingalipun andik, ujwalanipun landhep.
Wondene busana tuwin rerengganipun sami angebat-ebataken, agemipun rasukan cemeng, ing jajanipun pating klawer oncen-oncen barliyan, ingkang alit piyambak sawiji kara, polatipun blek tinaretes ing kinten cineplok ing jumerut agengipun saringgit, sarunganig pedhang kebak inten kinencang kaliyan kerga, tangsulipun kaubedaken ing midhangan tengen, menggah regining kerga wau boten gampil kininten-kinten, kang mawi barliyanipun ageng-ageng angeram-eramaken saha kathah, cariyosipun serat sewu sajuga dalu ing mangke kayektosan, kajawi punika angagem bintang kinontha rudha cemeng, topongipun wedalan saking tanah astrakan mawi elar rinengga ing mutyara, dene agem-ageman sanesipun sami cara militer, lenggahipun ragi tumungkul boten atumpang wentis, awit katenta caraning Persi, saha tindakipun boten jejeg.
Menggah kalantipanipun sang raja tamu, saking ing pamatawis kalebet moncer, pangandikanipun cara prasman mangler luwes saha angresepaken, punapa dene kondhang sae tanggapipun.
Kathahing para priyantun ingkang andherekaken boten kirang saking 50, dene ingkang nama abdi langkung kathah.

Lokomotif anyariyosaken bilih Raden Adipati Ariya Suradireja, bupati ing Cirebon sampun sawatawis dinten wonten ing Batawi anyanggrah ing Losemen.
Panjenenganipun ingkang bupati Cirebon wau kenging sinebut mitraning budi kuncara bos Eropah, putranipun kakung kakalih sami kabekta, ingkang satunggil yuswa 13 satunggilipun 12 taun, kalih pisan sampun kalunturan pangulawenthah utami, saha saged ngandika cara walandi saha punapa dene nyerat miwah maos.
Rawuhipun ing Samarang wau prelu anembrama ngiras methuk putranipun kakung anama Raden Somat, ingkang mentas rawuh saking tanah Eropah kala Ngahad kapengker punika anitih bahita Frangkrik.
Raden Somat punika wontenipun ing Eropah winretek kinula wenthahaken, saha saderengipun kondur angajawi mawi lalana dhateng tanah Frangkrik tuwin Inggris, punapa dene anjajah tanah Dhitslan, wonten ing kitha Wenen tanah Walandi kendel ngantos 12 dinten saha tumut aningali pambikaking titingalan ageng (tentun seteleng).
Saged dipun moncer budinipun para ageng bongsa jawi punika pantes tampi pangalembana ageng, kajawi amigunani dhateng sarirsanipun piyambak inggih ugi saged anuwuhaken kauntunganing karajan, para ageng sanajana winasis rak inggih teksih kathah kikiranganipun.

Panjurung Kabar
Nalika dinten Saptu tanggal kaping 17 wulan Jumadilawal ing taun punika, kula badhe kesahan dhateng Baturana, sareng dumugi margi prapatan dhateng Gadhing kula sumerep tiyang lumampah jaler estri sakalangkung kathah sami ngidul sadaya, lampahipun aririkatan,

kula pitangled dhateng kawanuhan kula kabaripun kanjeng tuwan residhen saha garwa putrnipun para tuwan sawatawis sami sowan martamu dhateng pasanggrahan dalem ing Langenarja, malah ingkang sinuhun kanjeng susuhunan, sampun kala wingi anggenipun tedhak saha garwa putra, kula lajeng kilayu tumut aningali dhateng Langenarja, boten dangu wonten kareta saking ler kadherekaken para putra santana tuwin para prajurit sarta panewu mantri anglangkungi kathah, kula pitangled kabar puniki gusti kanjeng ratu ageng, kalayan gusti kanjeng ratu Maduretna, gusti kanjeng ratu kadhaton, andherekaken ingkang putra kanjeng gusti Pangeran Adipati Anom, ugi badhe sowan dhateng Langenarja, tumunten kanjeng tuwan residhen saha garwa putra tuwin para tuwan sami nitih kareta, enggalipun sareng rawuh ing pasanggrahan sami lenggah ing pandhapi saantawis, ingkang sinuhun saha kanjeng tuwan residhen karsa tindak dhateng ing Tejamaya, inggih punika padhepokanipun Pangeran Arya Kusumadilaga, tedhak dalem anitih bahita, kadherekaken wadya putra santana sawatawis, anaming kula boten sumerep lalampahanipun ing Tejamaya, antawis setengah jam lajeng kondur dhateng ing Langenarja, utawi kanjeng pangeran Kusumadilaga ugi andherek dhateng pasanggrahan, ingkang sinuhun saha garwa putra tuwin para tuwan sami tata lenggah ing pandhapi ing ngriku, kula eram kathahing tiyang ningali utawi rerengganing pasanggrahan saengga bawahaning mamantu, lalangen badhaya sarimpi beksa ing ngarsa dalem, bibaring badhaya nunten wireng kakalih, saking pakabaran wireng punika anggitan dalem enggal, rakiting beksa amima prabu arjuna sasra, nalika prang lan semantri, gendhingipun winastan ladrang winangun, panganggening wireng jeplekan mawi kampuh limar mruwal panji-panji dadamelipun sami jemparing, sareng beksanipun wireng wau tiyang ningali boten kenging dipunpiyambak, awit saking nembe uninga beksaning wireng wawangune enggal, kendelipun wireng lajeng dhahar wonten pandhapi, bibaring dhahar sami sareyan dhateng ing kamar, para putra tuwin tamu salong taksih kasukan wonten pandhapi kaliyan amirengaken gongsa ingkang wonten ing bangsal sarta dipunsindheni, sareng wanci jam 5 ingkang sinuhun akaliyan kanjeng tuwan residhen saha garwa putra sami tedhak mariksani anuba rumpon ing banawisa ngarsaning pasanggrahan, ingkang punika kula eram aningali kathahing ulam, kang mongka wiyaring rumpon watawis namung kalih dhepa panjangipun pitung dhepa, wah lebeting toya naming sanginggil dhengkul, dene ulamipun kathah ingkang sadhepa panjangipun watawis ageng alit wonten 500, katimbang kaliyan papanipun kalebet anggumunaken sanget, sakonduripun anuba, boten dangu kanjeng tuwan residhen saha para tuwan sami pamit mundur, sabibaripun para tamu kula badhe mantuk mireng kabar manawi Akad enjing Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara saha garwa putra badhe sowan dhateng ing Langenarja, kula dados tumut nyipeng badhe sumerep sowanipun kanjeng gusti pangeran Adipati Arya Mangkunagara wau, dene dangunipun titingalan ugi boten kendhat ngantos enjing, sareng wanci jam 10 enjing, Kanjeng Gustri Pangeran Adipati Arya Mangkunagara saha garwa putra rawuh ing pasanggrahan sarta ambekta pireng bonda baya tuwin karna tinandhing ugi ngantos sadinten anggenipun kasukan badhayan srimpen utawi wireng agentos-gentos, denten unduripun para tamu wau ing wanci pukul 5 sonten, ingkang sinuhun kanjeng susuhunan saha garwa putra kondur dalem dhateng nagari wanci jam 11, wilujeng boten kirang satunggal punapa.

Katandhan Carik Parangjara.

Panjurung

Bab tiyang katrajang ing kapal bandhang

Nalika ing dinten Rebo tanggal kaping 16 Juli 1873, tiyang estri kaprenah santananioun mas Ngabehi Wiradimeja abdi dalem mantri emban gadhatonan, nami bok Suradikrama ing wanci enjing jam 7 ajajakaken anakipun mas ngabehi wau, sareng dumugi radinan sawetaning prapatan Cayudan, wonten tiyang numpak kapal lagaran saking kilen kabandhangaken saemper mentas angguyang, temahan anerjang bok Suradikrama wau, sanalika dhawah saengga kalenger, lare anakipun mas Ngabehi Wiradimeja ingkang sumeja badhe kajajakaken malesat, ananging beja boten kenging aradan kapidak ing kapal, sarehning lare wau sampun sakakanging sapiyan dumados mantuk atawan-tawan tangis (o..rahayu neneh) antawis saprapat jam bok Suradikrama anggenipun boten enget lajeng kagotong mantuk dhateng ing griyanipun kampung Carikan, turut margi sisimpangan kalampahan saged mutah-mutah dados boten manawi kenging dipunajeng-ajeng gesangipun, dene badan ingkang tatu mripat mendelo, geger tuwin dhadha sami babak bunyak, tiyang ingkang nerjang saemper lulus ing lampahipun lajeng bablas mangetan, awit saking sanalika boten wonten ingkang anglari nututi tuwin angendhegaken wau tiyang ingkang numpak kapal, amila dumugi ing samangke kaupadosan dereng kapanggih, kathah-kathah ing tiyang namung sami angrubung malah trekadhang wonten ingkang wicanten (ayo padha andeleng uwong latrajang ing jaran), punika sampun dados adat kalimrahanipun tiyang jawi manawi wonten tiyang ingkang manggih kasangsaran namung merlokaken anggenipun nonton kemawon, awis ingkang purun tutulung ingkang kalayan temen-temen. Mas ngabehi ingkang gadhah santana bok Suradikrama, awit saking gugup boten amanah ingkang nerjang, amung angupaya istiyar ingkang murih wilujenging bok Suradikrama (O..mesakake temen), badhe sapinten leganing manahipun wau mas ngabehi sasantananipun bilih wonten priyantun ingkang karsa paring katrangan wau punika.

Amila manawi boten wonten dhawuh ing kanjeng parentah angencengaken pranatan ingkang murih sudaning tiyang guyang kapal ingkang tendhangan turut radinan amesthi kathah mutawatosipun.

Katandhan Darma Susastra.

Dhistrik Purwareja (Banyumas)

Kala dalu angrintenaken dinten Jumungah tanggalkaping 11 wulanJuli punika wonten satunggal tiyang wasta Ki Sangkem, griya ing dhusun Kaliwungu, sampun amejahi tiyang awasta Kramasuta griya ing dhusun Kebaneran, kaperang-perang mawi dedamel bendho saengga tatu kalih welas panggenan, ing wekdal punika panuju mentas sami rubungan nedha slametan ing griyanipun tiyang wasta Tirtadipa ugi ing dhusun Kaliwungu, kala Ki Sangkem anganiaya dhateng Kramasuta para tiyang ingkang sami andherek rubungan sami kaget. Awit boten mawi para paben utawi boten sumerepmenggah ingkang dados prakawisipun, sarta para tiyang punika boten anginten manawi dipunperang-perang, ananging kadugi namung

dipuntaboki kemawon, sareng sami surerep yen kaperjaya mawi dedamel, para tiyang wau lajeng ngupados piranti cagah tuwin sanesipun ingkang bade kadamel tutulung, ananging wedal punika Ki Sangkem boten saged kacepeng, awit sasampunipun mejahi Krama Suta lajeng lumajar, ugi sami dipunbujeng dhateng tiyang kathah, wusana kacepengipun Ki Sangkem wonten ing dhukuh Adisara dherek dhusun Glempang, inggih punika griyane marasepuhipun Ki Sangkem wau, ing mangke Ki Sangkem sampun kaladosaken ing nagari saha kalebetaken ing kunjara.
P.L.

Serat panjurungipun priyantun kalih, Kridhamardhawa kaliyan Wartasejati menggah suraosipun sami aparing jarwa dhateng patangledan kula sanggenipun budi gangsal bab ingkang punika andadosaken suka pirenaning manah kula awit saking anggenipun anegesi sadherek kula Kridhamardhawa, budi gangsal bab wau namung kapendhet suraosipun ingkang sae kemawon sarta tumrapipun dhateng wuwulang tiyang angawula ing ratu.
Denten anggenipun anjarwani sadherek kula pun Wartasejati, namung kapendhet wantahipun kemawon, sanajan panjarwanipun Wartasejati anelakaken awonipun budi gangsal bab wau suraosipun inggih ugi dados wuwulang, wasana sakalangkung ing panuwun kula dhumateng priyantun sakaliyan ingkang sasilih nama Martasejati utawi Kridhamardhawa.
Katandhan Manohara.

Panjurungipun Mas Kemis, Bra Martani ongka 27 nyariyosaken lare estri nami Cadhong ing Purwadiningratan kados ingkang kasebut cariyosipun mas Kemis wau kula yektosaken inggih yektos sampun …. boten wonten ingkang dora.
Denten panjurungipun mas Premadi, nyariyosaken mas Pus ing Kauman utawi ing Ngadikusuman wonten tiyang wasta Jasuwirya badhe ngimah-imahaken anakipun estri nami Kamisah, ingkang punika inggih yektos mas namung cariyos sampeyan ingkang nyariyosaken mas ngabehi Jagapawira mantri galadhak kerengan kaliyan gendruwo, o.. dora mas kados pundi, mas behi wau anggenipun kerengan wonten pundi sinten ingkang ngabaraken ing sampeyan.
Surakarta, kaping 13 Juli 1873.
Kula pun Merdi Respati.

Sanadyan nama kula sanes Sastrapremadi sarta kula voten pisan-pisan wanuh kaliyan Sastrapremadi, ananging inggih kadunungan gumun sareng kula ningali Bra Martani ongka 29 dene pulisi ing dhistrik Bendha teka saged angundang widadari kamanungsan, sarta widadarinipun kalebet thanganan, lah punapa boten gadhah pandamelan pyambak, o..saiba ayunipun neh.
Sirnaning gumun kula menawi pinuju grimis miwah wonten kluwung mawi cahya monca warni kathah tiyang wicanten makaten: kluwung iku rak andhane widadari tumurun arep adus.

Saiba pulisi wau menawi badhe nyepeng pandung kados-kados ririkatan pangundangipun widadari.
Katandhan Anggep puspita.

Kula sampun anguningani panjurungipun mitra kula ingkang sisilih nama Trusthasastra, menggah suraosipun ambatang cangkriman kula ugi sampun leres, punapa malih cangkriman sampeyan gangsal bab ingkang sampun kabatang sadherek kula pun Kumadaya, punika punapa sampun leres punapa dereng, manawi wonten ingkang nalisir mugi kababarna katranganipun.
Wondene panjenenganipunipun redhaktur bab cangkriman kula punika dipunwastani jember, inggih kasinggiyan manawi ingkang sampun lungsed saking watawis kula mawi ingkang taksih enggal malah wangi tur anyegengaker panggalih.
Katandhan pun Mudha.

Namaning wujud ingkang kadamel cangkriman wau manggenipun amung kawedharaken wonten ing pajagonganing gegembyakan, awit pasamuwaning tata krami ewa sae marang amirengaken, mongsa kiranga cangkriman ingkang boten jember.
Redhaktur.

Panjurung pambatanging cangkriman
Amumucung. Serat rinumpakeng kidung, saking dekumedah, dumunung nedya marsudi, budi daya adreng mamet sudarsana, supayak tuk ing rahsa rarasing tembung, tambanging tembungan, bangkit anambung bab ing, Bra Martani nuju ongka kawan welas, Kemis tangsu, kaping tiga Aprilipun, wonten cacangkriman, sinawung sekar mas kentir, sadaya dumunung nembelas pada, kula nuwun, yen pareng sarta jumbuh panggalih padhuka, dhuh sang kumadaya inggih, cangkrimanta ulun capi dhalang mayang, nuwun lamun, nalisir pambatang ulun, sampun nawung rengat, mung kagaliya tik-utik, lan tinimbang dereng wonten karsa batang, amung lowung, kinarya jalaran agung, para ahli rasa, wasana ulun nandhani, pun anggara kanthi dhukuh tanah wetan.

Panjurungipun anoman naring maja, tiga pisan boten kula pacak, awit sastranipun bareng saweneh ceblo meh sami kaliyan pethaking dalancang, punapa dene tembung miwah suraosipun peteng dhedhet, sekaripun kinanthi ing dalem sapada lingsa kathah ingkang isi sawelas pada malah langkung, dalah dhongdhingipun nganeh-anehi.
Redhaktur.

Punika Cariyos Babad Mataram
Tan antara wus ngangseg dena rayuda, ingkang wadya amalih, lawan wong Makasar, mangulon lampahira, dhandhang wacana kang ngirid, talaga wana, wau kang den anciki.

Atanapi Ki Tumenggung Mangkuyuda, sampun angangseg baris, lawan Wongsaprana, wong Sampang amalatar, polahe pan gigilani, wadya Mataram ingkang mapag wus prapti. Sareng mulat wong Sampang lan wong Mataram, aneng ing kali ajir, tempuhe kang yuda, arame long linongan, kadya rubuh ingkang langit, denira yuda, mimis kadi garimis. Ing talaga wanara rame ingkang yuda, wong Makasar nindhihi, kadya saradula, wong Makasar kotbut, pangamuke ngowak-awik, miwah wong Sampang, kadya bantheng akanin. Nora bakal baya wus karsaning gusti, rusake ing Matawis, pan sasolahira, wong Mataram kasoran, denya ajurit kalindhihh, de wong Madura, baya karsaning widhi. Pra prawira prajurite wong Mataram, nora duwe kuwanin, miwah para putra, manahe lir wanudya, tan darbe kawanen wingwrin, marang wong Sampang, ing Mataram keh mati. Ngungsi kitha wadya bala ing Mataram, puyengan sanegari, titiyang Mataram, lir gabah inginteran, sadina-dina atintrim, saanak rena, dening miyarsa warti. Wong Madura sampun aneseg ing kitha, lan wong manca nagari, aneng pajarakan, tumenggung Mangkuyuda, prajurite den undhangi, sira dheseka, kuthane wong Matawis. Obongana omah sajabaning kutha, manawa wong Matawis, ana ingkang bongga, pan sira patenana, payo obongana aglis, karepa uga, ing jro kitha atintrim. Ingobongan omah sajabaning kitha, sarta dipunjarahi, surak lir ampuhan, wong Sampang ambebahak, sajroning kitha atintrim, pan apuyengan, manahe sami wingwrin. Pra punggawa miwah kang para santana, mung ingkang para mantri, aneng pagelaran, miwah kang para putra, pepak aneng ponca niti, pan asiyaga, sakaprabоning jurit. Anyaosi karsanira sri narendra, manawa sri bupati, miyosi ngayuda, mila para punggawa, saos aneng ponca niti, dyan kawrnaha, sri narendra Matawis. Wus wuninga lamun jangjining pangeran, tan kena den gingsiri, yen kitha Mataram, pan sirna jennengira, sri narendra ing Matawis, pan anarima, marang titahing widhi. Sri narendra akarsa atilar pura, kengser saking Matawis, tan kena ingambah, nagri Mataram rengka, pan sampun teka kang jangji, ing satus warsa, jenenge ing Matawis. Ingundhangan para selirlawan garwa, titiyang jroning puri, kinen adandana, karsane sri narendra, akarsa lolos ing wengi, saking Mataram, busekan wong jroning puri. Pan adandan sakelaripun ambekta, lir gabah den interi, miwah para putra, pan sampun winangsitan, sang nata lolos ing wengi, saking jro kitha, yata dandan tumuli. Malem Akhad tanggal ping wolulas Sapar, taun be mongsa kalih, yata sinengkalan, dening ingkang anurat, rusake nagri Matawis, pan sirna ilang, rasane ingkang bumi. Apan dalu bubare sri naranata, saking sajroning puri, jro pura puyengan, tangis kadya ampuhan, tunjang-tunjang pawestri, sakelar ira, denya kang den bektani. Apuyengan tambuh mungsuh lawan rowang, geger ira ing wengi, wisma ingobongan, tangis kadya ampuhan, kadya gabah den interi, wadya Mataram, padha arebut urip. Salang tunjang kaselak pisah lan donya, amung kang anak rabi, binakta tan pisah, dunya datan kaetang, amung anake den indhit, gigal ing dalan, anake tan den tolih. Rabinira ngucap anakmu gigial, kang lanang anauri, pan gigal cik bena, ginawe apa bocah, pan dene gampang akardi, balikan sira, den kebata lumaris. Ilang ora sok ijiya biyangira, ah biyangane sidik, sun anggo bibitan, yata selak katunjang, saweneh ngulari rabi, wantu wong kathah, weneh pisah lan laki. Pan ambondhet maring ing wong liyanira, awak ingsun kiyahi, daweg dika bekta, benjing kartanin gjaman, kawula andika kawin, ingsun ngawula, prandene laki mami. Pan atinggal si jenat tan angruruha, kathah solahing estri, medal saking kitha, wadya bala Mataram, angulon denya angili, tut wingking sira, marang sri narapati. Ingkang sugih anak langkung susah ira,

ginendhong pan den indhit, saweneh punika, ana winoting kuda, pating carengek kang nangis, kawelas arsa, kang maksih den susoni. Pan katunjang dening wisma ingobongan, lir grah swaraning tangis, saweneh angucap, anakmu ilang papat, ingkang lanang anauri, ilang oraha, pan ora dadi pikir. Paran dene tan ngumani sega wadhang, aja maras ing ati, sun maksih nonoman, sok kartaha ing jaman, ing benjing ingsun ileni, pan gawe bocah, parandene agampil. Kawarnaha sri narendra ing Mataram, ingkang atilar puri, anitih dipongga, pan wus nabrang peraga, angilen sedya den ungsi, kang para putra, tumut tan ana keri. Kawarnaha Ki Tumenggung Mangkuyuda, sampun midhanget warti, yen prabu Mataram, gingsir saking ing pura, angilen nabrang banawi, suweng ing pura, kadhaton tan ana kari. Risaksana Ki Tumenggung Mangkuyuda, kitha dipunlebeti, wong Sampang sumahab, samya lumebeng kitha, apan angrerayah sami, lir wardu ongga, puyengan wong Matawis. Ki Tumenggung Mangkuyuda neng jro pura, wau dipunkakahi, titiyang Mataram, kang kantun apuyengan, kalangkung kawelas asih, sami tinawan, kang lanang den pateni.

Ongka 32 Kemis kaping 7 Agustus 1873

BRA MARTANI

Kula wisudhan sapanunggalanipun
Raden Ngabehi Sasra Atmaja, wadana ing dhistrik Warujayeng (Kedhiri) kaundur saking kalenggahanipun awit sking panuwunipun piyambak mawi kapatedhan pansiyun.
Raden Mas Suparman, murid ing pamulangan Surakarta kinula wisudha dados mantri guru ing dhistrik Maospati (Madiyun), balonja 50 rupiyah ing dalem sawulan.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Surakarta
Pantes kaalembana
Saweg tigang Kemis punika wonten pangresula bab petenging margi kampung kajawen ing wanci dalu, ing mangke turut ing margi wau sampun miwit kasukanan ting, sanajana kirang kathah utawi padhangipun panyondhongipun dereng anyondhongi ingkang dados pangajeng-ngajeng, ewadenten pangajap wau sakinten badhe kasembadan, kang mawi panjenenganipun Raden Mas Kaliwon Purwanagara ingkang kapatah ing bab punika kawartos boten tolih ing sayah angrembaka kawajibanipun, saha mundhut lumadosipun tiyang ingkang suthik kapadhangan.
Cekaking pangajeng-ngajeng: padhanging margi kaborongna dhateng tiyang satunggil kemawon, kados dene caraning kampung walanden, dados boten rewel saha anglumuhi tiyang alit ingkang awatek remen mengkek-mengkok.

Tuwan Bikarta, insinyur dalem ingkang Sinuhun ing Surakarta sagah angyasakaken urung-urung tosan kangge angilekaken toya saking ing redi dhateng ing salebeting kitha Sala, kanjeng tuwan residhen sampun aniti priksa saha anembadani ing panuwun wau. (Bintang Johar).

Pangeram-eram
Cina ageng ingkang kawartos ing pundi-pundi, punika ing mangke sampun dhateng ing Surakarta, saha kenging katingalan enjing sonten, nyayarani pun tiyang cina tunggil, 2 rupiyah, lare 1 rupiyah.
Menggah inggiling Cina wau 8 kaki, sembada kaliyan bebalunganipun, dhadha jembar kalebet gepeng, riricikaning badan sakojur sura panjang sura ageng dalah kuciripun inggih panjang anglawer, pamulunipun kalebet pethak, ulat sumeh, tanggapipun sae, ewadenten saking boten limrah ageng inggilipun ngantos meh kados dene manusa, memper titingalan ing salebeting supena, kanthinipun prawan satunggil inggih bongsa Cina, warninipun angresepaken manah, ulatipun galak amanis, ragi kewek saha nenes, remen angecer-ecer esem, sasolahipun anggregetaken, mila sasampuning tamat anyawang ing babah agung, puruging tingal sadaya sami dhateng ing nonah manis.

Eman-eman sanget
Margi-margi salebet utawi saubenging kadhaton sami reged saha boten tata, emperipun kados kabesturon, tembokipun pating cloneh, tur saupami ing dalem sadinten pun resiki saha kakrikil angsal sacekal pasagi, saestu ing dalem kalih wulan saged rampung katingal gumrining

anglangeni kados pasanggrahan dalem ing Langenarja, dene wragading anglabur tembok sakinten boten langkung saking 200 rupiyah kalebet sapele.
Ujaring gugon tuhon: negara kuwe nek wis tuwa dikapak-kapakna wis ora kena.
Ujaring kawruh: saben dina nagara mundhak tuwa, dadi saben dina iya kudu mundhak reja asri lan tata, sing ala dibecikake, sing wis becik direksa adi men becik ing salawase.

Eman-eman sanget

Masjid dalem ing Surakarta kondhang ageng bagus saha kathah ing wragadipun, ananging samangke saweg umur 18 taun sampun wiwit reged, gedhahipun bureng, tembokipun mangkak, langkung malih griyanipun pisang salirang sami jenes boten kaupadamel, kebonipun rungkud boten emperipun bilih enggen sukci, sanajana ing Surakarta boten kirang sekar adi miwah kang amawi gonda arum, ewadenten ing ngriku mung isi sekar anggrah-anggrah saha boten katata prenahipun.

Pataken

Lah kyahi pangulu kados pundi, saha para ketib punapa amung kapatah anabug bedhug thok-thok.
Arta bet amal kangge amragadi punapa.

Cangkriman

Saupami para katib salat khajat pating jrengking rinten dalu amujekaken supados masjid wau sageda resik saha asri dening sekar-sekar, punapa sakinten badhe wonten malaekat tumurun anyangking pacul kalayan wiji sekar welas dening pambrengenging ketib.

Kala malem Akhad kang nembe kapengker ing kamar bolah Surakarta, para tuwan sami arapel kongser, sakalangkung kathah tuwan-tuwan utawi jonyah, sarta para priyantun jawi tuwin para cinten ingkang sami anuweni, sasampunipun kongser lajeng sami dhangsah saengga ngantos dalu, dahat amikantuki sarta andadosaken suka renaning kang dhateng, saderengipun wiwit dhangsah wonten para nonoman warninipun sami endah-endah lir apsari tumrah saking swarga loka, busananipun meh anunggil, sami ngangge selimpang sutra pethak, wekasaning salempang kadekekan gombyok sarta kakaprenah ing jaja wonten ketengreripun abrit kakontha parapatan (rodhe kruwis), nonah kakalih angampil kanthong sutra pethak, ingkang kalih angampil gendera, sadaya angumpamekaken dununging pista wau, sabab ingkang kaupadosaken patuwas, boten langkung amung para militer ingkang kairid ing payudan, sarta ingkang kasaran ing prang, mila sareng para dyah sakawan katingal mijil saking pakamaran kathah kang sami gumun, para rum-arum sakawan nunten sami anyelaki para jonyah sarta para tuwan-tuwan sapanunggilanipun, kathah priya ingkang sami majeng saking sedyanipun pyambak sarta anyelehaken panjurunging salebeting kanthongan wau, manawi boten lepat pakantuking patuwasdalasan pangaosing karcis ingkang pajeng kirang langkung pitungatus rupiyah bresih.
Saking karatonan ingkang sami ingkang sami anuweni kongser namung priyagung kakalih, 1 pangeran Kapiten Arya Mataram, 2 Pangeran Ridmister Arya Cakra Nagara, sabab wartosipun ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan panuju gerah, wondene saking kamangkunagaran ingkang nuweni namung upsir sakawan, dados lepat saking panyiptanipun para tuwan ingkang sami angrakit kongser, ananging Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara karsa angintuni panjurung satus rupiyah.
Surakarta, 4 Agustus, Panjurung.

Bab indhaking arta panjer dhumateng tiyang ingkang lumebet dados saradhadhu wrehatipun kanjeng gupremen ing Nederlan Indiya ing dalem nem taun:

Tiyang Ambon 100 rupiyah, tiyang Jawi, Malajeng, Madura, utawi Bugis 80 rupiyah.

Nederlan

Ing pangecapanipun kitha age wonten kriya dede sembarangan tiyang, inggih punika Sang Pangeran Makao bongsa Japan, dhaimiyo irsteklas saha trahing kusuma, sang pangeran wau sinedhahan dening gusti rajanipun dhateng ing tanah Eropah, supados sinauwa ngelmi angecap serat-serat wonten ing ngriku angagem caraning juru ngetrap sastra saha tumut nyambut damel.

Ing salebeting praja Megelang wonten tiyang jawi karan Arjadikrama aliyas Madiya sarta gegriya ing ngriku, wayah sepuh sulak cemengkapara andhap ipel-ipel, wau tiyang sakalangkung manohara tembungipun, ananging asring-asring ngapus-apusi.
Sarehning kula sapun kapitunan awit saking anggenipun ngapus krama, mila kula wajib angemutaken dhateng mitra ingkang dipuntuweni utawi kang dipunraketi dhateng tiyang durjana wau. Kondhostu.

Banyumas

Lare jaler wasta Carut umur 9 taun, anakipun tiyang wasta Jayantaka gagriya ing dhusun Sumagedhe dhistrik kitha Banyumas, kala dinten Akhad tanggal kaping 20 wulan Juli ingkang tembe kapengker punika, kadugi wanci pukul kalih welas siyang Carut kesah dhateng pakebonanipun Jayantaka piyambak, wasana sareng sontenboten mantuk lajeng kaupadosan manawi dhateng sanak sadherekipun boten pinanggih, enjingipun dinten Senen kaupadosan malih, ing ngriku sinjang ingkang kadamel lancingan dhateng Carut pinanggih nglumbruk wonten ing latar lepen sirayu saleripun celak kebonanipun Jayantaka wau, Jayantaka anggadhahi cipta yen anakipun amasthi pejah kabalabag, tumunten Jayantaka sanjang dhateng ipenipun wasta Karyawongsa kapurih ngupadosi urut lepen, sareng kaupadosan mangandhap yektos jisimipun Carut pinanggih kasangsang wonten ing sarah tunggak bangbu satengahing lepen sirayu sawetanipun dhusun Bonjok ugi dhistrik Banyumas, salajengipun kaentas lajeng kakubur.
P.L.

Sarehning kabar ing ngandhap punika gadhah lejem amadhangi ing pepeteng tuwin tresna dhateng ing nagari, wah boten terang pinangkanipun, mila pamacak kula boten mawi semang ing manah, kula anamtokaken bilih nagari butuh saha prelu midhanget pawartos ingkang kados makaten punika.
Redhaktur.

Panjurung Bra Martani

Tuwan ingkang ngarang serat Bra Martani, bilih wonten selanipun papan panjurung kula punika mugi kapacaka ing dinten Kemis ngajeng punika.
Awit saking karsanipun kanjeng parentah ageng nagari andhawahaken pranatan kadhestrikan ing samangke sampun kalampahan, sakalangkkung mewahi arja tata tentreming nagari, utawi sapunika dhusun ingadhusun sakalangkung sae, dene kabupaten Bayalali kadosta kadhestrikan kutha, kadhestrikan Banyudana, kadhestrikan Tlawong, kadhestrikan Sukabumi, kadhestrikan Jatinom, punika bawahipun sampun sami sae sadaya, amung kadhestrikan Jatinom pangagenging dhestrik Raden Ngabehi Suramarsana punika sakalangkung resah patrapipun, atawi boten marwat pambekanipun, dene anggen kula mestani resah saking dhawah pranatan nagari sakadhestrikan wau, pangageng dhestrik 1, mantri dhestri 1, demang dhistrik 2, kalampahan dipunparingi demang saking kabupaten naming demang Mangunkarya, dados

demang wau saweg satunggal, Raden Ngabehi Suramarsana lajeng damel demang 7 iji mawi kapundhutan yatra sadaya, katrangan ngandhap punika.

1. Demang Mangunsetata, kapundhut yatra 150 rupiyah, dipunsukani bawah 30 jung.
2. Demang Mangunmarsana, kapundhut yatra 50 rupiyah, dipunsukani bawah 30 jung.
3. Demang Mangundimeja, kapundhut yatra 50 rupiyah, dipunsukani bawah … jung.
4. Demang Mangunsentana, kapundhut yatra - rupiyah, dipunsukani bawah 13 jung.
5. Demang Prawiradiwirya, kapundhut yatra 70 rupiyah, dipunsukani bawah 22 jung.
6. Demang Wongsawijaya, kapundhut yatra 50 rupiyah, dipunsukani bawah 15 jung.
7. Demang Resasedira, kapundhut yatra - rupiyah, dipunsukani bawah 21 ½ jung.
8. Demang Mangunprawira, kapundhut yatra 100 rupiyah, dipunsukani bawah 30 jung.

Dene demang Mangunkarya botenkenging kapundhutan yatra, awit damelan kabupaten mila dipunsengit naming kaparingan siti reh 10 jung, punapa pantes pangageng dhsetrik patrapipun kados sudagar, nagari punapa sampun pareng sakadhistrikan damel demang 7 iji, mawi katedhanan binakti yatra sadaya.

Kaping 2 nalika wulan Mulud mentas ngrukud tiyang nyebrot nami Surasana kang kacebrot nami Pajaya, mongka sampun trang panyebrotipun Surasana wau lajeng karukud Surasana kapundhutan yatra 30 rupiyah kang kasebrot wau badhe dipunparingi yatra 5 rupiyah, udheng kang kasebrot kawangsulaken, Pajaya boten narimah, dhawahipun raden ngabehi makaten.

Pajaya kuwi iketmu bali oleh dhuwit 5 rupiyah, wangsulanipun Pajaya, o..dara behi wedana nuwun mawon, tyang Surasana wau nyebros sayektos, dhawahipun raden ngabehi, apa kowe ora wedi aku-aku sapa aku wadana dhistrik Jatinom, matamu kriyap kriyip, rupamu ora patut, kowe mesa ora nrima nampani dhuwit karo iket, yen ora nrima tak belok gulumu, tak kon jejegi wong sak desa Jatinom iki kabeh, tak clomoti upet matamu, Pajaya meksa boten narimah, rehning yatranipun kang nyebrot wau sampun kalebet 30 rupiyah dhateng raden ngabehi Suramarsana, kang nyebrot wau lajeng dipundamelaken gugat, sapunika prakawis katur kabupaten utawi wonten jagal mragat lembu peteng kadhendha 4 rupiyah.

Kaping 4 asring-asring ngedegaken ngabotohan kowah 1 mata 30 sen, saben dalu ngantos tyang kathah kang sami nglurug, punapa pantes prayantun dados pangagenging dhistrik atrapipun makaten, punika yen lestantuna temahan damel karisakanipun tiyang kathah.

Kaping 5 anggen kula mestani ambegipun boten marwat, awit nalika taksih wonten Bayalali dados mantri cacar nami mas behi Sumadimeja, kang estri raden nganten Sumadimeja sapunika andhawahaken undhang-undhang para bawahipun sadaya boten pareng nyebut raden nganten atawi raden ngabehi, bilih matur makaten panjenengan dalem bandara wadana, kang estri panjenengan dalem kanjeng bendara raden ayu, bilih wonten tiyang matur boten mawi sasebutan bandara wadana atawi kanjeng bandara raden ayu wadana lajeng dipundukani dipunpisuhi akathah-kathah, dipunanggep-anggepaken utawi bandara raden ayu wadana manawi dinten legi pekenan Jatinom tedhak dhateng peken ngagemkaos ngagem canela blodiran rasukan kebayak ngagem mantol ngagem topi bulu-bulu, bendara wadana yen tedhakan ngagem lopak-lopak slaka mawi beri, lo punika kang kula aturaken punpapa sampun kenging pangageng dhistrik sasebutan mawi wedana, atawi sampun kenging panenipun raden nganten mawi sasebutan kanjeng raden ayu wadana, atawi malih punapa sampun kenging ngangge canela bludiran atawi kaos, mila kula lebetaken serat pakabaran Bra Martani supados kawuningana kanjeng parentah ageng nagari patrapipun pangageng dhistrik Jatinom wau, kula sumongga karsanipun kanjeng parentah ageng.

Katandhan pun atur pariksa.

Sarehne kyahi redhaktur sampun karsa anggelaraken anggitanipun wonten ing Bra Martani puspita monca warna, ingkang pamurihipun namung kadamel anglemesaken ukara tuwin angatingalaken kathahing tembungipun mila kula inggih reka-reka makaten, dene kacekipun

boten kathah, puspita monca warna wau anamung aji, pradekaning panglamar ing ngandhap punika anamung tanpa aji dados namung kaot tembung kalih wanda.

Pracekaning panglamaripun ratu ing tanah sabrang

Serat winantu pupuiji miwah pangastuti ingkang rumentah saking prana sajati, sakira kapara sang brahmana sakti ing nagari paranga braja, ingkang minongka pupundhening para raja ing tanah sabrang dhumatenga yayi prabu drupada ingkang angregani kadhaton ing Cempala reja.

Sasampuning kadya punika wiyosanipun kula anglairaken esthining manah kula dhumateng yayi prabu, jalaran kagerede saking samothahipun putra kula kaki prabu jungkung mardeya anggenipun kayungyun gedering pawarta saking para tiyang monca praja ing tanah sabrang, ingkang mentas sami lalayaran angajawi, bilih yayi prabu kagungan putri adi kasusra ing kasusilanipun miwah anetepi papethinganing putri utami ngantos saged anggonjingaken manahipun para raja ing tanah jawi tuwin ing tanah sabrang, makaten ugi manahipun kaki prabu.

Ingkang punika manawi yayi prabu sarju anampeni esthinipun manah kula miwah sinambadan dening sangayubagyanipun para kadang kadeyanipun yayi prabu, punapa dene pinasthi dening jawata linuwih, putrinipun yayi prabu wau mugi pinarengna dhaup dados jatukramanipun kaki prabu jungkung mardeya saha lajeng ngadhatona wonten ing nagari gubarja dados satutungguling para putri tawanipun kaki prabu, amurih boten tidha-tidha panggalih pun yayi prabu sarta amurih kasengsemipun nini putri sagambaripun kaki prabu sarada soroting surya (potograpis), dene juru citra ing tanah indhustan ingkang sampun misuwur kawignyanipun, kula aturaken ing yayi prabu asareng punika, dene bilih yayi prabu anampik panglamaripun kaki prabu jungkung mardeya, yayi prabu lajeng abebetenga ingkang kandel, ajajaganga ingkang lebettuwin aminta srayaha dhateng para raja ing nagari liyan ingkang ngantos angebeki nagari cempala reja, boten sade nagari wau kagepuk dening kaki prabu sawadya balanipun ingkang ngantos dados karang abang, wasana punapa ingkang dados wangsulanipun yayi prabu mugi katumrapna ing nawala saha lajeng kaampilaken dhateng caraka kula punggawa danawaka kalih pun tumenggung rodra caraka tuwin pun duta madhendha.

Wasana sastra premadi mugi pun anyeda dhateng kula makaten, benere rak layange prabu jujungkung mardeya dhewe, katandhan gugon tuhon.

Anggep puspita kang ugi karan pak tempus utawi pak kempis, utawi pak kempeseram dene wonten widadari kamanungsan (wong mono nek busuk ya ora bisa sumurup marang loyog lan dayaning tembung), pak kempes, serat sampeyan boten kula wangsuli panjang, kados pundi ta anggen kula saged mangsuli panjang, tiyang sampeyan dereng utawi pancen boten mudheng dhateng galibeding tembung miwah sastra, sumelang kula bok manawi suwiyah ing tembung ingkang angemu raos kados ta angoglongaken ulat, tembungipun kyahi redhaktur, gek sampeyan wastani ulat punika modot, dene tembung kula , pulisi angundang widadari kamanungsan, sok tiyanga ingkang ingkang sampun buntas engetanipun inggih boten amestani widadari sayektos, punapa dumeh nama kula gugon tuhon.

Kula badhe dipunesemi dening sastra premadi manawi kula  tuhu sampu nate sasrawungan kaliyandhemit, kula nun sampun sastra premadi malah ingon-ingon kula dhemit riyel kemawon, sami ngalempak kula griyakaken ing kanthong, suwasi ta sampeyan gumujeng ingkang ngantos cukakakan (wong mono nek ora dhenger laraging tembung), tiyang anggugujeng kandhaning tiyang busuk, inggih punika umukiipun jagaprawira, manawi yektos umuk punika malah saged nglepeti badanipun piyambak sarta kenging winastan remen umuk, malah umukipun wau saged angungkuli umukipun tiyang ingkang gadhah ingon-ingon umuk, saiba ta anggen sampeyan anjola kalolohan ungel-ungelan punika, ewadenten ing temen inggih namung kedah anetepaken sarta boten saged ginggang saking ungel-ungelan ing nginggil wau.

Pitaken sastra premadi ngaku kalojok apa ora, wangsulan embuh ya. Gugon tuhon.

Sarehning panjenenganipun redhaktur taksih adreng anggenipun karsa anyaru dhateng jembering cangkriman kula boten pantes tumrap wonten pasamuwan ing tata krami, ingkang punika kula inggih sampun anglegana ing kaluputan utawi ugi badhe mituhu ing sasaged-saged anglaksanani ngupados cangkriman ingkang pantes, mila kaplantranging manah kula wau namung katut angengeti cangkrimanipun mitra kula Trustha sastra, ingkang sampun medal ing taun kapengker punika, menggah suraosipun nglangkungi saking jenes jember, katimbang kaliyan cangkriman kula wau, sarta adamel kodhenging panggalih dhateng kang badhe ambatang, o..sumongga ta sampeyan galih enget kula suraosipun kados ing ngandhap punika.
Wonten sawung dipunpragat, lajeng kabekta dhateng sumur dipunresiki, sareng sampun resik punika manawi wonten prawan ingkang tetoyan ing ngriku temtu lajneg kluruk, sareng antawis lami dereng wonten ingkang patitis pambatangipun, ing ngriku Trustha satrsa lajeng amedharaken kateranganipun cangkrimanipun wau namung makaten. Saben wong wadon ingkang nuju anguyuh iya pasthi keluruk, dados ingkang mungel sawung kapragat lajeng dipunresiki dhateng sumur, punika boten wonten encoking suraosipun, namung kadamel rarangken kemawon, menggah suraos makaten punika manggen ing pasamuwan tata krami ugi sakalangkung jitheg, tujunipun nalika samanten panjenengan sampeyan dereng amajibi ngarang serat Bra Martani, saupami yen ta panjurung sapunika saestu lajeng boten kapacak kemawon, anaming inggih kados pundi sarehning tiyang kathah wau saestu sanes-sanes pamanggihipun, makaten punika saking kedah-kedahipun badhe sarawungan kaliyan para saged, dene gaduging saserepanipun namung samanten, sanadyan badan kula piyambak ugi kados atur kula ing nginggil wau.
Katandhan punpunggung.

Lir kinenan gandaning widadi, sinawuran sekar urab-urab, langkung kumenyar angene, yen kaciptaning ulun, duk pinasuh basa malad sih dening sang karuh anyar, tan wonten mawelu, ing galing sang punggung mudha, cinawadan ireng redhaktur kang mangkin, mintasih ngejum cipta. Surana.

Piwulangipun tiyang joged, kang amrih utami, mawi kasekaraken dhandhang gula aming, 9 pada kathahipun lumangyan kangge dhateng tiyang ingkang mudha punggung.
Ginupit sekar sarkaraning, pan kacipta bukaning wong beksa, tinutur tata prajane, ningena tyasipun, ya kalimputkasengsem gendhing, kethuk kenong pinurwa, gendhing sadayeku, ya kewraning panggrahita, luwes wilet talitining beksa panji, tahen besus tenaga. Denya besus ing wastra kang adi, tindhak tandhuk delandhep daduga, pilangan wilet tembunge, wong beksa anenayub, ya kalimput pratikel sami, poma angestokena, muda rawenipun, beksa-beksan tan prabeda, ing kawilet kawignyaning beksa sigit, tanapi beksa dhadhap. Adegira pandarating nangi, jaja mungal jungjung pamidhangan, geter amipir sondhore, wedang umob jron kalbu, sarisignya ardi merapi, sarpa nglangi kang jongga, keyong gung lumaku, membat ukel ingkang asta, cethik mengkol ulatira den amanis, tanjak madyaninggangsa. Lambung nguler jedhung pan lumaris, sesek napas iku tunggalena, bantheng ketaton ingere, lumirih ya ing lengus, anawanga bawa umanding, mandining ambeksa, kaeksi neng ngayun, nadyan samaning manungsa, pipaliyan kang darbe paken puniki, purwa wileting beksa. Lamun sira arsa anglarihi, seje lan wong beksa gegebyagan, nglirik katunggal rowange, daduga lawan semu, ing kawilet ya kongsi enting, anggepen pan ngawula, sajroning puniku, yen ngadeg malang pupunya, yen sinindur-sindure tan mawi slisik, ambetek munggeng ngarsa. Sindurira pan mawi salasik, iku enggal aweha marga, ing tengah iku margane, ya enting lupesipun, dadya jalma ingkang prayoga, ingere tunggalena, lan kang beksa iku, daduga-duganing driya, ya kalingkab dadya wus waskitheng budi, sasamining dumadya. Lamun arsa abeksa pribadi, ri sampuna ukel pegang wastra, tindak wor buwang sondere, pegang wastra cinancut, madya wentis wau kang kering, pan ing sawetaranira, ya kongsi kebanjur, la mindhaking nunggul

jalma, tan prabeda tiningalan wong sami, yen sira durung wignya. Lamuna arsa ginunggung sami, yen ta nyamleng nganggo wasa arab, ngiriba wong beksa kabeh, tenaga ayya nglengus, ambek manis sesami-sami, kang besusnya ketara, den kapareng semu, anganggowa pewilangan, luwes wilet memanise ing pawestri, kaloka beksanira. Titi.
Sinerat ing Tembelang, 24 Juli taun 1873.
Ingkang ngaturi panjurung ing nginggil punika kula pun tawen.
Menggah kiranging wanda ing kidung wau dede kalepatanipun juru ngetrap sastra.

Punika Cariyos Babad Mataram
Yata ngandika sang aji, lah tarima ki dipati, genira weh degan mring ngong, ingsun weruh karep ira, yen sira gege ing wang, ywa sira gege maringsun, iya ta mongsa wurunga. Lah ta mangkonoha kaki, iya mengko karsanira, apan ta sira wayahen, ingsun akon angrubuta, marang nagara nira, dene tan wani sireku, ing mengko mangkono sira. Lah iya wruhanireki, ki dipati jenengira, amung akak ira dhewe, ingkang mukti ngawibawa, tan tumerah mring suta, lan duwe wawekas ingsun, ki dipati marang sira. Ing besuk sapungkur mami, sira myang nak putu nira, ora sun kawenangake, nyadrana ngastana ning wang, yata sri naranata, saya ngranuhi grahipun, pangran dipati uninga. Ingkang rama angranuhi, gerahira tiningalan, yata pangran dipatya nom, tansah sira mengkul pada, miwah mijil kang waspa, kang rama wungu angrangkul, mring janggane ingkang putra. Sarwi ngandika narpati, dhateng putra jeng pangeran, sarwi ngandika narpati, dhateng putra jeng pangeran, adhuh nyawa anaking ngong, ki dipati wruhanira, lah iki ingsun uga, wus pasthi karsa yyang agung, yen wus puput jeneng ing wang. Iki baberkatan mami, kabeh sira tampanana, karsa sira kang aduwe, pan sira putra ngong tuwa, kang kwasa gumantiya, maring panjenengan ingsun, nanging ta wawekas ing wang. Ngandika sri narapati, yen ingsun tekeng wekasan, poma ta wawekas ing ngong, kaki sira mangetana, ngajaka wong walonda, iku kanthinen prang pupuh, amalesa ukum sira. Marang wong brang wetan benjing, iya sun namini sira, iya ngrebuta palugon, nagari nira Mataram, yen kanthi wong walonda, ing ngajurit pilih mungsuh, pan wus karsaning yyang sukma. iKu minger sawab salin, iya mangsane ing benjing, walonda unggul yudane, karane sira kanthiya, ing mengko mring walonda, angrebut prajanireku, ing Mataram iku benjing. Lan malih wawekas mami, ki dipati marang sira, yen wus sun tekeng sumados, wus mantuk ing rahmatolah, iku ta layon ing wang, sarekna ing tegal iku, tunggalena ing guru ning wang. Kang sinare ing tetegil, iku kaki guruning wang, dening ta wawekasing ngong, ki dipati marang sira, iya kalamunana, ana lemah kang papunthuk, den inggal sara gondaha. Kalamun gandane wangi, ing kono panggonaning wang, ri sampun telas welinge, sang nata ing gerah ira, saya nglayadi ika, mangkanaha mafad sampun, kang tangis kadya ampuhan. Amung pangran adipati, kang nungkuli sedanira, lawan putra wuragile, ingkang nama den mastapa, sigra pangran dipatya, wus sung wruh mring ki tumenggung, martalaya ing tategal. Saksana mangkat tumuli, ki Tumenggung Martalaya, dhateng toyamas lampahe, methuk layoning narendra, sigra binakta enggal, kang layon mring ki tumenggung, dhateng nagri ing tategal. Pangran dipati tankari, ngiringken layoning nata, samana prapta lampahe, dening ngastana tategal, bumi wangi kapedhak, tan antara layon aprabu, pan sampun rawuh ing makam. Ri wusnya sumeleh mangkin, sri narendra ing Mataram, ing tegal gonda sinare, ingkang kantun kawarnaha, para putra titiga, sakawan lan arinipun, ingkang dereng antuk nama. mAngkana wau winarni, sasedane ingkang rama, sumedya sami pupuleh, denyarsa ngrebut Mataram, pan wus anunggil karsa, ing Bagelen enggonipun, ing jenar gennya palenggah. Ing Pamalang awus ngalih, apan ta suyud sadaya, sakathahipun wong kilen, dening mantri ing Mataram, nama gajah pramoda, punika wau kang kantun, ngawula mring raja putra. Pangeran Puger anenggih, asare dalu supena, panggih lan rama tingale, ingkang sampun tulus seda, jro supena ngandika, lah baliya anak ingsun, rebuten nagri Mataram. Mengko wus ungsume kaki, kikithaha aneng jenar, sapanglilire asare, raja putra pan kalintang, gagetun supenanya, atari mring mantrinipun,

tanapi para punggawa. Miwah para tapa nenggih, karsanira sang aputra, arsa ….jenenga katong, sinebaha pra punggawa, miwah pra mantrinira, sakeh punggawa methuk, tanapi kang para tapa. Yata sang aputra aglis, sampun jumeneng narendra, senapati ngalagane, sayidina panatagama, akikitha ing jenar, purwa gonda wastanipun, pra mantri suyud sadaya. Yen sineba sri bupati, pinarak aneng dhadhampar, samana pra santanane, akathah ngantun ing kitha, Raden Wirataruna, raden rongga apan sampun, tanapi para punggawa. Miwah ingkang para mantri, tumenggung gajah pramoda, apan tantun sakancane, ngawula mring raden putra, miwah rayi katiga, wong Bagelen apan suyud, sami kinula wisuda. Wau limane sang aji, tinilar aneng ing marga, pan wus pinurugan age, warnanen tiyang Madura, kang anututi sira, dhandhang wacana pangayun, kandheg wonten jagabaya. Solahe gigilani, wong kalagan kang amapag, pranging wong sami arame, tiyang Bagelen sumahab, sami nyantepi yuda, mantri kalagan ta wau, sami ngawaki priyongga. Arame denya ajurit, denya aprang jagabaya, tan arsa mundur tandange, prajurit dhandhang wacana, ika apan kawasa, tan pisah ing waos dhuwung, arame prang long-linongan. Ing sabendina ajurit, kalawan tiyang kalagan, bedhil-binedhilan arame, wadya bala kathah pejah, buru binuru ika, aneng ing jagabayeku, wong Bagelen tinindhihan. Mring pra santana Matawis, ing saben dina ayuda, kasaput wengi areren, enjang anembang tangara, sira dhandhang wacana, ngundhangi ing wadyanipun, kalawan prajurit ira. Tiyang ing Madura sami, anggregut ing tandangira, sedya angantep jurite, ing kering tiyang Makasar, prajurit ing Madura, apan asiyaga sampun, miwah wadya ing kalagan.

Ongka 33 Kemis kaping 14 Agustus 1873

BRA MARTANI

Kula wisudhan tuwin sanesipun
Raden Tumenggung Suradipraja, bupati pulisi ing Bayalali kaundur saking kalenggahanipun, kagentosan Raden Ngabehi Dipadirja kaliwon pangrembe dalem ing Krapyak.
Raden Ngabehi Bratasudira, kaliwon pulisi ing Bayalali ugi kaundur saking kalenggahanipun, kagentosan Raden Ngabehi Dirjakusuma kaliwon pulisi ing nagari.
Ing salowongipun kaliwon pulisi ing Kartasura, Raden Ngabehi Citrareja ingkang tilar dunya, ingkang kakarsakaken anggentosi Raden Ngabehi Sumapradata panewu jaksa data, kapatedha lema Raden Ngabehi Wiryakusuma, dene damelipun panewu jaksa pradata dipunrangkep dening panewu jaksa ing gedhong kiwa Mas Ngabehi Kartisradata.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Surakarta
Ing griya pasowan ing ngalun-alun ingkang sisih wetan sanajana ing wanci siyang inggih sonten dipunangge pangauban utawi ninis ing tiyang estri ingkang kedah kasingkiraken saking ing ngriku saha kaemor kaliyan bangsaning rereged.
Kajawi saking punika griya-griya pasowan wau kathah ingkang nyuwun dipunresikana.
Radinan ageng sakidulipun griya pamulangan Jawi kenging dipunwastani sampun gripis, wah kesebaran susuker urut pinggir.
Ing dhusun taksih kathah tiyang ingkang suthik numpak kareta asep, awit kamanah kharam, ananging ewon ingkang anggugut tuma tuwin angombe sajeng ngantos kenger engetanipun.

Gurunipun tiyang Jawi
Kala ing jaman kina titiyang ing pulo Jawi gesangipun kados khewan, griya tuwin sandhang boetn gadhah, dalah tedha inggih amung sacandhakipun kemawon, boten mawi ambudidaya punapa-punapa, sasampuning sawatawis atus taun anggenipun nandhang ina papa makaten, pulo Jawi lajeng kadhatengan tiyang Hindhu ngantos ambal-ambalan ingkang amulangaken caraning manungsa, kadosta: angangge sandhangan, damel griya, angratengi tetedhan tuwin amulasara siti sapanunggalanipun, lajeng amulangaken agemi tuwin akawruh, kadosta: anyembah dewa surya, latu, sela, kakajengan tuwin sanes-sanesipun, dene kawruhipun kadosta: sastra, adamel anggitan kinidungaken tuwin cariyos punapa dene dongeng. Sanajan piwulang wau dereng montra-montra anyaketi ing kasunyatan, ananging tiyang Jawi wajib anarimahaken dhateng tiyang Hindhu.
Sasampuning sawatawis atus taun pulo Jawi nunten kadhatengan agami Islam, agama Hindhu kawon sae saha suda kajenipun, sarehning agami Islam sugih kasagahan ing bab ngakerat kawewahan ageng pangancam-ancamipun dhumateng tiyang ingkang boten amiturut, mongka tiyang Jawi kala samanten taksih ageng gugon tuhonipun, mila agami Islam lajeng saged tumanem saha tumangkar ing sanuswa Jawi, malah meh ing sakapulowan Hindu nederlan, tiyang Jawi lajeng wiwit angluhuraken asmaning Gusti Allah, saha mindhak pinter, sanajana agami Islam anggenipun angajawi sakinten langkung 500 taun laminipun ewadenten agami Hindhu dereng saged sirna, awit engetaning tiyang Jawi sampun manjing ing agami Hindhu wau, inggih ugi saking jalaran aking laminipun.
Wasana ing mangke nuswa Jawi kalunturan wuruk saking Eropah, agami kakalih ingkang kasebut ing nginggil wau wiwitanipun amadal saha anangledi, ananging wekasanipun sami rumaos katitih saha wiwit ginggang saking ing pasilan.

Sumebaring kawruh Eropah wonten ing nuswa Jawi saweg kalih dasa taun, ewadene prabawaning kawruh enggal saged amracondhong ing engetan katliweng, tiyang nyembah brahala sampun meh  sirna, tiyang angaji jaya sampun awis-awis, saha kathah tiyang tangi saking tilem utawi medal saking ing pepeteng anyelaki ing papadhang, dalah lare-lare kumrubut lumebet sakolah, mantun mayeng utawi tharuthukan anggendhong kendhil dhateng ing pasantren, anggeping nuswa Jawi sumembah saha ambathara dhumateng ing kanjeng gupremen nederlan indiya ingkang anyebar kawruh, boten etang bondha yatra ayutan tuwin rakaos pinten-pinten.
Dene tiyang cina dhatengipun angajawi saemper amulangaken rekanipun angiseni kanthong, nanging tiyang Jawi nganto sapriki dereng saged-saged.

Pawartos warni-warni
Ing kitha Siyam wonten ambah-ambahan sasakit, ing saben dinten kathah tiyang ingkang pejah ngantos kalihatus, sinten ingkang kaparag lajeng aluntak rahsaha enggal pejah, dene sasakit wau sampun dumugi ing Singgapura, malah ing samangke sampun anyak ing Batawi, menggah tutulakipun: anyirika tetedhan ingkang anyebabaken kadosta: timun watesan sapanunggalanipun, saha sampun ngantos angombe toya lepen ingkang dereng kagodhog utawi kaecos ing tosan abrit punapa dene anyingkirana kinjeng jenes.

Juru basa bongsa Aceh anama Sayid Saiditakir, kapatedhan bintang saking kanjeng gupremen.
Tuwan kaptin Galten ingkang sampun angelaya ing jagad saha anjajah tanah meh saaprikah tuwin satanah Cina, ing mangke darbe pamrayogi, supados titiyang ing tanah Cina ingkang sapra sakawan kausunga kadamel ingsen-ingsenipun tanah Afrikah, awit kathahing tiyang Cina ngantos kawanatus yuta dados dhapur kakathahen, dene tanah Afrikah taksih kathah ingkang suwung sarta sugih pamedal.

Demak--- Kecu
Kala tanggal kaping 2 wulan Agustus punika lurah dhongkol ing dhusun cangkring kulon dhistrik wedhung dipunkecu telas pangaos 500 rupiyah, sarta wonten tiyang titiga ingkang kabranan ngantos sanget, ananging ngantos sapriki dereng wonten kabaripun, punapa kecu wau sampun ingkang kacepeng dening pulisi.

Slompret Malayu.
Slompret Malayu ongka 32 amratelakaken bilih ing Ngayogyakarta sadinten-dinten taksih wonten kabar reresah ing bab kecu tuwin griya kabesmen ingkang saking pandamelipun ambek awon, malah kala tanggal kaping 31 Juli ingkang kapengker punika tuwan Kribel punika ing dhusun pandul ugi kekecon, griyanipun kabesmi sarta tuwan wau kabranan.
Tembung: *sadinten-dinten teksih wonten kabar reresah* ing nginggil punika saking panginten kula kenging kamokalaken saha dhapur angusutaken taberinipun pulisi ing Ngayogya.
Redhaktur ing Bra Martani.

Kula mireng wawartos saking Sala, bilih kanjeng tuwan asisten residhen ing Karangpandhan ing serat dhumateng pakter apyan, suraosipun adhadhawuh, supados sadhiya asikep dadamel awit kawartos wonten kecu plajengan saking Ngayogya kathahipun 20 iji sami sumedya anjarah rayah ing pakterapyan sapisan ekas.
Porste landhen.

Samarang
Komidhi ing Japan ingkang sampun main ambal-ambalan wonten ing ngalun-alun saha tampi pangalem tuwin adamel eraming kathah, awit saking aneh tuwin lucunipun.

Diksuranipun tiyang bongsa Inggris

Ing Amerikah wonten tiyang bongsa Inggris amondhok ing griya pasewan, dumadakan amejahi ing rencangipun ingkang gadhah pasewan jalaran saking nepsu, saha lajeng kesah tan pamit, ingkang gadhah griya pasewan kapit anututi sarwi anguwuh-uwuh, eh wong Inggrih kowe amateni baturku, wangsulanipun tiyang Inggris sumengah boten mawi taha-taha: lah lebokna ing rekening bae.

Serat kabar saking Amerikah punika kerep isi pawartos ingkang lucu-lucu saha aneh-aneh, malah wonten ingkang mungel makaten: ing tanah Amerikah wonten tiyang saged anirokaken kluruking sawung ngantos angeblegi, mila bilih tiyang wau kaluruk ing wanci tengah dalu, surya kerep kecelik malethek saderenging wanci.

Anekdhote.

Saking pamireng kula kanjeng parentah ageng saderengipun angangsahaken wadya balanipun dhateng ing Aceh badhe karsa amrawasa ing prang rumiyin dhumateng raja ing Simpangolim, inggih punika ingkang dados laknating karaharjan sarta ambabaluhi para bajak ing pasisir wetan tanah Sumatra.

Lokomotif.

Bebahaning pulisi

Kala tanggalkaping 11 wulan punika wanci dalu ing tokonipun tuwan Dhegrut Kolefa ing Samarang kalebetan pandung, menggah barangipun ingkang ical awarni tromol isi arta 129 rupiyah, erloji mas titiga, erloji salaka pipitu, sadaya pangaos kirang langkung saking pitungatus rupiyah.

Panjurung Bra Martani Cariyos Sendhang Tiban

Ing sawetan dalem kapatiyan Surakarta kaprenah sakilen griyanipun Raden Rongga Sastradiharja, nalika tanggalkaping 19 Rabingulakir ingkang kapengker, laledhokan sacelaking delingapus katingalan wonten embesipun amembeg-membeg agengipun wonten satampah, ing sanalika kasumerepan dening Raden Rongga Sastradiharja, embes wau kakedhukan lebetipun 10 kaki, wiyar 14 kaki, panjang 15 kaki, amedal tukipun sakalangkung bening tur asrep toyanipun katingalan alembak-lembak, ing salajengipun tuk wau kasaenan ing sakongadipun Raden Rongga Sastradiharja, kangge adus tiyang kathah sakalangkung amupangati, etuk lajeng karan nama ing sendhang arja, menggah wontenipun etuk medal wau saking cariyosipun para sepuh kados ingkang kula pratelakaken ing ngandhap punika.

Kala Kanjeng Raden Adipati Sasradiningrat ingkang sumare megiri, ing panggenan sendhang arja wonten belikipun ingkang sakalangkung sae toyanipun, sareng kauningan kanjeng raden adipati, belik kawiyaraken sarta kalebetaken wiyaripun ngantos 30 kaki pasagi, lebet 15 kaki, toyanipun sakalangkung bening asrep sarta ageng tukipun bermili dhateng ing kalen lajeng kaparingan nama: tlaga madirda, kangge pasiramanipun kanjeng raden adipati sagarwa putra tuwin tiyang kapatiyan sadaya, ing salajengipun talaga madirda kagem pasiraman dalem Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana ingkang kaping 6, saderengipun jumeneng nata taksih wonten ing kapatiyan, tuwin Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan ingkang kaping 4 ugi asring tedhak ing tlaga madirda, awit saking sawab dalem nata tuwin papatih dalem tlaga wau kenging kaangge pamidhangan tiyang kathah, menawi bakul abucali tlaga inggih laris anggenipun sadeyan, tiyang mantu sapanunggilanipun wilujeng, bilih prawan utawi jajaka adus ing ngriku inggal laki utawi rabi, tiyang sakit mripat lajeng saras, manawi kabucalan sasuker, tiyang ingkang bucali wau lajeng sakit sanget, ing wasana sareng suwargi Kanjeng Raden Adipati Sasradiningrat ingkang sumare jabung, tlaga wau dipunurugi kangge waradinan, ingkang dados pangagengipun ngurug Raden Mas Arya Sasratenaya, 2 Mas Ngabehi Ditikarya, punika pangageng kalih

lajeng sakit busung tuwin abuh kontholipun anemahi tilar dunya, sasampunipun tlaga wau pejah, lami-lami medal embesipun malih punika dados nama sendhang arja, ananing andadosaken cuwaning manah kula aningali wujudipun sendhang arja, dene patilasanipun para ageng ingkang ancen apumangati anggenipun dandosi amung sapanggihipun boten kadamel prayogi kados ing manahan, utawi boten kagesangaken sawiyaring talaga kados kina, awit katimbang dhaetng manahan langkung celak dhateng sendhang arja.
Surakarta kaping 5 Agustus 1873.
Katandhan Juru silem ing sendhang arja.

Sagunging kaurmatan kawula ingkang kawantu-wantu kaatur ingkang saudara tuwan Jonas Portir en ko, redhaktur ing Bra Martani, ingkang sugeng rahajeng ing sanegari Surakarta Hadiningrat.
Menawi andadosaken parengipun panggalihipun sampeyan saha panuju wonten longkangipun papan, panjurung kula punika mugi kapacaka ing koran Bra Martani wekdalipun ing dinten Kemis ngajeng punika.
Ing koran Bra Martani ongka 18 ingkang medal ing dinten Kemis tanggal kaping 1 sancan Mei punika, wonten panjurung saking Pasuruhan katandhan sesilih nami Secawecana, kang ngawon-awonaken kalih tiyang, satunggil Raden Onggawijaya alyas Sajiman, kalih Mas Angabehi Atmawijaya alyas Mahit.
Ingkang punika saking panimbang kawula, saking kasesa panas ing panggalih kimawon, saha kirang jembar polatanipun, amituruti manah kemered, wondenten tiyang kalih ingkang dipunawon-awon wau pratelanipun kados ing ngandhap punika.
Mas Onggawijaya wau anakipun Mas Onggadirana mantri klandhong ing Surabaya, Mas Onggadirana anakipun Mas Onggadiwongsa mantri anom ing kabupaten Surabaya, kala ing taun 1820 dherek prang ing Kertasana dumugi pikantuk pansiyun, Mas Onggadiwongsa anakipun Mas Onggatruna mantri ageng ing kabupaten Kasepuhan, Surabaya.
Ingkang turun saking estri Mas Onggawijaya wau anakipun Raden Ajeng Darminah, Raden Ajeng Darminah anakipun Raden Seca Kusuma, tumenggung kliwon ing Dipanegaran, Ngayogyakarta, Raden Secakusuma anakipun Raden Tumenggung Kliwon ing Dipanegaran, Ngayogyakarta ugi.
Mila Mas Onggawijaya wau supami saking bapa kenging kauwuh mas, supami saking ibu kenging kauwuh raden, mekaten ugi Mas Onggawijaya dados tiyang baten kalebet ngagengaken utawi piyangkuh, tepang lawungipun dhateng sanak sobat ugi sae, dipunuwuha kang wigus utawi kang awak paman ugi purun kimawon, dhateng para sepuh-sepuh utawi para dara-dara ugi kurmat sanget, dhateng tongga tepalih ugi sae sanget.
Denten dhatengipun ing Pasuruhan mas Onggawijaya punika wau kala ing taun 1857 dherek tuwan Wirman dados tukang gedrik, kapatedhan balonja 40 rispis ingkang sawulan, kala ing taun 1863 pindhah dherek ing tuwan Abras, dados bas tukang gedrik kapatedhan balonja 60 rispis ingkang sawulan, kala ing taun 1865 pindhah dherek dhateng tuwan Pan Dhedhengen ugi dados tukang gedrik lestantun kapatedhan balonja 60 rispis ingkang sawulan, kala ing taun 1868 kaangkat dados tukang wang lelang ing kantor Pasuruhan ngantos sapriki, ingkang ngangkat bendara Raden Angabehi Cakrakusuma, jeksa ageng ing nagari Pasuruhan ingkang sakpunika dados bopati ing negari Bangil paresidhenan ing Pasuruhan.
Denten ingkang ongka 2, Mas Atmawijaya punika asal saking kilen, ananging kelahiranipun ing Surabaya, pratelanipun ing ngandhap punika.
Pangeran Sumedhang peputra Arya Nangkuban, peputra Arya Jayapermana, Arya Jayapermana peputra Kyahi Mas Onggawerna, Kyahi Mas Onggawerna peputra Kyahi Mas Onggasastra, punika ngalih ing nagari Pakalongan, dados juru serat ing kantor paresidhenan, nunten kaangkat dados mantri ing kabupaten Pakalongan, punika peputra kyahi Mas Arjadipura, Kyahi Mas Arjadipura punika magang ing tuwan Delir Semarang, nunten kabekta ngalih ing Surabaya.

Ing ngriku kaangkat dados mantri pulisi ing paresidhenan Surabaya, sarta kaparingan nami Mas Ngabehi Arjadipura sekendher punika ingkang peputra Mas Atmawijaya wau.
Anggening wonten ing nagari Pasuruhan, Mas Atmawijaya wau kala ing taun 1869 dados juru seratipun tuwan Preser ngantos sapriki lestantun sae.
Mekaten ugi Mas Atmawijaya wau tepang lawungipun dhateng para sanak pra sobatan kalebet sae sanget, sae boten ngagengaken utawi boten piyangkuh, ugi kurmat dhateng para sepuh utawi para dara-dara, saha dhateng tongga tepalih ugi sae sanget.
Pasuruhan tanggal kaping 2 Jumadilakir, Jimakir 1802. Katandhan pun Sewanasita.

Panjurung kabar

Wonten lare watawis umur 9 taun gadhah sakit tatu sampun nate dipunjampeni, sakathahing usadi ananging tanpa wasana, dalu tuwin siyang lare wau tansah abrengan kemawon jalaran boten saged anahanaken raosing sakit, tiyang sepuhipun ngantos dados malarat sanget, awit barang darbenipun sampun telas kalintokaken jampining anakipun, malah-malah taksih tambah risaking badan, awit saking susah ginubel dening nalar kacingkrangan, ah..makaten punika lalampahan ingkang mesakaken sanget, saha kenging dipunwastani tiyang anandhang suyama, rinten dalu bapa biyungipun awis tilem, namung mantheng anggenipun amadyas tungkara, miwah ambudidaya supados sumerapa ing pundi dununging jampi ingkang saged anyirnakaken, tangganipun estri wasta bok Suta kerep atinjo ambekta tetedhan tuwin sekul, dipunsukakaken dhateng lare ingkang sakit wau, saha sasaged-saged amulasara, awit bok Suta samireng kula nalika tiyang sepuhipun lare wau taksih tinengga arta kerep dipunpitulungi ingkang dados kabutuhanipun, amila bok Suta amulasara, ngantos dipunrencangi angwedalaken riwenipun.
Pinuju ing dinten malem Jumungah bapakipun lare wau kasembadan angsal wawangsit kang sarana anyupena, dipunsanjangi ing tiyang yen ing dhusun Gondho wonten sendhang winastan sendhang sirondha, saha murih anakipun wau dipunken ngadusi ing sendhang, supados sasakit wau lajenga enggal saras, pitedhah saestu dipunlampahi kalayan sengkud ing manah, enjingipun lajeng mangkat kalih anakipun ingkang sakit, sareng jog dumugi ing dhusun Gondho, bapaking lare wau lajeng pitangled dhateng satunggaling tiyang wicantenipun, sadherek punapa ing ngriki wonten sendhang sajati ingkang nama sendhang sirondha, ingkang dipunpitangledi lajeng mangsuli, inggih yaktos wonten, ananinging tebihipun saking ngriki taksih sapal, sareng bapakipun lare wau mireng basa makaten malah-malah bok manawi anggadhahi cipta kibir, yen sakinten anakipun sampun tamtu ginanjar mulya alalantaran saking sendhang wau, dene anggenipun pitangled lajeng boten ngantos dangu, awit daya-daya enggala sumerep papanggenaning sendhang ingkang dipunsipta saking griya, sang winangsit ugi kaleksanan saged angadusi anakipun, sareng let 15 dinten kalayan anggenipun adus, lare wau sakitipun lajeng saras babar pisan, o..kula eram sanget dene sendhang teka gadhah daya ingkang ampuh makaten, sanes saking cariyos ing nginggil wau, kula ugi mireng kabar saking mitra kula, yen ing sendhang wau pancen gadhah daya ampuh sarta ngantos samangke prasasat meh boten wonten kendhatipun, para tiyang sakit tatu ingkang sami adus ing ngriku, dene etuking toya saking ing nginggil gumrojog saengga pancuran, ananging jahnawinipun boten patos bening, saha warnaning panggenan boten angresepaken , jalaran ing kiwa tengen kaubengan dening tataneman ageng tuwin thuthukulan, malah sawatawis angigilani, saemper kados made yasaning lelembat tuwin sawer, yen siyang ing salebeting sendhang wau meh boten kacipratan senening surya, awit saking rungkudipun, wau sendhang kaprenah salering fabrik.
Dene cariyos wau kakalih temen utawi botenipun pun kula namung sumongga.
Katandhan pun renyep.

Ing Bra Martani ingkang kapengker punika wonten panjurung katandhan *atur pariksa* suraosipun angwartosaken bab resaking tindak saha digungipun wadana dhistrik ing Jatinom.
Sanajan watek kula piyambak boten rena adamel rengkaning katentremaning tiyang ingkang boten amangangkahi cilaka kula, ewadenten pamacak kula panjurung wau boten kasaroja ing semanging manah, awit kula rumaos kauban ing nagari ingkang kula dunungi, saha sanajana amung ayasa sapala inggih angrembak damel gegebenganing kanjeng gupremen akanthi setya tuhu, anyunyuluh bongsa peteng tuwin anudhingi lampah salinthutan ingkang konangan ing mripat tuwin kapireng ing kuping kula, sarana *angangge daya miwah wewenang ing sadungkapipun* saha kula bingah bilih Bra Martani boten kirang cukat ananggapi pawratos Jawi ing asderengipun pawartos wau mancolot ing serat kabar sanes.
Saupami panjurungipun *atur pariksa* wau boten kula pacak saestu badhe dados serat ingkang winastan pos mel, bilih makaten dados wedaling serat badhe salinthutan saha angugujengaken, dene saupami mancolot ing kabar sanes ingkang basanipun boten kula mangretosi, lah ing ngriku kula badhe dipunwadani ngaler ngidul tanpa sumerep balento ing rai kula, sumerepa sumerep lajeng kapeksa dipunkapyuki ing toya kapurih raup.
Saupami tiyang ingkang suka panjurung wau bunta saengetanipun, sampun saestu purun aben dhadha sowan ing ngarsaning parentah piyambak, ananging kalimrahaning tiyang alih ha rak ajrih, saha sanajana angambah margi padhang inggih kuwatos bok bilih badhe kasandhung awit saking blonyoken, anggenipun boten tumut ngresahi utawi kelu patrapipun wadana punika, sampun pantes tampi alem, tanpa atur pariksa kadhistrikan Jatinom badhe teksih lami anggenipun nandhang sasakit.
Redhaktur.

Panjurungipun rama duta, dewabrata tuwin lisunsi sami boten kula pacak, awit kula botenmangretos suraosipun.
Panjurungipun niti sari inggih boten kula pacak, jalaran keroncen.
Saderengipun tirtaranu amalehaken namanipun ingkang sayektos kula dereng amacak panjurungipun.
Ingkang punika sampun ngantos dados pangajeng-ngajeng.
Redhaksi.

Punika Cariyos Babad Mataram
Sigra ngantep ing ngajurit, panembahan ing ngalaga, ingkang nindhihi jurite, dadya kang prajurit samya, miwah para santana, sadaya pan anggregut, rahaden Wirataruna. Raden Wiramanggaleki, Tumenggung Gajah pramoda, Pangeran Martasanane, lan Pangeran Singasakar, samya nindhihi yuda, saumedya ngrebat kadhatun, sigra campuh ing ngayuda. Arame tempuhing jurit, buru-binuru kang yuda, wong Sampang kasor jurite, malah akathah kang pejah, wong Madura Makasar, samana sampun kaburu, wong Sampang lorod mangetan. Denya amburu mangukih, wau prajurit kalagan, wus nyabrang jagabaya ge, sumedya angrebut pura, pan samya angsal manah, tiyang bagelen anggregut, myang panembahan ngalaga. Wau kalawan kang rayi, wus anabrang jagabaya, wong Madura palayune, datan anolih ing wuntat, kalawan wong Makasar, ngungsi kitha sedyanipun, warnanen kang kari ika. Ingkang ngangkah ing jro puri, Ki Tumenggung Mangkuyuda, punika ingkang angrengkoh, nenggih kadhaton Mataram, polahira wong Sampang, lwir yak samyat daging wau, dipati Sampang kacandhak. Ingkang aneng ing Matawis, Ki Dipati Cakraningrat, sampun lami kacekele, mring prajurit Mangkuyudan, wus binoyongan ngetan, samana pan sampun katur, dhateng Raden Trunajaya. Yata wau den sakiti, ingkang paman Cakraningrat, dinekek lodhaya gone, wau lawan rabinira, langkung kawelas arsa, enengena kang winuwus, warnanen Dhandhang wacana. Ingkang kaburu angungsi, ing jro kitha ing Mataram, datan kari sarowange, yata wau panembahan, ing ngalaga kalawan, ingkang rayi ambebujung, dhateng Ki Dhandhang wacana.

Saha gagaman ngajrihi, yata titiyang Mataram, samana kathah kang rawoh, dening amiyarsa warta, kalawan gustinira, wangsul malih juritipun, marmanipun wong Mataram. Sumahab wau kang prapti, apan sami angawula, nenggih dhumateng sang katong, panembahaning ngalaga, saya kekah kang yuda, dening titiyang Matarum, kang mawut sami ngalempak. Lampahira sampun prapti, wau nagri ing Mataram, sumahab wau barise, aneng sajawining kitha, tumenggung Mangkuyuda, kang aneng jroning pura gung, kalawan dhandhang wacana. Lawang kitha den tangkebi, samya miris manahira, wong Madura sakathahe, kang sami kaburu ika, miwah bala Makasar, samya miris manahipun, dening sajawinging kitha. Melatar kang ponang baris, kang sinembah ing ngalaga, kang nedya ngrebat purane, tan kawarnaha solahira, denya amangun yuda, wong Sampang giris tysaipun, lolose dalu samana.

Saking jro kitha Matawis, Ki Tumenggung Mangkuyuda, datan kari sabalane, apan sami gerawalan, palayune angetan, Kadhiri sedya jinujug, tan kawarna lampahira. Warnanen sri narapati, kalawan kang rayi ika, sampun karebat purane, panembahan ing ngalaga, wus ngadhaton Mataram, wus tetep karatonipun, wadya bala ing Mataram. Akathah kang sami prapti, pra mantri miwah kapedhak, lawan pra santana kabeh, tetep panjenengan nata, aneng nagri Mataram, ingkang wadya bala suyud, semana kang pra santana. Pra sami jinunjung linggih, wonten kang rayi satunggil, samana durung alunggoh, yata kinula wisudha, jinunjung lenggahira, sinungan kakasih wau, pangeran arya panular. Miwah pra santana sami, sadaya jinunjung lenggah, raden rongga namanipun, adipati Martasana. Ingkang sami nata malih, nama Raden Onggayuda, sampun jinunjung lungguhe, anenggih kakasihira, Pangran Natakusuma, samana sampun misuwur, ing wong Mataram sadaya. Wau ta ingkang winarni, kang nama Kiyahi Kamal, sampun jinunjung lungguhe, dadya pangulu Mataram, tetep jenenging nata, titiyang alit jrih lulut, anglampahi kukumolah. Parentahe sri bupati, apan adil paramarta, wong Mataram suyud kabeh, nanging kalane samana nagari ing Mataram, asanget gegering agung, larang udan larang pangan. Sanget welak ing Matawis, geseng wau kang nagara, apan ta maksih awane, rehning nagri mentas rusak, mila sanget samana, Mataram gegeringipun, geseng tan kena ingambah.

Pan kere aglar ing margi, pan tinut ing kudhis ira, belarongan ta ambune, bebedhilen nut sikilnya, kekere kathah pejah, adulu aneng lulurung, miwah ing lepen atembak. Wadya pan kirangan bukti, larang udan larang pangan, wong cilik tan buh polahe, saking sangeting wawelak, nagari ing Mataram, langkung kawlas asihipun, wongsa sambat gula drawa. Yata sanget wawelak nagari, apan kathah sakiting sujalma, panastis lawan rumabe, wadya pating galuruh, ingkang gering sore suk mati, saking sangeting lara, ingkang gering ngesuk, apan sore pejahira, wong Mataram tan anyandhang datan bukti, asanget larang pangan. Adipati Martasana sakit, tan alami yata nulya seda, sareng kaliyan arine, yata pangeran wau, Singasari pan angemasi, wong cilik tutumpesan, wadya ing Matarum, sanget susahe kang manah, ing Mataram asanget denya gesengi, datan kena ingambah. Enengena kang madeg narpati, sira panembahan ing ngalaga, kang ngadhaton ing purane, wau ing kang winuwus, putra sepuh kang anggung brangti, pangeran adipatya, tansah nganyut nulung, sasedane ingkang rama, sakalangkung wau denya angrudatin, sumedya anglelana. Nglampusi manah asru prihatin, pangran dipati ing karsanira, anggung mondra ing sedyane, apan sampun anglampus, tan anedya wau ngulati, margane kawibawan, wau sedyanipun, minggah khaji dhateng Mekah, pan kapalang punggawa anggegendholi, sadaya tan arembag.

Ongka 34 Kemis kaping 21 Agustus 1873

BRA MARTANI

Kula wisudhan sapanunggilanipun
Gagemegan ing kamangkunagaran
Kala tanggal kaping 14 wulan punika Raden Mas Sukirna kinula wisudha dados lurahipun abdi dalem priyantun santana canggah dalem sapanunggilanipun saha kapatedhan nama Raden Mas Panji Cakrawijaya.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Surakarta
Kareta, kapal sadandosanipun punapa dene kusir ing pasewan kareta ing Mesen sami kirang sae, saha prelu katanggenah dening ririgening pulisi.
Porste landhen.

Porste landhen ambal-ambalan anggenipun angresula bab awoning radinan ageng ingkang dhateng Jebres.
Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan ugi amanjurung yatra 150 rupiyah dhateng pasamuwan (Roode Kruis) ingkang ginelaraken dereng lami punika, kangge angupayakaken dana dhateng para wadya bala ingkang sami kaangsahaken dhateng Aceh tuwin nandhang kasangsaran ing payudan, kajawi saking punika bok bilih kalempaking yatra urunan wau kirang saking sewu rupiyah, ing Sala ngriki wonten ingkang sagah anjangkepi.
Berbudi ingkang makaten punika pantes lasasanti jaya-jaya, saha sok anguguh ing kabesturon.
Prajuritipun kanjeng gusti pangeran adipati Ariya Mangukanara kathahipun 120 ingkang kalebet pipiliyan badhe kaangsahaken dhateng Aceh, katindhiyan upsir nenem saha dipun pramugareni dening putra satunggil, ing samangke para prajurit wau sami kaliberaken, ananging tumunten badhe kabodholaken dhateng ing beteng Wilemin (Bahwara), wonten ing ngriku dipunsikepi dadamel sanjata enggal saha kawulang pangulahipun pisan. Mugi-mugi para prajurit wau samiya amintonaken kaprawiranipun ing aprang.

Ing ngandhap punika pratelanipun para upsir
ingkang sami badhe magut ing ngayuda
Pangeran Ariya Gondasiswara, kapiten komendhan.
Raden Mas Ariya Surakusuma, irste litnan ajidan.
Raden Mas Panji Endrawinata, kaptin kumpeni komendhan.
Raden Mas Panji Yudaasmara, irste litnan.
Raden Mas Panji Kusumaningrat, twedhe litnan.
Raden Panji Surasumaya, twedhe litnan.
Porste landhen.

Nuswa Jawi
Sampun sawatawis mongsa nuswa Jawi katingal nandhang linglung, kawit dening mendeng amuja semadi, amiminta ing bathara, supados para prajurit Jawi ingkang sami tinanggenahdening kanjeng gupremen abantu yuda dhateng Aceh sampun ngantos anguciwani, malah sumorota kasuranipun wonten ing samirana saha sageda kondur angajawi ambekta kukudhung.

Saupami boten saged tetes ingkang dados pangajap-ajap, utawi wonten pawartos ingkang anglilingsemi, iba badhe sumedhot saha kucemipun nuswa Jawi.

Koran Samarang angresula bab siyanipun tiyang Jawi ing Samarang dhateng ing kapal momotan, ing Sala makaten ugi, kacariyos wonten kapal momot krakal ambruk saha lajeng boten kumrejet badhe tangi, momotanipun tumunten kaelong sapalih, sarta kapalipun deresi ing gebag, tepang tuwin tendhang, ananging tanpa wasana, momotan lajeng kaedhunaken sadaya, ewadenten kapal inggih dereng ngadeg, salajengipun cekathakan ugi kaudhunaken sarta tiyang ingkang anggereg anyandhak sela pating cringih, katigilaken ing buthunging kapalkera wau, wasana kapal saged dipunngadeg bededengan rakaos sanget, tiiyang Jawi punika limrahipun amung sakedhik sihipun dhateng kewan.
Guru mupalangan, tanah ing sapulo Jawi ngendi kang kerep katrajang ing prahara.
Murid, ing pardiken, ing ngriku kukusipun tansah alimengan.

Kala tanggal kaping 16 wulan punika wanci siyang sakinten jam 4, ing kampung Naga bandan wonten tiyang jaler pejah saweg umur 38 taun, menggah jalaranipun boten terang, tiyang wau mentas nedha sekul lajeng nedha tape tumunten gugujengan boten montra-montra nandhang sasakit, dereng antawis sajam lajeng luntak, wasana boten ngantos saprapat jam anemahi layon.
Sambatipun ingkang estri pegat-pegat dening kadresaning luh saha adamel gumetering tiyang ingkang sumerep dhateng katresnanipun salaki rabi.

Ing kitha Nepel wonten lare kamongsa ing tikus, jisimipun anggigilani, suku tuwin baunipun kantun anyatunggil.

Ing kitha ..orlai wonten tiyang jaler umur 70 taun, amasesa anakipun jaler awit busuk, anak wau kacancang ing rante kauger kaliyan kandhang babi saha kawudanan laminipun tigang taun, ing mangke bapa ingkang ambeksiya punika tampi ukuman nyambut damel peksa sadasa taun.

Kala tanggal kaping 9 Juli wanci dalu jam 8 langkung 25 menut, ing Cirebon wonten lindhu, sabawanipun kados kareta asep lumampah.

Kala tanggal kaping 4 Juli wanci sonten ing Pakalongan tuwin ing Banjarnagara (Banyumas) uga wonten lindhu.
Pabrik arloji ing tanah Switserlan anggenipun damel arloji ing dalem sataun angsal 200 ewu iji, sadaya pangaos 20 yuta rupiyah, dene kathahing kriya ingkang anggarap 60 ewu.

Banyumas
Lare jaler satunggil awasta Sanding, kadugi umur 11 taun, anakipun tiyang wasta Ki Bandhol griya ing dhusun Banjengan, dhistrik Purwareja, nalika dinten Jumungah kaliwon tanggal kaping 8 Agustus punika sampun pejah jalaran dhawah saking uwit kalapa salebeting pasitenipun piyambak.
P.L.

Bilih dhangan ing panggalihipun ingkang ngarang Bra Martani, orek-orekan kula punika mugi dipunsesel-seselna.
He..para karuh ingkang sami tunggil budi kaliyan kula, punapa panjenengan boten kabrebegan dening cangkriman tuwin swaranipun nuwun apunten ing Bra Martani kala anupuni kajawah cangkriman, saha kula meh kemawon alok, *boyut, udana cangkriman sing deres* saha kathah ingkang ithik-ithik nyuwun pangaksama, bilih sampun jeleh *nyuwun pangaksama* lajeng

ngalih *minta aksama*, bilih sampun kerepen lajeng angalih *minta aksama* miwah kawewahan *ingkang agung* saha sanajana sebut wau ngantos angganter, ewadenten dereng nate wonten ingkang mangsuli *iya kowe dak apura*.

He..para karuh ingkang sami tunggil budi kaliyan kula, menapa panjenengan maelu dhateng wuruking niti surti ingkang kaoglengaken wonten ing Bra Martani, saha kula nyun priksa mugi dipunwangsulana ingkang *bares*, punapa ing jagad badhe wonten tiyang ingkang saged anglampahi wuruk wau. Menggah saking panggagap kula boten wonten, lah…wuruking ingkang boten kenging kaangge ing manusa, punika kedah kasirnakaken saking ing jagad, awit mindhak adamel mewelaking engetan.

Kajawi saking punika he..para karuh ingkang sami tunggil budi kaliyan kula, punapa panjenengan saged amastani yen carik langenarja *leres* anggenipun maradi basa niti surti wau.

Punapa panjenengan boten angyektosi he..para karuh ingkang tunggil budi kaliyan kula tuwin ingkang *nedya* ambesut engetan kados kula, yen ing Bra Martani kathah paben dipunrengga ing tembung sosongaran, saha wedaling suraos amung saking pamiyagah, dados tanpa uger, awit saking punika kathah paben sanyari ngantos dados tigang Kemis, ewadenten tanpa katrangan, inggih menapa boten.

He..para karuh ingkang nedya nunggil ing budi kaliyan kula, sampun ngantos panjenengan anggalih, bilih kula pun pothet umarmaya sampun kalunturan ing wuruk ingkang linangkung, sampun ngantos anggalih, bilih kula padhang ing budi sampun ngantos anggalih bilih kula watekcandhala, sampun anggalih bilih kula angoglengaken kawruh, ananging anggaliya bilih kula pun pothot umarmaya nedya angajak tuntun-tuntunan marepeki ing papadhang, angajak mantun angangge budining rare, angajak wangsul saking kesasar, sarta angajak angungak kawruh ingkang boten baliwur, cekakipun angajak angulari *leres*.

Pothot umarmaya.

Panjurung

Nalika dinten Kemis tanggal kaping 7 wulan Agustus punika Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan karsa animbali Cina ingkang sampun kawentar ageng inggilipun, sarta sampun sawatawis dinten anggenipun dhateng ing Surakarta, dene lebetipun wanci jam 8 sonten, kairid dening tuwan Sedribel, utawi Cina wau ambekta barang dagangan warni-warni sami damelan ing Jepan, sarehning ing wekdal punika tiyang ningali boten susah bayar arta, mila sakalangkung kathah para tiyang jaler estri malebet ing karaton, awit ing kori talang paten ingkang sami nyegat udhunipun Cina wau saking kareta, punapa malih ing nglebet palataran bentet tiyang boten wonten selanipun, Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan saha garwa putra sami lenggah ing sasana parasdya, Cina inggil wau katimbalan majeng dhateng tratag sakilen pandhapi ageng, menggah kayektosanipun dhasar anglangkungi ageng inggilipun, saking watawis ing tanah Jawi salaminipun dereng wonten tiyang ingkang inggil samanten, menggah umuripun Cina wau saweg 26 taun, sareng wanci jam 11 kadhawahan mantuk dhateng pondhokanipun, kaparingan arta 300 rupiyah, utawi barang daganganipun ingkang kapundhut regi 62 rupiyah.

Carik langenarja.

Sanadyan pitakenan kula dhumateng Sastrapremadi punika sampun angsal wangsulan, ewadene tumrapipun dhateng tiyang bodho kados kula prasasat dereng angsal wangsulan, awit paringipun pitedah saengga dipunkemeng kemawon, malah anglairaken manawi boten purun kadamel wawaton sanginggilipun ingkang punika migi sampun kalintu serep ing panggalih, panuwun kula wau temen namung anyuwun saserepan ing katranganipun kemawon, utawi kula kapurih anglarasi panjurungipun mas dahwen tiron, tuwin panjurungipun gugon tuhon ingkang kapacak ing Bra Martani, dados ing mangke boten saged anglampahi saking pamurih sampeyan wau, samanten malih paringipun wangsulan mitra kula darma susastra, ugi sangsaya anambahi kodhenging manah kula, amargi boten dipunterangaken wijangipun, namung dipungreba makaten kemawon, luguning gugon tuhon punika ambasakaken tiyang ingkang

gege samukawis ing wiraos, peg ingkang makaten punika kalintu ning pamanggih ingkang kados kula saestu lajeng amaiben dhateng sawargining wiraos, sanajan leres utawi mokal ugi boten badhe anggega jalaran ajrih yen dipunwastani gugon tuhon.
Ananging sarehning kula sampun amrasajakaken saosiking manah anggen kula nyuwun pitangled wau saking dene temen dereng sumerep katranganipun, sarta inggih badhe andherek, ngalmpahi ing sasaged-saged anyirnakaken manah gugon tuhon wau, mila manawi pareng ing panggalih mugi-mugi mitra kula sakaliryan aparinga katrangan ingkang kados dene Kridhamardhawa, utawi Wartasejati, anggenipun negesi patakenanipun Manohara manggenipun budi gangsal bab, ewadene kagalih kapanjangen wijangipun, inggih katerangan ingkang parlu kemawon supados gampil anggen kula badhe anglampahi.
Sastra danangjaya.
Awit saking panimbang kula panjenenganipun redhaktur sapunika, sampun tetela manawi resikan dhateng tembung ingkang mawi teges lekoh sarta jember, saestu boten karsa amacak, saking watawis kula sampun kagalih serat Bra Martani punika waos para ageng, langkung malih kamireng para putri sangsaya boten pantes, sabab ingkang wajib animbang pantesing tembung utawi ingkang badhe tampi pangalembana tuwin panacading liyan ugi wonten redhaktur, ingkang punika anggen kula mangayu bagya mugi lastantuna sanginggil karsanipun ingkang makaten wau, ing mangke kula ingkang miwiti ngaturi cariyos dhateng mitra kula Trustha sastra ugi suraosipun kados cangkriman ing ngandhap punika ingkang kula aturaken.

Wonten tiyang kakalih ingkang satunggil wasta Kyahi Wisaka, satunggilipun Kyahi Candra, punika sami rerembagan tiyang kalih, kyahi Candra wicanten makaten: Wisaka, aku aweh weruh marang kowe yen aku bakal katekan durjana kecu, nanging embuh mangsane anggene teka, dene aku bakal sadhiya barise pendhem akeh abaturku mung pitung puluh, kang iku saka wataramu apa wis nyukupi apa durung, dene wangsulanipun Kyahi Wisaka kang iku panimbanging ati kang iku batur pitung puluh durung nyukupi, ewadene manawa kowe bisa amerang para papatwong pitung puluh mau kang padha itunge, iku amasthi nyukupi, nalika samanten kyahi Candra wau ngantos dangu anggenipun mical mara sekawan tiyang pitung dasa punika meksa boten saged kapanggih ingkang timbang etangipun, wicantenipun kyahi Wisaka gampil kemawon pamerangipun, ananging kedah dipunken ambudi rumiyin, mila kula aturaken mitra kula Trustha sastra supados kadamela samben cagak lenggah, manawi sampun kapanggih mugi lajeng kapacaka ing kabar Bra Martani andadosna papanging manahipun Kyahi Candra utawi pun kula.
Katandhan Mudha.

Panjurung wangsulan
Kula sampun nyumerepi saseratanipun mitra kula ingkang sisilih nama anggara kanthil, rinengga sekar pucung, ambatang cangkriman kula ingkang sinawung sekar maskumambang, sampeyan batang dhadhalang angringgit, punika cecek kalih kang dados pikajengan kula, ananging taksih kirang sakedhik, dene mitra kula pambatangipun wau boten kawijang sapada-padanipun, yen kapareng mugi paringa batangan wijangipun kadosta kang kasebut pada ingsi cangkriman satunggal dumugi pada sawelas, utawi taksih nalisir saestu kula badhe medharaken satunggal-satunggalipun, anjawi punika kula radi ngajeng-ngajeng wangsulanipun mitra kula Trusthasastra, bab cangkrimanipun kang rinengga sekar asmaradana tuwin rinengga sekar pucung, ingkang sampun kula batang, lepat leres mitra kula dereng paring katrangan, ing wasana mitra kula sakaliyan Trustha sastra tuwin Anggara kanthil, manawi wonten sigugipun atur kula paringa pangaksama, saha kalangkung andadosaken bingahing manah kula saking sih rumeseping mitra kula sakaliyan. Titi
Katur kaping 5 Agustus 1873.
Katandhan pun Kumadaya.

Panjurng minongka wangsulan

Sarehning panjenenganipun redhaktur boten anyondhongi manawi wonten panjurung ingkang magepokan ingkang jember, dados kula andherek mrayogegaken, wasana kula ngaturi panjurung kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Serat Bra Martani ongka 27 ingkang medal Kemis kaping 3 Juli taun 1873 wonten panjurungipun mitra kula, ingkang sisilih nama Kumadaya ing nagari Ngayogyakarta, ingkang rinengga ing sekar sinom katitenaken kaping 4 Jumadilawan, Jimakir punika sinengkalan karna nir esti tunggal, ingkang suraos paring panjarwa cangkriman kula 5 prakawis ingkang tumrap Bra Martani ongka 26, menggah panjarwanipun mitra kula wau sampun leres sadaya, cecek kaliyan liripun cipta kula, saha andadosaken seneging manah kula winantu ing panarimah sanget, dene mitra kula sampun aparing adi menggah leresipun panganggit kula cangkriman wau.

Punapa malih kula kapiji batang cangkrimanipun mitra kula satunggal prakawis karengga ing sekar maskentar 11 pada rehning sanget kodhenging manah kula, dados namung jumurung pambatangipun mitra kula Anggarakanthil, ing wasana mugi sampun dados rengating panggalih awit kula boten ngaturi panjarwa piyambak.

Katandhan mitra paduka pun Trusthasastra.

Magetan

Kula marem aningali dhumateng palawija ingkang smi tumuwuh ing tegil tuwin sabin, rondhonipun ijem amuyen, ing ngrika-ngriki kebak katela rambak angambak-ambak, jagung godhongipun rawe-rawe malengkung tumiyung ing margi, kacang rambat ing witing terong kopek rumaket angepek-epek, kadhele tuwinkacang ruji anjrah kados tanpa aji, para nara karya katingal angangge dayaning karosan, sami marsudi anggenipunanambut kardi.

Kanjeng bupatos dereng kendhat anggenipun amider ing tegil tuwin sabin-sabin, tindakipun kanjeng bupatos punika boten mawi kadherekaken lurah dhusun utawi priyantun mantri, namung kadherekaken putranipun satunggal ingkang pancen kawula tuwin dipunsumerepaken ingkang prayogi, yen lurah dhusun tuwin para mantri wiwit jam 5 ½ sampun tumindak andhedheli kemulipun, para kuli ingkang kesed lajeng kairid dhateng ing pandamelanipun kaliyan sami andherekaken kanjeng bupatos ingkang pakantukipun namung gurebeg.

Endrayaksa.

Panjurung minta wuwulang

Ngarompyoh kadi roning kamal, royo-royo ywan kaeksi, pandhasrining kang puspita, sataman ambabar sari, nanduk gonda mrik minging, menuhi kang arum-arum, sung rarasing wardaya, mumulut memalat ati, byaking cipta karonta karantan-rantan. Wit miyating kang wasita, rinengga jro Bra Martani, sinawung sekar sarkara, wuwulang purwaning wasis, pacak-pacak kang becik, ing pambeg saluwes alus, lagu wilet wilangan, dhuh baboraseng tyas mami, kadi nyidham musting rujak nuju panas. Kalangkung kumecer kula, sageda angicip-icip, namung ulun tiyang monca, tebih ing nagari yekti, nging remes bongsa ngibing, kapengkok kautur widhu, kodheng tanpa sinandhang, gung nyandhang ira magendhing, wit katunan tanana antuk kang mulang beksa. Sapunika bok manawi, antuk wuwulang sayekti, nanging ta kirang samatra, den trangna ingkang premati, obah-obah ing sikil, lawan obah ingkang lambung, lan ebah ingkang jaja, lan ebahing tangan kalih, lan obahing jongga keclaping kang ulat. Kados pundi wijangira, wuh sang tawen mugi-mugi, asiya ing sudra papa, paringa barkat kang yekti, wulang kang makantuki, den angge salamenipun, dadiya tutulatan, kang remen ing bongsa ngibing, sarta ingkang sarju kadi manah kula. Mila ulun cumanthaka, minta wedhare kang yekti, patrap pratikeling beksa, warti sami prelu kalih, obahing badan tuwin, kedaling lesan puniku, inggih wasananira, dhumawah apan anggara kanthil kula.Kasmaran amba mangaksi,

panjurung sasratanira, sajuganing sang dyah taledhek, pun tawen kampung tembalang, kang tumrap ing serat kabar, Bra Martani wijilipun, ri Kemis tanggal ping sapta. Wulan Agustus puniki, ongka tigang dasa dwinya, mawi sarkara sekare, anganggit pratikelira, wileting jalma beksa, adeg miwah tindak tanduk, luwes besus ing tenaga. Saestu gumun tyas mami, dene ta kalangkung wignya, murweng papakem solahe, beksaning sujalma driya, wanudya kang mangkana, kena ingaran pinunjul, sasamining pra wanita. Wus pantes kewata tampi, pangalembana sanyata, dene sun iki tanpahe, dadya taledhek wus lama, ananging tan kaduga, anganggit papakemipun, wilet beksaning wong priya. Dadya njoged ngong pribadi, mapan dereng montra-montra, rumaosa ing lerese, mongka pun tawen punika, bangkit karya mangkana, tuhu telaten gyanipun, niteni beksaning priya. Tan lyan ulun sung puji, mugi-mugi linulusna, denya kasub kadibyane, kondhanga ing praja liyan, malak mander ing benjang, dadosa tuladhanipun, beksaning para satriya. Away ana kang nyuwalani, saking papakem punika, dimen para satriya nom, yen nuju samya babeksan, wus wignya mring wiletnya, dadya prayoga dinulu, tindak tanduke atata. Wasana atur wong nginggil, manawi wonten lepatnya, saruning pitembungane, tuwin kiranging ukara, dhuh jeng tawen kang muga, paring aksama kang agung, ywa dadya rentenging driya. Titi supatra tinulis, Respati ing kawanwelas, wulan Agustus warsane, sewu wolungatus lawan, pitung dasa titiga, katandhan pun maben ulun, ing kedhung uter kampungnya.

Panyuwun kula dhumateng para priyantun ingkang karsa paring panjurung, sumedya angabaraken bab katliweng utawi awoning patrapipun priyantun punika sampun ngantos angagem tembung popoyokan, awit ingkang makaten punika angusutaken sakathahipun suraos ingkang dados jejer, saha nagari saking panginten kula lajeng anggalih bilih wawartos wau medal saking ing ambek awon.
Awit saking punika panjurungipun Mintaraga tuwin Khaji Mahmud ingkang sami angwartosaken bab awoning tindakipun wadana ing Jatinom, punapa dene panjurungipun Surawirya bab lepating tindak utawi kiranging ririgenipun raden rongga wiryapranata sami boten kula pacak.
Redhaktur.

Punika Cariyos Babad Mataram
Nanging semana pangran dipati, mesu dhatengaken linding manah, pan datan wonten sedyane, yen gumantyya ratu, tan lyan namung gya munggah khaji, dhateng nagari Mekah, nunten paras rambut, nanging aturipun garwa, sanget mambet semana, miwah kiyahi, Tumenggung Martalaya. Pan mangkana ature pra abdi, sarta Ki Tumenggung Martalaya, yen suwawi nah ing ngangger, leheng jumeneng ratu, anggentosi rama sang aji ,angandika jeng pangran, dipatya Matarum, iya bener atur ira, Martalaya pan ingsun iki samangkin, pan ora darbe karsa. Yen jumenenga ratu ing mangkin, balik sira ingsun golekena, perahu pira regane, ingkang micisi ingsun, ingkang layak sun gawa benjing, munggah khaji mring Mekah, Martalaya matur, inggih sandika pangeran, nanging pun Martalaya boten suwawi, gusti anglugsa raga. Nadyan benjing anglugsa ragi, gusti yen sampun sun Martalaya, golang galing mastakane, kaliyan malihipun, mengsah dalem sampun kuwatir, inggih tiyang Madura, saprakoswanipun, kapanggiya ing kawula, gih manawi Martalaya angemasi, rembag binandhemena. Angandika pangeran dipati, Martalaya iya sun tarima, prasetyanira kabehe, ya marang jeneng ingsun, nanging ingsun samengko iki, nora karsa ayuda, amung sedyaningsun, amung sedyaningsun, arsa ingsun leksanani, munggah khaji teka upayakna mami, parahu kang prayoga. Martalaya dahat tur gendholi, gusti nagari dalem tetegal, wonten bahita asae, kaantosna karuhun, kula dadak dameli mangkin, bahita kang prayoga, katitiyan besuk, kabekta dhateng ing Mekah, minggah khaji ngandika pangran dipati, iya sun anti sira. Pan den kebat gonira akardi, palwa sunanteni ing Banyumas, saksana pangran budhale, ing Banyumas wau, wonten dene pan

ingkang ngiring, wong anom kang tut wuntat, ki lulurah wau, awasta pun Mondaraka, sareng dhateng toyamas lajeng mring masjid, sira pangran dipatya. Tansah manengkung amadi ening, munggwing masjid pangeran dipatya, tan alami antarane, pan saweg pitung dalu, anggenipun sare neng masjid, ing madya ratri ika, nenggih wancinipun, anuju malem Jumungah, jeng pangeran adipati aningali, wulan pipitu prapta. Pangran dipati awas ningali, wulan pipitu datan antara, teka manjing ing jajane, masjid katon garuwung, sirah gada datan kaeksi, nanging langit kawuryan, wau kang kadulu, ana manusa tumedhak, saking wiyat cahya nelahi jro masjid, gedhene saukiran. Munggwing ngarsa cinandhak tan keni, manusa teka manjing ing grana, mangkana ing sajarahe, pangran dipati wau, kalanira aneng ing masid, pan sampun kalebetan, cahya ingkang luhung, pan sanes raos ing driya, lawan saban jagad sajawa puniki, wus kagegem ing ngsata. Cahyanira pangeran dipati, pan dumeling lir wulan purnama, amicoreng jro driyane, iya salaminipun, mangkeneya raosing galih, kayata nora bedhah, nagri ing Matarum, karsane pangran dipatya, pan umadeg narendra padha samangkin, anggenteni kang rama. Sakweh baberkatan ing Matawis, apan wonten wau raja putra, sakehe wasiyat kabeh, yata nulya rinasuk, pan rasukan kiyahi gondhil, mangkya kiyahi blabar, ngagem kyahi baru, pan sarya ingembat-embat, pan Ki Baru samana pangran dipati, wus munggwing ing dhadhampar. Pra punggawa supenuh anangkil, sakathahe ingkang wadya bala, gagetun mulat gustine, apan sanes dinulu, lawan saban-saban tinangkil, ingkang cahya lir wulan, nelahi dinulu, kucem kabeh kang sewaka, upamane lwir surya mulat ing langit, lintang tan katingalan. Angandika pangeran dipati, dhateng wau kyahi Mondaraka, lawan Ki Sendhi jajare, eh ta wruhanireku, Mondaraka lawan si Sendhi, mengko ta karsaning wang, kaya ingsun wuwung, goningsun karsa mring Mekah, munggah khaji dene karsaningsun mangkin, mangun karatoning wang. Kaya kelar mengko ingsun iki, angagema kyahi baru uga, eh Mondaraka ing mangke, miwah Sendhi sireku, payo padha pandum karyeki, lah sira Mondaraka, lan Nirdakarti ku, menyanga mring Batawiyah, alah sira mundhuta bala walandi, marang si kaki jendral. Padha sira mangkata samangkin, sira waraha si kaki jendral, yen karsaningsun ing mangke, arsa amngsah ta ingsun, ngadilaga amapag jurit, yudane wong Madura, sigra kang ingutus, kalih wus atur pranata, mesat kalih saking ngarsane ing gusti, jeng pangran angandika. Eh ta Sendhi wiradi sireku, Onggajaya sira lumakuwa, marang tategal den age, warahen si tumenggung, Martalaya yen ingsun mangkin, pan wurung marang Mekah, munggah khaji ingsun, amangun karatoning wang, karsaningsun angrebut nagara mami, lawan sira waraha. Yen ingsun arsa mangkat tumuli, masanggrahan aneng ing tategal, lawan wekas ingsun maneh, si Martalaya iku, asaosa samekteng jurit, wonten malih abdi kadosa paten lami, aran Ki Pranantaka. Si Gendhewor wastane duk alit, kala taksihe manakawan, kala samana kinengken, marang ing gustinipun, iya kanjeng pangran dipati, ngandikane pangeran, marang kang ingutus, kang aran Ki Pranantaka, Si Gendhewor sira ta lungaha aglis, sira menyanga donan. Sira ngularana sekar adi, iya seka wijaya kusuma, lah iku sira den oleh, sigra saha wot santun, Pranantaka saking ing ngarsi, sampun mangkat sadaya, wau kang ingutus, awatara pitung dina, kang ingutus nring tegil bubar tumuli, mangkat dhateng tategal. Tan kawarnaha lampahireng marigi, sapun prapta nagari ing tegal, kang ingutus katigane, cundhuk lan ki tumenggung, Martalaya utusan prapti, andhawuhaken timbalan, sira sang sinuhun, bungah amarwata suta, ki tumenggung tampi timbalaning gusti, sigra ngatag ing wadya.

Ongka 35 Kemis kaping 28 Agustus 1873

BRA MARTANI

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Saweg katembe
Panuwun nganeh-anehi
Ingkang bupati ing Demak darbe panuwun pamit tirah dhateng ing tanah Eropah, jalaran gerah tingal, awit tuwan dhokter ingkang kasedhahan amulasara amratela bilih gerahipun ingkang bupati wau kengingingipun kaajeng-ajeng saged mulya, amung katirahaken dhateng tanah Eropah.
Pamancasipun nuwun makaten punika menggah ing parentah agengsaestu badhe kanthi kemengan ing galih, saupami panuwun wau boten dipunsembadani, saestu kanjeng parentah ageng inggih badhe kirang rena, kang mawi pangajeng-ajeng saged dipunmulya ingkang bupati wau amung tirah dhateng tanah Eropah.
Dene ingkang sakinten badhe andadosaken dhanganipun kanjeng parentah ageng inggih punika pratelanipun ingkang bupati kawrat ing serat panuwun, supados para priyantun jawi abdinipun kanjeng gupremen ingkang sami pikantuk pamit dhateng tanah Eropah sami dipunparingana dhawah yen sawangsulipun angajawi badhe dados priyantun wahel(*) utawi kadadosaken priyantun sangandhaping ingkang sampun kalampahan, mila makaten sabab panuwunipun ingkang bupati wau sakinten badhe tumular.
(Lokomotif).
(*) tegesipun priyantun wahel: priyantun ingkang kaundur saking kalenggahanipun taksih tampi sapratiganing balonja, saha taksih kenging kawangsulaken dhateng kalenggahanipun lami.

Kedhiri
Kala tanggal kaping 18-19 Juli kanjeng tuwan residhen karsa titi priksa dhateng dhistrik ing jambeyan, salebaring paniti priksa katitik yen sadaya-daya sampun tata awijang-wijang, kanjeng tuwan residhen ngantos ambal-ambalan angwedharaken ascaryaning galih, saha aparing tarimakasih tuwin pangalembana dhumateng para demang ing bab saening dhusun-dhusun tuwin taberinipun ingkang andadosaken cihna bab sudaning tiyang dursila tuwin lampah lepat, awit saking punika para demang wau sami kakenan ing manah, ananging lajeng nyuwun dipunjatosana, punapaha dene piyambakipun teka boten dipun paringi tetenger medhali.

Surabaya
Dereng lami ing griya pasewan ageng ing Surabaya kadamel anyoba mimis damar, dene babaranipun mimis damar wau netesi ing ingkang dados pangajeng-ajeng saha padhang anelahi.

Samarang
Asisten wadana ing Plantungan punika saestu adamel kalingsemaning priyantun kathah ingkang sami anyepeng pulisi sarta gumampilangayahi damelipun, awit asisten wadana wau angger mireng pawartos ing bawahipun wonten tiyang kapandungan enggal kemawon saged dipunamanggihaken barang dalah pandungipun pisan.

Dhitslan

Paprentahan ing Dhitslan andhawahaken pranatan sakathahing para pangageng pabrik sami kadhawahan angadegaken griya pamulangan kangge para lare anaking titiyang ingkang sami kagebeng ing astanipun pangageng pabrik wau, saha kedah kawragadan piyambak, ananging bab ririgen ing pamulangan kaasta dening kumisi gupremen.

Para tuwan ingkang ngwasani pangecapan ing kitha Ambireh (Dhitslan) sami adarbe paminta, sageda guru-guru ing pamulangan dados juru angetrap sastra angungkuli balanjaning guru, wasana lajeng wonten guru 86 sami lumampah kadadosna juru angetrap sastra.

Bab tindakipun kanjeng raja ing Persi andon maratamu dhateng ing tanah Eropah sumebar ing serat-serat kabar ing sanuswa jawi, malah bok manawi ing satanah Eropah, menggah ingkang kaesthi ing galih kanjeng raja ing salebeting lalana, sumedya anjembaraken jajahaning paningal, apawong mitra kaliyan para raja ing tanah Eropah ingkang sami kuncara, tuwin angupaya samukawis ingkang prelu kangge angluhuraken dasih miwah karajanipun.

Bab anggenipun amaratamu kanjeng raja ing Persi dhateng

ing kitha Berlin tuwin kitha sanes-sanesipun ing tanah Dhitslan raja agung ingkang abandera surya, ingkang pangawasanipun tanpa angger mulya miwah luhur angrajani para raja ing sawewengkonig karajan Persi sadaya, punika kacihna boten patos mangretos dhateng caraning kadhaton ing tanah eropah, malah boten mudheng dhateng kalimrahaning tata krami, kala amaratamu dhateng ing kitha Berlin, kacariyos kados ing ngandhap punika.

Rata adi ingkang pinethukaken ing sang raja tamu badhe katitiyang dhateng ing kitha Potsedham, punika kadhawahan angentosi ngantos tigang prapat jam, mongka kanjeng raja prameswari ing berlin rawuhipun ing statsiyon jam 12 manut manjing ingkang sampun dados patembaya, dene rawuhipun sang raja tamu ing satsiyon sampun ngajengaken jam satunggil kirang saprapat, lajeng kemawon minggah ing rata, boten mawi nyuwun aksama utawi pratela bab kasep ing rawuhipun.

Wonten salebeting patingalan ing Berlin, sang raja tamu manglung saking kamar kecoh dhateng ing ngrambah, sarta kala dipunsaosi dhahar teh, tekonipun kapundhut ing asta kalih lajeng kacucup kemason, saking ing pamatawis sang raja wau sanget kacaryan aningali balet, menggaha ing Surakarta bedhaya, sae sareng tedhak dhateng sawingkinging kelir, sang raja lajeng anyiwel bahuning badhaya sarta angelus janggutipun.

Anuju satunggiling dinten wonten abdinipun sawatawis sami anggiring maenda satunggil dhateng ing dunung salebeting cepuri kadhaton, lajeng wonten tiyang pitaken lantaran juru basa, punapa kanggenipun maenda wau, ingkang dipunpitakeni amangsuli, yen sang raja ing Persi boten nate dhahar daging kewan ingkang pramagatipun boten kajenengan piyambak, maenda wau kabekta dhateng ing kamar asri dening rerenggan pasanggrahanipun sang raja tamu, sarta kapragat wonten ing ngriku, kajawi saking punika bilih dhahar anyenengaken.

Kacariyos dhahar martega satengah katos telas sarta amung sakedhap, menggah pandhaharipun amung sarana kalothok ing racikan lajeng dipun amudi.

Kala rawuh ing kitha Wisbadhen tetela bilih sang raja tamu teksih ambekta garwa titiga sami kudhung sinjang kados caraning Persi, dados nalisir kaliyan ingkang sampun kacariyos ing serat kabar, yen para garwa ingkang sami andherek sampun sami kakonduraken kala saweg rawuh ing Mosko (Ruslan), wondene agem-agemanipun sami kabuntelan kemawon dados pinten-pinten buntel, boten mawi kawadhahan ing pethi utawi koper, pangiriding ratanipun kapalang gangsal, buntut kapulas ijem, suri kapulas abrit, menggah saking ujwalanipun kanjeng raja wau saemper kados bosen sanget.

Surakarta

Nalika ing dinten Saptu tanggal kaping 29 wulan Jumadilakir ingkang mentas kapengker punika, Gusti bendara Raden Ayu Suryadipura putra dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan ingkang jumeneng sapunika, atilar donya kondur dhateng kalanggengan, jalaran gerah konduran namung sawatawis dinten, dene surudipun wanci jam 11 dalu angrintenaken tanggal sapisan wulan Rejep, sareng ing dinten Isnen tanggal kaping 2 ugi wulan Rejep punika layon kasarekaken ing ngastana imagiri, saking karsa dalem ingkang sinuhun, layon wau dipuntitihaken ing kareta latu, dalah ingkang sami andherek sapirantosipun sadaya, wiwit jam pitu enjing para pangeran putra dalem tuwin para santana punapa dene para tuwan-tuwan antenar, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara tuwin Kanjeng Raden Adipati Sasranagara, saha para bupati sakarerehanipun sami manglayat dhumateng ing Suryadipuran, sareng wanci jam 9 kanjeng tuwan residhen rawuh ing Suradipuran saha tuwan litnan Sedribel, boten dangu layon lajeng kaangkataken, menggah rerenggan paurmatanipun sakalangkung saking semuwa angungkuli kaliyan adat sasamining putra dalem, layon dumugi radinan ageng kaurmatan drel sanjata abdi dalem prajurit jayatatana, kendeling sanjata lajeng terus mangaler, dalah abdi dalem prajurit ing Mangkunagaran ugi sami urmat ing pinggir margi, dene ingkang andherekaken tuwin ingkang anjajari abdi dalem jaler estri sakalangkung kathah, layon saweg dumugi sakilening panggung ing balapan, ingkang jajari ing ngajeng piyambak sampun dumugi ing stasiyun, punapa malih kathahing tiyang ningali ing saurut margi boten kantenan kathahipun, wanci jam 10 dumugi ing stasiyon kaurmatan drel sanjata malih, sasampunipun layon lajeng kaunggahaken ing kareta latusaha upacaranbipun tuwin ingkang sami andherek jaler estri sadaya, prajurit dharat tuwin kapalan dalah kapalipun sami katumpakaken kareta latu, jam 11 kirang ¼ lajeng amangkat saking stasiyun Surakarta.
Kridhamardhawa.

Sutadhongsa ing dhusun Jetis, suka piwulang dhumateng anakipun anama pun Kenthus, Kenthus kowe aja sok dhemen anonton utawa caturan karo wong owah, marga caturane wong owah siji iku gampang amangsuli caturane wong waras sapuluh, lo punapa punika kalebet piwulang utami.
Kertawijaya suka kabar manawi jampenipunkalapakan katedha ngerang utawi belaken, nganggoya katheklek oyot angas punika saged mantun, dene manawi tiyang panunen kajampenan walerang kagerus katutul ing terong ngor lajeng kausapna kaping tiga rambahan amasthi mantun.

Cariyosipun kapal pilek kang sampun kula nyatakaken
Manawi kapal watuk punika kaumbenan toya kalapa kaping kalih ing dalem sadinten, sapisan-pisanipun kalapa satunggil, dados kaping kalih inggih kalapa kalih, kalapa punika kalebetan gendhis aren sapringkil lajeng kabenem, manawi watukipun awis-awis kasukanan ngombe kalapa wau sapisan ing dalem sadinten ngantos dumugi ing sarasipun babar pisan.
Manawi kapal pilek kajampenan godhong warukathahipun satekem kaliyan gendhis aren satangkep, tuwin sandhawa kathahipun sasendhok the, kamorana toya tigang gelas, enjing satengah gelas, nunten kakukusan irungipun kaliyan gendhis aren utawi rosan sapanunggilanipun supados umbelipun saged medal manawi kapalipun anggebres, jampi wau kaanggekna ngantos meh saras, manawi sampun kathah sudanipun ing sasakit pilek kakutugana sapisan ing dalem sadintensarta kaambalan ngantos pitung dinten laminipun, wah ngantos dumugi sarasipun babar pisan.
Menggah godhong waru ingkang kadamel jampi kapal pilek wau, punika ingkang kajengipun kenging kadamel landheyan, utawi ingkang kenging kadamel untuning galindhingan, punapa malih salaminipun kapal taksih kajampenan sasakit watuk utawi pilek boten kenging dipundusi.

Kula sampun nyumerepi seratipun Merdi respati kang kapacak Bra Martani ongka 30 ingkang sumela animbrungwlorotipun nedya babantu dhateng mas gugon tuhon, saiba ta Merdi respati anggenipun kakejek angudi nedha pitedhah, sokur bilih purun narutus ingkang ngabaraken bab jagapawira, anaging yen nama kula dereng terang, dene kang ngabaraken wau tiyang estri pacakan wangun jaler swara a lot, manggen ing kamlayan Surakarta, nunggil tiyang cina griya majeng ngidul ler radinan, sawetan bakupon paksi dara sirap kamrakas, ing ngriku manawi katlengseng amasthi kapanggih ingkang ngabaraken jagapawira, ing mangke kula mengkeraken dhateng merdi respati, angajeng-ngajeng dhateng mas gugon tuhon.
Lah, mas gugon tuhon dene petrek-petrek wonten pabarataning Bra Martani, sumelang manawi kula anyeda, dhuh mas gugon tuhon, sastra premadi boten watak kadunungan budi anyeda, yen dereng cinineda, mas gugon tuhon sampun ngalunthung wangsulan dhateng mas anggep puspita, pulisia ngundang widadari kamanungsan, sok tiyanga ingkang sampun bantas engetanipun inggih boten amastani widadari sayektos, (lo,lo, dados cariyos sampeyan punika namung ibarat punapa saloka), biyen mula aku iya wis angilani kandhane gugon tuhon mung getholan bae, mas gugon tuhon yen gethol mundhak adamel kembaning Bra Martani, makaten malih jengandika ngaken nganthongi dhemit, punipa punapa kenging kula gega, rak inggih boten ta mas, kula suthik ing jengandika purih gumujeng cukakakan, ing jengandika kemawon kula aturi mesem-mesem kalayan lenggah piyambak, kanthiya wicanten dipunwangsuli pribadi )kados dene ing serat jengandika, kalojok apa ora, buh ya, bilih sawek katamuwan setan), yen kula ing jengandika kiyap boten sumerep lereging tembung, ah kula suthik mas gugon tuhon, ewadene yen kedah hing jengandika wastani nyumanggakaken, wangsulan ing jengandika inggih kula wastani dereng sumerep papece, yen sampun sumerep lereging tembung inggih priksa.
Katandhan Satra premadi.

Wangsulan
Seratipun Pothet umarmaya, ingkang kapacak ing serat Bra Martani ongka 34, anglairaken saosiking manah anggenipun kabrebegan kathahing cangkriman sarta ingkang sami nuwun pangaksama, punapa malih mawi anguwuh-uwuh dhateng para karuhipun ingkang tunggil budi, awit pyambakipun boten amaelu dhateng wuwulang niti sruti, malah pamurihipun kedah kasirnaknasaking jagad, sabab dipunkiyas manawi boten wonten ingkang saged anglampahi lan boten kenging kaangge ing manusa, ingkang punika saking karsa sampeyan wau kula inggih nyumanggakaken kemawon, wondenten anggen kula kamipurun anegesi punika sarehning sampun asring kalampahan para priyantun ingkang sami kakentinaken ing tembung ingkang dereng mangretos, utawi anggen kula muradi sampeyan wastani dereng leres, ingkang makaten wau inggih sokur manawi leres ing pandugi sampeyan, anaming pangraos kula kados boten kaiden dene anggen kula negesi amethik serat surti kagungan dalem ing lebet karaton, ingkang saseratanipun Raden Ngabehi Ronggawarsita, saking panimbang kula manawi bab sastra tuwin tembung kawi punika yen sampun wawaton damelaning pujongga badhe dhateng pundi malih, ewadene sampeyan taksih amastani dereng leres inggih sumongga, mugi aparinga pitedah katranganipun ingkang kagalih dereng leres wau, supados anambahana kekahing wawaton kula, anjawi ingkang punika  namung karsa sampeyan ingkang amurih sirnaning wuwulang niti surti wau, saking watawis kula radi angel sageddipun kalampahan, sabab para priyantun jawi meh waradin sami kagungan utaiw wulang niti surti punika kathahipun 12 pada, sarta suraosing wulang awarni-warni ingkang dhateng kautamen, denten sampeyan rena dhateng wuwulang wau inggih prayogi sampun kagalih kemawon, kalih dene ingkang kapacak ing Bra Martani punika suraosipun namung amratelakaken yen pandhita ingkang sampun putus wau saupami kajeng candhana, saestu kemawon manawi kados kula tuwin sampeyan punika inggih sewu kethi mokal sageda anglampahi dene kula sampeyan wastani angoglengaken wuwulang niti surti wonten ing Bra Martani, punika boten pisan-pisan

anggadhahana cipta ingkang makaten wau, sabab sampun kula timbang yen tumraping sadaya wuwulang ugi namung tumanduk dhateng anak putu ingkang dados wajibipun sarta pamulang wau kedah manggen wonten ing griya kaliyan sareh, mila yen saupami kula tuwin sampeyan punika paksa akumawa amacakaken wuwulang wonten ing serat Bra Martani saking watawis kula sanadyan mungela kados bethet sawulan mawiya mungel, e..e..kados wayang, kula anamtokaken yen boten wonten ingkang gumun tuwin amaelu dhateng wuwulang kula wau, destu namung angsal esemipun para sujana ingkang sampun putus ing kawruh, jalaran saking kayitnan tuwin patrap, malah yen kirang alus manising tembung ugi kados angerang-ngerang dhateng sasamining tiyang, sumongga ta sampeyan galih sawawratipun kanjeng gupremen punika sampun maelu urmat kawasa, inggih boten karsa angewahi agamining tiyang sanes, sanadyan anggenipun karsa anglimrahaken pamulangan ing pundi-pundi nagari, ugi boten karsa ameksa dhateng para tiyang ingkang dereng purun anglampahi, lan wuwulang wau boten katawek-tawekaken kalayan sosodaran, anamung dumunung dhateng tiyang ingkang thukul saking kajengipun piyambak kapengin ing kautamen.
Carik langen ajra.

Manawi amarengaken saha kagalih pantes, kula angaturi panjurung ingkang namung sawatawis kathahipun, awit saking panuwun kula punika mugi lajeng kapacaka tumrap wonten saselaning  serat kabar Bra Martani Kemis ngajeng punika, amila kula kamipurun angaturi panjurung awit saking dening kencenging manah kula kapencut sarawungan kaliyan sastra premadi, inggih punika panjanmaning wisnu lan kesawa, ingkang sampun anyekapi dhateng sakathahing saserepan sarta ingkang sampun boten amangsulaken saking pitakening para tiyang ingkang sami taksih kakirangan ing tembung, saking pamanggih ing manah kula, amila bathara wisnu wau kathah sasebutanipun, bok manawi namung prelu kaangge anetepi ugering padamelan ingkang badhe kalampahan sanalika ing ngriku, mongka ing waktu punika kula saweg kaemengan ing manah sendhet, jalarananggen kula ambudi saged dipunpakantuk katerangan kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Bab 1
Hawa punika asli saking punapa, watek tuwin dayanipun pinten prakawis utawi lajeng dumunung wonten ing pundi, punapa dene hawa wau punapa kenging kaujudaken, manawi kenging kados punapa warnining ujudipun.

Bab 2
Ujuding manusa punika asli saking watek dayaning punapa.

Bab 3
Watek dayaning budi pinten prakawis sarta thukuling budi sabab saking punapa.

Bab 4
Eling punika dunungipun wonten ing pundi, namung sampun kawastanan bilih wonten ing utek, utawi wonten salebeting jantung, kados dene ingkang kasebut ing kadis rasul, awit saking punika pamanggih ing manah kula, tembung ingkang anyebutaken makaten wau kirang pasaja, utawi boten saged anyeplesi suraosipun.

Menggah panuwun kula saserepan dumunungipun kawan prakawis wau kalebet prelu tumrap ing ngatasing kajeng kula, amila para prayantun sakaliyan wau sami ambarkahana dhumateng kula, sampun ngantos kagungan owel anglunturaken sih kamirahan ingkang pantes kaangge wajibing ngagesang.
Katandhan Sastra wijanarka.

Panjurung saengga cangkriman

Wonten satunggal lare apitaken dhateng satunggaling tiyang ingkang sampun kawentar anyekapitumrap dhateng ing ngatasing kawruh, anggenipun pitaken lare wau makaten. Kula mugi sampeyan superapaken ing pundi dununging Allah, wangsulanipun ingkang dipuntakeni, manawa kowe arep sumurup dununging Allah, kowe wuga meneka ing pring dhuwur, dene manawa pamenekmu wus tumeka ing pucuk, kowe banjur nibaha, lah ing kono kowe bakal sumurup dununging Allah kang sanyata, lare lajeng mituhu menek ing pring, sareng sampun dumugi ing pucuk lajeng andhawah, temahan lare pejah, pratikel wau punapa amarakaken sumereping lare ingkang pitaken dhumateng dununging Allah wau ingkang sayektos.

Kodheng.

Ingkang namung minongka wangsulan ing orek-orekanipun pothot umarmaya ingkang tumrap wonten ing kabar Bra Martani ongka 34 utawi kemis kaping 21 wulan Agustus taun 1873, inggih punika orek-orekan ingkang suraosipun namung mrelokaken pataken dhateng para kadi karuhipun, ingkang sami amirengaken swaraning cangkriman wateking budi ingkang ithik-ithik angwedhareken panuwuning pangapunten ingkang deres saengga dhumawah ing toya jawah, ingkang amarengi sawatawis ing mongsa kapitu ingkang tanpa kendhat sarta angebeki dhateng sakathahing tembung ingkang tumrap ing ngatasing panuwun ngantos andadosaken kageting pothot umarmaya, meh kemawon badhe alok, boyut udana cangkriman sing deres, tujunipun pothot umarmaya boten gadhah watek budi getapan, ewadene taksih kaget amirengaken dhateng pitembunganipun carik ing langen arja, bab anggenipun anegesi niti sruti, kalampahan lajeng pitaken dhateng para kadang karuhipun, anamung sarehning saking laraping pitakenan wau tumrap ing ngatasing kawicaksanan tuwin ugering pambudi ingkang prelu namung kedah kaangge angraket dhateng kalih prakawis, mongka punika larapipun badhe nyirnakaken dhateng daya panggendeng ing kautamen, amila pothot umarmaya prelu anyumerepana kajengipun carik langen arja, bab anggenipun anyondhongaken kaliyan esthining manahipun ingkang damel serat pawulang niti sruti, bok bilih boten kawetahaken saking ugering tembung kemawon, ananging mendhet suraos ingkang namung sawatawis kanggenipun tumrap ing ngatasing para mudha, awit sawarnining tembung ingkang sami tumrap ing kidung boten saged anyeplesi kalayan ugeripun, ananging kedah amirid guru lagu tuwin dhawahing dhondhing, menggah saking punika pothot umarmaya supados sageda lajeng agamblang-gamblang.

Katandhan tambejumiril.

Panjurung

Wangsulan tumanduk dyan Sastra danangjaya

Lwir bremara kang angisep sari, sedheng gandanya makantar-kantar, sumrik mangelun mangine, kongadupi tumanduk, ring parsana arum nyrambahi, kredyat samyarsa kamrat, sareng amba dulu, paparing ireng wangsulan, minta wijanging bab santuning nanging, amba sanget nglenggana. Ginagas gagas meksa tan panggih, rinuruh ring rehing ngarah-arah, tan ngeteng malah nyeleweng, benceng binenceng ayun, ewadene ulun ngaturi, pamanggih mung sapala, lowung yen pinuju, sanadyan ulun nyebutna, janma kanang anggega samukawising, wiraosaning janma. Kedah sami dinugi prayogi, yen madu sawus nir kang duduga, punapa boten kumprung, kelampahan caket ing nicthip, mila duk jaman kuna, wonten janma pikun, anama Kyahi Takriya, sung wasita mring tanaya nira cothik, den brudug prayoga. Ing watara riringa ya lali, iku prabot uger ing agesang, sumongga katura mangke, mring mitra kang sareju, lamun wonten sisip ngong naming, kang agung maklum ira, ing atur kula punika, ulun sampun tan saget malih ngaturi, katrangan sanesira. Mitra paduka pun Darma susastra.

Punika Cariyos Babad Mataram

Wadyanira gupuh denya kardi, pasanggrahanira jeng pangeran, adipati meh praptane, miwah kyahi tumenggung, Martalaya sira tumuli, pepak punang gagaman, sigra ki tumenggung, lajeng dhateng ing toyamas, karsanipun methuk pangeran dipati, mangkat sareng utusan. Tan kawarna lampahireng margi, sigra dhateng nagri ing toyamas, Ki Martalaya lampahe, pan lajeng sowan wau, pan kairid dhateng Ki Sendhi, wiradi onggajaya, wus munggwing ing ngayun, kawula atur pranata, jeng pangeran dipati ngandika aris, dhateng Ki Martalaya. Abageya satekanireki, Martalaya saha tur pranata, dhateng anuhun ature, amangsuli sabdaning gusti, angger pun Martalaya, pan salaminipun, angajeng-ngajeng ing karsa, karsa dalem ingkang mangun ajurit, amangkuwa karatyan. Mila ing mangke kawula gusti, langkung sukane manah kawula, ngraos dhateng pangantose, kaliyan malihipun, abdi dalem kang kantun mangkin, sami saos sadaya, pasanggrahan sampun, pangeran dipati ngandika, iya ingsun angrebut nagara mami, nanging sira antekna. Dene ingkang lagi ingsun anti, iya lakune si andakara, sinirna karti rowange, iku padha sun utus, yakti ingsun anti yen prapti, aneng nagara nira, ing panganti ningsun, wruhanira iku uga, ing lakune andakara nirda karti, sun kon mring Batawiyah. Iku sun kon mundhuta ingkang sih, pitulung marang jeng eyang jendral, Ki Martalaya ature, yen suwawi pukulun, asru mambeng kawula gusti, sampun minta tulung, dhumateng pun eyang jendral, karantene adating bala kumpeni, akathah ingkang cidra. Wonten dene mengsah dalem gusti, nenggih tiyang madunten punika, sampun dados watir maleh, yen taksih pun tumenggung, pangeran sampun tumuta jurit, inggih pun Martalaya, andelen neng kewuh, katanggenah nanggulanga, mengsah dalem pun Martalaya tan gingsir, jeng pangeran angandika. Iya bener aturireng kami, Martalaya iku wruhanira, iya awak ingsun kiye, wus jangjining yang agung, iya pasthi tan kena gingsir, iya ing jaman kina, kala kanjeng ibu, amawrataken mring wang, kala ingsun den wawratken limang sasi, ibu ngandikan eyang. Sareng ibu katingal anuli, eyangku sultan datan antara, samana enggal tedhake, tedhak dhamparipun, eyang ratu kulon ningali, yen eyang sultan tedhak, samana umatur, eyang ratu mring yang sultan, pan mangkana ature yang ratu dhingin, sultan lah punapaha. Sareng katingal bok mantu prapti, yen sampeyan tedhak saking dhampar, inggih punapa ajrihe, dhumateng ing bok mantu, eyang sultan Mataram angling, mangkana andikanya, lah iya bok ratu, iku ta kawruhanira, kang den kandhut mantu nira iku benjing, tembe jumeneng nata. Tur iku ratu abala kalih, iya ingaran bala bacingah, mulane sun tedhak age, dene ku kaya ingsun, padha ratu lan jeneng mami, lah iku Martalaya, eyang dikanipun, tumungkul Ki Martalaya, pan rumongsa kaluhuran sadayeki, dadya sumongga karsa. Ri sampune pangeran mitutur, mring Martalaya saksana bubar, mangkat mring tegal lampahe, tan kawarna ing ngenu, sigra dhateng nagri tategal, lajeng amasanggrahan, sigegen karuhun, kocapa Ki Mondaraka, Nirdakarti katrima lampahireki, dhateng ing tuwan jendral. Lampah binakta bala kumpni, pangaggenge nenggih tuwan amral, Herduwelbeh kekasiye, lan malih kanthinipun, tan lyan bala Makasar Bugis, kakalih pangagengnya, kang jaga pakewuh, awasta Kraheng Madhangkrang, kraheng naba kakalih sami prajurit, si sampuning mangkana. Tuwan jendral ngaturi pakirim, pangangge enggal langkung akathah, kabekta dening lampahe, Ki Mondaraka iku, lawan sira Kiyahi Sendhi, ri sampune mangkana, telas wulangipun, tuwan jendral dhateng amral, Herduwelbeh anunten mangkat tumuli, amral lan Mondaraka. Medal bahita lampahireki, tan kawarna ing palayar ira, akebat palwa lampahe, sigra anuli rawuh, ing muara nagri ing tegil, yata Ki Mondaraka, mentas saking laut, lajeng dhateng pasanggrahan, angaturi uninga yen angsal kardi, dhumateng gustinira. Sareng katingal ingawe prapti, Andakara dhumateng pangeran, dipati sigra lampahe, prapta ngajengan sampun, Mondaraka sae wot sari, mangrepa lungguhira, dereng kongsi matur, kaselak pangeran ngandika, Mondaraka apa sira olih kardi, iya ing lakunira. Andaraka matur awot sari, saking sawab berkat jeng pangeran, inggih kawulangsal gawe, rehning kula ingutus, pan angemban timbalan gusti, eyang paduka

jendral, tan sawaleng kayun, saos karsa jeng pangeran, inggih mangke kabekta bala walandi, dhateng lampah kawula. Dene pangageng ingkang nindhihi, bala walandi ingkang kabekta, wasta Amral Herduwelbeh, lan wonten malihipun, kang minongka kanthi walandi, inggih bala Makasar, sapangagengipun, dene pangageng punika, wastanipun Kraheng Madangkrang satunggil, kalih Karaheng Naba. Dene mangke kang bala walandi, taksih sami wonten ing muara, jeng pangeran ngandikane, la timbalana iku, Mondaraka dipunagelis, konen munggah ing dharat, wong walonda iku, ingsun pan arsa uninga, Mondaraka tur sembah sigra lumaris, dhumateng ing muara. Sapraptane ing muara nuli, Amral Herduwelbeh ingandikan, sigra mangkat sabature, saking muara iku, yata dhateng dharat pasisir, kerid mring Mondaraka, lajeng lampahipun, dhumateng ing pasanggrahan, sapraptane ing ngarsa pangeran dipati, sami ngadeg kewala. Pangadege sami ngempit topi, yata kanjeng pangeran dipati, mring Andakara ataken, apa karane iku, Andakara walonda iki, teka angadeg padha, ngempit topi iku, teka tan gelem asila, ngarsaning wang Nirdakarti awot sari, matur ring jeng pangeran.

Ongka 36 Kemis kaping 4 September 1873

BRA MARTANI

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Surakarta
Margi ingkang dhateng ing Jebres maksih lestantun ina papa, titiyanging kampung ngriku sami taberi angupados titik, punapa ingkang makaten wau jalaran boten saking kaconggah, punapa saking sungkan utawi saking boten predulen.
Porste landhen.

Wonten tiyang mentas langkung ing kampung pacinan awawartos dhateng kula, yen piyambakipun mentas sumerep Cina anyirami margi celak griyanipun kaptin Cina angangge dandhut sarta banger, ingkang makaten punika sae sanget, sedheng tongga tepalih kula katrajang ing kolerah.
Cina wau dudunung ing griya ingkang rumiyin kaangge sade bakmi, elet saserap utawi kalih kaliyan griyanipun kaptin Cina ing sisih tengen.
Porste landhen.

Komidhi ing Japan wangsul malih saha dalu punika ugi badhe main wonten ing dalem Kamangkunagaran benjing enjing tuwin emben wonten ing griya komidhen.

Kanjeng tuwan asisten residhen ing Batawi andhawahaken awisan boten kenging titiyang adus wuda ing wanci sonten wonten ing lepen.

Ing Sala para titiyang ingkang sami leledheng ing wanci sonten sami gadhah titingalan sae, anyawang manusa abubuntut sami adus ing lepen wuda kemawon, mawi amilih wanci jam satengah nem saha mameraken badan ingkang boten mesthi resikipun, mila ingkang dados pangajeng-ngajeng ing Sala ugi kaawisan kados ing Batawi, sampun ngantos wonten tiyang adus wuda wonten ing lepen ing wanci ingkang kasebut wau (awit mangsaning kathah priyantun ameng-ameng).

Ing Singgapura regining toya sapikul ngantos 6 sen, kathah lepen sami asat.

Pangeran Makao bongsa Japan lumebet nyambut damel kados rencang ing gedhong panggambaran sorot, awit saking anggenipun adreng amarsudi kawruh.

Ing tanah Sekotlan (Inggris) celak ing kitha Dhundhes mangke kadelehan kreteg panjangipun 10320, wiyar 87, inggil 88 kaki.

Batawi
Kala tanggal kaping 23 Agustus teksih enjing umun-umun bahita Ciliwung sampun mangkat murugi bahita nefah, amethuk ing kanjeng tuwan jendral Fan Switen, dene ingkang sami methuk wonten ing salebeting bahita: kanjeng tuwan komendhaning wadya bala, kanjeng tuwan litnan kolonelRosemon, kanjeng tuwan ajudan dalem, kanjeng tuwan ingkang wicaksana gusti guprenur jendral, kanjeng tuwan residhen, kanjeng tuwan irste sekretaris gupremen tuwin tuwan pangagenging palabuhan.

Boten dangu lajeng wonten tengara ungeling mariyem, anembrama wilujeng rawuh, amratandhani bilih bahita ciliwung sampun anyaketi ing ngebumi, tinitiyan para anung-anung, pinten-pinten kathahing tiyang ingkang sami wonten ing ngebum wau, sumedya aningali prajurit linuhung ingkang kondhang ing samirana kala perang ing Bali miwah ing Boni.
Kanjeng tuwan Jendral Braban tuwin kanjeng tuwan Andre Wiltes sami wonten ing ngajeng, ing wanci jam pitu langkung saprapat kanjeng tuwan Jendral Fan Switen tumedhak saking bahita, kadherekaken ing putra kakung satunggal (yuswa wolulas taun) tuwin ajudanipun ajujuluk tuwan Freflut, kapitan infantri, punapa dene kanjeng tuwan Baron sirtema Fan Gropestin, inggih punika upsir militeripun kanjeng sri maharaja.
Sadangunipun sami tumedhak saking bahita kinurmatan ing ungeling musikan.
Papanggiyanipun kanjeng tuwan jendral Fan Switen kaliyan kanjeng tuwan Jendral Braban kacihna suka trusing manah.
Sasampuning kendel sawatawis menut wonten ingebul, kanjeng tuwan Jendral Fan Switen lajeng minggah ing rata dalem kanjeng tuwan guprenur jendral ingkang pancen pinethukaken, dene ingkang sumandhing lenggah ajeng-ajengan sisih tengen kanjeng tuwan komendhaning wadya bala kanjeng tuwan Andre Wiltes tuwin kanjeng tuwan Rosemon, angkating rata binarung ungeling musikan.
Menggah ujwalanipun kanjeng tuwan jendral Fan Switen wau sakelangkung tajem, manther miwah kendel ing jurit, kencenging sarira boten montra-montra bilih sampun panjenengan sepuh, kukuwunging wadana angatawisi bilih sampun nate katempuh ing ponca bahya, sae kaconggah angrembat damel awrat ingkang pantes ing aji-aji.
Mugi-mugi pambedhahing karajan Aceh kentasa dening panjenenganipun akanthi patrap utami.

Babaya ing saganten
Kalih dasa mil ing sakidulipun Tanjung Kasablankah wonten gendul kapanggih kumambang ing saganten isi dalancang sasuwir wonten seratanipun basa walandi suraosipun: ing pinsen ping 4 Mei, bahita kapal Feter kebak toya sarta amblas, tanpa pangajeng-ajeng angsal pitulung, bahita alit-alit sami gugrag, kula sadaya sami kelem kantuna wilujeng.

Telegram saking Batawi katiten tanggal kaping 2 september.
Kanjeng tuwan Niwen Isen, pise presidhen ing rad fan Indhi kapatedhan pensiyun, saha kala dinten Septu sonten garwanipun kondur ing Rahmatolah, pametakipun kalawingi.
Lokomotif.

Manawi wonten para priyantun sanes-sanesipun anggadhahi sasakit kados dene ing ngandhap punika kula aturi ngunjuk jampi gadhung cina.
1. sakit tatu
2. sakit ngeres linu
3. sakit abuh
4. sakit wawratan rah umbel pratikel pangolahipun.

Gadhung sabungkus kagodhoga wonten ing kendhil toyanipun kaebekana, manawi sampun umob watawis kantun 4 pinggan lajeng dipunentasa, supados kenthel sageda mandi, yen toya godhoganing gadhung 4 pinggan sampun telas kaunjuk, ampasing gadhung wau kemawon dipunjogana, toya kagodhog malih ing saben dinten, saderengipun ical abritipun sampun santun anggodhog gadhung kang taksih enggal rumiyin, dene pangunjukipun inggih saben dinten boten mawi kawangenan kaping pinten ing sadintenipun, namung sakarsanipun ingkang

angunjuk kemawon, kanthi kaselanan dhahar ingkang bubukan ing dalem sadinten 3 sendhok beling, wondene ajejampi gadhung wau laminipun 40 dinten boten kenging dhahar bongsa kakecut tuwin papedhes, saking taker ing salebetipun 40 dinten tiyang satunggal anelasaken gadhung 3 bungkus.
PD.

Panjurung mongka pamisah
Kula anyumerepi seratipun pothot umarmaya, utawi seratipun wangsulan carik langen arja, ingkang punika manah kula radi ketir-ketir sabab wangunipun taksih sami saliringan karsa, sareng kula nyumerepi seratipun tambe jumiril, ing ngirku wonten padhanging manah kula sawatawis, sarta pandugi kula carik langen arja sampun boten gadhah wangsulan malih, dene saosiking manah sampun kapratelakaken sadaya, wondene karsanipun umarmaya, carik langen arja dipunpurih anyondhongaken kaliyan esthining manah ingsun ingkang nganggit wulang niti surti punika kados boten saged, anjawi ingkang sampun kapratelakaken wau saking pamireng kula wulang niti surti punika anggitanipun pangeran karang gayam, pujongga jaman nagari Pajang, dene ingkang gegesi kawi tuwin suraosipun pamireng kula Raden Ngabehi Ronggawarsita, dados carik langen arja wau namung nedhak sungging kemawon, amila manawi pareng mugi sampun kalajengaken anggenipun angudi bab punika, ing mangke kula gentos angajeng-ngajeng ingkang karsa anjarweni pitakenanipun Sastra wijanarka, ingkang punika kula namung badhe andherek sumerep ing katranganipun, awit manawi patitis panjarwanipun badhe anyarambah dhateng tiyang bodho ingkang kados kula, yen ta saupami kasembadana wau saking pamuji kula dhateng para sadherek punika saupami sumedya atataken inggih prayogi ingkang prasaja ing tembung wantah ing manah, utawi ingkang karsa paring pitedah inggih makatena ugi, dados ingkang nyuwun kaliyan ingkang amaringi wau sami leganing panggalihipun, malah amradini dhateng ingkang sami amirengaken, sanes kaliyan ingkang sami tembung pating klengkring punika tamtu adamel emer-emering galih ingkang sami maos, sabab manawi kabrangas dados seling serep paedahipun namung damel sudaning kakaruh lan angindhakaken satruh.
Katandhan Umarmadi.

Panjurung minongka wangsulan dhateng Sastra premadi ingkang boten gadhah watek gugon tuhon.

Bra Martani ingkang medal Kemis kaping 28 wulan punika, ing ngriku wonten panjurungipun Sastra premadi inggih punika titisanipun mas kuda kumutuk ing tamtaman, dhukun kapal ngiras dados balantik tuwin panegar, anyariyosaken daya jampining kapal pilek ingkang sampun kanyatakaken kanthi angoglengaken bilih piyambakipun boten watak kadunungan budi anyeda-nyeda dereng cineda, anjawi punika mawi anglairaken pangewul-ewul dhateng gugon tuhon sarta boten pitajeng yen nganthongi setan yektos, kula pitaken sastra premadi, punapa sampeyan boten anglenggana kalepatan, manawi boten ngraos lah inggih leres kados dene anggenipun ngiyas gugon tuhon, yen sampeyan boten sumerep lereging tembung kula wastanana ambek gugon tuhon, jengandika inggih anjola boten purun ngengkoki, yen suthik mugi lajeng anglilinga saseratan sampeyan larikan ing nginggil piyambak, kula eram dene wonten kapal saged acariyos, rikne bilih anggen sampeyan darbeni ambek gugon tuhon wau boten saking pathokan sarta kencenging pambudi, ananging jalaran katliweng engetan sampeyan nalika nandukaken pen, kalih dene manggenipun ambek boten gugon tuhon punika rak namung budining kuncara ingkang sampun buntas ing ngelmi, ewadene yen sampeyan ngaken buntas pitakenipun Sastra wijanarka mugi lajeng dipunjawaba ingkang patitis awit kula badhe ngemu dunnungipun, sarta sampeyan amratelakaken makaten, salaminipun kapal

taksih kajampenan sasakit watuk utawi pilek boten kenging dipundusi, punika kula boten mangretos kajengipun, sanajana sampeyan piyambak punapa mangretos, rak inggih boten mas, sapunika jengandika badhe dipunketepaken dening gugon tuhon, yen boten-boten sumerep lereging tembung  miwah pathokanipun pamikir, punapa malih sarehning tanah Eropah taksih kalepetan gugon tuhon, lah praja ingkang sampeyan dunungi, kados pundi sastra premadi, boten manawi taksih anggebel gugon tuhon tansah ngajak jengandika dhateng ing papeteng, punapa sampeyan saged amastani bilih tiyang badhe anyirnakaken ambek gugon tuhon punika gampil, manawi kagalih gampil mugi lajeng dipunlampahana ingkang mintheng trusing batin, ananging kula ngiyas bilih jengandika boten saged lo.., sampun nyerek manawi kula nedya bantu dhateng gugon tuhon, punika boten pisan-pisan mas.
Katandhan tambe jumiril.

Ingkang serat saha ingkang tabe kaurmatan ingkang akathah-kathah mugi katur ingkang saudara tuwan Jonas Portir, ridhaktur ing Bra Martani, ingkang kaurmatan ing negari Surakarta Hadiningrat.
Sasampunipun ingkang kadya punika wiyos baten langkung manawi pareng karsanipun tuwan saha wonten selaning papan punapa dene manawi karaos prayogi migi karsa amacak wonten ing kabar Bra Martani kawedalena ing dinten Kemis ngajeng punika.

Ing dhistrik Gempeng apdheling Bangil residhensi Pasuruwan, nalika malem Senen tanggal kaping 13 wulan Agustus taun punika 1873 sampun adat ing saben malem Senen bageyan patrol dhistrik kang gadhah tageyang patrol juru serat wasta Raden Panji Sudiradirja, ing nalika punika wedana ing dhistrik Gempeng wasta Mas Kirtasetra amanuki tumut patrol, juru seratipun sarta bekta kajinemanipun wasta Petraleksana, sami numpak kuda bidhal jam 9 dalu, saking kawedanan lumampah mangetan ing wanci jam 1 dalu dumugi ing margi ageng dhusun Badhong, teksih bawah Gempang, kapranggul tiyang lumampah kathahipun 3 sami jaler, mas wedana lajeng pitaken, sauripun tiyang 3 wau boten kantenan rehning sanget petengipun boten terang ningali warnining tiyang, wedana, juru serat, kajineman wau sami mandhap saking kuda lajeng ngandheg lampahipun tiyang titiga wau, kaleresan waktu puniku ugi wonten cikarwir 1 lumampah saking kilen mangetan inggih dipunandheg dipunsambut sakedhap tingipun kadamel madhangi titiyang tiga wau leres tiyang sakitan miruda saking bucalan, ing ngandhap punika pratelanipun.
1. wasta pun Singadiwongsa, asal saking dhusun Tengguli dhistrik Balan ing Jepara, kaukum bucal 6 taun kalung rante saweg pikantuk ukum 1 ½ taun miruda.
2. Wasta pun Mertadikrama asal saking dhusun Pasuh dhistrik Plingi ing Blitar, putusan landrat Blitar, kaukum bucal 2 taun kajawi rante, pikantuk 10 wulan miruda.
3. Wasta pun Sasemita asal saking dhusun Krosok, Sragen, putusan landrat Surakarta, kaukum bucal 2 taun kalung rante pikantuk 1 ½ taun miruda.

Titiyang sakitan miruda wau sami ukum bucal ing toya wangi, wasana tiga sakitan wau lajeng sami dipuntangsuli kalayan pendharat kuda, bakda nyepeng pesakitan wau mas wedana Gempeng amangsulaken lentera dhateng cikirpir, cikirpir dipuncampaki cina kekalih, dipunpriksa wau cina kekalih, saking Surabaya badhe mancak dhateng Besuki, dipuntakeni pasipun, boten bekta pas, cina kekalih lajeng katahan, 1 wasta tecahining, 2 wasta tan supik, sami gegriya Basuki, saking Surabaya badhe mancak Besuki, margi 2 wau ngantos kawenangan anggenipun boten bekta pas, awit mawi tumut wicanten, saking bingah manahipun dados tumut wicanten geniman-geniman, sareng wedana mireng swaraning cina, inggal kapriksa pasipun yen ta cina wau sampuna tumut swanten saestu boten kaopen bab kawontenanipun margi wedana, juru serat, kajineman, sanget ngangkungi bingah manahipun dene nyepeng pesakitan titiga miruda, ing dalu punika ugi wedana, juru serat, kajineman sami angundang-ngundang kepala dhusun, sarta tiyang tiga dhusun ing ngriku sami dhateng bekta

obor utawi culek penthung langkung rame gumuruh, prayitnanipun wedana, juru serat dhuwungipun sami dipun kempit wonten ngajengipun pasakitan sarta anggrayangi pesakitan, sami ngandhut timun, wau mas wedana Gempang boten sepindhah kimawon, saben-saben wegca petengan inggih patrol ngubengi dhestrikipuntegta juru serat sarta pajineman mancak jam 2 ing wusana wau pesakitan 3 sarta 2 cina katur ing parentah ageng kawula boten ngalem-alem, inggih sayektosipun, yen dhistrik Gempeng bab prakawis pulisi mila sanget wingit weritipun, kaserat ing dhusun ….dhistri Gempang, apdeling Bangil, kaping 23 wulan Agustus taun 1873.
Kawula kyahi Muhamad Jenalabidin.

Bilih Kyahi Jenal Abidin ing tembe suka panjurung malih, mugi ingkang ragi cetha seratanipun supados sampun ngantos kometipun juru angetrap sastra tuwin ingkang ngoreksi, sokur bilih saged ragi leres ing panyerat tuwin panganggening pada.
Redhaktur.

Bra Martani ongka 33, Kemis 14 Agustus
Wonten ingkang nyebutaken Slompret Malayu ongka 32 amratelakaken bilih ing Ngayogyakarta sadinten-dinten taksih wonten kabar reresah ing bab kecu tuwin griya kabesmen, ingkang saking padamelipun ambeg awon, malah kala tanggal kaping 13 Juli ingkang kapengker punika tuwan Kribel ing dhusun Pendul ugi kekecon, griyanipun kabesmi, tuwan wau kabranan.
Ingkang punika bab kabar saking Slompret Malayu wau inggih ugi terus tetes kaliyan kawontenanipun ing Ngayogyakarta, namung ingkang nyebutaken prakawis kabesmen punika dora, wondene tuwan Kribel ing dhusun Pendul inggih yektos kekecon saha tuwan wau kabranan namung sukonipun kedhik naming boten dados punapa sarta boten mawi kabesmi griyanipun, ingkang kabesmen namung ksuripun, dados ingkang nglebetaken kabar wonten Slompret Malayu boten terang, sabab ing wektu taun punika boten wonten griya kabesmen dipunkabaraken kathah griya kabesmen ugi wonten griya kabesmen namung kala ing dinten Kemis tanggal kaping 21 wulan Agustus punika, pekampungan ing Sasranegaran, pernah sakwetan dalem Sasranegaran, kadugi telas griya 36.
Wondene raresah saking pamireng kula sakdumugenipun ing engetan kula piyambak, kawontenanipun reresah ing bab kecu negari Ngayogya ing taun punika inggih ugi wonten, namung kawontenanipun reresah pancenipun dereng, menggah kapacak wonten kabar Bra Martani, sabab boten angeram-eramaken, sabab saking pangetang kula negari wau upamenipun lepen, dursila wau upamenipun ulam toya dados sampun temtu toya wau wonten ingsenipun ulam.

Panjurung
Ingkang karsa amiyarsakaken atur kula ing ngandhap punika sami katuran pambage wilujeng.
Rak inggih nun tinimbang anjenggeleg tanpa anglocita kados angganing endheg-endhegen lempung ginatra manusa, aluhung orek-orekan sinau gugah budi, angyektosi ukara ingkang urus suraos ingkang saged tumanem  ing cipta tuwin tembung ingkang boten balero kaliyan ener ingkang ginati.
Kula nyuwun priksa sarta dipunwangsulana ingkang bares punapa inggih yektos kula andakwa, yen carik langen arja lepat anggenipun amuradi niti surti, gajegipun kula boten pisan-pisan andakwa makaten, ewadenten sarehning carik langen arja kirang sumerep dhateng pandamelaning ukara ingkang urus, bok manawi awit dereng nate angulir nalaripun ingkang ngantos gumerot, mila agahan lajeng angwengani kukus sirah umob, jalaran kesasar angen-angenipun sarta tumreceb angakeni bilih kenging dakwa saking kula, punapa dene kroncalan

angipataken pandakwa wau dhateng Raden Ngabehi Ronggawarsita, lah bilih pandakwa wau sampun dhumawah ing Raden Ngabehi Ranggawarsita badhe kakipataken dhateng pundi malih.

Carik langen arja dhapur sumenthe ing pujongga.
Pujongga punika tiyang ingkang saged punapa, ing salaminipun katrontongan ing soroting surya, kula dereng mireng bilih ing nuswa jawi wonten pujongga kajawi amung *priyantun amarsudi kawruh.*

Kula sampun ngantos kagalih angendhaka gunanipun Raden Ngabehi Ranggawarsita, anaming kula namtokaken yen raden ngabehi wau ing jaman samangke dene nama pujongga, wah malih bilih katimbang kaliyan para siswa cawangan guru ingkang sampun mangretos ing ngelmi etang, basa jawi, mlajeng tuwin walandi sawatawis ukur, ngelmi budi, kodrat, palak tuwin sanesipun ingkang *amigunani* ing karajan, sadaya boten apura-puran, saestu radeng ngabehi ing wau lajeng katingal *gonjing* ingkang pujongganipun, ananging taksih pantes ingaji-aji saha dados pupujan, awit kala jamaning titiyang sami tilem, raden ngabehi wau anjejer wungu piyambak, eman dene dereng jumeneng tuwin jumangkah anjembaraken jajahaning budi jalaran boten wonten jarumaning galihipun, iba ta ajinipun priyantun ingkang kados punika, punapa boten pantes kineringan, ewadenten carik langen arja teka clunthangan anyawakaken pandakwa dhateng ing panjenenganipun, lah bilih sampun satus taun engkas, saha pandedeling kawruh Eropah wonten ing nuswa jawi sangsaya inggil anyamut-nyamut, titiyang ingkang kados carik langen arja kados tambe jumiril, kados pun kodheng, langkung malih kados pun kula pothot umarmaya, *bunteltike* mongsa dadosa, ing jaman samangke kemawon kula sampun rumaos katunjang saha kasepak dening tiyang bongsa Japan, mongka tiyang Japan punika anggenipun srawungan kaliyan bongsa Eropah dereng wonten kalih atus taun, dene tiyang jawi meh gangsal atus taun,eh..inggih tiyang wau bilih lemben.
Tujunipun kanjeng gupremen sudi anyebar kawruh wonten ing nuswa jawi, temahan kathah rurungkud bebas dening epen, kawewahan ingkang sinuhun kanjeng susuhunan ing Surakarta ayasa wawaton yen putraning priyantun boten masthi dados priyantun, bilih dereng sakolah utawi saged urun angreh ing karajan, lah *bilahi* para nem-neman ingkang lemben, lah *bilahi* putraning priyantun ingkang boten amituhu sabdaning ratu *buntelike* mongsa dadiya, begja satriya ingkang angudi kawruh jalaran ajrih katunjang dening tiyang alit ingkang sinebul ing budi saha begja panjenenganing ratu bilih kagungan dasih sami moncer ing pikir.
Eh para karuh ingkang pethuk ing cipta kaliyan kula, punapa atur kula punika angewak-ewakaken. (badhe wonten candhakipun).
Pothot Umarmaya ing Merapi.

Punika Cariyos Babad Mataram
Inggih sampun tatanipun gusti, wonten ing griyanipun punika, inggih makaten tatane, pangran suka gumuyu, aningali tata walandi, saksana tuwan Amral, Herduwelbeh matur, dhumateng kanjeng pangeran, gusti raja Mataram kula puniki, ingutus eyang jendral. Ngaturaken tabenipun gusti, kathah-kathah dhateng jeng pangeran, sarta pun eyang welinge, ngaturi pakikintun, ingkang warni pangangge adi, katura ing panduka, pangran ngandika arum, lah iya ingsun tarima, sihmu lan eyang jendral marang mami, tambuh sun walesena. Kala samana pangran dipati, yata wau mepak wadya bala, sarta para ngulamane, genyarsa madeg ratu, anggenteni jumeneng aji, amrihi ngestrenana, ngulama gung-agung, miwah kang para pandhita, para alim miwah kang wadya gung alit, sampun pepak sadaya. Angandika pangran adipati, eh sakehe kabeh wadyaning wang, mengko sun jaluk yektine, padha ngestokena ingsun, madeg nata iya genteni, ing jenengira rama, pan jujuluk ingsun, Jeng Susunan Amangkurat, Senapati Ngalaga Ngabdurahmani, Sayidina Natagama. Wadya bala miwah para

mukmin, maul lan ngestreni sadaya, Susunan pangandikane, Si Mondaraka iku, ingsun gawe papatih mami, sun wenangaken iya, marentaha iku, ing sakehe wadyaning wang, Mondaraka samengko ingsun arani, Tumenggung Mondaraka. Kala jumeneng sri narapati, ing Rebo Pon wau dinanira, nuju tanggal patlikure, ing Sura sasinipun, taun Wawu den sengkalani, janma aneng gagana, winayang ing ratu, samana Ki Pranantaka, kang ingutus mring donan amundhut sari, praptane angsal karya. Angupaya pan angsala sarakit, aran sekar wijayakusuma, samana wus ngaturake, dhumateng sang prabu, langkung suka galih narpati, rumaos yen sih ing yang, nugraheng kang luhur, dhawuh rumasuk ing nata, panjenengan nuswa jawa wus kawusthar, kagem aneng ing ngasta. Pranantaka sakalangkung dening, kapracaya ing salampahira, kinula wisudha ing mangke, apan jinunjung linggih, Pranantaka sinung kakasih, jinunjung saking andhap, sumengkeng ngaluhur, aran Arya Sindureja, Kyahi Sendhi apan sinungan kakasih, aran Demang Urawan. Andakara pan jinunjung linggih, aran Ki Ngabehi Wiradigda, sampun madeg karatone, wong tengahan sumuyud, apa dene kang wong pasisir, ngawula ing Susunan, mangkurat linuhung, miwah ta wong ing Mataram, sami prapta angawula ing sang aji, Prabu Anom Mangkurat. Nanging kang dereng jinunjung linggih, Nirdakarti lawan Onggajaya, miwah ki Wiradipane, apan nulya kasaru, akeh karya kang den lampahi, nenggih kala samana, kanjeng sang prabu, teksih wonten kang rumeksa, upacara sakeppraboning narpati, dereng wonten kang bekta. Dadya mundhut tiyang tiyang ing tetegil, jeng susuhunan kinarya kapedhak, cacah wong pitungatuse, dados andeling kewuh, nulya wau dipun wastani, aran wong jaya sura, sadaya sumuyud, sakathah ingkang prapta, wong Mataram miwah adbi ingkang lami, miwah kang panakawan. Apan sami jinunjung linggih, wau tiyang kadipaten lama, akathah kang linggih lante, aneng ing tegal arum, kawarnaha sri narapati, wau karsa utusan, mring pasisir iku, pamrihe sri naranata, wong pasisir seba amarang tetegil, samana sri narendra. Duk sineba mungwing ponca niti, sri narendra neng nagri tategil, kang tansah munggwing ngarsane, kang aran ki tumenggung, Mondaraka kalawan malih, Ki Arya Sinduraja, jajare alungguh, Ki Ngebehi Wiradigda, Ki Urawan Maduretna munggwing ngarsi, lan tumenggung ngawongga. Angandika wau sri bupati, Mondaraka lah karsaning wang, iya mengko ing becike, Sindureja puniku, Mondaraka arsa sun tuding, iya anelukena, mring pasisir iku, pamrih ingsun iku uga, wong pasisir sebaha mring mami, Sinduraja dandana. Mondaraka yapa sireki, awot sekar Mondraka sumongga, ing karsa langkung penede, ngandika sang aprabu, apan uwis mangkata aglis, Sindureja den yitna, Kendhul Kaliwungu, iku sira telukena, ya dimene padha seba ngarsa mami, legane atining wang. Upamane ngidhep mring sireki, saprayogane ing laku sira, gawaha wadya den akeh, Si Maduretna iku, si tumenggung iya ing wanggi, iku ingkang miluwa, ing lakunireki, iya padha tindhihana, marang laku nira ta ngaterna ugi, nuli sira mangkata. Iya lawan wekas ingsun malih, lah ing Kedhu sira paranana, padha sira jumak kabeh, lan nagri ing Matarum, timbangana sira den becik, ingkang aneng Mataram, saha aranipun, lan kaya priye kang warta, den prayitna sun ora mameksa maning, Sindureja tur sembah. Yata kondur wau sri bupati, kawarnaha Arya Sinduraja, wus adandan sadayane, tan kawarna ing ngenu, wus amepek kang ponang baris, kadi prawata sekar, swarane pan umyang, Sindureja wus adandan, Maduretna wadyane sampun acawis, sigra anuli bubar. Tan kawarna ing lampahireki, sampun prapta nagri ing Kendhal, wong alit sumuyud kabeh, miwah ing Kaliwungu, datan ana salayeng kapti, apan sami aseba, wong ing Kaliwungu, dhumateng Ki Sindureja, atur bekti sasegah tur pati urip, miwah tiyang ing Kendhal. Tan kawarnaha solahireng nguni, sami seba dhateng ing tategal, lawan sawadya mantrine, wong Kendhal Kaliwungu, kawarnaha wau kang kari, Ki Arya Sindureja, lajeng dhateng Kedhu, kalawan Ki Maduretna, sabalane sami prayitna ing westhi, tiyang ing Mangkuratan. Desa Kedhu kalane ing mangkin, apan taksih awayang wuyungan, tan ana pangidhepane, tiyang alit teruwu, sabedhahe nagri Matawis, wong bumi lan bumija, meksih wayang wuyung, dening keron manahira, pan akathah bahak binahak ing Jawi, akathah wong bebegal.

Ongka 37 Kemis kaping 11 September 1873

BRA MARTANI

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Surakarta
Benjing tanggal kaping 5 dumugi 10 wulan ngajeng punika ing ngalun-alun Surakarta badhe wonten *tentun seteleng* amitontonaken khewan suku sakawan ingkang aneh, tuwin kagunan warni-warni ingkang saged amamalad ing indhaking kataberen miwah lenging kadamel tutuladaning ngakathah.
Bilih boten kalintu ing pamireng kula, para lid ingkang sami sinedhahan angwasani tentun seteleng wau badhe angunjuki wuninga ing bab punika saha angaturi dhumateng ingkang sinuhun tedhak aningali.

Ing kampung Kabalen pinggir margi caket wonten sumur pejah sarta boten mawi kinubeng ing tembok utawi pager, dereng lami wonten lembu kesasar kacemplung ing ngriku, pangentasipun kanthi rakaos, sarta lembu wau nandhang labet, saweg wonten enem dinten punika wonten walandi inggih kecemplung ing sumur wau ugi, ananing tumunten enggal katulungan dening karuhipun kakalih sarta boten mawi kanthi labet.
Supados angambengana ing bilahi, punapa boten prayogi saupami sumur wau kapasek ing saderengipun adamel pejahing tiyang utawi pedhet.
Portse landhen.

Para priyantun ingkang sok akarsa tutumbas dhateng koja tuwin Cina sami katuran pepenget nalesihaken panjanging elo ingkang kadamel ngukur tuwin wawrating timbangan ingkang kadamel mawrat barangipun ingkang katumbas, kang mawi sampun tetela yen kathah elon sami kacelaken tuwin dhacin sami kirang wawratipun, sarehning ing Surakarta boten wonten ekmister inggih punika priyantun juru aniti priksa timbangan tuwin ukuran mila inggih kedah dados ekmister piyambak-piyambak.
Porste landhen.

Tanah cina
Ing kithanipun tanah Cina ing sampunika wonten ingkang sampun kasukanan sepur weh, kangge amamalad ing galihipun sang raja ing ngriku, supados karsa atitiruha yasa sepur weh wonten ing tanah karajanipun.

Ing kithanipun tanah Prangkrik wonten juru kebon adamel jagang, punika tampi pratela saking ingglidhig, yen ing jagang wau wonten luwengan lebet sarta wonten isinipun, juru kebon lajeng anglebeti mawi ambekta lantera, sumedya sumerep isinipun luwengan wau, kayektosanipun isi kanthong wacucal kebak dinar kawak, sstunggil-tunggilipun regi 40 rupiyah, gungung sadaya 8 leksa rupiyah, dene anggenipun kapendhem sakinten kala jamanipun kitha wau taksih kabawah ing tanah Sepanyol.

Kanjeng raja ing Persi sampun rawuh ing kitha Paris, kala tedhakipun dhateng ing taman Bolonye kathahing titiyang aningali tigang kethi, prajurit ingkang ngurmati langkung saking pitung leksa, kairing dening Jendral Marsekal Nakmak Maon tuwin jendral ageng-ageng 300 punapa dene upsir sanes-sanesipun ing tanah Prangkrik, titiyanipun kapal pethak, slebrak binludir ing emas tinretes ing inten.

Sekar latu ing kitha Paris ingkang kasumed minongka pakurmatanipun kanjeng raja ing Persi regi kalih leksa sapitung ewu rupiyah, urubing sekar latu wonten ingkang kinontha bintangipun sang raja tamu warni gambar surya akaliyan singa.
Ing tanah Japan, salaki rabinipun tiyanging bongsa ngriku angsal bongsa Eropah ing mangke sampun dipunkhalalaken.

Tuwan Linslei bongsa Amerikah angsal pamanggih enggal bab tetegraf, wondene telegraf wau saweg rampung ing sadinten sampun kenging kaangge, kajawi saking punika menggah reka patrapipun benten sanget kaliyan telegraf lami, saha angungkuli ing rikatipun punapa dene andadosaken kathah ing sudaning bayaran.

Saking pamireng kula kanjeng parentah ageng kala wingi dipuntampi pawartos sungkawa, kanjeng tuwan Amestal, asisten residhen enggal ing Bangkahulu tuwin tuwan Gastes kontrolir sami seda kacidra sedhengipun papara tebihipun saking kitha Lais 11 pal, saha rumiyin kala panjenenganipun kanjeng tuwan asisten lami, dalah ing salebeting kitha inggih wonten durjana cidra, ananging ingkang tiga boten kacepeng, pratondha bilih sami kinemulan ing titiyang ngriku.
Kajawi saking punika kula dereng pikantuk lajengipun pawartos wau.
Menggah saking kabar telegram ingkang katampen ing Batawi ngriki, ing salebeting kitha Lais tentrem sadaya, ananging prelu dipundhatengi ing prajurit.
Ing dinten punika ugi wanci enjing, bataliyun ingkang kasadasa isi prajurit 250 mangkat dhateng ing ngebum, katindhiyan dening tuwan kaptin Dhefis fan Iber kaliyan tuwan Kaptin Holondres, salajengipun mangkat dhateng Bangkahulu numpak bahita winastan Wilemkrun Prinsdher Nederlandhen, saha tuwan komandhan kaliyan tuwan litnan kolonel Finisen sami angateraken.
Dhe Indhiyer.

Ing tanah Inggris tuwin Prangkrik wonten rekadaya karosan enggal kakalih minongka gegentosing kukus.
Kacariyos tuwan Bragine kaliyan tuwan Dheskom ing Raowana inggih sami amanggih rekadaya karosan, kangge anglampahaken sakathahing pirantos kataberen tuwin bahita.

Ing Padhang tanggal kaping 20 Agustus
Wiwit kalawingi siyanging ngriki wonten lindhu ambal-ambalan, sakinten wanci jam tiga ebah ing siti kapara sanget, ngantos titiyang ing kampung Pacanan kathah sami ngungsi dhateng ing radinan, sareng jam nem inggih wonten lindhu malih ambal-ambalan ing dalem kalih jam, saha sangsaya dangu sangsaya sora, wondene ebahing siti boten ajeg, ing wanci dalu jam 8 ¾ , 10 ¼ tuwin 11 ½ ing saambalan dangunipun 2 utawi 3 menut, sareng wanci jam 2 ¼ mindhak sora saha dangunipun ngantos 4 menut, enjing punika wau sakinten jam 4 ½, 8 ½, 11 tuwin 11 ¾ wonten lindhu malih, ananging sampun suda ing soranipun, menggah kabar bab karisakan boten wonten, punika kalebet aneh, bilih sayektos makaten inggih sokur dhumateng ingkang maha kuwasa.
Wonten tembok sami rengka sawatawis, ananging boten angwatosi.
Dhe Indhiyer.

Dereng mangretos
Wonten tiyang nem-neman adamel iksamen kadangu dening ingkang mriksa, yagene dom ora bisa ngadeg ing pucuke, tiyang nem-neman wau sayektosipun dereng patos mudheng ing bab punika (ngelmi kodrat), ewadenten dhadhag lajeng damel wangsulan makaten: ingkang sapisan, dom punika boten saged ngadeg ing bongkotipun, lah sangsaya nglengkara bilih sageda ngadeg ing pucukipun, kaping kalih, manut katranganipun tuwan anu, pucuk utawi

cecek punika boten gadhah wewengkon miwah ukuran, awit saking punika dom boten saged ngadeg ing pucukipun, ingkang kaping tiga, dom puniuka inggih saged ngadeg ing pucukipun bilih kacublesaken ing punapa-punapa.

Dipuntilar ing Eropah

Wonten soldhat mendem awicanten dhateng tiyang jawi, tembungipun: kisanak kula sampun tuwuk sinau ing bab agami tuwin kawruh kalebet mangretos, ananging watek kula punika kaawonen, tiyang jawi lajeng apitaken: lah barkah ing kawruh sampeyan wonten ing pundi, soldhat amangsuli: kula tilar wonten ing Eropah.

Wonten ingkang andandosi, wonten ingkang angrisak

Saking ing pamatawis basa jawi sapanyeratipun pisan ing tanah perangan jawi wetan sampun sirna ugeripun, kula kerep kemawon tampi pawartos saking Prabalingga tuwin Surabaya ingkang aksaranipun *ha, ka, ta* tuwin *ba* jumbuh ingdhapur dene ukaranipun meh nacarak kados ing ngandhap punika.

Punika serat saha ingkang tabe kaurmatan kawula akathah-kathahjaatur ing panjenengan sampeyan tuwan Jonas Portir ing Surakarta.

Sasampuning ingkang kadya sapunika awiyosipun baten naming menggah pamundhut sampeyan ingkang supados kawula sageda majengake malih dhateng punika serat Bra Martani, ingkang punika kula inggih sampun anjuwarakake dhateng pra konca tuwin sanesipun, semanten slagi dereng wonten ingkang purun ngemim ing wingking menawi wonten, enggal kawula anyaosi pirsa ing panjenengan sampeyan saha ingkang sareng klayan punika kaserat, kawula kang ngaturake menggah kabar kawontenanipun ing panegari Prabalingga, manawi panjenengan sampeyan karsa amacak ing serat Bra Martani, kadi ingkang sumandhing ing punika serat.

Prabalingga, 31 Juli 1873

Saking kawula mantri guru.

Etang pamurwat

Kala tanggal kaping 1 September ing Surabaya wonten soldhat anama Heniger kaukum gantung, awit saking dosa anglampahi raja pejah, panuwunipun dhumateng ingkang wicaksana guprenur jendral supados piyambakipun kaukum pejah dening mimis, boten kapareng.

Saking pangakenipun piyambak soldhat wau kajawi saking punika wonten ing Eropah inggih amejahi sadherekipun tuwin anandukaken pitedah dhateng mayor, ngantos kalampahan mayor wau dhumawah ing cilaka kabucal dhateng ing tanah sanes, ing mangke piyambakipun umur 26 taun anampeni wawales.

Kawartos putranipun kakung prabu Napoleyon badhe palakrama angsal ingkang rayi kanjeng raja prameswari Fiktoriyo ing Enggris.

Kacariyos ing tanah Persi salaminipun kanjeng raja lalana kathah reresah, mila awit saking punika kanjeng raja wau tumunten enggal kondur.

Panjurung pakabaran minongka ngaturi icip-icip wangsulan dhateng tambe jumiril, naming cekak-cekak kemawon.

Kula sampun nyumerepi Bra Martani ongka 31 ing ngriku wonten panjurungipun tambe jumiril ingkang suraosipun remen nangge watek gugon tuhon, yen makaten kula nun kula inggih amung sokur, ewadene ing jengandika angoglengaken angaken manawi boten mangantu dhateng gugon tuhon punika leres, namung kula wastani murina dhateng tiyang

ingkang ngaken ngakoni setan, bol manawi ing jengandika adrapipun, lo..makaten wau punapa pasthi rak namung panginten.

Pakabaran Cina ageng inggil ingkang wonten Surakarta sapunika sampun wonten ing Ngayogyakarta, katimbalan sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng sultan dhateng ing nglebet karaton, ing ngriku lajeng katandhing kaliyan tiyang ingkang inggilipun namung 2 kaki nami Raden Panji Kusumawicitra, bok manawi tambe jumiril amastani bilih titisipun dewa ruci lan raden werkudara.

Cariyos aneh, ing Ngayogyakarta sakiduling kampung Kadanurejan wonten tiyang cina mawi suri kados kapal, ananging kacukur, bok manawi mas tambe jumiril amastani cina wau titisipun wongsatama ing jaman purwa, punapa tambe jumiril lajeng angalap berkah angestu pada, inggih punika ingkang kawastanan watek gugon tuhon.
Ing Ngayogya wonten singkek watawis umur 23 taun asli saking nagari Cina, kapencut amasuk Islam  lajeng minggah kaji dhateng Mekah, sapunika cina singkek wau manggen wonten kampung Pakauman Kadanurejan.
Cariyos aneh-aneh malih, ing Ngayogya wonten maesa gadhah anak sirahipun kados sirahing manungsa, boten gadhah buntut, kulitipun ugi memper kados kulitipun tiyang, teka owel temen dene medal lajeng pejah, saupami taksiha gesang bok manawi tambe jumiril amastani titisipun jathasura mahesa sura, lajeng angestu pada dhateng maesa wau nyuwun angalap berkah, inggih punika kenging dipunwastani gugon tuhon, dene anak mahesa wau sapunika taksih dipunkum ing janewer, kasimpen wonten griyanipun wadana Ngayogya ing redi kidul.
Taratag rambat ing Ngayogya sakanipun badhe dipunsantuni saka wesi, sapunika pangrancangipun sampun dados, langkung prayogi anetepi kados pangajeng-ngajengipun para tiyang Ngayogya, para tiyang ing Surakarta inggih gadhah pangajeng-ngajeng griya ebrak sawetan pagelaran tumunten dipundandosi.

Ing Bogor wonten tiyang Cina anjala ulam ,angsal ulam satunggal sirahipun kalih, punapa punika titisipun balorong sumepapa tambe jumiril inggih badhe angestu pada, yen makaten ugi kenging dipunwastani gugon tuhon malih.

Ing Samarang nalika tanggal kaping 23 Agustus kapengker punika, wonten tiyang bongsa Aprikah kalindhes ing grobag tujunipun boten katenggel sirahipun, namung kasrempet sirahipun sakedhik, ananging boten anemahi pejah.

Lah kula nyambeti wangsulan kula dhateng tambe jumiril, anggenipun kodheng bab cariyosipun kapal pilek, inggih punika ingkang tetela dereng mudheng lereging tembung, wong mono manawa durung terang tembung ngemu laras tambe jumiril, menggah cariyosipun kapal pilek wau yen tiyang ingkang sampun buntas engetanipun inggih priksa manawi cariyosipun tiyang anjampeni kapal pilek, tuwin tambe jumiril sumerepa ing mangke boten wonten kapal saged tata janmi, punapa dupeh kula pitaken dhateng ggon tuhon, wonten margi jadikrama kasurupan setan, suwawi ta jengandika jarwani ingkang balaka, ungel-ungelan makaten wau lereging tembung kados pundi, wawaton sampeyan punapa, sampeyan terangaken kang kalawan kang gamblang-gamblang, sampun adamel mados kados gugon tuhon, pilalah angengkoki bilih piyambakipun anganthongi setan, kaping 2 sampeyan inggih kodheng malih bab ungel-ungelan kapal salainipun kajampenan pilek utawi watuk, punika inggih temen manawi dhompo tembung panyerat kula, ananging kaliyanipun tambe jumiril, sawiyah tiyang saha rare ingkang taksih pelo inggih sumerep  ungel-ungelan wau, bilih kapal sakit wau salaminipun dipunjampeni sampun ngantos dipunguyang, punika punapa sampun dhamang panggalih sampeyan ingkang trus ing sanubari, kaping 3, kula ing jengandika purih jawab pitakenipun sastra wijanarka, punika kula mopo mas, awit pitakenipun sastra wijanarka

wau kalebet kekeranipun dewa ruci, ing dalil kadis tuwin serat suluk-suluk naming anyebutaken ingkang kanthi pralambang, saha ingkang anyaketi pitakenipun sastra wijanarka wau sok tiyanga ingkang sampun bantas engetanipun inggih sampun terang pralambangipun serat suluk-suluk sadaya wau, kaping 4 kula sampeyan wastani titisipun kuda kumutug, ah..punika kula suthik, ewadene ing jengandika sumerep manawi kuda kumutug gadhah ngelmi panitisan, bok manawi sampeyan nate kawejang sarta dados murudipun, balantik kapalipun kuda kumutug wau kanthi ngatingalaken kawekelan, iringiring kuda kumutug ajal tumut ngangkat jisimipun, kuna nun punika sokur mas, sampun samanten kemawon wangsulan kula dhateng sampeyan mas, sapunika kula badhe mangsuli dhateng sastra danangjaya.

Sastra Danangjaya kedah angudi wawatonipun ungel-ungelan gugon tuhon punika saking serat saloka, ing serat saloka nyebataken makaten (wong gugon tuhon iku kagugu sabarang kabar kang ora ana tondha yektine, kadosta tiyang sumerep pisang tuntut kalih, dipunanggep manawi katitisan balorong, dipunborehi tuwin dipunsebar-sebar punapa dene dipunkutugi, kaping 2 kadosta tiyang agega tiyang ingkang katitisan dhumateng gusti panutan, tuwin anggega dhumateng tiyang ngaken katitisan sunan bonang, lan anggega tiyang ngaken dados sunan heru cakra, ingkang sampun sami kacepeng parentah) tiyangingkang anganggep tuwin anggega dhateng tiyang ngaken tiga wau, punika kenging dipunwastani ambek gugon tuhon, lah kula badhe ngaturi lanjar wangsulan dhateng tambe jumiril malih, tambe jumiril kula pitaken punapa sampeyan sampun ngalap berkah tiyang ingkang ngaten katitisan gusti panutan, sunan bonang, sunan heru cakra kados nginggil wau, yen sampeyan kados kemawon kula boten maiben.
Kamis, 7 September 1873.
Katandhan Sastra premadi.

Wangsulan tumanduk mitra kula darma susastra
Sanadyan pataken kula wijangipun gugon tuhon punika sampun amrasajakaken sawantah ing manah ingkang temen anyuwun pitedah, ewadene mitra kula darma susatra taksih dereng wonten lumuntur ing karsa, namung tansah angingisaken kawignyaning panggalih kemawon, malah wonten tembungipun ingkang radi ngeres sawatawis kasamar ing ukara, amratelakaken yen tiyang ingkang boten sumerep dugi punika tiyang kumprung, makaten ugi kasinggihan saking pamanggih sampeyan yen dugi prayogi wau paugeraning galih, anaming sarehning sampun katingal cukeng ing panggalih sampeyan ing mangke kula inggih sampun muput boten saestu nyuwun saserepan sarta sampeyan sampun mratelakaken manawi sampun boten kadugi amaringi katrangan malih, dene ingkang wau panimbang kula para saged punika yen wonten gunanipun tiyang bodho kados kula makaten saestu aparing panjarwa ingkang wijar, boten ta sami kaliyan manawi amangsuli dhateng ingkangsami saged, menggah pamawi dhateng ing tembung ingkang bares sawantah ing manah, kaliyan tembung ingkang anyengkolong boten prasaja, punika punapa inggih boten medal saking dugi prayogi.
Sastra danang jaya.

He para karuh ingkang methuk ing budi kaliyan kula, menapa atur kula angewak-ewakaken, mugi-mugi panjenengan sami yasi ngarsaning ambek ewanan, sinten ingkang ewanan punika tondha bongkeng budinipun katedha ing uler, saha jalaran saking bongkenging budi andadosaken kasasaring cipta, lah bilih sampun kesasar, badhe lajeng cemong ataken dhateng paman doblong kados pundi rekanipun tiyang amedal gadhung.
Kula dipunatag anjarwani niti surti dening carik langen arja atur kula *aras-arasen*, kalih dening malih gek punapa badhe kadamel wewah dolanan lare ancang tuwin gala ganthi, awit suraosing niti surti matonglot saking enering cipta leres, amung ambujeng memesing tembung,

anggembat membat kamirengaken kados namaning gambang gedhah tinabuh ning gabus, boten ketang pating srempal ing suraos, mongka wuwulang punika kedah ingkang cetha, ingkang saged agugah budi, ingkang kenging kadamel trantanan anggayuh pathokaning pamikir, tuwin ingkang sawabipun amulyakaken karajan, mangsuli niti surti ngajak kosok wangsul leres.
He para karuh, punapa suraosing orek-orekan kula inggih jonjangipun bok samarang.
Carik langen arja pratela yen pambucaling niti surti wau radi rakaos punika masthi kemawon awit niti surti sampun tumancep ing galih, ananging samangke wiwit kebethot dening wuwulang saking budi padhang miwah konangan bilih atumpang suh, sarta piyambakipun pratela, yen niti surti punika 12 pada saha suraosipun warni-warni ingkanag dhateng ing kautamen, menggah ing kula sanajana panjang sagarising madya mandhala bilih pating semberet suraosipun, ha rak mindhak angodhal-adhil pikir, destun amung kangge unongani, saha kula dipunjatosana kautamen pundi ingkang medal saking sawabing niti surti wau, salajengipun bilih kula boten remen dhateng wuwulang niti surti, kula kapurih boten susah anglegewa, basa makaten punika punapa susah mawi kaoglengaken destun kangge anggigiri dhateng tiyang ing kedhung gudel ing irungipun menthol sapocung.
Kula dipunpethek sewu sakethi sokala saged nglampahana wulang niti surti, lah saupami pothot umarmaya saged anglampahi sabedhug kemawon buntel tike mongsa dadosa, awit wulanging niti surti sanajan sirah sinikil inggih kedah sumangge karsa, lah mara sinten ingkang kapewel tuwin kawan boten kumreng sirahipun, sanajana ingkang ayasa wuwulang wau bilih kawasa, saestu lajeng *atho-atho dewa bathara*, carik langen arja anginten bilih wonten kasujana ingkang putus ing kawruh, lah punika tondha yektinipun bilih carik langen arja kesasar ing cipta, wawratipun tuwan Aleksander fan umbol ingkang pangandikanipun padintenanipun ugeri dening para pujongga, punika dereng putus amung saweg sumerep gemeng ..dhingdhing jalal kemawon, boten kaconggah amiyak warananing kadhaton…

Panjurungipun bares boten kula pacak, ..sanajan kathah leresipun awekasan isinipun suraos ingkang lumangkah saking tata krami, wondene sakathahing panjurung ingkang sakit tan amameling timbuling Bra Martani badhe kapacak ing Kemis ngajeng.
Redhaktur.

Punika Cariyos Babad Mataram
Nanging Ki Wongsacitra ing mangkin, pan ingidhep dening wong akathah, dadi gugunungan dhewe, aneng desa ing Kedhu, datanana lengganeng kapti, sira Ki Wongsacitra, prakoswa ateguh, kalawan Bawaleksana, ya marmane kinelulutan wong cilik, sira Ki Wongsacitra. Kawarnaha wau kang lumaris, ingkang nama Arya Sindureja, nenggih kathithang jujuge, samana sampun rawuh, ing kathithang rereb tumuli, andher neng pamondhokan, ing desa supenuh, kawarnaha Wongsacitra, nulya seba mring Sindureja tumuli, sarwi ambekta segah. Sakalangkung denira mintasih, Sindureja lega ingkang manah, dening tumingal sakehe, wong Kedhu kathah rawuh, pan sumuyud sarwi tur bekti, sira Ki Wongsacitra, kang dadi gugunung, pan wong Kedhu ingirupan, Sindureja sakalangkung denira sih, marang Ki Wongsacitra. Malah karsanya jinunjung linggih, apan dinamel babundhelira, tiyang Kedhu sakathahe, yata sampunarembug, kintun serat dhateng tategil, mring Susunan Mangkurat, tan kawarneng ngenu, apan sampun ingidenan, ing susunan sinungan lorodan nyampir, sira Ki Wongsacitra. Tan kawarna wus jinujung linggih, ingkang anama Ki Wongsacitra, sampun alilinggih lante, anama ki tumenggung, Mangkuyuda dados titindhih, tiyang Kedhu sadaya, pan sampun sumuyud, mring Tumenggung Mangkuyuda, Sindureja kalangkung lega kang galih, ing Kedhu wus atata. Tan kawarna solahireng ngenu, kawarnaha kang aneng tategal, wong pasisir suyud kabeh, sowan mring Tegalarum, datan ana suwaleng kapti, suyud marang susunan, Mangkurat sinuhun, ing Barebes dereng sowan, tan kawarna lami aneng tategil, engga sakwehing wadya.

Enengena kang aneng tategil, kawarnaha titiyang Madura, kang bedhah ing Demak mangke, nenggih punggawanipun, ingkang aran Ki Wongsagati, ri sampunira bedhah, nagri Demak wau, wong Madura angrerayah, kang rinayah aran bedhug pring wedani, nanging kala samana. Nagri Demak apan wus winaris, pan pinecah-pecah tinaneman, mantri wowolu kathahe, pan wus sami lumayu, mantrinipun ing Demak mangkin, nanging kala samana, wonten kang winuwus, Pangeran Puger Mataram, pan adarbe pamijen ing Demak nenggih, aran Ki Martajaya. Ing tepalong griyanipun nenggih, kacarita apan sugih sanak, tedhak gada mastakane, Ki Martajaya iku, sareng wau miharsa warti, yen bedhug pring wedanya, rinayah ing mungsuh, wong Sampang ana ing Demak, sigra nuli amepak santana aglis, sira Ki Martajaya, wus apanggih lan mengsah Madura, apan ta kapanggih ijen, Ki Martajaya wau, sigra aprang lan wasenggati, rame tumbak tinumbak, asuduk sinuduk, neng alun-alun ing Demak, ramening prang apan apan kasaput ing wengi, pisah denya ayuda. Prapta wisma reraosana angling, Martajaya lan para santana, yata ujare arine, kakang kula sung pemut, kadi pundi solah puniki, dene andik perang, tan wonten kang ngutus, yen menang sinten ngalema, lamun kalah sayekti datan pakardi, yen ta wonten parentah. Pan suwasi daweg nusul gusti, jeng Pangeran Puger kang amurba, nuwun parentah penede, Ki Martajaya muwus, iya bener ujarireki, nanging ta ingsun ora, adhi ing karepku, payo nusul mring pangeran, ing tategal iya pangeran dipati, lah payo nuli mangkat. Ingkang rayi angling kadi pundi, kakang dene pangeran dipatya, pan dene kang muktekake, teka andika susul, dene pangran Puger inguni, kang muktekaken dika, Martajaya muwus, ora alah payo uga, mring tategal adhi lah turuten mami, payo ajak layatan. Payo adhi mangkat mring tategil, sigra mangkat lawan arinira, Ki Martajaya lampahe, tan kawarna ing ngenu, sampun prapta nagri tategil, [….] pasanggrahan, wau kang winuwus susunan saweg rembagan, pan kasaru Ki Martajaya wus prapti, sang nata angandika. Martajaya eh ta sira prapti, ingutus paran mring adhi emas, ing puger de teka kene, Martajaya umatur, mring susunan saha wot sari, angger dhateng kawula, pan boten ingutus, dhumateng rayi paduka, sayektine sedya kawula pribadi, angabdi ing sang nata. Pejah gesang kawula ta gusti, konjuka dhumateng ing sang nata, sumongga sakarsa angreh, mila kang abdi wau, ngunjukaken kang pati urip, dene jasat kawula, gusti kamiruhun, ngrumiyini ing ngayuda, lawan mengsah Sampang kasaput ing wengi, dadya kesah kewala. Dalah mangke kula tan miris, taksih purun ingabena aprang, […….] jurite, nadyan kapanggih besuk, dereng ngulap tandhing kuwanin, sang nata langkung suka, amiyarsa atur, wau ture Martajaya, angandika wau jeng sri narapati, dhumateng Martalaya. Iya sun srahaken ing sireki, Martajaya nagara ing Demak, lah sira mangkata age, laren jajahan ingsun, Martajaya sigra tur bekti, amit agya umangkat, ing Demak dinunung, wau ta pan tuwanAmral, Herduwelbeh matur dhateng sri bupati, gusti amit kawula. Dhateng ing Japan kawula gusti, dene ingkang jagi ing paduka, sawingkinging kawula ngger, Kumpeni pitungpuluh, rumeksaha ing karsa gusti, sang nata angandika, iya si tumenggung, Martalaya ing Mataram, lan si wija Amral miluwa sireki, ngirida laku nira. Tuwan Amral wus mangkat sira glis, saking tategal numpak bahita, wus samakta dandanane, ambabar layar sampun, angin ageng wau dhatengi, kebat lampahing palwa, tan kawarneng ngenu, prapteng muhara Jepara, tuwan Amral layar wus kinen anggiling, yata alabuh jangkar. Dene wau kang mentas kariyin, Ki Tumenggung Martalaya lawan, Ki Wija ika rewange, mila mentsa karuhun, andhawuhken dikaning gusti, yen lampahipun Amral, sakarsa sang prabu, Ki Tumenggung Martalaya, wus apanggih lan Ki Wongsadipa mangkin, wus dhawuh kang timbalan.

Ongka 38 Kemis kaping 18 September 1873

BRA MARTANI

Surakarta
Pranatan bab gagarapan tuwin raramen ing konggres(1) ingkang kawitan, kangge amapalad bab tindhaking tatanen, saha ingkang badhe kagelar wonten ing Alun-alun Surakarta.

Ngahad kaping 5 Oktober 1873
Ing wanci sonten jam 6 para lid sami sanega dhateng ing griya konggres.
Ing wanci sonten jam 6 ½ pan tataning perangan tuwin anemtokaken ing ririgen.
Ing wanci jam 8 ½ dansah wonten ing made ageng salebeting cepuri konggres.

Senen kaping 6 Oktober
Ing wanci enjing jam 8 pambikaking pakempalan ageng ingkang sapisan wonten ing made ageng salebeting cepuri konggres.
Ing wanci enjing jam 10 pambikaking tentun seteleng ing bab tatanen tuwin kataberen, katedhakan Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan.
Ing wanci siyang jam 5 akempalan ing sorongan pangkat 2 tuwin 3.
Ing wanci sonten jam 8 ½ kalangenan kongser(2) wonten ing griya komidhen, salebaring kongser lajeng kalangenan musikan wonten ing sosite indher harmoni ngantos jam 1.

Slasa kaping 7 Oktober
Ing wanci enjing jam 7 pambikaking tentun seteleng ing bab kapal tuwin khewan ingon sanes-sanesipun.
Ing wanci enjing jam 8 ½ pakempalan ing perangan pangkat 2 tuwin 3.
Ing anci enjing jam 11 kalangenan musikan wonten ing griya konggres.
Ing wanci siyang jam 4 raramen jawi warni-warni wonten ing alun-alun.
Ing wanci siyang jam 5 angedum ganjaran wonten ing griya konggres dhumateng para titiyang ingkang sami katrimah ing bab laladosanipun ingkang ginelar wonten ing tentun seteleng.
Ing wanci sonten jam 8 ½ amitontonaken titingalan wonten ing griya komidhen.
Salebaripun lajeng kalangenan musikan wonten ing sosite indher harmoni.

Rebo tanggal kaping 8 Oktober
Ing wanci enjing jam 6 ½ balapan kapal (bongsa Eropah tuwin priyantun ageng Jawi).
Ing wanci enjing jam 8 ½ pakempalan ing perangan pangkat 1.
Ing wanci enjing jam 11 kalangenan musikan ing griya konggres.
Ing wanci siyang jam 5 pakempalan ing perangan pangkat 2 tuwin 3.
Ing wanci sonten jam 8 1/3 dhansah pameran wonten ing griya konggres.

Kemis kaping 9 Oktober

Ing wanci enjing jam 8 pakempalan ing perangan pangkat 1, 2, tuwin 3.
Ing wanci enjing jam 10 pakempalan tuwin pasamuwan ageng ingkang kaping kalih tuwin panutuping konggres.
Ing wanci siyang jam 5 balapan kapal jawi mawi toh, katumpakan tiyang jawi sarta kalangenan musikan celak ing griya konggres.
Ing wanci sonten jam 7 para lid sami dhahar kekembulan wonten ing made ageng salebeting cepuri konggres.
(1) tegesipun konggres: pasamuwan utawi pakempalaning raja-raja utawi pujongga sasaminipun ingkang sami aginem raos.
(2) tegesipun kongser: pradongga awarni-warni.

Jumuwah kaping 10 Oktober
Ing wanci enjing jam 6 ½ bodhol dhateng pabrik dalem Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, kairing ing musikan.
Ing wanci sonten jam 8 wekasaning pakempalanipun wonten ing made ageng salebeting griya konggres, mawi sinaroja ing konggres.

Sanesipun para lid sami kenging bayaran kados ing ngandhap punika.
Bayaranipun aningali tentun seteleng kala nembe kabikak ing sadinten *f* 2,50.
Bayaran ningali ing dinten salajengipun.
Bongsa Eropah *f* 1.
Bongsa Cina tuwin tiyang Jawi sasaminipun wiwit enjing jam 8 ngantos jam 11 *f* 1.
Wiwit jam 11 dumugi jam 1 *f* 0,50.
Wiwit jam 11 dumugi jam 4 *f* 0,25.
Bayaranipun aningali kongser tuwin komidhi dhateng ing griya komidhen.
Manggen ing pangkat 1 *f* 3.
Manggen ing pangkat 2 *f* 2.
Manggen ing pangkat 3 *f* 1.
Bayaranipun lumebet dhansah ing griya konggres.
Priyantun satunggil *f* 2,50.
Bayaranipun aningali kongser ing konggres.
Priyantun satunggil *f* 1.
Para lid ingkang sami karsa dhahar kakembulan kedah ambayar *f* 10 mawi angsal anggur sabotol.
Ing griya konggres dipunsadhiyani sasadeyan unjukan sanesipun.
(Porste Landhen).

Tanggal kaping 10 Oktober ing ngajeng punika dene ingkang sami dados lid ing konggres punika ambayara yatra, tiyang satunggil 10 rupiyah lajeng atampi yatra tondha karcis.
Manawi akanthi wanudya boten langkung saking tigang iji, urunanipun 25 rupiyah.
Ingkang bayar samanten wau saged anjenengi pakumpulan sarta aningali barang tontonan tuwin pistanipun.
Ingkang boten dados lid boten kenging malebet pegadring, sarta ambayara yatra murih saged malebet kathahipun ing benjing katamtokaken.

Sinten-sintena ingkang dados lid kenging malebet pista dhahar mawi urun yatra 10 rupiyah.
Lid satunggil-satunggil kenging ugi kenging malebet ing kamar bolah amoni ing Surakarta, ugre amriksakaken karcisipun ingkang kasbeut ing nginggil wau.
(Panjurung).

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Surakarta
Tuwan Ye Be Em Bosaower tilas asisten residhen ing Surakarta kawartos kondur ing Rahmatolah wonten ing Samarang, jalaran sakit gerah angwedalaken rah.
(Porste Landhen).

Wonten estri asli saking Ngayogya awasta Mangun Sentana, dereng lami babakulan wonten ing kampung Kebalen, punika anandukaken rekadaya enggal sarana sasadeyan jimat warni-warni ingkang aneh-aneh sawabipun, kadosta: kadamel tutumbaling padamelan boten sempulur, wonten ingkang amulang ati ing estri supados kinasiyan ing lakinipun, saweneh kenging kadamel angrenggangaken katresnaning laki ingkang ngantos nuwuhaken rurubed jalaran kagubed ing sih.
Awit saking punika kathah titiyang dalah nyonyah sami kapencut saha ambayar dhateng Mangun Sentana 25 rupiyah malah langkung, amung minongka panumbasing jimat ingkang tanpa faedah samendhang wau, sampun masthi kemawon sami kenging ing apus.
Porste Landhen.

Pamulangan Jawi ing dhistrik Maospati (Madiyun) ing mangke sampun madeg, kathahing lare 70, mantri gurunipun murid wedalan saking pamulangan Surakarta, salajengipun ing dhistrik Nguteran samongsa katingal amikantuki, inggih badhe kaadegan mantri guru awit saking karsanipun kanjeng gupremen, ing sapunika kathah ing pamulangan Jawi saparesidhenan Madiyun ingkang gurunipun saking Surakarta sampun 3 (kalebet ing Magetan, Panaraga, Samarata tuwin ing Ngawi dados 7).
Porste Landhen.

Saking pamireng kula ing Ngayogyakarta inggih badhe wonten konggres, alanging papan 70, ujaripun 200 kaki.
Pethikan saking Porste Landhen.

Belgi
Ing kitha Leik kadhatengan lare bongsa Turki kathahipun pitulas, watawis umur ngenembelas dumugi mitulas taun, sami amangangge sandhangan caraning tanah wutah rahipun saha adamel cingaking akathah, sadhatengipun ing ngriku lajeng sami lumebet ing griya pamulangan, lare samanten punika sami lola sadaya, saka kala wonten ing tanah Turki sampun nate lumebet ing pamulangan kapredi ing kagunan tuwin kikriya, ing mangke winretek wonten ing Belgi kawragadan dening gupremen

Turki, boten lami ing kitha ngriku badhe kadhatengan lare kados makaten malih inggih saking Turki kathahipun 15 utawi 20.

Kala ing kitha Paris wonten griya kabesmen ngantos amraman nelasaken gudhang ageng tuwin griya sanesipun, punapa dene kathah ttiyang sami apulang latu, kacariyos wonten estri ingkang griya ingkang celak ing ngriku kaentas saking babaya dening ingon-ingonipun peksi jaka tuwa, kala sedhengipun latu amulad-mulad estri wau pinuju tilem kapatos, saupami boten kapetaka ing panjeriting jaka tuwa ingkang katempuh ing keluk sampun saestu estri wau pejah katunu, sareng tangi meh kabetheng ing bilahi, enggal lumajeng boten tolihi ng barang darbek, kajawi amung ambekta peksinipun jaksa tuwa thokthok.

Ing tanah Prangkrik kawartos wonten estri nandhang sasakit bisu ngantos taunan laminipun, wasana jalaran saking kaget lajeng saged mulya dadakan.

Kula pikantuk pawartos saking Kedhiri katiti mangsan kaping 11 September, yen ing Blitar wonten prakawis warni-warni, kacariyos wonten tiyang ing pabrik sata kapocot saking pandamelanipun punika lajeng boten purun kesah saking ing bale griya, saha angancam-ancam badhe anyanyakit dhateng ing saben tiyang ingkang kamipurun celak ing griyanipun sumedya anundhung.
Dene panunggilanipun tiyang wau nganyut tuwuh mawi pistul, wonten malih ingkang saweg pinuju nyerat ing mejaning lurahipun kaprejaya ing dhuwung dening rencangipun piyambak, ngantos nandhang labet kakalih ing geger, rencang enggal oncat malebet ing kamar, wonten ing ngriku lajeng suduk sarira.
Menggah ingkang dados jalaran sakinten saking rebat ajengan, saking pratelaning tuwan dhokter tiyang kakalih ingkang sami nandhang labet wau teksih kenging kaajeng-ajeng gesangipun.
Koran Surabaya.

Ing astananipun kitha Barselonah (Sepanyol) wonten kuburan aciri ungel-ungelan aneh kados ing ngandhap punika.
Nama kula pun anu, salami kula gesang ngantos umur pitung dasa kalih taun boten nate kaparag ing sasakit, sarta boten nate pinulasara ing dhukun, wasana kula pilek mila lajeng angundidhukun, menggah naminipun boten susah kula pratelakaken, kula tumunten dipunsukani jampi ingkang saged amutahaken, ananging kula legana angombe, ewadenten dipunpeksa, sareng kula turuti kula lajeng anemahi pejah makaten.

Kitha Batawi kadhatengan komidhi kapal saking tanah Itali, kathahing kapal 30 kalebet ingkang wedalan arab bagus anglangkungi, saha wonten maendanipun ajaran wedalan Persi, tuwin sanes-sanesipun, menggah kathahing tiyang kalebat jaler estri 25.
Wonten ing Batawi badhe tumunten mainten ing karub ageng bektanipun piyambak, saged amot tiyang 3000.
Pethikan saking Yafahbodhe.

Kanjeng tuwan asisten residhen enggal ing Bangkahulu sampun rawuh ing kitha Lais kala tanggal kaping 9 wulan punika.
Tuwan Kapiten Holandres anglurug dhateng tanah bentahan mawi ambekta prajurit kathahipun 80 sarta campuh kaliyan brandhal celak ing lepen, prajuritipun kanjeng gupremen wonten ingkang labet titiga, salebaring perang angsal burukan bandera kakalih.
Tuwan kontrulir dhekanter mangkat saking Padhang ambekta prajurit sumedya nglurug dhateng Tepisiring.
Koran Samarang.

Mandhor ing pamulangan jawi ing Surakarta enggal punika mentas anundhung kuli karerehanipun awasta Jayaleksana jalaran mireng pawartos yen pun Jayaleksana raraosan badhe amabdungi ringgit wacucal ing pamulangan ngriku, sarta amasajakaken dhateng kancanipun kuli ing bab awoning lampahanipun piyambak, malah balaka yen kala wonten ing dhusun Besari (Bayalali) sampun nate ambesmi griya.
Saking pratelaning mandhor pun Jayaleksana wau ing mangke sampun anglambrang.

Panjurung Bra Martani
Kala tanggal kaping 30 wulan Agustus kapengker punika sawingking dalem Cakranagaran ing Surakarta wonten satunggil tiyang wasta Kyahi Suradongsa, punika rumaos bosen wonten ing ngalam padhang, watawis pukul kalih siyang Kyahi Suradongsa wau gulunipun kairis kaliyan lading piyambak, ananging lajeng kasumerepan tiyang kathah, lading lajeng karebat ing kathah, denten gulunipun Kyahi Suradongsa wau sampun tatu 2 dim lebetipun, saha gurung sampun katingal, ing wasana lajeng kawuningan ing nagari, kadangu jalaranipun saking panantis sarta Kyahi Suradongsa wau lajeng kabekta dhateng romah sakit, denten umuripun Kyahi Suradongsa wau sampun 63 taun.
Puspanagaran kaping 13 September 1873.
Katandhan Mredi Respati.

Panjurung kabar sawatawis radi aneh
Wonten priyantun rongga abdi dalem ing kadhaton Surakarta, nalika tanggal kaping 3 wulan rejep punika anuju saos dhateng ing lebet karaton, sareng dumugi sangajenging gedhong grejen, raden rongga wau sumerep edom kakalih warni pethak kaliyan jene, sarta sami atarung wonten sangajenging gedhong, dene pratingkahipun kados kenthel atetempukan bujeng binujeng, ing nalika samanten raden rongga sakalangkung ngungun sanget ing batos dene wonten wujud aneh, ananging sasolahing ngedomtansah dipunawasaken sapurugipun, sareng sampun amantas dangu edom wau wicanten makaten: *wong uwis dhelik-dhelik kok meksa diaru biru* sasampunipun makaten edom kakalih sami ical boten kantenan, ing wanci sonten raden rongga badhe mantuk dhateng griyanipun ing mondhokan sukareja saweg dumugi ing griyanipun karaos mumet sanget ananging dipuntahanaken, sareng dumugi ing griyanipun lajeng ambruk kemawon ngantos dados petikan dangu, sasampunipun radi enget

dipunpitangledi, lajeng anyariyosaken sakawitipun utawi nalika kalenger wau, mangraosi manah uwangipun kados kalebetan adom sakalangkung kathah, wonten ingkang manjing nguntu terus ngandhap nginggil, wondene sakitipun raden rongga wau antawis tigang dinten lajeng saras dumugi ing sapunika.
Katandhan byakta.

Banyumas
Nalika ing dinten Salasa Kaliwon tanggal kaping 2 wulan September punika kadugi wanci pukul sadasa siyang ing dhusun Dermasari (Purwareja), wonten satunggil tiyang jaler awasta Kertaleksana umur 30 taun sampun cilaka pejah dhawah saking uwit kalapa salebeting pasitenipun piyambak.
Satunggiling modin ing pakauman Banyumas awasta Kerta Muhamad, nalika dinten Jumungah Pon tanggal kaping 5 ugi wulan September punika, panuju sembayang Jumungah ing masjid, piyambakipun mentas adan lajeng rebah saengga kalenger boten wonten jalaranipun punapa-punapa, ing wekdal punika lajeng dipunrerompa kabekta mantuk ing griyanipun, ing samangke wau modin ugi sampun saras.(modin punika sosoraning ketib).
P.L.

Wangsulan
Pothot umarmaya kawistara bilih rahipun anjendhel, jalaran saking kambak ing mongsa asrep, amila pothot umarmaya lajeng sare angalela katingal saking katebihan ewadene sarehning prayantun sampun lepas ing kawruh lasaripun remen ambesut engetan, sanadyana wonten salebeting sare inggih taksih saged angandhar kawignyanipun wonten salebeting kabar Bra Martani, suraosipun namung badhe singlar saking pandakwanipun dhateng carik langen arja bab anggenipun amuradi basaning niti sruti ingkang lajeng kasendhekaken dhateng Raden Ngabehi Ronggawarsita, supados pothot umarmaya sampun ngantos kalajeng amatuk dhateng carik langen arja awit sapunika saweg kathah padamelan ingkang prelu linampahan katimbang kalih anyerat wangsulan dhateng pothot umarmaya ingkang boten wonten paedahipun pisan-pisan, mongka pothot umarmaya salebeting sare angancam-ancam dhateng wangsulaning carik langen arja, badhe lajeng dipunjak ngaben kalepasaning kawruh sarta kathahing pambudi, saking panuwun kula manawi kapareng anyondhongi pothot umarmaya sampun ngantos anglajengaken panyakaripun dhateng carik langen arja bok bilih badhe boten amewahi dhateng kawruhipun ingkang kalebet prelu, malah badhe anggempalaken ing kautamenipun pothot umarmaya, wondene bab patakenan sampeyan pujongga punika tiyangingkang saged punapa, kula angaturi pirsa anamung apura-puran kemawon, awit kula boten gadhah waton gumathok, namung mirengaken saking cariyosing tiyang sepuh ingkang lembon sarta betah tilem, bilih pujongga salebeting karaton Surakarta ingkang dipunwajibi namung dhateng tembung kawi, dene tembung kawi punika kenging kasebutaken basaning pujongga, kalih amajibi dhateng lalampahan kina-kina, punapa dene angluhuri cariyos ingkang prelu kaangge wonten salabeting karaton, wondene manawi pujongga Eropah bok manawi kedah cakep dhateng kawruh ingkang linangkung, kadosta cakep dhateng kawruh kodrat tuwin palak, etang ukur, punapa dene tembung awarni-warni

kasusastran ing sasaminipun, sanadyan sami pujongga anamung kawaijbanipun boten kenging kasami, menggah sasebutan wau gumantung wonten anggepipun piyambak-piyambak, amila pothot umarmaya boten susah amastani dhateng raden angabehi Ronggawarsitabilih sampun gonjing kapunjangganipun, awit saking kalindhih dening para murid cawangan guru jawi, ah..wong mono nek busuk sing diunggul-unggulake ya mung kapinterane dhewe, hem..wong mono nek durung tau kacenthula kumenthus, menggah saking pamanggihipun pothot umarmaya ingkang makaten punika punapa sampun kagalih temen Raden Ngabehi Ronggawarsita gonjinging kapujangganipun, ingkang namung jalaran saking kathahing tiyang saged, saking panawang kula sanadyan akathah ingkang angungkuli dhateng kasagedanipun Raden Angabehi Ronggawarsita ewadene badhe boten anggempalaken dhateng ing ngatasing kalenggahanipun, amila boten kenging bilih kagalih lajeng gonjinging kapujonggan, punapa dene pothot umarmaya mawi anyariyosaken, tujunipun kanjeng gupremen sudi anyebar kawruh wonten ing nuswa jawi boten ajrih waragad ingkang ngantos pinten-pinten yuta, lo..punika rak boten susah dipungelar wonten ing pasamuwan Bra Martani, punapa malih mawi amratelakaken bilih ingkang sinuhun kanjeng susuhunan ing Surakarta ayasa wawaton, yen putraning prayantun boten mesthi dados prayantunbilih dereng sakolah utawi saged urun angreh ing karajan, lo..kados cariyosipun pothot umarmaya punika punapa boten kalintu, bilih pamireng kula suraosing kapranatan dalem dhumateng para abdi dalem sadaya inggih anak wau boten mesthi anggentosi lalampahaning bapa, manawi boten saged anyekapi dhateng kawajibanipun, kados anaking kemasan inggih kedah saged dhateng panggaraping jede tuwin inten boten kenging angatingalaken kasagedan sanesipun ingkang dipunwajibi, dene kasagedan sakolahan punika kanggenipun prelu kadamel anggayuh darajat sanesipun, ingkang kasebut ing pranatan dalem wau rak namung lulusipun anggentosi bapa, dados punika sanes urusipun ingkang katalanjer, ananging namung prelu kadamel anggelar kasagedanipun pothot umarmaya, sanadyana kula dede ingkang katuju ing karsa, anamung kedah nyaruwe murih pedhotipun ing nalar, ingkang larasipun badhe kalantar, awit kawruh punika awarni-warni, boten kenging bilih kadamel anglindhihaken dhateng satunggil tiyang ingkang boten sarju ing tanahipun, jalaran kasagedan wau boten saged dumunung dhateng tiyang satunggal kalih, punapa pothot umarmaya badhe boten andungkapaken saking panggagas kula punika boten susah angandhar ing salajengipun, ing wasana sami sumingkir adamel saking kadang karuh, ananging prelu amiluta dhateng sih katresnaning sasami.
Katandhan kalih wanda ngajeng singa akalih wanda wingking singa mangreti.

Punika Cariyos Babad Mataram

Sakalangkung sukane kang galih, Wongsadipa satekane Amral, saksana umantas age, Amral saking ing laut, Wongsadipa sampun apanggih, kalawan tuwan Amral, wus tata alungguh, tuwan Amral atetanya, mring Ki Wongsadipa lah mangke neng ngendi, mengsah dalem kang prapta. Wongsadipa anauri aris, inggih tuwan kariyin kang mengsah, ing jagad yoh enggone, nanging mangke wus mawur, kalahipun kula bedhili, saking gunung punika, rencang kula wau, ambedhili lan wong prasman, myang wong Inggris kang dagang wonten ing ngriki, punika rencang kula. Malah

mangke punika pan maksih, tiyang Inggris lan prasman punika, taksih atengga ing kene, kagyat sajroning kalbu, tuwan Amral mirsa wong Inggris, prasman yen dadya rowang, dados manahipun, […….], pan mangkana angur kelangan mami, uwang ora […….], iki ywa kongsi kaeksi, iya marang mring raja Mataram, yata tuwan Amral age, ngundang wong Inggris wau, lan wong prasman prapta ing ngarsa, wus alinggih atata, tuwan Amral muwus, wong Inggris lawan wong prasman, eh wong Inggris, wong prasman gawenireki, wis padha sun tarima. Wis katrima mring raja Matawis, iya ing sapagaweyanira, lah iki paparingane, rong leksa kathahipun, rupa reyal marang sireki, anging sira muliya, karsane sang prabu, aja sira aneng jawa, pan wong Inggris wong prasman padha nauri, tuwan kula sasambat. Dene palwa kawula ing mangkin, lagi padha ngulihken dagangan, tuwan Amral gya wuwuse, ing ngong [….], sira aja kuwatir, sigra sinungan palwa, Inggris Prasman […..], dhumateng ing tuwan Amral, wus tinampan anulya umangkat aglis, wong Inggris lan wong prasman. Nanging den ebur dhateng kimpni, parahune kang sinungken ika, sampun nengah palayare, praptane tengah laut, yata kerem palwanireki, wong Inggris lan wong Prasman sampun sami ampus, tan ana gesang satunggal, Inggris prasman sigegen datan winarni, kocapa sang abrongta. Wau ta ingkang winarni, kang aneng nagri tategal, jeng susuna mangkurate, sineba pra mantri nira, utusan sampun prapta, ingkang saking dhusun Kedhu, kang aran Ki Sindureja. Ing Kedhu sampun aradin, miwah pasisir nagara, sakilen Samarang kabeh, pan sampun radin sadaya, Kaliwung ing Kendhal, Batang Pakalongan wau, Pamalang sampun marata. Barebes datan winarni, iku purwane arata, kalawan wong tategale, samana sri naranata, akarsa mring Jepara, amepak sakeh wadya gung, myang para mantri punggawa. Ingkang datan sah tinari, yata Patih Mondaraka, Sindureja datan kaot, Ki Urawan jajarira, lawan Ki Wiradigda, pan ingkang sami tinantun, yen mangke kanjeng susunan. Karsa mring Japara mangkin, punggawa rembag sadaya, ri sampun nunggil prembage, sigra nulya asiyaga, sakapraboning yuda, samakta lan barisipun, sajawining pasanggrahan. Aglar pindha taman sari, karsanira sri narendra, tan arsa bekta garwane, ampilan sampun agelar, kang sami sinongsongan, pepak kapraboning ratu, kang munggwing ngarsa sang nata. Saksana bubar tumuli, jeng Susunan Amangkurat, saking ing pasanggrahane, gumerah swaraning wadya, awor pangriking kuda, anindhihi ing wadya gung, lampahira sri narendra. Tan arsa medal jaladri, apan adharat kewala, kang wadya nglarug lampahe, datan kawarna ing marga, pangangsalan sinedya, kebat lampahe wadya gung, samana pan sampun prapta. Lampahira sri bupati, rerep aneng pangangsalan, kala samana lampahe, jeng Susunan Amangkurat, mendhet wong pangangsalan, nenggih wonten pitungatus, karsane sri naranata. Arsa miyos ing jaladri, tan arsa medal dharatan, anitih palwa karsane, marmane miyos samudra, dening rembening marga, yen taksih adharat wau, dadya kang para punggawa. Miwah bupati pasisir, sadaya sampun samakta, samya nyaosken palwane, aneng ing pasisir ika, swarane kadi gerah, wadya lit dandan parau, ander aneng ing muara. Palwa ageng wus cumawis, datan antara samana, babektan wus metu kabeh, sami winrat ing bahita, miwah para prawira, wus sami samekta wau, sadandaning ngayuda. Wus nitih sadaya sami, wau ta tiyang walonda, sigra ambabar layare, sigegen datan kocapa, lampahe sri narendra, kang layar wonten ing laut, gantya malih kang kocapa. Duk kala sri narapati, taksih kadipaten ira, aneng Mataram purane, adarbe kakasih ira, wasta Ki

Martanaya, pan Ki Martanaya iku, ketang abdi tumut lara. Kala bedhahing Matawis, Ki Martanaya punika, apisah lawan gustine, mila pisah sedyanira, ngungseken umurira, angrebat ing gesangipun, duk bedhah nagri Mataram. Angaler lampahireki, saking nagri ing Mataram, marang Samarang lakune, gen ngungseken uripira, kang aran Martanaya, kalanira prapta wau, tan darbe galih lyanira. Sedyane manahireki, tulusa nganggur kewala, tan lyan namung gustine, kang tansah ing nganti antya, timbule kang wawarta, gusti panjenenganipun, nanging kalane samana. Martalaya mirsa warti, yen gustine neng tategal, malah wus umadeg katong, nunten malih wonten warta, yen mangke gustinira, wus layar aneng ing laut, pan akarsa mring Japara. Ki Martanaya sira glis, samana ing karsanira, sasaos ing sadarbeke, ingkang awarna dhaharan, ing sakuwasanira, rehning tiyang alit wau, apan ta sampun samekta. Ki Martanaya anuli, mangkat dhateng ing lautan, anyaosaken segahe, samana Ki Martanaya, minggah dhateng ing palwa, yata apepanggih sampun, ing gusti kanjeng susunan.

Ongka 39 Kemis kaping 25 September 1873

BRA MARTANI

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Surakarta

Pambikaking konggres benjing tanggal kaping 7 dumugi tanggal kaping 12 ing wulan Oktober ugi, dados kaundur kalih dinten saha pranatanipun inggih kaewahan badhe kapacak ing Bra Martani ngajeng, kang mawi ing mangke sampun kasesanen anggenipun anjarwakaken ing basa Jawi, jalaran lungse dhatengipun serat kabar ingkang isi pawartos ing nginggil wau.

Kala Saptu dalu angrintenaken Ngahad tuwan Bikarta asisten dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan, kapandungan ing kantoripun awarni yatra 1400 rupiyah.

Tuwan dhokter Meiyer priyantun lalana tuwin juru niti wawados ing kodrat sampun wangsul angajawi nitih bahita saking tanah Niyu Geneyah, anggenipun andon lalana wonten ing Niyu Geneyah kawartos dharat kemawon, anjajah tanah ingkang dereng nate dipunambah dening tiyang bongsa Eropah.

Wonten dhokter bongsa Dhitslan asuka pawartos kados ing ngandhap punika.

Sapriki sampun 23 taun kula amulasara lare estri nandhang sakit ngeres linu ngantos sanget, sakinten umur 12 taun kalampahan saged saras, ananging dumados bisu babar pisan, pinten-pinten usada ingkang katamakaken ananging tanpa damel, lare lulus boten saged awicanten, temahan andadosaken ageng kasusahaning bapa biyungipun, sareng elet kawan Ngahad, lare wau kabekta wangsul dhateng ing griya kula, wonten ing ngiku embokipun lajeng nangis kapeja sata asambat-sambat dhateng kula kapurih mulyakaken anakipun, awit saking kagende dening sumerep titingalan amelas asih kados makaten, lare lajeng kula deleh ing sangajenging embokipun, saha kula sanjangi: ebeng, manawa kowe bisa calathu *biyung* lah bok iya cobanen, sanalika eluh ing lare deres carocosan, embokipun lajeng karangkul *biyung*, salajengipun lare lestantun mulya, angeram-eramaken, jalaran saking sanget kakenan ing locitanipun.

Amerikah

Ing Amerikah kala tanggal kaping 4 Juli wonten raramen minongka pakurmataning tanah karajan ingkang sinuhudaken dados satunggil, wondene raramen wau ingkang dados pangngongakaning akathah, inggih punika luh balon badhe dipun titihi dening pujongga tuwan Lamonten, saderenging dumugi ing wanci sampun ewon kathahing titiyang dhateng aningali, ananging kala samanten lajeng wonten angin ageng, mila anggenipun angulukaken luh balon kedah kasrantosaken sasarehing angin.

Sareng sampun kasep watawis tigang jam kaliyan wanci ingkang sampun katemtokaken anginnipun kendel, luh balon tumuntenkaisenan hawa benter, manut ing ririgenipun tuwan Lamonten boten dangu lajeng kaulukaken watawi inggilipun 75 kaki, agenging gondhel cekap dipunenggeni tiyang satunggil, rineka kados kranjang kinencang ing tangsul wolu panjang-panjang, kaangsalaken ing luh balon.

Kala saweg kaisenan hawa benter, sampunk asumerepan yen luh balon wau boten kablongsong ing jaring tangsul, mongka ingkang makaten punika prelu sanget, wondene ingkang kadamel awer-awer, amung atngsuling gondhel kemawon, mila titiyangingkang aningali ami angandhut sumelang, bok nilih luh balon wau saged brojol sarta lajeng dhawah, ananging tuwan Lamonten sanajana sampun undhagi ing bab punika ewadenten semunipun boten anglegewa dhateng ingkang andadosaken sumelang wau.

Sareng sampun pragas anggenipun ngiseni saha wonten aba muluk, tuwan Lamonten lajeng manggen wonten ing gondhol, amelas asih kados angganing mas kenyut. Gya lumepas luh balon napak wiyati, sang pujangga dibya, astanya amusthi topi, kumlawe marang bantala. Minongka sung sasmita kantunbasuki sagung kang umiyat, megeng napas sru mawingwrin, anon mas mimbuling tawang.
Kala saweg muluk lampahing luh balonsampun golang-goling wonten ing saantawising kenur, anungkulaken panggagas bilih badhe wonten bilahi ingkang boten kenging kaoncatan, sareng lulut sampun inggil ngantos amung katingal saagenging tong, kayektosan wonten bilahi andhatengi. Luh balon kimpes sarta mrojol saking tangsul, dene gondhol kaliyan tuwan Lamonten cumorot dhawah kados sela, saderengipun dhawah ing siti, tuwan Lamonten taksih kengetan angangkah amalik gondhol, badhe kadamel pamadling dhawuh, bok manawi ingkang makaten punika sampun kaesthi ing wau-wau, kalampahan reka makaten punika inggih amitulungi, ananging sareng inggilipun saking siti sakinten-kinten 100 kaki, karosanipun tuwan Lamonten sirna, anggenipun gujengan mrucut, lajeng dhawah ing siti, malah kenging kabasakaken ambles ing siti nacep nem dim, sirna saranduning sarira, daging, balung renyuh awo rah, wondene luh balon mesat anggana kados peksi, sakathahing tatiyang ingkang aningali sami bibar asasaran, ewa makaten sampun wateking bongsa Amerikah, sanajana mentas sumerep pangilon bilahi kados makaten inggih boten kapok, saha salajengipun ing mongsa wonten dinten ageng inggih teksih angulukaken luh balon kados adat.

Telegram Batawi tanggal kaping 17 September
Kraman ing kitha Lais (Bangkahulu) sampun pinerep ing prang sarta dhadhal lumajeng, ing sacelaking lepenbentungan ing mangke kaadegan beteng.
Ingkang kawartos ing Bra Martani bilih ing Ngayogyakarta badhe wonten kongser punika lepat, dene leresipun barang laladosan saking ing Ngayogyakarta kasuwunaken papan ing cepuri salebeting konggres ing Surakarta panjang 200 wiyar 70 kaki.

Pawartos saking Bintang Johar
Pujongga tuwan Frederik ing kitha Palermo (Itali) mentas angusadani tiyangingkang kenging ing sasakit dhengkel, dene ingkang kadamel usada saemper toya keras kalebetaken ing semprotan agengipun sadom, ing pundi enggening karaos sakit, kulitipun kabelek sakedhik, lajeng kalebetan ing pirantos wau mawi kasemprotaken.
Usada gerah waja: godhong kingkit, godhong kemuning, oyod sere, cengkeh 10, sarem titigang wuku, sami kagodhog dados satunggil toyanipun kadamel kembeng.
Ing mangke pamundhutipun tumbas kopi kanjeng gupremen dhateng ing titiyang alit sapikulipun 14 rupiyah, sarta sampun wonten arta ingkang kasadhiyakaken kangge amewahi tuwin amranata balanjaning para pangageng dhistrik ing pulo jawi sawewengkonipun.
Kala tanggal kaping 17 ing Ambon wonten lindhu, sarta sakathahing kreteg ing ngriku sami dhadhal dening banjir.
Wonten pawartos saking Amerikahyen ing kitha Neporek wonten tiyang badhe angayoni malih minggah ing ngawang-ngawang mawi numpak luh balon sarta badhe lumangkah ing saganten ageng.
Kaptin Cina ing Lasem bawah Rembang ngiras lurah pakter apyan, kala ing taun kapengker punika kawartos bathi tigang yuta rupiyah.

Gorontalo

Sareng kanjeng Gumen karsa ambayar regining kopi ing sapikulipun 40 rupiyah titiyang alit ing ngriku boten patos nandhang kamlaratan, sarta lampahing dadagangan alit mindhak rame sarta majeng.
Kanjeng raja ing Persi tampi upeksi pamedaling tanah karajanipun kajawi ingkang warni inten tuwin mutyara ing dalem sataun 100 yuta rupiyah, yatra samanten punika amung kapetang ingkang prasasat nama sareman kemawon, sedheng para ngulama dhasihipun sami pejah ngantos pinten-pinten ewu jalaran saking kaluwen ing mongsa pailan.

Ing tanah Indhi, Inggris salebetipun taun 1871 kathahing titiyang ingkang dipunmongsa ing sato galak 20000.

Kala tanggal 11 Juli ing kampung Lito kitha Ruslen wonten jawah sela, agenging tlethik sacreme, dene dangunipun ngantos sawetawis menut.

Kathah panggrahita yen kusuma tedhaking raja Prasman ingkang jumeneng saderengipun Prabu Napoleyon, badhe kajumenengaken raja amengku karajan ing Pangkrik malih.

Kanjeng raja ing Persi sampun bidhal saking Setambul kondur dhateng ing Persi, sarawuhipun saestu badhe gegetun ing galih, samongsa midhanget lapuran, yen salebetipun wulan Januari tanggal kaping 1 dumugi ing wulan Juni tanggal kaping 14 kawulanipun ingkang sami ngalih dhateng ing tanah Amerikah gungung sadaya 141.856.

Putranipun kedipe ing tanah Mesir kapurugaken dhateng ing kitha Berlin (Dhitslan) supados angindhakaken ing kasagedanipun, wonten ing ngriku katunggilaken ing dragonderipun kanjeng raja Dhitslan ing resimen pangkat kapisan.

Cariyos Aneh

Wonten tiyang anyedhahi para karuhipun sabibaring nedha ingkang gadhah griya kaicalan warisan, para tamu lajeng sami kapurih tumungkul, awit reka amakaten punika badhe kadamel titikipun sinten ingkang nyolong, para tamu enggal angleksanani, ingkang gadhah griya pitaken: punapa sampun sami tumungkul sadaya, wangsulanipun: inggih-inggih, ingkang gadhah griya pitaken malih, lah ingkang mendhet warisan punapa inggih sampun tumungkul: tamu ingkang nyolong warisan lajeng gugup amangsuli: inggih sampun.

Wonten jeksa nem-neman amriksa pandung bebestan: he..paman kowe iku gentho.
Bebestan amangsuli: anggen kula dados paman sampeyan punika punapa dumeh kula punika gentho, punapa kula punika gentho awit saking dados paman sampeyan.

Panjurung

Para rare ingkang asring sami anumpak kapal sasarengan angguyang dhateng ing lepen ingkang saemper namung prelu abalapan, jor-joran ing bab kawanthen miwah templeking prasinanipun wonten ing pinggir kapal punika, saking pamanggih kula boten prayogi, sabab saking pamireng kula sampun arambah-rambah wonten tiyang katrajang kapal, jalarak kados dene atur kula ing nginggil wau saha ngantos andadosaken kasangsaranipun amila upami wonten karsanipun ing parentah angawisi patrap ingkang makaten punika inggih saestu langkung prayogi, awit saking panimbang kula kapal kaguyang dhateng ing lepen utawi dhateng anggen tebih punika boten wonten paedahipun, langkung sae kaguyanga ing griya kemawon, resik tur boten damel bibrah panggrahitaning kapal.
V.D.

Kawedalna Kemis ngajeng punika
Wangsulan
Sanajana sampun cetha wela-wela yen Sastra premadi lepat anggenipun damel ukara, ewadene semunipun taksih angudi saged saged dipunangwaranani lepatipun sawatawis, rak inggih nun, amila agahan lajeng mamak angawur-awur kados sawung kapiling catho-catho dhongipun amastani kula yen kirang sumerep dhateng lereging tembung, heh, wasana ngalunthung ngangge wangsulanipun rare yen cariyosing kapal pilek ingkang sampun kanyatakaken punika anggep ngemu raos, ceriyosipun tiyang anjampeni kapal pilek, lah sanajana ngemu raos makaten punapa inggih meksa dereng pareng kula wastani lepat kulu nun, jengandika beker-beker nanging semu kemba, sok tiyanga ingkang buntas engetanipun inggih proksa pitembungan ngemu raos wau, punapa punika prelu kaandhar wonten ngabyantaraning Bra Martani, Sastra premadi beker-beker malih ananging ugi semu kemba, sanesipun tambe jumiril inggih mangretos kajengipun pitembungan ingkang sampun dipunakeni bilih dhompo panyeratipun, inggih sokur nun bilih ngaken, sarta andadosaken bingahing manah kula, dene jengandika boten mawi cengkok leyok lestantun angekoki dhompo tembung panyerat sampeyan, kula dipunatag dening sastra premadi anjarwani ungel-ungelan wonten margi jadikrama kasurupan setan, punika atur kula boten saweg taberi, kalih dene kula jengandika pitakeni punapa kula sampun nate ngalap berkah dhateng tiyangingkang ngaken katitisan gusti panutan, sunan bonang, sunan herucakra, bares kemawon atur kula dereng natos, ewadene yen jengandika badhe ngalap berkah piyambak, kula namung sumongga sampun mawi pitaken dhateng kula, awit salami kula dipungesangi dening ingkang sipat kodrat kula dereng mireng bilih wonten tiyang ngaken katitisan gusti panutan, sunan bonang, sunan herucakra, saweg mireng cariyos sampeyan sapindhah punika, bok manawi jengandika punika turunipun tiyang ingkang ngaken dipuntitisi gusti panutan, sunan herucakra utawi sunan bonang wau, samanten punika dereng tamtu saweg bok manawi kemawon, jengandika mopo boten purun negesi pitakenipun Sastra wijanarka, lo..sampun mopo makaten mas, tiyang kula boten meksa, sastra premadi aapratela, yen samangke boten wonten kon tata janmi, punapa punika pantes dipunsanjangaken dhateng tambe jumiril, serat sampeyan boten susah kula wangsuli panjang, namung cupet samanten kemawon.
Katandhan tambe jumiril.

Ing samangke pothot umarmaya sangsaya kaanda muka bilih ludiranipun sami murut angalempak wonten prabaning aksanipun, jalaran kataman ing masa kang ambahyani sarta ingkang adamel kengering kaengetan, meh kemawon oncat saking lokaning pamursitanipun, inggih punika wateking masa ingkang saben anandukaken raos ingkang ngantos anggempalaken nalaripun, sanadyana kaengetan wau saengga sampun ginggang saking pangayomanipun ingkang prasasat tanpa daya, ewadene taksih kadugi anjalentreh kagunanipun wonten ing pabaratanin Bra Martani, amung kaangge amarlokaken anggenipun bade simlar saking tubukaning pangancasipun ingkang sampun kasamar dening warana mawi angider-ideraken pitaken dhateng kadang karuhipun ingkang tunggil budi, ngantos damel kageting para priyantun ingkang sami maos serat Bra Martani, awit saweg katembe sapisan punika amrangguli uluring nalar ingkang mawi kaputer ing tekadipun namung katujokaken dhateng carik langen arja, ingkang sampun katemtokaken bilih kira sumerep dhateng pandomaning ukara ingkang urus, awit kapirid saking anggenipun amangsuli dhateng pothot umarmaya, suraosing serat tingal carik langen arja anggadhahi pamanggih bilih kenging pandakwanipun pothot umarmaya, bab anggenipun anegesi basaning niti sruti, mila sanalika lajeng kasendhekaken dhateng Raden Ngabehi Ranggawarsita, supados pothot umarmaya sampun kalajeng anandukaken lungiding patukipun ingkang agigirisi dhateng carik langen arja, ingkang sampun amratelakaken bilih badhe boten amangsuli, ananging pothot umarmaya

sanget pangancam-ancamipun dhateng wangsulaning carik langen arja, namung parlu badhe kalindhihaken kemawon, menggah wawatek ingkang makaten punika punapa boten kenging kaanggep tiyang ambek adiguna, awit tilar wawaton saking pangajapaning kawruhipun ingkang parlu, mung kedah kaangge anggayuh darajat, ingkang minongka dados busananing kautamen, ananging pothot umarmaya kasagedanipun parlu namung kaangge anyirnakaken dhateng daya panggendenging kautamen kadosta anggenipun kaduga anamtoakaken bilih Raden Ngabehi Ronggawarsitayen ing jaman samangke dede nama pujongga, awit salaminipun katrontongan soroting srengenge dereng mireng yen ing nuswa jawi wonten pujongga kajawi namung priyantun ingkang marsudi kawruh, wah malih bilih katimbang kaliyan para siswa cawangan guru ing pamulangan […..] ing ngelmi etang sapanunggilanipun kados ingkang sampun kapratelakaken ing serat Bra Martani ongka 36, saestu raden ngabehi gonjing kapujongganipun, menggah pamanggihipun umarmaya ingkang makaten wau kados pundi dene saweg tigang larik longkanging cariyosipun, angaken bilih dereng mireng yen ing nuswa jawi wonten pujongga, teka lajeng purun amastani yen raden ngabehi gonjing kapujongganipun, lah punika ingkang anelakaken bilih umarmaya saweg kasasar ing cipta, yen ta saupami taksaya jejeg keblating engetanipun saestu namung angangge salah satunggal kemawon, amila kawruhipun pothot umarmaya ingkang dipunmanah sampun anyekapi wau boten prayogi bilih kerep kaangge ngatingalaken bodhoning tiyang, saestu badhe andadosaken sesaking manahipun, trakadhang agempalaken dhateng kasagedanipun ingkang kaanggep utami, lan punapa boten anggalih yen kasagedan ing ngalam denya punika tamtu boten kaangge pothot umarmaya piyambak, ananging kedah taksih kathah ingkang dumunung dhateng ing ngatasipun tiyang sanes, utawi malih anggenipun amratelakaken ambek utamenipun kanjeng gupremen ingkang sampun tetela katingal ing akathah, punika pancen boten susah kacariyosaken awit sampun wajibipun para raja agung ugi kedah anindakaken patrap ingkang makaten wau, minongka sarana saged dipunarit dhateng utami ingkang luhur […..], awit kautamen wau ajinipun langkung saking kathah yen tinimbang kaliyan arta, ewadene bilih tiyang ingkang nyenthet kendhanganing karnanipun bok manawi dereng mireng patrapipun ingkang makaten punika, pupapa umarmaya boten remen pikantuk sawabing kawruhipun ingkang inggil anyamut-nyamut, sarta ingkang kedah kabusanan kalayan tartib supados sampun gempal dening tiyang ambastani boten amot jalaran saking rupeking budi.
Badhe wonten candhakipun.
Juru tulis parang jara.

Banyumas
Kala dalu malem Ngahad Paing angrintenaken tanggal kaping 14 wulan September punika wanci ngajengaken pukul satengah sadasa ing Banyumas karaos wonten lindhu, ananging ebahing siti boten sanget sarta boten andadosaken karisakan.
Ing dalu punika ugi wancipukul satengah sawelas ing griya sakit ing Banyumas kabesmen ngantos telas driya sakalih, satunggil griya tikelan ingkang kadamel panggenan taledhek ingkang sami sakit, satunggilipun griya srotongan alit ingkang kadamel panggenanipun kajineman ingkang jagi ing ngriku, tuwin kadamel panggenan jajampi sarta bekakas dhokter, menggah apling brama kadugi saking pandameling tiyang dursila, awit ing salebetipun griya sakit punika boten wonten tiyang damel brama, wonten ugi dilah gelas, ananging panggenanipun wonten ing tengah-tengah griya boten adamel kuwatos mremen ing pager utawi dhateng barang sanesipun ingkang gampil murubipun, mongka ingkang kabesmi rumiyin griya tikelan wau ing emper ingkang pojok kidul wetan, panujunipun watu brama boten ngantos mremen dhateng griya sanesipun, awit ing wekdal punika kaleresan boten wonten angin ageng sarta kathah titiyang ingkang sami dhateng tandang tulung, ananging sadhatengipun pompa lajeng boten saged enggal tulung anyirep urubing brama, awit rekaos pamundhuting toya, ing mongsa terang punika kathah sumur ingkang sami meh asat, mongka tebih saking lepen, dumados sareng pompa sampun kaisenan toya, brama sampun sirep

urubipun amung kantun kadamel nyirepwongwa kemawon, saking bab punika para tiyang ingkang wonten ing griya sakit ngriku ugi sami wilujeng.
P.L.

Kula sampun maos serat Bra Martani ongka 37 Kemis kaping 11 September, wonten ungel-ungelan ingkang mawi tondha porsten landhen, angengetaken para priyantun ingkang sami wade tinumbas kaliyan bongsa cina, ingkang sarana mawi cacinan utawi katen, ingkang punika dhasar inggih temen nawi macina punika dados ekmister piyambak ingawit manawi saweg pinuju tumbas elo utawi katen dipunindhakaken, manawi pinuju wade dipunsuda.
Ewa samanten saking pangajeng-ajengipun para priyantun ingkang dereng mangertos katen utawi elo, sami angajeng-ajeng mugi inggala wonten ingkang nguwasani amriksani elonipun para para tiyang cina.
Katandhan data caraka.

Punika Cariyos Babad Mataram
Kagyat sang nata ningali, ri sampuning ngatur segah, Ki Martanaya wot sinom, umatur dhateng sang nata, dhuh gusti sowan hamba, pun Martanaya pukulun, ngunjukaken pejah gesang. Kenging tan kenginga gusti, kang abdi pun Martanaya, sedya umiring sang katong, sanadyan pejah gesanga, ngandika sri narendra, prasetyanira maring sun, banget tarima manira. Salawasmu aneng ngendi, pasah ira saking ing wang, matura ing sayektine, ngungsi urip ngendi sira, Martanaya tur sembah, umatur dhateng sang prabu, kawula wonten Samarang. Sri bupati ngendika ris, iya uwis Martanaya, dene antuk pangestune, yakti sun tarima uga, nanging parentah ing wang, ing mengko marang sireku, iya teka lakonana. Aja kuwatir ring ati, lah sira teka kariya, ana ing Samarang bae, aja sira milu mring wang, lah teka tutugena, lakunira den amujud, aneng bumi ing Samarang. Andedongaha Yang Widi, iya dongakena ing wang, ing sapolah lakuning ngong, muga ingsun katekana, sakajat lakuning wang, dening yang suksma kang agung, lah iku wawekasing wang. Sok ingsun kalakona ugi, ingsun mengku nungsa jawa, aywa sira watir maneh, yekti nagara Samarang, sun ganjaraken sira, Martanaya awot santun, langkung mesgul manahira. Eh Martanaya sireki, lah uwis sira muliya, sira tetepa ing mengko, sira ana ing Samarang, pan aja gingsir sira, pamujimu mring yang agung, iya ing sapungkur ing wang. Martana awot sari, sampun mudhun Martanaya, saking ing palwa kapale, sauliye Martanaya, Susunan sigra layar, wus alajeng lampahipun, dhateng nagri ing Japara. Datan kawarna ing margi, lampahe sri naranata, wus prapta ing muarane, nenggih nagari Jepara, Susunan sigra tedhak, saking kapal sampun rawuh, nenggih nagari Japara. Wus masanggrahan narpati, aneng nagari Japara, wau kang andherekake, Ki Martanaya tetegal, sampun prapta Japara, sami masanggrahan sampun, sakehing para dipatya. Mangkana ingkang winarni, wau Kyahi Wongsadipa, kinen anglar jajahane, saksana Ki Wongsadipa, gya mangka sabalanya, sapraptaning jawi wau, wong desa wus tinimbalan. Sadaya wus nungkul sami, desa lyan saking Japara, tan wonten malanga ing reh, ira Kyahi Wongsadipa, sadaya wus marata, saparentahe wus anut, wong tengen kiwa Japara. Malah dumugi ing Pathi, datan wonten amalanga, mring Ki Wongsadipa rehe, sami suyud ngalembana, malah naosi samya, sapratandhane nungkul, dhateng Kyahi Wongsadipa. Dadi mangke wus aradin, kiwa tengen ing Japara, malah prapteng santenane, ri sampunira arata, Tepiswiring jajahan, Ki Wongsadipa gya wangsul, asowan dhateng sang nata. wau ta ingkang winarni, Ki Martajaya ing Demak, pan sampun prapta lampahe, nenggih nagari Japara, wus sowan ing sang nata, atur uninga sang prabu, yen ing Demak wus arata. Pan eca galih narpati, datan sumelang ing nala, dening rata jajahane, sadhatenge Wongsadipa, yata sri naranata, wau ta ing karsanipun, animbali ingkang garwa. Karsanira sri bupati, sakathahing para garwa, apan tinimbalan kabeh, dhateng nagri ing Japara, sigra nulya umangkat, dutanira sang aprabu, kang dhateng nagri tategal. Kawarnaha sri bupati, samana karsa sineba, enjing sang nata wus miyos,

pinarak mungging dhadhampar, kumpeni sami sowan, andher ing kursi alungguh, sama panggedhe sadaya. Miwah kang sami anangkil, sagung pra mantri sadaya, kang para prajurit andher, ngabehi kalawan rongga, kang munggwing ngarseng nata, miwah kyana patih wau, kang anama Mondaraka. Arya Sindureja nenggih, kalawan Demang Urawan, Ngabehi Wiradigdane, ya Ngabehi Jagapatya, tan kantun Wongsadipa, Nirdakarti jajaripun, kalawan Ki Martajaya. Ki Wija jajare linggih, angandika sri narendra, mring Ki Mondaraka alon, alah iya Mondaraka, mengko Si Wongsadipa, nun kula wisudha iku, ingsun junjung lungguh ira. Sun jungjung teka ing siti, sun sengkaken luhur ingkang, sun elihaken maneh, iya mengko ajenenga, Dipati Martapura, duweya Jepara iku, lan maninge ywa salaya. Ing mengko sang Jagapati, padha sun kulawisudha, karo barenga muktine, padha sun jungjung lungguhnya, ingsun lihken namanya, iya ajenenga iku, Dipati Sujanapura. Padha duweya ing mangkin, iya nagara Japara, kalawan iya maninge, pan iya si Martajaya, ingsun junjung lungguhira, tekeng ngandhap ingsun jungjung, sun sengkakaken ngakasa. Iya mengko sun arani, si Tumenggung Suranata, ing Demak iku duwene, lawan maninge si Jiwa, ingsun kulawisudha, iya lungguhe sun junjung, sun sengkakaken ngakasa. Lawan arane sun elih, iya sira ajenenga, Dipati Mangun nonenge, duweya ing Pathi iki, lan maninge ta iya, nagri Garobogan iku, iya sun wehaken ika. Mengko mring si Nirdakarti, kalawan iku jenenga, iya Tumenggung Binarong, lan maning si martalaya, lah iya ajenenga, dipati ing karsaningsun, Adipati Martalaya. Wus telas jinungjung linggih, abdi ingkang tumulara, wonten malih kang wiraos, kang aran Ki Onggawongsa, wismane Surabaya, duk samana kandhaningpun, kesah saking Surabaya. Wau ta tan mawi kanthi, numpal keli lampahira, nedya nusul mring kakange, wastanipun kakang ira, nenggih Ki Onggajaya, punika ingkang sinuhun, wonten nagri ing tategal. Apan ta sampun apanggih, wau kalawan kang raka, kang nama Onggawasane, aneng nagri ing tategal, samana Onggajaya, sadhatenge arinipun, ingaturaken saksana. Dhumateng sri narapati, semana gya tinimbalan, Onggawongsa mring sang katong, semana pan pinariksa, Onggawongsa turira, dhumateng ing sang prabu, pukulun atur kawula.

Ongka 4 Kemis kaping 2 Oktober 1873

BRA MARTANI

Surakarta
Ewah-wahaning pranatanipun gagarapan tuwin raramen ing konggres Indhi kawitan, ingkang badhe kagelar benjing tanggal kaping 7 dumugi 12 wulan Oktober 1873.

Slasa kaping 7 Oktober
Ing wanci sonten jam 6 para lid sami sanega wonten ing made ageng salebeting cepuri konggres.
Ing wanci sonten jam 6 ½ panataning enggen ing sajuru-juru tuwin anandukaken ririgen.
Ing wanci sonten jam 8 ½ dhansah wonten ing made ageng angagem musikan saking sekutrei Samarang.
Rebo kaping 8 Oktober
Ing wanci enjing jam 8 pambikaking kalempakan ageng ingkang kapisan wonten ing made ageng.
Ing wanci enjing jam 10 ½ pambikaking tentun seteleng ing bab pirantos pamedaling tanem tuwuh tuwin kataberen jawi, katedhakan Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan, mawi sinaosan lalangen musikan saking sekutrei Samarang.
Ing wanci siyang jam 5 kalempakan ing enggen pangkat 1.
Ing wanci sonten jam 8 ½ alalangen kongser wonten ing griya komidhen sabibaripun ngantos jam 1 lajeng alalangen musikan saking sekutrei Samarang.

Kemis kaping 9 Oktober
Ing wanci enjing jam 7 pambikaking tentun seteleng bab kapal tuwin kewan suku sekawan sanesipun wonten ing sawingkingipun griya konggres.
Ing wanci enjing jam 8 kalempakan ing enggen pangkat 2 tuwin 3.
Ing wanci enjing jam 11 alalangen musikan wonten ing griya konggres.
Ing wanci enjing jam 4 (?) raramen Jawi warni-warni wonten ing ngalun-alun.
Ing wanci siyang jam 5 angedum ganjaran wonten ing made ageng dhateng para tiyang ingkang sami katrimah ing bab ladosanipun.
Ing wanci sonten jam 8 ½ amitongtonaken titingalan wonten ing griya komidhen, sabibaripun lajeng lalangen musikan saking sekutrei Samarang.

Jumuwah kaping 10 Oktober
Ing wanci enjing jam 6 ½ balapan kapal ingkang nitih ing priyantun bongsa Eropah tuwin priyantun ageng Jawi.
Ing wanci enjing jam 8 kalempakan ing enggen pangkat 1.
Ing wanci enjing jam 9 ½ kalempakan ing enggen pangkat 2.
Ing wanci enjing jam 11 lalangen musikan wonten ing griya konggres.
Ing wanci siyang jam 5 kalempakan ing enggen pangkat 1.
Ing wanci siyang jam 6 ½ arak-arakan mawi kairing obor, kalempakaning para priyantun ingkang sami mabantu ing griya konggres.
Ing wanci sonten jam 8 ½ dhansah pameran wonten ing made ageng angagem musikaning sekutrei Samarang.

Septu kaping 11 Oktober
Ing wanci enjing jam 8 kalempakan ing enggen pangkat 2 tuwin 3.

Ing wanci enjing jam 10 kalempakan ageng ingkang kaping kalih tuwin panutuping konggres.
Ing wanci siyang jam 5 balapan kapal jawi, dipuntumpaki ing tiyang jawi sasaminipun tuwin cina, mawi angungelaken musikaning sekutrei Samarang.
Ing wanci sonten jam 7 para lid sami adhahar kekembulan wonten ing made ageng.
Ing wanci sonten jam 9 alalangen kongser saking sekutrei Samarang wonten ing griya konggres.

Ngahad kaping 12 Oktober
Ing wanci enjing jam 6 ½ bodhol dhateng ing pabrik dalem Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, kairid musikan.
Ing wanci sonten jam 8 wekasan kalempakaning para lid wonten ing made ageng.

Salaminipun wonten raramen, garnisun ing Surakarta badhe angadegaken kermis, saha saben dinten ing ngalun-alun badhe wonten titingalan tandhak, topeng, tuwin ringgit wacucal.
Para lid ing konggres sami boten kenging bayaran ing bab nginggil wau sadaya, anggeripun anedahaken tetengering dados lid, tetengering lid wau panumbasipun dhateng tuwan Yonghir, ge el ye fan Hogen Dhorep ing Surakarta, dene benjing wiwit tanggal kaping 7 Oktober panumbasipun amung dhateng ing griya konggres kemawon, menggah ing reginipun kados ing ngandhap punika.
Tengeripun tuwan utawi nyonyah satunggil amung regi 10 rupiyah, tuwan satunggil tuwin kanthi nyonyah kathahipun tiga 25 rupiyah.
Sanesipun para lid ugi kenging angetebi ing raramen, ananging boten kenging lumebet ing kalempakan tuwin dhahar kembulan, saha lumebetipun ing konggres kedah kedah ambayar kados ing ngandhap punika.
Aningali tentun seteleng ingkang kagelar ing tanggal 8 Oktober, tiyang satunggil ambayar 2 ½ rupiyah.

Ing dinten tuwin ing wanci sanes-sanesipun tiyang bongsa Eropah ambayar 1 rupiyah, bongsa jawi sasaminipun tuwin cina wiwit jam 8 dumugi jam 11 ambayar 1 rupiyah, wiwit jam 11 dumugi jam 1 ambayar ½ rupiyah, dene bilih wiwit jam 1 dumugi jam 4 ambayar ¼ rupiyah, sadaya punika tumraping tiyang satunggil.
Aningali kongser tuwin titingalan ing griya ing griya komidhen tanggal kaping 8 tuwin ping 9 priyantun satunggil ambayar 3 rupiyah, lumebet dhansah ing griya konggres tanggal kaping 7 tuwin 10 priyantun satunggil ambayar 2 ½ rupiyah.
Aningali kongser ing griya konggres tiyang satunggil ambayar 1 rupiyah.
Menggah serat tetengeripun kenging lumebet aningali punika panumbasipun dhateng ing griya konggres tuwin ing saben enggen karamen.
Para lid ingkang sami tumut dhahar kembulan kedah ambayar 10 rupiyah, mawi pikantuk anggur sagendul.
Ing salebeting cepuri konggres dipunsedhiyani unjuk-unjukan sanesipun mawi bayaran.
Para lid ingkang sami tumut tindak dhateng ing pabrik dalem Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, priyantun satunggil kedah ambayar 10 rupiyah wongsal-wangsul.
Samukawis ingkang katumbas ing salebeting cepuri konggres kabayar kenceng sadaya.

Pranataning pambikakipun tentun seteleng ing bab pirantos
wedaling tanem tuwuh tuwin kataberen jawi sasaminipun
Ing dinten Rebo tanggal kaping 8 Oktober 1873
Ing wanci jam 9 ½ liding konggres kakalih sami amethuk ing kanjeng tuwan komendhaning militer ing Surakarta dhateng ing dalemipun, badhe tedhak ing griya tentun seteleng.

Anunggli wanci ing nginggil wau carakaning konggres sampun wonten ing dalem kamangkunagaran amethuk ing kanjeng gusti badhe tedhak dhateng ing griya tentun seteleng kadherekaken upacara kados adat.
Ing wanci jam 10 wonten carakaning konggres malih kapatah andherekaken kanjeng tuwan residhen lumebet ing karaton, kadherekaken ing pacalang kapalan.
Ing wanci jam 10 ½ Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan ing Surakarta miyos saking karaton tedhak dhateng ing griya tentun seteleng kadherekaken dening kanjeng tuwan residhen sinambungan ing Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom kanthi kanjeng tuwan asisten residhen ingayap upacara karaton kados adat sarta kadherekaken pacalang ingkang kasebutaken ing nginggil wau.
Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun tuwin kanjeng tuwan residhen rawuhipun ing griya konggres lajeng dipunpanggihi dening para tuwan ingkang angwasani konggres tuwin komisining tentun seteleng saha dipunacarani pinarak ing made konggres.

Sasampuning Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun tuwin kanjeng tuwan residhen punapa dene priyantun sanes-sanesipun sami atata lenggah, ingkang jumeneng presidhening konggres lajeng anembrama basa walandi dhumateng ingkang sami rawuh, salajengipun panembrama wau kaluntakaken ing basa jawi utawi malajeng dening ingkang jumeneng pise presidhen.
Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun lajeng amangsuli dhumateng ing panembrama wau sarta angwayahaken ing pambikaking tentun seteleng.
Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun tumunten tedhak mider-mider ing sagutheking griya tentun seteleng kadherekaken dening tuwan residhen, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom, kanjeng tuwan komandhaning militer, kanjeng tuwan asisten residhen, para tuwan ingkang angwasani konggres tuwin para komisining tentun seteleng.
Sasampuning mider-mider, Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun lajeng kondur ngadhaton menggah pakurmatanipun sami ugi kados kala tedhakipun.
Kanjeng tuwan residhen, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, tuwin kanjeng tuwan komendhaning militer kadherekaken wangsul dhumateng ing griya konggres malih, saha pakurmatanipun sami kados dene kala rawuhipun.
Pragading panggosthi katiten tanggal kaping 21 September 1873.
Awit saking karsanipun paprentahan konggres Indhi kawitan ing bab among tani.
Sekretaris, en Klar fan Girihke.

Ing ngandhap punika pratelaning raramen Jawi ingkang badhe kagelar wonten ing alun-alun wiwit tanggal kaping 16 dumugi tanggal kaping 19 wulan Ruwah taun Jimakir 1802.
Ing dinten Rebo kaping 16 Ruwah
Ing wanci enjing jam 8 wiwit mungel gongsa ing rainten dalu mawi tandhak.
Ing dinten Kemis 17 Ruwah
Ing wanci enjing jam 8 topengan dumugi jam 4 siyang.
Ing dinten Jumuwah kaping 18 Ruwah
Ing wanci sonten jam 8 ringgitan wacucal ing sadalu muput.
Ing dinten Septu kaping 19 Ruwah
Ing wanci enjing jam 8 ringgit kalithik.
Ing wanci sonten jam 8 ringgit kalithik tuwin tandhakan ing sadalu muput.

Ing dinten Kamis kaping 17 Ruwah
Ing wanci siyang jam 4 wiwit penekan lajeng wot-wotan punapa dene lumampah srimpungan.
Ing dinten Septu kaping 19 Ruwah

Ing wanci siyang jam 4 wiwit jamparingan angeles ganjaran, numbak kolong, numpak kapal kaliyan mungkur, numbak tong tuwin titingalan sanesipun.

Benjing ing dinten Kemis tanggal kaping 9 Oktober ing ngajeng punika wanci pukul satengah sanga sonten para tuwan sawatawis badhe kasukan komedhi minongka ambiyantoni ramenipun konggres, menggah lampahanipun komedhi wau ingkang satunggal kanamakaken raja ing kalawingi, dene satunggilipun kanamakaken lintah punika jampi ingkang prayogi piyambak utawi akal-akalanipun tiyang remenan.
Gancaring cariyosipun lampahan wau kados ing ngandhap punika.
Lampahan kemidhen ingkang kanamakaken raja ing kalawingi.
Namaning ringgit.

1. raja
2. meres, tiyang dhusun
3. lesme anakipun estri pun meres
4. kristiyan jaka ing dhusun, remenanipun lesme
5. uhdramafa, santri neneman mindaraja
6. snelput, santri neneman mindha pangeran

Tiyang dhusun jaler estri utawi abdi ingkang anderekaken raja.
Meres kalih lesme medal saking griya, anakipun dipunpitungkas ambekiti kambengan wonten ing lumbung, tapakipun badhe dhateng ing wona angrampas panging wit-witan kang ngrempayak mepeti margi, awit wertosipun raja karsa ambebujeng ing wana ngriku, meres kesah, kristiyan dhateng amanggihi lesme, angresula anggenipun badhe imah-imah kalih lesme boten jinurungan ing mares, awit bapakipun kristiyan ing taun punika sanget apesipun, tanemanipun tedha ing hama, lumbungipun rebah, griyanipun badhe kalelang kadamel nyauri sambatanipun, lesme angarih-arih, kristiyan nunten kasambat ambengkiti kambengan, awit lesme badhe anggarap padamelan ing griya, kristiyan munggah ing lumbung, lesme malebet ing griya, uhdraf kaliyansnelput dhateng sami anganggening ringgitkemidhen, sami sayah sarta luwe, ingkang dipunwicantenaken kathah ing sambutanipun, damel ribeding manah saben dinten katagih sarta dipunancam-ancam dhateng ingkang nyambutaken badhe kaserag, saking telasing pikir wau dalu ngantos kalampahan tumut kasukan kumidhi, uhdraf dados raja, snelput dados pangeran, epahanipun badhe kadamel ngaring-ngaring ingkang nyambutaken, nanging satengahe kasukan dipun purugi ing utusanipun parentah badhe kakunjara bab sambutipun, sami kaplajeng boten kaur salin pangangge, byar lampahipun dumug idhusun punika, sanget sayah sarta luwe, mongka boten gadhah yatra kadamel tumbas tetedhan, sami rembagan bab marginipun saged nedha, ingkang pinanggih ing budi prayogi ing ngawu bawar anglajengaken anggenipun mindha raja utawi pangeran, lajeng andhodhog kantenaning griya padhusunan, lesme medal dipuntedhani sarapan, pengakenipun yen raja kalih pangeran kasasar anggenipun abebujeng, lesme asesegah, ringgit sami nedha, kristiyan mireng swaraning tiyang medhun saking lumbung, dipunsanjangi dhateng lesme yen kampiran ing raja, sami ngaturaken bilahining bapakipun kristiyan, damel sandenipun ing pengajeng-ngajeng badhe imah-imah, mila nyuwun sih melasipun ingkang mindha raja angicalaken reribedipun ingkang sami remenan, uhdraf anyagahi badhe kadhawahan dandosi lumbung ingkang rebah utawi anyauri sambutaning bapakipun kristiyan, ringgit sami kesah, lesme malebet ing griya, kristiyan mantuk, boten dangu ingkang kamirengan gumedering tiyang ingkang andherekaken tindaking raja sayektos anggenipun ambebujeng, ringgit kakalih kapengkok ing lampah sami wangsul, kewedan badhe ngoncati, enggal minggah ngungsi ing lumbung, lesme medal kaget aningali ingkang dipunsegahi wau minggah ing lumbung, raja tedhak ginarebeg ing abdi sarta kadherekaken ing meres kaliyan kristiyan, lesme kalih kristiyanpalingukan, matur yen saweg kampiran raja kalih pangeran, sapunika sami wonten

ing lumbung, ingkang ngungsi kinen medhun, ringgit kakalih angraus sukunipun raja anyuwun pangapunten, dinangu sababipun ngawu bawar, utawi padamelanipun, sami matur yen santri, saking anggenipun angemen-emeni badhe anyauri sambutan ngantos kalunta-lunta nglampahi ngawu bawar sarta kemingsun anyagahi amatedhani sih welasipun dhateng ingkang sami remenan, sang nata kadugi ing galih santri kadukanan kaworan sih, sang nata angandika yen dereng angingkedi pangandikaning raja pangajenganipun, mila punapa ingkang dados kasagahanipun raja ing kala wingi, raja ing dinten punika inggih anyanggemi.

Lintah punika jampi ingkang prayogi piyambak, utawi akal-akalipuntiyang remenan.
Namaning ringgit:
Samuwel Pilembureh, apoteker.
Nyonyah pilembureh.
Lotce, kapenakanipun.
Perdinan Ngolenpel, remenanipun lonce.
Tobiyas rencangipun Samuwel pilembureh.
Tobiyas lenggah angracik jampi, lotce nyerat, seratipun badhe kakintunaken dhateng remenanipun, tobiyas dipunken bekta serta wau, sengadi ambekta jampi, tobiyas medal, lonce aningali saking candhela dhateng griyaning remenanipun ingkang wonten adhep-adhepanipun, nyonyah pilembureh malebet, lotce kadukanan amargi boten nyambut damel, wicantenanipun nyonyah pilembureh, lotce badhe boten laki angsal lorenpel, ananging badhe kapeksa imah-imah kaliyan satunggil dhokter umur 65 taun ananging sugih sanget, tobiyas malabet sarta matur manawi jampi sampun katampen, nyonyah pilembureh medal, pilembureh malebet, tobiyas kadhawahan ambekta lintah 50 iji dhateng satunggilipun tuwan ingkang sakit sanget, tobiyas medal, nyonyah pilembureh malebet, bojonipun kadukanan amargi sadinten boten wonten ing griya, sarta sadaya padamelan kapasrahaken dhateng piyambakipun, wangsulanipun pilembureh saweg angladosaken lintah, kathahing ladosanipun ing dalem kalih taun badhe andadosaken jalaran sugihipun, relenpel malebet sarta andhelik sawingkingipun krosi, pilembureh medal kaliyan bojonipun, lotce malebet awicanten kaliyan remenanipun, tobiyas lajeng malebet, boten antawis dangu pilembureh malebet duka sanget, sareng aningali dhateng rolenpel, awicantenan kaliyan tuwan punika manawi lintah punika jampi ingkang prayogi sanget saged amantunaken sawarnining sasakit, tobiyas ngantuk ngantos ngrebahaken meja gendul isi linteh remuk, pilenbureh duka, ananging rolenpel awicanten badhe anempahi pitunanipun pilembureh, rolenpel akaliyan pilembureh medal.
Nyonyah pilembureh malebet duka amargi dhokter sepuh ingkang badhe kaimah-imahaken kaliyan kapenakanipun boten dhateng, pilembureh malebet awicanten manawi lotce boten siyos karabekaken kaliyan dhokter sepuh wau, ananging badhe kaimah-imahaken angsal rolenpel, rolenpel wau tiyang sugih sanget, sarta badhe anyukani yatra 2000 rupiyah dhateng pilembureh, rolenpel lajeng malebet, boten antawis dangu tobiyas malebet sarta wuru, pilembureh akaliyan bojonipun kawastanan tiyang medhit sanget, amargi salaminipun dipunngengeri, tobiyas kakirangan tedha ngantos gering, wicantenipun tobiyas, boten purun ngenger dados rencangipun pilembureh malih, ananging badhe tumut kaliyan rolenpel, tobiyas medal, lotce kapasrahaken dhateng rolenpel, lajeng sami rerangkulan.
Para priyantun tuwin para priya punapa dene sanes-sanesipun ingkang badhe karsa aningali raramen ing konggres sami katuran pepenget, yen kanjeng tuwan residhen andhawuhaken undhang-undhang kapacak wonten ing saben enggen karamen ing alun-alun, menggah suraosipun amranata lampah-lampahing titiyang aningali, supados tebih saking reresah tuwin kasangsaran ing salebeting andon suka, awit saking punika ungeling undhang-undhang wau kedah dipunserepana.
Kala wingi sonten Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan tedhak ameng-ameng dhateng ing salebeting cepuri konggres, saha angwedharaken ascaryaning galih dalem

dhumateng ing panjenenganipun ingkang dados komisi, punapa dene andhawahaken timbalan badhe karsa amitongtonaken barang titingalan warni-warni dhateng ing tentun seteleng.

Panjurung kabar
Surakarta
Nalika ing dinten Saptu tanggal kaping 5 wulan Ruwah ing taun Jimakir punika, kanjeng pangeran hangabehi angunjukaken pisang raja sewu, konjuk ingkang rama Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan, pisang wau saking saosanipun tuwan binatdhi senje, ing karang anem, mila parlu dipununjukaken shateng ing lebet karaton, awit pisang punika kalebet aneh sarta angungkuli dhateng sasamining pisang raja sewu, menggah panjanging tundhunanipun kirang langkung 4 elo, dene pisangipun sadaya 85 lirang, salirangipun isi 20 uler, gunggung 1700 uler, dados punika malah langkung saking namanipun raja sewu, sadhatengipun ing lebet karaton pisang wau tansah dados titingalanipun para putra tuwin abdi dalem jaler estri sadaya sami eram, awit salaminipun sami dereng nyumerepi pisang ingkang tundhunipun ngantos samanten punika, salajengipun pisang wau kaprenahaken wonten ing bangsal dalem Pakubuwanan.
Kridha mardhawa.

Panjurung ing Surakarta
Ing nalika tanggal kaping 22 September punika, kula langkung ing Mangunjayan, sareng dumugi ing sangajenging dalemipun Raden Ngabehi Jayasuponta, ing ngriku kula sumerep para tiyang jaler estri sakalangkung kathah medal saking dalemipun raden ngabehi wau, kula inggih lajeng ningali, sareng dumugi ing ngriku kok namung wit pelem ingkang manggen wonten ing ngajengan, punika ing nginggil pisan mawi who kara satunggal panjangipun ½ kaki, gumuning manah kula para tiyang ingkang sami ningali wau anggenipun kathah, inggih punika ingkang watek gugon tuhon lajeng anedha sempulur anggenipun nyambut damel, saha tiyang legan ugi nedha jodho dhateng sang hyang uwit pelem wau.
Surakarta, 25 September 1873, waneng darmita.

Awit saking kasengseming manah kula amireng kabar benjing badhe wiyosan dalem gusti kula ingkang sinuhun, tedhak dhumateng ing griya konggres, manawi saestu kalampahan kados ing ngandhap punika.
Kanjeng sampeyan dalem karsa anitih titiyan kuda, pinrabotan cuken karajan mawi jemparing lan pistul, nitih ing pagelaran, ngagem songsong ageng, ginarbeg para pangeran jinajaran ing wadya santana, tuwin ingurung-urung para prajurit, kanjeng tuwan residhen ugi nitih kuda, paring dalem ingkang sinuhun saha pinrabotan sae, alah saiba samuwanipun, tiningalan ing kathah, sabab sampun mungel serat kabar walandi, bopati monca tuwin cawan-cawan utawi tiyang alit monca, temtu namung badhe parlu sumerep ing Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun, mongka kirang prayogi, saiba ucapipun ing kathah mila makaten awit sapisan kados nuswa jawi namung gusti kula kanjeng Ingkang Sinuhun ingkang kagungan prabot cuken krajan kados makaten.
Sukastawa.

Sanadyan kula sampun pra saben bilih boten kadugi atur panjawab malih, ewadene ing mangke kula ngenthengaken pangangkat kula pen.
Sastra danangjaya, bok sampun mastani manawi kula amingisaken kawignyan, anjawi punika pancen sanes nering manah kula, ajrih yen katladhung ing tok iyik, awit wekdal punika usuming tok iyik sami leledhang wonten ing puspa layu kang panjrah wonten ing latar, sarta ngiras pantes mameraken pambebering suwiwi, lah yen menggah tumraping manusa punapa, tentun seteleng, mila namung gampiling pamanggih kasuwal dening panggreba sawetawis,

sanadyan lare sawiyah anggadhahi pamanggih wau, sampeyan ngeres dhateng pitembungan ingatasipun dene saking pamanggih pamatawis sampeyan bab tembung sawantah tuwin nyengkolong boten prasaja mawi nyebutaken (punika punapa inggih boten medal saking dugi prayogi) o..menggah kawontenaning makaten punika sampuna kagalih saprayoginipun, punapa boten namung dumunung ingkang anggadhahi karsa pyambak ingkang mastani leres, namung ingkang sampun limpat ing kawruh, ing ngriku pesthi lajeng pirsa bilih tembung wau tundonipun badhe katliweng utawi boten.
Dharma susastra.

Manawi panggalihipun kyahi redhaktur dhangan, kula nuwun supados serat kula punika kapacaka ing Bra Martani.
Nalika tanggal kaping 15 wulan September 1873, kanjeng tuwan Pandersis, inspektur pawiyatan jawi, sampun tedhak ing Magetan, salajengipun amriksani guna manganawikanipun para siswa, laminipun ngantos kalih dinten.
Sanajan tuwan inspektur boten andhawuhaken panacad dhateng kasagedan kula, sarta kula piyambak inggih rumaos bilih sampun cakep dados mantri guru, awit nalika kula badhe kawisudan dados guru, kula sampun damel aksamen guru sarta kaleresan, ewadenten kanjeng tuwan insepektur taksih kathah anggenipun paring piwulang angrigenaken anggen kula mulang dhateng siswa.
Ingkang punika sanajan kabegjaning manungsa punika boten jalaran saking pamujaning sanes, nanging gegebenganipun takdir, sarta pamuji punika saemper dede ucaping kawruh dados nyebal saking ugering widya pradana, ananging sampun kalimrah dados pamojaring jana sanungsa pada, prelu kangge amahyakaken garenceting tanah ingkang mentas kasunaran ing dayaning kautamen, mila sanajan kenging kabasakaken dahah sumapala, lir werjit angundha arga, kumedah kadereng kula amumuji dhateng pupundhen kawula kanjeng tuwan Pan Dhersis, mugi tulusa wibawa mulya, saha pangajeng-ajeng kula, kanjeng tuwan inspektur pusakaning pawiyatan wau tumunten tumedhaka malih dhateng ing Magetan, boten punapa namung saking badhe anggen kula angatingalaken bilih kula anglaksanani kaliyan temen-temen (ing sagadugipun) punapa ingkang sampun kadhawuhaken dening kanjeng tuwan insepektur wau.
Magetan tanggal kaping 1 Ruwah taun Jimakir sinengkalan, karna murca ing ngesthi sang aji.
Mantri guru suwandar.

Kula sampun maos serat Bra Martani ongka 37 wulan September taun 1873 suraosipun amratelakaken panacading ukaranipun srat panjurungipun mitra-mitra ingkang sami purun asung panjurung saking tanah jawi sisih wetan, dene ingkang sampun kajarwa 1 mantri guru Prabalingga, Surabaya, ingkang punika sanget bingah kula, bingah kula wau yen satunggaling mantri guruanggenipun anatrap ukara wadheh, punapa malih muridipun rak sangsaya jeleh, pramila ing wingking mantri guru kakalih wau sanget pamarsudinipun dhateng tembung jawi, manawi saben dalu rarangkulan kaliyan pramasastra.
Anjawi punika kula ngaturi katrangan dhateng ingkang karsa angengetaken wau, saestunipun mantri guru kakalih punika dede wedalan murid Surakarta, pramila ukara tuwin tata tatraping wicara muwuh sastra kabasakaken nyekar sentul, wonten ngaler wonten ngidul.
Kathah kemawon mantri guru ingkang sanes medalan murid pawedalan Sala, ewa samanten kangge, ingkang punika kula nyumanggakaken. Sinerat ping 17 September 1873.
Katandhan Madukara.

Ing ngandhap punika pratelaning namanipun serat kabar ing sanuswa Jawi.
Batawiyah Andelseblad
Dhe Yafah Bodhe

Dhe Indhiyer
Dhe Algemin Nedhahblad — basa Walandi,
Dhe Lokomotif — wedalipun ing saben
Dhe Samarangse Koran — dinten Ngahad tuwin
Surabaya Andelseblad — dinten ageng.

Pasuruwan Andelseblad — basa Walandi, wedalipun
Dhe Porsten Landhen — ing sangahad kaping kalih

Slompret Malayu — basa malajeng, wedalipun
Bintang Timur — ing sangahad amung
Bintang Johar — sapisan

Bra Martani→ basa Jawi, wedalipun ing sangahad amung sapisan

Dhanyang aruh-aruh katuran amratelakaken nama miwah dunungipun ingkang sayektos, saha anyebutna namanipun tiyang ingkang kados malampah boten leres, supados panjurungipun kenging kula pacak.
Ingkang ngarang Bra Martani. Surana.

Ongka 41 Kemis kaping 9 Oktober 1873

BRA MARTANI

Tedhak Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan dhateng ing made konggres anitih kagungan dalem rata Kyahi Garudha Kancana, ingayap upacara karaton sarta dipundherekaken dening kanjeng tuwan residhen tuwin para pangeran punapa dene tuwan-tuwan, dados boten anitih kuda, kados pawartosipun sukastawa ing Bra Martani dinten Kemis wingking punika.
Kacihna saking ing ujwala, Sampeyan Dalem Kanjeng Sinuhun kathah ascaryaning galih Dalem ing bab wontenipun konggres, saha pangajaping akathah, mugi-mugi Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun kerep anedhakana amemanoni ing karamen.

Surakarta
Kawartos kala malem Rebo ing alun-alun wonten sabawa gumuruh, awit saking swaraning titiyang aningali, menggah jalaranipun wonten tiyang Samarang rambut cendhak lumebet ing griya konggres tanpa bayaran, punika lajeng kawedalaken sanalika saking ing ngriku, sadhatengipun ing njawi tiyang Samarang wau dipunsuraki dening akathah, sarta kaelokaken yen lare sakolahan lumebet ing griya konggres tanpa bayaran, mila lajeng dipuncepeng dening ingkang angwasani, sarta tampi ukuman kacukur, punapa dene badhe kalurugaken prang dhateng Aceh.
Ing dalu punika ugi para murid sami taken-tinaken, sinten kancanipun ingkang kacepeng wonten ing alun-alun, sanajana salajengipun saged terang, bilih pawartos wau medal saking ambek ngomandaka, ewadene para murid inggih radi boten seneng ing manah, awit rumaos kawirangan, ananging boten saged kumrejet.
Kala tanggal kaping 4 ing wulan punika wanci enjing, Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan tedhak dhateng ing Kedhung Bantheng kadherekaken dening kanjeng tuwan residhen, sontenipun lajeng kondur, rawuh ing kadhaton sakinten sampun jam 10 dalu, tedhak tuwin rawuhipun mawi kaurmatan ing tengara ungeling mariyem.
Ing salebetipun wonten pasamuwan konggres, meh saben griya ing kampung walanden tuwin pacinan kadelehan gandhera.
Ing sadereng tuwin salebetipun wonten pasamuwan konggres kathah ucap-ucapan jawi ingkang saking wedaling seling serep, yen pasamuwan wau boten kangge amamalad ing indhaking among tani, kajawi amung kangge sanes-sanesipun ingkang bongsa nama dupara, langkung malih ucaping pepekenan kathah ingkang anggugujengaken.

Kula mireng pawartos yen potret Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan ingkang damelan ing Surakarta boten kawiyosaken dhateng pasamuwan konggres jalaran kirang angeblegi, ananging Ingkang Sinuhun lajeng amatedhakaken potret Dalem ingkang damelan ing Eropah, saha potret wau lajeng kadeleh wonten ing made enggen dhansah.
Kala dinten Saptu ing wanci enjing jam 5 celak ing setetsiyon wonten griya titiga sami kabesmen, menggah jalaranipun sakinten saking kirang pangatos-atos dhateng ing bab latu.
Ing tanah bawahan Bayalali kathah tiyang awon kawartos plajengan saking Ngayogya, awit saking punika para tuwan ingkang amaosi siti ing tanah ngriku sami anikelaken kathahing tiyang jagi, menggah ingkang dados pangajeng-ajeng pulisi tumuntena saged anyepeng ing tiyang awon wau.
Porste Landhen.

Pulisi ing Setambul (Turki)

Ing kita Bahdad titiyang awon asring adamel reresah, langkung malih ing wanci dalu durjana sakalangkung kathah.

Awit saking punika pangageng ing Bahdad tumunten anyuwun sanjata pitulung dhumateng kanjeng sultan ing Setambul, ingkang supados kanjeng sultan anentremna reresah wau, kanjeng sultan lajeng anglampahaken pakhah satunggil dhateng ing nagari Bahdad, sasampuning dhateng pakhah, lajeng ambayar dhateng tiyang ing kitha satunggil punika kacepengan pedhang sarta kapathah saben bakda jam 10 dalu mider-midera ing margi, sinten ingkang kepethuk ing piyambakipun katigasa gulunipun, ewadene wawartos ingkang makaten wau dereng anggirisaken durjana, ananging pakhah wau boten boten gugujengan, enjingipun ing margi wonten gembung tiyang 150, enjingipun malih wonten 15, awit saking punika durjana sumerep yen pakhah wau boten sembranan, mila wiwit samanten lajeng tentrem, ing wanci dalu boten wonten ingkang purun medal saking griya.

Wiwit kala samanten titiyang ngriku sami bingah, sarta angalembana sanget dhateng panjenenganipun sultan ing Setambul, dene paring pakhah ingkang pinteripun angungkuli titiyanging sanagari Bahdad.

Ing peken Makasar regining uwos sarembat 8 rupiyah, kopi 53 rupiyah, pala 90 rupiyah.

Ing taun 1869 tiyang jawi ingkang minggah khaji dhateng Mekah wonten 95.670.

Kala wulan Juli angsal-angsalanipun yatra kareta asep ing Batawi, Bogor 3.541.051 rupiyah.

Kala wulan Juli angsal-angsalanipun yatra kareta asep ing Surakarta 173.049 rupiyah.

Tiyang bongsa Arab ing Semarang ingkang sampun nginggataken lare 36 kabekta dhateng Plembang, kaaken nyambut damel wonten ing bahita samangke sampun kacepeng, dene lare-lare wau watawis sami saweg umur 8 wonten ingkang 10 taun.

Awit saking panuwunipun piyambak, Raden Mas Sasradireja jaksa ing Rawa paresidhenan Kedhiri lereh saking kalenggahanipun.

Bintang johar.

Amerikah

Ing kitha Luknao wonten titingalan lare anaking wolef (bangsaning segawon wana), lare punika kala alitipun kagondhol ing wolef dhateng ing wana saha tutunggilan wonten ing ngriku, ing mangke lare wau dipuncucumbu wonten ing griya enggening tiyang ewah, sanak sadherekipun ingkang kapanggih sarta boten pangling, boten kenging kawastanan begja, awit lare wau boten gadhah cara manusa sarta angwatosi ing ngajeng lampahipun ambrangkang kemawon, ananging sapunika sampun mantun, wondene ingkang andadosaken pangresula sanget manawi memendhet amung kacakot kemawon, tetedhanipun mementahan saha sok katingal kathukulan angangkah badhe amongsa sanak sadherek tuwin tiyang ingkang kapatah anjagi.

Ing dinten Senen ingkang kapengker wanci enjing ing Batawi wonten surya kembar titiga sarta akalangan cetha.

Serat telegram saking tuwan Ruter anyariyosaken kanjeng sri maharaja Walandi andhawuhaken pangandika wonten ing pasewakan, yen perang memengsahan kaliyan karajan Aceh punika amasthi dipunsantosani ingkang sayektos.

Titiyang ing Siyam taksih kathah ingkang manut agami Budha, sarta gadhah *piwulang sadasa warni* ingkang gunanipun angungkuli *sipat kalih dasa* menggah ungelipun kados makaten.

1. Aja padha mamateni sato kang cilikan papa luwih saka manusa.
2. Aja nyolong.

3. Aja kepengin marang bojoning kancamu lan aja laku bandrek.
4. Aja dadi seksi goroh.
5. Aja ngombe mubarang kang angendemi.
6. Aja nyaruwe tutur ala.
7. Aja ora anarungi sakehing wicara kang tanpa guna.
8. Aja kepengin barang darbeking kancamu.
9. Aja drengki lumuhur lan brangasan jalaran kapengin bakalan ameres nepsuning kancamu.
10. Aja maelu sakehing brahala.

Bintang Johar.

Enggal punika kapasang yogi kula sumerep jimatipun bok Mangun Sentana kakalih ingkang sampun kasade, satunggil regi 25 rupiyah, ingkang satunggil memper coro garing sarta kawartos gadhah daya ingkang mrojol saking kodratolah, bilih dipunangge ing estri, bojonipun estri wau lajeng boten gadhah sih dhateng ing estri sanes, ingkang satunggilipun dhasar sela, adhapur lembu tinumpakan ing reca alit, menggah khasiyatipun kadamel anondha menang tuwin botenipun ing ngabotohan, wondene panandhanipun makaten: reca lembu wau kaadegaken ing piring sarta piringipun katelesan ing duduh jeram pecel satunggil, saupami jimat wau ebah tuwin ngalih, punika anglamati menang, wondene bilih kendel ngalamating kawon sampun masth ikemawon, manawi lumahing piring punika boten waradin leres saestu jimat wau saged murugi ing papan ingkang lecok piyambak, jalaran piringipun lunyu dening duduh jeram pecel, awit jimat wau ing ngandhap leter mila saupami boten kadeleh ing enggen ingkang ledhok piyambak saestu badhe ebah, ananging manawi kadeleh ing enggen ingkang kaleres ledhok piyambak inggih kendel kemawon.

Angger pulisi ingkang tumrap ing bongsa jawi sasaminipun amratelakaken sinten-sinten ingkang sade tuwin amradinaken jimat sapanunggilanipun mawi asengadi, yen jimat wau gadhah daya ingkang mrojol saking kodrat punika kadhendha yatra nemlikur dumugi sawidak rupiyah.

Porste Landhen.

Panjurung ing Bra Martani

Kula sampun maos serat Bra Martani ongka 39 kemis kaping 25 wulan September ing taun punika.

Wonten kabaripun saking nagari Ruslan, ing ngriku nyariosaken manawi ing kampung Lito wonten jawah karikil agengipun sakcreme-crème, ingkang punika pupung jalaranipun kula dados tumut nimbrung.

Nalika ing dinten Slasa Legi tanggal kapping 1 wulan Ruwah punika wanci jam 3 langkung saprapat, ing dhusun Pandheyan wonten jawah krikil sarta mawi prahara ribut ngantos boten kantenan, denten agengipun krikil wau sakeneker-keneker, dangunipun jawah antawis wonten sajam.

Ewadenten jawah tuwin prahara wau slamet, boten dadosaken karisakanipun kitri tuwin kayon ageng lan sanesipun, ingkang punika andadosaken gumunipun tiyang kathah, amargi jawah namung saenggen kemawon, mengetan dumugi tekik, mengilen namung dumugi ing Kalitan, lan malih wonten sawijining tiyang ingkang nadhahi, tutup tenong dipuntadhahaken ing latar, salajengipun terang jawah angsalipun satengah.

Sinerat ing dinten Akad tanggal kaping 28 September.

Katandhan si mindri.

Panjurung saking Pasuruhan

Tabe kaurmatan kula akathah-kathah mugi kaatur ing panjenenganipun tuwan Jonas Portir en ko, redhaktur ing koran Bra Martani, ingkang sugeng rahajeng ing negari Surakarta.

Manawi andadosaken parenging panggalihipun saha wonten selaning papan, atur panjurung kawula punika mug ikapacaka ing koran Bra Martani.

Kanjeng tuwan pe. we. A. pan Sepal, residhen ing Pasuruhan kakula wisudha ing kanjeng gupermen kajumenengaken residhen ing negari Surabaya.

Ing nalika dinten Senen tanggal kaping 25 santun Agustus 1873, jengkar saking dalem paresidhenan pindhah ing dalem kabupatosan.

Ing dinten Slasa tanggal kaping 26 santun taun kasebut ing ngajeng wau, kanjeng tuwan residhen kersa animbali sarta angalempakaken para amtenar jawi, para bupati, patih, jeksa pangandhap dumugi para wedana mantri, ugi sami kakempalan ing pandhapi kabupatosan.

Sareng ing jam satengah sanga enjing, kanjeng tuwan residhen miyos ing pendhapi kersa amanggihi para amtenar jawi ingkang sami saos ing pendhapi sadaya.

Kanjeng tuwan residhen lajeng angandika, dhawuh aparing enget ing para amtenar jawi ing bab kataberen utawi kasaenan sarta sami kakersakaken temen-temen anggening sami ngasta ing pedamelanipun kanjeng gupermen.

Sasampuning dhawuh makaten, lajeng suka trimakasih dhateng para amtenar jawi, menggah wilujeng sarta lulusipun utawi tambahing karaharjan anggening ngasta nagari ing Pasuruhan.

Ing wusana kanjeng tuwan residhen lajeng aparing slamet sarta aparing asta dhateng para bupati patih, jeksa dumugi para wadana.

Sasampunipun kalajeng tindak ing kantor ageng numpak titiyan rata, sakrawuhipun ing kantor ageng wanci jam sedasa siyang, ing ngriku manggihi para amtenar Welandi, tuwan sikretaris utawi tuwan-tuwan asisten residhen utawi tuwan-tuwan kontrolir sarta sawatawis tuwan-tuwan merdika.

Ugi adhawuh kathah-kathah kadi dening kala dhawuh ing amtenar jawi wau ananging tembung walandi, lajeng aparing trimakasih sarta slamet, saha aparing asta wradin sadaya, awit tuwan sikretaris asisten residhen, kontrolir dumugi para tuwan-tuwan juru serat boten wonten ingkang kelangkungan.

Sasampunipun makaten lajeng kondur ing dalem kabupatosan malih.

Sareng ing dinten Rebo tanggal kaping 27 ugi santun taun kasebut ing ngajeng wau, ing wanci jam pitu enjing karsa pangkat tindak ing Surabaya.

Pakurmatanipun langkungsaking semua, awit dalem kabupaten ngantos dumugi sleko wates sakjawining kitha kapasangan bandera rontek.

Kanjeng tuwan residhen pinarak titiyan rata klayan ibu, kanjeng nyonyah Pan Sepal dipunayap para amtenar jawi, patih, jeksa sapengandhap dumugi para wedana mantri sami numpak kapal.

Para tuwan-tuwan sikretaris utawi asisten residhen sami numpak rata utawi para bupatos sami numpak rata srimbit, pangkatipun mawi kaurmatan gongsa utawi ungeling mariyem ing alun-alun.

Kanjeng tuwan junghir mister o.e. pan Nispe, residhen ing Krawang kakulawisudha ing kanjeng gupermen kala ing dinten Jumuwah tanggal kaping 10 santun September 1873 ing wanci jam kalih welas siyang, denten paurmatanipun langkung saking semuwa.

Awit ing dalem paresidhenan ngantos dumugi medal leko wates saknjawining kitha kapasangan bandera rontek, jajar sakiwa tengenipun wradinan, benggangipun let tigang dhepa, tebihipun saking dalem paresidhenan dugi seleko wau kirang langkung saking 1 ½ pal.

Awit ing tapel wates nagari Pasuruhan kapethuk ing Kanjeng Raden Adipati Pasuruhan saha malih patih, jeksa sapengandhap dugi wedana mantri, sami angayap ing rawuhipun kanjeng tuwan residhen wau.

Sareng ing dinten Saptu tanggal kaping 20 ugi santun taun ingkang kasebut ing ngajeng punika, para tuwan-tuwan sikretaris utawi asisten residhen, tuwan-tuwan kontrolir, para tuwan

upsir ing sekiter, para bupatos utawi patih jaksa saha para wedana mantri sami kakempalaken ing pandhapi ageng kabupatosan.
Ing ngriku kanjeng tuwan residhen dipunestreni sarta kawaos plekatipun, sabakdanipun maos plekat kaurmatan ungeling gongsa utawi ungeling mariyem ing alun-alun, kaping tiga welas ungelan, boten antawis dangu lajeng bibaran, kanjeng tuwan residhen kondur ing dalem paresidhenan.
Sareng dalunipun malem Akad para tuwan-tuwan sami pakempalan ing dalem kabupatosan ugi kanjeng tuwan residhen rawuh ing ngriku, sami kasukanan pista wilujeng boten kirang satunggal punapa-punapa.
Pasuruhan tanggal kaping 22 September 1873.
Katandhan cariyos saestu.

Dereng sawetawis lami saking pamireng kula kabar ingkang klayan terang ing mangke saking kersanipun Kanjeng Rahaden Mas Adipati Sasranagara, bupati Madiyun, anggalih perlu ing salebetipun kabupatosan Madiyun kaparingi pamulanganipun para lare-lare estri, sami kaperdi ngaji aksara arab utwai aksara Jawi, punapa dene anenuntun dhateng lampahipun sarak supados ing tembe para lare wau priksaha dhateng kuwajibanipun tiyang estri, ingkang sarta priksaha bektenipun dhateng bapa biyung, guru utawi ratu, lah malih kawulang kadosta, dondomi, nyongket, utawi bludir, punapa dene kawulang olah-olah cara welandi tuwin olah-olah cara Jawi, ing tembe sageda amitulungi gampil anggenipun angupados pangupajiwa, ingkang anenuntun dhateng kasenengan, mandar ing mangke saking pamireng kula sampun kathah para lare estri ingkang sami lumebet ing pamulangan ngriku kinten wonten lare 60 utawi 80 iji, wondening saking karsanipun kanjeng bupati, lare-lare ingkang sami lumebet ing pamulangan wau kaangger lare ingkang saweg umur 8 taun mengandhap, langkung saking umur 8 taun boten kenging lumebet, menggah sababipun boten susah kula aturaken inggih kagaliya piyambak, menggah saking prakawis prabot ingkang kangge ing pamulangan wau sadaya, saking pamireng kula inggih medal saking kanjeng bupati piyambak ingkang peparing ing sapantesipun.
O…ingkang makaten wau mangayu bagya sanget kula, dene wonten panjenenganipun priyantun angger karsa anyentosakaken kados ingkang kasebut ing nginggil, mila panci leres pramila ing mangke saking pamuji kula ing gusti ingkang sipat ngalimun, kaping kalih kanjeng nabi ingkang rinasul nayakaningrat, ingkang mugi karsa dalem kanjeng bupati wau sageda kasembadan utawi sempulur ing salajengipun, wewaha kathah para lare estri ingkang sami lumebet ing pamulangan, malah-malah andadosna renaning galih dalem kanjeng gupermen, saiba ta bingahipun para konca kula ing Madiyun ingkang sami gadhah anak estri, sampun tamtu angangkas-angkas menggah lumebetipun dhateng ing pamulangan, dene kula piyambak bingah kula yen katingala tumpuk angundhyung-undhung awit dening wekamba pawestri.
Pangpongangan kaping 2 Oktober 1873. Pun Cipta nugraha.

Pothot umarmaya taksih adreng anuruti ardaning manah anggenipun anyeda dhateng suraosing wulang niti sruti, sarta anedha kajatosan kautamen pundi ingkang medal saking sawabing niti sruti wau, awit sampun dipunmanah bilih suraosipun pating semberet, menggah ingkang makaten punika saupami kula amratelakna ingkang kathah-kathah saestu tanpa damel, anaming kula dados kengetan dhateng pak pengung ing dhusun grujung ingkang punukipun sagenuk, punika ugi sanget anggenipun gething dhateng suraosing niti sruti, jalaran saking Pengung budinipun utawi watawis kula pak pengung dereng date maos serat niti sruti ingkang ngantos sumerep pasuraosanipun sadaya, langkung malih dhateng esthining manahipun para sujana ingkang sami anganggit wuwulang suluk sapanunggilanipun ingkang kapacak ing serat, bilih tumrapipun dhateng ing ngatasing tiyang sapunika ugi namung pinurih sageda angirib-

irib sapara atusaning para wali tuwin pandhita ingkang kacariyos ing jaman kina, amila suraosing piwulang wau kathah ingkang radi elok awit boten kangge dhateng satunggiling tiyang kemawon, namung gumantung wonten kajatipun pyambak-pyambak ingkang kabuka manahipun utawi wuwulang tuwin suluk wau, ugi sanes patrapipun kaliyan wuwulang kasagedan ingkang sami maujud pinardi ing gurunipun saben dinten, mila sadaya kagunan punika kedah patitis anggenipun amatrapaken, supados sampun ngantos gempal kautamenipun, ewadene sarehne ing mangke sampun meh kalimrah tiyang wau kathah ingkang pangawak urang, sami boten nyumerepi bilih susukeripun wonten ing githok, kadosta pothot umarmaya anggenipun wawarah dhateng para karuhipun ingkang tunggil budi sami dipunpurih sampun anggadhahi panggalih hewan, wasana pyambakipun saweg mireng tiyang anegesi basaning niti sruti namung sapada kemawon anggenipun ewa, uwanipun ngantos dawa kados ula sawa sarta taksih kathah panunggilanipun ingkang wonten ing kacang, dados saking pangraos kula tiyang wau meh sami denten kemawon, sabarang ingkang boten dipunmathuki tamtu lajeng menceb, kajawi punika pothot umarmaya mawi amastani bilih carik langen arja kasasar ing ciptanipun, jalaran anggenipun purun anginten bilih wonten sujana ingkang putus ing kawruh, ingkang makaten wau pamanggihipun pothot umarmaya kados pundi, awit saking panimbang kula sadaya isining jagat punika ingkang sampun katamtokaken mawi aran, bok manawi inggih pasthi wonten wujudipun tamtu sanes kaliyan santri ingkang anyariyosaken swarga naraka utawi ing akerat, makaten punika saestu inggih jumbuh kaliyan ingkang maiben, kang awit sadaya wau sami dereng nate anglampahi pejah, ugi saweg mireng saking jarene tuwin ungeling tulis, saminipun kados ingkang anyariyosaken bundering jagat utawi isining langit, inggih sami ugi kaliyan ingkang dipuncariyosi, saestu sami dereng nate anyelaki dhateng panggenanipun surya lintang sapanunggilanipun, tamtu inggih boten langkung namung jarene, utawi ungeling tulis kados ing ngajeng wau, sanadya pothot umarmaya anggenipun anyariyosaken dhingdhing jalal utawi warananing gaib, makaten punika punapa inggih mrojol saking tembung jarene, ananging inggih sampun meh limrah para tiyang wau sami agahan sarta angengkoki dhateng jarene, utawi tutur tempilan lajeng dipunakeni, ewadene bilih cariyos tamtu mawi methentheng kados gambar setyaki ingkang tinulis ing ngenjet wonten alinging jodhog kupu tarung, ngantos taunan taksih mathethe kemawon, mila gampilipun linampahan barang nalar punika bilih boten manggepokan dhateng sariranipun, prayogi sampun kagalih kemawon.
Juru tulis ing parang jara.

Kacariyos Raden Ariya Condra Adiningrat, patih ing Juwana putranipun kanjeng Raden Adipati Ariya Condra Adinagara wadana ing Pathi, apala krama angsal putrinipun kanjeng Raden Adipati Ariya Citrasoma wadana dhongkol ing Japara, nami Raden Ajeng Rara Kamariyah, ijap paningkahipun kala tanggal kaping 15 ing wulan Rejep, wondene panggihipun wonten ing dinten malem Senen tanggal kaping 16 ugi ing wulan Rejep.
Raden Hangabehi Dipadirja abdi dalem kaliwon ing Krapyak kabopatosan ing Kartasura, nalika ing dinten Senen tanggal kaping 17 wulan Agustus ing taun 1873 sampun kakepyakaken dados abdi dalem wadana pulisi anggentosi kalenggahanipun Raden Tumenggung Suradipraja, dene kepyakipun wonten ing kabupatosan Bayawangsul, kaparingan nama Raden Tumenggung Dipadirja.
Slompret Malayu.

Wonten satunggaling lare dhawah saking kapal kapinujon sirahipun katanggor ing sela, temahan sirahipun pating penyonyo saha pesek, bekja dene lare wau boten pejah.

Panjurung
Banyumas

Kala dinten Senen tanggal kaping 22 wulan September punika, wanci pukul kalih welas siyang wonten satunggal tiyang estri wasta bok Senthu, kadugi umur 60 taun semahipun tiyang wasta Dipaleksana, griya ing dhusun Karangjati dhistrik Kalireja, panuju andhudhuk siti galong badhe kadamel ampo wonten sangajenging griyanipun tiyang wasta Surawirya ing dhusun Bendhungan ugi dhistrik Kalireja, sarta wonten kancanipun tiyang estri satunggil, ing wekdal punika kancanipun wau kesah dhateng sumur ingkang sawatawis tebih saking panggenan ngriku, wasana sapengkering kancanipun kesah, siti ingkang kadhudhukan punika jugrug, sareng tiyang estri ingkang dhateng sumur wangsul ing panggenan pandhudhuking siti, sakalangkung kaget aningali siti sampun jugrug sarta bok Senthu boten katingal, piyambakipun lajeng anjelih-jelih nedha tulung, ugi lajeng kathah tiyangingkang sami dhateng, tumunten siti ingkang jugrug wau kadhudhukan, ing ngriku bok Senthu pinanggih sampun anemahi pejah.
P.L.

Punika Cariyos Babad Mataram
Dhateng paduka narpati, ing mangke pun Trunajaya, sampun miyarsa wartine, yen lampah paduka nata, saking ngatasing warta, akanthi Kumpeni agung, miwah kang bala Walonda. Nanging sampun den saosi, ingkang methuk yudanira, bala Walonda sakehe, anenggih pun Darmayuda, punika kang datan sah, tinandhing-tandhing ing cucuh, lawan galongsong punika. Kang badhe methuk kumpeni, kanthinipun Dharmayuda, dene Galongsong ing mangke, dhateng pun Trunajaya, inggih angsal anakipun, ingkang kakasih punika. Anak kang dipunwastani, Rahaden Ayu Suretna, punika angsal Galongsong, sri naranata ngandika, ya uwis Onggajaya, liwat ing tarimaningsun, prasetyanira maring wang. Yen kontung iku ing benjing, sok slameta ing lampahnya, tinekan sasedyaning ngong, nagara ing Surabaya, sun srahken marang sira, nanging mengko ingsun jaluk, Onggawongsa laku nira. Dening ta si Amral iki, lakune iku ta sira, ing mengko sira sun kongkon, dadiya karta wadana, layak iku majuwa, sira ngajokena iku, yen layak iku mundura. Sira ngundurena ugi, Onggawongsa awot sekar, nuhun sandika ature, angandika dhateng Amral, wau sri naranata, eh Amral wruha nireku, mengko si Kraheng Madhangdhrang. Ingsun pundhut sun kon nelik, aturira tuwan Amral, sumongga karsa sang katong, angandika sri narendra, eh Karaheng Madhangdhrang, iya sun kongkon sireku, anelika mengko sira. Marang nagara Kadhiri, ana dene laku nira, sira muluta atine, marang si Galongsong ika, away keh kang minengsah, ingsun kantheni sireku, si Mirmagati miluwa. Ingsun kanthekaken mangkin, iya marang lakunira, marmane lakunya mangko, si Mirmagati sun tedah, anganthiya mring sira, Mirmagati puniku, bisa basa ing limalas. Dene kanthinira malih, si dipati Martapura, lawan si Martalayane, lah iku padha miluwa, mring si Kraheng Madhangdhrang, nelik mring Kadhiri iku, kinen sami atur sembah. Sedika ature sami, samana sareng umangkat, wus atur bekti sang katong, wau Ki Kraheng Madhangdhrang, anelik lakunira, priyayi tri kanthinipun, Martapura aneng wuntat. Lan Ki Martapura sami, lumampah munggwing ing wuntat, pan ambekta jambene, Ki Mirmagati samana, dahat anamur lampah, datan kawarna ing ngenu, lampahe ingkang andhutha. Sampun prapta ing Kadhiri, sira Ki Kraheng Madhangdhrang, yata ingularan age, tan adangu gya kapedhak, Kraheng Galongsong ika, emut Galongsong tan pandung, dhateng ing sadherek tuwa. Saksana rinangkul aglis, Madhangdhrang tur tinangisan, Madhangdhrang esmu waspane, lingira Kraheng Madhangdhrang, dhateng ing ari nira, adhuh nyawa gustiningsun, lah aja sira karuna. Iya wruhanira yayi, ateka ningsun ki uga, iya ingsun sira ruroh, dene mengko iki ingwang, ngabdi nateng Mataram, ana dene lakuningsun, teka kene iki uga. Dinuta rajeng Matawis, kinen ngupaya ing sira, iya yayi samangsane, katemuwa yayi sira, pan sira tinimbalan, lah kaya ngapa sireku, Galongsong aris sarnya. Inggih kakang kadi pundi, enggen kawula tumuta, ing lampah dika samangke, nanging ta kawula kakang, gadhah atur kewala, menggah salebeting kalbu, kawula sampun sumelang. Ing sungkeme manah mami, tan

mengeng dhateng sang nata, ing Mataram sayektine, amung menggah kalairan, kenginga kula samar, kapi rapetanira wuwus, ingkang dhateng Trunajaya. Madhangdhrang suka ing galih, mirsa ature rinira, kang anama Kraheng Galongsong, Madhangdhrang aris angucap, dhateng ing arinira, kang nama Galongsong iku, iya iku arining wang. Kang kinarsaken narpati, iya raja ing Mataram, apan ujar kang mangkono, Galongsong aris angucap, kakang ubanggi ning wang, benjang yen dhateng prang cucuh, sayakti bening kawula. Angamuk saking ing wingking, kalawan sarencang kula, dupi wau Ki Galongsong, amulat tiyang titiga, apan sampun kaduga, Galongsong tatanya wau, lah kakang kula tatanya. Puniku sinten kang nami, kang andhereken andika, Kraheng Madhangdhrang ature, dhumateng ing arinira, lah yayi wruhanira, iku kang ngaduwe batur, iya ta Ki Mirmagatya. Galongsong angling jro ngati, dhuh iki ta rengkaning wang, ing Mataram prajurite, abecik-becik sun sawang, kaya tate ayuda, wong iki watara ningsun, iya kaya nora kalah. Sri bupati ing Matawis, amungsuh si Trunajaya, Kraheng Madhangdhrang delinge, lah poma wawekasing wang, adhi den becik sira, lan maninge den satuhu, den sayekti ing wacana. Ana dene ingsun iki, adhi Galongsong mring sira, asanget pracayaning ngong, poma away sira cidra, nanging sira ywa lena, lah wus lilanana ingsun, den yitna sapungkuring wang. Samana sampun pamitan, Kreng Madhangdhrang lawan Ki Mirmagati, dipati Martapureku, lan Kyahi Martalaya, dhatan pisah wong titiga pan akumpul, sakawan Kraheng Madhangdhrang, sareng dhateng ing Banawi. Tiyang Madura uninga, wong Mataram lampahe anenelik, mring Galongsong pondhokipun, mila ingadhang marga, sareng mulat wong Sampang sigra angepung, mring lampahira Madhangdhrang, banawi panuju banjir. Kraheng Madhangdhrang tumulya, kebat ira nyandhak Ki Mirmagati, binekta malumpat sampun, banawi kalumpatan, bengawa ning Kadhiri sumanta wau, sadaya wus kalumpatan, wus lajeng lampahe prapti. Saprapta nira ngajengan, Krang Madhangdhrang matur sri narapati, gusti kawula pan sampun, nglampahi pangandika, angulari pun Galongsong pan kapangguh, nelas timbalan kawula, dhateng pun Galongsong gusti.

Ongka 42 Kemis kaping 16 Oktober 1873

BRA MARTANI

Kula wisudhan sapanunggilanipun
Mas Surareja, wadana dhistrik ing Sukaraja (Banyumas) kaundur saking kalenggahanipun kalayan urmat saha kapatedhan ondersetan.
Mas Rana Adikusuma, wadana ing dhistrik Demak kakula wisudha dados wadana dhistrik ing Selakaton (Samarang).
Raden Ngabehi Panji Murdhakusuma, kliwon ing Tuban kakula wisudha dados wadana dhistrik ing Ngrengel (Rembang).
Raden Panji Jayakusuma, asisten wadana kakula wisudha dados wadana dhistrik ing Salatiga (Samarang).
Mas Ngabehi Ariya Tisnawijaya, onder kolektur apdheling Serang kakula wisudha dados lid landrat ing Serang (Banten).
Mas Rustam, murid calon guru ing pamulangan Surakarta kakula wisudha dados mantri guru ing Pamalang (Tegal).
Raden Kusuma kapatedhan balonja dening kanjeng gupremen ing sawulanipun 50 rupiyah minongka sangu anggenipun apuruhita sinau anggambar dhateng ing panjenenganipun Rahaden Saleh.
Bintang Johar.

Surakarta
Konggres kawitan ing bab among tani ing nuswa Indhi
Paprentahaning konggres kawitan ing bab among tani ing nuswa Indhi kataman ing prihatos, angaturi uninga dhumateng ingkang sami angintunaken barang dhateng ing pasamuwan tentun seteleng, yen kala tanggal kaping 11 angrintenaken tanggal kaping 12 wulan Oktober, ing wanci dalu made konggres tuein tentun seteleng bebas kabesmen awit saking bilahi, jalaran saking punika temahan kathah barang kintunan ingkang apulang latu, wonten ingkang risak, saweneh ical.
Sasireping latu ing sanalika karsanipun paprentahaning konggres lajeng ayasa serat tekenan kangge angupaya sarana ingkang kenging kadamel anempahi dhateng ingkang kathah pitunanipun, sokur saged anempahi sadaya, botenipun inggih sawetawis kemawon.
Serat tekenan wau wasana kalunturan ing sihipun para kuncara ing budi, mila paprentahaning konggres sakinten badhe kacanggah anempahi sakathahing pituna ing sapamintanipun ingkang darbe barang, wah ing mangke sampun kathah ingkang boten karsa anampani lilintu.
Wondene ingkang dados komisi kapatah anepsir anemtokaken tuwin ambayaraken tetempah wau, kados ing ngandhap punika pratelanipun.
Tuwan Pilip, tuwan Yonghir fan Hogendhorep, tuwan mister Manuwel, tuwan mister, tuwan treni, kanjeng Pangeran Ariya Suryabrata, kanjeng Pangeran Ariya Gondakusuma, kanjeng Pangeran Ariya Gondasiwaya, Raden Mas Tumenggung Ariya Jayadiningrat, sinten-sintena ingkang badhe anampeni tegempah, mugi angaturana priksa dhumateng linding komisi salah satunggil, benjing tanggal kaping 31 wulan Oktober utawi ing saderengipun, saupami wonten ingkang boten anglaksanani ing dinten patembaya ingkang kasebut ing nginggill wau, punika kaanggep boten nyuwun tetempah.
Wasana paprentahaning kkonggres angajeng-ngajeng mugi para priyantuningkang sami angintunaken barang saha ingkang tinengga ing kabegjan, sampun ngantos kikilapan ing sedyanipun, para ingkang asung sih anguluri ing tetempuh wau, saupami wonten ingkang angruba ginekaken saestu sanget adamel rudatos.

Awit saking karsnipun paprentahaning konggres kawitan ing bab among tani ing nuswa Indhi.
Pe Swager, presidhen.
En. Kler fan Girihke, sekretaris.

Manawi katimbang kaliyan adining titingalan, tentun seteleng ing Surakarta kalebet sakedhik tiyangipun aningali, malah kala ing dinten pambikakipun sampun wonten panggrahita bilih pituwasing rakaos badhe boten cundhuk kaliyan ingkang dados ing pangesthi, menggah jalaranipun sakinten kados ing ngandhap punika:

1. panyebaring pawartos kirang wawah, mila sawedaling pawartos titiyang ingkang taksih kinemulan ing budi peteng, dhapur sami kupur ing manah dumados seling serep, saha anyipta bilih kapasangan ing upaya sandi, kacariyos kathah tiyang dhusun badhe dhateng ing kitha sami kanggek saha boten temtu, amung jalaran saking semanging manah bok bilih kacepeng dening konggres sarta lajeng kalurugaken prang (menggah cipta ingkang makaten punika boten angeram-eramaken sanajana bangsaning kuncara ing budi, bilih kapereg ing gugup ugi saged kasasar ing panggalih).
2. Kathah tiyang ingkang boten purun anilar padamelan ing wanci enjing tuwin siyang, kajawi ing wanci sonten mupung sela ing damel tuwin sakecaning wanci, kawewahan ing mongsa punika bilih siyang benter sanget, mongka ing jam sakawan siyang wancinipun amangenggar manah, tentun seteleng sampun kaineb.

Ewadenten tiyang aningali mindhak dinten mindhak kathah, ngantos dumugi wekasaning pista malem Ngahad tanggal kaping 12 ing dalu punika kathahing tiyang aningali wonten ing ngalun-alun ngantos ewon sarta ing salebeting made konggres meh sesak, wondene ingkang kadamel alalangen sekar latu, sareng watawis jam 11 dalu sekar latu wiwit kasumed, boten dangu wonten sreng dhawah ing griya konggres ananging lajeng pejah, sanajana sekar latu sampun anglampati awon makaten ewadenten ing nginggiling griya konggres boten kajagi ing tiyang ingkang kapatah amejahi latu ingkang dhawah ing ngriku.
Sedheng salebeting made konggres taksih rame-rame andon bujana, tumunten wonten tiyang alok: *omah konggres kobong* sanalika geger puyengan, para nyonyah enggal lumajeng medal sajawining cepuri, dene para walandi tuwin pangeran sakalangkung kapitan ing galih, anyingkir-nyingkiraken barang tentun seteleng saking gugupingpratingkah tuwin sakedhiking tiyang tandang kathah barang ingkang pothar-pathir, awit tiyang aningali kaawisan tumut tandang, ananging saupami tiyang aningali kapareng tumut tandang ing salebeting krapyak, sampun saestu barang tentun seteleng sangsaya mawut, urubing latu sinerang ing angin sawatawis, ing dalem sajam griya konggres bebas dados awu.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni
Samarang
Kala wingi sonten watawis jam 6 ½ mangsaning kareta lumampah kedah mawi lantera, mantri pulisi ing Srondhol anumpak kareta langkung ing margi ageng ing Karang turi boten mawi papadhang, wonten ing ngriku amireng sabawaning kareta sanes, awit saking punika kapal rakitanipun mantri pulisi wau anggiwar, sarta ebuming kareta mancep ing dhadhaning kapalipun tiyang ing Karangturi ingkang panuju badhe dhateng kitha, kalampahan lajeng kapal pejah ing ngenggen.
Awit saking pangasih-asihipun mantri pulisi wau tiyangingkang gadhah kapal salajengipun boten anyaosi pisaid dhateng ing parentah.
Lokomotif.

Kula mireng pawartos saking Sala yen pangangkah adamel konggres ingkang kaping kalih wonten ing Samarang benjing wulan Oktober 1874 punika kasandekaken, konggres kaping

kalihipun badhe wonten ing Ngayogyakarta, ananging kedah bakda wulan April ing taun 1875, ewah-ewahan ingkang makaten punika boten pisan-pisan dados cihnanipun angiwakaken kitha Samarang, ananging kencenging panggosthi, Ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan sampun saestu kacelu sageda ing Ngayogyakarta inggih wonten konggres saha para priyantun ing ngriku sampun sami amintonaken kathahing panjurungipun dhateng ing konggres kawitan, mila saupami konggres ingkang kaping kalih lajeng lumangkah dhateng Samarang saestu badhe nama boten leres.
Lokomotif.

Prangkrik
Ing kitha Paris panganggening ulam kapal sangsaya angrebdi, kala ing taun 1873 kathahing kapal kapragat 5.136 iji, wawrating ulamipun ingkang kenging katedha 883.840 pon, ing taun 1870 dados saderengipun wonten perang, gunggunging kapal kapragat 1.192 wawrating ulamipun 166.440 pon, dene ing taun 1867 amung 893 iji. Regining kapal pragatan satunggil 150 prang, wondene saprang punika pangaosipun sami kaliyan 47 sen.

Surabaya
Raja ing Palembang ajujuluk Tiyang Alam ingkang kacepeng wonten ing tanah wutah rahipun kala ing taun 1856 sarta lajeng kabucal dhateng ing pulo Jawi, punapa dene nandhang papa kados tiyang bucalan, punika kala tanggal kaping 5 wulan punika dumugi ing jangji kondur ing Rahmatolah wonten ing kampung Malayu, Surabaya, pametakipun boten mawi kairing ing akathah. Kala teksih sugengipun boten saged angaji-aji ing sarira tuwin boten kinalulutan ing tiyang, awit saking kalulunipun dhahar cemengan, kajawi saking punika sang raja wau dhumawah ing kacingkrangan sanget jalaran paparingipun kanjeng gupremen boten anyekapi kaangge anyambegi dhaharipun cemengan wau. Wondene anggenipun karsa dhahar cemengan punika boten angeram-eramaken, awit kadamel anglilipur dhateng kaluhuran miwah kawasanipun rumiyin.

Ing tanah Eropah kathah titingalan warni-warni kadosta panggelaring sagawon kucing, laron tuwin tiyang wuta, malah ing mangke wonten titingalan panggelaring jenggot tuwin godheg, kawartos sampun langkung tiyang tigang dasa ingkang sami pamer-pameran panjanging jenggot tuwin godhegipun, supados pikantuka ganjaran, saha wonten tiyang ingkang gadhah jenggot panjangipun 40 dim, saweneh wonten ingkang gadhah brengos panjangipun 32 dim.

Madiyun
Kala tanggal kaping 23 wulan September ingkang kapengker punika, ing wanci siyang dhistrik Purwadadi tuwin Gorang gareng sami nandhang kasangsaran katempuh ing prahara ageng kasarengan ing jawah deres, awit saking punika wonten griya 140 sami morat0marit sarta wonten tiyang pejah satunggil kebrukan ing griya.
Nalika punika ing kitha Madiyun ugi wonten prahara awor jawah woh, agengipun saklungsu-klungsu.
Yafahse Koran.

Ing Surakarta
Nalika ing dinten Jumuwah Legi tanggal kaping 3 Oktober taun 1873, ing kampung walanden sakilen sepiran ageng ing Surakarta wonten tiyang wasta biyang Giyah dados rencangipun tuwan Semit, gadhah anak wasta Sagiyem antawis umur 8 taun, punika ical boten kantenan purugipun, o..tiyang sepuhipun anggenipun madosi ngantos samangke dereng angsal katerangan, punika saingga wonten ingkang manggihaken saiba bingahipun tiyang sepuhipun.
Nalika ing dinten malem Saptu Wage tanggal kaping 11 wulan Oktober, ing kampung Sempon, Surakarta wonten tiyang mager santun, wasta Nitikarya, wanci dalu pukul 12

rayatipun dipunplathok kaliyan bendho kalampahan ngantos dhawah ing siti boten wonten ingkang sumerep.
Ing wusana konanganipun wau wonten satunggiling walandi ingkang gagriya celak ing ngriku pinuju nglilir mireng suwara kados tiyang ngorok, sareng dipunwedali katingal lawangipun Nitikarya wau menga, dipuntingali tiyang estri wau galaseran wonten ing jogan, ingkang jaler sampun boten wonten, lajengipun sareng dipunpariksani, ingkang tatu israh saha lebet.
Inggalipun lurah kampung lajeng ngunjuki uninga ing parentah, apriksa tiyang ingkang dipunkaniaya wau dipunpulasara wonten ing griya pasakitan.
Sareng ing dinten Senenipun pulisi saweg madosi katranganipun, ingkang jaler dalah samangke dereng wonten kateranganipun.
Katandhan pun temen.

Bojanagara, tiyang ewah akalipun
Wonten satunggaling tiyang westa Ranatika kinten umur 30 taun, anakipun tiyang wasta Dipatruna, dhusun Kaligedhe dhistrik Pelem kabupaten Bojanagara karesidhenan Rembang, nalika ing wulan September kang nembe kapengker, pun Ranatika wau anandhang sakit ewah ngantos adamel sumelanging manahipun ing akathah, amargi saking punika pun Dipatruna darbe akal, Ranatika lajeng kabelok (watawis belokanipun kirang santosa).
Sareng tanggal kaping 3 wulan Oktober punika wanci jam 4 sonten Ranatika saged oncat saking belokan sarana kapancat ing suku lajeng angrebat dadamel kudhi, ingkang pinuju kacepeng ing bapakipun, kudhi kenging karebat, enggal kabekta minggah ing payon griya, titiyang sami ajrih, boten wonten ingkang purun anyelaki, nanging tansah kajagi kemawon saking katebiyan.
Sareng ing wanci jam 9 dalu kudhi rentah, Ranatika katingal gumuling ing payon sanginggiling griya, bapakipun gepah anginggahi, Ranatika taksih gumuling lajeng kabopong kabekta mangandhap, titiyangs ami kaget aningali dene badanipun Ranatika akutah rah, sareng kapriksa tetela pajaleranipun kapagas piyambak angantos puges babar pisan, dumugi titi mangsanipun serat punika pun Ranatika wau taksih gesang sarta kapulasara dening kulawarganipun piyambak, kinten-kinten boten dados tiwasipun suwaya taksih sae.
Bojanagara, 10 Oktober 1873. Katandhan pun Surtikanthi.

Banyumas
Kala dalu angrintenaken dinten Salasa tanggal kaping 30 wulan September ingkang mentas kapengker punika, wanci pukul kalih dalu wonten satunggiling tiyang wasta Singadipa griya ing dhusun Larangan, dhestrik Sukaraja, griyanipun sampun kalebetan tiyang dursila, kadugi badhe memandung klayan medal gangsiran, ananging dereng ngantos angsal barang punapa-punapa, awit lajeng kapendhakan dening ingkang gadhah griya saengga pandung wau sami ugeng agegelutan, tumunten Singadipa ingkang gadhah griya dipunperang dening dursila, tatu sakawan panggenan, ing tangan tengen kalih panggenan, ing dhengkul suku tengen ugi kalih panggenan, ngantos Singadipa boten saged lumampah saking sanget sakitipun tatu wau, ing ngriku tiyangipun dursila lajeng uwal lumajar saking griya medal terus boten kacepeng, salajengipun Singadipa kapasrahaken dhateng tuwan dhokter ing Banyumas supados kajampenan tatunipun.
P.L.

Konggres
Nalika nagari Surakarta adamel konggres inggih punika pakumpulaning para lid-elid, ing bab tentun seteleng saking pambudi indhakipun pagunan among tanisarta pagunan saking pakaryaning manungsa ing ngriku, dipunbiyantoni para pangageng tuwin para pangageng ing

tanah jawi, ananging pambudi ingkang makaten wausaestu andadosaken rejaning nagari tuwin indhakipun kakajenganing tiyang ingkang amrih luhur krana ing dunya punika, rejaning nagari wiwitan saking pambudi tedha rejeki kadosta sekul, lajeng pambudi daya punika wontenipun ingon-ingon kewan sapanunggilanipun, lajeng wontenipun bekakas tuwin pagunan, mila ing tanah Eropah saben-saben kratonsami damel tentun seteleng gentos-gentosan, inggal laminipun dipunantawisi sawindu sapisan minongka wilujenganing nagari, mila para ageng sami sabiyantu, matsekapi sepur weh sarta matsekapi bahita sami ambiyantoni, pundi ingkang ngintonaken tuwin anumpak, wongsal-wangsul tanpa bayar sanadyan para raja sami andhatengi sawab panggenan wau, minongka pambucaling subasita, saingga panganggening titiyang sami dipunsekajeng, mila wonten ingkang ngangge cara Turki, cara Arab, cara Kojah, cara Acih, cara komidhi warni-warni kenging, senadyan ramenipun anglangkungi, sareng pangagenging Ngayugya boten wonten rawuh lalangening konggres, kadi mangajeng-ngajeng dhatengana, klebating umbul-umbulan mangawe-awe, dalasan priyayi ingkang pinatah jagi ing ngriku sanget angrangu, sakedhap-sakedhap tansah anolih sarta manginceng-nginceng, mila praptanipun Raden Tumenggung Gondakusuma saking Ngayugya dumugining gapura konggres inggal ingancaran dhateng sang priyayi ingkang pinatah wau, lajeng saabdinipun kinen lumebet kairid abdi dalem ingkang pinatah rumeksa barang ing ngriku kula lajeng mriksani tatingalan kawontenanipun asil bumi, rejeki, garu weluku, bekakas wesi, dedamelan Eropah sapanunggilanipun sisih kidul lajeng mangaler, ing ngriku barang ugi kathah boten kantenan kathahipun sarta warnanipun, wondene ingkang angsal pangalembana awrani tatenger madhali inggih punika bongsa Jawi ingkang begunanipun sampun memper damelaning tanah Eropah, sakwernanipun ingkang damel gambar angsal sedaya, namung mawi turunan, ingkang sae piyambak angsal madhali jene, sosoranipun slaka, sosoranipun malih prunggu, wah malih begunan ingkang sampun unjo saenipun mila wonten tukang rongka, angsal madhali tukang burdir, tukang kundhi, wondening tukang kundhi wau awit adamel grabah kalayan saking udan awu kadadosanipun sae, lan malih tyang anglebetaken lampit kadamel saking pring ugi angsal madhali, dene wujudipun saged sae alus sanget, sanesipun punika kakathahen yen kacriyosaken sadaya, wondene ingkang angsal ganjaran yatra ugi kathah, mila para bongsa sageda sami majeng ambubudi ingkang amrih kaluhuran, ing tembe bok manawi badhe wonten konggres malih, makaten ugi tiyang utawi para priyayi rak inggih prayogi animbulaken kabingahan kados dene wiwitan animbulaken sekaripun, samawana sekar wau andados rata wujud abrit tinon saking mandrawa, saestu andamel kaget ingkang amulat, malah-malah kasawang-sawang inggih punika ewoning kamulyaning kadunyan, ananging para manungsa senadyan ginantungan ganjaran tuwin tatenger sarta kawradinaken ing ngamonca, suprandosipun boten kenging kasebut saparapatan tontenipun ingkang kadunungan kawruh anglabetaken wawernen, tur kasebut ing kuran-kuran sarta undhang, sasampuning makaten para bos pundi ingkang tumingal, wasana wetawis yen gadhah pangungun dene boten gadhah lebetan warni barang kagunan tuwin sanesipun, ewadenten lajeng sami angancam-ancam ing nagari Ngayugyakarta sageda inggal wonten pranataning konggres, sampun tartamtu saking punika awit pangajeng-ngajengipun para ageng ing Ngayugya ugi sabiyantu, aming kalawau punika kathah boten rawuh peparengan damel agenging lebet kadhaton.
Katandhan dening sang syara byaha.

Panjurung wangsulan
Tumanduka dhateng pothot umarmaya pratelanipun kados ing ngandhap punika.
Sampun sawatawis lami kula dhatenging pasar Kliwon, sumedya sowan caos bekti dhumateng panjenenganipun Seh Betaljemur, inggih punika Raden Ngabehi Ronggawarsita, mongka anggen kula sowan wau namung sumedya pitangled dunungipun umarmaya, rehning sampun lami boten pinanggih, saking karsanipun seh betaljemur, kula kaparingan serat sakebet inggih punika serat Bra Martani.

Sareng kula waos sanalika kaget garo wekasan saha dheleg-dheleg tanpa muwus, wekasan kula matur, ing sapunika dumunung wonten ing pundi, dene sampun lami anggen kula padosi boten angsal pawartos ingkang manggen, ngandikanipun she betaljemur, bab pitakonmu iku aku ora bisa nerangake awit saka ing saiki lagi kineker dening kang ngarang Bra Martani, sanalika radi wonten padhanging manah kula sawatawis, wasana kula ngaturi wilujeng dhumateng pothot umarmaya, namung sakedhik ingkang dados pangungun kula wau dene pothot umarmaya purun-purun ngaru biru dhateng seh betaljemur, yen makaten kenging kabasakaken ilang jarake kari jaile (mongka wajib dika bebekteni ana kok dijaili, basa seh betaljemur mau rak ora wajib ing bongsa padu), amila saking pangungun kula sampun ngantos kalajeng-lajengaken, bok manawi kauningan wong agung ingku parman, amasthi duka sanget, punapa sampeyan boten enget ing nalika boyong ratu ing talsih nama raja rukyatil polat.

Mongka kresanipun wong agung parman sumedya badhe kadamel senapati, inggih lajeng sampeyan parasi dumeh saben para raja-raja tuwin para putra amapag juritipun raja rukyatil polat adamel saengga mainan, dados umarmaya panggalihipun geni saha nandukaken ngancam-ancam, sareng raja talsih kajodhi, umarmaya luwari ujar: wong dikapak-kapakake wis ora mati, kaku atine dadi cangkeme disoki godhogan timah dadi wetenge jeblos (ing nalika samanten wong agung ingku parman sanget anggenipun duka, kalampahan umarmaya dipunjemalani kalayan tembung, sareng dhateng she betaljemur: wong ora apa-apa kok dijaili), amila sampeyan kula aturi enget bok manawi angsal duduka kados nalika samanten.

Titi ing ngalabani ping 5 Rejeb, Jimakir 1802. Raden Mas taya.

Punika Cariyos Babad Mataram

Pun Galongsong langkung suka, kadhawuhan timbalan sang narpati, malah ageng manahipun, amung ingkang tinedha, sampun kirang ingkang pariksa sang prabu, yekti lair Trunajaya, batine mengeng narpati. Sampun ira prasetya, pun Galongsong gusti gadhah ubanggi, benjing ubangginipun samangsaning ngayuda, pan angamuk sedyanira ing prang pupuh, dhumateng pun Trunajaya, sukeng tyas wau sang aji. Wau ingkang kawarnaha, Martalaya sadhatenge anelik, tansah mikir jroning kalbu, kang dadya manahira, sri narendra datang ngangge aturipun, winawrat lawan mengsahnya, kaya datan dadi watir. Mangkana ing ciptanira, yen mengkono bae wong mandureki, enggone mungsuhing ratu, ingsun pan durung ulap, ya wuwuha wong Madura wawratipun, iya kanthiya walonda, pan ingsun kelar nadhahi. Dene teka sri narendra, nora karsa andhahar atur mami, beda apa karya ningsun, mapan kanjeng susunan, tan akarsa andhahar ing atur ingsun, iya uwis pedah apa, ingsun darma atut wuri. Milane ki adipatya, datan purun sowan awade sakit, yata katur ing sang prabu, tekade Martalaya, kang mangkana dahat dukane sang prabu, sigra ngandika sang nata, mring Martapura sira glis. Eh Martapura den enggal, Martalaya patenana samangkin, maranga pondhokanipun, lan sagagamanira, aja kari bok si Martalaya ngamuk, iku sira aja tiwas, kelara anembadani. Si Wiradipa miluwa, iku ingkang jenengan sireki, Martapura awot santun, aturira sandika, Wiradipa atur sandika wot santun, wong kakalih sareng mentar, saha gegaman umiring. Sapraptane pamondhokan, Martapura Wiradpia tan kari, Martalaya sampun weruh, wus mendhem baris sira, udakawis kathahe wong kalihatus, sarta lan lelurah ira, wus sami angati-ati. Sami ukiran kancana, pan jajaran dening lelurah sami, baris jroning pondhokipun, praptanira Martapura, Martalaya pan sampun anglingga dhuwung, wonten sangandhap kalasa, pun kasur araning keris. Dene Kyahi Martapura, jaka tuwa arane kris sireki, apan kapanggih alungguh, sira Ki Martalaya, Martapura dhawuhken timbalan wau, alah anak Martalaya, ingsun ingutus sang aji. mUndhut pejah gesang sira, Martapura sarywa anarik keris, aran jaka tuwa wau, ature Martalaya inggih daweg Ki Martapura ywa dangu, Ki Martalaya wus yitna, dhuwunge pun kasur aglis. Sampun ingagem ing asta, Martapura tan antara anglirik, kebat Martalaya nuduk, suduk sinuduk sira, wong kakalih apan sareng pejahipun, inggih Martalaya pejah, Ki Martapura ngemasi. Rencange Ki Martalaya, ingkang aran wong bareng tandang nguni, apan ta sareng angamuk, wong Jepara prayitna, anadhahi wong tegal pangamukipun, Ki Wiradipa kabranan, kamuk dening wong tategil. Sampun katur mring sang nata, lamun sira Ki

Martapura mati, kalih Ki Martalaya lampus, asamyuh pejahira, Wiradipa wau ta anandhang tatu, *langkung* gagetun sang nata, mangkana ingkang winarni. Wau sira tuwan Amral, Herduwelbeh kinen mangkat tumuli, genira arsa anglurug, dhateng ing Surabaya, wus binagi-bagi wau kang wadya gung, wong walonda kang binekta, miwah kang kantun ing wingking. Sapalih ingkang binekta, wonten dene ingkang kantun sapalih, ajaga dhateng sang prabu, miwah bala Mekasar, pan pinilih samana ing pandumipun, kang sapalih tumut Amral, sapalih jagi narpati. Dene wau kang tinilar, Kraheng Naba kang jagi ing narpati, Kraheng Madhangdhrang kang tumut, nglurug mring tuwan Amral, dene ingkang dados pangiriding laku, Ki Tumenggung Martalaya, ingkang saking ing Matawis. Kalawan Ki Onggawongsa, kanthinira sigra bubar tumuli, medal laut lampahipun, sami winoting palwa, tan winarna lampahira sigra rawuh, muhara ing ngampel denta, alabuh jangkar tumuli. Samana Ki Onggawongsa, kang nguni ngajajahan ngampel gadhing, miwah ta sadayanipun, jajahan Surabaya, datan samar Onggawongsa ing pakewuh, mila lampahing gagaman, tan lami aneng jaladri. Sampun mudhun saking palwa, tuwan Amral sabalanya kumpni, minggah ing dharatan sampun, anunten masanggrahan, ngampel denta kang damel pakuwonipun, sampun mubeng bitingira, saha mawi baluwarti. Kocapa mengsah Madura, ingkang baris aneng ing Surabanggi, sareng wruh walonda rawuh, barising ngampel denta, wong Mandura sigra binantonan sampun, Darmayuda pasedhahan, kang binantokaken jurit. Lan Kraheng Galongsong sigra, kang binantokaken mring Surabanggi, wus sami bibiting wau, apan ajeng-ajengan, lawan barising kumpeni mengsahipun, wus sami rakit sadaya, mariyem ngubengi biting. Mariyeme wong Madura, kang ingangge apan Nyai Satomi, wus sami prayitnanipun, balanipun samana, Onggawongsa ing dalu apan memandung, mring bitinge wong Madura, Ni Setomi den pandungi. Malebet ing pamondhokan, Onggawongsa datan wonten udani, sadaya samya aturu, sakehing wong Madura, tan antara Nyai Setomi pinangkul, dhumateng Ki Onggawongsa, apan den pangkul pribadi. Apan wus binakta medal, saking pabitingan wau samangkin, yata lampahe lestantun, sira Ki Onggawongsa, sigra dhateng ing pondhokan nireku, lajeng sowan Onggawongsa, dhateng Amral tur udani. Mangkana ing atur ira, inggih tuwan kula ngaturi uninga, yen lampah kawula wau, mariyem wus kabekta, Ni Setomi inggih wau inggih wastanipun, langkung suka tuwan Amral, nulya ngundhangi wadya lit. eh sakehing wong walonda, wong Makasar den padha ngati-ati, iya mengko bedhug telu, lah padha binedhilan, ginarudug aja na mariyem nganggur, iya mungsuh iki uga, aja ana den egopi.

Ongka 43 Kemis kaping 23 Oktober 1873
BRA MARTANI

## Kula wisudhan
### Banyumas

Mas Nayadipura, juru serat wadana ing kitha Banyumas kaangkat dados mantri kabupaten ing Banyumas ugi, anggentosi pandamelaning bapakipun nama Mas Nayapatra ingkang sampun tilar donya kala tanggal kaping 1 wulan punika Oktober 1873, kapatedhan balonja 50 rupiyah pethah ing dalem sawulan.
Ingkang gumantos dados juru serat wadana Raden Sastra Wijaya magangan ing kantor karesidhenan, kapatedhan balonja 2 rupiyah pethak ing dalem sawulan.

## Pratela namanipun ingkang sami pikantuk medhali tuwin serat pratondha minongka pamangsul sih ing bab laladosanipun dhateng tentun seteleng ing Surakarta

1. Tuwan Ef. A. En. Klar fan Girihke pikanthuk medhali pethakan ladosipun awarni pirantos angulah siti.
2. Tuwan En. Klar fan Girihke pikantuk medhali prunggu, ladosan waluku sae piyambak.
3. Tuwan Tamarestan pikantuk medhali prunggu, ladosan waluku sae piyambak.
4. Tuwan En. Klar fan Girihke pikantuk medhali prunggu, ladosan waluku sae piyambak.
5. Tuwan Muris pikantuk serat pratondha, ladosan pirantos angejur lungka.
6. Tuwan Dhelin pikantuk medhali prunggu, ladosan pirantos anglecep kopi.
7. Tuwan Dhelin pikantuk medhali prunggu, ladosan pirantos amilihi kopi.
8. Tuwan Ge.El. fan Lakerfel pikantuk medhali pethakan, ladosan pirantos warni-warni.
9. Tuwan Yodhas pikantuk medhali pethakan, ladosan pirantos warni-warni.
10. Tuwan fan Gines pikantuk medhali pethakan, ladosan pirantos warni-warni.
11. Tuwan Dhelin pikantuk medhali pethakan, ladosan pirantos warni-warni.
12. Kanjeng Pangeran Ariya Suryabrata pikantuk medhali pethakan, ladosan pirantos warni-warni.
13. Tuwan Dhelin pikantuk medhali prunggu, ladosan sekrup pipitan sata.
14. Tuwan Ye.We. Muris pikantuk medhali pethakan, ladosan pirantos anglecep kopi pamanggihipun tuwan wau piyambak.
15. Tuwan El.Ge. Lakerfel pikantuk medhali prunggu, ladosan pumpa.
16. Tuwan fan Gines pikantuk medhali prunggu, ladosan pancuran padusan.
17. Tuwan Fonselo pikantuk serat pratondha, ladosan cithakan banon.

Badhe wonten candhakipun.

## Surakarta

Kala tanggal kaping 15 ing wulan punika, prajurit ing Kamangkunagaran ingkang kapatah abantu yuda dhateng ing Aceh sampun bidhal dhateng ing wilemin, kanjeng tuwan residhen, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara saha abdi dalem punggawa miwah prajurit sakantunipun tuwin tuwan-tuwan sawatawis sami anguntapaken dumugi ing statsiyon, wonten ing ngriku kanjeng tuwan residhen yayah arawata waspa, ngwedharaken pupuji miwah pangajeng-ngajeng supados prajurit wau rahayuwa ing lampah, sageda amintonaken kaprawiranipun wonten ing palagan saha sampun ngantos angucemaken malah adamela tumejaning kaluhuranipun kanjeng gupremen tuwin nuswa jawi.

## Mangkat dhateng Ngacih

Lesiyunipun Kanjeng Gusti Surya Sasraningrat 75 dipuntindhihi opsir ingkang kasaosaken bantu ing kanjeng gupremen kaangsahaken dhateng Ngacih sarta sampun kaparingan dadamel sanjata

ingkang kawastanan ahterlad gewir, sarta kaparingan kanthi insetrektur Kapitan Tuwan Sanbereh, ing ngandhap punika pratelanipun opsir.

1. Kapitan Raden Mas Ariya Nataning prang.
2. Irste litnan Raden Mas Nata Taruna.
3. Irste litnan Raden Mas Jayeng Atma.
4. Irste litnan Raden Mas Ariya Pakuningprang, setaf ajudan.

Wondene ingkang ongka 1 tuwin 4 punika rayi dalem kanjeng gusti, ingkang ongka 2 tuwin 3 kaprenah paman dalem, mila priyantun sakawan wau saweg daweg ing yuswa sedheng mempeng ing padamelan, dene dereng wonten ingkang langkung yuswa 30 taun, katingal ing pasmon sami ageng penggaliyanipun.

Kala ing malem Rebo tanggal kaping 15 wulan Oktober punika kanjeng gusti ngaturi lenggah sepsi mawi dhansah inggih punika minongka pakurmatanipun ingkang badhe pangkat dhateng Acih, Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan miyos kadherekaken putra dalem Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom, punapa malih putra tuwin sentana dalem para kanjeng pangeran, kanjeng tuwan residhen, kanjeng tuwan asisten, kanjeng tuwan militer, kumandhan saha para opsir, para tuwan amtenar, tuwin tuwan-tuwan sanesipun, makaten ugi para nyonyah, Kanjeng Rahaden Adipati Danureja, saha para bupati, dene bibaripun wanci jam 2 dalu.

Enjingipun wanci jam ½ 9 prajuritipun kanjeng gusti ingkang badhe mangkat tuwin ingkang badhe ngurmati sampun sami paradhe wonten ing pasowan sewandana, dene pangagemipun: padintenen, namung pandhel jene kawiyosaken para opsir mawi serep.

Sareng wanci jam 9, Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun tuwin kanjeng ratu kersa miyos tedhak amriksani angkatipun sarta kadherekaken putra dalem Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom tuwin putra dalem kakung putri, lajeng lenggah wonten ing bangsal banjar witana, boten antawis dangu kanjeng tuwan residhen, kanjeng tuwan asisten, tuwan juru basa lajeng sami tabikan kaliyan Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun.

Sareng wanci jam ½ 10 langkung sakedhik, karnisun dhateng ugi mawi pandhel jene, sareng wanci jam 10 mangkat dhateng setasiyon, wondene prenataning lampah kados ing ngandhap punika.

1. musikan loji ageng.
2. Prajurit ingkang badhe kalurugaken.
3. Kapleri.
4. Karnisun sabataliyon.
5. Musik lesiyun.
6. Lesiyun sabataliyon.
7. Drahgunder lifwah.
8. Drahgunder lesiyun.
9. Gongsa.
10. Upacara dalem.
11. Kanjeng gusti kadherekaken para setaf nitih titiyan.
12. Raden tumenggung patih, wadana dhistrik, panekar, ing wingking kasambetan kanjeng tuwan residhen, kanjeng tuwan asisten, tuwin tuwan-tuwan sami nitih kreta, o..ingkang andadosaken eraming tiyang aningali sakalangkung kathah sanget, ing margi ingkang ngetan tuwin mangidul kebak tiyang.

Sarengwanci jam 10 langkung 55 menut, sampun sami nitih ing kreta api lajeng mangkat, tuwan-tuwan utawi priyantun jawi sami angathungaken topi sarta mawi surak, saengga sumawuring pamuji pangajaping wilujeng ingkang pangkat anglurug sarta sami rereb ing semawis 15 dinten, namung Bendara Raden Mas Ariya Pakuningrat ingkang boten sareng pangkat ing dinten punika wau sabab mawi ngentosi dhawuh saking kanjeng tuwan jendral.

Katandhan dj.W.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Surakarta

Griya konggres tuwin tentun seteleng saderengipun kabesmen sampun dipungambar dening tuwan Dhenamer guru anggambar ing pamulangan guru jawi Surakarta, danguning panggambar amung sawatawis, wondene gambaran wau kawartos badhe kasaosaken dhumateng ing kanjeng gupremen saha kaecapaken.

Telegram partikelir angwartosaken yen ing Salatiga kala tanggal kaping 20 punika ing wanci dalu wonten griya kabesmen kathahipun 300.

Mas Dikin murid calon guru ing pamulangan Surakarta, kala tanggal kaping 21 lolos ing wanci dalu sabab saking risaking manahipun.

Kawartos kala malem Rebo tanggal kaping 15 wulan punika, biyang tumbu ing dhusun tarengan kapatah patrol.

Ing dinten Kemis punika ing dalem karesidhenan Ngayogyakarta badhe wonten kalempakan anggosthi badhe pamanguning konggres ing ngriku.
Kula pikantuk pawartos saking ing Purwakarta yen kala tanggal kaping 12 wulan punika, kanjeng tuwan residhen ing Krawang amatedhakaken medhali pethakan dhumateng Mas Sutadipura, jaksa ageng ing Kabupaten Krawang, minongka ganjaran saking lami anggenipun suwita ing kanjeng gupremen.
Lokomotif.

Kala tanggal 22 wulan punika, masjid kauman ing Samarang wiwit kadandosan. Kanjeng tuwan residhen Le.Dhe. Lamrus fan Torenboreh akaliyan para amtenar walandi rawuhipun ing griku wanci jam satengah sawelas saha dipuntanggapi dening ingkang bupati tuwin para priyantun jawi ing sawewengkonipun kabupatosan Samarang tuwin ing sanesipun ingkang celak, pancen khajat angetebi ing raramen wau. Kathahing tiyang angetebi ngantos meh saleksa, awit saking punika katawis bilih adeging masjid wau damel suka renaning akathah, para imam, pangulu, ketib, tuwin khaji sami manggen ing ngajeng, kanjeng tuwan residhen lajeng amiwiti ngetrap banon, saha salajengipun angandika cara jawi ngwedharaken krenteging panggalih, yen bongsa walandi kaliyan jawi punika sanajana benten agaminipun inggih anunggil pangeran inggih punika Gusti Allah, ingkang sinuwun barkahipun ingkang mufangati dhateng lekasfan wau adamel kasengseming akathah, sadaya sami gumremeng sasanti jaya-jaya.
Sanajana kathah tiyang ewadenten ririgenipun boten kasandhung ing sasengker.
Lokomotif.

Panjurung Bra Martani

Kula mireng kabar kala Kemis Legi kaping 18 wulan Oktober kapengker punika, wanci jam 2 ½ dalu griyanipun Mas Amad Ruwiyat, abdi dalem ketib Mangkunagaran, kalebetan durjana kecu, denten kang kabekta durjana wau barang warni-warni, antawis sadaya telas 500 rupiyah, gumuning akathah wau wonten salebeting griya durjana mawi besmi klambu kanthil tuwin gubah patanen, kang gadhah griya mireng bawaning gadebug jenggirat tangi sarwi gedheg-gedheg *I wis kobongan ping 3 arep di ping 4ti*, durjana lajeng menthung kang gadhah griya kenging sirahipun rambah-rambah lajeng krungkeb ngenggen, kang estri sumerep lakine glasaran lajeng jrit sanalika, durjana wau lajeng ngancari tiyang estri, panganggenipun sengkang karebat kenging sasisih wah mawi kapenthung, bakayunipun nunggil sagriya, sengkangipun karebat durjana boten kenging lajeng kapenthung, sadherekipun kang jaler mireng bakayunipun pating jlerit lajeng tandang nulungi, latu boten srep yen wonten durjana, saweg jangkah konten kapapagaken durjana, kapenthung kenging rainipun lajeng dhawah ing ngenggen, ing wasana tangga tepalih

sami mireng swara *ana omah kobong, ana omah kobong*, boten alok durjana, gugupipun tiyang mentas tilem sanes kajengipun, wonten kang tandang bekta jun utawi pirantos sanes-sanesipun supados enggal sirep, denten unduring durjana ing waktu wau wilujeng lampahipun, enjingipun pulisi Mangkunagaran niti priksa kang sami ngraosaken penthung wau lajeng kaparingan jampi saking dhokteran.
Nalika dinten Rebo Paing kaping 29 September kapengker punika wanci jam 4 enjing, kampung Klayan, Surakarta, griyanipun Kyahi Demang Guna Pradongga: gendhing badhe kabesmen sampun telas saktampah, lajeng konangan kang gadhah griya lajeng jrit alok latu, tujunipun kang tandang cakut sadaya *meh bae dadi awu*, denten jalaranipun latu saking pandung.
Sampun sawatawis dinten sawetan ler dalemipun Raden Tumenggung Jaksanagara, wonten griya sami kabesmen wiwit jam 1 dalu, denten telasing griya antawis cacah wuwung wonten 60 iji, jalaranipun latu boten terang.
Katandhan Manikmaya.

Panjurung

Sampun watawis lami anggen kula ngayam-ayam badhe anjawab patakenanipun Sastra wijanarka, dunungipun ngelmi sakawan bab ingkang tumrap Bra Martani ongka 35 wulan Agustus ing taun 1873, ananging kula melang-melang ing manah, bilih dipunesemi utawi kacede dening satunggal janji ingkang ithik-ithik karemen anjlentreh panglinduripun wonten ing Bra Martani ingkang rinengga tembung sosongaran, dene panglindur wau saking panggagas kula ingatasipun tiyang alit kawruh langkung ngunthara, sarta amratandhani ingkang nglindur boten montra yen kalepetan ambek sujana.
Jaman samangke kula ajrih aleledhang wonten pabarataning Bra Martani angamungna sapisan punika kemawon, sumelang bilih dipunsamber sirah kula, awit ing waktu punika saking panawang kula kathah temen parathola ingkang akalangan wonten ing Bra Martani, esthanipun amitongtonaken ambekipun ingkang clunthangan.
Kajawi ingkang kasebut ing nginggil wau sadaya, kula maos Bra Martani ongka 41 wulan Oktober ing taun 1873, ing ngriku wonten seratipun juru tulis parang jara tumanduk dhateng pothot umarmaya, kang mawi juru tulis parang jara anyebutaken manawi sadaya isining nusa pada punika ingkang sampun katamtokaken mawi aran, ing masthi wonten ujudipun, ananging saking pamanggihing ing manah kula pathokan ingkang makaten punika taksih gampil ginempal dening jawab.
Katandhan sang jugul mudha ing dhusun Kecubung.

Kawula nuwun, Mas Madukara kula sampun maos panjurung sampeyan ing serat Bra Martani ongka 40 wedalan Kemis kaping 2 Oktober 1873, sampeyan anjurungaken menggah 2 mantri guru, 1 ing Prabalingga, 2 ing Surabaya, ingkang sampun kacacad dening ukara tuwin sastranipun jawi, ingkang punika inggih sakalangkung bingah kula, saha pamuji kula dhumateng ingkang karsa angengetaken wau miwah sampeyan ingkang mugi-mugi pinanjangna ingkang yuswa saha kasarasan wilujeng ing salaminipun, boten punapa bingah kula sarehning kula punika muridipun mantri guru sanes medalan pamulangan guru ing Surakarta, dados ing sapunika mindhak sanget pamarsudi kula dhateng prama sastra, margi kula piyambak karaos gela sanget, nalika kula taksih lare ing karesidhenan Pasuruwan kok boten wonten mantri guru ingkang murid medalan guru Surakarta kados ing sapunika, mendahipun pamarsudi kula dhateng sastra tuwin tembung jawi.
o.. nun Mas Madukara sampeyan manawi dereng sumerep sukur bilih sampun, ingkang sampun kalampahan ing nagari Pasuruwan kadosta (a, e, i, u, o) lo, punika nalika lare kula boten kawulangaken, bilih wonten ingkang kasebut aksanten wau lintangaken, dipunwastani aksanten wewahan kimawon, kadosta (Iskak) kaelih (hiskak), punapa dening ingkang sampun kalampahan ing nagari Prabalingga kadosta (nyaosaken) kaelih (nyaosake) punika kula kok gumun.
Pramila ing sapunika panyuwun sae pamuji kula dhumateng mitra-mitra prayantun, ingkang nunggil guru kaliyan kula miwah sanesipun, mugi sampun andadosaken rudahing kapti, saha

ingkang karsa amarsudi ing tembung jawi, kula aturi prayogi sumongga kaewah manut pamulangipun guru ing Surakarta , ugi ing sapunika sampun kathah ingkang manut kang kasebut wau, ewasemanten pundi priyantun ingkang boten karsa amarsudi ing tembung jawi kula sumongga ing karsa, inggih kados pundi sampun caranipun, nagari jawo kapering wetan mila kula kumapuran ngarembagi kaewahan punika awit ukara tuwin wicara muwah sastra, kula sami nyekar sentul.
Sinerat kaping 14 Oktober 1873. Katandhan pun Sastra malimis.

Sanajana panjurung ing ngandhap punika boten kasumerepan sinten ingkang ngintunaken, ewadenten kula pacak supados wontena karsanipun parentah utusan anelik ing kayektosanipun.
Punika serat kula aturan mugi mugi katur dhumateng panjenenganipun tuwan Jonas Portir ing nagari Surakarta, ingkang kula aturaken ing ngandhap punika pratelanipun.
Ing nalika wonten peken enggal, ngalun-alun punika wonten satunggal tiyang nami mangun kriya gembalen, punika sanget anggenipun ngersahi barang toko barang ringkesan tero kuningan tuwin tembagi, inuman sapanunggilanipun, saking dugi-dugi kula berjaji wonten saking 300 rupiyah salebetipun wonten peken enggal punika, mugi-mugi tuwan wau anggaliya wonten tiyang gadhah patrap mekaten, kula sanget anggen kula panas awit janji ngajeng engko wusana dipunpendhet piyambak, amung punika atur kula. Serat katur ing dinten Kemis ping 24 Ruwah, Jimakir ongka 1802.

## Punika Cariyos Babad Mataram

Dupi dhumateng samaya, wayah bedhug telu sareng nyumedi, satabel mariyemipun, swara lir gunung rebah, senapane muni datan kena kantun, sapakantune senapan, saha tambure tinitir. Malah kongsi dhateng ngawan, pan tinahan wau datan kuwawi, dening mimis kadi jawah, tibeng gon wong Madura, pan lumayu wau ta pan rebut dhucung, sedyane angungsi gesang, datan etang ageng alit. Wau ta Ki Darmayuda, pan lumayu Kreng Galongsong tan kari, nanging ta palayunipun, sira Ki Darmayuda, apan lajeng mring Kadhiri sedyanipun, Kreng Galongsong selajengnya, rangu-rangu wonten wingking. Nanging kalane samana, Kreng Galongsong apan sira kapanggih, lan pangran Tumapel wau, yata pangran angucap, mring Galongsong mangkana pangucapipun, lah adhi Galongsong nedha, ngawula tunggalan mami. Angabdi rajeng Mataram, nanging Kreng Galongsong ewet ing galih, mangkana ingkang winuwus, Susunan Amangkurat, neng Jepara kang para garwa wus rawuh, kang saking nagri tetegil, kawarnaha sri bupati. Bubar saking ing Jepara, sri narendra sumedya mring Kadhiri, medal dharat lampahipun, ing Pathi masanggrahan, mring sadalu enjing budhal sang prabu, samarga-marga ayuda, lan mengsah madunten sampun masanggrahan wau, saelering bangawan, pan ing cikal wau wastane ing dhusun, kang kinarya pasanggrahan, dhumateng sri narapati. Kang dadya rembening lampah, dene Patih Mondaraka asakit, wau sanget sakitipun, kuneng gantya kocapa, kang anama Panembahan Gunung Kelud, arsa mengsah ing ayuda, angiring puthuk lan cuntrik. Apan ta wus kawandasa, kathahipun puputhuk cantrik ngiring, pisah wong Madunten wau, kathah tiring ki harja, datan kandeg lampahira sami purun, sigra anabrang bengawan, pelabuwan wus kawingking. Datanambekta gagaman, sabature ki ajar ingkang prapti, tan amawi waos dhuwung, mung mara karo tangan, sareng katingal wau ta sigra tempuh, mring barise saha dipatya, ngurawan ingkang nadhahi. Miwah wau baris ira, adipati mangun aneng Pathi, ingkang sami tinempuh, semana tinadhahan, panarame sinosog tumbak lan ganju, ki ajar pan sampun pejah, sabature tanngudhili. Apan wus tumpes sadaya, sabature ajar tan ana kari, Wong Madura sampun mawut, datan kari satunggal, ri sampuning mangkana ingkang winuwus, wau ta Ki Mondaraka, sakite saya ngranuhi. Saya sanget sakit ira, lajeng pejah samana ki apatih, Mondaraka pejahipun, miwah titiyang Mataram, sadaya sami ngrudatin. Miwah balane sadaya, wong Mataram kang aneng Surabanggi, sami tinimbalan sampun, kalawan tuwan Amral, saha Pangeran Tumapel datan kantun, miwah ta Ki Onggawongsa, sadaya pan sampun prapti. Wus sami dhatenging sakit, lajeng manjing ing pasanggrahan aglis, wus sami ngreksa sang prabu, yen nagri Surabaya, tuwan Amral

umatur dhateng sang prabu, ing mangkya ing Surabaya, sadaya sapun aradin. Nyai Setomi kapedhak, ing barisan wong Madunten ing nguni, nunten pinandungan dalu, dhateng pun Onggawongsa, angandika wau sira sang prabu, Onggawongsa sun tarima, sih ira marang ng kami. Sang nata malih ngandika, mring sakehe punggawa para mantri, lah padha estokena iku, mengko parentah ing wang, iya patine si Mondaraka iku, dene mitraeng kusuma, ingkang sun karya papatih. Ing kutha anggentenana, ya si Mondaraka barang karyeki, lah sakehe mantriningsun, padha angestokena, atur sembah sakathahe punggawa gung, anuhun inggih sadaya, jumurung karsa sang aji. Yata ngandika sang nata, lan maninge si Onggawongsa mangkin, sun yekteni ujaripun, ingsun srah ing nagara, Surabaya iya tampanana iku, Onggawongsa atur sembah, sih paduka jika pundhi. Sasampun ira sang nata, aparentah punggawa para mantri, yen raden nrang kusumeku, papatihe sang nata, samya enggar manahe wadya lit agung, miwah kang para prawira, tan ana mundur ing kardi. Kawarnaha ing wau Ki Dipayuda, yitna matur ing gusti, ngaturi uninga, mring Raden Trunajaya, yen Kraheng Galongsong mangkin, mirong manahnya, tan wande makewedi. Trunajaya wau kaget manahira, sakedhap tan kena ngling, myarsa aturira, wau Ki Darmayuda, yen Kraheng Galongsong mangkin, giro ing driya, raden wekasan angling. Angandika esmu duka dhawah ira, yen mengkono den aglis, sira timbalana, si Galongsong den enggal, pan ingsun arsa udani, apa rupanya dene angapirani. Wus lumampah kang kinen nimbali sigra, Kraheng Galongsong mangkin, kapethuk ing marga, enggalaken lampahnya, tan antara sampun prapti, ing pamondhokan, lajeng lampahireki. Wus malebet wau sajroning pondhokan, sapraptane ing mangkin, aneng ngarsa radyan, wau cinekel sigra, Galongsong sampun ginodhi, raden ngandika, lah sudukana aglis. Tan antara wau sigra sinudukan, yata Galongsong mati, neng jro pamondhokan, jisim sinumur sigra, datan wonten kang ngudani, tiyang Makasar lamun gustinya mati. Kawarnaha ing wau kanjeng susunan, amangkurat ngandika sih, dhateng tuwan Amral, eh Amral alah mara, payo mangsah ing ajurit, aja alama, panganggure wong cilik. Atur ira tuwan Amral mring susunan, gusti rajeng Matawis, tan kenging anabrang, wadya bala sadaya, yen tan sinasakan dhingin, leheng sinasak, yen apareng sang aji. Angandika susunan lah iya Amral, iya sakarep neki, pan ingsun anyarah, lah mara wong Mataram, padha tumandanga aglis, lah sasakana, iya bengawan iki, nulya sami tumandang wong ing Mataram, bengawan den sasaki, tan adangu wadya, sasake langkung kathah, sasampuning samakta di, wadya Mataram, nulya atata baris.

Ongka 44 Kemis kaping 30 Oktober 1873 kati ing sataun.
BRA MARTANI

Kula wisudhan sapanunggilanipun

Raden Wiradireja wadana dhistrik ing Lebaksiyu (Tegal) awit saking panuwunipun piyambak, kaundur saking kalenggahanipun kalayan hurmat.

Mas Ngabehi Kartaatmaja, wadana dhistrik ing Gunung lor (Kedhiri) kaundur saking kalenggahanipun kalayan hurmat.

Mas Ngabehi Mertadireja, mantri aris ing dhistrik Prigi kakula wisudha dados wadana dhistrik ing Gunung lor.

Mas Ngabehi Cakra Amijaya, wadana dhistrik ing Purwareja (Bagelen) kakula wisudha dados wadana dhistrik ing Gombong (Bagelen).

Raden Karta Atmaja wadana dhistrik ing Gombong kakula wisudha dados wadana dhistrik ing Purwareja.

Raden Ngabehi Reksaningrat, onder kolektur tuwin Mas Singadiwirya wadana dhistrik (Tegal) sami kakula wisudha dados lindring landrad ing Tegal.

Raden Ariya Wiryadireja, patih ing apdeling Ciyanjur (Priyangan) kapatedhan medhali mas minongka ganjaran anggenipun katrimah angayahi pakarya nagari.

Raden Cakrakusuma, kamantunan anggenipun dados liding komisi pamulangan jawi ing Pasuruwan kalayan hurmat, sabab saking kesah dhateng ing kitha sanes, amawi kaparingan tarima kasih ing bab rumengkuhipun dhateng ing sasanggemanipun dados lid, dipungentosi Raden Ariya Suryanagara, patih ing Pasuruwan.

Candhaking pratela namanipun ingkang sami pikantuk medhali tuwin serat pratondha minongka pamangsul sih ing bab laladosanipun dhateng tentun seteleng ing Surakarta.

18. Tuwan fan Gines pikantuk madhali prunggu, ladosanipun awarni tangsul cakraning jinontra.
19. Tuwan E. Dhopret pikantuk madhali prunggu, ladosanipun pipa.
20. Tuwan H. Emering ing Demangan pikantuk madhali prunggu, ladosanipun tuladha sata sae piyambak.

    Tuwan Bereti ing Pakem, Ef. Dheyong ing Banyumas } pikantuk serat pratondha, ladosanipun tuladha sata sae piyambak

21. Tuwan Ye. Gaiyers ing Ngayogya pikantuk medhali pethakan, ladosanipun nila sae piyambak.
22. Tuwan We. Blokahis ing Malang pikantuk medhali pethakan, ladosanipun kopi sae piyambak.
23. Tuwan Pe.We. Gaot pikantuk medhali prunggu, ladosanipun kopi sae piyambak.

    Tuwan Akuwasibuwakhi ing Madiyun, Fe.We. Put ing Gadhungan } pikantuk serat pratondha, ladosanipun kopi sae piyambak.

24. Tuwan Yohan fan Derlindhe pikantuk medhali prunggu, ladosanipun rosan sae piyambak.
25. Tuwan Dhe.Ef. Setel ing Japara pikantuk medhali pethakan, ladosanipun rosan awarni-warni saha sae piyambak.
26. Tuwan Nyonyah Fon Setroten pikantuk medhali pethakan, ladosanipun mertega damelan ing nuswa jawi.
27. Tuwan Ye. Aesse pikantuk medhali pethakan, ladosanipun kapal sae piyambak wedalan ing nuswa jawi.

    Tuwan Drissen, Mas Demang ing Bala, Gagantan } pikantuk medhali prunggu, ladosanipun kapal wedalan ing nuswa jawi.

Puspawijaya ing Bala pikantuk serat pratondha kaliyan arta 10 rupiyah, ladosanipun kapal wedalan ing nuswa jawi.
Tuwan Setorenboreh pikantuk serat pratondha kaliyan arta 10 rupiyah, ladosanipun kapal wedalan ing nuswa jawi.
Kanjeng tuwan Koheniyus pikantuk serat pratondha, ladosanipun kapal wedalan ing nuswa jawi.
Tuwan Esse pikantuk serat pratondha, ladosanipun kapal wedalan ing nuswa jawi.
Tuwan fan Dherlindhe pikantuk serat pratondha, ladosanipun kapal wedalan ing nuswa jawi.
Tuwan Dharlang pikantuk serat pratondha, ladosanipun kapal wedalan ing nuswa jawi.
Babah Liyaimyacun pikantuk serat pratondha, ladosanipun kapal wedalan ing nuswa jawi.
Bupati ing Kalasan pikantuk serat pratondha, ladosanipun kapal wedalan ing nuswa jawi.
Kanjeng Pangeran Ariya Gondasiwaya pikantuk serat pratondha, ladosanipun kapal wedalan ing nuswa jawi.
Badhe wonten candhakipun.

Surakarta

Surana mantri guru ing pamulangan jawi enggal punika dipundangu dening kanjeng gupremen medal ing komisi, punapa piyambakipun taksih puguhing cipta, kadugi angayahi karsanipun kanjeng gupremen kesah dhateng nagari Walandi, kapretek ing piwulang wonten ing ngriku, saha bilih saged anetesi ing pangajeng-ajeng antukipun angajawi badhe katanem dados guru ongka tiga ing pamulangan jawi mawi kabalonja 150 rupiyah ing sawulanipun, wondene atur wangsulanipun mantri guru, inggih kadugi malah cimipta kadhawahan nugraha ageng, ngantos kaweken angupados tembung ingkang kaangge ngwedharaken agengipun nuwunipun dhumateng ing sih palimarmanipun kanjeng gupremen saijab-ijab makaten, ananging anak rayatipun mugi kaparingan tedha ing salaminipun katilar.
Bilih panuwun ingkang makaten wau kasembadan bok manawi bodhalipun mantri guru wau dhateng ing nagari walandi benjing ing salebetipun wulan Maret.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Murid cawangan mantri guru ing pamulangan jawi Surakarta kathahipun 48, murid samanten wau ingkang kenging kaajeng-ajeng badhe radi mangretos basa walandi saweg sakawan.

Para militer sami kadhawuhan papacuh awantos-wantos sampun ngantos wonten ingkang amacak serat wonten ing serat kabar, utawi suka pawartos ing bab perang Aceh dhateng ing redhaktur.
Porste Landhen.

Tuwan Kapiten Moresbe komandhaning bahita Inggris anama Basilis mentas amanggih nuswa kathah ingkang kalebet gogolonganipun nuswa Niyu Geneyah, saha amanggih palabuhan kathah sarta sae-sae, ingkang satunggil dipunsukani nama: Palabuhan Moresbe, wonten malih ingkang dipunsukani nama: Palabuhan Farifak, ing mangke bandera Inggris kumitir wonten ing kapulowan wau. (Porste Landhen).

Wonten pawartos yen kanjeng guprenur ing Indhi Inggris, andhawuhaken papacuh dhumateng ing kawulanipun bawahan Inggris sadaya, menggah suraosipun: poma sampun

ngantos salah  weng-weng ing bab perangipun kanjeng gupremen Nederlan kaliyan karajan Aceh.  (Porste Landhen).

Kawartos kala tanggal kaping 19 dumugi 21 wulan September ing kitha Bangkok wonten raramen ageng, minongka pakurmatan dinten wiyosanipun kanjeng raja mudha ing Siyam, kaleres yuswa kalih dasa taun, sareng tanggal kaping 25 sang raja seleh kaprabon sarta lajeng manjing dados pandhita, ananging amung ing dalem gangsal welas dinten, tanggal kaping 10 Oktober badhe angrucat busananipun cara pandhita saha benjing tanggal 16 Nopember jumeneng raja malih mawi pakurmatan ageng, wondene sababipun kagungan karsa makaten boten kapratelakaken.  (Porste Landhen).

Kala malem Salasa angrintenaken malem Rebo sakinten jam satunggil, ing kampung Kaprabon (Kamangkunagaran) wonten griya kabesmen kathahipun nenem sami bebas dados awu sadaya.
Bilih jawah boten saged lumastantun bok manawi badhe kathah griya kabesmen, awit ing wulan siyam punika kathah tiyang jawi sami angratengi tetedhan ing wanci dalu, mongka gumluweh ing bab latu.  (Porste Landhen).

Almenak Walandi ing taun punika mawi anyebutaken bilih benjing tanggal kaping 4 wulan Nufember ngajeng punika badhe wonten grahana rembulan, katingal ing nuswa jawi tuwin ing Madura, wiwitipun wanci dalu jam 9 langkung 30 menut ngantos telas ing wanci jam satunggil.  (Bintang Johar).

Wonten pawartos saking Batawi yen kanjeng gupremen badhe ayasa kantor-kantor telegram wonten ing Borneyo tuwin Selebes kados dene ing Sumatra, sarta badhe katepangaken kaliyan telegrap ing nuswa jawi. (Bintang Johar).

## Aneh-aneyan

Ing Perengan ambal (Bagelen) wonten jaka satunggil anama jalidin, wawatekanipun andhugal.
Anuju satunggil dinten Jalidin wau nedha yatra dhateng ninekipun ingkang sampun sepuh, nedya badhe kaangge wragad anggenipun remen ringgit, sarehning ninekipun kacingkrangan temahan boten saged anyukani, awit saking punika jaka wau nepsu sanget sarta nukulaken mentalanipun dhateng nini, kalampahanninekipun kagorok ngantos pejah, nanging nalika panggorokipun boten wonten tiyang ingkang sumerep, sarta Jalidin boten talompe angoncati bilahi ingkang dados gagantunganipun, pulisi ugi angupadosi, ananging boten angsal lari.
Kacariyos sareng sapun watawis sataun, Jalidin wau mantuk sarta masrahaken pejahipun dhateng parentah malah amratelakaken yen kesahipun dhateng Surabaya. Menggah puputusaning landrad Jalidin wau kabucal 15 taun dhateng sajawining pulo jawi, ananging Jalidin sanget ing pamopo awit piyambakipun dosa pejah, mila pamanggihipun boten leres saupami piyambakipun botena kaukum pejah, punapa malih dosanipun dhateng nini piyambak, sareng sampun watawis lami seratipun ponis dhateng, dene suraosipun serat: panuwunipun Jalidin kapareng angger sanak sadherekipun sami lila. Wasana giliging rembug sanak sadherek wau sami miturut sasedyaning Jalidin.
Menggah paukuman ingkang badhe dhumawah ing badanipun inggih punika ukum gantung, sarta sareng sampun dumugi ing dinten panggantungipun Jalidin kairing dhateng panggantungan, sasampuning para lid sami pepek, ponis lajeng kawaos ngantos amungkasi.

Jalidin katingal ayem asemu bingah kados tiyang kadhatengan ingkang kasedya, punapa malih lajeng angaturi wilujeng kantun dhateng para priyantun ingkang sami wonten ing ngriku. Tak riringa sang legawa mancal sampun, jumangkah margining lalis, punang pusara tumangsul, gumantung angganyakesi, murca jiwa temah layon. Wus antara kang layon tan ana ngukup, pra wredah tan amelasi, samana kang samyandulu, kekesing tyas sru matitis, yitna wekasing dumados.

Layon saestu boten kawelasan dening wredahipun, kalampahan kapetak saking pangawasaning nagari, ingkang kapatah anenggani pametakipun: mantri setatstik dene pametakipun kaprenah wonten ing gisik.

Kocap mantri wau anggadhahi anak sakit sanget sarta sampun lami, sareng piyambakipun saweg tumut angurugi panguburing Jaladin, enget kasusahan dene anakipun sakit. Wekasan wedal wicantenipun anyalemong, tembungipun: dhuh Jalidin anakku kang lara pujekna waras, yen bisa waras aku bakal ambeciki kuburmu.

Sasampuning rampung panguburipun anunten sami mantuk, kawartos ing dalunipun mantri wau anyupena pinanggih kaliyan Jalidin sarta Jalidin amarteni: supados mantri wau amendheta siti ing kuburipun kajampekna anak kang sakit wau. Enjingipun mantri wau enggal anglaksanani saagnyaning Jalidin salebeting supena, ing wasana lare katawis mantun saking usada wau, kubur lajeng dipunsukani maesan deling sarta dipunpalangi.

Pawartos punika lajeng waradin ing tanah ngriku, ngantos kapireng dhateng tiyang sakit napas ingkang sampun tigang taun laminipun mara jampi ing ngriku, ugi lajeng nyupena: kapurih anjampenana sitining kuburipun, boten ngantos pendhak dinten sampun saras, kubur lajeng dipuncungkub minongka pamalesipun, sasampuning pawartos punika limrah sanget, dalah tiyang badhe mendhet ulam mawi sidekah nyeleh tetedhan ing ngriku, angalap berkah supados kathah angsalipun, pundi ingkang angalap berkah ugi sami kasembadan, kubur wau ngantos resik awit kaangge pakendelan lare angen sami anedhani sidekah ing titiyang wau.

Ingkang anggumunaken sanget namung saupami wonten tiyang kakalih, satunggil nama A, satunggilipun B, sami raraosan badhe dhateng kuburipun Jalidin nedya ngalap berkah, sanaos sadereng bidhal dalunipun tiyang kakalih wau ugi sami nyupena, supenanipun A: Jalidin katingal sarta dipunpitakeni, badhe dhateng pundi, wangsulanipun: badhe amanggihi B, makaten ugi supenanipun B inggih pinanggih Jalidin sarta apitaken: Jalidin saking pundi, wangsulanipun, mentas manggihi pun A.

Wonten anehipun malih, kala rumiyin saben sonten wonten swara kados bawaning kareta medal saking ngriku, tuwin ing wanci enjing umun-umun dhateng ing ngriku.

Kubur kang aneh mujijatipun wau samangke kajagi dening pulisi, dene sabawaning kareta awis wonten.

V.M.K.

## Banyumas

Kala dinten Senen tanggal kaping 13 wulan punika Oktober ing dhusun Nerusan weran dhistrik Purwareja, wonten satunggal lare estri wasta Ireng umur 3 taun anakipun tiyang wasta Suracondra, wau lare sampun pejah jalaran kacemplung ing belik (sumur) sapinggiring sabin ingkang celak kalayan dhusun ngriku.

Kala dinten Salasa tanggal kaping 21 anunggil wulan punika ing peken Manis dhistrik Sukaraja, sampun pinanggih jisimipun satunggil tiyang jaler ewah datipun wasta nayakrama umur 60 taun, angsal saking dhusun Jompo wetan dhistrik tuwin kabupatosan Purbalingga, menggah pejahipun Nayakrama punika tapsiran jalaran kenging sakit weteng sarta ing endhas wonten korengipun ageng (borok).

P.L.

## Surakarta

Nalika ing dinten Senen tanggal kaping 28 wulan Ruwah punika ing kampung Mangkusedirana ing salebeting beteng wonten satunggaling tiyang awasta Mangundiwirya, saking watawis umur 33 taun, Mangundiwirya wau ing dalem pitung dinten pitung dalu awis mantuk dhateng griyanipun tansah angloyong kemawon sarta boten nedha boten tilem, boten antawis dangu gurungipun dipunirisi piyambak kalayan lading panyukuran, ananging pinuju boten kalajeng pedhot, amargi katanggor balunging kalamenjing utawi lajeng konangan ingkang estri, lading dipunrebat kaliyan jerit-jerit anedha tulung, kalampahan tongga tepalihipun sami dhateng atandang tulung sarta angaturi uninga dhateng pulisi ingkang ambawahaken, ananging pun Mangundiwirya wau dipunpitangledi ing tiyang kathah, wangsulanipun anyalemong kados tiyang ewah, wasana ngantos samangke taksih dipunjagi dening sanak sadherekipun.

Utawi ing dinten Slasa tanggal kaping 29 ugi wulan Ruwah punika ing kampung Wirengan wonten satunggaling abdi dalem majidan awasta Mangunsentika, ing wanci siyang Mas Wajidan wau adus kramas padusan ing wulan siyam, wonten ing pakiwan ingkang boten tebih kaliyan griyanipun, dereng antawis dangu Mas Wajidan tumungkul anguyeg rambutipun lajeng amutah erah, sareng anak rayatipun sumerep tumunten kabekta dhateng ing griya kalayan dipuntangisi, ananging Mas Wajidan kalajeng pejahipun, saking pakabaran dhasar asring-asring sakitipun amutah erah, jalaran sanget anggenipun doyan angombe arak. (panjurung).

## Panjurung saking Ngayugya.

Tabe pakurmatan kula akathah-kathah mugi kaatur panjenenganipun tuwan Ep.El. Winter, redhaktur ing koran Bra Martani, ingkang pilenggah ing nagari Surakarta, manawi andadosaken dhangan penggalihipun tuwan saha wonten selaning papan atur panjurung kula punika nuwun kapacaka ing koran Bra Martani.

Nalika ing dinten Senen Wage enjing tanggal kaping 14 wulanRuwah punika kula mireng kabar Raden Panewu Kramadirja tukang margi mriksani radinan ageng sakler wetanging griya, boten antawis dangu Mas Bei Sadilaga nyangking teken angraknggkep upet, ing ngriku kocapa Mas Bei Sadilaga priksa yen raden panewu wonten radinan, tanpa jawab lajeng nyandhak sabuk saking ngajeng leres punung manah lajeng kaceneng-ceneng, cinolok-colok upet ngantos dumugi radinan ingkang ler, ing ngriku raden panewu boten pisan nejoha lawan, tansah manggung sakit ing nala, pasrah mring yang ingkang misesa mangsuli kalawan tembung sareh, la..niki onten napa ta kang, anamung Mas Bei Sadilaga boten pisan mangsuli malah saya tambah pamuringnya, netyandik anggigit waja, wicanten kasar kathah-kathah dek Sadilaga rak ora picak, kerase jing picak mring Ngabehi Kramadirja, eya talah ngabehi Sadilaga ayahan dalem papriksa radinan, la..punika priyantun ing sekaliyan, ingkang badhe angsal sih pengadilanipun ing nagari. Titi.

## Punika Cariyos Babad Mataram

Kawarnaha wau Raden Trunajaya, wus angaturan uning, lamun kang bengawan, ing mangke sinasakan, dening titiyang Matawis, sira sahadyan, kagyat bramatyeng galih. Sigra ngrasuk rahaden kaprajuritan, nyamping samboja abrit, sinongket toyamas, paningset cindhe sekar, rasukan baludru wilis, apan reredan, dhesthar ira cepeni. Alancingan panji sindure rerendanan, dhasar baludru wilis, sampuning busana, dhuwung sampun nyuriga, pan sarwi nyothe cundrik, wau rahadyan, karsane amiyosi. Tengerane wau kang badhe ayuda, bendhe tinitir-titir, wadyabalanira, wus samekta ing yuda, datan ana ingkang kari, sasikep ira, kang bedhil sikep bedhil. Ingkang tumbak apan ta asikep tumbak, miwah kang

tulup lembing, wus sami samakta, aglar kang punang wadya, malatar jawining kori, ing pasanggrahan, ngantos prentah ing gusti. Sigra medal sira Raden Trunajaya, saking dalem ireki, dene para garwa, samya asemu waspa, pan sami wangsul neng kori, kang para garwa, prajurit anampani. Kang rumeksa mring lampahipun rahadyan, kang munggeng kanan kering, pan wong pipilihan, kathahe wolung dasa, punika tan keneng tebih, wong dulang mangap, ing ngangkah bareng mati. Tate titir pinurugaken ning ngawrat, tan ajrih tumbak keris, karane ing ngangkah, santana tunggil yayah, mring Raden Trunajaya di, dyan kawarnaha, bala kang andhingini. Sampun prapta atarap pinggir bengawan, kang wingking anusuli, Raden Trunajaya, wus munggeng ing wahana, aneng samadyaning baris, pinggir bangawan, susumbar denira ngling. Wong Mataram alah sira tekakena, ing sabudinireki, gonmu karya sasak, balungmu wuhana, dadyaningsun wong Kadhiri, wulu salomba, pan ora nedya gigrig. Lan maninge gustimu mongsa padhaha, pan tedhak jran panolih, watek jeng susunan, Amangkurat punika, ratu kaduk ing kuwanin, dupi miyarsa, ature ingkang abdi. Trunajaya asanget denya susumbar, angasorken narpati, langkung dukanira, wau kanjeng susunan, sigra atengara aglis, bendhe angangkang, oreg kang wadya alit. Jeng susunan sampun angrasuk busana, sakapraboning jurit, saha baberkatan, wus rinasuk sadaya, ki bicak tan kena tebih, waos berkatan, ki Barudhus ing ngampil. Wadya bala sami anggregut sadaya, ngantos wiyos sang gusti, pan datan antara, wiyos sri naranata, saking pasanggrahan aglis, mangsah ing ngrana, prapteng ing pinggir banawi. Pan wus yun-ayunan lawan wong Madura, wau tiyang Matawis, tandange lwir singa, kalane wruh ing mongsa, pating bilulung mulati, marga adhakan, kang kena den sabrangi. Nanging datan antuk marga lyaning sasak, wau tiyang Matawis, wadya tantinantang, lawan tiyang Madura, nanging dereng wonten wani, yen anabranga, nganti prentah ing gusti. Dadya Raden Trunajaya asusumbar, asru denira angling, wus bobote uga, iya tedhak Mataram, lan aran jaran panolih, mengko pucuknya, yen iya trahing jurit. Dhingin duk bongkote pan ora ngapaha, sapmyarsanireki, jeng Sunan Mangkurat, wruh sumbar kang mangkana, sumbare Trunajayeki, sigra sang nata, nyandhak ki bicak aglis. Nulya tinabuh wau jeng kyahi ngangkang, ki bicak asru muni, saksana sang nata, ngasta waos masiyat, kyahi barudhus tinarik, ing karsanira, sang nata angawaki. Pra punggawa pan samya nangis sadaya, sang nata nyandhak aglis, titiyan cinengklak, Tumenggung Suranata, samana matur narpati, sarwi karuna, dhuh gustiku narpati. Abdi dalem sadaya tur pejah gesang, kenging ta kenging gusti, sampun sri narendra, ngawaki ing ngayuda, kalamun dereng nempahi, tumpes sadaya, punggawa ing Matawis. Dene sampun tumpes punggawa sadaya, datan uningeng wingking, langkung karsa nata, kendel kanjeng susunan, myarsa ature kang abdi, sigra umangsah, sakeh para dipati. Nuju pare semana ingkang bengawan, sakeh para dipati, dhatengken suranya, sareng gebyar sadaya, dhatengnya medal benawi, tiyang walonda ambedhil saking wingking. Agya wangsul Ki Tumenggung Suranata, Amral kang den parani, wau tuwan Amral, cinandhak tanganira, Suranata bramatya ngling, eh Amral sira, apa karep ireki. Dene ingsun aprang mengko teka sira, bedhili saka wuri, aja tanggung sira, dadiya mungsuh pisan, pan ingsun arep nadhahi, saure Amral, lah tuwan sampun runtik. Sakalangkung kawula nedha ngapura, nanging dahat asisip, ing solah kawula, dene sedya kawula, mungsuh kang kula bedhili, tiyang Madura, punika kang ngong bedhili. Sigra wangsul Ki Tumenggung Suranata, ambyur banawi malih, sareng tandang ira, lawan para dipatya, sedya angungkih ing jurit, sapraptanira, neng pinggir den tadhahi. Pan sinosog dening titiyang Madura, ing gancur lawan lembing, sarta binedhilan, pra punggawa Mataram, pangamuke saya ngungkih, wong ing Madura, tanagop ambedhili. Ramening prang kadya ombak nempung marang, swaraning bedhil muni, ring guntur ing ngarga, mimis tiba lir udan, nanging bupati Matawis, pangamuk ira, tan ana ingkang busik. Apan kadya mimis tumiba ing jaja, parada

wuwuh asri, punggawa Mataram, pangamuke lir yeksa, wong Madura datan gingsir, maksa apanggah, dadya tan kena kongkih. Awasana tan wonten bisa anabrang, pra punggawa matawis, dupi katingalan, dening kanjeng pangeran, sakehe para bupati, tan kena nabrang, sigra sri narapati. Pra dipati Mataram datan antara, sareng nempuh ing jurit, tan ana tinata, sareng pangamukira, wong Madura anadhahi, swaraning aprang, tanana ngucap ajrih. Ramening prang bedhil wus tanpa gaweya, mung kari tumbak keris, tempuh ing ngayuda, rame silih ngayunan, tinumbak pan kasaliring, tiyang Madura tinumbak tan apulih.

Surakarta

Candhaking pratela namanipun ingkang sami pikantuk medhali tuwin serat pratondha minongka pamangsul sih ing bab ladosanipun dhateng tentun seteleng ing Surakarta.

28. Tuwan Odherbek pikantuk medhali pethakan, ladosanipun awarni lembu.
    Tuwan Manuwel pikantuk serat pratondha, ladosanipun awarni lembu.
    Wongsadrana ing Cakra, pikantuk serat pratondha kaliyan arta 10 rupiyah, ladosanipun awarni lembu.
29. Tuwan Gaster pikantuk medhali prunggu, ladosanipun awarni lembu peresan.
    Tuwan Magelafri pikantuk serat pratondha, ladosanipun awarni lembu peresan.
30. Tuwan A.E.E. fan Dhen Bogen
    Kanjeng Pangeran Ariya Gondasiwaya } pikantuk serat pratondha, ladosanipun awarni lembu sarakit.
31. Caleksana ing Tulakan pikantuk serat pratondha kaliyan arta 10 rupiyah, ladosanipun awarni maesa sakit.
32. Tuwan fan Dhen Bogen pikantuk medhali pethakan, ladosanipun awarni pirantos jawi tuwin pamedaling tanem tuwuh kathah sarta warni-warni.
33. Tuwan Yohir Ef.We.fan Dhen Wiligen Fonsewid, kontrolir ing Madiyun pikantuk medhali pethakan kapregul, ladosanipun awarni tuladha pamedaling tanem tuwuh 96 warni, wedalan ing paresidhenan Madiyun.
34. Tuwan Yohir El.E.Leisiyus
    Tuwan Magilapri } pikantuk serat pratondha, ladosanipun awarni fanilye.
35. Tuwan Yehudheh pikantuk medhali pethakan, ladosanipun awarni tuladha kajeng grajenan tuwin pocokan.

Badhe wonten candhakipun.

Kala malem Jumuwah kapengker punika sakinten jam setengah kalihwelas, ing kampung Kebalen (Surakarta) wonten griya kabesmen, awit saking cukating pitulung tuwin saening tanggenahipun kanjeng tuwan residhen, temahan latu boten ngantos mraman ing griya sanes. (Porste Landhen).

Bidhalipun wadya bala dhateng ing Aceh kasrantosaken ngantos benjing tanggal 12 wulan punika, dados boten temtu ing tanggal kaping 2, kang mawi ing mangke taksih sedhenging mangsanipun sasakit kolerah. (Porste Landhen).

Saking pamireng kula kanjeng parentah ageng anggenipun amragadi bidhalipun wadya bala ingkang kalurugaken dhateng Aceh ing sadinten 21.000 rupiyah. (Porste Landhen).

Wadya bala lurugan dhateng Aceh kawartos kakanthenan tiyang pasakitan kathahipun 3.000. (Porste Landhen).

Bahita anama: *Baron Makai, Wilem Krunprin sedher Nedelrlandhen, Gubrenur Jendral Meiyer, Konengin sofi,* tuwin *Prinse Aleksander* sami dipunsewa dening Kanjeng Gupremen ing sadintenipun 1.200 rupiyah, badhe kadamel tumpakanipun wadya bala dhateng ing Aceh. (Porste Landhen).

Babah Behbi ocowan tilas mayor tibuler, ing mangke kawangsulaken ing pangkatipun lami, minongka ganjaran anggenipun urun dadan dhateng tiyang ing Demak kala mongsa pailan. (Porste Landhen).

Kala ing wulan Agustus angsal-angsalanipun kareta latu ing Batawi tuwin ing Bogor gunggung sadaya 26.572 rupiyah, wondene kareta latu ing Samarang, Surakarta tuwin Ngayogyakarta 229.797 rupiyah. (Porste Landhen).

Titiyang ingkang mentas saking tanah Cina dhateng ing pulo Balitung punika sami ambekta saha anedahaken undhangipun kanjeng raja ing Cina, suraosipun titiyang ing tanah ngriku kaawisan nedha utawi eses punapa dene sade apyan, ing pangajeng-ngajeng sageda salebetipun nem taun sampun ngantos teksih wonten tiyang satunggil kemawon ingkang nyeret, para priyantun ageng alit ingkang boten amituhu dhawuhipun sang prabu wau badhe kalungsur saking kalenggahanipun. (Bintang Johar).

Kanjeng raja Cina mentas utusan komisi kapatah nyegat ing titiyang ingkang ambubujuk dhateng tiyang bongsa Cina supados puruna angumbara dados kuli dhateng ing tanah sanes, kalampahan bahita pinten-pinten ingkang amawrat kuli badhe layar dhateng ing kitha Makao sami dipunbestup dening bahita kapal prang ing Cina, sarta kalajengaken dhateng ing Kwanton, wondene titiyang ingkang ambujuk sami katigasan gulunipun saha titiyang ingkang kabujuk sami kaantukaken dhateng ing griyanipun sewang-sewang. (Bintang Johar).

Dhirektur ing komidhi kapal bongsa Amerikah wonten ing kitha Harlem kadhendha warni yatra, sabab purun-purun main angleresidinten Ngahad, saha manawi ngantos anglampahi kalepatan malih badhe kalebetaken ing kunjara dangunipun sadinten. (Bintang Johar).

## Batawi

Kanjeng Sri Maharaja ing Nederlan sampun amaringi idi dhumateng tuwan Lores, tukang damel sekar latu ing Krukut angangge medhali nama: *puspamala* paparingipun kanjeng raja ing Siyam. (Salompret Malayu).

Tuwan Lengkring redhaktur ing serat Porste Landhen dipunsuwunaken ukum kunjara dening upsiring rad fan yustisi, enggal-enggalipun sataun dene lami-laminipun tigang taun, awit dipungalih angwedharaken suraos ingkang boten penen wonten ing serat kabar, wondene pamancasing prakawis wau kawartos ing dinten Kemis punika.

Kanjeng tuwan Makmaon presidhening karajan ing Prangkrik ingkang jumeneng punika kacariyos kala teksih dados mayor anuju satunggal dinten sulaya kaliyan upsir kalerehanipun, jalaran upsir wau boten amituhu ing panjenenganipun, kalampahan upsir dipunancam-ancam, awit saking punika upsir enggal angathungi pistul sarta kaungelaken, ananging keprok sang Makwaon lajeng ngandika kaliyan tembung sareh: upsir iku resen patbelas dina sabab ala gagamane.

Tuwan Boisonadhe dipunsedhahi dening kanjeng raja ing Japan adamel serat angger ingkang amigunani ing tiyang Japan, mawi dipunparingi ewahan yatra 20.000 rupiyah ing sataunipun.

Bahita anama Bintang Tuju ingkang saking timur Dheli amawrat kapal kathahipun 187 iji, kabesmen dalasan wawratipun wonten ing palabuwan timur Kupang.

Murid ingkang badhe kakintunaken dhateng ing nagari walandi kathahipun titiga, 1 saking Surakarta, 1 saking Bandhung, 1 saking tanah Batu (Sumatra), bidhalipun badhe dipunirid dening Iskandar, inggih punika tiyang bongsa Batak ingkang wau sampun nate winretek ing piwulang wonten ing tanah Walandi, saha ing mangke dados up onder wiser wonten ing Sumatra.
Wondene ingkang kapatah amulang anama tuwan Dhe Heker up onder wiser ing kitha Amsterdham, inggih punika gurunipun Iskandar. Satunggil-tunggiling lare kacawisan yatra 1000 rupiyah, samanten punika sanesipun sangu.

Saupami kadadosaning lare titiga wau anyondhongi ing pangajeng-ngajeng, ing tembe saestu sangsaya badhe kathah para nem-neman ing kapulowan Indhi ingkang kakintunaken dhateng ing tanah Walandi.

Kathahing apyan ingkang kenging katampekaken dhateng para pakter, ing sawulanipun katemtokaken kados ing ngandhap punika.

| | | |
|---|---|---|
| Ing Banten | 60 kati utawi | 072 kati ing sataun. |
| Ing Batawi | 600 kati utawi | 7200 kati ing sataun. |
| Ing Krawang | 40 kati utawi | 480 kati ing sataun. |
| Ing Cirebon | 200 kati utawi | 2400 kati ing sataun. |
| Ing Tegal | 400 kati utawi | 4800 kati ing sataun. |
| Ing Pakalongan | 400 kati utawi | 4800 kati ing sataun. |
| Ing Samarang | 1600 kati utawi | 19200 kati ing sataun. |
| Ing Kedhu | 350 kati utawi | 4200 kati ing sataun. |
| Ing Bagelen | 200 kati utawi | 2400 kati ing sataun. |
| Ing Banyumas | 235 kati utawi | 2820 kati ing sataun. |
| Ing Surakarta | 1000 kati utawi | 12000 kati ing sataun. |
| Ing Ngayogya | 500 kati utawi | 6000 kati ing sataun. |
| Ing Madiyun | 800 kati utawi | 9600 kati ing sataun. |
| Ing Kedhiri | 800 kati utawi | 9600 kati ing sataun. |
| Ing Japara | 600 kati utawi | 7200 kati ing sataun. |
| Ing Rembang | 1000 kati utawi | 12000 kati ing sataun. |
| Ing Surabaya | 1500 kati utawi | 18000 kati ing sataun. |
| Ing pamekasan kaliyan Sumenep | 240 kati utawi | 2880 kati ing sataun. |
| Ing Madura kaliyan Sampang | 80 kati utawi | 960 kati ing sataun. |
| Ing Pasuruwan | 400 kati utawi | 4800 kati ing sataun. |
| Ing Prabalingga | 200 kati utawi | 2400 kati ing sataun. |
| Ing Basuki | 100 kati utawi | 1200 kati ing sataun. |
| Ing Banyuwangi | 25 kati utawi | 300 kati ing sataun. |
| Gunggung ing sawulan | 11330 kati utawi | 135960 kati ing sataun. |

## Nuwun Kapacaka ing Bra Martani

Kula pun pukur jlagedhag, atur uning munggeng srat Bra Martani mring sagung ingkeng arsa wruh bab lampah angkatira, pra prajurit Pakualaman keng nglurug mring gulangkeng satru jaya, maring ing nagari Aceh. Nujwa ri Rebo tanggal, kaping gangsal welas tanggal walandi Oktober kengtan, ruwah tigalikur tanggal, warsa jimakir lumaris. Angkaning warsa sangkala, nembah sirna swaraning ngawiyati, dene panganjuring pupuh keng dadya senapatya, rayi dalem jeng gusti ingkang jujuluk Dyan Mas Arya Nataningrat, kaptin prajurit inpantri. Kinanthen kalih santana, ugi sami lenggah upsir inpantri sawiji ingkeng rum-arum, Dyan Mas Natataruna, prenah paman dene ta ingkeng sesunu Jeng Pangran Natakusuma, kaping kalih keng wus swargi. Dene ta satunggil ira, Radyan Panji Jayeng Atma wewangi, puniku penganjuripun tri samya anung raga, ngirit wadya watara wran pitung puluhanjawi andel seliran, puniku cacah prajurit. Tuhu prawira taruna, wus binobot wignya nanggul ajurit, tulya mbek suraber teguh tatagening ngapringga, sudira mrih ngunggar suraning apupuh Rahadyan Mas Nataningrat, tuhu prakosya ing jurit. Dhe gustiku sikakresna, liring semu ngumbakarna narpati, prathista dadya gul-agul, dyan Mas Natataruna, liring semu lir putra ngawongga patut, nrnggih radyan cresena, raden Jayengatma mirip, sebak dyan trustha jumena, wusing pepak pukul sawelas nitih sepur weh umangkat maprung lepas saingga kilat, nahen gantya cinarita ingkeng kantun, datansah anggung udrasa, kamantyan kawelas asih. Anak rabining prawira, keng tinilar tansah welas asih ngadhuh ngesesenggrukan, dhuh lahe lakining wang, teka tega tilar mring wong dhunuk-dhunuk, keng saweneh ana ngucap, adhuh lakeningsun mati. Ingkeng saweneh gulungan, adhuh biyung endi

lakiku endi, ora nyana angrempelu yen sida nglurug aprang, pisang wigar dhuh somah jroning pupuh grahitanen awak mara, sun sudyaken jayeng jurit. Anakeng amem pangucap, ngunggo-unggo tansah ana rai bengep mripat pendul, anake sing cilik tanya, bok si amak ana endi. Bokne mangsuli keng tanya, bapakmu angger lagi abaris, lha kae nang alun-alun, anake malih ngucap ayo imbok usul amanyang alun-alun, ko rak oleh-oleh aran, karo edhus aran ilik. Bokne sigra gurawalan, sumarikut ngemban anake aglis, den ajak menyang ing warung, sinambur pepanganan, wus kendel cep tan tanya mring bapakipun, kocapa pra yayah rena, manggung sungkawa lan muji. Muja puji jaya-jaya, jayaning prang basukiya ing jurit, antuk asih ing yang agung, ginanjar ungguling prang, lan antuk supangat ira jeng rasul, tuwin barkahing bendara, jeng gusti pangran dipati. Ingkang amurba misesa, angreh wadya abdi dalem prajurit, ingkeng mangagnya anglurug, mugi samiya arja, sampun ngantya kapupu madyaning pupuh, ywa kirang satunggilpunapa, mugi unggula ing jurit. Saiba ing sukanira, duh gustiku kanjeng pangran dipati, pra sadaya ingkeng nglurug, ginanjara raharja, iba-iba suka galihe gusti kula yake marwata suta gusti pun sung basuki.

## Panjurung

Kula sakelangkung angajeng-ngajeng panjurungipun Tawen ing kampung Tembelang, anjawab dhateng pitakenanipun mitra kula Anggara kanthil, bab wijang-wijangipun ebahing badan ing nalika babeksan, awit ing ngajeng pun Tawen sampun adamel panjurung solahipun tiyang beksa sinawung ing sekar sarkara saengga papakem, ananging taksih kirang cetha amargi boten kawijang ebahing asta tuwin suku sapanunggilanipun, mila mitra kula Anggara kanthil lajeng anedha piwulang terangipun babar pisan, sarta kula ugi andherek angajeng-ngajeng panjawabipun ingkang anerangaken panedha wau, awit pamanah kula badhe andherek sinau, wasana ngantos samangke pun Tawen taksih sepen kemawon dereng mangsuli panjawab, ingkang punika panedha kula dhumateng pun Tawen mugi tumuntena suka katerangan kapacaka ing Bra Martani, sampun ngantos kasep sanget.
Titi, katandhan Darma paminta.

## Panjurung kabar Kadhiri

Sanadya kula punika sampun kaetang tiyang kerep santun kapal, awit pancen saking dhadhasar remen dhateng ing kapal tumpakan, punapa dene kerep sumerep para priyantun utawi para bendara  ingkang sami remen dhateng titiyan kapal, saestu kula dereng amrangguli ingkang kados titiyanipun raden tumenggung ing Tulungagung ingkang nami pun bali, menggah bagusing wonda mangsita anyamlengan tembung judheg, anamung kula piyambak dereng sumerep kapal bagus wandanipun kados titiyanipun bupati Tulungagung ingkang kasebut ing ngajeng wau, ngantos kula boten saged amaoni punapanipun ingkang kirang sae, wondene wulunipun plumpung, geng inggilipun watawis 4 kaki kirang sakedhik, wanci saweg mempeng ing damel, wonten paribasan kapal kados gambar, watawis kula boten langkung kados titiyanipun bupati Tulungagung punika, menggah lambe manahipun kula dereng saged amastani awit sumerep kula namung katuntun kemawon, pamireng kula kapal wau kagadhang-gadhang sageda kagem ing Sampeyan Dalem Ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan.
Katandhan Mirmadipa.

## Punika Cariyos Babad Mataram

Wong Mataram yen kasiliring tinumbak, nanging datan abusik, sangsaya sudira, tandange wong Mataram, putung watangnya agiris, suraking wadya, kadi karengeng langit. Pan kapelak rowange akathah pejah, angrasa wedi mati, wus miris manahnya, aningali ing rowang, wong Madura akeh mati, sigra lumajar, tan atolih ing wuri. Wong Madura pan sampun kathah kang pejah, panggah meksa katitih, dene wong Mataram, pangamuke lir yaksa, anon daging nginggit-inggit, tiyang Madura wus tan kawawa pulih. Ingkang panggah wus telas atutumpesan, bubar larut kang kari, Raden Trunajaya, sigra wau lumajar, ngungsi kutha ing Kadhiri, manjing

kadatyan, linunding wong Matawis. Kebat ira wau Raden Trunajaya, nulya netegi kori, lajeng tinuguran, dene kang tinanggenah, wau ingkang tengga kori, pun Darmayuda, ing pasedhahan wani. Wong Mataram angungsed arebut lawang, rame ukih-ingukih, pan ora derana, Tumenggung Mangkuyuda, anglancangi sigra prapti, ngarsaning lawang, jinejeg ponang kori. Pan wus remuk kang kori wai dhinupak, Mangkuyuda kaeksi, saksana tinumbak, dhateng ki Darmayudakena jajane trus gigir, Ki Mangkuyuda, sigra males nglarihi. Darmayuda kang winales linariyan, tinumbak ingkang keni, pan gurunge pegat, yata sareng aniba, kalih sareng angemasi, Ki Mangkuyuda, pejah jawining kori. Darmayuda pejah salebeting lawang, gegere tan sinipi, salebeting kutha, pejahe Darmayuda, anglir gabah den interi, kang rebat marga, sedyane ngungsi urip. Raden Trunajaya wus lumajeng sigra, sadaya datan kari, medal bubutulan, tan kandheg lampahira, wadyanira ingkang ngiring, mung ingkang tresna, sedya mring gunung sari. Duk samana apan sampun binabadan, bedhahe ing Kadhiri, kala Trunajaya, babade rupa sirna, angrasani jalma adi, asalin tembang, nama asmara kingkin. Samana ngandika aris, jeng Susunan Amangkurat, dhateng Amral Herduwelbeh, Amral payo jarahan, sajrone ing nagara, apan uwis jangjiningsun, sira kang duwe jarahan. Sigra samya jejarahi, sakehe bala walonda, miwah bumi sadayane, sami suka manahira, wonten sajroning kitha, apan jinarahan sampun, saking pasrahe susunan. Ri sampune jejarahi, jeng Susunan Amangkurat, anulya bubar sirage, ngesut dhateng Trunajaya, mring wukir sari agya, wonten dene ingkang dinuk, sira Raden Trunajaya. Wus nora sedya bawali, amung uripe kewala, wau ta den ungsekake, genya aneng arga sekar, pan wus lumungsur sira, mring wukir ngantang jinujug, jinujul mring jeng susunan. Kendel neng payak narpati, genya jujul Trunajaya, rerep lampahe sang katong, apan sampun masanggrahan, miwah kang wadya bala, tata pamondhokan sampun, angebeki ngara-hara. Mila kendel sri bupati, ragi tan kenging lumampah, saking pakewet margine, wau ingkang kawarnaha, Pangeran Cakraningrat, kang sinakitan karuhun, dhateng Raden Trunajaya. Ingkang wonten lodhayeki, samana gya tinimbalan, dhateng jeng sunan sirage, sapraptane ngarsa nata, pinasrahan Madura, angandika sang aprabu, dhateng Pangran Cakraningrat. Marmane sira timbali, cakraningrat wruhanira, lah tampanana ing mengko, nagari nira ing Sampang, ingsun pracayeng sira, mongsa bodhowa sireku, denira angrah nagara. nanging ingsun patedhani, sira mengko panggaweyan, ya gawe kang luwih abot, prakara si Trunajaya, sira angupayaha, tekane ing ngarsa ningsun, sun tempuhaken ing sira. Umatur saha wot sari, ya Pangeran Cakraningrat, nuwun sandika ature, gusti abdi sri narendra, inggih pun Cakraningrat, sayektos tan kenging lumuh, sanadyan dhatenga pejah. Pan inggih darni nglampahi, ing tiwas saged kawula, saking barkat sih sang katong, nanging pangestu sang nata, mugi-mugi angsala, inggih pangestu sang prabu, kenginga pun Trunajaya. Ri sampun telas kang weling, jeng Susunan Amangkurat, mring Pangran Cakraningrate, eca galiye sang nata, dene ingkang punggawa, sadaya sami rahayu, miwah pasisir sadaya. Wau ta ingkang tinuding, kang kinen mring ngardi ngantang, datan kawarna lampahe, sira Pangran Cakraningrat, ambujuk Trunajaya, semana sampun lumaku, minggah dhateng ardi ngantang. Wondene pan ingkang kari, sakarine ingkang pejah, tiyang Madura sakehe, kalane duk teluk ira, kinen mangayunana, mring wong Madura kang teluk, nengguh Raden Mangunjaya. Wonten dene kang kakalih, dyan Mangunjaya punika, saking Sumenep asale, mila titiyang Madura, samya eca kang manah, yata wau kang winuwus, kang minggah mring ardi ngantang. Pangren Cakraningrat nenggih, punika kang ingantosan, mila susunan kendele, aneng ing payak nagara, nanging datan winarna, solahira kang ingutus, panggihe lan Trunajaya. Datan lami nunten prapti, sira Pangran Cakraningrat, pan angsal karya lampahe, semana apan kabekta, Rahaden Trunajaya, mila gampil kengingipun, dhateng Pangran Cakraningrat. Pan keni mamanis angling, saking wagyane pangeran, Cakraningrat pambujuke, dhasar sampunmanggih papa, pan wus gigrig kang manah, binabana garwanipun, ingajak nungkul kewala. Papatahe neng ing ngardi, mila ngajak sasrah jiwa, kalawan pejah gesange, sumongga ing karsa nata, nyarengi ingkang paman, praptaning pambujukipun, ngaken kapracayeng nata. Saha sandi ananggeni, dados Raden Trunajaya, samana sampun tumurun, nenggih saking ngardi ngantang. Sagarwane

datan kari, umiring dhateng kang paman, miwah sarayate kabeh, datan wonten kang kantuna, si Radyan Trunajaya, wus kerid ing lampahipun, mring Pangeran Cakraningrat.

Surakarta

Candhaking pratela namanipun ingkang sami pikantuk medhali tuwin serat pratondha minongka pamangsul sih ing bab ladosanipun dhateng tentun seteleng ing Surakarta.

36. Tuwan El. fon Endhe } pikantuk serat pratondha, ladosanipun lisah kalektik ingkang
37. Nyonyah Meiyer } karesikaken.
38. Nyonyah El.Dhapid pikantuk serat pratondha, ladosanipun manisan kaliyan acar.
39. Tuwan Elfon pikantuk medhali pethakan, ladosanipun yatra warni-warni.
40. Tuwan Dhedhug seman ing Ngayogya pikantuk medhali prunggu, ladosanipun reca Indhu.
41. Tuwan Cadrana ing salaham lor pikantuk srat pratondha kaliyan yatra 5 rupiyah, ladosanipun reca Indhu.

Tuwan Erraf pikantuk medhali prunggu, ladosanipun gamping.

Tuwan fanHengel pikantuk medhali prunggu, ladosanipun gamping saking Japara.

Tuwan fan Dhen Bergen pikantuk medhali prunggu, ladosanipun gamping saking Karang Gedhe.

Tuwan Erraf pikantuk medhali prunggu, ladosanipun tangsul 20 warni.

Tuwan Se.Ef. Dhilip pikantuk medhali prunggu, ladosanipun samak.

Tuwan Yohan Semid pikantuk medhali prunggu, ladosanipun pamemeyan.

Tuwan Er.En. Serkasir pikantuk medhali prunggu, ladosanipun dandosan griya damelan Japara.

Nyonyah Ihnen ing Ngeyogya pikantuk medhali prunggu, ladosanipun sela warni-warni.

Raden Tumenggung Jayadipura ing Bantul, Ngayogya pikantuk medhali prunggu, ladosanipun sarem kaliyan pirantos warni-warni.

Mas Surawijaya ing Surakarta pikantuk medhali pethakan, ladosanipun bludiran.

Sanesipun punika teksih kathah cina tuwin tiyang jawi ingkang sami pikantuk serat pratondha.

Kala wonten grahana rembulan kapengker punika, ing salebeting kitha Surakarta boten wonten sabawanipun bendreng utawi sanes-sanesipun, ingkang punika adamel bingahipun pangajeng-ngajeng ingkang angancab ing kawruh.

Kala dinten Salasa tanggal kaping 12 ing wanci satengah nem sonten, Rahaden Mas panji Cakraatmaja tilas guru basa Madura ing pamulangan jawi Surakarta tilar donya kondur ing Rahmatolah.

Kala tanggal kaping 27 wulan kapengker punika, wonten tiyang kakalih awasta Kasanari kaliyan Kasanngali, kakang adhi sami amisaya ulam dhateng ing lepen jenes, sareng saweg angacungaken seser wonten ing sakilenipun kreteg lajeng sumerep bulus agengipun satampah enggal dipuntubruk, ananging lepat, ing nalika punika lajeng sumerep sawer agengipun sapucang, panjangipun watawis sawidak kaki. Tiyang kalih wau boten saronta enggal mentas saking toya pating kecopak, seser dipuntilar, ambekanipun pating karempis, saha awicanten kamisosolen, oh..alah wis ora kudu-kuduwa golek iwak. (kabar saking serat panjurung).

Wonten tiyang suka pawartos dhateng kula yen piyambakipun mentas sumerep sagawon nyakuri erong gangsir, kapinujon erong wau isi sawer, sadangunipun erong dipuncakuri, sawer anunten medal sarta anyakot jubiring sagawon, sareng sagawon amolah awit saking karaos sakit, sawer lajeng amulet ing gulu dados titingalan, ingkang gadhah sagawon enggal anyandhak gegebag, sumedya dipuntamakaken ing sawer, ananging gumampleng angengingi cengeling segawon ngantos anemahi pejah, wondene sawer salajengipun inggih kapejahan.

Kawartos ing kampung Gemblekan kala tanggal kaping 29 wulan kapengker punika wonten kucing manak sakawan, ananging saweg elet sadinten cemengipun pejah sadaya, elet sadinten malih kucing wau manak malih, ananging namung satunggil, cemengipun gadhah sirah kakalih, sarta tanpa buntut, wondene enggening buntut kaenggenan ing sirah, eman dene cemeng wau lair lajeng pejah, embokipun lajeng anututi.

Ngayogya

Nalika tanggal 29 Oktober ing taun punika ugi wonten tiyang anama Raden Mangku kesah angiring semahipun dhateng peken gadheyan, sareng dumugi ing lepen bayem watawis wanci jam 4 enjing karaos badhe totoyan, semahipun kapurih lumampah rumiyin, ing ngriku lajeng wonten tiyang lumampah saking wingking, sumerep yen wonten tiyang ngadeg saking andhodhok lajeng dipunnyana tiyang awon, mila enggal dipunsapa, Raden Mangku amangsuli kaliyan lumajeng: *aku*, ingkang anyapa lajeng anarik pedhang katamakaken ambal-ambalan dhateng Raden Mangku, kalampahan nandhang labet kathah sarta balunging bahunipun putung, sareng ambruk rainipun dipunsuluhi obor, tetela yen dede tiyang awon tumunten kagendhong mantuk saha kalajengaken dhateng ing griya sakit. (Salompret Malayu).

Wonten kondhektur ing sepur weh jawi anempilingi tiyang jawi kakalih awit saking kebrangas ing nepsu, sanajana sampun pantesipun tiyang kakalih wau dipuntumpangi asta wasesa jalaran saking kirang ajar, ewadenten boten trimah lajeng anggugat, salajengipun kondhektur katimbalan dhateng ing ngarsaning rad fan yustisi, kadhendha yatra 8 rupiyah kaliyan kaukum kunjara kawan welas dinten, salebaring pamriksa kondhektur kadangu punapa piyambakipun teksih gadhah aturan punapa-punapa, wasana sasampuning amanah-manah lajeng amangsuli makaten: tuwan presidhen kula punika tiyang malarat, pikatuk balonja aming sakedhik, mila gadhah panuwun ing sampeyan mugi karsaha ambayari ing kula yatra dhendhan 8 rupiyah wau sarta bilih sampeyan dhangan, ukuman kunjara kawan welas dinten punika dipunedumna dhateng ing tuwan sanesipun, ingkang makaten punika badhe andamel sakecaning manah kula. (Samarang Koran).

Ing dinten Kemis kapangker punika, ran fan yustisi ing Samarang andhawahaken karampungan ing bab prakawisipun tuwan Lengkring redhaktur ing serat kabar Dhe Porste Landhen, menggah katranganipun tuwan wau katetepaken lepat sarta kapatrapan ukum kunjara laminipun 6 wulan. (Salompret Malayu).

Telegrap ing Singgapura asuka pawartos yen wonten tiyang bongsa Inggris kathahipun sawidak sami darbe panuwun dhumateng ing kanjeng gupremen Nederlan, kalilana tumut ababantu ing ngayuda dhateng Aceh, kajawi saking punika kawartos paprentahan ing kitha Nagahsaki (Japan) angintunaken wadya dhateng Aceh, pamurihipun supados wadya wau sumerepa dhateng ing ingar-ingering tiyang ulah perang.

Karsanipun kanjeng parentah ageng, wadya bala lurugan dhateng Aceh punika badhe kaparingan kanthi pangulu satunggil, saha pangulu wau badhe pikantuk balonjanipun 600 rupiyah sarta apangkat sami kaliyan up opsir, punapa dene kaparingan tetempah ing pitunanipun.

Kala wonten perang ing Metsiko kacariyos wonten soldhat kataton ing sirahipun, saha saderengipun pejah kabekta ing griya sakit, dhokter ingkang kapatah mulasara wicanten makaten: wong kiye wis mati, uteke wis metu. Ing nalika punika soldhat wau melek sarta apitaken swaranipun angulung: tuwan sampeyan punapa sampun ngawuningani utek kula, manawi kula sampun pejah, utek kula mugi kakintuna dhateng pun bapak, dados kula soldhat punika saking pakening piyambakipun, awit kula dipunanggep boten gadhah utek.

Panrimah, wonten walandi andamel sayembara wonten ing tanahipun, ungeling serat sayembara makaten: *tanah kiye kacadhangake kadarbe wong kang kena kasebut narima* dene samongsa wonten tiyang anyanggemi ingkang dados sayembara wau lajeng dipunpitakeni: *kowe apa*

*narima*, wangsulanipun: *inggih*, sasampuning makaten lajeng dipunjawab malih: yagene kowe kapengin duwe tanahku.

## Surabaya

Nalika ing dinten Septu tanggal kaping 1 wulan punika, ing kantoripun tuwan up insinyur water setat ing lepen mas mentas ambayawarakaken, sinten ingkang purun amborong damel palered, dene ingkang sampun anglebetaken serat pangawis kasebut ing ngandhap punika:
Tuwan El.Ge. fan Lakerfel en.ko. angawisi 1.798.990 rupiyah.
Tuwan Er.E Semit ing Batawi angawisi 1.800.000 rupiyah.
Tuwan Se. Marsekhalek angawisi 1.800.300 rupiyah.
Ing mangke saderengipun angsal idin saking Batawi, padamelan wau sampun kaborong dhateng tuwan El.Ge fan Lakerfel en.ko., dene ingkang dados borek anami Lim Piktai kaliyan notaris fan der Mandhele. (Salompret Malayu).
Nalika ing dinten Senen tanggal kaping 3 ing wulan punika: siti ingkang kawastanan karah dalah pabrik gendhis, griya-griya pirantos warni-warni sapanunggilanipun sami kalelang, dene ingkang numbas kapitan Cina ing Bangkalan anama Tan Biyancing, regi 650.000 rupiyah.
(Salompret Malayu).

Wonten tiyang awartos dhateng kula yen ing Ngayogya teksih wonten tiyang ngalambrang jalaran saking kasakitan manah dhateng lurahipun tuwin walandi ingkang amaosi siti, sarta pratela rumaos dipunkaniaya saha kawratan ing damel ingkang langkah saking mesthi, awit saking punika paprentahan ing ngriku badhe amatrapaken tanggenah ingkang amantunaken ing lampah ngalambrang ngantos papanthan wau. (Dhe Lokomotif).

## Panasten

Ing Prabalingga wonten tiyang mentas mantu, kala nedhenging karamen mas ngabehi ajung jeksa kaliyan mas ngabehi piskal sami andhatengi boten sarana sinedhahan, sarehning priyantun kakalih punika rumaos bangsaning ageng, mila tanpa riringa anggenipun angumbar tenaga.
Saderengipunkasegah dhahar, mas ngabehi piskal mundhut gendhingan warni-warni sarta lajeng ambeksa ngleter, boten mawi popoyan rumiyin dhateng ingkang gadhah griya, ajung jeksa inggih lajeng tumut ambeksa, ananging enggal dipunjewer talinganipun dening piskal, ajung jeksa trengginas males anekek, awit saking punika kathah tamu sami ambolos jalaran saking ajrih bok bilih kembet, wondene ingkang gadhah griya sakaliyan sakantunipun lurah dhusun rakaos sanget saged dipunamisah ing mas ngabehi wau. (Samarangse Koran).

## Panjurung kabar Surakarta

Nalika ing dinten malem Jumuwah angrintenaken tanggal kaping 10 wulan siyam punika ing wanci jam 9 dalu, kula mentas kekesahan saking ing tamtaman, antuk kula anglangkungi waringin sengkeran, ing saubeng ngriku kula sumerep tiyang jaler estri sakalangkung kathah, kepung sami sila angedhepes sami ambesmi dhupa, kukusipun alimengan, swantenipun gumrenggeng kados tiyang tirakat amumuja nedha alal balal ing wanci bedhug dalu wonten ing kubur, saking kabar saben dinten malem Jumuwah pancen kathah tiyang jaler estri ingkang angalap berkah dhateng waringin sengkeran wau sami nedha kasugiyan, dene manawi priyantun inggih anedha indhaking kalenggahanipun, saweneh tiyang nedha supangat supados sempulur anggenipun gegramen, wondenten tiyang jaler estri ingkang taksih legan dereng anggadhahi bojo sami nedha barkah enggala angsal jodho.
Kula sumerep tiyang pangalapipun barkah kanthi dipunsambi gugujengan kaliyan sundel, eh..tiyang makaten punika ha rak badhe tampi walat (kok galuwah gluweh), dene tandhanipun bilih tiyang ingkang sami angalap berkah wau badhe katrimah sadangunipun ambesmi dupa tamtu sumerep satunggal tiyang estri ingkang ayunipun angasorken apsari ing swarga loka, ingkang dados sasmita lepat satunggal tiyang estri inggih ayam pethak mulus, cenggeripun sumpel tanpa

godhoh, manawi ngatingal mawi anyuwanten saengga kados kokoking bujongga bilih badhe amangsa manungsa wonten ing wana dri. Katandhan warahteh.

## Banyumas

Kala ing dinten Kemis tanggal kaping 30 Oktober 1873 ing dhukuh Gombyang dherek dhusun perdikan ing Dhawuhan dhistrik kitha Banyumas, wonten satunggil tiyang jaler wasta Wisabongsa katapsir umur 35 taun sampun pejah kendhat, mawi tambang lulub waru wonten ing ngepang uwit duren celak ing kebon pakawisanipun piyambak.
Ananing boten wonten ingkang sumerep menggah jalaranipun kendhat, awit boten wonten sabab sanesipun angemingaken piyambakipun kenging sakit panas sampun lami. P.L.

Ingkang serat saha ingkang tabe akathah-kathah rinengga sagung ing kaurmatan, ingkang mugi-mugi kaatur panjenenganipun ingkang saudara tuwan Jonas Portir en.ko. ridhaksining Bra Martani ing nagari Surakarta.
Kula mireng pawartos manawi kanjeng raden tumenggung Bangil sapunika seklangkung kenceng anggenipun ngalampahaken kapulisen sapanunggilanipun, ing saben-saben dalu lampahipun, titiyang ingkang sami patrol kampung, patrol dhistrik, tuwin patrol nagari, punapa dening penjaginipun gerdhu-gerdhu kampung ing salebetipun apdeling Bangil ing sapunika werit sanget, sampun ingkang kuthanipun dumugi ing padhusunan sadaya sami ugi weridipun, punapa dening saben let sadalu kanjeng raden tumenggung karsa tedhak patrol anitih kuda, saha kaderekaken 3 abdi ugi numpak kapal, matroli ing salebeting satunggal-tunggalipun dhestrik, lo..punika andadosaken kajriyan saha tundhenipun para prayantun sadaya, margi kanjeng bupati sok tedhak patrol piyambak, punapa malih prayantun sanesipun dados ing sapunika lampahipun prayantun neneman ingkang kajeng ing padamelan nagari, sadaya sami seklangkung bingahipun, awit pandamelipun sami katingal ing ngageng ngantos awis-awis tilem wonten ing griyanipun, sami anedhahaken kakencenganipun pyambak-pyambak, menggah panjagining kapulisen wanci dalu ngantos sami katilem wonteni ng gerdhu-gerdhu, wondening para prayantun ingkang sepah-sepah sami alit manahipun sumerep lampahipun priyantun neneman wau, amargi badhe nelat makaten saliranipun boten kuwat, saha ing sapunika menggah lampahipun dursila inggih pikantuk idining nagari, sawetawis wonten mendhanipun, awit sadaya sami giris, sampun ingkang pandung, kula piyambak manawi langkung ing Bangil tuwin Pasuruwan wanci dalu inggih tumut giris.
Pramila ingkang punika panuwun saha pamuji kula siyang muwah dalu ingkang supados mitra-mitra kula prayantun ingkang sampun kasebut ing nginggil sadaya wau mugi-mugi karsa anglestantunaken tuwin anemenaken ingkang sampun kalampahan punika, awit pawartos sampun kalabet ing koran-koran.
Titi porong kaping 23 Oktober 1873. Katandhan grut budiman.

## Lalampahanipun toya

Toya ingkang kombak kumbul ing saganten apikajeng badhe niningali isen-isening dunya, pikajenganipun wau inggih tinurutan dening ingkang maha kuwasa, sarengwanci enjing utusanipun bathara guru dhateng kados dene adat sabenipun, ambekta ingkang sami badhe lalana saking samudra, kaumbulaken ing ngawang-ngawang anggameng saingga karaba, ing ngriku sang lalampah angraos sukaning manah, awit aniningali isen-isen salumahing bawana, kadosta ijeming gogodhongan, biruning saganten, regemenging redi miwah pundhuk-pundhuk, wiyaring pangenan ara-ara, saganten wedhi sarta sasabinan, kumethaping kitha-kitha sarta dhusun-dhusun tuwin sanesipun.
Ananging kabingahan punika boten mesthi panggeng, kedah kaselanan ing ruditamakaten ugi lalampahanipun sang lalana, sareng ing wanci sonten utusanipun bathara surya mantuk, ingkang lalampah katilar anggana, tanpa rencang tanpa konca, dereng angsal pondhokan tuwin enggen tilem ing dalu punika.

Ing sadanguipun wuyang-wuyungan, wonten swara kumarasak dhateng saking katebiyan, sang lalana anginten bok manawi punika utusanipun bathara surya, ingkang anggantosi utusan kala siyang wau, ananging dede ingkang dhateng punika pun sami rana ingkang pinatah mubeng langlang ing dalu punika, sang lalampah kabuncang dhawah ing salebeting sekar regulo, wonten ing ngiku sang lalana angsal enggen tilem, susah ing manah dhateng samudayanipun kandhah dening kasoking badan alalampah sadinten muput lajeng lagorong tilem sakeca.
Ing wanci ebyar utusanipun bathara surya dhateng, boten kasupen anyampe kang kantun anggana, lajeng kabekta katunggilaken kaliyan ingkang ingkang kathah-kathah kaumbulaken ing ngawiyat, kethap-kethap dados mendhung, dawah dados jawah wonten ing pareden, dene sang lalampah dhawahipun wonten ing sareweyan, lajeng angentir andherek lampahing konca-kancanipun, sadangunipun wonten ing margi rame umyang sami bage binage sarta raosan kawontenanipun ingkang sampun tiningalan, boten antawis tebih lampahipun dumugi ing lepen ingkang anjog dhateng ing kitha, ing ngriku aningali griya-griya arentep, sarta bahita ageng alit ingkang angambang ing toya andadosaken bingahipun, sakalangkung malih suka pirenaning wardaya sampun dugi ing saganten kapanggih para karuh, sanak kadi, mitra, sadherek, sarta sudarma.
Panjurung.

Punika Cariyos Babad Mataram

Datan kawarna ing margi, lampahe pangran Madura, kang bujuk kaponakane, dupi lampahe meh prapta, ing pasanggrahan nata, agya rinakitan sampun, wus sami nandhang pusara. Lawan embane satunggil, ingkang tumut tinangsulan, nanging kala panyekele, pangeraning Cakraningrat, denya ambujuk krama, mangkana panabdanipun, lan ki anak Trunajaya. Sampun andika kuwatir, ing manah den apracaya, kula ingkang malang ing reh, yen wonten dukaning nata, sampun dika sumelang, dadya lestari anutut, sira Raden Trunajaya. Apan sampun den tangsuli, lawan embane satunggil, ageng aluhur dedege, saksana katur sang nata, pan sampun Trunajaya, sowan dhateng mring sinuhun, nanging sampun pinusara. Kabesta ing cindhe abrit, tan lenggana Trunajaya, punapa karsa sang katong, sri naranata ngandika, lah sira ajokena, ingsun gya arsa tetemu, apa rupane ri ning wang. Nanging luwarana sami, pusara kang aneng ngongga, dinulu ala warnane, wong setya nandang pusara, lah mara gya lajuwa, saksana sampun umaju, wus munggeng ing ngarsa nata. Abukuh konjem ing siti, wau denira alenggah, dyan Trunajaya mukane, jeng susunan angandika, eh adhi Trunajaya, luwarana ujaringsun, ubaya ningsun mring sira. Apan jangjiningsun dhingin, sok ingsun madega nata, sakehe karaton ning ngong, iya kang mungguh ing jaba, sun srahaken ing sira, nanging jero apan ingsun, alah sira tampanana. Trunajaya matur aris, saha sembah atur ira, tinari ririh ature, jeng sinuhun nuwun duka, gusti pun Trunajaya, datan montra kumapurun, tumadhah andika nata. Suka pejaha kang abdi, tineteg neng ngarsa nata, saking jrih kawula angger, tampiya andika nata, dene sih kang tumama, langkung kang pundhi kasuhun, sadereng dhawuh sang nata. Nanging abdi sri bupati, rumaos datan kuwawa, angreh wadya bala katong, pan gusti pun Trunajaya, datan durakeng nata, amung pejah gesang konjuk, jeng susunan angandika. Eh Trunajaya sireki, yagene teka mangkana, apan uwus karsaning ngong, sadurungira prasetya, uwis ingsun tarima, sakehe dudukaningsun, uwus padha ngong tarima. Lah away keh salah kapti, teka sira tampanana, ing mengko apasrah ing ngong, luwara prajangji ning wang, dhingin marang ing sira, reh ingsun umadeg ratu, tanarus madayeng ujar. Ameksa tan purun tampi, wau Raden Trunajaya, taksih sumelang galiye, angrasa dereng kaduga, mring karsaning narendra, tansah ngartikeng jro kalbu, milane dangu tan tompa. Sang nata asemu runtik, adanu tan ingaturan, tan kasembadan karsane, saksana pangran Lamongan, wruh yen sang nata duka, sigra supe nulya muwus, marang Raden Trunajaya. Asmu sendhu denira ngling, eh ki anak Trunajaya, tan ana kaya mengkono, ingkang kaya ujar ira, satriya cidreng ujar, lir traping wong tanpa usul, kadi kang wong tanpa jaman. Apa tan enget sireki, watak andikaning nata, yyan datan kena pinopo, sanadyan salah sisipa, sayogya yen ttinuta, sareng amiyarsa wuwus, sira Raden Trunajaya. Samana anglir pinetik, sira Radyan Trunajaya, nuwun sandika ature, tampi pasrahe narendra, wus misuwur sadaya, kang wadya bala sang prabu,

papatih dyan Trunajaya. Semana sri narapati, luwaran siniweng wadya, wus kondur masanggrahane, bala wus mring pamondhokan, miwah dyan Trunajaya, pinaringan pondhokan sampun, tan winarna polahira, mangkana apan wus lami, susunan kendel neng payak, tansah arembag wiraos, sadhatenge Trunajaya, sapunggawa Mataram, yen dalu tansah rinembug, anglir pendah peksi nila. Dyan kocapa sangung para mantri, wong Mataram wus rembag sadaya, punggawa para mantrine, tanana ingkang ngrungu, apan nunggil samya ing kapti, sakehe wong Mataram, wau kang den suwun, pejah ira Trunajaya, mring susunan ature kala ing wengi, denya sami asowan. Kala semana sri narapati, tan kuwawa lamun angampaha, wong Mataram saature, dhasaripun sang prabu, taksih wonten mungering galih, dhateng dyan Trunajaya, kasusul ing atur, dadya mung kadukanira, Trunajaya pan arsa dipuntelasi, ngantos enjang kewala. Cinarita kala nireng nguni, Trunajaya pan duk pinilara, aneng ing payak lamine, kongsi sowan ping telu, kacarita tingkah ing janji, kasedhahan ing parentah, dadya patih agung, asowan kaping kalihnya, pan rahajeng wus datan mawi kuwatir, rumaos yen raharja. Duk samana kalane ing enjing, Trunajaya sowane ping tiga, sang nata nuju dukane, miyosi tarub agung, siniwaka ing para mantri, miwah para punggawa, kang nama tumenggung, pinarak aneng dhadhampar, wong Metaram wus pepak munggeng ing ngarsi, penuh ngebeki papan. Kyana patih ingkang munggeng ngarsi, lenggah ira pan konjem pratala, kaliyan wadya sakehe, pan wus jamaking ratu, kang pepatih ngarsa pribadi, nanging ta wong Mataram, pepak alit agung, sadaya sampun samekta, ingkang darbe dhuwung wasiyat winangking, ngantos dhawuh narendra. Rerep wadya bala ingkang nangkil, ajrih mulat singering narendra, angemu duka prabane, datan antara dangu, gya ingawe ngarsa sang aji, sira dyan Trunajaya, majeng awot santun, sapraptanira ngajengan, sri bupati ngandika pan esmu manis, eh adhi Trunajaya. Wewangkong ingsun busik jinawil, mring santana sanak ing Mataram, apa ta baya wadine, Trunajaya andheku, mung mukanya konjem ing siti, sareng gya dhinawuhan, pangandika wau, samana kanjeng susunan, tan antara lawan dhawuhnya aglis, narik kyahi belabar. Gya tumedhak sigra anglarihi, jeng susunan dhateng Trunajaya, kaprajaya sesalange, kang kiwa tatunipun, dening punggawa Mataram, sapejahe gilang-gilang tikang jisim, ngantos parentah nata.

Ongka 47 Kemis kaping 20 Nopember 1873
BRA MARTANI

## Kula wisudhan ing Bangil

1. Raden Puspakusuma mantri ulu-ulu ing Candhi Binangun, dhistrik Gempeng, kakula wisudha dados mantri rosan ing dhistrik Pandhakan (Bangil), blonja *f* 15 rupyah kang sawulan.
2. Raden Panji Sudiradirja juru srta ing kawidanan dhistrik Gempeng (Bangil) putranipun Raden Panji Jayasudirja ingkang saking Surakarta, ing sapunika ondersetan ing (Pasuruwan), kakula wisudha dados mantri ulu-ulu ing Candhi Binanung dhistrik Gempeng (Bangil), keparingan blonja *f* 30 rupyah kang sawulan.
3. Bagus Trunaleksana juru srat kantor asisten no.3 ing Bangil, kakula wisudha dados juru srat kawidanan dhistrik Gempeng, kaparingan blonja *f* 20 rupyah sawulan.
4. Gus Atmareja magang ing kabupaten (Bangil), kakula wisudha dados juru srat ing kantor asistenan no.3 ing Bangil, keparingan blonja *f* 5 rupyah kang sawulan.

Bangil, kaping 13 Nupember 1873. Panjurung.

## Cariyos tuwin pawartos warni-warni

### Surakarta

Rahaden Mas Panji Cakraatmaja ingkang tilar donya inggal punika, kala teksih dados guru basa Madura pikantuk balonja saking kanjeng gupremen sawulanipun 80 rupiyah, sarta angsal balonja angguran kukucah Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan, awit kajawi saking santana ingkang wau dados abdi dalem kaprin prajurit tamtama.

Menggah saking ing panginten, balonja samanten wau inggih sampun anyekapi, ewadenten boten malah rahaden mas panji wau nandang kacingkrangan, bok manawi jalaran saking kirang weweka utawi saking kajeng kelok ing ngajeng, ananging pangandhar kula ingkang makaten punika sampun ngantos kagalih amiyak ing wadosipun ingkang sampun swargi, kang mawi ancabing epen kula amung badhe angwedharaken prakawis sanes, wondene pamuji kula mugi ingkang sampun sumare kaleberana rahmating Allah.

Kala Rahaden Mas Panji Cakraatmaja saweg nandang gerah awit saking sampun sepuh, para pangeran ing karaton Surakarta ingkang sami kadunungan galih welasan tuwin sumerep ing lawiyeng tumitahpunapa dene anetepi ing kasatriyan miwah kaluhuran, punika sami urun yatra ingkang badhe kadamel cawisan mragadi pametakipun rahaden mas panji wau, dalam Sampeyan Dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan inggih amatedhani urunan, sasampuning yatra anglempak lajeng katumbasaken punapa ingkang dados prelu miwah rerengganing pametak, mila sareng dumugi mongsa puputing yuswanipun raden mas panji wau, sadaya sampun amirantos, layon enggal saged bidhal dhateng ing ngastana, kairing dening prajurit tamtama awit saking karsa dalem ingkang sinuhun tuwin pangeran sawatawis, dalah para siswa ing pamulangan boten ketang sumapala inggih andherekaken, cekapipun pakurmataning layon boten kuciwa, malah kawartos Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom inggih anguntapaken bodholipun.

Mugi-mugi ingkang angosikaken reka tuwin karsa urunan wau ginanjara kamulyan linangkung. Amin.

Kathah tiyang angresula ing bab agenging yatra sareman, kadosta yatra 100 rupiyah ing dalem sataun dados 180 saweneh dados 200 rupiyah, awit saking punika kathah tiyang dhumawah ing tiwas mongka ing pangangkah badhe angupados ing sarat angulur ingkang cekapan, tiyangi ngkang anempuh ing isarat ambilaheni kados makaten punika inggih amung tiyang ingkang boten angengeti ingkang wekasan, ananging bilih sampun kapereg ing butuh, aningali anak semah sami nandang kaluwen lah punapa ajrih badhe dipunkunjara, ingkang makaten punika sampun kathah kayektosanipun.

Tuwan Herman Seklagin Weit juru aniti priksa tanah inggil ing numi Asiyah, kawartos gerah ewah, ananging kenging kaajeng-ajeng mantunipun. (Batawiyah Andelseblad).

## Kabar Saking Eropah

Serat kakancingan dalem kanjeng sri maharaja ing Nederlan anemtokaken yen *ukuman sapu* ing Indhi Nederlan ing mangke kasuwak.
Para tuwan ingkang sami dados komisi ing bab kareta asep ing nuswa jawi sami anglebetaken lapuran badhe ayasa sepur weh malih, panjangipun 960 mil, wragadipun kamurwat 120.000.000 rupiyah, samanten punika bilih kasembadan idinipun kanjeng gupremen.
(Salompret Malayu).

Dereng lami ing dirgantara kathah lintang kumukus, ing wulan kapengker punika wonten lintang kumukus titiga ingkang tigas kawuryan, ingkang satunggil kasumerepan dening tuwan Setepan wonten ing nuswa Walfis kala tanggal kaping 3 wulan Juli, ingkang kaping kalihipun kasumerepan dening tuwan Paul Henri wonten ing Paris, dene katiganipun kasumerepan dening tuwan Borele wonten ing Marselye.
Tuwan Sekhulhof ing kitha Wenen asuka pratela yen lintang ingkang kapisan wau genah kalebet gogolonganipun lintang kumukus ingkang ciyut ideranipun sarta kenging kawewahaken ing ngelmi panujuman, menggah ing pangetang ingkang titi, lampahing lintang wau anggenipun angideri surya ing dalem 6 taun kemput.
Kajawi saking titiga punika wonten lintang kumukus lami kakalih ngatingal malih, kasumerepan dening tuwan Setepan ing Marselye, wondene ingkang satunggil ingkang suwau kasumerepan dening tuwan Bronse wonten ing Kil, nalika tanggal kaping 26 Pebruwari 1846, saha wiwit kala samanten lajeng kaewokaken ing ngelmi panujuman, katingalipun malih kala ing taun 1868, lampahipun ingideri surya ing dalem 5 ½ taun, wondene satunggilipun ingkang wau kasumerepan dening tuwan Faye wonten ing Paris, kala tanggal kaping 22 Nopember 1843, katingalipun malih ing taun 1865, sarta lampahipun angideri surya ing dalem 7 ½ taun, lintang kumukus kakalih punika katingalipun amung sarana semprong. (Batawiyah Andelseblad).

Salompret Malayu amratelakaken yen cacah-cacahing apyan ingkang kawrat ing serat Salompret Malayu ongka 44 punika wonten ingkang lepat, leresipun:
Ing Pamekasan kaliyan Sumenep sawulanipun 80 kati, utawi 960 kati ing sataun.
Ing Madura kaliyan Sampang sawulanipun 240 kati utawi 2880 kati ing sataun.
Wondene kalepatan wau lunturan saking serat kabar sanes.
(Salompret Malayu).

## Batawi

Kala tanggal kaping 20 wulan Nopember, ing griya sakit wonten fredhen wonten iksamen, ing ngandhap punika pratela namanipun para murid calon dhokter jawi ing pamulangan Welte Fredhen, ingkang sampun sami amitongtonaken kawignyanipun kala tanggal kaping 20 wulan Oktober, saha sampun tampi piyagem dados dhokter jawi.
Mas Mangunadi saking Bagelen.
Mas Wignya Sudirja saking Samarang.
Ramija saking Surabaya.
Mas Samsa saking Kedhiri.
Mas Sarimin saking Madiyun.
Mas Wirawilastra saking Cirebon.
Mas Sumasastra saking Samarang.
Mas Udidiwirya saking Bagelen.
Mas Prawiraatmaja saking Samarang.
(Salompret Malayu).

## Cangkriman

Sakawan wanda raningwang, gogodhongan bongsa mami, wanda kakalih ing ngarsa, sami lan raning sujanmi, luhur kalawan dadi, panutaning bongsa Indhu, sakantuning kang wanda, punika sami lan nami, isen-isen dirgantara mawa cahya. Ingsun wiwaraning pura, catur wanda aran mami, lamun pinalih kang nama, dumadya nama kakalih, ingkang satunggil ngarsi, sami akaliyan tembung, gagaman, dene nama, satunggil malih ing wuri, dadya raning tembung driya sangskrita. Kuwatin.

## Banyumas

Kala dalu angrintenaken dinten Jumungah tanggal kaping 7 wulan Nopember punika sakinten wanci jam sawelas dalu, gudhang sata ing dhusun Ciwarak (Sukaraja) gadhahanipun tuwan H, ingsi berem sampun kabesmen, ananging boten ngantos telas, awit lajeng katulungan ing tiyang kathah, ingkang telas amung sadasa kamar dalasan isinipun sata, tiyang ingkang jagi ing ngriku kapriksa ing pulisi boten sumerep menggah asaling brama, kang mawi piyambakipun sumerep brama sampun murub ing payon kemawon.

Lare estri satunggil wasta Bangen sakinten umur 2 taun anakipun tiyang wasta Arsakrama, matrus bahita anemer griya ing dhusun Cindhaga (Kalireja), kala dinten Jumungah anunggil tanggal 7 ing ngajeng wau, panuju dipunemban dening embokipun kabekta mowot ing katiring bahitanipun, wasana embokipun kapleset lajeng kacemplung ing lepen sirayu sareng kaliyan anakipun, ananging embokipun wilujeng saged mentas, amung lare Bangen ingkang kalajeng ical, kaupados dereng pinanggih.

Dinteng Ngahad tanggal kaping 9 anunggil wulan punika, sakinten wanci jam satengah nem sonten ing dhusun Sabu (Sukaraja) wonten tiyang wasta Wiryadipa kaliyan ingkang estri sarta anakipunestri wasta Dhawen umur 12 taun sampun sami kasamber ing gelap ngantos pejah babar pisan. P.L.

Durjana pitulas iji ingkang sami tumut angecu ing dhusunipun tuwan Gur ing nanggulan sampun sami kacepeng. (Porste Landhen).

Kala tanggal 14 wulan punika, wadya bala lurugan dhateng Aceh bodhol saking Wilemin dhateng ing Samarang. (Porste Landhen).

Ing Londhon wonten serat kabar inggal kawastanan *Kertas Kabar Wetan Besar*, kangge amigunani ing titiyang bongsa Japan ingkang sami dudunung ing tanah Inggris, wondene ingkang dados redhaktur ugi tiyang bongsa Japan akanthi pujongga tuwan Sumres. (Bintang Johar).

## Kala tanggal kaping 17 Nopember 1873

Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, benjing enjing kondur saking Samarang dhatenging Sala, wondene Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Surya Sasraningrat konduripun bening emben, menggah prelunipun sami rawuh ing Samarang, anguntapaken bodholipun wadya bala lurugan dhateng Aceh. (Lokomotif).

## Samarang kaping 7 Nopember 1873

Kala wingi sonten ing dalem karesidhenan ing Bojong wonten bujana minongka pakurmatanipun para tamu anung-nganung pangagenging upsir, kanjeng tuwan komandhaning brigadhir ongka kalih boten saged angetebi ing bujana wau, awit kasesa badhe minggah dhateng ing bahita, ing sadanguning bujana: kathah pupuji kawedharaken, langkung malih pupujinipun kanjeng tuwan residhen adamel ngenglenging galih, yitna lalampahanipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara kala teksih panjenengan anem, angrenggep gegaman winengku ing bandera Nederlan ananggulang perangipun Pangeran Dipanagara, saha ing mangke dhangan ing panggalih anyaosaken prajuritipun piyambak dhumateng kanjeng gupremen minongka babantu amengkuhaken raja Nederlan.

Kathahing tamu sakinten wonten kawan dasa, ing sadangunipun lelenggahan sami sakelangkung suka rena, saha katawis ing pratingkah bilih sadaya sami kayungyun ing bujana wau, sanadana ing dalu punika sampun boten kirang dangu anggenipun papanggiyan, ewadene enjingipun sampun sami rawuh ing palabuhan anguntapaken inggahipun dhateng bahita prajurit Arteleri tuwin barisan saking Madura.
(Lokomotif).

Telegram saking Surabaya tanggal kaping 17 Nopember 1873

Enjing punika bataliyun ongka 14 bodhol dhateng Aceh, dipuntindhihi dening Opreste tuwan Pelpar Madhaloni. (Lokomotif).
Bahita urugan saking Semarang, Batawi, tuwin Surabaya bidhal saking nuswa Jawi sami anjujug ing palabuwan Aceh. (Lokomotif).

Samarang, kaping 17 Nopember 1873

Wadya bala babanton saking Kamangkunagaran kaliyan saking Pakualaman, enjing punika wau bodhol dhateng Aceh.
Pangandikanipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara dhumateng wadya bala miwah upsiripun cekak ananging aos: *menang* utawa *mati*.
Wondene Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Surya Sasraningrat anggenipun aaparing wilujeng ing lampah dhumateng prajuritipun yayah nganyut manah, sadaya sami tinumpangan astaing embun-embunipun minongka anglunturaken supangat, kala samanten kathah waspa tumetes.
Kanjeng tuwan Kolonel Frapir lajeng angandika wanter cekakan cara walandi, tumunten angaturi dhumateng kanjeng tuwan residhen karsaha anjuru basaning pangandika wau, kanjeng tuwan residhen lajeng anglaksanani kacakup kados adat, ingkang rumiyin cara Malajeng anunten cara Jawi, sadangunipun angandika dhumateng ingkang badhe andon yuda, sadaya ingkang wonten ing ngriku sami mantheng miwah mangayu bagya, waspa asat kagentosan manah tumambirang, dumados para prajurit bidhalipun umagut prang boten kuciwa ing punapa-punapa.
Priyantun ing Samarang kathah ingkang sami amrelokaken angebebi wonten ing ngriku, saha wonten pangulu satunggil ingkang kapatah tumutur ing prajurit lurugan wau.
(Lokomotip).

Ing ngandhap punika pratela namanipun para upsir ing barisan Madura ingkang sami kalurugaken dhateng Aceh.
Kapitan Raden Arya Suryahadinagara.
Kapitan Nalatruna
Kapitan Mas Jayatruna
Kapitan Kyahi Mas Sutamanggala
Irste Litnan Yudapati
Irste Litnan Lombajaya
Irste Litnan Mas Astrayuda
Irste Litnan Mas Raksamana
Twedhe Litnan raksapati
Twedhe Litnan Puspalingkara
Twedhe Litnan Lombajaya
Twedhe Litnan Raden Arya Sucanahadisurya
Twedhe Litnan Sutanala
Twedhe Litnan Singatruna
Twedhe Litnan Singaprawira aliyas Ajo
Twedhe Litnan Raden Arya Tirtakesuma
Twedhe Litnan Mas Kasafi

Twedhe Litnan Raden Surangrana
Twedhe Litnan Raden Jaya yuda
Twedhe Litnan Raden Sutanala

Punika Cariyos Babad Mataram

Sigra ngandika sri narapati, alah uwis iku undurena, Si Trunajaya jisime, lawan parentah ingsun, mring sakehe wong ing Matawis, lah manaha kang ana, dhingin duwe kaul, padha sira lakonana, sasukane aja nataha mring mami, sigra wong ing Mataram. Agya sami ngluwari punagi, yata jisime Ki Trunajaya, wus rinebat mring wong akeh, ana wawedhak marus, weneh ana anguntal ati, ana anyepak sirah, myang anyuwut rambut, semana dyan Trunajaya, pejahira sareng lan embanireki, sami wonten ing payak. Kalih ilang angrasani wani, sengkalanipun kala samana, duk Trunajaya pejahe, mangkana kang winuwus, sabedhahe nagri Kadhiri, pejahe Trunajaya, wong brang wetan suyud, dhateng Susunan Amangkurat, sakathahe monca nagara pasisir, tan wonten sumelanga. Kawarnaha sang sri narapati, karsa budhal dhateng Surapringga, arsa ngujung dhateng Ngampel, pan ingundhangan sampun, wadya bala miwah kumpeni, sami enggar sadaya, tanapi wadya gung, dene wus lama neng payak, marmintanya wadya bala gya lumaris, samektaning lumampah. Miwah Amral Herduwelbeh aglis, neng wurine wadya walonda, saha Bugis Makasare, sigra bubarnya esuk, saking payak sri narapati, lir obah kang pratala, sumreg ing lumaku, ingkang lumakweng ngarsa. Sampun prapta nagri Surawesthi, kang pawingking maksih aneng payak, saha ndhandheng ing lampahe, tan kawarna ing ngenu, lampahira sri narapati, wus prapteng Surapringga, masanggrahan sampun, enjang wau kawarnaha, sri narendra arsa ngujung tumuli, dhateng ing Ngampel denta. Ri sampunya sang sri narapati, ngujung ngastana ing Ngampel denta, datan masanggrahan maneh, pan kocapa ngedhatun, sri narendra neng Surabanggi, datan antara lama, sira sang sinuhun, samana wadya dinuta, dhateng giri kadhawahan nuwun nidi, mring panembahan ngarga. Dene ingkang dinuta narpati, ingkang nama sira Mangunjaya, wus prapteng giri lampahe, lajeng manjing kadhatun, sigra cundhuk lan sang ayogi, aturipun mangkana, pun dinuta ulun, ing susunan kang amurba, apan ulun dinuta anuhun nidi, mring jeng sang panembahan. Reh umadeg nata ingrat jawi, jeng susunan pan angidinana, mring panembahan ta mangke, inggih panuwunipun, idinipun sinuhun Giri, mugi tinulusena, panjenenganipun, denya ngreh ing nuswa jawa, sapunika panuwuning sri bupati, panembahan ngandika. Alah iya iku sun ideni, Mangunjaya yen tedhak Mataram, uger nyata kang aduwe, satuhu tusing ratu, nuswa jawa kang anduweni, nyata tedhak Mataram, tan ana lyanipun, yogya ningsun ngidenana, lamun dudu tedhak Mataram tan apti, ingsun yen ngidenana. Ki Mangunjaya umatur aris, panembahan ing atur kawula, sampun ta sampeyan age, angideni saestu, mila mambeng kawula ugi, raosing manah kula, ing saestunipun, pan dede tedhak Mataram, kadya estu punika anak welandi, panembahan ngandika. Yen mangkono tutur ira ugi, Mangunjaya yekti sun tan arsa, angidenana jenenge, kalamun dudu iku, tedhak ing wong agung Matawis, kaya pagyang ngidenan, yekti datan narus, lah uwis sira muliya, Mangunjaya semana sigra tur pamit, sampun mentar sing ngarga. Tan kawarna lampahireng margi, Mangunjaya saksana wus prapta, ing Surabaya sirage, laju sira acundhuk, munggeng ngarsa nireng narpati, manembah king suku sang, mangusapi lebu, mangkana ing atur ira, nuwun duka pun Mangunjaya narpati, reh mundhi pangandika. Inggih sampun kadhawuhken nguni, saandika nata dhateng arga, mundhut idi ing wiyose, mring panembahan gunung, yen panduka anyuwun idi, ingkang ingidenana, panjenengan prabu, nanging panembahan ngarga, datan arsa angidenana narpati, ing jeneng tuwan nata. Nanging datan wruh kang dados wadi, panembahan genipun tan arsa, ngideni sang nata mangke, ing panjenengan prabu, sapamirsa nira narpati, ing atur kang mangkana, langkung dukanipun, sri naranata Mangkurat, lir sinebit karna jajanya sru abrit, anglir medal dahana. Pracihnanya dukanya dhatengi, tingal nyandig geragap ngandika, kya bicak sinambut age, sigra tinembang ngungkung, kagyat bala wadya gung alit, miwah para punggawa, kang samya gung-agung, wus asikep ing ayuda, sri bupati saksana budhal tumuli, denyarsa ngrurah arga. Sumreg lampahing bala ngajrihi, miwah punggawa ing mangkuratan, saha wadya welandane, wong pasisir gumulung, miwah

wadya monca nagari, datan kawarneng marga, ing Giri kinepung, semana ing Giri pura, wus samekta sagagamaning wong santri, sedyane sabillolah. Yata wau wonten kang winarni, panembahan darbe kaponakan, anenggih ta wawangine, warnanipun abagus, nama pangran ya Singasari, putranya panembahan, panguluranipun, punika ingkang minongka, prajurite lulurahe para mantri, milarsa sabillolah. Wadya bala Mataram ningali, wong Giri amapag ing yuda, wong Mataram asuka tyase, sigra panempuhipun, aningali wong Giri kedhik, samana sinawawa, wong Giri atangguh, tanana sedya gingsira, wedi kari katindhihan dening gusti, Pangeran Singasekar. Apan kadi bantheng nandhang kanin, pangamuke wong Giri samana, wong kasunanan kalonge, bubar sisaning lampus, palayune angungsi urip, sabubaring wong jawa, wong wlonda tinempuh, pinagut lan sanjatanya, bedhil muni kapyarsa lir guntur ardi, wong Giri kathah pejah. Sakarine pan angungsi gusti, pan semana pangran Singasekar, apanggah tulung balane, wruh wadyanya kweh lampus, panempuhe tan nyipta urip, dendrel datan tumama, ing mimis malurut, tandange lir singa lodra, pan kalintang teguh pangran Singasari, wong walonda keh pejah.

Ongka 48 Kemis kaping 27 Nopember 1873
BRA MARTANI

Surakarta

Kacariyos ing Porste Landhen tiyang ingkang saged angladosaken benggoling kecu awasta Mulyawijaya kaliyan Wongsareja ingkang sami adamel reresah wonten salebeting tanah Surakarta, badhe kaparingan pituwas.
Kanjeng tuwan residhen anggantungi ganjaran 300 rupiyah.
Tuwan El.A.A. Untreh anggantungi ganjaran 1000 rupiyah.
Tuwan Be.A.fan Dhen Eidhe anggantungi ganjaran 1000 rupiyah
Kanjeng Raden Adipati Sasranagara anggantungi ganjaran 1500 rupiyah kaliyan siti 6 jung.
Ingkang bupatos ing Klathen anggantungi ganjaran 300 rupiyah.

Kawartos kala malem Kemis ing Kebaron wonten pandung kacepeng, gancaring cariyos kados ing ngandhap punika.
Wonten pandung gangsal badhe anglekasi ambabah griya, ananging kadengangan sarta lajeng kaelokaken, sadangunipun gumuruh, Mas Ngabehi Kartabongsa ingkang gigriya celak ing ngriku enggal angwedali sumedya anandukaken sanjata pitulung, boten dangu kapetuk ing pandung wau gumredeg gangsal pisan, ingkang tiga lajeng anggeblas dene ingkang kalih sareng dipunsapa wangsulanipun boten patitis, mila mas ngabehi trengginas angancab ing sakengingipun, salah satunggil kalampahan tangan kiwa anggujer ring tanganing pandung sarta tangan tengen anglingga dhuwung kadamel ananggulang pa,rejayaning pandung satunggilipun, lah ing ngriku swaranipun pating brekuh, angantawisi yen anglampahi pakaryan awrat linangkung, singa kaprejaya lajeng anywara *eh.*
Bilih ingkang maos cariyos punika mawi tepa-tepa ing sarira, saestu galihipun lajeng kaejegan ing kawelasan awor maras awit sumerep iba awratipun tiyang wonten ing salebeting babaya kados makaten.
Kocapa adhinipun Mas Ngabehi Kartabongsa sareng sumerep kadangipun kagebeng ing kawontenan bilahi, boten saronta anglarihi waos dhateng pandung wau, pandung dhawah anjerbabah ing siti, badhe dipunayati malih, ananging selak katungkeban ing akathah, Mas Ngabehi Kartabongsa sanajana nandhang labet ngantos sawelas ewadenten lastantun boten anguwalaken pandung ingkang sampun kagunjer, wondene pandung ingkang kenging kawaos labetipun anglangkungi kathah, salajengipun pandung ingkang labet kaliyan mas ngabehi dipunpulasara dening dhokter.

Kacariyos kala ing dinten Garebeg sakinten jam 10 siyang wonten tiyang nayab konangan, palajengipun anggenjret dumugi ing Kebaron. Wonten ing ngriku lajeng dipunsuraki sarta dipunbujung dening lare titiga sarwi sarwi dipunbandhemi ing sela, manawi tiyang wau angandhegi lare titiga sami lumajeng angindhani, dene manawi tiyang wau lumajeng lare titiga sami sengkud anderesi ing pambandhem.
Kocapa anunten wonten jajaka amintonaken kapurunan tatag anyegati tiyang wau sarta aba badhe anyepeng, ananging ingkang badhe dipuncepeng boten erep ing panggedhag, enggal anarik dhuwung dipuntamakaken ing jajaka, kalampahan jajaka butul epek-epekipun awit kadamel nampel, salajengipun tiyang nayab brabad lumajeng boten angentosi ing pamales, wonten ing margi kapethuk kaliyan mantri badhe mara sowan, sarta dipunpurih anutut dening mantri wau, ananging boten anggatosaken ing pemut, enggal anggiwar dumugi ing ngajengan gapura kamangkunagaran, wonten ing ngriku sareng dipunpurih anutut dening prajurit jagi lajeng anganjab purun sumedya angempakaken dhuwungipun, ananging sang weteng sinongga ing sangkuh, dhawah gadebag cekekal tangi angemped lumajeng dumugi ing Kartanagaran, kocapa ingkang bupatos Rahaden Tumenggung Kartanagara ginrebeg ing abdi langkung ing margi ngriku, sang andon lumajeng kapeksa aso sarana kasegah waosan ing wadhukipun, katuwuken

sanalika anjepapang ing siti, salajengipun kabekta dhateng ing griya sakit anjampekaken anggenipun mendem waos.

Sakit angeram-eramaken

Abdi dalem ing Kamangkunagaran ingkang winretek wonten ing pamulangan calon guru kathahipun sakawan, nem-neman sakawan wau ingkang taberi ajeg lumebet sarta kenging kaajeng-ajeng saenipun amung ingkang awasta Jasman, dene ingkang tiga angeram-eramaken anggenipun kerep sakit, gurunipun ngantos jeleh anyereg, amisanjangi tuwin anyengeni, saben dipunpitakeni sababipun lami utawi kerep boten lumebet wangsulanipun amboseni: *kula mentas sakit*.

Para murid calon guru ingkang pangkat inggil badhe tumunten kawulang ngelmi kodrat mawi katerangaken ing pirantos.

Kala malem Garebeg para murid cawangan guru-guru jawi sami urunan yatra kadamel karamen wonten ing griya pamulangan, minongka pangrengga anggenipun alal bihalal sami konca kados sabenipun, mawi kabiyantonan sarta kajenengan dening para guru, malah panjenenganipun tuwan kumer guru ongka 1 amaringi urun yatra 25 rupiyah, ing sanginggiling kori ngajengipun griya pamulangan kasukanan ungel-ungelan basa walandi, suraosipun: *Allah tunggal ing kawula.*

Nalika mongsa rendheng ing taun punika, kampung Baturana kaleban ing banjir meh celeb ing wuwungan, ananging saking saserep kula ing wektu samanten boten wonten utusaning nagari ingkang dipunpiji atutulung bok bilih wonten kasangsaran, sarehning ing mangke saking panggrahita badhe wonten banjir malih, awit jawahipun teka anglandeng kemawon mila kula kumawawaha amacak pepenget kanggeya ing salajengipun, mugi wontena karsanipun nagari anggalih ing weweka inggil wau.

Wonten karuh kula acariyos yen piyambakipun mentas langkung ing ngastana Kedhung Kopi, ing ngriku wonten tangan mayid katingal, awit kirang sae sarta kirang lebet ing panguburipun saha mambet belarongan, sadhengaha tiyang ingkang angajeni dhateng kamanungsan inggih lajeng mangretos yen pangubur kados makaten wau nama *siya-siya* sanajana kuburanipun kere pisan.

Kanjeng tuwan fan Dheik asisten residhen ing Bayalali kaelih dhateng Demak.

Kala tanggal kaping 17 ing griyanipun bekel awasta Jadongsa ing Sragen kakecon, kaprenah celak kaliyan dalem asisten residhenan, menggah lajenging pawartos boten kapireng ing kula. (Porste Landhen).

Kapal kagunganipun ingkang bupatos ing Madiyun ingkang katitipaken wonten ing dhusun Kincang (Madiyun), ical kabekta ing durjana sampun sawulan laminipun, ing mangke kaupadosan kapanggih sampun katumbas dening priyantun ing Surakarta saha pandungipun titiga sami kacepeng.

Kanjeng Pangeran Ariya Gondasiswara kaptin ing Kamangkunagaran, Mas Panji Pakuningprang litnan ing Pakualaman, Kanjeng Pangeran Prawira Adinagara ing Bangkalan, Raden Ariya Pratalikrama ing Sumenep, tuwin upsir bongsa Japan kakalih punika sadaya sami dados ajudan dalem Kanjeng tuwan Jendral fan Switen anglurug dhateng Aceh, wondene ingkang dados juru basa ing bab serat-serat basa malajeng anama tuwan Ye.Dhiyas. (Bintang Johar).

Ing kitha Ohmadin wonten pandhe sugih anama tuwan Ye.Baired punika amasrahaken yatra dhateng ing greja Sekotlan kathahipun 6 yuta rupiyah, minongka wragad amengkuhaken agami ing tanah ngriku. (Bintang Johar).

Dereng lami ing losemen Batawi kapondhokan priyantun bongsa Japan ingkang waunipun sampun amarsudi ngelmi jajampi wonten ing kitha Ottreh (Nederlan) laminipun gangsal taun, sareng wangsul dhateng karajan Japan lajeng kinula wisudha dados upsir ing bab kasarasan,

wondene dhatengipun ing Batawi sumedya badhe angetebi lurugan dhateng Aceh, saha sampun pikantuk idi. (Porste Landhen).

## Kabar saking Eropah

Kala ing wulan September kathahipun tiyang aningali tentun seteleng ing kitha Wenen ngantos 1.229.000.
Kanjeng raja ing Saksen surud.
Lampahing dadagangan ing tanah Amerikah anyandhung wewelak, wonten toko ageng satunggil bobrok boten saged ambayar sambutan, saha wonten pabrik sewu iji sami katutup kendel anyambut damel.
Panutuping tentun seteleng ing kitha Wenen boten kasamuwakaken.
(Lokomotif).

Nalika dinten Kemis ing wanci dalu jam 11 ing kitha Surabaya wonten sabawanipun kenthongan tenger wonten griya kabesmen, awit saking punika juru pumpa enggal rumantos, kayektosan sulak tuwin kukusing latu katingal, ananging kaupadosan griyanipun ingkang kabesmen boten pinanggih, wasana tetela yen griya kabesmen wau kaprenah ing Madura, sarehning dalu mongsa petengan dumados saged katingal angegla saking katebiyan. (Surabaya Andelseblad).

## Saking Bintang Johar

### Reka angrimati tigan supados lami boten dados asrep

Lilin kacemplunga ing lisah, ananging lisahipun kedah benter, bilih lilin sampun ajer amor kaliyan lisah lajeng kausar-usarna ing tigan sawradinipun, bilih pangrimatipun sae saha boten kalebetan hawa, tigan wau ngantos nem wulan boten asrep.

### Angratengi tigan tanpa lisah

Gampil kaejogan ing toya asrep, tigan lajeng kacemplungna ing ngriku sakedhap kemawon mateng.

### Angresiki tismak tuwin gelasan sasanesipun

Galepung walirang kaemora kaliyan bubukan areng balung ingkang alus jaleng kadamela anggosok gelas ingkang bureng, kadadosanipun gelas wau saged terang.

### Anondha jamur punapa mawa wisa utawi boten

Kathah jamur ingkang amawa wisa saha bilih katedha amejahi, menggah panandhanipun makaten: brambang oncekan kasigara kagodhoga kaliyan jamur wau, bilih katingal biru punika amawa wisa, dene bilih pethak, boten susah sumelang ing manah.

### Reka adamel padhanging gendul ing wanci dalu

Gendul ingkang bening kalebetana warangan saha lajeng kaejogana lisah umob kathahipun sapratiganing gendulwau, lajeng katutupa ingkang rapet, ing wanci dalu manawi kaangkah padhangipun kabikaka sakedhap, manawi sampun kalebetan angin sawatawis katutupa malih, kadadosanipun ing salebeting gendul katingal padhang kados latu murub sarta kenging kadamel damar, saupami katingal remeng-remeng kabikaka sakedhap malih saestu wangsul pandhang, makaten salajengipun ngantos kangge nem wulan.

### Anondha tigan lami kaliyan enggal

Sarem pitung lud kagodhog kaliyan toya saringan 1 kan, tigan ingkang badhe katondha lajeng kacemplungna ing toya sarem wau, saupami kelem punika teksih anyaran, dene manawi sampun radi lami utawi wukan saestu kumambang.

## Angulah kartas supados boten mempan kabesmi

Toya kacemplungana tawas, sangsaya kathah tawasipun sangsaya sae manawi sampun kaubek ingkang sanget, kartas lajeng kacelubna ing ngriku anunten kaepeya ingkang ngantos garing, kadadosanipun kertas wau boten mempan kabesmi.

## Angresiki barang praosan supados gilap kados taksih enggal

Brambang kacelupna ing arak tulen lajeng kagosokna ing barang ingkang badhe karesikan.

Kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral mentas andhawahaken timbalan mangayu bagya dhumateng babah Uwicin sin kaliyan babah Uwimahsin ing Samarang, awit cina kakalih punika sampun sami kacihna legawa ing dunyanipun adadana warninipun uwos 1200 pikul dhateng titiyang ing Demak nalika mongsa pailan.

Manawi kyahi redhaktur panggalihipun dhangan, panjurung kula punika mugi kapacaka ing serat Bra Martani.
Manawi wonten karsanipun kanjeng gupremen, kula inggih purun akaliyan bingah sanget dados siswa ingkang badhe kawulang wonten ing Amsterdham.
Dene manawi calon siswa wau kedah damel iksamen rumiyin, kula inggih kadugi anglampahi awit kajawinipun nalika kula kawisudha dados mantri guru sampun adamel iksamen sarta katrimah, ngantos sapunika kula dereng kendel amarsudi ing guna pangawikan, sarta pamungseng kula dhateng tembung walandi (sinau saking wurdhenbuk) ugi dereng kula unduri.
Mantri guru Magetan.
Talatos sinau basa walandi saking wurdhenbuk inggih dados pangaleman, ananging saalanipun boten urup kaliyan rakaosipun awit sanajana apil sakathahing tembung walandi, kula temtokaken dereng saged anganggenipun, aluhung nyumerepana ing pathokan rumiyin. Redhaktur.

Ing bawah Kabupaten Magetan sampun kaadegan pamulangan partikelir (saking karsanipun kanjeng bupatos) kadosta: ing dhistrik Balepanjang, sarta ing Goronggareng, saha sanesipun panggenan ingkang pantes dipunsukani griya pamulangan, dene wragadipun medal saking pirukunan ugi rarigenipun kanjeng bupatos, makaten ugi kyahi pangulu boten kantun kabebahan manjurung wragad adegipun pamulangan wau (arta betul mal).
Katandhan pun: siswa.

## Punika cariyos Babad Mataram

Pejahe alperesnya nguni, wong walanda bubar asasaran, samya ngungseken uripe, ngungsi kanjeng sinuhun, dadya bala nira narpati, samana kweh lumaywa, sakarine lampus, kertane mongsa menanga, ingkang mangsah wau Pangran Singasari, teguhipun kalintang. Dene wau teguh ing ajurit, ingkang munggeng ngarsaning narendra, kari panembahan bae, ingkang minongka pamuk, ran priyayi nonoman sami, samana tinarajang, mring dyan Singasantun, tanggon aprang pan prakoswa, wong nonoman wau pangran Singasari, sinosogan jur watang. Malah mumbul tan tumameng wengsi, wau sira pangran Singasekar, datan busik sarirane, tibeng siti pan ngamuk, kalih dhuwung anggigirisi, tandang lir singa galak, ing pangamukipun, angamuk karo curiga, dene ingkang tanggon Pangran Singasari, samya sedya sudira. Samya ngantep kuwanenireki, ran priyayi nonoman prasamya, tan nedya gumingsir kabeh, umerang yen lumayu, dyang pangeran ing Singasari, pangamuke lir yaksa, mongsa wangkenipun, atemah tumpes sadaya, wong nonoman sadaya samya ngemasi, datan lumajeng gesang. Sigra pangran Cakraningrat aglis, mangsah rana mapag yudanira, wau ta kang ayuda, yun-ayunan sampun, dyan pangeran Singasekar, gya tinumbak mring Cakraningrat ngemasi, panembahan kasmaran. Warnanen Pangeran Giri, pan sampun uningeng warta, sang Singasari pejahe, dening Pangran Cakraningrat, pan arsa mapag yuda, kula wongsa samya ngumpul, miwah para modin ira. Wus sinedyaha perang sabil, santana ing Giri pura, samya andhendheng gamane, warnanen sri

naranata, enjing nembang tengara, ing Giri sampun kinepung, gagaman tanpa wilangan. Monca nagara pasisir, miwah kang bala walonda, pan sareng umangsah kabeh, wadya Giri binedhilan, nanging tan ana medal, baris pendhem karsanipun, muwer salebeting dhekah. Kinarubut den bedhili, wong Giri pan arsa medal, pra santana rembag kabeh, amuwer ginawe lesan, dadya wong Giri medal, winitawis kalihatus, wong Giri angamuk rampak. Wong pasisir anadhahi, miwah wong monca nagara, wong Giri rampaktengkepe, tan kendhat pangamuk ira, binedrenging sanjata, wong kumpeni bedhilipun, mimis tiba kadi udan. Anusup kukusing bedhil, wong Giri numper prang ira, wong pasisir akeh longe, miwah wong monca nagara, wus kathah ingkang pejah, kang para bupati magut, samya ngawaki sadaya. Wonten santana ing Giri, aran Raden Singasekar, kagila-gila tandange, wong pasisir bubar-bubar, ingamuk Singasekar, langkung duka sang aprabu, angatag sagunging bala. Lah payo wadya kumpeni, pira kadang rewong arga, urugan pati bae, semana sareng umangsah, tunggil lawan Makasar, ambontran nate wus ambruk, sareng wadya kasinoman. Miwah sagung pra dipati, ngebyuki sabalanira, wadya ing Giri tandange, wong Giri wus kathah pejah, den lambung saking kanan, wong Sampang prasamya mangsuk, wong dhukuh geger puyengan. Wiwah wadya gura westhi, pra samya manjing ing dhekah, wong Giri wus kuwur prange, dene dhukuh kalebetan, dadya pangeran arga, sampun cinekel ta wau, dening kang para dipatya. Yata Raden Singasari, aningali mring kang paman, binabayang ing wong akeh, sigra denya buwang watang, ngamuk lawan curiga, singa kang katrajang gempur, dene Raden Singasekar. Apan sampun angemasi, maksih angawet lathinya, curiga pan maksih keket, astanya lawan ukiran, datankena winengkang, gawok kang samya andulu, gedheg-gedheg amral mulat. Yata pangeran ing Giri, sinaosaken babandan, apan iya dipunlawe, Pangeran Giri wus seda, Ki Kalamunyeng ika, apan ta sampun pinundhut, sri narendra sampun budhal. Gumerah lampahing baris, ing ngenu datan kocapa, prapta ing Surabayane, sri narendra masanggrahan, watara pitung dina, wadya ingundhangan sampun, sang nata pan arsa budhal. Apan saking sura westhi, yata wau Mangunjaya, sampun jinunjung linggihe, sarta sinungan anama, pangran Setyanagara, apan sampun sang aprabu, budhal saking Surapringga. Sampun budhal sri bupati, saking nagri Surapringga, anglarug ngulon lampahe, gumerah swaraning bala, narajang wanawasa, Amral Herduwelbeh wau, tumut medal ing dharatan. Kasukan samargi-margi, sang nata lan wadya bala, suka manahe ponang wong, sagung kang para dipatya, apan sapangkat-pangkat, amangku gagamanipun, tinon lir madu kusumua. Kawarnaha lampahireng margi, Garobogan wau sampun prapta, anjog Semarang karsane, tan kawarneng ing ngenu, yata wonten angucap malih, ki buyut ing Lawiyan, wau kang winuwus, lan anake Martanaya, duk susunan budhal saking nagri tegil, alayar mring Jepara. Ki Lawiyan lan anakireki, samya segah neng tengah lautan, akathah atur-ature, duren lawan kapundhung, myang pijetan kalawan manggis, kuweni nanas nongka, pelem lawan timun, sang nata nuju kasatan, Martanaya suguhe katur narpati, kalangkung kapracaya. Pan dinahar suguhe tumuli, sri narendra langkung nikmat ira, dadya dhawuh timbalane, besuk ingsun yen rawuh, apan iya goningsun jurit, andon prang mring brang wetan, amapaga besuk, ing mangko sira kariya, sun alimi aja tut wuri ing kami, timbalane sang nata. Ki Martanaya miyarsa warti, lamun sang nata lanang kang yuda, rawuh Semarang badhene, Ki Martanaya methuk, lan bapake methuk narpati, wuwusen sri narendra, ing Semarang rawuh, pan nagara ing Semarang, ki Lawiyan saanak ira asami, iya Ki Martanaya.

Ongka 49 Kemis kaping 4 Desember 1873
BRA MARTANI

## Surakarta

Dereng lami wonten karuh kula acariyos yen piyambakipun badhe kagugat ing bab sambutan, kathahing sambutan sakawit amung seket rupiyah, ananging jalaran saking sangsaraning kawontenanipun kalampahan ngantos tigang taun boten saged amundhati, sarehning yatra wreden dumados ing dalem tigang taun babon anak putu buyut canggah wareng udheg-udheg gantung siwur sadaya gunggung kalih atus rupiyah, samanten punika taksih dereng kalebet ingkang wreden piyambak.

Kawartos dereng lami wonten cina kacepeng ing pulisi sabab dening anggenipun adamel wang kartas palsu, gunggung sadaya 20 ewu rupiyah, satunggil-tunggilipun regi 500 rupiyah.

## Telas-telasan

Panuju sonten wanci jam satengah pitu ing kampung Peken Kaliwon wonten jajaka adus ing sandhing sumur, pangangge dipunsampir-sampiraken ing gedheg boten tebih kaliyan ing ngriku, sareng sampun dumugi anggenipun adus sumerep yen panganggenipun ical telas-telasan, sinjang lurik regi sadasa wang, setagen wonten yatranipun sakethip regi sakethip, dene regining setagen boten angel ing pangetang, rasukan regi wolulas dhuwit, iket mehtan papojokan regi (?), menggah bingungipun kala samanten boten susah kacariyosaken amung sareng dipungugujeng ing akathah, wicantenipun: eh..kebangeten sasate dikonwuda blejed.

Kula mireng pawartos yen ing Sala ngriki wonten tiyang sakawan pejah kaparag ing kolerah, sanajan pawartos wau dereng kenging kaengkokan, ewadene pantes dipunwewekani, sarta titiyang kedah gadhah sisimpenan jampi supados manawi kadhatengan kolerah enggal saged anulak. (Porste Landhen).

Ing dinten punika wonten bahita layar dhateng ing ngriki ambekta uwos saking Saigun (Siyam), kathahipun 20.000rembat. (Lokomotif).

Wonten priyantun bongsa Dhit ing tanah Dhitslan angetang wragadipun sepur weh ing sajagad, gunggung sadaya kapanggih 34.000 yuta rupiyah. (Porste Landhen).

## Diksuranipun tiyang Inggris

Dereng lami ing tanah Nederlan wonten nyonyah titiga kaliyan tuwan-tuwan kakalih, ingkang satunggil bongsa Inggris punika sami anumpak kareta asep ajandhela kaca pangkat satunggil, kala samanten panuju sumuk sanget mila jandelaning kareta kaangkah badhe kawengakaken, ananging boten kenging. Kondhektur ingkang piniji amriksani karcis tumunten dhateng ing ngriku sarta angayoni angwengakaken jandhela, ananging inggih tanpa wasana.
Kocapa tiyang Inggris ingkang kasebut ing ngajeng, kringetipun daleweran urut bathuk, boten sabar kesumuken lajeng anyandhak teken dipunpenthungaken ing jandhela kaca wau sarwi awicanten: lah saiki esis.
Kondhektur awicanten: tuwan sampeyan kedah ambayar saregining jandhela kaca, ingkang dipunemutaken amangsuli pitakenan: sapinten rupiyah, kondhektur amangsuli malih: gangsal rupiyah.
Tiyang Inggris tumunten angrogoh kanthongan sarta lajeng angulungaken yatra kertas regi sadasa rupiyah.
Sadangunipun kondhektur grayah-grayah mendhet yatra ingkang badhe kadamel susukan, tiyang Inggris anyelani wicanten tembungipun sareh: o..sampun boten prelu kaparingan susuk, jandhela satunggilipun kemawon badhe kula pecah malih, sareng sampun wicanten makaten lajeng

anjojohaken dhateng ing jandhela, menggah kadadosanipun titiyang sakreta sami sinerang ing angin sumribit, wondene tiyang Inggris salajengipun semu kadugi ing manah sarta tansah anyanyawang saemper kados badhe wicanten: lah angin sing mlebu kiye rak anginku.
(Lokomotif).
Pujongga falak ing kitha Washington ing tanah Amerikah enggal punika mentas kecelik.
Kacariyos wonten lare andhugal ingkang boten kasamadan ing sawabing piwulang, punika panuju satunggil dinten minggah dhateng panggung palintangan mawi ambekta konang dipundeleh satengahing surya kontha ingkang ageng piyambak, sareng ing dangunipun pujongga falak lumeksa ing damel, tetela sumerep saking salebeting surya kontha yen ing dirgantara wonten pancorong, menggah ingkang adamel gumunipun dene pancorong wau sok katingal mubyar sarta sok mak pet boten katingal ing dalem kalih sekondhen, sang pujongga ngantos dangu angwaspadakaken sarta lajeng amiwiti ing apngetang, wasana rumaos yen pangetangipun sampun leres saha sumerep ing prenah adeging lintang wau, enjingipun enggal kintun serat telegram meh waradin sajagad asuka pawartos dhateng para pujongga falak yen piyambakipun sumerep lintang *oriyon* kacetha wonten ing pirantos palintangan, inggih punika lintang anglangkungi ageng prelu kasumerepan sarta saweg nembe kawuryan, boten lami para pujongga falak ing tanah Eropah tuwin Amerikah sami mantheng surya kanthanipun amungseng ngupadosi lintang oriyon, ananging ngantos balerengen meksa boten amanggihaken, mila enggal sami mangsuli kintun serat telegram dhateng pujongga ing kitha Washington apitaken ing bab lintang wau. Ingkang dipunpitakeni enggal angrakit palintangan malih, ing ngriku sumerep yen ingkang kininten lintang oriyon wau lampahipun ing dalem kawan likur jam angsal sewu ping sewu yuta mil (1 mil ukuran bumi kirang langkung wonten 7000 elo), kajawi saking punika sang pujongga sangsaya anamat-namataken lajeng wewah gumun sarta sakelangkung kaget awit lintang ageng wau mawi suku. Enjingipun sang pujongga tumunten minggah ing panggung malih sumedya angresiki surya kontha, samanten konang lajeng konangan.
Menggah muring-muringipun sang pujongga angel kaleberaken ing dalancang, langkung gampil kakinten-kinten kemawon, wondene anggenipun angipat-ipati dhateng lare boten sora ananging mandhes, wragading kikintunan serat telagram sakedhik-kedhikipun wonten kalih ewu dholar (1 dholar sami 2 rupiyah 53 sen).

## Surakarta

Ing sapunika ilining toya ing kalen-kalen sapinggiring margi salebeting kitha Sala (kampung Kejawen), sampun katingal kathah ingkang gumladhak boten wonten sangsayanipun, jalaran saking pasiyanipun kanjeng parentah ageng sampun karsa angwedalaken waragad bau suku, caking panggarap mawi katindhiyan sawatawis priyantun pulisi, punika ingkang minongka ngusadaning para kalen ingkang anandhang jembek, ngiras paring tutuladan dhumateng kawula alit sadaya, menggah patrapipun angusadani kalen ingkang romot wau, sedheng jawahipun sampun angerceh, boten manawi para radinan ageng ingkang sampun kamulyakaken tulusing ilining toya kalen kenging kaajeng-ajeng dhahasipun, tuwin boten asring karendhem toya kados nalika rendheng sanesipun, sampun antawis pinten taun anggenipun para kalen-kalen wau anandhang jithek dening sasangkrah tuwin susuker ngantos tumusing gandanipun susuker wau saemper ambija krami dhumateng ingkang sami lalampah, dados amratandhani bilih sawaunipun ingkang gadhah bokongan tuwin majibi namung kagubel: *aras-arasen* sanadyan namung satamtunipun, mongka punika kaewokaken boten saged anulakaken sedanipun, ing wekasan sapunika jejembek sangkrahipun sami bebas dening pacul tuwin pirantos sanesipun. Wasana lampahing toya kalen sampun kathah ingkang nyenengaken manah, para radinan ageng gumrining asri dening karikil pasir ingkang panjrah gumelar wonten ing ngriku, punika saemper anggirekaken ilining toya kalen, supados sampun ngantos tumpang suh, yen ing wanci tengange lumarap, srengenge katingal sulap kalingan ing mega tipis ramyang-ramyang kados jala, asri soroting srengengeakelap-kelap lampahipun, kados walungsunganipun hyang onta boga, kagentosan dening cahya gumilang (inggih punika candhikala) anyamadi bawana saemper

anyedhahi  para garap, supados angetebana kalepasaning anggenipun babalapan sakathahing toya kalen wau. Katandhan Nawung kridha.
Bilih mas Nawungkridha sampun nate sumerep waradinan ing salebeting kita sanes-sanesipun bok manawi lajeng saged anglimbang, yen waradinan ingkang kaumukaken gumrining wau derek tog saenipun sae teksih nyuwun karesikan tuwin kawangun malih, kajawi punika mas Nawung kridha katuran aningali panjurungipun VDK ingkang medal sareng-sareng kaliyan punika.
Redhaktur.

## Ing salebeting beteng karaton

Margi ingkang amubeng karaton ing salebetipun mongsa rendheng angecepeh punika sakalangkung nandhang rudita awit sanget jeblogipun, amila tansah angajap-ajap saupami k asembadan makaten sadaya-daya nyuwun kaurugan krakal utawi wedhi, punapa malih margi ingkang kaprenah sangajenging griyanipun abdi dalem palawija awasta bagus uwik tuwin bagus plangi, ugi urutipun radinan kasebut ing nginggil wau sakalangkung saking jenes jember sabab anggenipun pakiwanipun wonten ing pinggir-pinggir radinan blecek kemawon, ing ngriku bilih kaangge adus sasaminipun balebering toya lajeng anjalari jebloging margi. VDK.

## Panjurung saking Bojanagara

Dite kliwon denira murwani, karya gita duk pangiter singa, ing kajangan pangepunge, pinandara ing kidung, dimen dadya pangeling-eling, ping dwi dasa nem ramlad, jimakir ing taun, de wau sangkala nira, yen tangana windu anunggang ing bumi, sore pukul sekawan. Purwanira wonten wong pambedhil, Singadrana wisma ing Buntalan, dhistrik Trembayang karsane, sring sasabeng wana gung, angupaya kidang lan kancil, pinujwa ri sajuga, kaping tiga likur, salebeting wulan siyam, tunggil lawan sangkala nireng panganggit, wanci ing tabuh ponca. Singadrana lumaku pribadi, mider-mider jroning wana pringga, nganti kalantur lampahe, kapethuk sitinipun, manjing wana kajangan sungil, tumut ing dhusun Jana, langkung sayahipun, wus sadina alempah, teka datan kapranggul kewan satunggil, langkung emeng ing driya. Lenggah nglesed sendhen tunggak jati, tansah denya nunutuhing ngongga, tan antara ana swarane, gerenging pragal bagung, celak lawan donira linggih, munggeng jroning jrumbulan, obah kayonipun, gadgadeng Ki Singadrana, janggirat tan maras mundur aningali, singa katon angleker. Tandya nginggahaken kanang bedhil, kang den sipat andhemaning kanan, jethot rubuh sru panggrone, angancap arsa naut, Singadrana lumayu gendring, nganti doh ngulap-ulap, sima taksih dulu, trus mantuk angajak-ajak, mruput enjing mitra wolu kang umiring, kalawan Singadrana. Pangagenge Ranatika nami, Sumber wangon dhukuh wisma nira, ing buntalan ampahane, sakencing tan kapranggul, lacakipun taksih katawis, kakecer rudiranya, tansah trusak-trusuk, garumbul ing keri kanan, Ranatika kapisah lan kanthineki, samana wus dilalah. Niring westhi tansah ngosak-asik, angoyaki wana datan wangwang, pinuju pasingedane, pragal bagro lumayu, sarwi nyampe ing suku kering, Ranatika kataman, pok kuping kagraut, coblok laih uwang juga, sasalange kang kering tatu satunggil, dhawah kabentus sela. Kanin kuku sakawan ngranuhi, kawewahan tatu saking sela, pilingane sami gocer, dangu denya tan emut, rinarompa winawa mulih, pragal batrup lumajar, tan awani buru, wus wanci pukul dwi siyang, sigra lapur mring lurahing pulisi, rame karya tangara. Titir aneng tepining wanadri, rame kathah pulisi kang prapta, monca dhusun prapta dhusun kabeh, samakta wastranipun, para lurah miwah patinggi, sami rembag angepang, doning simanipun, nganti kaserapan surya, simanira lacake dereng kepanggih, titir jalma kang ngepang. Lurahipun tumut kali cilik, sigra-sigra lapur mring wadana, dalu ing dhistrik prastane, wit sanget tebihipun, kalih welas epal sing dhiktrik, de kang jumneng wadana, putra dalem kakung kanjeng radyan adipatya, bupati ing Bojanagara semangkin, taruna ambek sura. Denya jumneng sawek tigang warsi, nenggih dyan behi Padmadipura, lagya lenggahan ing ngemper, sigra denya nanuduh, angundhangi para patinggi, enjang sami samekta, pacak barisipun, dupi gagat bangun enjing, raden putra ngrasuk busana prajurit, dhesthar cemeng rasukan. Sangklat langking wilemkrun kang kancing, nyamping cekak calana anganggar, miwah pangking wangkingane, kakendhit

kyahi jangkung, satiwelan modhel walandi, dhasar gagah prakosa, raden behi mungguh, kalawan tangtiyanira, agem karya pun pamuk mulunya langking, pantes titiyan yuda. Agung luhur suweng ponang mathi, wesnumurti yeku raning kuda, santana juga kang dherek, abrit turangginipun, Raden Sumadiwirya nami, mayeyet lir wanita, malih kang atumut, aran Mas Wongsadikrama, jaga karsa piyandilipun ing dhistrik, dedeg agung prakosa. Pantes anyandhang ngalungken bedhil, abdi-abdi pra patinggi lurah, kathah sami ngiringake, ampilan gunging pungkur, sanjata gemlontop tan kari, senjata miwah pedhang, dupi prasteng dhusun, sumber wangon wus papriksa, Ranatika kang tatu dahat ngranuhi, tinanggap satur ira. Sigra laju umanjing wanadri, nusup sumusup ing wana pringga, pun pamun gerjiteng tyase, wruh lamun ana kewuh, pratandhane tan kadi uni, saya wutah kang manah, prayitneng delanggung, sring mijil kasuranira, thokar-thakur kadya ge tempuh ing jurit, wus prapta madyeng wana. Gumaledheg sujanma kang baris, anglris sela blekithi untanya, samya bek prawira kabeh, patinggi lurahipun, anjenengi janma kang baris, sarwi mandhi sanjata, sura tandangipun, dupi sampun angsal lacak, ponang sima kiniter kinepung sami, tana nolih wuntat. Dyan putra wus paparentah, pra patinggi kinen sami nindhihi, kang gosok miwah kang ngepung, wus sami binubuhan, para tukang pasang kang sami anjangkung, neng sanginggiling mandera, jinajar tinata sami. Sanjata wus pinariksa, pelatuke sadaya kukuh sami, miwah sumbu dhopisipun, kabeh padha prayoga, ayya nganti keprok panyenjatanipun, baris tukang tinepungan, rinangkepna pra patinggi. Sarwi anggega lak ulat, tansah denya ngadhop numbak neki, warna-warna solahipun, suku mancat pratala, ana ingkang kawijil susumbaripun, sing denya mamrih kapyarsa, dening wau raden siwi. Untabing wadya kang ngepang, kadi langkung sewu kehing prajurit, ngarsa sinung ropoh mumbuk, ana kang datan arsa, waos lamun tinar kalit manahipun, dene kehipun sanjata, wonten tigang dasa kalih. Kang tumut gosok ing ngarsa, kepalane lurah ing kali cilik, sarwi mandhi pedhangipun, sinongsongan warastra, tukang pasang Sumatika ingkang tumut, ngatur panggosoking singa, dene wau raden siwi. Amanggung aneng turongga, mider siwi anata ponang baris, tansah dhedhawuh pitutur, den sami aprayitna, ayya ales kalamun mengko tinempuh, tan wurung sun erang-erang, sami manira wudani. Yen tan wani numbak macan, luwih becik anyingkira saiki, lawan den yitna tumbakmu, yya nganti kena rowang, tukang pasang pandaya sangsam den uwuh, ayya gugup anyanjata, kalamun kena sujanmi. Jojok nongklang kudanira, raden putra wus mapan aneng pinggir, manggung neng turangganipun, wus miwit alok surak, ingkang gosok rame barung swaranipun, kalawan rebah ing wraksa, singa kacenthok ing pinggir. Anggro sarwi ngamah-amah, arsa nempuh barise raden siwi, sru oyag grumbulipun, sarwi growang sulnengah, pra prajurit bathithit aburu, tan ana kang miyat rowang, sarwi amancat ing siti. Den oyak sarwi agiyak, ingkang gosok tan ana walang ati, pragalba malih lumayu, ngancab doning dyan putra, wus katingal anggagila tandangipun, raden putra wus prayitna, sanjatanira pinusthi. Sarwi sru panguwuh ira, eh-eh bocah yya sira kecil ati, sun jangkung aneng wurimu, sapa tinggal galanggang, sayektine mengko sireku sun ukum, pinindha-pindha wanita, lawan sun kabiri sami. Pra lurah patingginya, adhuh gusti mongsa dadak malencing, atilar bendaranipun, den nganti prapteng laya, eman-eman jinenengan aneng pungkur, sinten kang purun ngabdekna, anak putu wuri-wuri. Pragalba wangsul cangkelak, kadi-kadi wruh lamun raden siwi, kang anindhihi ing pungkur, sigra dipunsanjata, lawan Wongsadikrama lambunge butul, saya grogora-goraya, tan etang lamun wus kanin. Wangsul dening raden putra, nanging datan arsa nibani bedhil, watos lamun katalanjur, kena janma kangjajar, sigra wau tukang pasang dhusun ngujung, nyanjata pragal bakena, sangisor mripat sru anjrit. Taksih kuwat plajeng ira, nempuh ngaler barising dhusun kunci, sinanjata malih butul, deing kang tukang pasang, ngerek ngalor mangulon sigra manempuh, baris pirang tinadhahan, dening kadanging patinggi. Gugulu iring kang kiwa, kaprajaya singagro nahut godhi, landheyan bet putung, ngancap nubruk kang numpak, rikat ira para prajurit tutulung, patinggi ing Kalianyar, sima katiban ing bedhil. Bokong gobrah galempangan, tinulungan dening para prajurit, taksih kuwat arsa nubruk, sakedhap sami buyar, raden putra nander jejek ingkang mlayu, sarwi sru denira duka, anaut rawis sru angling. Lah arep mring ngendi sira, teka mlayu tanana wruh ing isin, pantes padha apipinjung, tumbak ko karya apa, eman-eman denira tinitah jalu, dyan putra tedhak sing kuda,

anngimpun mwadya mangarsi. Marani dening kang sima, galasaran wus tan bisa lumaris, wadya lit kathah mangrebut, wus nir maras ing driya, dene wau raden putra aneng ayun, pragalba sampun pralaya, raharja sedaya sami. Den ukur buntut sing sirah, kalih elo sangalikur dim luwih, wiwit denira angepung, ing tabuh sawlas siyang, antakane wanci jam kakalih rampung, tan dya wau raden putra, wus mijil saking wanadri. Karsanira wau raden siwi, sima yun ginotong, wuwutuhan mring sami sukane, pra janma lit kang durung udani, winawa ing dhistrik, sigra wau mundhut. Janma dhateng lurah kali cilik, kang yuda amikul wong, pinaringan wau berahane, ing samarga tinontonan janmi, jalu lawan estri, bentet ing Delanggu. Rare-rare angadhangi margi, kang samya ngon kebo, ting galuyur maesa lembune, jisim sima tansah den gendholi, ing ngandhek samargi, keh gawok kang dulu. Salamine dereng aningali, sima geng samono, mengkot-mengkot kang mikul solahe, rinareweng dening wong ningali, tan kena sinapih, rebutan anggayuh. Marma saben prapta ngarseng panti, kang amikul aso, tiningalan aminta ngombe, sru kasatan mentas sing wanadri, kang mangiring wuri, pra patinggi pitu. Pangagenge jaga karsa kalih, bedhile pinondhong, aprayoga respati lampahe, pantes lamun mentas mangun jurit, sima pindha jisim, ing manggaleng mungsuh. Jinajaran maos pedhang bedhil, dyan putra wus adoh, niti kuda ing ngarsa lampahe, kang saweneh para widadari, keh sami ningali, ngudanken rum-arum. Nora miyat gagotongan jisim, kang dinuking panon, raden putra saabdi lampahe, teka rampak arempek respati, ana wong jekining, amiyati pintu. Wismanipun sawetaning margi, pupur melok-melok, tan walandhung abrit rasukane, gelung kebak gambir lan melathi, wastra lurik langking, mongal yen dinulu. Lencir kuning ing sabarang ninthing, tansah manglong-manglong, dupi raden putra turanggane, prapta ngarsa wismaning pawestri, sang dyah pamalat sih, sung sasmiteng laku. Mijil saking wisma ngalenceri, angusapi sinom, buwang ulat lir thathit siringe, macan ngelihlampahe aririh, sasolah prak ati, karya ngresing kalbu. Pra santana kang sami nimbangi, lampah saya alon, watuk awahing dinawakake, mimiringi mring putri kangjail, tan ucapen malih, dyan putra wus rawuh. Sung udani marang para abdi, denya angepang mong, wus pralaya sarta ing samene, aneng wuri binekta ing dhistrik, bubul mongsa dhistrik, denyersa dadulu. Para cina jalu lan pawestri, sami prelu nonton, jejel pepet kang miyati jisime, sima aneng palabaran dhistrik, telas ponang warti, titi nitranipun.

Punika Cariyos Babad Mataram

Wus tumameng pasanggrahan aji, sri narendra pan lagya sineba, kagyat wau duk praptane, Ki Martanaya iku, angandika sri Narapati, eh babo Martanaya, bageya sireku, tur sembah Ki Martanaya, sampun katur susuguhe mring sang aji, sang nata angandika. Ki Lawiyan anak ira iki, tampanana paganjaran ning wang, ingsun arsa naur sihe, junjung linggihipun, aduweya nagri semawis, lawan sun wehi aran, arana sireku, Mas rongga Yudanagara, Ki Lawiyan asujut konjem ing siti, langkung panuwunira. Pra dipati samya anekseni, yen Ki Martanaya aran demang, Rongga Yudanagarane, apan ta wus misuwur, dadya lenggah nagri semawis, semana sri narendra, siniwi wadya gung, pirembagan badhe kutha, sri narendra tinarka kitha Samawis, mangunoneng tur sembah. Yen suwawi ngadhatona tingkir, datan arsa wau sri narendra, Ki Wiradigda ature, yen suwawi pukulun, sukuning kang ardi marapi, ing Logender punika, sae papanipun, sri narendra datan arsa, Ki Urawan matur siwi awot sari, gusti ing wanakarta. Apolot tanpa panyaha resik, lawan celak kadhatoning Pajang, amba mirsa wirayate, duk kala swarginipun, eyang dalem pangeran pekik, ngandika mring Mataram, kala aneng butuh, lajeng asare ing dagan, wonten swara ujaring swara dumeling, eh pekik wruhanira. Ragas kulon Pajang iku benjing, Wanakarta besuk dadi kutha, ana dene narpatine, iya putunireku, besuk yen wis bedhah Matawis, sang nata langkung suka, kajurugan atur, sira dipati Urawan, angandika sang nata dhateng papatih, Raden Nerangkusuma. Nrangkusuma umangkata dhingin, ababada alas Wanakarta, reka-rekanen patute, bakal kadhaton ingsun, atur sembah rahaden patih, lengser saking ngayunan, saha balanipun, tan winarna lampah ira, aneng marga rahaden amung tigang ratri, prapta ing Wanakarta. Binabadan rineka tumuli, sasampuning rineka sadaya, gatra-gatra ing badhene, warnanen sang prabu, budhal saking nagri Samawis, gumerah swaranira, wadya gung gumuruh, ing ngenu datan winarna, pan

wus prapta ing Wanakarta sang aji, lajeng ngadhaton pisan. Wus ingalih araning nagari, pan ing Kartasura Hadiningrat, duk kala pangadhatone, Ruwah tanggal ping pitu, apanuju ing taunAlip, Rebo Pon dinanira, sinengkalan wau, mantri sirna kawayang rat, rebut seneng lir ngambara ngrasa wani, singa ingkang kageya. Sri narendra karsa animbali, mring ki rayi susunan ngalaga, ingkang ngadhaton ning Pleret, wus mangkat dutanipun, tan winarna duta narpati, ganti kang wuwusa, kang umadeg ratu, kang ngrebut kutha Mataram, jeng sinuhun ngalaga sedheng tinangkil, andher kang wadya bala. Ingkang munggeng ing ngarsa narpati, kyana patih Arya Mondalika, Natakusuma jajare, jejel pra punggawa gung, demang arya lawan ngabehi, rongga lan pecat tondha, kandhuruwan demung, Tumenggung Gajahpramada, lan ki rongga pitulas kang munggeng ngarsi, ngabehi tanpa naha. Demang Kalan lan Ki Jagapati, miwah Arya Kyahi Tambakbaya, lan Arya Surajayane, Ki Mondalika matur, saha nembah marang narpati, gusti kula miyarsa, inggih wartanipun, rakamta umadeg nata, keramate pun Trunajaya kajodhi, dening raka paduka. bala tiyang sabrang warni-warni, nanging wonten satengah wawarta, sutaning amral tuhune, bot mindha amrih suyud, ing bumi myang telatah jawi, sang nata angandika, apa yektinipun, iya dutane kakang mas, Mondalika umatur sarya wot sari, watawis yen dedeya. Denya mangangge cara kumpeni, sasolahing bawaning wong kopar, datan pisah saenggone, punika sanesipun, gusti menggah watawis inggih, ing giyeyen rakamta, dene abdinipun, rakamta kang lama-lama, inggih taksih pepak wonten raka aji, sagung wong kadipatyan. Dadya emeng kang driya narpati, ngandika mring sagung wadya bala, eh wong ingsun sakabehe, aja sira katungkul, den samekta kaprabon jurit, manawa ana mengsah, si amral puniku, mongsa wurunga ayuda, yen si amral meksa ngakahi rat jawi, yekti aponcakara. Nadyan silih kakang mas dipati, datan amrih mulyaning nagara, wong kopar den tekakake, mongsa iya sireku, anyambata asrah wong cilik, sapakinen boyonga, wong sabrang iku, yen mengkono kakang emas, pasthi ingsun saoleh-oleh nambeli, ri sang Sutawijaya. Dene dingin kakang mas dipati, timbalane yun ngaji mring Mekah, teka mangkono dadine, nadyan walonda butun, Mondalika awasna malih, den waspada ing warta, aja salang surup, kalamun duduka kangmas, pan pasthining angantep prang raup getih, ing kono tutumpesan. Lagya eca denya gunem kawis, pan kasaru dutane kang prapta, dumarojog ing ngarsane, mundhi nawala katur, wus tinampan dening narpati, tembunge kara-kara, salam donga ningsun, kang sinuhun ing Mangkurat, Senapati Ngalaga Ngabdulrahmani, Sayidin Natagama. Tumekaha adimas dipati, Puger ingkang ngadeg neng kalagan, kang ngaratoni ing Paleret, pan iya saliripun, sun weh layang marang si adhi, prakara mungsuh ira, kang ngrusak Matarum, si Trunajaya wus pejah, wonge tumpesana dene ingsun adhi, ngadhaton bumi Pajang. Wanakarta ingsun babakali, dene sira praptaha den inggal, ingsun kangen mring dheweke, titi kang surat sampun, angandika sri narapati, lah duta ge muliya, sun pikire pungkur, duta tur sembah umesat, lengser saking ngarsaning sri narapati, sigegen dutanira.

Ongka 50 Kemis kaping 11 Desember 1873
BRA MARTANI

Serat kintunan saking Banyumas angwartosaken

Mas Surareja wadana ing dhistrik Sukaraja kaundur saking kalenggahanipun mawi kapatedhan pansiyun 50 rupiyah ing sawulan.

Raden Cakrasaputra wadana ing dhistrik Kalireja (Sumpyuh), kaelihi ng dhistrik Sukaraja, balonja 200 rupiyah ing sawulan.

Mas Puspadimeja wadana ing dhistrik ing Purwareja, kaelih dhateng ing Kalireja.

Mas Singadikrama wadana ing dhistrik Ajibarang apdeling Purwakarta, kaelih dhateng ing Purwareja.

Mas Jayadiwirya wadana ing dhistrik Wanadadi, kaelih dhateng ing Aibarang. Wondene ing dhistrik Wanadadi sapunika teksih lowong.

Cariyos tuwin pawartos warni-warni

Surakarta

Sapriki sampun sataun laminipun waradinan ingkang dhateng Bayalali kalampahan kapinten sanget, ing mangke nging kawastanan dene swaradinan sae, saupami sela ageng-ageng ingkang pating klethek celak kaliyan asem jejelan ing jegongan utawi tela sakiwa tengenipun ngiku, saestu radinan wau kenging kalebetaken dados wiwicalaning waradinan ingkang sae piyambak ing nuswa jawi. (Porste Landhen).

Samangke jawahipun wiwit anglandeng toya ing bangawan mumpal-mumpal, lepen-lepen meh mencep-mencep, kathah pangresula ing ubaling gandanipun susuker, banjembeking lurung alit-alit sarta kuwatos bok bilih badhe wonten banjir punapa dene awis tedha.

Saking pamireng kula uwang kertas palsu ingkang kaslubukaken boten angemungaken regi anggangsal atus rupiyah kemawon, teksih wonten panunggilanipun ingkang regi nyalangkung rupiyah. (Porste Landhen).

Kawartos Raden Sutandar mantri guru ing Magetan nyuwun pamit kesah dhateng ing pamulangan jawi Surakarta, sumedya sinau ngelmi kodrat wonten ing ngriku sawatawis dinten.

Nalika ing dinten Setu tanggal kaping 29 ing kampung Timuran (Kamangkunagaran), wonten pisang sauwit tuntudipun ngantos 12 iji, ananging sumerep kula saweg pinuju lampah wonten ing ngriku, dene ingkang sami aningali wau para tiyang jaler estri meh boten wonten kendhatipun sarta para tiyang wau saengga badhe nyuwun sugih andhuteng kyahi debog, ing pamireng kula wonten tiyang wicanten makaten, lo iku rak pelem kang awoh kara kae ngalih mrono, menggah para tiyangi ngkang sami aningali saha ingkang wicanten wau inggih punika ingkang dipunwastani watek gugon tuhon. Panjurung.

Titindhihipun lurugan dhateng Aceh ingkang kaping kalih punika: angwartosaken yen wadya balanipun kanjeng gupremen nalika dumugi ing Singgapura wonten ingkang pejah, bongsa Eropah 15, bongsa jawi sasaminipun 4, punika sami pejah kenging ing kolerah, tiyang paranteyan sasaminipun 11 sami pejah dening susuker erah kalebet ingkang pejah kaparag ing sasakit sanes kathahipun 3. (Yafahse Koran).

Telegram bab Aceh

Aceh tanggal kaping 1 Dhesember, kala tanggal kaping 29 Nopember wadya bala lurugan sampun ngalempak wonten ing palabuwan Aceh.

Saradhadhu tuwin tiyang nyambut damel peksa ingkang pejah kenging ing kolerah tuwin susuker erah sadaya gunggung 77.

Kanjeng tuwan Ganter Fiser sekretaris senapati seda, awit saking gerah kolarah.
Pulo Nassi sampun kapracondhang tanpa lawan sarta kaadegan griya sakit.
Awit saking kathahing jawah, wadya bala dereng saged mudhun dhateng ing dharatan.
(Porste Landhen).
Kathahing wadya bala lurugan dhateng Aceh ingkang apangkat upsir 389, saradhadhu 8156, amtenar 33, bujang 1073, tiyang bucalan 3280, gugung sadaya 12895. (Bintang Johar).

Watawis sapriki sampun pitung taun ing kitha Garderen wonten lare estri wonten ing salebeting griya sanget kaget dening gelap angampar ngantos anemahi bisu, sareng sampun elet sawatawis dinten lare wau anyerat wonten ing sabak ingkang saben dipunangge, suraos amratelakaken yen piyambakipun gadhah pangraos saemper badhe waluya, sareng watawis kalih dinten kayektosan saged wicanten kados saben, ananging wiwit nalika samanten panedhanipun sakelangkung cicik sarta anyrewenteh ing sapari polahipun, trekadhang sadalu muput ngalambrang dhateng ing pategilan. (Porste Landhen).

Porste Landhen angwartosaken yen ing mangke ugi wonten uwang kartas palsu regi nyatus rupiyah sami kaslubukaken punapa dene ringgit rupiyah tuwin tengahan, awit saking punika sampun ngantos sami anglirwakaken ing pangatos-atos. (Porste Landhen).

Serat panyuka kabar bab barang dagangan punika ing pundi-pundiya limrahipun kapacak wonten ing serat kabar, ananging ing kitha Niyu Porek ing tanah Amerikah samangke wonten gagrag enggal, luh balon kaulukaken inggilipun satus kaki kinencang ing kawat sarta mawi kagandhulan layar pethak pinenthang ing kajeng, wondene panyuka kabaripun sinerat ing sastra ageng saha cetha wonten ing layar wau, saengga katingalan ing tiyang ewon.

Kanjeng raja ing Cina kacihna sihipun dhumateng mayor tituler ing ngriki anama Babah Bebiya cowan, minongka ganjaraning bab kathahing babantunipun awarni tetedhan tuwin yatra dhateng titiyang ing tanah Hokyan ingkang mentas pinerep ing perang, babah bebiya cowan wau ing mangke tampi serat piyagem saking kanjeng raja ingCina sinerat aksara cina tuwin tertari, tinrap ing kesting endah corekipun warni gangsal, pratondha kinula wisudha dados *toyah* inggih punika bongsa *mandri* pangkat sakawan, winenangaken akancing biru.
Pajegipun saweg sapisan punika wonten piyagem kados makaten medal saking talatah Cina kaparingaken dhateng tiyang ingkang dudunung wonten ing tanah sanes.
Caraning tanah Cina piyagem makaten punika sumarambah dhateng luluhuripun ingkang kinula wisudha, sanajana bapa miwah embah sampun lami pejahipun inggih pikantuk pakurmataning *mandri* pangkat kalih mawi kancing abrit. (Lokomotif).

Ing kitha Siriye pinten-pinten yuta kathahing ngulama agami Islam samangke sampun wonten ingkang manjing agami Ngisa sarta anjarwakaken kitab Injil ing basa Arab. (Bintang Johar).

Minongka wonten panggenan lowah, panjurung kula punika mugi kapacaka ing Bra Martani.
1. Kula sampun ambal-ambalan anyoba ngusadani tiyang sakit belek tuwin mayo saged tumunten saras, dene ingkang kula angge tomba kados ingkang kasebut ing ngandhap punika:
godhong wan-wanan, 2.godhong mlathi, 3.godhong menur, 4.sinom (godhong asem kang enem), kawatawis samiya kathahipun. Sadaya wau kagecek ingkang ngantos llilid sarta kaemoran toya sakedhik, sasampuning lilid dados sacangkir cubung kemawon, anunten katunggilan gecekan brambang lan sedhah nyajuwing, punapa malih kauletan canduning apyan 2 klentheng, manawi ngusadakaken amendhet sakedhik kabuntel ing mori kang resik, lajeng katungkulaken ing mripat ngantos toyanipun usada wau saged lumebet ing maripat.
Anggenipun ngusadakaken watawis 3 jam sapisan, yen dalu angleresi tilem boten susah kausadan.

Lebeting toya dhateng maripat radi sakit.
Kacariyos manawi wonten tiyang kaentup utawi kacokot ing kalajengking, kalabang utawi ketonggeng punika saged mayar sakitipun utawi mantun sarana labetipun kagosok ing renyedaning khewan kang anyokot utawi ngentup wau, awit ujaring pambudi sakathahing kewan ingkang amawi wisa punika sami tinitah kadunungan panawaring wisanipun, saupami boten makaten amasthi boten saged dumadi, mila manawi wonten tiyang ingkang kacakot ing khewan kados makaten prayogi kausadan ing panawaripun. (Kuwanin).

Ing salebeting wedal rendheng punika margi angeng ingkang ngubengi karaton, kala Kemis kapengker kawartos anandhang duhkita awit saking jeblog sanget, samangke sampun wonten ancaryanipun sawatawis awit kasembadan pangajap-ajapipun, sanajan pasir tuwin krakal ingkang kaurugaken ing margi dereng kawastara panjrah gumelar, saha dereng montra yen damel asrining paningal, kados dene radinan ingkang dipuncariyosaken mas Nawungkridha, ananging sapunika salong sampun kesed kaambah tiyang tinimbang kala rumiyin, awit saking panglipuringurug krakal tuwin pasir dhumateng ingkang nandhang sedhih amurugaken resepipun para kawula ingkang sami lumampah ing margi ngriku. VDK.

Pambatang cangkriman ingkang tumrap Bra Martani medalipun Kemis kaping 20 Nopember 1873 ongka 17.
Pada ingkang kapisan: godhong dewa daru.
Pada ingkang kaping kalih: kori brajanala, inggih punika kori gapit (Surakarta).
(Nawungkridha).
Pambatangipun Wongsataruna tuwin Trustha sami ing Banyumas, cocog kaliyan ing nginggil punika. Redhaksi.

Araningsun sad dha wanda, dumunung sasaneng putri, ing kalih wanda ing ngarsa, wahyaning basa kang rumpil, kakalih wanda dadi, tembung sangkrita puniku, luwih de kang dwi wanda, aran ingkang wanintres tri, lungse mangsa, muncul kusuding sarira. Aran ingsun catur wanda, langen praja bongsa mami, yen tembung sangkrita, songka mongka pupundhening aji, de kalamun pinalih, kanang dwi wanda ing ngayun, dadya kramaning tembung, wekasan dwi wanda wuri, iku ingsun dadya araning wowohan. Aran ingsun patang wanda, dumunung witaneng aji, purwa, hek wanda kawahya, ingsun sayekti pawestri, kerep dipunkurmati, ri sasatya bangsanipun, labet tukang tinedha, tri wanda ingkang gumanti, jarwanireng tembung krama kaentosan.
Gerjen kaping 2 Dhesember 1873. Katandhan Nawungkridha.

Nyuwun pitedah minongka panjurung.

Kula manggih cuwilan kawi boten sumerep tegesipun, kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

1. bab mungsir suralaya, siniweng surapsari.
2. Yen mirud medi ring rananggana, pejah yama bala mamikut mamidana.
3. Yen tan pejah tinindah ring para jana, inira hira nginanya sinoraken.

Kawi tigang bab wau sarehning sanget kodheng kula, kumedah badhe sumerep tegesipun. Kula nyuwun barkahipun para sarjana, wasana kula nyumanggakaken.
Ngayogya ping 12 Sawal Jimakir angkaning warsa sinangkalan: naya ilang bremana tunggal.
Katandhan Sewaya.

Kula sampun maos serat Bra Martani kang medal ing nalika dinten Kemis tanggal kaping 20 wulan Nopember taun 1873 ongka 47, ing ngriku wonten pratela kathah tiyang ngresula ing bab agenging yatra sareman, kadosta yatra 100 rupiyah ing dalem sataun dados 180 utawi 200 rupiyah, ingkang makaten pangraos kula kados boten bilih yatra 100 rupiyah ing dalem sataun dados 180 utawi 200 rupiyah andadosaken pangresula setun krunengan, dene nyambut 100 kok

mantuk 200, ananging kok badhe boten nempuh inggih boten malah pangajeng-ajeng saengga ngeculaken yatra 100 rupiyah sageda dados langkung saking 205 pinten banggi 210 ing dalem sataun wau, o..sakalangkung saking bingah mawi sanget.
Wangsul ingkang gadhah pratelan wau saengga kaleksanan waget nglampahaken yatra kados atur kula punika punapa boten bingah.
Oalah sadaya punika ha rak inggih kadunungan pangajeng-ajeng ingkang boten sanes kados atur kula punika kados tamu nun-nun.
Katandhan Seta madya utama.

Tiyang ingkang nyambut angresula ing bab agenging sasareman, tiyang ingkang anyambutaken angresula bilih kaaliten saremanipun, dene tiyang ingkang angangkah karaharjaning ngakathah tuwin kamulyaning nagari kedah angadeg satengah-tengah kakalih wau. Redhaktur.

## Panjurung

Kala malem Rebo tanggal kaping 19 wulan Nopember punika wonten satunggal tiyang estri wasta Sadem kadugi umur 13 taun dados semahipun tiyang wasta Wongsatirta griya ing dhusun Karangjati dhistrik Purwareja (Banyumas), wau Sadem sampun kesah saking griya boten kantenan purugipun, kaupadosan ngantos samangke dereng pinanggih.
Kala dinten Salasa tanggal kaping 18 wulan Nopember punika sakinten jam wolu enjing wonten satunggil tiyang wasta Nayawongsa griya ing dhusun Jedhi dhusun, dhistrik Kedhung Tawon, kabupatosan Kebumen (Bagelen), mentas kulak dagangan ulam pethek ing peken tambak (Kalireja), pikantuk sarembat lajeng kendel ing warungipun tiyang wasta Suramena ing dhusun Karangpucung ugi dhistrik Kalireja, sapinggiring margi ageng kaprenah sakilenipun peken Tambak wau, ing ngriku dereng ngantos jajan piyambakipun karaos kenging sakit macek, nedha tulung dhateng ingkang gadhah warung kapurih ngundangaken sadherekipun wasta Ki Gudhe ing dhusun Gumelar ler (Kalireja), ugi dhateng saha lajeng nenggani ingkang sakit punika, wasana sareng wanci jam gangsal sonten dinten Salasa punika ugi Nayawongsa lajeng pejah jalaran sakitipun macek wau, jisimipun lajeng kabekta dhateng Ki Gudhe sarta kakubur ing pakuburan Gumelar.
Kala dinten Saptu tanggal kaping 22 anunggil wulan punika Nopember kinten wanci jam satunggil siyang, lare jalerwasta Sawal sawek umur 2 taun, anakipun tiyang wasta Trunabongsa griya ing dhusun Baleberan wetan (Sukaraja), sampun kasangsaran pejah kabalabag wonten ing lepen Mahatan kaprenah saleripun celak ing dhusun ngriku, jisimipun pinanggih sumangsang wonten ing dhapuran bangbu ingkang rungkad wonten ing lepen wau. P.L.

## Magetan

Kula mireng dhawah parentahipun ingkang bupatos ing Magetan kados ing ngandhap punika.
Bab I indhaking guna pangawikan kateberen katindakaken akaliyan kenceng.
Bab II para among tani kedah nyambut damel kaliyan kawruh, boten kenging wawaton angger-anggering para among tani ing jaman kina, sarta panyambut damelipunkedah ingkang temen-temen, sampun ngantos anyambut damel sakaliripun.
Bab III pakebonan boten kenging maluwa (bera) mesthi isi tataneman kadosta katela tuwin sanes-sanesipun, sanajan awoh ing tataneman wau badhe kirang katah, nanging ingkang langkung prelu badhe kapendhet bibitipun, benjing katiga manawi nanem palawija ing sabin sampun ngantos kakirangan bibit.
Bab IV titiyang masthi ananem pakarangan wau sarta pakarangan punika minongka aling-aling panempuhipun lesus dhateng padhusunan, awit manawi mongsa angin ageng hriya-groya ingkang tanpa kinubeng ing pakarangan kathah ingkang ambruk katut ing angin, langkung malih ujaring kawruh kakajengan ingkang ageng-ageng wau saged adamel mirah ing jawah.

Bab V pager pemahan kedah kadamel ingkang pengkuh ingkang ngantos saged anulak lampahing para durjana ingkang badhe adamel reresah ing salebeting pager, yen ingkang kawrat ing nginggil punika saged lestantun kalaksanan amasthi buwen badhe suda isinipun.
Ing sapunika ing Magetan mangsanipun titiyang alit sami panen pananemipun palawija, sarta kajawi saking wiyaring siti ingkang kataneman palawija mila pancen kalebet medal, ing peken kenging katembungaken banjir palawija.
Ing nalika tanggal kaping 23 wulan Oktober 1873 ingkang bupatos sampun ambabingahaken dhateng para siswa ing Magetan, sarana kaparingan tatingalan ringgit wacucal wonten ing kabupaten sarta kaparingan nedha, mongka pratondha katresnanipun ingkang bupatos dhateng para ingkang marsudi kawruh, sarta ingkang angestokaken parentahipun kanjeng gupremen, wragadipun karamen wau boten kirang *f* 50 sarta wedal saking ing bupatos piyambak.
Katandhan Endrayaksa.

Gangsal wanda araningsun iki, yen kaperang aksara dwi ngarsa, bangsaning peksi arane, aksara tri ing pungkur, langkung adi kagem priyayi, tur awon warnanira, kathah gunanipun, amba ingkang kalih wanda, anglaya wonten ing tategil, pan sakonca angupaya boga, punika pakaremane, sinten ta araningsun, lah sumongga dipunwastani, ing yektine rana ing wang, kawula anuwun, kang supados dipunpacak, wonten koran, kasrahna tuwin redhaktur, kula pun gangsal wanda.

## Punika Cariyos Babad Mataram

Saungkure wau gunem kawis, wau Kanjeng Susunan Ngalaga, lawan para punggawane, ngandika sang aprabu, kaya paran kabeh sun tari, umatur Mondalika, adhuh gusti ningsun, tan eca raos ing driya, bok manawi guna-gunaning kumpeni, akarya mindha-mindha. Pangran Natakusuma wot sari, adhuh angger paduka asowan, mokal lamun gawe-gawe, dene pasisir suyud, yen dedeya lah kadi pundi, sumambung Mondalika, dedene puniku, dene arupa walonda, lah ta saking guna-gunaning kumpeni, tan eca linambanan. Angandika wau sri bupati, Natakusuma sira sun duta, lah teliken sayektine, lan si Nataprateku, lah miluwa dadiya kanthi, lah iya aneng marga, kang kinon wot santun, Pangeran Natakusuma, lawanRaden Nataprata gya lumaris, budhal saha balanya. Kawarnaha dutaning narpati, pangalasan prapta Kartasura, lajeng tumameng ngarsane, tur sembah nulya matur, amba tuwan duta narpati, nagari ing Mataram, arinta kawaguh, kang umadeg nateng laga, datan arsa rayinta seba tumuli, mawi awalang driya. Kang timbalan rayinta narpati, amba gusti kinen rumiyina, lagya pinikir wurine, warnanen dutanipun, kang sinuhun nagri Matawis, Pangran Natakusuma, lan Nataprateku, prapta nagri Kartasura, sri narendra pan lagya miyos tinangkil, andher kang wadya bala. Ingkang wontenngarsaning narpati, rahaden patih anrangkusuma, tuwin para prawirandher, kang prawira nung-anung, Arya Sindureja neng ngarsi, myang dipati Urawan, nenggih jajaripun, Tumenggung Wirawidigda, mangunoneng lirna kang para dipati, pasisir ingkang kanan. Raden Anrangkusuma wot sari, lon umatur marang sri narendra, wonten dutaning nah angger, leskar arinta prabu, tekaping sang duta karyeki, Pangran Natakusuma, prawira nung-anung, lan arinta prajuganya, sri narendra wawadi lingnya amanis, tumrap neng ngarsaning wang. Duta narpa ngancaran tumrap ning, ngarseng nata umangsah gya-agya, caraka atur sembahe, dhuh sang narpa kautus tekaping sang nara dipati, pangenjali arinta, katura pukulun, marmanya rinta tan tumrap, tekaping sang ulun arinta narpati, myarsa sutanya amral. Yen mirsata arinta narpati, ing sang nata satuhu gya prapta, mastya tumameng gya age, ing ngabyantara prabu, mangrauping amangenjali, anembah ing suku sang, arinta pukulun, jeng sinuhun angandika, iya bener si adhi prayitneng westhi, manawa mindha-mindha. Pangran Natakusuma lingnnya ris, alah daweg adi pakenira, lah muliya dipun age, matura lamun estu, yen kang raka madeg aji, Nataprata gya linggar, ing ngarsa sang prabu, tan ucapen kang lumampah, sri sang narpa wau nagri ing Matawis, sineba wadya bala. Kang pratiwa nung-nganung neng ngarsi, saha sembah Arya Mondalika, dhuh gusti yen karsa angger, sampun gusti cumundhuk, nadyan silih rakanta aji, pan paduka ramanta, jaban wontenipun, dyan ramanta salweng karsa,

anganggita wau kang wadya kumpeni, ing sareh nagaharja. Natya lagya sakeca tinangkil, pan kasaru duta ingkang prapta, tumameng ngabyantarage, sira Nataprateku, sumusuping nara dipati, manembah ing suku sang, mangusaping lebu, sampun karsaning hyang suksma, nataprata semana atur sisip, marang sri naranata. Pukulun amba dinuteng prapti, nagri Kartasura Hadiningrat, anelika sayektine, rakanta sang prabu, ing watawis kawula gusti, kadya sutanya amral, kedhik iripipun, kalawan rakamta nata, abdi dalem pun Natakusuma gusti, tan purun umantuka. Asuwita narpati kumpeni, sri narendra putek driyanira, Natakusuma arine, yen tan nyanatiku, kakangmas ingkang ngratoni, ing kadhaton wonarja, mokal sedya kantun, iya si Natakusuma, Arya Mondalika matur wot sari, punapa karsa nata. yen paduka cumundhuk raka ji, lamun dereng kasoran juritnya, kalangkung gusti nisthane, pan paduka pukulun, apan sampun umadeg aji, sineba wong Mataram, tur sarwi jujuluk, susunan ngadi ngalaga, teka mangke nalusur dadi wong cilik, punapa ta raosnya. Duk miyarsa aturing prajurit, pembanguse arya Mondalika, sang nata madeg sarane, myang prajurit nung-anung, dadya sira riyeg ing jurit, sumedya ngadilaga, arah ngrurah satru, kang sedyan dening wonarja, wadya sabrang anedya angrurusuhi, sedya ngrabaseng jawa, Arya Mondalika matur nangis, benjing gusti kawula yen pejah, den ageya babalunge, linuluh ing bumiku, tetengkreren gusti rumiyin, karyanen mimis sobat, binedhilna mungsuh, ing Kumpeni pepak sura, sokur bage matiya lawan kumpeni, asedya sabilolah. Kawula gusti sampun kintaki, yen menanga prajurit walonda, amba mirsa wirayate, winalik jagad ratu, milanipun paduka gusti, mugi-mugi angsala, pitulung hyang agung, yen tuwan anglilanana, madeg nata ngalaga bala wong kapir, amba aweta gesang. Yen lulus lan nang yudaning kapir, ulun iki nuli amatiya, anglampahi ayahane, kadya jinahit wau, driya nira sri narapati, wus angundhangi wadya, pratiwa nung-anung, arsa wau umangkata, tan winarna gantiya winuwus malih, sang prabu ing mangkurat. Pan ing mangke sang nata tri sasi, angadhaton ing Wonarja, semana dina Somane, siniwi ing wadya gung, pepak andher para dipati, lan sagung pra pratiwa, kang sami nung-anung, myang Rahaden Nrangkusuma, mangenjali ing nata umatur aris, pukulun rinta nata.

Ongka 51 Kemis kaping 18 Desember 1873
BRA MARTANI

## Surakarta

Nalika ing dinten Senen tanggal kaping 18 wulan Sawal ing taun punika, Mas Surawijaya abdi dalem jajar tukang burdir ing Kasunanan Surakarta, kinula wisudha dados lurah burdir kaparingan nama Mas Demang Surawijaya.
Sampun sawatawis wulan para murid kawulang ulah badan (*gijmnastiek)*, anggenipun amastani para murid: *sinau jingklak-jingklak* wiwitan kathah ingkang ngresula bab anjaremingros-rosanipun, ananging punika katingal sangsaya sengkud sarta tuman sambat anjarem punapa dene karaos mindhak kuwat.

Dereng lami ing peken Kaliwon wonten encik jajaka awon ing warni sumengka angrabeni estri ayu teges anjalang, awit boten sumerep sarta kagubeng genging sihipun kalampahan saged dipunamengkoni estri wau sarana tinebas ing yatra seket rupiyah, samangke yatra sakinten sampun telas, estri ayu wiwit kengetan ciri wancinipun klicatan wonten ing griya sarta kathah slerut tuwin tikeling alisipun dhateng ingkang jaler, encik jaka sapunika rumaos boten kapadan ing sih sarta mesum ing ulat saking dening kometing wanonipun.
Randhanipun encik warekan enggal punika kesah dhateng Samarang, barang dandosan sapanunggilanipun kalebetaken ing kamar kakucni, sarta sorog dipunbekta, wondene pangreksaning griya dipunpitadosaken ing rencang, asreng mantuk saking kekesahan gumun sanget dene griyanipun sampunkaenggenan ing tiyang sanes, sasampuning anilas-nilas warti lajeng mireng yen griya wau kasewakaken dening wiskamer (kawartos griya punika teksih dados gantungan), enjingipun bok rondha maruput marak dhateng karesidhenan anyebut boten tarimah, boten dangu kanjeng tuwan asisten residhen tindak dhateng peken kaliwonakarsa nanggenah prakawis wau, kadadosanipun griya kaparingaken wangsul dhateng ing bok rondha, wondene ingkang nyewa katedah kesah saking ngriku sanalika.
Kala malem Senen tanggal kaping 15, Khaji Ahmad guru basa malajeng ing pamulangan jawi tilar donya mantuk ing Rahmatolah, saking dening sakit weteng sampun lami, mawi atilar anak teksih alit-alit.
Ing mongsa sapunika kathah lare kaparag ing belek, menggah tambanipun: ulet-uletan asem mentah kaliyan sarem mawi toya tawa sakedhik katerekna ingkang kandel ing tlapukan ngandhap nginggil, prayoginipun kaleksanana satileming lare ing wanci dalu, supados sageda rumasuk tanek, adat enjingipun lare wau boten saged melek, awit saking dhipet dening blobok, ananging maripatipun bilih sampun karaupan lajeng katingal saras resik.

Sampun sawatawis dinten mendhung kaliyan angin saemper kados atandhing karosan, bilih panuju kendhating angin dirgantara lajeng prepet-prepet kawradinan ing mendhung, ananging saderengipun dhumawah minongka pratondha ungguling jurit selak kadengangan ing angin gumrebeg sarta enggal kapracondhang larut palarasas, kalawinginipun ing sakidulipun kampung Nagabandan sampun wonten griya kabesmen satunggil.

Wonten estri umur pitung dasa taun lilinggiyan kaliyan ingkang jaler sampun pikun, boten dangu nini sepuh amendhet parimbon badhe sumerep wahananing impenipun, sarehning kaki tuwin nini sepuh wau sampun boten sumerep ing seratan awit sampun sami tuna ing paningal, dumados pamaosing parimbon dipunsambataken, ingkang sinambat lajeng anglekasi nocogaken maripating dhadhu kaliyan tetenger ing parimbon, awit patakenipun kedah sarana ambucal dhadhu, wasana kapanggih wahananipun mungel makaten: *impenmu ngalamati kowe bakal oleh dhemenan sugih sarta bagus*, sakathahing tiyang ingkang sami ngrubung boten saged angempet gujeng.

## Pawartos warni-warni saking Bintang Johar

Kanjeng raja ing Japan andhawahaken undhang-undhang angawisi kawulanipun angidhep dhateng brahala utawi agami kapir, sintenipun ingkang teksih angluluri ing agami kina, badhe kapatrapan ukuman awrat sarta sakathahing tiyang agami Ngisa bongsa Japan ingkang kabucal dhateng sajawining talatah samangke sami dipuntimbali wangsul.

Wonten pujongga palintangan mentas sumerep lintang kumukus sarana semprong, lintang wau sangsaya anyelaki ing bumi ngriki, buntutipun kados latu ageng, ing tembe badhe katingalan ing mripat.

Kathahing pitunanipun tanah Prangkrik kala perangan kaliyan Prislan, gunggung sadaya: gangsal welas ewu yuta rupiyah.

Gegebenganing kaprajuritan Inggris amanggih reka saged damel mimis kalih warni, ingkang satunggil medal kukus kaliyan awu kangge ambawuraken maripating mengsah, dene satunggilipun sumorot padhang amawi cahya kangge andamari ambujeng ing mengsah.

Ing griya kunjara Batawi ingsi tiyang bongsa Aceh kathahipun 68 tatawananipun wonten ing lautan.

Dereng lami titiyang ing Japan sami kadhawahan serat undhang saking pangagengipun, yen ing pundi-pundi salebeting tanah ngriku badhe kapasangan sepur weh kalih-kalih, serat kabar ing ngriku menggah ing ngriki Bra Martani: sakelangkung mangayu bagya saha angwedharaken suraos kados makaten: ing mangke tanah Japan badhe kapasangan sepur weh, iba ta sae miwah ageng ing gunanipun wewahan kados makaten punika, iba ta badhe gampilipun tiyang kekesahan dhateng tanah tepis iring sarta sapinten badhe indhaking karejanipun tanah Oshin, Sinano, tuwin Yokigo, dhatengipun tiyang ing tanah tebih rikat kados angen-angen, saemper amarasonja dhateng ing tongga selak kemawon daya-daya kasembadan ing pangajap kula, lah sumongga sami mabur tanpa swiwi lalampahan sewu mil lah sumongga anglumpati redi tuwin lelengkeh boten mawi anyayahaken suku, o..alam sae. (Suraya Andelseblad).

## Cariyos aneh

Wonten tiyang dhusun kakalih sami kesah dhateng kitha, wonten ing margi kapethuk tiyang dipunpitakeni makaten: kisanak seka ngriki tekaning kutha teksih pinten gredhu, ingkang tinakenan amangsuli: teksih nem gredhu, tiyang dhusun ingkang satunggil lajeng wicanten: nek mengkono kari nelung gredhu edhang.

Wonten saradhadhu mendem paben kaliyan kopral, sareng sampun gregeten lajeng ngujar-ujari makaten: wis cep menenga, kowe iku dudu uwong, kopral amangsuli: malah kowe sing dudu uwong, saradhadhu amangsuli sumengah: iku wis ora bae sabab mayor peng nek aweh prentah bab prajagan mangkene: mengko bengi sing tungguk wong papat karo kopral siji, ha rak wis tetela yen kowe iku dudu uwong.

## Telegram saking Aceh

Ing Penang 9 Dhesember, wadya bala sampun mudhun dhateng ing dharatan Tanjung Pedro, lampahipun binedreng dening mengsah, wasana wilujeng boten wonten pepejah satunggil-tunggila, wonten ingkang kabranan amung sawatawis, ingkang amurwani ing lampah: kanjeng tuwan Jendral Fresepik, prajurit lautan tuwin ing dharatan sami rebat dhucung mangangkah ing tawanan, sanjataning prajurit lautan ageng damelipun, ing mangke wadya bala manggen ing kwala gigen, wonten upsir satunggil tilar donya kenging ing kolerah.

Porste Landhen ping 13 Dhesember 1873.

# Telegram Partikelir

Telegram partikelir saking Penang angwartosaken udhuning wadya bala dhateng dharatan Aceh lestantun boten wonten sangsayanipun sarta bab kasarasaning wadya bala adamel tentreming manah. (Porste Landhen).

Ing Ruslan wonten tiyang ngomondaka sinebut *Sarapin* angwradinaken agami inggal, wondene ingkang sami manjing dados sakhabatipun amung titiga estri kemawon, sarta lajeng kasebut bongsa *sarapinofaki* amirit saking sesebutaning guru. Sinten ingkang manjing ing agami wau kedah popol rambut rumiyin minongka pratondha temen-temenipun manjing dados sakhabat, saupami boten tumut dipunlegewa dening pulisi, bok manawi para estri sadhistrik ngriku badhe temahan popol sadaya, sasampuning katiti priksa tetela yen tiyang ingkang anggelar agami inggal wau gadhah sadherek jaler dados juru gelung utawi damel camara inggih punika ingkang kaupadosaken rambut badhe kasade kathah angsal-angsalanipun yatra, ing mangke sarafin wau sampun kalebetaken ing kunjara. (Porste Landhen).

Penang ping 12 Dhesember, kala tanggal kaping 9 wulan punika prajurit kathahipun 9000 sampun sami angancik ing dharatan Aceh tanpa sangsaya, amanggen sawetanipun pentasan ingkang rumiyin, panglawaning mengsah boten sapintena sarta pitunanipun wadya bala amung sapele.
Porste Landhen.

Kacariyos kala rumiyin ing tanah Cina wonten titindhihing prajurit kakalih taksih sami jaka, punika sami kautus ing senapatinipun andhustha dadameling mengsahipun ingkang badhe ambayani, sarehning mengsah wau estri mongka titindhih kakalih wau kalebet nguthuh mila sami gadhah pangangkah anggendhak dhateng mengsah wau, ananging kakalihipun sami isin waleh, ingkang satunggil ing wanci sonten bidhal rumiyin, pambabahipun dhawah satunggiling kamar sepen, ing ngriku wonten damar satunggil tuwin patileman asri, titindhih wau osik ing manah makaten: lah iki paturone si embok mungsuh, mengko yen arep turu mesthi mapan mrene, sarta manawa wus kena dak iwat pirantine perang kang dak arah gampang kena ing aku.
Sasampuning gadhah osik makatenlajeng tileman ing patileman wau sarta angineb keber, angentosi dhatengipun mengsah estri, wasana wonten ing ngriku kalajeng tilem.
Kocapa titindhih satunggilipun bidhal, pambahipun ugi dhateng ing kamar wau, wonten ing ngriku mireng swaranipun tiyang ambekan wonten salebeting patileman, kapesthekaken yen punika mengsah estri mila enggal anglingkab keber angrangkul dhateng ingkang tilem sarta awicanten: adhiku, dhi, ingkang tilem kaget sarta anyana yen ingkang ngrangkul punika mengsah estri, mila inggih enggal angrangkul dhateng ingkang angrangkul sarta awicanten: adhiku, dhi, ananging sareng sami anamataken ing warni tetela yen punika kancanipun mila lajeng sami gumujeng kekel sarta anguwalaken ing pangrangkulipun.
Conthong.

Batawi, ing serat pangawas tuwin pranatanipun bang jawi (Setatseblad 1827 katitimangsa kaping 11 Dhesember ongka 111 ing bab 34 wonten ungel-ungelan makaten:
Singa wonga kang kanggonan utawa anglirokake uwang kertas padha kang anggep nyata kang andarbeni uwang wau sarta ora kena katulak olehe anglirokake, ewa mangkono manawa ana sumelange bok manawa uwang mau colongan utawa kang anglirokake mung darma kinongkon bae nganggo anggawa layange kang angongkon iku bang jawa wenang angukih anjaluk tondha tangane kang anampani dhuwit, minongka cihna temen-temene wus anglirokake uwang kertas, lan bang jawa wenang anjaluk supaya wong mau anggawa kanthi wong kang wus kawruhan ing akeh, bisa anggenahake padunungane wong kang anglirokake uwang kertas mau.
Porste Landhen.

Yen panjenenganipun PDK kagungan panimbang amasthi badhe singlar saking tembungipun, dereng montra yen damel asrining paningal, ananging badhe kalair pangalembananipun dhumateng ing kanjeng parentah ageng, ngatasing ingkang sampun karsa adamel wiwiting kamulyaning radinan sarana pratikel ingkang winengku, punapa pangalem kula kalebet dupara, tuwin panjenenganipun PDK punapa anggalih taksih sepele dereng montra malih, yen tampiya pamangsuling pangalembana, he..bilih kapara makaten inggih sukur, nun, sami andum wilujeng.
Ananging panjenengan sampun tindak dhateng kebon sarta grundhelan, pancene.
Nawungkridha.

Banyumas

Lare pejah kenging nal ela-ela

Kala ing dinten Saptu tanggal kaping 29 Dhesember 1873 tiyang wasta Ranasuta ing dhusun Panerusan wetan (Purwareja), panuju gadhah damel anyelami anakipun jaler, ing dalunipun malem Saptu wau mawi ananggap ringgit wacucal, sareng enjing watawis pukul gangsal, lare ingkang badhe dipunselami mangkat kungkum ing lepen, punika mawi dipunormati nabuh ela-ela, panyuledipun wonten sawingkinging griya majeng mangidul angajengaken pager pakawisan, ing wekdal punika wonten lare jaler satunggil awasta Samin sakinten umur 13 taun, sumeja aningali ringgit wacucal, ananging dhatengipun ing ngriku boten medal ing margi, medal saking ing griyanipun ingkang gadhah damel mawi mlodhos pager pakawisan, tiyang ingkang nyulet ela-ela boten sumerep yen wonten lare medal ing ngriku, tebih ing pager pakawisan ingkang kadamel langkung pun Samin dumugi ing panggenanipun anyuled ela-ela watawis wonten kalih welas kaki, wasana sareng ela-ela kasuled nalipun tepes tumama dhumateng lare pun Samin wau ngantos pejah babar pisan mawi labet ing janggi tuwin ing janggut sarta cangkemipun kalebetan ing nal, ing mangke tiyang ingkang nyuled ela-ela wasta Singakrama sampun kaladosaken ing pakunjara.

Kala dinten Ngahad tanggal 30 anunggil wulan Nopember 1873, watawis wanci pukul gangsal sonten tiyang kakalih wasta, 1. Wongsadipa, 2. Kadim, griya ing dhusun Sukaraja kilen (Sukaraja) panuju macul ing pecalipun piyambak, lajeng dipunsamber gelap, tiyang ingkang ongka 1 ngantos pejah babar pisan, ingkang ongka 2 amung katemper kemawon. PL.
Ela-ela tuwin pecal punika punapa. Redhaktur.

Serat panjurung kalih saking Banyumas tanpa tondha nama ingkang sayektos, isi kabar kados ing ngandhap punika.
Kala malem Salasa Pon angrintenaken tanggal kaping 9 wulan punika wanci jam satengah sanga sonten babah Telelang saking dhusun Mandiraja lumebet dhateng kitha, sumedya badhe nyaur sambutan, ambekta rencang tiyang jawi satunnggal ingkang dipunpurih ngrembat yatra wau, sareng dumugi ing kampung Pasanggrahan kaprenah sawetaning kitha, babak Telelang katempah ing begal ngantos anandhang labet sawatawis, sarta yatranipun 122 rupiyah dados burukanipun begal, wasana Bra Martani angajeng-ajeng saged angwartosaken kacepengipun begal wau tuwin kados pundi rekanipun angupadosi.
Dene satunggilipun angabaraken yen samangke ing dhusun Kedhunguter, Sudagaran, Pasanggrahan tuwin Cambelang ing kitha Banyumas kalebet rame sanget ing bab tiyanglampah bandrak, ancabing tiyang jaler kaliyan estri sama jugak walanjar prawan satangsul salangkung sen, kathah estri nedha pegat, estri ingkang makaten punika pantes karentahan talak sewu, sana Bra Martani angajeng-ajeng pawartos bab sirnaning leletuh ingkang dados mengsahipun karaharjan agami miwah kawruh wau.

Pambatang cangkriman ingkang tumrap Bra Martani wedalipun Kemis kaping 11 Dhesember ing taun 1873 ongka 50.
Pada ingkang kapisan, gupit mondragini.

Pada ingkang kaping kalih, kyahi sekar dlima.
Pada ingkang kaping tiga, sri manganti.
Dene yen pambatang kula dereng leres mugi sampun andadosaken panggalihipun Mas Nawungkridha. (Bersihpura).

Punika Cariyos Babad Mataram

Kang umadeg nata ing Matawis, pan datan purun acumundhuka, inggih kenging pambanguse, wadya sura nung-anung, ari nata umadeg baris, mesem nata ngandika, adhuh ariningsun, angugu aturing bocah, kang sayekti baya wus karsaning widhi, mangsane lali kadang. Nrangkusuma sun tindak pribadi, undhangana sagung wadya bala, miwah Amral Herduwelbeh, wadya pasisir iku, lan wilegen wadya kumpeni, beras berambang bawang, poma dipuntuwuk, sang nata jengkar ngadyatan, dyan warnanen sagung kang para dipati, prasamya asewaka. Miwah wau kang wadya kumpeni, apan sampunwau ingundhangan, miwah mayor kapitene, datan kawarneng dalu, enjing nembang tengara sami, gumerah punang bala, baris ngalun-alun, gagamane warna-warna, anglir surya pangudaya lagya mijil, mega yuh pandaming rat. Budhal nata gumuruh menuhi, lir jaladri tumraping dharatan, wadya gung gumrah baleber, lir wukir gunung jugrug, paworing kang swandana berik, kriceking kang warastra, gong beri myang tambur, panganjur ira ing lampah, Mangkuyuda pangiriding lampah wuri, kang wong suronggakara. Prapta sagung wadya kang pangarsi, ambalabar ginelaking lampah, cucuking aneng kerecek, nata prapta Dilanggu, masanggrahan sri narapati, wadya kang munggeng ngarsa, anglarug ing laku, ing pokal pan kaebekan, wong kumpeni apan tansah kanan kering, tan tebih lansang nata. neng Delanggu sang narpa salatri, enjing budhal sumahab kang wadya, malinjon pasanggrahane, wadya ingkang pangayun, wus angancik neng lawang taji, miwah neng parambanan, kebekan wadya gung, nahan wadya Kartasura, kawuwus saking mandhireng ing Matawis, prabu jingga nonoman. Kawarnaha sang aprabu ing ngalaga, enjing miyos tinangkil, andher munggeng ngarsa, nung-anung pra pratiwa, Arya Mondhalika nenggih, Gajahpramada, Tumenggung Jagapati. Arya Surajaya Arya Tambakbaya, munggeng ngarsa narpati, Demang Kaleng seba, Ngabehi Jenar ika, Panji Bocor munggeng ngarsi, Rongga Piterah, Nilastrabaha nangkil. Sira Arya Mondhalika atur sembah, pukulun mengsah prapti, peksa angruraha, ngrabaseng kitha nata, dhateng panganjuring jurit, ing Parambanan, langkung ageng kang baris. Sri narendra ing malinjon masanggrahan, sampun atata baris, wau sri narendra, asru denya ngandika, payo undhangana aglis, wadya Mataram, sun arsa mapag jurit. Mondhalika apegelar ira yuda, aprang lawan kumpeni, beda lan Madura, amatur Mondhalika, yen karsa paduka aji, gih pinardika, amrih kidhuling jurit. Jeng paduka gusti amangkuwa dhadha, kanan hamba nadhahi, ing kering punika, nenggih Gajahpramada, sigra tengara sang aji, wadya kumerap, gumer gumuruh asri. Pra pratiwa nung-anung samya siyaga, gugup tengran ngajrihi, wadya amalatar, gagaman warna-warna, saingga layuning langit, bandera abra, daludag kinakitir. Wus tinembang tengara bedhol gagaman, anglir prawata geni, panganjuring yuda, Ki Arya Mondhalika, Gajahpramada nindhihi, Suronggakara, lan sagung kang prajurit. Sri narendhra tedhak wus nitih turongga, aran pun komasaris, abrit ules ira, riningga ing busana, wadya kaparak maripit, wergulan kangmas, munggeng ngarsa myang wuri. Sri narendra busananya abra muncar, baju baludru wilis, binalenggi mubyar, sinuji titirahnya, sengkange manik ing warih, cindhe puspita, lancingan panji-panji. Apaningset tesbe serate rinengga, dhesthar ganjo kinitir, mubya tali abra, muncar akethep-kethep, ujyalnya angeneni, asarawungan, langkung pekik narpati. Datan montra-montra jalma madya pada, lir Nabi Yusup swargi, apan sri narendra, lagya yuswa tri dasa, layak pamujyeng ing sari, sedheng mongsura, myang wingit wening manis. Pan kinubeng wong mager sari akapang, satus wong numbak putih, acalana jenar, abajo tarabeyan, gumergut tandhanging dasih, pangulunira, anander mring sang aji. Adhuh gusti kawula atumut yuda, sang nata ngandika ris, o pangulu aja, kariya tungguwa pura, besuk lamun ngantep jurit, yen wus angrepak, ing ngalun-alun benjing. Tan kawarna lampahira sri narendra, wus prapta kali anjir, wadya Kartasura, kang baris Parambanan, denira amapag taji, cucuking yuda, kapranggul kali bening. Wong kalagan tandange kadya raseksa, mulat ing mungsuh prapti,

samya ngangsah-angsah, sigra sareng narajang, wong Kartasura nadhahi tempuhing yuda, rame bedhil-binedhil. Sigra Arya Mondhalika tur uninga, marang sri narapati, yen wadya Makasar, sampun campuh ing yuda, sru ngandika sri bupati, lah ta adhimas, panular dipunaglis. Enggonana ya iku pacaraning wang, sira sun gawe wakil, nagngo tengraning wang, sun adhi maring ngarsa, amomor arya udani, tandange mengsah, sang narpatya umeksi. Prapteng ngarsa wau aneng Parambanan, wadya samya umaksi, yen sri naranata, praptan mawi bala, tumanduk tumempuh westhi, wadya kalagan, mamrep manempuh wani. Tinadhahan ing ganjur kalawan watang, pengkuh wadya Mantawis, manusuk mangrepak, geger wong Kartasura, giris maledug angisis, dhadhal sasaran, akembul marang taji. Wong kalagan wus angancikParambanan, angrampit marang taji, apan tinadhahan, Tumenggung Mangkuyuda, apan wus nindhihi jurit, lan nata yuda, angawaki ing jurit. Dyan umangsah Mangkuyuda nata yuda, saha bala mangungkih, prapta wong Mataram, nung-anung samya mengsah, supenuh wadya ing jurit, wong Kartasura, Mangkuyuda nadhahi. Pra pratiwa kalagan ngamuk mangrempak, anuduk angakahi, tan idhep patinya, andulu mungsuh sura, lir andulu rara sunthi, pinindha-pindha, myang warastra kang lungit. Mondhalika awas dulu mungsuh sura, sigra ngetap turanggi, wus atilar bala, mring ngarsa sumbar-sumbar, panten mundura den aglis, sapa ranira, meksih anom sireki. Anauri Ki Tumenggung Mangkuyuda, rebuten ing ajurit, ingsun Mangkuyuda, gumuyu Mondhalika, eh ragane siraiki, sasengkan nanyar, anak wong dhudhuk gangsir. Ingsun eman lah panten angur mundura, bok punuke nulari, kalangkung bramantya, Mangkuyuda anumbak, tumembel baune keni, Ki Mondhalika, gumuyu sarwi angling. Lare kedhusira iki langkung dhugal, sun wales sira mati, panten lumayuwa, amralmu prenekena, Mangkuyuda nolih wuri, wadyanya gempang, sigra nginger turanggi. Wus sinabet turongga nututi bala, dyan ingelut tumuli, marang owng kalagan, kendel wonten ing taji. Ki Tumenggung Mangkuyuda tur wuninga, marang sri narapati, prabu Amangkurat, yen wong kalagan prapta, pra samya angungkih pati, angangah-angah, tan myat warastra lungit. Sri narendra siniwi ing pasanggrahan, andher kang pra dipati, miwah wadya amral, pra upsir mring ngayunan, sang nata ngandika aris, si adhiemas, tuhu lali mring kami. Ki Tumenggung Sindureja atur sembah, dhuh gusti winitawis, tekaping byantara, duka aprang Mangkuyuda, ingkang nindhihi ing jurit, satriya pelag, kados rayinta aji. Kang sun tedha si adhi muga elinga, besuk tengahing jurit, kabeh wadyaning wang, yen dhimas wus katingal, padha piyaka den aglis, neng wurining wang, kabeh para bupati. Ana ngendi ing samengko si adhimas, Nrangkusuma wot sari, ing kemalon genya, dhendheng akapang-kapang, punika sagunging baris, pating gulebreh, pratiwa ing Matawis.

Ongka 52 Kemis kaping 25 Desember 1873
BRA MARTANI

Surakarta

Sapunika bab panjagi ing wanci dalu sae sanget, kanjeng rahaden adipati saben dalu mider boten mawi katemtokaken ing wancinipun aniti priksa ing pajagen, saupami wonten tiyang jagi kapanggih tilem lajeng kemawon kabekta dhateng ing dalem Kapatiyan, sarta enjingipun anampeni ganjaran, ingkang punika kanjeng rahaden adipati pantes dipunpuji ing ngakathah ing bab tumemen pangrenggepipun dhateng ingkang nagara harja. (Porste Landhen).

Bok manawi sampun kesuwur ing ngakathah, yen Kanjeng Rahaden Adipati Sasranagara puguh angrembat damel, lumengkat ing kasiden miwah anyantosani kadayanipun kanjeng tuwan residhen ing bab samukawis, sanajana nandhang gerah tuwin kaleson saking mara sowan ing kadhaton utawi ing karesidhenan, ewadenten boten supen aginem raos tuwin amriksa prakawis wonten ing dalem ngantos meh tengah dalu. Bilih kapareng nandhang gerah radi kaduk, inggih boten etang sangsaya ning sarira, amriksani serat-serat wonten ing pasareyan, kajawi saking punika mawi kadunungan kalih ber, ambucal yatra kangge anglalari lampah sisip, ananging semunipun karsa ingkang makaten punika dereng angsal jaruman, temahan lampahing karaharjanipun kitha Sala sakalangkung rindhik jalaran priyantun karerehan kathah ingkang teksih kabesturon, dereng kawengan budinipun saged sumerep awratipun kacipratan kukucah ing nagari, cekakipun kanjeng rahaden adipati kecingkrangan ing bahu kenceng, iba ta rakaosipun lumampah nrajang ing bobondhotan mawi eri.

Nalika dinten Salasa ingkang kapengker punika wanci jam 2 dalu ing griyanipun nyonyah Herdhes ing kampung Bathangan, kalebetan durjanamawi bikak tembok, ananging wau durjana dereng ngantos angsal barang kasesa konangan ingkang gadhah griya, malah mandar wau durjana ngantos suwala kaliyan rincangipun wau nyonyah, ingkang dadosaken gumuning manah kula tiyang jagi gerdhu ingkang celak ing ngriku dhatengipun ngantos karumiyinan tiyang pagriyan ingkang gagriya radi tebih katimbang kaliyan gerdhu wau, mratandhakaken kirang tumemen dhateng kawajibanipun. Jakamayang.

Kampung Bathangan punika kaliyan gredhu anyangklek kemawon, wondene kaliyan tiyangipun ingkang jagi gredhu dereng tartamtu, awit bok manawi kala samanten tiyang jawgi wau panuju karsa papara. Redhaktur.

Pawartos aneh anggumunaken

Nalika ing dinten malem Kemis wanci jam 1 dalu ing wulan Sawal taun Jimakir punika ongka 1802.
Wonten bojonipun abdi dalem tigan ing Natakusuman, anama bok Gajeg griya ing lebet kraton kados paten, ing wedal ngriku sawek pinuju tingalipun Gusti Kanjeng Pangeran Ariya Natakusuma mawi titingalan ringgit wacucal, ing ngriku bok Gajeg utawi pak Gajeg wau sami ningali ringgit wonten ing tratag pandhapi, watawis jam 1 bok Gajeg wau mantuk dhateng griya badhe tilem, sareng dumugi konten diyanipun ing griya pejah, pejahipun watawis sampun dangu, bok Gajeng lajeng pados latu, sareng angsal malebet griya, diyan sampun kasumet pajar, ing ngriku bok Gajeg aningali manawi ing bale patilemanipun wonten bayi taksih kagedhong ing sinjang, katilemaken wonten patilemanipun bok Gajeg wau utawi wonten ingkang tengga lare estri 1 watawis umur 15 taun, denten srerepipun bok Gajeg wau boten patos premana dipunwastani anakipun tangganipun, amregi tangganipun wonten ingkang gadhah anak enggal, sareng dipuncelaki sanjangipun lare ingkang tengga wau, bakyu adhiku tunggunen dhisik aku arep delok wayang, bok Gajeng nyauri: iya adhi aja suwe-suwe, la bokmu endi mau, sanjange lare kang tengga: simbok gih ningali wayang, ing ngriku lare estri wau lajeng medal, konten kainep,

denten bayi wau lajeng kapangku dhateng bok Gajeg, watawis ½ jam lare estri wau mantuk dhateng griyanipun bok Gajeg, mlebet griya konten kaineb malih, lare wau lajeng anggenteni mangku bayi, sareng bayi sampun dipungentosi bok Gajeg wau nginang. Sadangonipun nginang idu nolah-noleh lare mangku bayi wau katoleh boten wonten, boten wonten sebawanipun mengakaken konten, konten katingali teksih minep rapet, tur griyanipun wiyar boten emper watawis pecak 10 plajengipun.
Ing ngriku bok Gajeg sareng sumrerep lare wau umusna, sakelangkung anggenipun gumetre dheradhok wel-welan kamisasolen anggenipun ngundang kang jaler amregi celak, sareng kang jaler mireng jelehipun ingkang estri kados tiyang bisu, boten saronta pak Gajeg malajengi ngantos numbuki lare ingkang sami ningali ringgit andadosaken gugupipun tiyang ingkang sami ningali, ing ngriku rame atangled-tinangledan sami ngungun sanget, denten wonten maujud makaten, punika menapa anakipun wewe, menapa anakipun gendruwo denten kalangkung aneh anggumunaken sanget, ing ngriku bok Gajeg lajeng ngalih mondhok griyanipun tongga mregi ajrih. Katandhan Kendarnewu.

Telegram saking Aceh
Penang kaping 17 Dhesember

Wadya bala sampun campuh kaliyan mengsah sarta amracondhang kitha perak tuwin beteng, saradhadhu pejah 6 ingkang nandhang brana 38 kalebet upsir titiga nanging boten sapintena, wangkeneng mengsah ingkang pinanggih kantun wonten ing beteng ingkang sampun sami kapracondhang wau 85, beteng-beteng kaprenah celak ing lepen Aceh badhe tumunten kabendreng ing mariyem, sasakit sampun boten wonten. (Porste Landhen).

Telegram saking Aceh

Beteng-beteng kaprenah celak sabrangipun kiwa lepen Aceh sampun kapracondhang sadaya.
Prajurit lautan ing waktu samanten katingal ageng damelipun.
Porste Landhen, 20 Dhesember.

Pawartos tuwin cariyos warni-warni

Raden Sungadi mantri guru ing dhistrik Cruban karesidhenan Madiyun, kawartos nyuwun angalih dhateng Menadho, ananging saupami panuwunipun wau saged kasembadan lah ing ngriku badhe wonten patakenan kaliyan gegetuning manah, kados pundi lekasipun Raden Sungadi amulang ing murid, supados boten dipungugujeng, kang mawi basa jawi tuwin malajeng katrapaken wonten ing ngriku, padhe presasat pangocehing mencong, wondene saupami badhe sinau basa Menadho rumiyin, angangkah saged angundhuh who ing kangelanipun inggih badhe wonten pitaken malih, punapa piyambakipun kadugi ngulir nalar amarsudi basa wau ingkang ngantos saged enggalipun kalih tengah laminipun tigang taun awit sinau basa sanes punika awrat sarta angometaken panon.
Pataken kaping tiganipun: murid badhe kawulang punapa, salaminipun guru saweg sinau basaning murid.

Dereng lami godhang ing Plaosan bawah Magetan (Madiyun) kakampak, tiyang ingkang jagi pejah satunggil, kawartos pulisi dereng angsal katrangan.
Bawah dhistrik dera kabupatosan Ngawi (Madiyun) inggih kawartos kakampak, salebetipun wolung dinten ambal kaping kalih punika radi kombolen.

Cariyos aneh

Wonten estri bongsa Inggris sakalangkung sumeci ing manah, kerep angwedalaken basa saru dhateng jurunipun angrimati serat-serat waosan amung jalaran saking serat-serat anggitanipun tiyang estri dipuntunggilaken sawadhah kaliyan anggitanipun tiyang jaler.

Prabu Napoleyon ingkang kapisan kacariyos panuju wonten ing paprangan malesat agemipun topi, awit saking kesremped ing mimis mengsah, saradhadhu ingkang ngadeg caket kaliyan sang prabu anunten nyuthikaken sangkuhipun dhateng topi ingkang sumeleh ing siti wau, enggal dipununjukaken teksih kumanthil wonten sapucaking sangkuh sarwi munjuk makaten: gusti pangapunten dalem kawula boten kober angunjukaken ageman dalem topi mawi tangan, kang mawi kawula tansah angindhani mimis ingkang pating prupeng punika, sang prabu sanget kakenan ing galih sarta enggal amundhut topi wau saking pucaking sangkuh sarwi angandika: trimakasih banget, manira ing salawase bakal ora supe marang jeneng para.

Wonten tiyang awawarti yen pethaking tigan mentah saged mantunaken ing sakit kasrepen, panedhanipun ing wanci enjing mawi kaemorangendhis sakedhik. (Bintang Johar).

Serat kabar Yafahbodhe isi panyuka kabar saking tuwan El fan Dhorep en.ko. ing Batawi bab panagihipun yatra dhumateng Rahaden Tumenggung Purbaningrat bupatos ing Demak, kathahipun 20 rupiyah pethak, panagih wau ing mangke kasade sarta kapacak wonten ing serat Yafahbodhe katunggilaken ing serat panyuka kabar sanes-sanesipun.
Kathah tuwan-tuwan toko sami angresula bab kethering pambayaripun amtenar tuwin priyantun jawi, dalah panjenengan pangeran inggih kathah ingkang makaten, ananging manawi satunggiling bupatos kados bupatos ing Demak boten bayar punika kesangetan, lah kados pundi badhe panggrahitanipuntiyang alit, tiyang alit mongsa gek anggrahitaha inggih boten, awit boten sumerep, kajawi bilih saged amaos Yafahbodhe kados ingkang bupatos ing Demak, samanten punika bilih ingkang bupatos wau tumbas Yafahbodhe sarta malih yatra 20 rupiyah wau punapa tunggakan panumbasipun Yafahbodhe.
Saupami sakathahing panagih ingkang sampun taunan sami kasade sarta kapacak wonten ing sawarnining serat kabar langkung malih panagih dhumateng ing panjenengan bupatos supados kawiyaka ing ngakathah, punika badhe prayogi minongka dados sapemut dhumateng para juru tokosanes-sanesipun sageda angatos-atos. (Dahwen).

Banyumas

Tiyang jaler satunggil wasta Purwanom umur 20 taun griya ing dhusun Mandiraja (Purwareja), nalika dinten Senen tanggal kaping 1 wulan Dhesember punika wanci siyang pukul sawelas panuju menek uwit nongka salebeting pakawisanipun piyambak, sumedya mendhet uwohipun ingkang mateng, wasana epang ingkang dipunenciki sempal dhawah ing siti sareng kaliyan Purwanom, ananging kala samanten ugi taksih gesang, amung badanipun sakojur karaos sakit, sareng dalunipun malem Salasa wanci pukul kalih welas Purwanom wau kalajeng anemahi pejah.
Lare jaler wasta Kadam saweg umur 10 taun anakipun tiyang wasta Supadipa griya ing dhusunMerden (Purwareja), kala dinten Saptu tanggal kaping 6 ugi wulan punika watawis wanci pukul satunggil siyang panuju anggiring lembunipun saking pangonan sumedya kabekta mantuk, lampahipun mawi nyabrang ing lepen lembu, dumugi satengahing lepen katrajang ing banjir, lembunipun ugi wilujeng saged mentas, amung pun Kadamingkang kentir ing toya banir ngantos pejah.
Ing dhusun Selanegara (Kalireja) wonten tiyang estri rondha satunggil wasta nini Kalem, piyambakipun pancen anggadhahi sesakit sawan celeng, nalika dinten Senen tanggal kaping 8 ugi wulan Dhesember punika wanci pukul wolu enjing panuju mesusi wonten ing lepen boten tebih saking griyanipun, ing ngriku sesakitipun wau imat kalampahan dhawah ing lepen lajeng pejah.
Kala dalu angrintenaken dinten Salasa tanggal kaping 9 wulan punika wanci pukul satengah sanga, wonten tiyang cina satunggil wasta babah Lelang griya ing dhusun Danaraja kasebut ing ngajeng wau lumampah dhateng Banyumas ambekta yatra dipunrembat ing berahipun tiyang jawi satunggil, dumugi sangajenging gardhu dhusun Danaraja dhistrik kitha Banyumas lajeng menggok mangaler, ing ngriku dipuntututi ing tiyang jaler kakalih katingal medal saking iringaning gardhu, boten dangu tiyang ingkang nututi ingkang satunggil lajeng penthung dhateng

babah lelang arambah-rambah, sarta dipunperang mawi dadamel ngantos tatu ing sangandhapipun mripat, ingkang labet kapenthung ing uwang, ing bau tengen tuwin ing tlapukan mripat kiwa, kala samanten babah lelang lajeng dhawah ing siti kalenger, dene tiyang ingkang satunggilipun lajeng angrebat arta ingkang karembat dhateng berah tiyang jawi kenging ingkang salayan, sasampunipun pikantuk arta tiyang kakalih wau lajeng sami lumajar, kaupadosan boten pinanggih. PL.

## Panjurung

Kacariyos kala betengipun bongsa Sepanyol ingkang kaadegaken wonten ing Patagoni (Amerikah) ingkang kawastanan beteng Elkermen, badhe kagepuk dening prajurit Patagoni, telikipun pangagenging beteng wau ingkang nama Sanses ambandhangaken kapal sarta sandhanganipun patang dharemplah, badanipun akuthah rah, sarta rainipuncemeng awit katamek ing kukus sanjata, palajengipun dumrojog lumebet ing beteng wau, aturipun dhateng pangagenging beteng kawuningana: lurah ageng patagoni dhateng badhe anggepuk beteng ngriki, balanipun mayutan, kula tuwin sadherek kula pun Yuliyan gwinto katiga Simon, karampog wonten ing pondhokan kula tengahing pampas (tengah saganten wedhi), samangke Simon pejah, dene Yuliyan tuwin Gwinto saged ambobol.
Priyantun ingkang ngadeg celak pangagenging beteng wau lajeng anyelani pitaken, endhas wong kang pating grendhol ana ing jaranmu kae endhase sapa, Sanses lajeng dhehem, wangsulanipun asemu ayem punika sirahipun tiyang Patagoni, awit saking tresna kula dhateng piyambakipun nalika kula anrajang ambobol barisan wonten sirahkang watawis kang manglung, lah kula sengguh yen kaulungaken mila kula tampeni ing pedhang.
Purwadadi, 20 Dhesember 1873. Kuwatin.

Ingkang tabe pakurmatan akathah-kathah katur ing panjenenganipun ingkang saudara tuwan Jonas portir en.ko.ing nagari Surakarta, yen wonten selaning papanpanjurung kula punika kapacaka ing kabar Bra Martani.
Rehning kula sampun asring mrangguli ing kabar Bra Martani, ngengetaken panggaraping radinan salebeting praja tuwin radinan sajawining nagari ingkang kaleres dados bageyanipun titiyang alit ing padhusunan, ananging ingkang sampun kakabaraken wau dereng wonten peranganipun kang sami wajib garap, malah inggal punika kulanrenjuhi kabar panggarapipun kalen urut radinan salebeting nagari saking sih pamarsudinipun kanjeng parentah ageng andadosaken wewah kamayaranipun tiyang alit, mila kula nglaksanani ngarang panjurung punika yen saged kalampahan bok manawi nyamadi dhateng tiyang ing padhusunan, sabab kula manggih cuwilan serat nalika taksih inggal-inggalan, ing Surakarta wonten kapulisen kang kula panggih punika pranatanipun bawah Sokawati sadaya.
Punika etangipun siti dhusun bawah ing Sokawati punapa denten wates garapanipun radinan, ongka 2, Raden Tumenggung Sasrasudira bawahipun 1946 ½ jung utawi 7786 karya.
Bageyanipun margi wates Palur mangaler dumugi ing Kedhung Bantheng 24 ½ pal.
Bageyanipun margi mangetan Karang Pandhan 7 pal,
Bageyanipun margi mangidul wates bacem dumugi ing Nguter 8 pal.
Gungung bageyanipun margi ageng ing Sokawati 39 ½ pal.
Bawahipun kalong kang pinggir margi pacen jagi gredhu 1 pal, siti 2 jung.
Boten gadhah garapan radinan jagi kapulisen 79 jung utawi 316 karya.
Ingkang celak kabupaten jagi kunjara tanpa garap radinan siti 100 jung utawi 400 karya.
Dene ingkang gadhah garapan radinan siti 17676 ½ jung utawi 7070 karya.
Etang radinan sapal kagarap siti 47 ½ jung, 190 karya.
Dados bageyanipun radinan siti sajung satus kaki, pawiyaring radinan saemperipun kaserat tanggal kaping 1 wulan Jumadilakir taun Wawu ongka 1777.

Menggah enggen kula manggih serat pranatan pambagenipun siti dhusun bawah Sokawati ing nginggil punika punapa sampun leres punapa teksih nalisir mugi para mitra ingkang ngasta wawatonipun ingkang terang paringa pitedah lepat leresipun.
Katur ing dinten Kemis kaping 28 wulan Dulkangidah ing warsa Jimakir ongka 1802.
Singawawarta.

Kasmaran ulun ngesupi, cangkrimannya mitraning wang, sang ponca wanda silihe, sinawung sekar ron kamal, kalih pada kang tumrap, Bra Martani wijilipun, Dhesember ping sewelas. Ongka 50 sangkalaning, sewu wolungatus lawan, pitung dasa tri sirahe, pambatang ulun punika, leres sisip ayya sak, radyan siyung wanareku, putra nata Pajajaran. Ulun cangkriman rumanti, reh sela preluning karya, dadya ngudang ilining pen, pantes-pante ing lenggahan, yya amem ing wicara, mung kinarya awon nganggur, puniki pratelanira. Ki santri kularsa myarsi, ulubing kucing punika, punapa ta boten kalal, yen wus ical sukunya, myang sirna datanpa wulu, kadi yen tan ora kharam. Lah punapa aran mami, sisilih namaning kewan, nanging tetedhan yektine, tur limrah binukti janma, akathah aranira, myang beda-beda ing wujud, nunggal bangsaning taneman. Titi brastha sawal kaping, lek nem likur ing prajarja, Surakarta kebon kraton, sinung tengraning sangkala, netra nir esthining rat, katandhan pun Ratipa ulun, kang tansah minta aksama.

Sumalagrak, hamba tiyang mranggi, mranggi dhusun, Kejawar Banyumas, anjurung atur pambadhe, cangkriman ingkang mungguh, wonten koran srat Bra Martani, Dhesember sawelas, sewu wolungatus, pitung dasa langkung tiga, ongka seket, leresipun pinten banggi, kados ngandhap punika. Sad dha wanda kang rumiyin, gedhong soka rini haranira, dene pada ping kaliye, punika naga santun, dene pada ingkang kaping tri, punika kula batang, sri menganti tamtu, bilih dereng kaleresan, Nawungkridha paringa serep kang pesthi, kawrata wonten koran.

Punika Cariyos Babad Mataram

Tan kawarna semana sri naranata, yata warnanen enjing, sang prabu ngalaga, ingaturan kang wadya, kundura marang Matawis, ngamungna wadya, kang baris aneng taji. Arya Mondhalika atur saha sembah, kundura dhateng puri, gusti kasukana, nadyan silih yudaha, aneng alun-alun benjing, yen wadya gempang, sakarsa ngantep jurit. Angandika sri narendra ing ngalaga, ingsun arsa udani, solah tingkah ira, ingsun anglugas raga, angampingi mring si adhi, Arya Panular, iku sun gawe wakil. Pan kasaru gegering wadya mangarsa, yen mungsuh ageng prapti, wadya Kartasura, miwah ingkang walonda, wau ta wadya Matawis, baris kalangan, tan nedya nolih wuri. Wadya gung Kamangkuratan, ambalabar muntap umangsah jurit, wadya kumpeni lir mendhung, miwah monca nagara, kang pangawat Sindureja ki tumenggung, kering DipatiUrawan, rahaden patih ing wuri. Tengara beri gumerah, myang kendhang gong beri tinitir-titir, gumuruh swaraning tambur, saruni abarungan, wong pasisir ngungkung kodhok ngorekipun, agaman abra asinang, lir prawata medal geni. Yata sang prabu Mangkurat, wus angrasuk ngagem cara kumpeni, akekaos asepatu, rasukan lapis tiga, belah jaja alulungsir ing mas tatur, monjah sinuji toyamas, pan asri kinitir-kitir. Abebadhong susun tiga, titirahe sinawur ing retna di, bramaksa ujyala murub, arja akuluk jangkang, tinratapan ing mas jingga ing karuwus, yen tinon saking mandrawa, kadya gurnadur ngejawi. Anyuriga pedhang ngusar, angganya bra binayut ing mas adi, tebah jaja tali rukuk, rinante ing mas jingga, sinelanan ing mas kumaladi murub, sang prabu lenggah dhadhampar, kucem sagung kang anangkil. Kasor kenyaring busana, lan abarung ujyalaning narpati, sri narendra ngandika sru, lah payo kebatena, kaya paran wartaning wadya pangayun, Arya Sindureja manembah, abdi dalem kang pangarsi. Sampun campuh ing ngayuda, apan wau gusti bedhil-binedhil, mundhut turongga sang prabu, sumaos neng ngayunan, kekambile cinara walonda murub, sedaya sinuji retna, rinumpaka ing mas adi. Sampuna nitih turongga, budhal saking pasanggrahan narpati, swaraning wadya gumuruh, lir ombaking samodra, cucuking prang arame buru-binuru, tandange wadya kalagan, anglir buta mongsa daging. Wadya bagelen samana, wus adate wani katemu wuri, yen nuga becik kang ngadu, alah Bugis Makasar, Bugis Jawa wong

Bagelen wong ing Kedhu, yen becik titindhihira, wani gelut lan kumpeni. Tumenggung Gajahpramada, minger ngiwa sabalane den irid, ing Karapyak kang dinunung, anjoging nganti nika, Arya Mondhalika ngirid barisipun, anurut gunung mangetan, pamutiyan kang den jogi. dene ingkang dadya dhadha, pangran Arya Panular kang nindhihi, wong Bagelen kang den pangku, Ki Arya Tambakbaya, Arya Surajaya kang munggeng ing ngayun, sasabete pabarisan, Pangran Panular titindhih. Rame acampuhi ng yuda, wong kalagan mamrep ngamuk mangungkih, Arya Surajaya nempuh, lan Arya Tambakbaya, pan gumerah wong Bagelen surakipun, gumerah uleng-ulengan, wong kalagan ambek pati. Jeng sinuhun ing ngalaga, amiranti aneng wurining baris, yata wau kang atarung, pengkuh wong Kartasura, wong kalagan pangamuke saya liwung, kang tinempuh bubar-bubar, tan ana ingkang nadhahi. Mawur wadya Kartasura, pan maledug ngisis marang ing wuri, Arya Mondhalika nempuh, saking kadu[…] rah, Ki Tumanggung Jarana nempuh, anadhahi Mondhalika, lawan Arya Sindurjeki. Arame denira yuda, Arya Mondalika sampun bek pati, ngamuk saha balanipun, gumerah swaranira, Ki Tumenggung Gajahpramada anempuh, saking kilen sabalanya, Ki Urawan kang nadhahi. Wau Ki Tumenggung demak, Suranata sigra wau tinuding, tutulung Urawan gupuh, angiwa sabalanya, wong kalagan apengkuh pangamukipun, Tumenggung Gajahpramada, Suranata kang nadhahi. Arame elong linongan, Ki Tumenggung Gajahpramada nenggih, akuwat pangamukipun, agolong sabalanya, pra santana sadaya sareng angamuk, Ki tumenggung Suranata, wadyanira akeh mati. Arame uleng-ulengan, silih watang arame genti keris, pedhang pinedhang atarung, rame sebrak rekatak, badha becik arame jagur-jinagur, arame jambak-jinambak, ya udreg banting binanting. Swaraning wadya kabranan, ting jalerit asambat kaki nini, bapa biyung jaluk tulung, aku mati neng rana, kang saweneh asambat nak rabinipun, wadya kalagan karoban, ing ngurugan ing papati. Ing wuri saya gung prapta, angebyuki marang wadya Matawis, anamung saya keh rawuh, wong Kudus wong Jepara, wong ing Pathi Ngrembang Lasem atutulung, prawira Gajahpramada, ing ngurugan ing papati. Tumenggung Gajahpramada, karepotan wadyane akeh mati, wantu wong karoban mungsuh, sayah pangamuk ira, ki tumenggung binedreng lembing lan busur, apan wus karsaning suksma, ki tumenggung nandhang kanin. Kena mimis kalataka, wentisira ki tumenggung ngeneni, semana tiba alungguh, sira Gajahpramada, mapan wonten sentanane ki tumenggung, awasta ki Ronggajaya, ingkang paman den tangisi. Awetara kalih dasa, sentanane kang datan kena tebih, Ki Ronggajaya umatur, paman lah pinaraka, sun titihken iku dalah daweg mundur, ki tumenggung datan arsa, kedah pejah ing ngajurit. Nguculi babenting ira, ki tumeggung cindhe puspita wilis, wus ingambenan katatu, alon denira mojar, Ronggajaya ingsun kulup amit lampus, aturena sembah ing wang, marang gusti sri bupati. Anangis dalem ing driya, ki tumenggung osek ing tyas sun iki, sun tetedha ing yang agung, gustike nateng nglaga, muga-muga anaha kang atutulung, lan anggenipun yuda, tulusa madeg narpati.